

# Jalan Kahirupan Sajati

## Pangajaran 1

### Allah Ngandika

Palawargi sadaya nu ngadangukeun ieu acara ...

Pamugi tampi salam kawilujengan ti abdi ngalakungan nami Gusti nu Maha Kawasa sareng nu Maha Asih ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju ka sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih téh hoyong supaya satiap jalmi hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, **Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan mulia nu parantos ditangtoskeun Gusti, dugi ka manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalmi anu leres dipayuneunna-Na.**

---

Palawargi, sapertos anu didugikeun ku abdi diluhur, acara ieu téh namina Jalan Kahirupan nu Sajati. Diuningakeun téh kumargi dina pangajaran-pangajaran ieu, urang bakal nalungtik seratan-seratan para nabi nu nguningakeun kumaha hirupna jalma-jalma nu teu bener tiasa janten bener dipayuneun Gusti.

Jalan nu mana anu nuju disorang ku urang, jalan anu leres atanapi nu nyasabkeun. Hoyong unginga teu palawargi jalan bebeneran anu sumpingna ti Gusti. Pangandika Gusti nyarios “Bagja jalma anu kacida hayangna kana ngalampahkeun pangersa-pangersa Allah, lantaran ku Allah bakal disugemakeun.”

Panginten aya diantawis palawargi anu kagungan emutan “kami geus apal jalan bebeneran pikeun naon ayeuna kudu merhatikeun tulisan para nabi? geus cukup pikeun kami mah!” Saupamina sapertos kitu nu aya dina emutan palawargi, cobilah dangukeun naon anu didugikeun Nabi Sulaiman: “Aya jalan anu disangka pisalameteun, padahal brasna kana pipaeheun!” Sulaiman kacida wijaksana, anjeuna uninga yén pikiran manusa benten sareng emutan Gusti, apanan manusa mah satekah polah neangan jalan pikeun muaskeun kahayangna tibatan tuhu kana jalan nu parantos disayogikeun ku Gusti.

Numutkeun Kitab Zabur, nabi Daud nyarioskeun perkawis kabutuhan urang pikeun uninga kana jalan bebeneran nu parantos Gusti Allah tangtoskeun. Nabi Daud nyeratkeun hiji doa, “Tuduhkeun ka abdi jalan Gusti, nun PANGERAN, sangkan abdi terang.” Mangrupikeun salah sahiji doa anu endah. Saupamina Gusti teu nuduhkeun sareng nyarengan urang dina jalan anu bener, tinangtos urang moal uninga kana jalan anu saleresna. Urang bakal sapertos budak anu nyasab ditengah-tengah kota Jakarta anu kalintang

ramena. Sanaos kitu, Pangandika Gusti nguningakeun: “Allah teu hoyong aya saurang jelema ogé binasa, tapi Anjeunaa hoyong sadaya jalma nampi kasalametan sareng terang bebeneran”. Palawargi, teu aya hal anu langkung penting anu kedah ku urang diuninga, salian ti urang yakin sareng percanten yén urang nuju aya dina jalan bebeneran, numuju ka Allah.

Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, urang badé nalungtik ayat-ayat Pangandika Gusti ngawitan iraha sareng timana Allah ngawitan barang damel, nyaéta dikawitan sateuacan teu aya nanaon salian Gusti ku Anjeun.

Urang baris diajar hal penting nu tumali sareng Gusti tur para nabina. Urang bakal ningal sueur nabi anu nyeratkeun cariosanana dina Pangandika Gusti, tapi mung hiji pangarang anu maparinan ilham nyaéta Gusti ku Anjeun. Bagian Pangandika Gusti anu di serat para nabi téh seueur nyarioskeun carita, tapi mung hiji pokok nu utami nyaéta beja bingah kumaha manusa tiasa janten suci dipayuneun Gusti.

Kumargi kitu, abdi nyuhunkeun palawargi tiasa satia dina ngadangukeun acara Jalan Kahirupan Sajati, Pangandika Gusti nyarios: “Allah tangtu ngaganjar ka jelema anu neangan Mantenna”. Pikeun saha wae anu hoyong wanoh ka Allah, Anjeun-Na ngajanjikeun hal nu endah nyaéta: “Heug maraneh bakal nareangan PANGERAN Allah maraneh sorangan, geus tangtu bakal kapanggih. Kitu soteh lamun enya-nya nareangan.”

Ngalangkungan acara ieu, urang bakal nambah pangaweruh tumali sareng Gusti tur Pangandika-Na. Palawargi, sapertos kumaha ari Gusti téh, atawa timana asal-usulna Setan? Kunaon Allah nyiptakeun manusa? Kunaon dunya janten reksak? Naha kantos palawargi ngadangu carios nabi Nuh sareng caah ageung dina jamanna? Palawargi uninga naon anu diserat ku para nabi dina Pangandika-Na? Kunaon Ibrahim disebut sahabatna Allah, tiasa ngajelaskeun kalawan jentré ka rancangan atanapi murangkalih pesen ti para nabi ieu?

Rebuan taun kalangkung, nabi Ayub naroskeun hiji patarosan “Kumaha saurang manusa tiasa leres dipayunen Allah”, naon waleran Gusti ka Ayub? Numutkeun palawargi, kumaha carana supaya tiasa janten jalmi anu kamanah dipayuneun Gusti? Saupamina palawargi hoyong terang waleran Gusti, abdi ngulem palawargi teras dangukeun acara jalan kahirupan sajati ieu. Saleresna Pangandika Gusti téh ajaib, hirup, pinuh kawasa, sareng teu aya anu nyamuni. Ieu mintonkeun kumaha saleresna manusa sareng Allah. Anjeuna téh Allah nu nu pinuh Kusihkurnia!.

Palawargi, aya bebeneran penting anu kedah ku urang kauninga. Nyaéta: Yén Allah ngandika atawa cumarios kaumat manusa. Saupamina waé urang nampi serat ti pajabat nagara, carioskeun wae ti pak Gubernur, Abdi jamin palawargi pasti hoyong terang naon eusina seratna téh. Naon respon urang,

saupamina anu cumarios ka urang téh nyaéta Allah, piraku palawargi teu merhatoskeun kana cariosanaNa?

Kumaha Allah cumarios ka manusa? Pangandika Gusti nyarioskeun "jaman kapungkur Allah seueur cumarios kakaruhun urang ngalangkungan para nabi nu carana benten-benten." Tangtosna salahsahiji cara Allah cumarios kahoyongna ka manusa nyaéta ngalangkungan para nabi nu diserat dina kitab-kitab. Sabda Pangandika Gusti ungelna: "Aranjen kudu terang yén teu aya nubuatan dina Pangandika Gusti anu datangna tina pamahaman nabi eta sorangan, sabab nubuatan asalna sanes ti manusa tapi manusa nyarisokeun perkawis hal-hal anu sumpingna ti Allah ngalangkungan padamelan Roh Suci."

Allah tiasa nyerat Pangandika-Na, atanapi ngutus malaekatNa kanggo nyeratkeunana. Tapi, Allah teu kitu, Anjeunna milih jalmi-jalmi biasa pikeun nyeratkeun sabdaNa. Para nabi Allah ieu téh janten jurutulis-Na. Allah maparinan wahyu sareng hikmat kana pikiran nabi-nabiNa pikeun nyeratkeun naon-naon nu sakedahna diserat saluyu sareng cariosan-cariosanNa. Pangandika Gusti téh mangrupikeun hasil tina buah pamikiran sareng doa tur masalah-masalah ti jalmi-jalmi sapertos palawargi sareng abdi. Allah hoyong ninggalkeun kapribadiana-Na sareng kumaha respon umat-Na.

Allah ngailhaman para nabi kanggo nyeratkeun Sabda Pangandika-Na, supaya uninga naon anu dipikahoyong-Na. Allah cumarios ka para nabi-Na, kitu ogé hoyong cumarios ka palawargi sareng ka abdi. Pangandika Gusti ageung pisan manpaatna kanggo urang nyorang hirup dina jaman kiwari.

Seratan para nabi téh mangrupikeun hal anu ageung nilaina, tujuanana supaya sadaya jalma tiasa uninga jalan bebeneran nu parantos Gusti tangtokeun. Terang teu palawargi naon anu diserat ku para nabi? Pangandika Gusti teu pernah robih, Allah miharep supaya urang terang tur tunduk kana sagala hal nu parantos Anjeun-Na sabdakeun, malah dina dinten kiamat engké urang sadaya kedah nanggengwalerkeun ngeunaan sagala hal nu parantos ku urang dipidamel. Allah ngandika, "Langit jeung bumi bakal sirna, tapi Pangdikana langgeng kanggo salalamina."

Seueur jalmi anu ihtiar pikeun ngalawan Pangandika Gusti, lantaran Pangandika éta téh nunjukeun kaayaan anu sabenerna tina haté maranehna. Pangandika Gusti nyarios: "Pangdika Allah téh nya hirup, nya kuat, tur leuwih seukeut kenca katuhu, sanggup nusuk nepi kana nyawa jeung jiwa, tembus kana tulang sandi jeung sungsum, bisa maca pikiran jeung angen-angen manusa."

Pangandika Gusti téh nyaéta kumpulan seratan heubel di dunya, sok sanaos kitu dugi ka danget ayeuna téh masih keneh lumaku jeung kena kana kahirupan satiap jalmi. Pangandika Gusti téh saibaratan tuangeun nu aya manpaat jeung gunana pikeun hirup urang. Pangandika Gusti cumarios: "Jelema hirupna lain ku roti bae, perlu deuih ku tiap-tiap sabda anu diandikakeun ku Allah." Saestuna Pangandika téh nyaéta tuangeun anu kacida nikmatna. Ieu sanes pikeun tuangan raga urang, tapi pikeun haté sareng jiwa

urang. Carana dangukeun, renungkeun, tur perhatoskeun sing getén naon anu diandikakeun ku Gusti. Naha palawargi lapar ku Pangandika Gusti? Mung ku cara nu tos didugikeun ku abdi, palawargi tiasa kapuaskeun rasa laparna.

Janten palawargi, mangga dangukeun ieu acara cing genten jeung tulaten, supados palawargi janten jalmi anu ngestokeun Pangandika Gusti dina sagala kahirupan. Sateuacan urang paturay, abdi bade negeskeun anu di dugikeun ku nabi Yahya bin Zakaria dina Injil anu saleresna “Jelema moal boga naon-naon lamun taya paparin ti Allah.”

Palawargi terang naon anu dicarisokeun ku Gusti ka para nabi-Na? Naha palawargi kalebet anu lapar sareng halabhab ku Pangandika Gusti? Ngalangkungan pangandikaNa, Allah nguningakeun jalan bebeneran. Pamugi urang sadaya langkung yakin kana hal ieu: Allah parantos ngandika tur mikahoyong sakur jalmi ngadangukeun sabda-Na hirup! Sepuh anom, pameget sareng istri, sangsara atawa beunghar, Allah parantos ngandika ka sadaya jalma: “ Déngékeun! Buka ceuli maraneh jeung yap datang ka Kami, déngékeun, jiwa maraneh bakal hirup!”

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 081333777386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

# **Jalan Kahirupan Sajati**

## **Pangajaran 2**

### **Sapertos Kumaha Allah téh?**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soson kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yen aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati bagean anu kahiji, abdi parantos nguningakeun yén urang bakal seueur ngadangukeun carios nabi-nabina Allah. Salajengna badé nalungtik kitab-kitab para nabi, anu ngajelaskeun aya jalan mulia anu ditangtoskeun ku Allah dugi ka umat manusa diperhetangkeun salaku jalma anu bener dipayuneuna-Na.

---

Urang terang seueur nabi-nabi anu nyeratkeun kitab-kitabna, tapi mung hiji pangarangna, nyaéta Allah. Ngalangkungan siaran nu kalangkung, abdi nitipan palawargi hiji renungan, nyaéta: Allah parantos ngandikakeun Sabdana. Allah cumarios ka manusa ngalakungan nabi-nabi sareng Sabdana. Allah teu kantos robih, kitu oge sareng pangandika-Na. Nalika gentos generasi, Allah teras ngajagi pangandika-Na. Sapertos anu kaunggel dina Pangandika Gusti, “ Urang kabéh terang, anu diucapkeun ku kitab Suci téh salawasna bener” sareng “ Langit jeung bumi bakal musna, tapi pangandika Kami mah moal musna.”

Ayeuna urang ngawitan lebet kana bagean awal Pangandika Gusti. Bagean kahiji, disebutna Kitab Toret. Kirang langkung tilu rebu lima ratus taun nu kalangkung Gusti Allah parantos ngawahyuan hiji jalmi anu jenenganana Musa kanggo nyerat ieu serat. Kitab Toret téh ngawengku 5 bagean. Bagean kahiji disebutna Kitab Kajadian. Kitab ieu dinamian Kajadian atanapi asal muasal, kumargi ngalangkungan Kitab ieu nyatetkeun perkawis Allah nyiptakeun jagat raya. Kitab Kajadian ngawengku 50 bab atanapi pasal.

Waktu urang nalungtik Kitab Kajadian, urang bakal seueur neuleuman pangaweruh ngeunaan Gusti sareng kahoyongNa. Diajar ngeunaan Gusti, kumaha sipat-sipat-Na. Diajar ngeunaan malaikat-malaikat sareng Setan, langit sareng bumi, manusa katut sasatoan. Kumaha dunya ngawitan diciptakeun, naha janten reksak sareng dipinuhan ku sagala panyakit, kasangsaraan, dugi ka maotna manusa.

Palawargi, sakedahna urang paham/ ngartos kana Pangandika Gusti anu kahiji ieu, margi Kitab ieu mangrupikeun dasar anu parantos ditangtoskeun Gusti. Ngalangkungan carios anu ngawaitan, urang bade ngadangu ngeunaan manusa nu munggaran, carios manusa ngawitan baha ka Allah, sareng ngeunaan manusa anu munggaran anu nelasan pati sasamana. Urang bade ngenteung kana carios ti Adam sareng Hawa, Kain sareng Habil, Nuh sareng caah rongkaha, utusan Allah ka nabi Ibrahim sareng kunaon anjeuna disebut sahabat Allah. Salajengna carios Ismail sareng Isak, Esau sareng Yakub, kitu oge Yusuf miwah wargi-wargina anu jahat, sareng masih keneh aya carios-carios anu sanesna.

Palawargi, waktosna pikeun urang ngawitan nalungtik tulisan para nabi. Dina Kitab Toret anu munggaran 1:1 urang aos “ Nalika Allah nyiptakeun jagat raya.” Na leresan ieu urang kedah ngawitan pengajaran ngeunaan Pangandika Gusti, kumargi nya didieu Allah ku anjeun ngawitan Pangandika-Na “ Nalika Allah nyiptakeun jagat raya.”

Naon nu parantos aya nalika Allah nyiptakeun jagat raya, sareng naon can aya? Pangandika Gusti nguningakeun ka urang yen teu acan aya nanaon kajabi Allah. Pangandika Gusti nyarioskeun: “ Nalika Allah nyiptakeun.” Sadaya anu katinggal sareng kacabak teu aya awalna. Teu aya langit, bumi, laut, atawa tatangkalan, teu aya manusa atanapi malaikat. Janten, sadaya anu ayeuna aya, kapungkur teu aya kajabi Allah kumanten. Margi kitu Pangandika Gusti nyarioskeun “ Nalika Allah nyiptakeun jagat raya.” Ayat eta teu nyarioskeun: ti awalmula, Allah sareng malaikat-malaikat atanapi “ Awalmulana Allah sareng manusa”. Teu pisan-pisan siga kitu, Pangandika Gusti nyebatkeun teu acan aya nanaon, sateuacan aya malaikat atawa manusa. Mung aya hiji kahirupan, nyaeta Gusti Allah nu Tunggal.

Bagian sanes Kitab Toret nyaéta: Allah téh teu aya mulana, Allah teu diciptakeun margi Ajeun-Na Allah anu Maha Langgeng. Sadaya nu aya di jagat raya aya awalna, kajabi Allah. Allah mah teu aya asal-muasalna, teu aya anu nyiptakeun atanapi ngadamel Anjeun-Na. Allah ogé teu nyiptakeun dirina ku anjeun. Intina yén Allah téh teu aya tandingan-Na. Mung Allah nyalira anu baris aya ti awal dugi ka ahir, Allah moal kantos robih.

Tina ayat “ Nalika Allah nyiptakeun”, urang diajar yén Allah téh Maha Agung. Allah nu nyiptakeun saniskara, tinangtos langkung Mulia tur langkung Agung dibandingkeun manusa sareng ciciptaana-Na. Anjeun-Na langkung Mulia dibandikeun jeung laut, Panonpoe sareng bentang-bentang! Allah langkung

Agung sareng Mulia ti sagala roh sareng sadaya manusa: Allah nu Maha Agung! Allah nu Maha Agung. Sami sapertos bumi bade sakumaha saena, pasti anu ngawangun bumi eta anu langkung mulia mah. Allah teu gumantung ka sing saha wae: boh manusa komo deui sasatoan atawa barang. Margi mung Anjeunna nu Maha Agung!

Urang salaku manusa seueur pisan pangabutuhna: kedah tuang, ngaleueut, kulem sareng angin kanggo narik napas. Urang peryogi panonpoé sareng hujan, tuangeung, leueuteun, anggoan, sareng panglinggihan. Peryogi batur pakumaha, bapa, ibu, caroge, istri, anak, rancangan sareng artos. Tapi Gusti Allah anu nyiptakeun saniskara, teu meryogikeun nanaon. Allah teu aya wates wangenna, teu aya awal sareng ahir kanggo Gusti, margi Allah téh sipatna langgeng. Aya patarosan penting. Saupamina Allah teu sapertos manusa, teu kagungan raga sapertos urang, sapertos kumaha Allah tiasa digambarkeun?

Pangandika Gusti ngawaler patarosan diluhur: “Allah téh Roh, anu matak ngan ku lantaran kakawasaan Roh baé jalma-jalma pibisaeunana ngabakti ka Allah Rama bari nyaraho enya ka Mantenna téh.” Allah téh Roh ayana. Manusa mah aya raga, nyawa, sareng roh, tapi pami Allah mah mung Roh ku Anjen. Roh Allah aya dimana-mana, Anjeunna minuhan sagala hal: kalebet manusa. Roh Allah nyaeta Allah kumanten, kumargi kitu teu aya nu nyamuni dipayuneunana. Siang atanapi wengi, sami wae kanggo Allah mah. Dimana sareng iraha wae urang aya, Allah aya didinya sareng nyakseni. Allah uninga sadaya hal, Allah uninga emutan urang, langkung ti eta Anjeunna uninga kana eusi haté anu disamunikeun ku manusa.

Janten kasimpulan tina pangajaran dinten ayeuna sapertos kieu: Allah teu tiasa dibandingkeun sareng naon wae oge. Margi Allah nyaéta Allah. Dina tepangan-tepangan salajengna urang baris langkung neleuman pangartosan urang tumali sareng sipat-sipat Allah. Dina Pangandika Gusti, Allah kagungan seueur pisan sebatan. Sapertos: Nu Maha Luhur, Nu Mahasa Kawasa, Nu Nyiptakeun, Nu maparin Kahirupan, Caang Sajati, Nu Maha Suci, Nu Maha Asih. Anjeuna Allah nu maparin kahirupan sajati.

Pangandika Gusti nyarios: “Sabab nya ku Anjeunna Allah ngajadikeun saniskara nu aya di langit jeung di bumi, nu katinggal jeung nu teu katingal, kaasup roh-roh kawasa, pupunjungan-pupujungan, pangawasa-pangawasa jeung sakur anu nyakrawati di alam gaib. Sakumna alam ciciptaan Allah diwujudkeunana téh ku Anjeunna jeung keur Anjeunna.” Allah ku anjeun nu ngawasaan sareng nu ngaberkahan.

Dina Kitab Toret bagian anu sanes, Musa nganggungkeun Allah ngalangkungan pupujian anu endah: “Nun Gusti, Allah Nu Maha Kawasa, estu agung tur aheng dadamelan Gusti! Nun Raja sagala bangsa, jalan Gusti adil sareng sayaktos!” Saha anu nyembah sareng ngamuliakeun panjenengan Gusti?

Saenyana Allah téh luar biasa, Allah nu parantos aya sateuacan sagalana aya, kumargi kitu mung Allah ku manten anu tiasa nganyatakeun diriNa ka urang, naon anu saleresna kajantenan sateuacanna. Emut, mung Allah ku anjeun nu baris mintonkeun naon nu baris kajantenan dina poé kiamat engké. Allah nyalira nu baris nganyatakeun bebenerana-Na ka urang: *“ Ka darieu ka Kami, eh manusa sajagat! Tangtu maraneh salamet! Ngan Kami bae Allah téh”*

Naha palawargi parantos wanoh ka Gusti sacara pribadi? Atanapi, kanggo palawargi mah Allah téh mung Sang Pencipta anu linggih diluhur diluhureun langit sareng teu tiasa dipikawanoh? Palawargi, Allah hoyong Anjeunna dipiwanoh ku urang salamina. Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Haturnuhun kanggo kasayogian palawargi ngadangukeun siaran ieu. Dina tepangan anu salajengna, pamugi urang tiasa ninggal hal anu narikati: Malaikat sareng Setan. Terang teu palawargi timana salaresna aranjeuna datangna? Gusti ngaberkahan, nalika palawargi ngarenungkeun ayat dina Pangandika Gusti anu nyarioskeun: **“Allah téh Roh, anu matak ngan ku lantaran kakawasaan Roh bae jalma-jalma pibisaeun ngabakti ka Allah Rama bari nyaho enya ka Mantenna téh.”**



# Jalan Kahirupan Sajati

## Pelajaran 3

### Malaekat - Malaekat jeung Setan

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Dina tepangan anu kalangkung, urang terang yén Pangandika Gusti nyarioskeun: "Nalika Allah nyiptakeun jagat raya." Urang diajar yén sagala hal aya asalmuasalna, kajabi Allah. Allah téh Agung turlinuhung teu aya tandinganana. Dinten ieu urang bade lebet pangajaran anu katilu, tumali sareng seratan para nabi. Urang badé diajar Pangandika Gusti tumali sareng malaikat-malaikat sareng Setan. Uninga teu palawargi ari malaikat-malaikat téh timana asalna? Atanapi ari Setan téh timana datangna? Urang moal kantos uninga ngeunaan hal-hal sapertos eta pami Allah teu nyarioskeun ka urang ngalangkungan sabdaNa.

Dina pangajaran anu baris datang, abdi bade nyarioskeun kumaha Allah nyiptakeun jagat raya ieu sareng naon-naon nu aya dilebetna. Namung palawargi, sateuacan Allah nyiptakeun manusa sareng jagat raya ieu, rupina Allah langkung tipayun parantos nyiptakeun malaikat-malaikat. Danget ieu urang badé nalungtik bagean-bagean penting ngeunaan pribadi malaikat nu tos diciptakeun ku Allah, malaikat téh wujudna roh, sapertos Allah. Malaikat diciptakeun tina angin sareng seuneu, teu aya salahsawios anu tiasa ninggal angin komo deui tiasa nyepengan seuneu. Tah sapertos kitu malaikat téh.

Manusa aya bagean raga, jiwa, sareng roh, pami malaikat mah mung roh hungkul. Kulantaran kitu, urang moal tiasa ninggal maranehna. Pangandika Gusti oge ngaulangkeun yén malaikat-malaikat kagungan kakuatan atawa kawasa anu ageung, langkung batan manusa. Tapi, sok sanaos kitu, maranehna oge ciptaan Allah nu aya watesanana. Malaikat teu maha kawasa, teu maha hadir atanapi teu tiasa aya dimana-mana dina waktu anu sami, teu maha uninga, margi mahluk nu diciptakeun.

Palawargi terang sabaraha seueur malaikat anu ku Allah diciptakeun? Pangandika Gusti nguningakeun: Di payuneun Allah " kacida seueurna malaikat. Manglaksa-laksa, langkung puluhan rebu dikali puluhan rebu." Malaikat anu diciptakeun ku Allah téh kalinten seueurna pisan moal tiasa ka etang. Allah parantos nyiptakeun malaikat kanggo Anjeunna, jutaan dugi ka miliaran malaikat nu endah, bageur tur wijaksana. Malaikat-malaikat diciptakeun ku Allah, maranehna téh ciptaan anu suci, margi Allah nu nyiptakeunana oge sipatna Suci. Na waktos malaikat diciptakeun teu aya malaikat anu jahat, teu acan aya Iblis. Teu aya roh-roh jahat. Allah sakumaha pasipatana-Na, teu nyiptakeun malaikat anu jahat.

Palawargi kanggo naon Allah nyiptakeun malaikat? Malaikat diciptakeun kanggo silihpijanyaah, ngamulyakeun, sareng ngalayanan Allah di surga salalamina. Sadaya malaikat téh kagunganna Allah. Palawargi, aya hiji tempat anu endah sareng suci, pinuh ku kingkilabanna cahaya tempat panglinggihan PANGERAN? Tempat eta téh tebih ngalangkungan bulan, panonpoé sareng bintang-bintang. Tempat eta téh disebutna tempat panglinggihan PANGERAN atanapi Firdaus. Nya diditu pisan linggihna Allah sareng malaikat-malaikat nu suci téh.

Palawargi, malaikat-malaikat téh maranehna sadayana teu sami, sabab aya sababaraha malaikat anu langkung endah sareng kagungan kawasa langkung ti batan anu lianna. Aya malaikat anu tara tebih tina tahta-Na Allah di sawarga, aya ogé anu tugasna ngajaga sareng ngaraksa manusa. Malaikat-malaikat sapertos Jibril sareng Mikail, ngadeg dipayuneun Allah kanggo nyandak pancen midamel hal-hal anu pinunjul di bumi. Aya oge sababaraha malaikat kanggo janten pamingpin malaikat anu sanesna. Kantos ngadangu nami Lucifer? Pangadika Gusti nyarioskeun yén Lucifer kantos janten pupuhuna ti malaikat-malaikat. Saupamina kantos ngadangu carios ngeunaan Lucifer, palawargi tinangtos uninga Setan téh timana asalna.

Nalika Allah nyiptakeun malaikat, Lucifer téh malaikat anu paling endah tur paling pinunjul tur wijaksana. Lucifer téh ngandung hartos cahaya atanapi kilat. Allah maparin kaendahan sareng kapinteran nu teu aya babandingan ka Lucifer. Lucifer téh diciptakeun kanggo nyembah, mikanyaah sareng tumut ka Allah salalamina, dugikeun ka Allah maparin berkah anu langkung ka Lucifer téh.

Namung dina hiji waktos, Pangandika Gusti nyarioskeun ngalangkungan seratan para nabi yén Lucifer diancikan ku kasombongan. Lucifer dina haténa, kaula rék naék ka sawarga rék nyiuen tahta diluhureun bintang-bintangna Allah, kaula rék ngawasaan ngaluhuran mega-mega rék nyaruankeun diri saperti Allah nu Maha Linuhung.

Sanes heureuy! Lucifer, mahluk anu seueur diberkahan wani rék ngarampas kamulayaan Gusti. Manehna boga panyangka yén dirina sadarajat sareng Allah. Waktu Lucifer ngabarontak téh lain manehna hungkul, tapi sapertilu bagian malaikat lainna oge milu belot ka Lucifer, ieu mangrupikeun dosa musrik, nyaéta ngajadikeun saurang atawa anu sadarajat sareng Allah.

Palawargi, Allah nyaéta Allah. Anjeuna uninga naon anu direncanakeun ku Lucifer jeung malaikat lainna. Margi teu aya saurang oge anu tiasa ngajaga rusiana dipayuneun Allah, Allah parantos uninga naon nu bakal kajantenan. Allah tos ninggal dosa dina haténa Lucifer sareng malaikat lainna. Allah téh suci sareng tiasa uninga kana kajahatan. Allah teu kompromi sareng dosa, Allah teu kersa ngabagi kamulian-Na ka nu sanes. Allah teu tiasa digentoskeun ku saha waé. Allah salajengna ngusir Lucifer sareng sapertilu

malaikat laina kaluar ti kamulyaan nu suci. Lucifer jeung batur-baturna teu bisa deui hirup di sawarga, lantaran maranehna parantos dosa jeung dihukum ku Allah.

Saparantos Lucifer ragrag kana dosa, ngarannalain deui Lucifer tapi jadi Setan. Setan téh hartosna: Mangaruhan. Lucifer salajengna janten musuhna Allah dugi ka ayeuna, Lucifer tur panganutna tetep nolak ka Allah jeung kana kahadean. Maranehna nolak sabda Gusti sareng ngangles. Setan teu eureun-eureun nangtang ka Allah, ngadoja ngagagalkeun jeung ngahancurkeun rarancangNa. Tapi sok bade kumaha wae da Allah mah mangrupikeun hakim anu Agung, teu aya nu tiasa nandingan sareng ngalawan Anjeunna. Aya paribasa mun enog mah ulah hayang diadu jeung batu (ieu téh paribasa tina basa Bugis).

Palawargi, Allah nyiptakeun seuneu naraka anu teu pernah pareum pikeun Setan. Bakal sumping waktosna Allah ngalung-ngalungkeun Setan, malaikat-malaikat, tur manusa anu ngabarontak kana seuneu naraka. Dugika, sapertos anu kaunggel dina Pangandika Gusti: "Maranehna bakal disiksana téh beurang peuting pikeur salalamina. Dugi ka kiwari Setan téh teu acan dialungkeun kana seuneu naraka. Si Setan téh masih kukulayaban di alam dunya ieu, manehna ngadoja umat jeung nangtang ka Allah. Setan téh tukang ngaruksak, ngancurkeun naon anu parantos ku Allah dipidamel. Setan hayang manusa anu ku Allah tos diciptakeun téh sangsara jeung bilut kamanehna asup kana naraka babarengan.

Ayeuna seueur jalmi anu hirupna dipangaruhan ku Setan, tapi manusa maranehna teu sadar yén Setan téh nyasabkeun. Pangandika Gusti yarioskeun: "Tapi teu aneh! Iblis oge bisaen nyamur jadi malaikatna caang." Sareng oge: "Ana Iblis bohong, memang geus bakatna tukang bohong, bapana sagala bohong." Setan neangan cara supaya manusa katipu jeung teu nyimpeun harepan deui ka Allah. Kitab Injil nyarioskeun: "Sing caringcing taki-taki, sabab Iblis musuh aranjeun keur guar-guar kawas singa, kukulayaban neangan leglegeun." Cing caringcing palawargi, margi Iblis keur neangan leglegeun.

Tapi sukur ka Allah, kumargi manten-Na parantos maparin kakiatan ngalangkungan Pangandika Gusti supaya urang tiasa bebas tina cangkeman kuasa Iblis. Isa Almasih maparin janji ka satiap anu peraya ka Mantena, janjina: "Sarta bakal nyaraho ka Anu saestu, sarta ku Anu saestu maraneh bakal dibebaskeun." Naon Anu saestu anu bakal ngabebaskeun urang tina tipuan jeung kawasa Setan? Tong hilap kana bagean ieu: Setan leuwih wijaksana tibatan manusa, tapi Allah langkung wijaksana dibandingkeun jeung Setan. Setan langkung kuat tibatan manusa, tapi Allah langkung kuat tibatan Setan. Beja bungahna, Gusti tiasa ngabebaskeun urang tina genggeman kawasa Setan. hanyakalna seueur jalmi anu teu seneng kanggo ngupingkeun sabda Gusti, lantaran maranehna tos katipu ku si Iblis.

Kumargi kitu, palawargi ngartos kana kitab para nabi? Percanten kana Pangandika Gusti anu didugikeun ku Allah? Sabab kanggo urang tiasa kasinglar tina tipuan si Setan, urang kedah uninga sareng percaya kana naon anu parantos di carioskeun ka Allah ngalangkungan Pangandika-Na. Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Wilujeng patepang deui, mangga renungkeun janji Gusti: “Aranjeun bakal apal kana bebeneran, sareng bebeneran eta anu bakal ngabebaskeun aranjeun.”

## Jalan Kahirupan Sajati

Pelajaran 4

### Kumaha Allah Nyiptakeun Jagat Raya

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Palawargi, urang lebet pangajaran kaopat, dina Kitab Toret, Kitab Kajadian pasal kahiji ayat nu kadua ngawitan .... nyarioskeun: "Nalika Allah nyiptakeun jagat raya, harita bumi téh teu puguh wangunna, kaayaanana kacida matak geueumanana. Sagara motah ngaliputan satangkaraking jagat." Waktos Allah nyiptakeun dunya, teuacan aya nanaon nu hirup dialam dunya ieu. Sadayana teu acan aya wujudna mung poék mongkleng. Allah nyiptakeun dunya anu endah, anu baris jadi pamatuhan kanggo manusa ciptaana-Na. Allah nyiptakeun alam dunya salaku persiapan 'mapag kadatangan' manusa anu baris diciptakeunna.

Salajengna naon anu dicarioskeun Pangandika Gusti tumali sareng nyiptakeun dunya? Pangandika Gusti nyarioskeun: "Dina jero genep poé Gusti Allah nyiptakeun jagat raya, lautan sareng sagala pangeusina." Ayeuna urang tingal dina pasal anu kahiji Toret kanggo ningal naon waé anu diciptakeun ku Allah salami genep poé téh.

Dinten **kahiji**, nyarioskeun:

*"harita bumi teh teu puguh wangunna, kaayaanana kacida matak geueumanana. Sagara motah ngaliputan satangkaraking jagat. Alam poek ngajumbleng. Pangawasa Allah murba saluhureun sagara. Lajeng Allah ngandika, "Sing caang," bray bae caang. Seug ku Allah ditilik sarta kamanah. Eta caang ku*

Mantenna dipisahkeun tina poek. Caang dingaranan "Beurang," ari poek dingaranan "Peuting". Peuting geus kaganti ku isuk: Poe nu kahiji."

Kahiji, Allah marentahkeun *"Sing caang," bray bae caang.*" Allah marentahkeun bumi, anu sapertos bal gede ngapung di langit, keur ngurilingan sakali dina 24 jam. Ku hal eta, kunaon urang caang 12 jam, sareng poék 12 jam dina sadinten. Kacida ahengna naon nu parantos dipidamel ku Allah dina dinten kahiji. Anjeuna misahkeun poék jeung caang!

dinten **kadua**, nyarioskeun:

"Allah ngandika, "Sing aya kelewung, geusan misahkeun cai sina jadi dua tempat." Seug bae jadi. Allah geus ngadamel kelewung, anu misahkeun cai di sahandapeunana ti cai nu aya di saluhureun kelewung tea. Eta kelewung ku Mantenna dingaranan "Langit".

Kadua, Allah nyiptakeun kelewung anu sok disebutna atmosfir. Atmosfir téh nyaeta langit anu ngurilingan sakurilingeun bumi sareng ngandung angin anu bisa diapke ku urang pikeun ngarenghap. Atmosfir anu sami ngajaga manusa sareng sagala hal tina panasna panonpoé sareng sagala jenis bahaya anu lian. Pami teu aya langit anu diciptakeun ku Allah ieu, pamohalan manusa bisa hirup dialam dunya.

Dinten **katilu**, nyarioskeun:

*"Allah ngandika, "Cai nu aya di sahandapeun langit sing ngumpul jadi satempat, sangkan tembong taneuh." Seug bae jadi. Taneuh tea ku Mantenna dingaranan "Darat," ari pakumpulan cai dingaranan "Laut". Seug ku Allah ditilik sarta kamanah. Allah ngandika, "Di darat sing aya rupa-rupa tatangkalan, boh nu ngabijilkeun sisikian, boh nu baruahan." Seug bae jadi. Di darat jadi aya rupa-rupa tutuwuhan, boh bangsa sisikian boh nu baruahan, seug ku Allah ditilik sarta kamanah. Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu katilu."*

Katilu, Allah nyiptakeun lautan dan sareng wahangan-wahangan, oge mangrebu-rebu tatangkalan sareng tutuwuhan, masing-masing aya buah tur sikina. Raosna pisan tuangeun nu parantos Allah ciptakeun téh: buah, cau, samangka, tomat, engkol, bortel, beas, kacang, jeung rea-rea deui. Allah teu tiasa midamel anu jahat, margi Allah téh saé manah!

Bilih aya patarosan: "Saupamina Allah téh saé, kunaon di dunya ieu aya kajahatan, kasangsaraan? Kunaon sawah kuring teu mere hasil, kunaon pun anak gering parah jeung maot? Patarosan anu saé, tapi dina pangajaran nu bakal datang urang baris tiasa menakan jawabanana. Ayeuna nu paling penting nyaéta Allah téh saestu saé, janten **sadaya hal nu parantos diciptakeunana oge sami saé.**

Palawargi kunaon Allah nyiptakeun tatangkalan jeung buahna? Naha Gusti bade nuang buah-buahan éta? Pangandika Gusti mintonkeun ka urang, yén Allah nyiptakeun sagala hal itu dina nugraha-Na kanggo manusa.

Palawargi ngaraoskeunkasaeun Allah? Kantos teu ngiuhan dihaandapeun tangkal kai anu iyuh tengahpoé bari urang nuang buah samangka anu amis rasana, sacara teu sadar yén sadayana eta téh mangrupikeun kasaéan Gusti. Allah mikahoyong urang ngaraoskeun kasaéanNa, sareng ngagungkeun Anjeuna. Nabi Daud dina Kitab Zabur nyarios:” Pek rarasakeun, kumaha saena PANGERAN. Bagja jalma nu nyalindung ka Mantenna.” Tah ayeuna sateuacan kalangkungan waktu, hayu urang lanjengkeun pangajaran dinten ieu.

Dinten **kaopat**, Allah cumarios:

“Allah ngandika, "Di langit sing aya sumber caang, geusan misahkeun beurang jeung peuting, jeung geusan nangtukeun mangsa, poe, taun jeung hari raya kaagamaan. Eta sumber-sumber caang sina raang di langit, sangkan nyaangan ka bumi." Seug bae jadi. Allah geus ngadamel dua rupa sumber caang anu galedé, nya eta: Panonpoe, keur nyaangan ti beurang, jeung bulan, keur nyaangan ti peuting. Jaba ti eta dipidamel oge bintang-bintang. Kabeh ku Mantenna dipernahkeun di langit, sina nyaangan bumi, ngarajaan beurang, ngaratuan peuting, sarta misahkeun caang tina poek. Seug ku Allah ditilik sarta kamanah.” Allah ngandika , ngalangkungan pangandikaNa Panonpoé, bulan jeung bintang-bintang, aya ngajadi di langit. Allah mung ngandika, bumi langsung muteran panonpoé, teras bulan ngurilingan bumi.

Naon anu dianggo ku Gusti kanggo nyiptakeun sagala hal anu aya di bumi ieu? Saur Pangandika Gusti dina Injil” Bumi alam ngajadi kumargi pangandika Allah, sareng naon wae nu aya ayeuna, asalna téh kosong. Allah nganggo pangandikaNa kanggo nyiptakeun sagala hal. Palawargi, urang teu tiasa misahkeun Allah sareng pangandikaNa, kumargi duanana téh hiji. Ayat Pangandika Gusti anu sami dina Injil salanjengna nyarioskeun:” *Ari nu disebut Pangandika teh geus jumeneng ti memeh ieu dunya dijadikeun; Pangandika sasarengan jeung Allah, Pangandika sarua jeung Allah. Ti mimiti keneh Pangandika teh geus sasarengan jeung Allah. Allah ngajadikeun sagala rupa teh nya ku Pangandika; teu aya hiji oge diciptan Allah anu dijadikeunana henteu jeung Pangandika.*”

Palawargi, waktos Allah nyiptakeun jagat raya katut eusina, teu aya alat atanapi bantosan ti sing saha oge... sadaya diciptakeun mung ku sabdaNa hungkul. Allah mung cumarios, sareng sadaya nu dicarioskeunaNa ngajanten. Mangga emutkeun kacida sulitna kahirupan urang, saupamina unggal dinten nebak-nebak naha enjing pononpoé masih keneh medal atanapi henteu. Pangandika Gusti nyarios, “Allah

téh satia!” mung ka Anjeunna urang gumantung. AnjeunNa teu pernah ingkar tina janji! Anjeunna teu robih. Pangandika Gusti nyarioskeun oge: Pangandika Gusti moal kantos robih”.

Dinten **kalima**, nyarioskeun:

*” Di cai sing pinuh ku rupa-rupa sasatoan nu harirup, ari awang-awang sing pinuh ku rupa-rupa manuk.” Allah ngadamel mahluk-mahluk laut anu galedede katut sagala rupa sasatoan anu harirup di laut, kitu deui sagala rupa bangsa manuk. Seug ku Allah ditilik sarta kamanah. Ti dinya ku Mantenna diberkahan kabeh, nu harirup di laut ditimbangan sing nepi ka minuhan laut, manuk-manuk ditimbangan sing ngarekahan baranahan.” Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu kalima.*

Dinten **kagenep**, nyarioskeun: “Allah nyiptakeun sasatoan sareng manusa. Kumargi kajantenan ieu kalebet anu aheng sareng kacida istimewa, waktos nu aya samporet moal cekap dina tepangan anu bade sumping urang tiasa diajar langkung jéro naon waé nu dinciptakeun dina dinten ka genep ieu?. **Kumaha** Allah nyiptakeun manusa munggaran, sareng **kunaon** Anjeunna nyiptakeun manusa?

Dinten ieu urang parantos ngarenungkeun kasaéan Gusti. nabi Daud nyarioskeun: “Pek rarasakeun, kumaha saéna PANGERAN”. Palawargi parantos ngaraoskeun kasaéan Gusti? Saupamina palawargi leres-leres hoyong ngaraoskeun kasaéan Gusti, palawargi kedah ngadangukeun sing tenget sareng percanten kana Pangandika Gusti.

Pangandika Gusti nyarioskeun: *“Jelema hirupna lain ku roti baé, perlu deuih ku tiap-tiap sabda anu diandikakeun ku Allah.”* Dina pangajaran salajengna bakal ka pendak ku urang, yén saleresna, manusa téh sanes mung raga sareng jiwana hungku, tapi oge kangungan roh anu sipatna langgeng. Palawargi bakal tinemu sareng bebeneran anu tiasa maparin rasa ayem tentrem di bumi ieu sareng waktos palawargi nampi warisan anu moal sirna di sawarga engké: *”Bagja jelema anu kacida hayangna kana ngalampahkeun pangersa-pangersa Allah, ku Allah bakal disugemakeun!”* Amin.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.



# Jalan Kahirupan nu Sajati

## Pelajaran 5

### Kunaon Allah Nyiptakeun Manusa

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Dina tepangan nu tos kalangkung, Allah parantos nyiptakeun sadayana ngalangkungan sabdaNa. Danget urang diajar kumaha sareng kunaon Allah nyiptakeun manusa? Dina buku anu munggaran Kitab Toret, Kitab Kajadian 1:26, kieu pangandikaNa: "*Ayeuna Urang nyieun manusa, masing nyeples sarimbag jeung Urang. Urang sina murba ka bangsa lauk, ka bangsa manuk jeung ka bangsa sasatoan, boh sato piaraanana, boh sato leuweungna, nu galede, nu laleutik. Lajeng Allah ngadamel bangsa manusa nyeples Mantenna. Ngadamelna lalaki jeung awewe.*"

Palawargi, Allah nyiptakeun manusa munggaran, lalaki jeung awéwé nyeples sapertos Mantenna. Hal ieu mintonkeun yén manusa nyaéta ciptaan anu kalintang penting tina ciptaan Allah anu sanesna. Ayeuna urang aos: *Allah nyiptakeun manusa nyeples sareng sarimbag sapertos Anjeunna?* Dina pasal 2:7, Pangandika Gusti nyarioskeun: "*Ari manusa, dipidamelna ku GUSTI Allah teh nyaéta tina taneuh. Sanggeus diwangun mangrupa jelema, tuluy ditiupkeun napas anu matak hirup kana liang irungna, seug manusa teh ngajadi mahluk hirup.*" Ayat ieu ngajelaskeun ka urang, **kahiji**: waktu manusa diciptakeun, Allah nyiptakeunana sacara dua bagian: jiwa jeung raga, hatosna manusa sanes mung ragana hungkul, tapi aya jiwana oge. **kadua**: Allah nyiptakeun manusa sacara dua tahap, tahap **kahiji**: Allah nyandak taneuh sakedik teras ngabentuk jadi manusa. Tahap **kadua**: "tuluy ditiupkeun napas anu matak hirup kana liang irungna, seug manusa téh ngajadi mahluk hirup."

Allah nyiptakeun manusa tina taneuh, numutkeun para elmuan taneuh téh kagungan 20 unsur kimia, salanjengna para ilmuan oge nyarioskeun yén sadaya unsur taneuh téh aya dina awak manusa. Nabi Daud nyeratkeun dina Kitab Zabur: *“Mantenna uninga kana bahan asal urang, kaemut yen urang teh saukur lebu.”* Manusa téh asalna tina taneuh, tapi sanes hartina manusa teu aya hargana. Dina awak manusa aya kurang-lewih 70 triliun bagian anu disebut sel. Sel téh mangrupikeun bagian anu paling alit, tapi sadayana nyusun rapih sareng sampurna. Dina awak urang Allah nyimpen utek, jantung, hate, paru-paru, padaharan, usus-usus, tulang-tulang, kulit, soca, pangambung, lambey sareng seueur keneh bagian-bagian anu sanesna pami ku urang direnungkeun kumaha sadayana tiasa berpungsi. Urang kudu sadar yén eta mangrupikeun kaajaiban. Nabi Daud nyeratkeun: *“Gusti, abdi muji kaagungan kumargi abdi tos diciptakeun ajaib tur luar biasa. Ajaib padamelan Anjen, tur memang abdi leres-leres ngartos kana hal eta.”*

Allah teu nyiptakeun awak manusa sarupi sareng anjeunNa. Janten nu dimaksud sarupi atawa sarimbag nyaéta jiwa manusa anu aya dina salira jasmanina. Anu diciptakeun ku Allah anu munggaran téh raga teu aya nyawa, kaayaan manusa waktu harita sapertos mayit. Kunaon Allah barang damel sapertos kitu? Kunaon Allah teu langsung waé nyiptakeun manusa aya nyawaan sapertos ciptaan anu sanesna? supados manusa terang yén hirup/ nyawa pamasihan ti Gusti. Manusa teu tiasa masihan nyawa kana dirina sorangan. Allah ku anjeun anu kagungan nyawa, Pangandika Gusti nyarioskeun: *“ . Sanggeus diwangun mangrupa jelema, tuluy ditiupkeun napas anu matak hirup kana liang irungna, seug manusa teh ngajadi mahluk hirup.”* Manusa hirup téh kumargi Gusti maparinkeun nyawa kamanehna.

Janten anu dimaksud ku Pangandika Gusti *“sarimbag sareng Allah”* sanes ragana manusa, tapi jiwana. Naon kasarupian nu aya dina jiwa manusa sareng Allah? Tangtos palawargi bakal tataros. Palawargi, aya 3 hal anu sami, anu aya dina salira Allah sareng manusa. Tilu hal eta nyaéta: pikiran, perasan, sareng kahayang atawa kabebasan pikeun milih.

Hayu urang perhatoskeun sasarengan, naon hartosna tina tilu hal diluhur téh:

**Kahiji**, Allah maparin pikiran ka manusa, supaya manusa tiasa diajar ngeunaan Allah, wanoh ka Anjeunna sareng kagungan emutan anu sami sapertos Gusti. Kunaon manusa bisa ‘Ngobrol’ jeung sasama? Kumargi urang sanes mung kagungan utek hungkul, tapi kagungan pikiran/ akal nu sami. Akal ieu janten pangbeda urang jeung sasatoan.

Allah maparin akal/ pikiran ka manusa, supaya manusa ngartos kana naon anu bade didugikeun ku Anjeunna, kagungan hubungan anu raket, sareng jadi sahabat dalit. Allah maparin ka manusa jiwa anu ngajantenkeun manusa tiasa ngaraoskeun hubungan anu anu dalit sareng Allah anu hirup. Hal ieu anu

kajantenan ka nabi Ibrahim. Ibrahim disebut sahabat Allah, margi anjeuna kagungan hubungan anu dalit sareng Allah. Nabi Ibrahim parantos diajar dugika wanoh ka Allah sareng kagungan hubungan anu dalit sareng Allah sapertos sahabat.

Palawargi sadaya, saleresna sanes mung ukur nabi Ibrahim hungkul anu kagungan kasempetan sapertos kitu téh, tapi urang ogé. Allah teu ngarepkeun urang sapertos sato anu teu kagungan pangarti. Sasatoan boga sungut, tapi teu pernah nganuhunkeun ka Allah tina sagala kasaeana. Sasatoan boga ceuli jeung mata, tapi teu bisa ngadengé jeung maca sabda Pangandika Gusti. Palawrgi tiasa jadi sobat Allah, saupamina palawargi percanten sareng nampi jalan kasalametan anu pasti anu parantos ku Allah ditangtoskeun.

Palawargi, emut hal ieu, **kahiji**: Allah parantos maparin pikiran supaya urang tiasa wanoh sareng uninga ka Anjeunna. **kadua**, Allah maparin haté, supaya manusa kagungan kanyaah ka Anjeunna. Ati sanubari anu ku urang dicarioskeun tumali sareng kacondongan haté urang. Eta anu ku Allah ditempatkeun dina jiwa manusa. Ati sanubari ieu tiasa ngajantenkeun naon anu diraoskeun ku Allah ka raos ogé ku urang. Allah tiasa mikanyaah, mikaijid, senang tur sedih, sareng karunyaan. Eta margina Allah nempatkeun ati sanabari dina jero jiwa manusa, supaya manusa tiasa mikarésép naon anu ku Allah dipikaseneng tur ijid kana naon nu ku Allah dipikageuleuh. Allah miharep manusa nyaah ka Anjeunna sapinuh haténa. **katilu**, kasarupian Allah sareng manusa nyaéta: kabebasan pikeun milih atawa kahoyong. Allah nempatkeun kahoyong dina jiwa manusa, supaya manusa tiasa milih jeung nangtukeun jalanna sorangan. Ku cara masihan kahoyong ka manusa, Allah maparin urang hak sareng tanggungjawab pikeun milih naha bakal taat ka Allah atanapi henteu. Saleresna Allah tiasa waé nyiptakeun manusa teu kagungan pilihan, nyaéta manusa anu siga boneka atawa robot, atawa saperti panonpoé anu medal ti wetan tur surup ka kulon unggal poé, teu tiasa milih pikeun medal ti kaler sakarepna. Allah teu nyiptakeun manusa siga kitu, manusa mah diciptakeun kacida istimewa pisan. Allah nyiptakeun manusa ti awal memang kanggo diri-Na, mikanyaah sareng taat ka Anjeunna, sok sanaos Allah teu pernah maksa kanggo hal ieu. Sabab kanyaah sanes deui kanyaah, saupamana aya paksaan. Allah ngabebaskeun urang pikeun milih jeung nangtukeun jalan mana nu ku urang kudu dipilih.

Palawargi sadayana, ayeuna palawargi parantos uninga yén Allah nyiptakeun urang ku kawasaNa kanggo wanoh ka Anjeunna, mikanyaah ka Anjeunna tur taat ka Anjeunna kanggo salalamina. Margi jiwa anu dipaparinkeun ka urang, nyaéta jiwa anu sipatna langgeng, sami sapertos Allah ogé langgeng. Mangrupikeun salah sawios kahoyong Gusti yén urang kedah kagungan hubungan anu dalit sareng raket

ka Anjeunna dina dinten ieu, enjing tur salalamina. Eta margina Allah nyiptakeun manusa, nyeples atawa sarimbag sareng Anjeun-Na.

Dina mungkasan tepangan urang dinten ayeuna, ku cara ngulang cariosan nabi Isa Almasih anu kaunggel dina Kitab Suci Injil. Allah téh Gusti urang , Allah anu tunggal. Waler-Na, "Masing nyaah ka Pangeran Allah maneh terus jeung hate, terus jeung nyawa, sarta terus jeung budi akal." Haturnuhun tina waktosna palawargi parantos ngadangukeun siaran ieu, tangtos dina tepangan anu bade sumping abdi bade nyarioskeun ngeunaan dua manusa. Nabi Adam sareng Siti Hawa, istrina.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

Pamugi Gusti Allah ngaberkahan sareng maparin hikmah palawargi kanggo tiasa ngartos kacida penting parentah Agung anu kantos dicarioskeun: "Waler-Na, "Masing nyaah ka Pangeran Allah maneh terus jeung hate, terus jeung nyawa, sarta terus jeung budi akal."

## Jalan Kahirupan Sajati

### Pangajaran 6

#### Nabi Adam sareng Siti Hawa di Taman Firdaus

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soson kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Dinten ieu badé ngadangukeun carios ngeunaan nabi Adam sareng Siti Hawa, sapertos kumaha maranehna nalika ngawitan aya di dunya ieu. Allah parantos ngadamel hiji taman anu endah salaku tempat pikeun manusa anu tos diciptakeunna. Taman eta namina Taman eden anu ngandung hartos “*gumbira*”. Nami nu sanesna nyaéta Taman Firdaus. Seur jalmi anu boga panyangka yén Taman Firdaus téh ayana di langit, tapi Taman Firdaus téh ayana di bumi ieu, di wewengkon nu namina Eden. Pami jaman kiwari mah ayana di nagara Irak. Dina ayat-ayat salanjengna Pangandika Gusti cunarios:” *Geus kitu GUSTI Allah ngadamel hiji taman di tanah Eden beulah wetan. Manusa teh dipernahkeun di dunya.*” Di dieu urang tiasa ninggal yén Allah parantos nyayogikeun naon nu diperyogikeun ku Adam pikeun kahirupan di jero eta taman, Allah maparinkeun sagala hal ka Adam, supaya Adam tiasa hirup adem-ayem sareng tanggungjawab ngokolakeun atawa molah taman eta.

Allah ku Anjeun remen sumping ka éta taman dina waktos pasosoré. Sareng Allah sering lengah ka tempat dimana Adam aya, kanggo sasarengan sareng Adam. Cobi bayangkeun hal ieu: Bapak Presiden bade tatamu ka rorompok urang, sareng anjeuna hoyong ngobrol sareng urang... naha teu luar biasa kajantenan ieu? Allah oge sapertos kitu, Anjeuna nyumpingan Adam supaya Anjeuna tiasa sasarengan sareng Adam.

Emut yén tujuan Allah nyiptakeun manusa di paparinan pikiran, perasaan sareng kahoyong nyaéta ngarah Anjeunna sareng manusa tiasa saling ngabagi perasaan, tiasa ngobrol, gumbira sasarengan tur

ngalangkungan waktos kalanggengan sasarengan sahaté sapikiran. Allah mikahoyong hubungan antawis Anjeunna sareng manusa sapertos sobat dalit salalamina.

Palawargi, numutkeun Kitab Suci:” *Timbalana-Na ka manusa, "Bubuhan tangkal nu mana bae di ieu taman, meunang didahar, kajaba ti tangkal anu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng. Eta buahna teu meunang didahar, sabab mun didahar, poe eta keneh maneh paeh."* Naha palawargi aneh ku naon Allah ngalarang Adam nuang buah tina tangkal anu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng? Sareng kunaon dipelakan didinya, tapi teu meunang dituang?

Palawargi, Allah midamel sapertos kitu téh margi aya dina rarancangna anu sampurna. Allah maparinkeun sagala hal ka Adam kanggo kaperyogianana nu tiasa nyugemakeun. Ngalangkungan tangkal anu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng, Allah hoyong Adam teras emut yén Allah teu pernah nahan hiji hal nu hade pikeun Adam, langkung-langkung kahirupan langgeng oge sayogi dipaparikeun kanggo manusa ciptaanna-Na.

Kanggo naon tangkal anu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng téh? Palawargi, Allah hoyong masihan Adam kasempetan pikeun ngabuktikeun kanyaahna sareng kasatiaan kana parentahNa. Allah nyiptakeun manusa anu kagungan ati sanubari sareng kabebasan pikeun milih, supaya manusa tiasa milih sorangan naha manehna nyaah sareng hormat ka Allah ku tunduk kana timbalanaNa. Jadi, tangkal anu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng sapertos hiji ujian pikeun Adam.

Pangadika Gusti masihan uninga ka Adam: *"Eta buahna teu meunang didahar, sabab mun didahar, poe eta keneh maneh paeh."* Pangandika Gusti nguningakeun kalawan eces yén paéh téh mangrupikeun akibat tina ngalakukeun dosa. Dina seratna para nabi, kaunggel: *"Jiwa anu dosa pasti binasa!"* Naon ari dosa téh? Ngalanggar kana timbalan Allah. Dosa ngandung hartos ngagugu kana kahayang sorangan tur teu tumut kana timbalan Pangeran, sagala hal anu mungpang kana parentah atanapi kahoyongna Gusti.

Sapertos anu di carioskeun ku Allah ka Adam, kitu pikeun cing saha waé anu dosa anu nangtang ka Allah maranehna bakal paéh. Teras naon hartosna paéh? Aya jalma nu nyangka yén paéh téh hartosna tos sirna ti dunya ieu, sadaya rengse sareng teu apal kana nanaon deui. Numutkeun para nabi, dina bahasa Ibrani ngandung hartos papisah atawa pegat hubungan. Paéh sacara jasmani nyaéta pisah tina kahirupan jasmani, akibat tina dosa nyaéta paéh sacara rohani, hartosna pegat hubungan urang sareng Allah anu mangrupikeun sumber sareng nu ngawasaan kahirupan.

Eta hartosna, sapertos kieu anu dicarioskeun ku Allah: *"Adam, lamun maneh ngadahar buah eta, maneh bakal papisah jeung Kami. Lamun maneh teu taat ka Kami, maneh geus ngaraheutkeun hate Kami*

tur nyieun Kami kasinggung. Lamun maneh ngalakukan dosa ka Kami, Kami bakal ngusir maneh ogé, siga kami ngusir Lucifer. Papisah sareng Allah sami hartosna kapiceun. Hal ieu tiasa ka hartos ngalangkungan conto nu aya dina budaya urang Makasar *Silariang* (atawa kawin lari nyaéta pernikahan anu nyimpang tina aturan adat nu aya di urang Makasar anu nyinggung kana harga diri). Kumaha rasana saupamina hal eta kajadian dina keluarga urang?.. Pasti urang bakal ngarasa wirang, tur pasti nyeuri hate. Sareng naon akibatna anu bakal karandapan ku jalma anu ngalakukeunana, pasti maranehna ngarasa dipiceun ku keluargana, dugika ahirna oge aya nu nepika maot.

Palawargi sadayana, hubungan urang sareng Mantenna langsung pegat nalika ngawitan urang teu taat ka Anjeunna. Allah téh suci, kalintang suci pami kedah ngantepkeun aya manusa anu ngalawan ka payuneun Anjeunna. Tapi, saupamina urang leres-leres taat sapinuh hate, tangtos urang tiasa raket sareng Allah.

Palawargi, urang bade teras diajar bagian ahir pasal ka dua tina Kitab Kajadian ayat-ayat ieu nyarioskeun ka urang kumaha Allah nyiptakeun awewe anu munggaran. Kieu kajantenanana, Allah ninggal yén teu hade Adam hirup nyorangan, manehna ngabutuhkeun saurang panulung. Allah miwarang sagala jenis sasatoan anu diciptakeunana téh pikeun datang ka Adam, salajengna Adam méré ngaran ka satiap sasatoan eta. Tapi seleresna ti sadaya sasatoan eta teu aya anu cocog pikeun jadi panulung keur Adam. Salajengna Allah ngajantenkeun Adam sare tibra, sabot sare tulang igana dicabut sahiji, ari urutna ditutupan ku daging. Eta tulang iga ti lalaki téh diwangun sina mangrupa awewe, uluy dibawa ke eta manusa. Ku Adam di tinggal, ahirna Adam ngarasa bagja. Adam nyarios, “Tah geuning, ayeuna mah aya nu sabangsa jeung aing, dagingna nya kitu keneh. ‘Awewe’ bakal disebutna, sabab asal ti lalaki.

Jadi Allah nyiptakeun lalaki jeung awewe, sareng ngarancangkeun kana pernikahan anu munggaran. Ngawitan ti harita wajar saurang lalaki nikah jeung saurang awewe teras ngawangun tali rumahtangga. Palawargi, pernikahan téh mangrupikeun gagasan jeung rarancangna Allah. Anjeunna nyiptakeun saurang lalaki jeung saurang awewe pikeun saling pikanyaah, ngabagi kahirupan maranehna sareng kagungan keluarga anu gumbira tur ngamulyakeun Allah. Allah anu mikanyaah ka Adam maparinan hadiah anu sae: saurang awewe. Allah miharep Adam tiasa hirup rukun sareng istrina, nyekapan kabutuhan istrina tur mikanyaah sakumaha manehna mikanyaah ka dirina sorangan, langkung ti eta Allah miharep Adam sareng Hawa kagungan hubungan anu intim sareng Anjeunna, mikanyaah sareng taat kamanten-Na salamina.

Kitu Allah ngarengsekeun padamelan ciciptaanaNa. Pangandika Gusti nyarioskeun: *“Sakur anu geus dipidamel-Na tea kabeh ku Allah ditilik sarta pohara kamanah-Na. Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu kagenep. Ku kituna jagat raya jadi lengkep sampurna. Dina poe nu katujuh, Allah liren tina sagala*

*padamelana-Na sabab geus rengse. Poe nu katujuh teh ku Mantenna diberkahan tur diwalkeun ti poe-poe sejenna, lantaran dina poe eta Mantenna geus nyampurnakeun sagala padamelan ciciptan-Na sarta terus reureuh.”* Kunaon Allah kedah liren dina poé nu katujuh? Naha Gusti kacapean? Allah liren margi paratos ngarengsekeun padamelanana. Sadayana parantos rengse dipidamel kalayan sampurna. Eta margina Allah liren tina padamelanaNa dina dinten anu ka tujuh. Eta ogé anu ngajantenkeun aya tujuh dinten dina saminggon.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 7

### Kumaha Dunya janten Reksak

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur sosen-sosen kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Palawagi, urang parantos terang yén di Taman Firdaus anu endah tempat manusa ditempatkeun, Allah ngajadikeun rupa-rupa tatangkalan nu aralus jaradi jeung baruahan. Di tengah-tengah taman aya tangkal. Nu hiji tangkal kahirupan, nu hiji deui tangkal nu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng, Allah marentahkeun manusa: "*Bubuahan tangkal nu mana bae di ieu taman, meunang didahar, kajaba ti tangkal anu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng. Eta buahna teu meunang didahar, sabab mun didahar, poe eta keneh maneh paeh.*" Larangan éta maksudna supaya Adam sareng Hawa tiasa nunjukeun kanyaahna anu nyata ka Allah, sanes supaya manusa ragrag kana dosa.

Urang parantos dugi kana pasal 3 dina Kitab Kajadian, ieu nyarioskeun ka urang kumaha dugika dunya ieu jadi ruksak. Saupamina urang tiasa ngartos kana anu parantos diajarkeun dina pasal ieu, urang bakal ngartos kunaon manusa sok hayang ngalawan ka Allah, sareng kunaon dunya téh pinuh ku kasedihan jeung kasangsaraan. Palawargi, Adam sarang Hawa linggih di Taman Eden, diditu sadaya kabutuhan Adam sareng Hawa sayogi tur tiasa saruka bungah. Nu paling ngagumbirakeun tina sadaya eta nyaéta yén Allah unggal waktos sumping ka Taman Eden pasosore kanggo jalan-jalan tur ngobrol sareng Adam sareng Hawa. Allah nyumpingan Adam sareng Hawa, kumargi Allah hoyong kagungan hubungan anu akrab tur dalit sareng maranehna.

Palawargi, Pangandika Gusti masihan terang ka urang yén mung sanes Adam sareng Hawa hungkul nu aya di taman. Terang teu palawargi saha manehna téh? Manehna téh nyaéta Iblis atawa Setan si tukang ngagoda. Nalika Allah nyiptakeun dunya sareng sagala eusina si Setan oge ngilu nyaksian. Setan ngadenge waktos Allah maparin Adam parentah supaya teu kenging nuang tangkal nu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng. Jadi Setan téh lain mung lalajo hungkul nalika Allah nuju nyiptakeun dunya sareng manusa, tapi manehna boga rencana rek ngagoda Adam supaya Adam baruntak ka Allah. Sareng pami hal eta laksana, tangtu Adam bakal papisah jeung Allah siga nu kaalaman ku manehna.

Setan kacida hayang ngahancurkeun kahirupan manusa, Setan ngagoda Adam sareng Hawa. Palawargi, hiji dinten waktos Adam sareng Hawa ngadeg caket tangkal anu dilarang éta, Setan datang ka maranehna nyamar dina wujud oray, oray téh sato anu pangjailna ti batan sasatoan nu lainna. Oray ngomong ka Hawa, ku pananya anu tujuanana pikeun ngajebak. Oray nanya: *"Na enya saur Allah, anjeun teu meunang ngadahar bubuahan nu aya di ieu taman?"*.

Palawargi, kunaon Setan ngajirim dina wujud oray? Oray téh sasatoan anu pangjailna ti batan sasatoan anu lain. Setan téh licik, manehna teu datang ka Adam sareng Hawa dina wujud buta gede jeung pikasieuneun terus ngomong: "Salam kawilujengan kanggo anjeun Adam jeung Hawa. Kuring Iblis musuhna Allah! Kuring datang kadieu rek ngagoda maneh, supaya maneh ngabaruntak ka Allah terus supaya masa depan maneh téh hancur pikeun salalawasna." Cara iblis ngagoda téh teu saperti kitu.

Palawargi, dugi ka ayeuna Setan masih tetep gawéna ngagoda ku cara nu katingalna hadé. Pangandika Gusti nyarios: "Setan kadang-kadang ngawujud malaikat". Setan téh tukang nipu jeung ngabohong. Iblis téh kacida licikna jeung boga kayakinan yén pamaksudanana bakal laksana. Setan apal yén manehna bakal bisa ngayakinkeun awéwé eta, pikeun ngadahar tangkal anu dilarang, jadi bakal lewih gampang pikeun mangaruhan Adam ngarah ka olo ku Hawa suapaya ngalawan parentah Allah.

Palawargi naon nu ditaroskeun ku Setan ka Hawa? Setan ngomong: *"Na enya saur Allah, anjeun teu meunang ngadahar bubuahan nu aya di ieu taman?"* Palawargi ngartos kana maksud pananya Setan ieu? Manehna keur nyobaan mangaruhan pikiran Hawa supaya ham-ham kana cariosan Allah. Eta sababna Setan ngomong *Na enya Allah....?* Ieu salahsahiji cara Setan nyasabkeun jeung nipu manusa nepi ka kiwari.

Ayeuna urang dangukeun kumaha obrolan antara Hawa sareng Iblis. Pangandika Gusti nyarioskeun: *"Jawab awewe, "Bubuahan di ieu taman, ti tangkal mana bae oge meunang didahar, kajaba ti tangkal anu di tengah-tengah taman. Geus dielingan ku Allah yen teu meunang didahar, dicabak ge ulah, sabab mun ngadahar eta tangtu paeh." Ceuk oray, "Teu kitu. Hamo matak paeh. Allah sasauran kitu teh pedah*

*uninga, yen upama aranjeun ngadahar eta buah kapinteran, aranjeun bakal mapakan Mantenna, bisa terang kana hade jeung goreng."*

Palawargi, Allah nyariso ka Adam sareng Hawa maraneh bakal paéh lamun ngadahar buah tina eta tangkal, ari Setan malah ngomong maneh hamo matak paéh. Kumaha pandangan palawargi kana hal ieu? Saha nu nyarioskeun bebeneran, Allah atanapi Setan? Kitab suci nyebutkeun yén Allah téh nu Saestu nu tara ngabohong. Sedengkeun Setan, nabi Isa ka para panganutNa: Setan teu bisa dipercaya, lantaran teu aya nu hade dijerona. Lamun manehna ngabohong memang menhna siga kitu, sabab manehna téh ngabohong jeung bapana tukang ngabohong.

Cara Setan nyasabkeun manusa, nyaéta nyampur adukeun anu bener jeung nu salah. Urang tiasa ningal dina ucapanana ka Adam sareng Hawa: *"Teu kitu. Hamo matak paeh. Allah sasauran kitu teh pedah uninga, yen upama aranjeun ngadahar eta buah kapinteran, aranjeun bakal mapakan Mantenna, bisa terang kana hade jeung goreng."* Setan ngomong ngabohong lantaran manusa nu dosa teu mungkin bakal mapakan/nyaruan Allah anu suci, tapi sabalikna bakal jadi saperti Setan anu jahat. Palawargi, ulah hilap yén Setan téh nyaéta tukang nipu jeung ngabohong, muter-balikeun anu bener pikeun ngahancurkeun padamelan-padamelan Allah nu saestu tur sampurna.

Datang mangsana pikeun Adam sareng Hawa pikeun milih antara carios Allah atawa omongan Setan, nu mana nu bakal ku maranehna dipercaya? Mana nu rek ditarima ku maranehna bebeneran atawa ngabohong? Saha anu ku maranehna rek diiluan Gusti tinu caang atawa Setan tinu poék? Naha kanyaah maranehna lewih ageung kanggo taat sareng satia ka Allah? Pilihan anu tos dipilih ku Adam sareng Hawa jadi mangrupikeun hiji sajarah. Pangandika Gusti nyarioskeun: *"Seug tangkal teh ku eta awewe dipelong, pohara endahna, buahna bangun pohara ngeunahna. Ceuk pamikiran, tada teuing ahengna mun bisa terang kana sagala hal. Tuluy bae metik buahna seug didahar. Sok carogena dibere, tuluy milu ngadahar."*

Leres-leres teu bisa dipercaya, naon nu dipidamel ku manusa? Adam sareng Hawa leuwih ngadekeun Setan daripada ka Allah. Kacida pikasediheunana poé harita! karuhun urang Adam sareng Hawa ngabaruntak ka Allah ku cara nuang buah nu dilarang ku Allah. Pangandika Gusti nyarios: *"Dosa asup ka dunya ku lantaran jelema saurang. Eta dosa mawa maot. Balukarna, maot teh sumebar sarta tumerap ka sakumna manusa, sabab sakabeh manusa geus keuna ku dosa."* Urang tiasa bade nolak kana hal ieu, tapi memang sepertos kitu anu seleresna.

Palawargi, ieu nu ngaruksak sareng ngahancurkeun dunya téh, Adam sareng Hawa, lantaran ngabarontak ka Allah. Sapertos hiji panyakit anu nular tur matak paéh baruntakna Adam ayeuna parantos sumebar kasadaya alam dunya, sareng eta téh népa ka urang sadaya..... cing saha diantawis urang nu tiasa

nyarios, kami teu pernah ngalanggar kana parentah Allah? Urang sadaya sami sapertos Adam sareng Hawa? Leres pisan aya paribasa, panyakit népa téh teu ngan kena kahiji jama hungkul, tapi bakal nular kanu sejenna. Urang sangsara ayeuna lantaran kapungkur Adam teu tunduk ka Allah.

Puji Gusti urang masih keneh kagungan pangharepan, Kitab Suci nyarios:”*Jadi sakumaha halna dosa jelema anu saurang ngalantarankeun sakabeh jelema dihukum, nya kitu keneh ku lampah hiji manusa anu tumut kana pangersa Allah ngalantarankeun sakabeh jelema dileupaskeun tina hukum sarta mareunang hirup.*” Palawargi, cing saha nu tiasa ngeleupaskeun urang tina hukum tur méré hirup téh?

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

### Pangajaran 8

#### Naon Akibat Dosa Adam

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Palawargi, Allah nyiptakeun manusa téh supaya maranehna mikanyaah terus jeung hate, terus jeung nyawa, sarta terus jeung budiakal. Tapi, dina tepangan terahir Adam sareng Hawa langkung milih pikeun percaya ka Setan daripada ka Allah. maranehna nuang buah tangkal anu méré pangarti geusan ngabedakeun nu hadé ti nu goreng. Naon nu bakal tumiba ka Adam sareng Hawa? Pangandika Gusti nyarios: *“Harita keneh, sanggeus ngadahar eta buah, duanana kaancikan ku pangarti, sarta terus sadar yen taranjang. Tuluy maranehna ngantet-ngantetkeun daun kondang dipake apok.”* Salanjengna naon nu dilakukeun ku Adam sareng Hawa? Maranehna nyumputkeun rasa kaéra jeung salah. Padahal, saacana boh nu lalaki boh nu awéwe duanana taranjang tapi teu ngarasa areraeun.

Tapi saporantos nuang buah tina tangkal anu dilarang maranehna ngarasa éra jeung salah. Dugika pikeun nyumputkeun rasa ka érana, maranehna ngantet-ngantetkeun daun kondang dipaké nyieun apok keur nutupan auratna. Pangandika Gusti nyarios: *“Pasosore, waktu GUSTI Allah ngaroris ka eta taman, ku maranehna kadarenggeun, tuluy bae nyarumput kana sela-sela tatangkalan.”* Kunaon maranehna jeung nyarumput? Lantaran maranehna geus ngalakukeun kasalahan, tos teu taat jeung ngagugu ka Allah.

Palawargi, Setan pasti nyeungseurikeun Adam, lantaran geus nunjukeun rasa teu hormat jeung taat ka Allah, nu ngabalukarkeun manehna bakal diusir. Setan ogé nyeungseurikeun Allah, kumargi dina

ahirna Allah kudu ngabinasakeun ciptaanana anu mulia. Sabab Setan apal yén Allah bakal ngahukum Adam sareng Hawa.

Salajengna naon anu kajantenan? Kitab Suci nyarioskeun: *"Nu lalaki ku GUSTI Allah digentraan, "Maneh di mana?" Allah nyaah ka manusa ciptaannaNa. Anu dilakukeun ku Allah saporantos manusa ragrag kana dosa? Anjeunna milarian sareng ngagentraan Adam. Tapi Adam nyalira, neangan cara pikeun nyumput ti Allah. Naha Allah teu terang dimana Adam nyumput? Eces sanes hartos Allah teu uninga, sabab Allah ninggal sareng uninga kana sagala hal. Allah uninga persis dimana Adam nyumput, tapi Allah ngagetraan Adam kumargi Anjeunna hoyong Adam ngajelaskeun sareng ngaku kana dosa nu tos dilakukeunana.*

Palawargi, waktos Adam ngadangu Allah ngagentraan manehna, Adam memang ngawaler, tapi dangukeun naon naon waleran Adam ka Allah nu kaserat dina Pangandika Gusti: *"Walonna, "Ku abdi kakuping Anjeun aya di taman. Abdi nyumput margi ngaraos gimir rehna taranjang." Allah mariksa, "Nyaho ti saha yen ditaranjang? Na maneh ngadahar buah anu ku Kami dilarang?" Walonna, "Sumuhun, dipaparin ti awewe paparin ti Anjeun tea." GUSTI Allah mariksa ka awewe, "Naha maneh mana kitu?" Ari walonna, "Neda eta buah teh margi ditipu ku oray."*

Perhatoskeun jawaban manusa? Maranehna saling tuding. Adam nuduh Allah sareng Hawa, saurna: *" Walonna, "Sumuhun, dipaparin ti awewe paparin ti Anjeun tea."* Sedengkeun Hawa nyalahkeun oray tur saurna: *" Ari walonna, "Neda eta buah teh margi ditipu ku oray."* Saleresna Allah uninga kana eusi hate maranehanana, yén maranehna duanana téh saralah.

Allah teu mancing-mancing Adam sareng Hawa supaya nuang buah tina tangkal nu tos ku Anjeunna dilarang, sareng Setan oge teu maksa maranehna pikeun ngadahar buah eta. Setan nga ngadoja jeung nipu Hawa, tapi nu dilakuan Hawa éta pilihan manehanana sorangan, kitu deui Adam milih kalayan sadar pikeun nuang buah eta. Adam terang pisan kana larangan nu tos Allah dugikeun ngeunaan buah eta, tapi manehna leuwih milih teu taat kana katangtosan Allah, ogé tos ngaremeheun Allah ku jalan nyalahkeun batur.

Dugika ayeuna manusa masih resep sok nyalahkeun batur, pikeun nutupan kasalahan-kasalahan maranehna. Allah cumarios ka maranehna: *"Dimana maneh", naon nu tos dilakukeun maneh? Kunaon teu daék percaya jeung taat kana sabda Kami? Kunaon dimomorekeun kahadean Kami? Kunaon maneh nyalahkeun batur, tina pagawean-pagawean anu ku maneh dilakukeun? Cariosan ieu téh kacatet dina Kitab Injil:" Sabab ceuk ungel Kitab Suci, "Satemenna," pilahir Pangeran, "ieu Kami Allah anu jumeneng, sakabeh jelema bakal sarujud ka Kami, jeung ngaraku yen Kami Allah." Ku hal eta urang teh kudu*

*nyanggakeun tanggung jawab ka Allah tina kalakuan urang masing-masing.” Badé ngawaler naon nalika Allah ngagentraan sareng naros ka urang: “Dimana anjeun?”*

Hukuman naun nu dipasikheun ku Allah ka Adam, Hawa, jeung oray? Pangandika Gusti nyarioskeun:” *Ti dinya GUSTI Allah nimbalan ka eta oray, "Eta kalakuan maneh kudu dihukum. Ti antara sasatoan, ngan maneh nu ku Kami rek disapa. Ti semet ieu maneh baris ngengsod ku beuteung maneh sarta saumur-umur bakal ngahakan kekebul. Maneh jeung eta awewe baris silih pikaceuceub. Bangsa manusa jeung bangsa oray baris mumusuhan sapapanjangna. Manusa baris ngaremukkeun hulu maneh, ari maneh mo weleh ngarah-ngarah rek macok keuneung manusa." Ti dinya Mantenna nimbalan ka awewe tea, "Kanyeri maneh ku Kami rek ditambahan sajeroning eukeur kakandung, kitu keneh kanyeri dina waktu ngajuru. Sanajan kitu maneh mo weleh cumantel ka salaki, sanajan kudu tetep kumawula ka dinya." Timbalana-Na ka lalaki, "Maneh geus kabawakeun ku pamajikan ngadahar buah anu ku Kami dilarang. Ku sabab eta, ieu bumi baris keuna ku panyapa. Mun hayang kaala hasilna geusan dahareun maneh sacukupna, maneh saumur-umur kudu digawe tisuusut-tidungdung. Sabab tanah teh baris ngabijilkeun jujukutan, hama jeung bangsa cucuk, nepi ka maneh kapaksa kudu ngadaharan tutuwuhan leuweung. Maneh kudu luut-leet kesang heula sangkan bumi bisa mere hasil. Kitu bae sapapanjangna, nepi ka maneh mulang deui kana taneuh, asal maneh tea. Ku sabab maneh dijieun teh tina taneuh, nya kudu balik deui ngajadi taneuh."*

Palawargi, terang naon akibat tina ngabarontak? Ngahasilkeun kasangsaraan jeung rasa kanyeuuri, taneuh ngabijilkeun jukut jeung rungkun cucuk, gawé luut-léet kesang, panyakit jeung Ajal. Leres pisan ganjaran tina dosa téh nyaéta maot. Maot sacara rohani ngandung hartos pegatna hubungan sareng Allah atanapi papisah ti Allah. Waktu Adam jeung Hawa teu taat ka Allah, maranehna tos misahkeun diri ti Allah sumber kahirupan.

Nalika maranehna milih percaya ka Setan, maranehna ngorbankeun sosobatanana sareng Allah sareng kaleungitan hak tina bagian kahirupan sareng Allah. Sing saha waé anu nurut ka Setan geus pasti jadi musuhna Allah tur papisah sareng Anjeunna. Palawargi, sagala hal di dunya ieu tos robih lantaran naon nu tos dipilih ku Adam sareng Hawa, sadaya manusa lalaki sareng awéwé kudu sangsara lantaran tina naon nu tos dilakukeunana. Cobi tinggal sakurilingeun urang, dimana-mana aya kasangsaraan jeung rasa nyeri hate. Aya nu maéhan, perang, rasa sieun, geuleuh, ngabarontak, sareng korupsi.

Ngalanggar kana parentah Allah kajantenan ngawitan ti kota-kota gede nepika pilemburan, langkung ti éta kajadian di imah urang masing-masing, sapertos paribasa “Panyakit tepa téh teu eureun ngan disaurang hungkul”. Hal ini saluyu pisan sareng Pangandika Gusti , anu nyarioskeun: “*Dosa asup ka*

*dunya ku lantaran jelema saurang. Eta dosa mawa maot. Balukarna, maot teh sumebar sarta tumerap ka sakumna manusa, sabab sakabeh manusa geus keuna ku dosa.*” Dosa karuhun urang Adam jeung Hawa tos nepa ka urang sadaya, lantaran disatiap urang parantos milih pikeun ngalanggar perentah-parentah Allah, urang nuju nuturkeun tapakna. Panghakiman jeung hukuman Allah ka Adam, ayeuna tos jadi panghakiman jeung hukuman nu kudu ku urang ditanggung.

Palawargi, Sok sanaos kitu, urang tiasa ngamulyakeun Allah ku haté anu gumbira, margi Allah nyalira parantos nyayogikeun jalan kaluar nu tiasa nyalametkeun urang tina panghukumanana tur ngaleupaskeun urang tina tangjawab nu kudu ku urang di tanggung akibat tina barontakna urang. Kumaha oge, urang kedah percaya kana jalan kaluar nu parantos dipidamel ku Allah, tur narima jeung percaya ka Anjeunna. Ajeunna Jurusalamet nu baris sumping tur ngabebaskeun sakabeh maranehna tina panghakiman Allah jeung oge ngaleupaskeun maranehna tina kawasa Setan.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 9

### Jangji Nu Endah

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Palawargi, Adam sareng Hawa tos teu taat ka Allah, ku nuang buah anu dilarang. Manusa leuwih milih jeung belot ka Setan. Sok sanajan manusa siga kitu, Allah tetep ngadatangan maranehna, nyarios kamaranehna, sareng nunjukeun ka manusa naon nu bakal tumiba da dunya ieu akibat tina dosa maranehanana nyaéta kasulitan, kasangsaraan, jukut jeung rungkun cucuk, sakit panyakit nepika Ajal. Urang tiasa rek teu resep, tapi kanyataanana urang sadaya kenging bagian panghakiman jeung panghukuman Adam. Leres pisan yén panyakit népa téh lain ngan keuna ka saurang hungkul, sapertos kitu oge katetaatan Adam nu tos misahkeun manehna ti Allah, parantos nepaka urang. Urang oge siga kitu, kateutaatan urang jadi misahkeun urang sareng Allah. Eta pangna Allah téh karasa jauh pisan, rék ngabayangkeun hungkul ogé hésé pisan pikeun urang. Nabi Yesaya nyeratkeun: *“Saenyana mah ku sabab henteu kersaun, sabab maraneh dosa ka Mantenna. Unggal maraneh aya niat ngabakti ka Allah ngan teu bisa baé, sabab kahalangan ku eta dosa.”* Saleresna hal ieu téh berita nu teu pikagenahneun, kacida panas dina ceuli.

Jadi, akibatana tina dosa Adam nyaéta ngahancurkeun dunya nu sampurna nu parantos ku Allah diciptakeun. Adam ngantunkeun karajaan caang tur lebet kana karajaan anu poék. Adam sareng Hawa sanes bagian deui tina karajaan Allah. Lantaran pilihan maranehna pikeun bilut ka Setan, jadi kaayaan kaharepna maranehna babarengan jeung Setan. Nu tos ngajadikeun maranehna tawanan, nyaéta seuneu

naraka nalika maranehna maot. Ayeuna maranehna teu boga pangharepan pisan dina kahirupanana, maranehna bener-bener ruksak jeung ruksakna téh langgeng.

Saupamina Pangandika Gusti ngan liren dugi kadieu, urang mung tiasa nutup buku jeung ceurik tarik maratan langit, lantaran urang bakal binasa salalanggengna. Tapi sukur ka Allah, Pangandika Gusti teu liren dugi kana carita baruntakna Adam. Allah anu limpah ku kanyaah, parantos mukakeun panto kasalametan pikeun manusa! Aya kasempetan pikeun Adam sareng katurunanana, pikeun ngaleupaskeun diri tina kabinasaan jeung kawasa Setan. Nu matak Pangandika Gusti nyarioskeun dimana dosa nambahan, didinya lumaku sihkurnia kamirahan Allah. Sareng : sihkurnia Allah nu maparin kasalametan parantos nyata pikeun sadaya manusa. Palawargi, aya pangharepan pikeun urang!

Allah téh suci, bener jeung adil. pangandikaNa teu tiasa dibatalkeun, kumargi kitu satiap anu ngalanggar kudu dihukum. Hukuman pikeun anu ngalanggar parentah Allah nyaéta maot jeung papisah ti Anjeunna. Allah Maha Suci sareng Maha Adil, tapi ogé Maha Asih. Allah nu Hakim téh, badé janten juru salamet urang sadaya. Allah parantos masihan terang perkawis rarancangna anu ajaib pikeun nyalametkeun manusa akibat dosa.

Kitab Kajadian badé ngajelaskeun bagian ieu, pasal 3 urang tiasa ngaos:" Ti dinya GUSTI Allah nimbalan ka eta oray, "*Maneh jeung eta awewe baris silih pikaceuceub. Bangsa manusa jeung bangsa oray baris mumusuhan sapapanjangna. Manusa baris ngaremukkeun hulu maneh, ari maneh mo weleh ngarah-ngarah rek macok keuneung manusa.*" Ieu mangrupikeun ayat anu sesah diteuleuman, margi dilebetna seueur ngandung hal anu penting, Allah nuju ngabewarakeun rarancangna pikeun ngintunkeun ka alam dunya saurang jurusalamet nu bade nyalametkeun tur ngabebaskeun manusa tina jajahan si setan.

Ayat diluhur nunjukeun yén bakal aya dua golongan manusa didunya, manusa anu anut ka Setan sareng manusa anu percaya ka Gusti. Nu anut ka Setan nyaeta jalma-jalma anu nolak pikeun tunduk ka Gusti. Ari jalma anu ngiring ka Gusti mah nyaéta jalma-jalma anu tunduk kana sabda Allah sareng ngajalankeun naon anu diparentahkeunana. Ayat ieu nunjukeun yén bakal sumping saurang anu istimewa ti katurunan Hawa, teu aya sanes anu bade nyalametkeun tea, anu baris ngelehkeun Setan. Hal ieu tangtosna lain kabar hade kanggo Setan, tapi kanggo jalma-jalma anu hoyong bebas tina genggeman Setan ieu téh mangrupikeun beja kabungahan. Hal anu paling penting tina ayat ieu nyaéta yén Setan bakal di remukeun, tapi Setan ogé bakal ngarah-ngarah ka anu bade ngabebaskeun atawa nyalametkeun. Juru salamet bakal ditandasa dina peperangan éta, tapi juru salamet pasti anu bakal meunang.

Dina tepangan-tepangan salajengna urang bade ninggal kumaha nabi-nabi Allah masihan terang ngenaan kasumpingan juru salamet nu baris ngabebaskeun manusa tina kawasa Setan. Palawargi kagungan kapanasaran hoyong terang kana sadaya bebeneran Allah? Saupamina palawargi kagungan sapertos kitu, kalintang saé pisan. Nabi Sulaiman nyarios: *“Pek kotektak mangka gemet, lir neangan perak atawa pependeman. Lamun eta dipilampah, engke hidep nyaho naon hartina sieun ku Allah, sarta bakal meunang kanyaho tina hal Allah.”*

Salanjengna, Pangandika Gusti nyarios: *“Aranjeunna ku GUSTI Allah dipangdamelkeun anggoan tina kulit sato, sina diaranggo.”* Adam saporantos manehna nuang buah tina tangkal nu méré pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng, maranehna nyieun papakean tina daun Kondang pikeun nutupan auratna. Naha Allah ngantepkeun maranehna nganggo papakean anu didamelna tina daun Kondang? Teu, kunaon? Allah mangdamelkeun panutup awak pikeun maranehna. Nyaéta anggoan tina kulit sato, pikeun ngadamel anggoan éta, Allah kedah maéhan sababaraha sasatoan, nyandak kulitna lanjeng didamel anggoan. Nu paling penting didieu nyaéta urang kedah ngartos yén waktos Allah maéhan sasatoan, Allah ngadamel kurban sasatoan anu munggaranpikeun nutupan taranjangna Adam sareng Hawa. Cobi baayangkeun kacida sedihna Adam dan Hawa waktu ninggali aya gentih anu ngocor tina sasatoan anu dipaéhan ku Allah. Sasatoan ieu, teu aya sangkut pautna jeung kasalahan anu ku maranehna dipigawe, tapi kudu paéh supaya Adam sareng Hawa gaduh anggoan anu tiasa nutupan katalanjangan maranehanana. Allah hoyong supaya maranehna inget yén hukuman tina ngalanggar parentah Allah nyaéta paéh, sareng kanggo ngajar ka Adam sareng Hawa hiji hal anu rek dinyatakeun lebih jelas dina seratan-seratan para nabi, nyaéta: *“meh sagala rupa disucikeun ku getih, dosa oge bisa dihampura lamun geus aya getih anu ngocor kaluar.”* Dasar tina hukum Allah kanggo ngahampura dosa nyaéta aya kedah aya kurban getih ti anu teu kagungan kasalahan.

Sapertos usaha Adam ku daun-daun Kondang, manusa sok hayang nutupan kasalahan maranehna ku ngalakukeun pagawean-pagawean anu hadé jeung amal anu lewih loba, Tapi palawargi éta sanes cara Allah. Kumaha tiasa kasalahan kana parentah Allah tiasa cukup diganti ngan ku ngalakukeun pagawean-pagawean hadé jeung amal? Éta teu mungkin. Janten Allah nunjukeun ka Adam sareng Hawa hiji cara nu tiasa ku Anjeunna katarima, nyaéta aya korban getih anu dikorkeun.

Saporantos maéhan sasatoan sareng ngadamel anggoan kanggo Adam sareng Hawa tina kulit, Allah ngusir maranehna kaluar ti Taman Firdaus di Eden. Allah nyimpen hiji malaikat anu nyepengan pedang anu hurung ku seneu pikeun ngaja jalan kana tangkal anu méré pangarti geusan ngabedakeun nu hadé ti nu goreng. Perhatoskeun, sok sanaos sasatoan tos dikorbankeun pikeun nutupan kasalahan Adam

sareng Hawa, maranehna masih keneh kudu nanggung akibat tina kasalahan, teu tiasa ngaraoskeun berkat-berkat nu parantos disayogikeun di Taman Firdaus nu endah.

Palawargi, emutkeun dua hal ieu: *kahiji*, Allah téh Maha Agung. Allah moal ngantepkeun dosa kitu waé, kalayan teu ngalakukeun nanaon. Éta sababna Allah ngahukum Adam sareng Hawa teras ngusir maranehna ti Taman Firdaus. *Nu kadua*, Allah téh pinuh ku welasasih. Saleresna mah Adam sareng Hawa teu layak pikeun narima panghampurana Allah. Maranehna pantesna téh pikeun dihukum, tapi Allah teu miharep manusa paéh tina kasalahanana. Éta sababna Allah ngajanjikeun surang panulung anu baris nyalametkeun umat manusa tina karajaan poékna Setan sareng ngalihkeun manusa kana caang sareng kamulian karajaan Allah. Palawargi, janji Allah nu ajaib nu ku Anjeunna dipasihkeun ka Adam sareng Hawa nyaéta bakal ngutus Jurusalamet supaya manusa bisa leupas tina hukuman Allah.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## **Jalan Kahirupan Sajati**

Pangajaran 10

### **Kain jeung Habil**

*(Bagian Munggaran: Hiji cara Pangorbanan)*

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Dina pelajaran urang anu kapengker ngeunaan Pangandika Gusti Toret, urang ninggal yén Adam sareng Hawa ngabarontak, ngawitan harita ogé Allah nyarisokeun ngeunaan rencanana pikeun ngutus ka alam dunya saurang pangbebas Agung nu baris ngalepaskeun manusa tina kawasa Setan jeung naraka. Urang ogé tiasa ninggal kumaha Allah nolak usaha manusa pikeun nutupan awak maranehna anu taranjang ku daun-daun Kondang anu meunang ngantet-ngantetkeun. Allah hoyong ngajarkeun ka Adam sareng Hawa yén manusa teu bisa nutupan rasa kaéra maranehna dipayuneun Allah, hakin nu Maha Suci kucara maranehna sorangan. Mung Allah nu tiasa nyalametkeun maranehna tina hukuman akibat tina kasalahanana.

Dinten ayeuna urang bade diajar pasal ka opat tina Kitab Kajadian, ngeunaan dua anak Adam sareng Hawa nyaéta Kain anu nolak pikeun percaya ka Allah sareng Habil anu percaya sapinuhna ka Allah. Dina pasal ka opat ieu kaserat: *"Geus kitu Adam sapatemon jeung geureuhana. Seug geureuhana bobot, tuluy babar, putrana pameget. Anjeunna sasauran, "Berkah pitulung PANGERAN, aing ayeuna boga anak." Seug putrana teh dijenenganan Kain. Babar deui, pameget, dijenenganan Habil. Habil jadi tukang ngangon, Kain jadi tukang tani."*

Palawargi, rupina marurangkalihna Adam sareng Hawa ogé nyaéta sami ngabarontak saperti indung bapana. Pilihan Adam pikeun ngabaruntak ka Allah, népa saperti panyakit ka dua anakna. Sapertos aya paribasa, buah moal jauh ragrag tina tangkalna, lamun bapakna siga kitu, pasti anakna ogé sarua. Kain sareng Habil nurutan prilaku Adam, maranehna ogé teu bisa deui asup ka taman lantaran maranehna saperti bapana, Adam. Pangandika Gusti nyarios: *“Adam kagungan murangkalih anu persis sarua siga manehna.”*

Putra-putra Adam tambah ageung tambah pinter. Habil contona manehna diajar tani jeung daek gawé capé tur tekun. Habil jadi tukang ngangon. Duanana terang ngeunaan Allah, maranehna ogé terang yén Allah aya. Kain sareng Habil terang kumaha sakedahna ngaraketan Gusti, nyaéta ngalungkungan korban getih, sapertos nu parantos ku Allah nyalira ditunjukeun ka Adam sareng Hawa. Salajengna dina hiji dinten, Kain sareng Habil mutuskeun pikeun nyembah ka Allah sareng maparinkeun sebana. Pangandika Gusti nyarioskeun: *“Hiji mangsa Kain ka PANGERAN nyanggakeun sabagian tina hasil panenna, dijieun kurban. Habil ge nyanggakeun kurban, anak domba cikal. Anu dihaturkeun daging anu panghadena. Kurban Habil ku PANGERAN kaanggo, kurban Kain ditolak. Kain jadi ngentab, murukusunu bakat ku ambek.”*

Kurbana Habil ditampi ku ALLah, palawargi terang naon sababna? Ku naon Allah nolak kurbanna Kain? Naha kumargi Allah teu seneng kana buah-buahan sareng sayur-sayuran? Sanes, sanes éta alesanana palawargi. Tapi sapertos kieu, Habil nyandak sebana ka Allah saluyu sareng naon anu dipiharep ku Allah nyaeta kanggo korban panghampura tina kasalahan-kasalahan Habil, tapi Kain mah nyandak seba anu lain. Sementawis nu ku Allah dituntut salaku sarat ti jalma anu badé nyuhunkeun dihampura dosa nyaéta kedah aya ngocorna getih nu janten panggentos tina tumbal hirupna tina sasatoan anu teu salah. Mung ngalungkungan getih nu tiasa janten panggentos tina hal anu tos dilanggar, sagala naon waé nu tos dilanggar.

Habil percaya ka Allah tur nyandak seba sasatoan sapertos anu di suhunkeun ku Allah. Kitu ogé anu dicarioskeun ku Pangandika Gusti: *“ Ku karena percaya, Habil ka Allah nyanggakeun kurban anu leuwih utama ti batan kurban Kain.”* Kulantaran iman Habil anu ditunjukeun ngalungkungan kurbanna, anjeunna ditarima salaku jalma anu bener dipayuneun Allah. Tina naon anu tos kajantenan ti sepuhna Habil terang yén kurban getih kalintang penting kanggo ngengingkeun panhampura. Emut palawargi yén Pangandika Gusti nyarios: *“ dosa ogé bisa dihampura lamun geus aya getih anu ngocor kaluar.”* Habil terang pisan kana maksud Allah tur percaya pisan.

Naon hartosna percaya ka Allah téh? Percaya ka Allah hartosna kagungan pangharepan ka Allah, dugika urang tiasa tumut kana pangersaNa. Percaya ka Allah hartosna nampi kucara muka haté yén Pangdika Gusti saetu bener. Saupamina palawargi nyarios: *“abdi percaya ka Allah”* tapi teu percaya kana naon anu dicarioskeunana dina Pangandika Gusti, hartosna kapercantenan palawargi ka Allah diragukeun. Saupamina palawargi percaya ka Allah, palawargi tangtos bakal ngalakukeun parentah sareng kahoyongNa. Kurban Habil ditarima Allah margi manehna percaya kana Pangandika Gusti, kurban Kain ditolak margi Kain mungpura-pura percayana. Ngalangkungan seratan-seratan para nabi, Allah masihan uninga yén upami aya saurang ngalanggar parentah Allah, éta hartosna jalmi téh tos nyinggung hateNa Allah.

Palawargi sadayana, panghampura tina kalepatan anu ku urang dilakukeun ka Allah moal tiasa kajadian dumasar ku cara atawa rencana manusa, tapi rencana sareng cara Allah. Kasalahan tiasa ngakibatkeun maot, tapi kumargi asihNa Allah ngawidian hiji sasaoan nu teu boga salah paéh pikeun gaganti maot anu ngalakukeun kasalahan. Ngartos teu palawargi perkawis ieu? Urang anu sakedahna maot waktu urang ngalanggar parentah Allah, tapi Allah kacida nyaahNa ka urang dugika ngawidian hiji sato paéh pikeun gaganti diri urang.

Engké urang baris ninggal, dina pangajaran salajengna yén ka nabi Musa Allah maparinkeun hiji aturan anu teu tiasa dirobih tumali sareng persembahan kurban nu kedah dipidamel pikeun jinis-jinis kasalahan sareng ngalanggar kana hukum Allah. Rupi-rupi persembahan kurban éta dumasar kana hal ieu: nyaéta getih sasatoan tiasa janten gaganti getih manusa anu teu salah. Kumargi kurban getih téh, Allah tiasa sabar ka Adam sareng turunanana, sareng getih éta téh nutupan kasalahan maranehna, sa henteuna kanggo samentara waktu. Margi bade kumaha oge getih sasatoan téh teu tiasa samasakali ngahapus tanggungan ti jalmi anu salah, margi sasatoan teu sami darajatna sareng manusa. Éta sababna, kurban kudu dipaparinkeun unggal dinten, sacara terus-terusan tiap taun ka taun. Sok sanaos kurban getih tiasa ngaraketkeun deui Allah sareng maranehna, tapi persembahan kurban getih éta sorangan sanes maksud Allah nu sampurna ngeunaan jalan kasalametan.

Allah kagungan maksud sareng rencana anu lain anu langkung saé kanggo waktos nu bakal datang. Ieu mangrupikeun pangajaran anu kacida pentingna ngeunaan persembahan kurban Kain sareng Habil. Kain teu nganggap penting aturan Allah ngeunaan pangampunan kasalahan, manehna datang ku rencanana sorangan. Hiji agama nu dijieun sorangan. Rupina Kain nyaéta jalma munggaran anu nyieun agama palsu. Manehna sumping ka Allah ku cara gawena sorangan, nu dihasilkeun tina panen anu dipelakeun ku manehna, namung teu aya getih anu ngocor. Allah nolak kana persembahan Kain.

Ari Habil, nyandak ka Allah persembahan anak domba nu tos dipeuncit anu getihna ngocor. Habil kagungan gerentes haté anu saé dipayuneun Allah. Anjeunna sadar yén manehna pantes maot, tapi domba kurban éta nu jadi gagantina. Jadi Habil nuduhkeun imanna ngeunaan naon nu ku Allah ditangtoskeun salaku jalan supaya kasalahan hiji jalma dihapuskeun. Persembahan kurban anu dilakukeunana, saluyu sareng rencana Allah. Palawargi sadayana, teu aya saurang ogé anu tiasa sumping ka payuneun Allah saupamina teu ngalangkungan jalan anu pasti anu tos ditangtoskeun ku Anjeunna. Jalan Allah téh sampurna tur pas, sapertos itungan saupamina urang ditanya sabaraha 2+2? Pasti jawaban urang kudu 4, teu aya jawaban sanesna. Mung hiji jawaban anu bener. Kitu ogé mung aya hiji Allah sareng mung hiji jalan kanggo tiasa akur sareng Allah.

Dina pangajaran salajengna, urang bakal langkung nalungtik ngeunaan jalan Allah nu sampurna. Rarancang Allah téh nyaéta pikeun nyayogikeun kurban getih nu tiasa nutupan kasalahan manusa pikeun salalamina. Tapi urang kedah liren heula didieu. Pamugi urang tiasa ngarengsekeun pangajaran ngeunaan Kain sareng Habil dina tepangan salajengna.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.



# Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 11

## Kain Teu Daék Tobat

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Dina pangajaran anu kalangkung urang parantos diajar ngeunaan kacida pentingna kurban getih kanggo janten jalan panghampura, waktos hiji jalmi ngalanggar parentah Allah. Kurban getih ieu nyaéta katangtuan Allah nu teu tiasa ditawar-tawar. Éta sababna kunaon waktu anak-anak Adam nyaéta Kain sareng Habil maparinkeun persembahan ka Allah, Pagandika Gusti nyarioskeun: *"Kurban Habil ku PANGERAN kaanggo, kurban Kain ditolak."* Urang parantos diajar yén Kain maparinkeun persembahan sayuran sareng buah-buahan hasil panen, margi manehna saurang patani sedengkeun Habil maparinkeun persembahan anak domba sulung tina dombana margi manehna saurang pangangon.

Dinten ieu urang ngarengsekeun pangajaran ngeunaan Kain sareng Habil. Naon anu kajantenan saparantos Allah nolak persembahan Kain? Dina Kitab Kajadian pasal 4, Pangandika Gusti nyarioskeun: *"Kain jadi ngentab, murukusunu bakat ku ambek. Ngandika PANGERAN ka Kain, "Ku naon murukusunu, kucem beungeut? Coba lamun tas migawe anu bener mah tangtu beungeut teh marahmay. Tapi ku sabab tas migawe anu goreng, tuh di lawang panto, dosa eukeur ngadodoho, arek kumawasa ka maneh. Ku maneh kudu dielehkeun."*

Allah negor Kain ku cara nolak persembahanana, Allah hoyong Kain tobat tina kasalahanana. Allah hoyong Kain sadar yén sayuran sareng buah-buahan nu tina hasil capéna jeung usahana manusa, sama sakali teu aya hargana dipayuneun Allah. Allah hoyong Kain ngalakukeun naon nu dilakukeun ku Habil

nyaéta maparinkeun kurban getih. Margi kulantaran kurban getih, éta mangrupikeun tanda yén Habil ngangkeun manehna tos ngalakukeun kasalahan kana parentah Allah, sareng persembahan Habil ogé nunjukeun yén manehna percaya kana katangtosan Allah ngeunaan panghampura tina kasalahan hukum Allah. Allahhoyong supaya Kain ngalakukeun naon nu tos ditangtoskeun ku Allah, sanes kucara karépnana Kain sorangan. Margi saupamina Kain teu kersa nampi sareng ngalakukeun kurban numutkeun cara Allah, manehna bakal binasa dina kateutaatanana. Allah teu mikahoyong Kain kudu ngalaman hal anu sapertos kitu.

Allah ngemutkeun Kain, aya anu ngabahayakeun tur ngancam manehna lamun nolak pikeun ngarubah sikep ngambekna lantaran teu narima kana tegoran. Bahayana nyaéta dosa .. janten dosa téh naon? Kunaon dosa mangrupikeun bahaya nu kedah dielehkeun? Dosa téh nolak pikeun percaya sareng taat kana sabdana, sagala hal anu teu satuju kana katangtuan kahoyong Gusti, dosa téh mangrupikeun masalah anu serius. Pangandika Gusti nyarioskeun ngeunaan jalmi-jalmi anu teu daék ngecagkeun atawa ngaleupaskeun dosa: *" marehna bakal dihukum ku kahancuran pikeun salalawasna, sareng dipiceun teubih ti payuneun Allah sareng kamulian kawasaNa."*

Allah teu hoyong Kain binasa tina dosana, Allah mikahoyong supaya Kain tobat tina dosana, ngecagkeun jalan anu sesat sareng ngiring kana tungtunan Allah di jalan anu lempeng. Jalan kapastian nu parantos dipidamelNa, nyaéta jalan nu tiasa nganjantenkeun jalmi anu ngalanggar katangtuan Allah lepas tina murka sareng hukumanaNa. Urang tiasa ninggal yén Allah teras maparin kasempetan ka manusa pikeun ninggalkeun cara hirupna anu sesat tur balik ngiring ka Anjeunna.

Palawargi, kumaha sikepna Kain saparantos ditegor ku Allah? Kitab suci nyarioskeun: *"Geus kitu saur Kain ka Habil rayina, "Adi, hayu urang ka tegal." Ari geus araya di tegal, rayina ditarajang, dipergasa nepi ka maot."* Aneh pisan! Kain anu tadina nolak maparinkeun persembahan kurban getih sasatoan pikeun nebus dosana supaya kengin panghampura, ayeuna malahan maéhan ngocorkeun getih adina sorangan. Kain teu tobat, saha no tos mangaruhan pikiranana nepika bisa maéhan adina? Saha nu ku manehna didenge? Waleranana geus pasti Setan. Pangandika Gusti nyarioskeun Kain maéhan adina lantaran manehna kaeunteupan si jahat. Emut yén Allah parantos nyarioskeun sateacanna, yén bakal aya 2 golongan katurunan manusa di bumi ieu nyaéta katurunan Adam jeung katurunan Setan. Kain mangrupikeun katurunan Setan, sedengkeun Habil mah mangrupikeun kagungan Allah.

Sanggeus maéhan adina, Gusti naros ka Kain: *"Mariksa PANGERAN ka Kain, "Mana Habil adi maneh?" Ari walonna, "Duka! Na abdi teh kedah ngangasuh adi?" Dawuhan PANGERAN, "Na maneh teh jahat-jahat teuing? Getih adi maneh sasambat ka Kami di jero taneuh, semu menta dipangmaleskeun."*

*Maneh ayeuna katulah, hamo deui bisa ngolah taneuh. Sabab taneuh geus kaserepan ku getih adi maneh. Barang adi maneh dipaehan, taneuh teh lir nyalawakkeun sungut, geusan narima adi maneh. Ana maneh nyoba pulak-pelak, taneuh teh moal mere hasil. Maneh baris uprak-apruk, moal boga enggon nyiruruk."*

Kalintang abotna bebanna Kain, kana naon nu tos dilakukeunana. Tapi palawargi, Allah ngahukum Kain lain pikeun ngahancurkeun hirupna, tapi pikeun nungtun manehna supaya tobat tina dosa, tur percaya kana bebeneran Allah sareng disalametkeun. Tapi, naon nu dilakukeun ku Kain? Manehna indit ngajauhan Allah. Pangandika Gusti nyarioskeun: *"Los Kain mungkur ti payuneun PANGERAN, tuluy matuh di hiji tempat anu disebut Nod, anu hartina ngumbara, di wetaneun tanah Eden."* Palawargi, sanes Allah nu ngajauhan Kain, tapi Kain sorangan anu indit ngajauhan Allah.

Jaman ayeuna loba pisan jalma anu nurutan kalakuan siga Kain, tos teu paduli kana jalan anu bener nu tos ditangtoskeun ku Allah, tapi maranehna nutup haté terus lumaku dina kasesatan. Dina biwirna maranehna ngomong: *Allah akbar*, tapi dina haténa nganggap yén Allah téh jauh pisan. Salanjengna Pangandika Gusti nyarios: *"Allah teu pisan-pisan jauh ti urang, sabab Anjunna nu maparin napas hirup sareng nu lainna."* Allah téh deukeut kana jantung urang. Nabi Isa nyarios: *"Buuk sirah maneh gé ku Mantenna geus diitung."* Anjuenna kalintang caket sareng uninga ka urang, sareng Allah ogé miharep urang wanoh ka Anjeunna.

Sok sanaos mung sakedik manusa anu tiasa wanoh ka Allah, hal ieu sami sapertos anu tos dacarioskeun ku Pangandika Gusti: *"caang sajati, anu turun ka ieu dunya, nyaangan sakumna manusa. Pangandika lungsur ka dunya, tapi dunya teu nyahoeun ka Anjeunna, padahal dunya dijadikeunana ku Allah teh nya ku Pangandika."* Jalma jahat teu resepeun kana caang, tur teu daék datang kana caang éta supaya kalakuan maranehna teu kanyahoan. Ieu hartosna seueur jalma teu warawuh ka Allah, lantaran maranehna nukang-tonggong ka Allah sareng pangandikaNa. Dina Kitab Zabur, nabi Daud nyeratkeun: *"Pangandika Gusti téh lampu pikeun abdi, sinar caang nu nyaangan jalan abdi."* Sabab sami sapertos Allah miharep Kain tobat, dugi ka dangeut ayeuna Allah miharep sadaya jalma pikeun tobat, nyaéta percaya kana sabdaNa tur ninggalkeun cara hirup anu jahat tur sesat sareng uih deui kana jalan anu dipikahoyongNa.

Tobat tiasa digambarkeun sapertos kieu: nalika keur lempang ka arah Kulon, jalmi eta mutar balik awakna tur leumpang ka arah Wetan. Jadi leres-leres patukang-tonggong. Dina pertobatan aya dua tindakan anu kudu dilakukeun, nyaéta **kahiji**, tinggalkeun jalan anu salah tur **kadua**, sumping ka Gusti sareng kana pangandikaNa. Tapianyakalna, Kain teu pernah daék tobat manehna leuwih milih pikeun terus aya dina jalanna sorangan sarta nolak pikeun sumping ka Allah, ahir hirupna Kain dicarioskeun

sapertos kieu: *“Kain binasa dina jalan kasesatanana, nu ngajantenkeun Allah kudu nyerenkeun manehna kana poék nu pang poékna pikeun salalamina.”*

Palawargi, ulah nepikeun urang sapertos Kain, urang moal pernah jadi jalma bener dina socaNa Allah, soksanajan urang tos seueur ngalakukeun kahadéan. Seueur jalma nyangka maranehna bisa bisa lepas tina panghukuman Allah lantaran tos ngalakukeun sadaya parentah jeung aturan agamana, urang ulah ngarasa geus bener dipayuneun Allah. Margi dina seratan para nabi, kaserat: *“ Ku margi abdi pinuh ku dosa, kalakuan anu sae oge jadi awon saterasna. Ku karana eta dosa, abdi-abdi jadi sapertos daun, perang teras maruragan katebak ku angin.”*

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## **Jalan Kahirupan nu Sajati**

Pangajaran 12

**Nabi Idris/Hanok**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Palawargi, urang parantos diajar ngeunaan Kain sareng Habil anak Adam sareng Hawa. Kapercantenan sareng karelaan haténa pikeun ngalaksanakeun katangtuan Gusti, kabuktos nalika manehna mesihan persembahan kurban getih ka Allah. Persembahan sareng kurban Habil ieu ditampi ku Allah tapi samulihna kurbanna Kain mah ditolak. Kurbanna Kain téh mangrupikeun gambaran tina usaha manusa pikeun nyenengkeun Allah ku carana sorangan, manusa ngupayakeun supaya kening pangampunan Allah ku amal jeung kahadean, éta pamohalan pisan kajadian. Panghampura mung tiasa kajantenan saupamina aya kurban tina getih.

Ayeuna urang diajar pasal 4 sareng 5 tina Kitab Kajadian. Dina Pangandika Gusti nyarioskeun yén Adam sareng Hawa kagungan murangkalih lalaki sareng awewe. Teu terang sabaraha seueurna mah. Tapi, ti turunan Adam, Allah mung nunjukeun 2 garis katurunan: katurunan ti Kain sareng katurunan ti Seth, adikna Kain anu lahir salaku panggantina Habil anu dipaéhan ku menéhna.

Urang bade ninggal katurunan ti Kain, sami sapertos munding moal ngalahirkeun manuk béo, kitu ogé katurunan Kain, maranehna teu beda siga aki-ninina. Anak-incuna Kain ogé teu ningalikeun rasa hormat kana sabda Allah. Padahal maranehna ka asup jalma-jalma anu pinter, tapi hirupna teu raket ka Gusti, malahan maranehna teu wanoh ka Allah. Maranehna ngabangun pakotaan-pakotaan, ngadamel pakakas tina beusi jeung tambaga, pinter nyieun jeung maen suling sareng kacapi. Tapi hanya kal,

maranehna ngan muja-muja barang-barang dunya anu paéh, tina kapinteran maranehna téh teu ngajadikeun maranehna boga haté anu sumerah ka Allah. Malah aya incuna Kain, ti katurunan ka tujuh anu ngaranna Lamek, manehna téh tukang maéhan batur. Manehna téh reueus/bangga yén manehna leuwih jahat tibatan akina Kain, lantaran menehna bisa maéhan dua urang. Lamek nyaéta kaasup jelema nau mentingkeun dirina sorangan, beuki kana duit, tur resep kana kasenangan dunya.

Ayeuna urang ningal katurunan Adam anu asalna ti Set. Pangandika Gusti nyarioskeun: “*Adam jeung geureuhana kagungan putra deui. Saur geureuhana, "Allah maparin deui anak, gaganti Habil anu dipaehan ku Kain." Seug putrana teh dijenenganan Set.*” Set hartosna anu kapilih. Allah milih Set kanggo gegentosna Habil. Kunaon Set kedah ngagentos Habil? margi Allah parantos jangji bakal maparinkeun saurang nu bisa ngabebaskeun nu baris ngahancurkeun sirahna Setan sareng ngabebaskeun katurunan Adam tina perbudakan hawa napsu Setan. Pembebas ieu, sakedahna ti turunan Habil anu percaya ka Allah. Tapi Setan tos hasil mangaruhan Kain pikeun maéhan Habil. Ku ngarogahala kitu, Setan neangan cara pikeun ngahalangan Allah kanggo ngirimkeun saurang anu bisa ngabebaskeun téa ka dunya. Tangtosna Allah langkung pinter ti Setan, Allah maparinkeun Set ka Adam sareng Hawa, salaku gegentosna Habil supados rarancangna ngeunaan surang panubus téh tetep jalan.

Saksanaos Set dilahirkeun ka dunya nu parantos ruksak sareng parantos ngabarontak ka Allah, Set nyaéta jalmi anu leres-leres percaya ka Allah, sapertos Habil rakana milih jalan bebeneran. Set oge taat kana katangtosan Allah, tur maparinkeun persembahan getih ka Allah kanggo nyuhunkeun panghampurana. Set ngaageungkeun anak-anakna ku ngajar maranehna ngeunaan bebeneran Sabda Allah sareng kanggo taat ibadah ka Allah. Kumargi ngeunaan anak-anak Set Pangandika Gusti nyarioskeun: “*Set puputra Enos. Ti harita, jelema-jelema teh mimiti nyarebut jenengan PANGERAN upama nyarembah.*”

Dua katurunan ieu gambaran tina dua jenis golongan manusa nu aya di dunya ti jaman Adam nepika dangeut ayeuna. Dina pasal 5 Kitab Kajadian, nyaéta ngeunaan katurunan Set anu namina Henok. Henok nyaéta katurunan ka tujuh ti Adam. Sok sanaos dilahirkeun dina ka ayaan dunya anu tos ruksak, namung Henok mah tobat tina dosa-dosana, manco ka Gusti tur percaya kana jangji-jangjiNa yén saurang panebus Agung bakal sumping. Kulantaran iman sareng kapercayaanana éta, Allah merhetangkeun Henok salaku jalmi anu bener dipayuneunaNa, ngahapunten dosana, tur ngabersihkeun haténa. Waktu Hanok tobatna téh dina umur 65 taun, sareng Pangandika Gusti nyarioskeun: “*Henok sasarengan sareng Allah salami 300 taun.*”

Salersna mah kanggo tiasa hirup raket tur akrab sareng Gusti dina jamanna Henok téh harita teu gampang, sabab sami sareng jaman ayeuna jalma-jalma jaman Henok ogé leuwih resep neangan kasengan

dunya sareng dina hal anu teu uni/ teu bener. Jalmi sapertos Henok, anu hirup dina kasolehan tur geuleuh kana dosa, sering pisan dihina ku para tatanggana anu teu wanoh ka Allah. Tapi hal éta teu ngajantenkeun Henok robih tina kaputusanana pikeun lempang dina jalanna Pangeran. Kanggo Henok hirup rukun sareng Allah langkup penting batan tina hal anu lain. Allah milih Henok pikeun janten badegaNa sareng nabiNa dina jaman anu jahat waktu harita.

Salanjengna sapertos sadaya nabi anu datang saatos Henok, Henok ninggalkeun ka manusa dina jamanna ngeunaan jangji Allah yén bakal datang saurang panebus Agung anu bakal datang ka ieu dunya. Henok oge nyarioskeun yén panebus Agung éta bakal sumping deui dini hiji poé engké pikeun ngahukuman maranehna anu nolak pikeun tobat jeung percaya ka Anjeunna. Dangukeun cariosan Hneok ieu: *“ Tinggali Allah bakal sumping sareng mangrebu-rebu malaikatNa anu suci pikeun nghukuman sakabeh manusa. Allah bakal ngahukum jalma-jalma jahat lantaran kalakuan-kalakuan maranehna anu goreng. Tur Anjeunna baris ngahukum manusa anu dosa tur doraka lantaran cariosanana tos ngahina ka Mantenna.”*

Salamin 365 taun Henok hirup di dunya tur milih jalan anu bener nu tos ditangtoskeun ku Allah. Ulah kaget, dina jaman harita, manusa umurna paranjang pisan, tapi eta sanes hartosna teu maot. Maot jasmani kudu kaalaman ku sakabeh manusa lantaran akibat tina dosa Adam. Tapi palawargi aya hal anu matak ngaherankeun ngeunaan Henok ieu, manehna teu ngalaman maot. Pangandika Gusti nyarioskeun: *“Ti semet eta jumeneng keneh 300 taun, ibadah ruket jeung Allah, sarta kenging deui putra sababaraha urang. Yuswana nepi ka 365 taun. Sapanjang jumenengna raraketan jeung Allah, geus kitu gaib, karena dicandak ku Allah.”* Allah nu Maha Kawasa parantos ngangkat Henok langsung kasawarga, teu kantos ngalaman maot heula. Hal ieu tiasa kajantenan, margi Pangandika Gusti nyarioskeun: *“ Ku karena percaya, Hanok henteu kungsi maot heula, diangkat hirup-hirup ka Allah, taya nu manggihan deui lantaran ku Allah geus diangkat. Dicaritakeun dina Kitab Suci yen samemeh diangkat Hanok teh dipikaseneng ku Allah. Taya saurang-urang acan jelema anu dipikaseneng ku Allah teu karena kapercayaanana. Sabab saha-saha anu datang ka Allah kudu percaya yen Allah teh aya, kudu percaya yen Allah tangtu ngaganjar ka jelema anu neangan Mantenna.”*

Salami 300 taun, Henok nyenengkeun manahNa Allah, kumargi Henok percaya, nyaah sareng taat ka Allah. Allah ogé hoyong urang kagungan iman sapertos Henok supaya kaetang salaku jalmi anu bener, urang kedah terang yén Allah parantos ngéléhkeun kawasa maot. Palawargi, urang badé ngabandingkeun kahirupan dua jalma nyaéta Lamek sareng Henok. Lamek nyaéta katurunan ti Kain, sedengkeun Henok mah katurunan ti Set. Sok sanaos duanana sa katurunan ka tujuh ti Adam, sareng hirup

dina jaman anu sami, tapi cara hirup maranehna kacida benten pisan. Bentenna téh siga beurang jeung peuting. Lamék teu percaya ka Allah sareng pangandikaNa, tapi Henok percaya sareng taat kana pangandikaNa Allah. Lamék jalan lumaku sareng Setan dina kateunianana, tapi Henok lumaku sareng Allah dina kasucian. Lamék teu paduli kana jalan kasalametan nu tos ku Allah ditangtoskeun, tapi samulihna Henok ngahargaan kana kantangtosan sareng maparin keun persembahan kurban getih ka Allah supaya dosana katutupan. Lamék ngudag-ngudag duit, awéwé, kadaharan anu ngeunah, pakéan anu alus jeung kasenangan anu lainna, sedengkeun Henok ngudag kahirupan anu dalit sareng Allah nu nyiptakeun nu parantos maparin anjeuna napas kahirupan. Lamék maot dina dosana sarta asup ka naraka, tapi Henok diangkat ku Allah hirup-hirup pikeun linggih sasarengan sareng Allah di Firdaus surgaNa.

Sapertos saha ari hirup palawargi? Sapertos lamék atanapi sapertos Henok? Naha urang hirup ngudag iman sapertos Henok atawa siga Lamék? Pangandika Gusti nyarioskeun: “Pek mariksa maneh, nguji maneh, percaya keneh teu, Lamun masih, tangtu karasa di jero hate aranjeun.” Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.



## **Jalan Kahirupan nu Sajati**

Pangajaran 13

**Nabi Nuh**

KASABARAN SARENG MURKA ALLAH

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Saupamina urang ningal deui kana Pangandika Gusti, janten tos lumayan tebih urang diajar yén waktu Allah nyiptakeun dunya, sadayana dina kaayaan sampurna. Tapi nalika karuhun urang Adam teu taat ka Allah, akibatna kajahatan asup ka alam dunya tur dosa nepa ka sadaya manusa. Urang parantos diajar ngeunaan dua golongan manusa anu asalna ti Adam, nyaéta anak incu ti Kain sareng Set. Anak incu ti Kain nyaéta golongan manusa anu teu percaya ka Allah, sedengkeun anak incu ti Set mah golongan manusa anu percaya ka Allah sareng sabdaNa.

Salahsahiji katurunan Set aya nu namina Henok. Henok nyaéta jalmi anu hirup dalit sareng Allah dina kasucian, sok sanajan waktos harita seueur jalma hirupna loba anu nurut ka Setan tur ngalakukeun kajahatan. Dinten ayeuna urang badé diajar ngeunaan nabi Nuh, incuna ti Henok. Urang parantos dipasihkeun terang yén umur manusa waktu harita bisa ratusan taun. Jalmi anu paling kolot umurna nyaéta nu namina Metusalah, manehna umurna 969 taun nalika manehna maot. Metusalah téh bapana Lamek, sareng lamek téh bapana Nuh. Lamek bapakna Nuh ieu téh, sanes Lamek incuna Kain anu maéhan dua orang sapertos anu tos dicaritakeunana. Nuh, mangrupikeun turunan ka 10 ti Adam. Anak Nuh aya 3 jalmi, waktu manehna umur 500 taun. Nami-nami anakna Nuh téh nyaéta Sem, Ham, sareng Yafet.

Diajar kahirupan Nuh, aya gunana pikeun urang lantaran kahirupan dina jaman Nuh, teu jauh beda jeung kahirupan jaman ayeuna. Tangtosna sanes dina hal teknologi, tapi dina hal kumaha manusa ninggal hal-hal rohani tur suci. Lantaran di jaman Nuh, dunya téh pinuh ku dosa. Pangandika Gusti nyarioskeun: *“Ana PANGERAN uninga yen tiap manusa di dunya geus sakitu jarahatna, sarta pipikiranana salawasna pohara kalotorna.”* Haté katurunan Adam dipinuhan ngan ku pikiran anu jahat, kasarakan, tipudaya, cabul, sirik, pitnah, kasombongan, garelut, paraséa, jinah, maok jeung maéhan. Seueur jalma nu ngaku boga agama, tapi sabenerna ibadah maranehna ngan ukur keur hayang kapuji ku batur. Malahan kasenangan dunya ieu anu dijadikeun allah ku maranehna.

Kitab Kajadian pasal anu ka 6: *“Ngandika PANGERAN, “Jelema-jelema teh ku Kami moal sina hirup sapapanjangna. Kabahanana sipat pipaeheun. Ti semet ayeuna umurna moal sina leuwih ti 120 taun. Ana PANGERAN uninga yen tiap manusa di dunya geus sakitu jarahatna, sarta pipikiranana salawasna pohara kalotorna, Mantenna ngaraos hanjakal geus ngadamel sarta merenahkeun maranehna di bumi. Ku hanjakal-hanjakalna, Mantenna ngalahir kieu, “Eta umat ciptaan Kami teh mending dibasmi ku Kami, kitu deui sasatoan jeung manuk. Kami hanjakal geus nyieun maranehanana.”*

Lantaran manusa kacida jahatna, Allah mutuskeun pikeun ngahancurkeun turunan Adam nyaéta rék ngamusnakeun maranehna ti ieu dunya. Pikeun ngamusnakeun manusa, Allah nu pinuh ku sihkurnia sabar salami 120 taun maparin kasempetan ka manusa di jaman Nuh pikeun tarobat, supaya maranehna teu dibinasakeun. Pangajaran ngeunaan sipat-sipat Allah tina batas waktu 120 taun anu dipaparinkeun ka manusa dina jaman Nuh. Nyaéta: Allah kalintang sabar ka manusa, tapi kasabaranana tangtos aya watesanana. Saupamina urang tiasa ningali yén Allah parantos ngararancang pikeun sabar ka jalma anu dosa dina batas waktu anu tos ditangtukeun.

---

Pangandika Gusti nyarios: *“ Allah sama sakali moal ngalila-lali pikeun ngahukumanan saperti anu disangka ku manusa, tapi sabenerna mah Anjeunna nuju nyabaran ka maranehna nu tos narangtang, sabab Allah teu hoyong maranehna maot asup ka naraka, tapi sabalikna supaya maranehna tarobat tur disalametkeun.”* Sok sanaon poé panghukuman nu pikasieuneun bakal datang, tur datangna ngadadak. Dina kitab Zabur diseratkeun: *“Allah teh Hakim nu adil, anu salawasna ngahukum jelema jahat.”* Dina Pangandika Gusti Injil kaserat: *“ Allah ti sawarga nembongkeun bendu-Na kana sakabeh dosa jeung kajahatan manusa, sabab kajahatanana teh ngahalangan maranehna pikeun nyaho ka nu bener.”* Allah bakal ngahukuman maranehna sareng panghukumanana téh bener, Allah baris ngaganjar ka satiap jalma saluyu sareng naon anu tos dilakukeunana.

---

Hiji jalma anu masih keneh nyaah ka Allah sapinuh haté, sareng percaya kana sabdana Allah nyaéta Nuh. Pangandika Gusti nyarioskeun ngeunaan anjeuna sapertos kieu: *“Tapi ari ka Enoch mah PANGERAN misuka.”* Nuh teu midamel salah, sareng mung anjeuna hiji-hijina jalmi nu teu milampah dosa diantara jalma-jalma sajamana, sabab Nuh lumaku sareng Allah. Kunaon Allah mintonkeun kaasihNa ka Nuh? Naha Nuh seueur ngalakukeun kahadéan? Sanes, lantaran Nuh percaya ka Allah, sedengkeun jalmi anu lain henteu. Nuh percaya kana SabdaNA Allah, hal ieu anu penting sareng peryogi ku urang diemut. Nuh percaya kana jangji Allah yén bakal ngirimkeun panebus Agung nu baris sumping ka alam dunya pikeun ngabebaskeun jalmi-jalmi anu doraka.

Sami sapertos sadaya katurunan Adam nu lain, Nuh ogé pernah ngalakukeun kasalahan, tur ngajantenkeun Allah bendu.., tapi lantaran Nuh percaya tur maparinkeun persembahan kurban getih ka Allah salaku buktos kasadaranana supaya dosana dihampura, sami sapertos anu ku Allah tos diparentahkeun, Allah ninggal Nuh salaku jalmi anu bener dipayuneunana. Kumargi kitu Pangandika Gusti nuliskeun yén: *“Nuh teu ngalakukeun kasalahan, sareng Nuh téh hiji-hijina jalmi anu teu ngalakukeun dosa dina jamanna.”*

Hiji waktu Allah cumarios ka nabi Nuh: *“ Ngandika Allah ka Enoch, “Kami geus nyieun putusan, jelema teh kabeh rek dianggeuskeun umurna. Rek ditumpes sama sakali, sabab dunya teh geus dedet ku kalakuan maranehanana anu telenges. Maneh kudu nyieun kapal tina kai kibeusi, kamar-kamarkeun, lampudan luar jerona ku ter. Ukuran panjangna eta kapal 133 meter, rubakna 22 meter, luhurna 13 meter. Kudu make hateup, jeung sisi-sisina bere antara 44 sentimeter. Jieun tilu umpakan, sisina pantoan. Ieu bumi ku Kami arek dibasmi ku caah. Sakur mahluk anu kumelip arek ditumpes. Tapi ka maneh mah Kami seja mere jangji. Maneh saanak pamajikan jeung minantu-minantu, kudu asup ka eta kapal. Bawa deuih saban rupa golongan sasatoan, masing-masing hiji jaluna, hiji bikangna; kitu keneh manuk, supaya karaksa.”*

Pesen Allah ka manusa dina jaman Nuh nyaéta sing saha waé nu hayang lolos tina panghukuman Allah anu dina wujud caah, kudu asup ngalangkungan panto nu ngan hiji-hijina éta. Saha waé nu ngalangkungan panto éta pasti disalametkeun. Sabalikna, saha waé anu teu daék asup ngalangkungan éta panto, pasti bakal binasa. Nuh ngawitan ngabangun kapal, éta mangrupikeun tugas anu ageung tur berat. Tukang parahu tradisional pinisi (derah Bone/Buton, Sulsel) terang pisan hal ieu téh. Ngawitan ti nuaran tatangkalan anu bararadag, nyieun papan tina kai-kai eta, ngaratakeun kai jeung makuan teras kudu

dilapisan ter tiluarna jeung jerona. Tos pasti istri sareng anak-anakna Nuh marilu mantuan ngawangun éta kapal. Salami 120 taun maranehna ngabangun kapal éta.

Salami 120 taun éta ogé, Nuh teu mung muserkeun kana pangwangunan kapal, nalika ngawangun kapal sareng istri tur anak-anakna, Nuh ogé ngadugikeun pesen Allah ka jalma-jalma nu hirup dina jamanna. cariosanana Nuh téh: Denge! Allah miwarang kuring keur ngelingan maraneh sakabeh kana amarahNa! Amarahna Allah tos muncak lantaran dosa-dosa maraneh. Allah tos mutuskeun rék ngadatangkeun Caah ka bumi ieu pikeun ngabinasakeun sakur jalma anu nolak rek tobat. Tapi kuring ogé rek méré nyaho ka maraneh, bewara anu hadé. Allah dina kaasihNa tos ngutus kuring pikeun ngawangun kapal nu baris jadi tempat panyalindungan pikeun sakur jalma anu daék tobat tina dosa-dosana sareng nundukeun diri kana sabda Allah. Saha waé nu asup ka jero kapal bakal lepas tina kabinasaan.

Kumaha repon jalma-jalma anu ngadéngé omongan ti nabi Nuh? Naha maranehna percaya tur daék tarobat? Urang badé neraskeun deui carita ieu dina waktos nu bakal datang. Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 14

**Nabi Nuh**

NABI NUH SARENG CAAH

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Tepangan kapengker ngeunaan kacida ruksak sareng jahatna kahirupan manusa dina jaman nabi Nuh, tapi nabi Nuh milih jalan anu saluyu sareng pangersa Allah. Nuh ku hirupna anu soleh, tiasa ngarasakeun kacida sedihna manahna Allah kulantaran kajahatan manusa. Pangandika Gusti nyarios: "*Kami geus nyieun putusan, jelema teh kabeh rek dianggeuskeun umurna. Rek ditumpes sama sakali, sabab dunya teh geus dedet ku kalakuan maranehanana anu telenges.*" Lantaran katelengesan jeung kajahatan manusa, Allah rék ngabinasakeun ti ieu dunya. Allah nyaah ka Nuh, Anjeunna cumarios ka Nuh: "*Ngandika Allah ka Enoch, "Kami geus nyieun putusan, jelema teh kabeh rek dianggeuskeun umurna. Rek ditumpes sama sakali, sabab dunya teh geus dedet ku kalakuan maranehanana anu telenges. Maneh kudu nyieun kapal tina kai kibeusi, kamar-kamarkeun, lampudan luar jerona ku ter."*

Kapal anu didamel ku Nuh téh gedé pisan, langkung panjang ti lapangan sepakbola. Tos pasti pikeun ngabangunna dibutuhkeun waktu anu lami. Numutkeun palawargi sabaraha lami? Sataun? Dua taun? Teu, lami pisan salami 100 taun. Nuh, istri sareng anak-anakna gawé satakerna pikeun ngawangun kapal. Sambil barang gawé Nuh ogé teras ngabejaan para tatangganya, yén maranehna kudu tarobat tina dosa jeung kajahatan. Lamun henteu, maranehna pasti bakal maot ku caah nu bakal dikirim ku Allah. Naha jalma-jalma téh daékeun ngadengé kana cariosan Nuh? Naha percaya yén Allah bakal ngahukum maranehna lamun teu tarobat? Ti mangrebu-rebu turunan Adam waktu harita, sabaraha percaya kana cariosan Nuh? Sabaraha seueur anu lalebet kana kapal? Mung dalapan jalmi anu salamet. Tina mangrebu-rebu katurunan Adam, mung dalapan jalmi anu boga iman, nyaéta diantarana: Nuh sareng istrina, tilu anak lalaki anu ngarana Sem, Ham, jeung Yapet katut istri-istrina.

Pasal 6 Kitab Kajadian urang tiasa ngaos diditu katulis: *“Eta timbalan Allah ku Nuh dijalankeun.”* Kapal ayeuna parantos siap. Mung hiji anu kedah dilakukeun ku Nuh sareng kulawargana nyaéta: maranehna kedah lebet kana kapal. Nuh masih neangan cara pikeun ngayakinkeun jalmi-jalmi ngeunaan hukuman Allah nu pasti bakal kajadian: Dengekeun sabda Allah! Geura tarobat jeung percaya kana sabdaNa. Caah sakeudeung deui datang! Geura arasup kana kapal salila masih keneh aya waktu. Pantona masih keneh muka, sing saha waé nu asup kana kapal pasti salamet. Tapi lamun maneh narolak pikeun asup, kumaha aranjeun bisa lepas tina hukuman Allah éta?

Pasal anu 7 dina Kitab Kajadian. Kieu caritana, ahirna datang poé dimana Allah miwarang Nuh sareng sadaya kulawargana pikeun asup ka jero kapal. Naha kapal anu sakitu gedéna téh ngan ukur di eusian ku 8 urang? Teu, Allah miwarang Nuh ngadamel kapal anu gedé téh supaya mahluk lain tiasa luput tina caah, nyaéta sagala jinis sasatoan, boh anu sukuan, nu ngarayap jeung sagala jinis manuk. Ti sakurilingeun dunya datang sagala jenis sasatoan datang nyaéta: tujuh pasang ti satiap jinis sasatoan anu halal; dua pasang ti satiap sasatoan anu haram, sareng tujuh pasang ti satiap jinis manuk. Allah nyarios ka Nuh yén hujan rek turun tujuh dinten lamina, Nuh sareng kulawargana katut sasatoan tos arasup kana kapal, sama sakali can aya tanda-tanda rék turun hujan. Langit lenglang caang, angin masih ngagelebug. Saparantos Nuh sareng kulawargana lebet kana kapal, naon anu dilakukeun ku Allah? Pangdika Gusti nyarios: *“sakumaha anu ditimbalkeun ku Allah. Geus kitu panto kapal teh ditutup ku PANGERAN.”*

Nuh jalmi anu kacida percaya ka Allah, kirang langkung saminggu deui nembé badé hujan, tapi Nuh sareng kulawargana atos ku Allah diparentahkeun asup ka jéro kapal. Maranehna teu bisa kaluar asup, margi Allah parantos nutup panto kapal éta ti luar. Hartosna, anu ti jéro teu tiasa kaluar, anu ti luar teu tiasa asup kajéro. Panginten aya jalma-jalma anu diluar aya nu boga pamikiran: “ abdi oge percaya ka Allah, tapi kuring moal asup kana kapal éta, kuring teu bisa narima kana naon nu tos ku Nuh diomongkeun.” Pikeun jalma-jalma nu saperti kitu, rek disebutna naon ku urang? Nu tiasa disebut ku urang nyaéta maranehna teu leres-leres percayana ka Allah téh, lantaran maranehna teu percaya kana naon anu diucapankeun ku nabi Allah. Maranehna ngan dina biwirna hungkul hormat ka Allahna téh, tapi haté maranehna jauh ti Allah.

---

Salajengna, Allah ngalakukeun naon nu tos dicarioskeunana sagala cai liang dihandapeun bumi, sareng sagala panto cai nu dilangit, ngaluarkeun sagala eusina. Langit ngawitan angkeub, angin ngagelebug tarik. Mega hideung pacampur jeung kilat, guludug jeung gempa. Tangtuna wae hal éta ngajadikeun anak-anak katurunan Adam sarieuneun pisan. Hujan gedé tos ragragan, liang-liang cai kaluar, laut jeung susukan-susukan geus ngaléntab, hal ieu kabéh nglantarankeun caah. Golontorna cai nyerang kasaban kota jeung desa di saalam dunya teu aya nu kaliwat. Maranehna anu teu kabawa palid ku cai, neangan tempat ka pasir-pasir anu laluhur. Ngadoa, ceurik, nakolan panto, sareng sadar kana bebeneran sabda Allah tos teu tiasa ngarobah putusan Allah. Nalika Allah parantos nutupan panto, teu aya saurang ogé anu tiasa mukakeunana deui.

Salami 40 poé 40 peuting hujan turun terus-terusan dugi ka ngakibatkeun caah, cai-caina nepi kana puncak-puncak gunung nu paling luhur oge katutupan, kapalna Nuh ngumpul nepi ka ngambang. Caina terus naék nepikeun kaluhuranana tujuh puluh meter tina puncak-puncak gunung. Allah ngabinasakeun sagala mahluknu aya dibumi ieu:

manusa, manuk tur sagala jenis sasatoan darat, boh nu leutik atawa nu gedé. Nu teu binasa téh ngan Nuh sareng sadaya nu aya sasarengan sareng anjeunna dina jéro kapal éta. Cai téh teu saat-saat salami 150 dinten. Allah leres-leres ngirim caah pikeun ngahukum manusa anu teu daraék tobat.

Dina tepangan anu salajengna, urang ningal kumaha kahirupan maranehna di jéro kapal. Allah hoyong ngajarkeun ka urang hal anu peenting, nyaéta: Allah parantos nangtoskeun yén bakal aya poé panghukuman nu sanes, dinten dimana sakali deui Allah bakal ngahukum sadaya manusa nu aya didunya. Poé éta disebutna poé kiamat, poé kajadianana bakal leuwih pikasieuneun dibandingkeun jeung panghukuman nu datang ka manusa dina jaman Nuh.

Pangandika Gusti nyeratkeun: *“Kaula nenjo oge jelema-jelema anu geus paraeh, gede leutik, narangtung hareupeun eta tahta. Kitab-kitab dibaruka, jeung aya deui hiji kitab sejen meunang muka, nya eta kitab catetan nu harirup. Eta jelema-jelema diputus hukumanana, luyu jeung kalakuanana masing-masing sakumaha anu dicatet dina kitab-kitab tea. Laut nyerenkeun jelema-jelema paraeh anu aya dina genggemanana. Maot jeung alam maot nyerenkeun jelema-jelema paraeh anu aya dina genggemanana. Kabeh diputus hukumanana satimpal jeung kalakuanana. Geus kitu Maot jeung alam maot digebuskeun ka lautan seuneu. (Ieu lautan seuneu teh nya eta paeh kadua.) Jelema-jelema anu ngaranna henteu aya dina kitab anu harirup, digebus-gebuskeun ka eta lautan seuneu.”*

Palawargi, yakin namina tos kacatet dina buku kahirupan? Palawargi, percanten kana panto kasalamatan nu tos dibukakeun ku Allah? Pangandika Gusti nyarios: *“Dulur-dulur! Nya ayeuna wancina pikeun narima eta sih kurnia Allah teh. Nya ayeuna poena pikeun disalametkeun teh!”* Salajengna, Pangandika Gusti nyarios: *“poé kiamat datangna bakal siga bangsat dina waktu wanci peuting. Waktu ceuk jalma-jalma, “Kaayaan tenang, aman,” kacilakaan ujug-ujug datang narajang ka maranehna! Datangna bakal ngadadak kawas kusialna kanyeri awewe nu rek ngajuru.”* Naha palawargi tos terang kana jalan/panto nu disadiakeun ku Allah? Dangukeun cariosan ti panebus Agung nu dikirim Allah ka dunya ieu. Kieu cariosanana: *“Nya Kami lawangna. Anu asupna ti Kami tangtu salamet, Kaula ngomong saenyana: Sing saha anu ngaregepkeun omongan Kaula jeung percaya ka anu ngutus Kaula, tinangtu hirup langgeng, moal dihukum, malah ucul tina paeh sarta asup kana hirup.”* Cing saha ieu panebus Agung téh?

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 15

### Nabi Nuh

#### NABI NUH SARENG KASATIAAN ALLAH

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Dina pasal 6 Kitab Kajadian, Pangandika Gusti nyarioskeun ka urang ngeunaan asal-usul nabu Nuh, yén anjeunna téh katurunan nabi Adam, anu percaya tur tunduk kana sabda jeung katangtuan Allah. Dina jaman nabu Nuh hirup, dunya téh pinuh ku kajahatan, hirup manusa tos kacida bejad pisan dugikeun ka Allah mutuskeun pikeun ngabinasakeun sadaya manusa nu hirup di dunya ieu ku ngirimkeun caah. Langit anu caang robah langsung jadi poék, kilat, guludug jeung lini kajadian. Hujan gedé turun, teu eureun-eureun burang-peuting salami 40 poé 40 peuting, liang-liang cai maruka dugika nutupan puncak-puncak gunung, parahu Nuh ngangkat nepika ngambang diluhureun éta cai.

Naon anu kajantenan sareng maranehna nu aya dina jéro kapal? Naha Allah ngahilapkeun maranehanana? Tangtosna henteu. Allah anu maparin kadaharan pikeun bangsa manuk teu ngahilapkeun maranehanana. Kieu pangandikaNa: *“ Allah teu lalieun ka Enoch jeung ka sasatoan anu di kapal. Seug Mantenna ngagerakkeun angin niup cai. Cai mimiti rodrodan surud. Sungapan-sungapan di jero taneuh, kitu keneh lawang-lawang hujan di langit ngalalengkup deui. Hujan raat, cai beuki lila beuki surud di jero saratus lima puluh poe. Dina tanggal tujuh belas bulan nu katujuh, kapal teh nyangsang di hiji puncak jajaran Gunung Ararat.”*



Salami sataun langkung saminggu Nuh sareng kulawargana babarengan jeung sasatoan ngambang dina kapalna téh. Tiharita nembé caina ngawitan saat dugi ka ahirna kapal teh nyangsang di hiji puncak jajaran gunung Ararat. Sadaya hal ieu tiasa kajantenan kumargi kasawana Allah. Salajengna Allah nyarios ka Nuh, : *“Geura kaluar ti kapal saanak pamajikan jeung minantu.”* Nuh ogé kaluar tina kapal éta, sasarengan jeung kulawargana tur sasatoan nu bareng sareng anjeunna. Saparantos maranehna aya dina taneuh anu garing, teras Nuh ngadamel altar haturan PANGERAN, tuluy ngurbankeun sasatoan jeung manuk anu halal, sasiki-sasiki ti tiap golongan, diduruk dina éta altar.

Emut yén nalika Nuh nembe kaluar tina jéro kapal, nu ngawitan ku anjeunna dilakukeun nyaéta maparinkeun kurban getih tina sasatoan anu halal. Sasatoan éta téh dibeuleum dina altar. Sok sanajan caah gedé tos neuleumkeun sadaya manusa anu daroraka ti ieu dunya, tapi éta sanes hartosna akarna dosa tos sirna kabawa ku caah. Akar dosa dina haté turunan Adam masih keneh aya. Éta sababna, kunaon Nuh sareng kulawargana tetep maparinkeun kurban pikeun kengingkeun pangampunan dosa ti Allah. Meuncit kurban téh nyaéta gambaran atawa siloka ti panebus Agung nu baris sumping nu baris ngéléhkeun Setan jeung dosa. Kurban anu bakal dilakukeun ku panebus Agung ieu mah dilakukeunana sakali pikeun salalamina, tur pikeun sadaya manusa. Kurban nu dalakukeun ku Nuh nyaéta pikeun nunjukeun ka anak incuna yén hukum Allah teu pernah robah, nyaéta: *“Hukuman pikeun nu ngalkukeun dosa téh maot”* sareng *“tanpa kurban getih moal aya panghampura pikuen dosa”*

Pangandika Gusti nyarios: *“Allah ngaberkahan ka Enoch jeung putra-putrana. Lahirana-Na, “Sing laloba anak, sangkan turunan maraneh ngeusian sakuliah jagat. “Kami ayeuna arek nyieun perjangjian ka maneh saturun-tumurun...Kami jangji, moal deui-deui sakabeh mahluk anu nyawaan ku Kami dibasmi ku caah; moal aya deui caah gede anu ngaruksak jagat. Pikeun tanda eta perjangjian Kami anu langgeng ka maraneh jeung ka sakabeh mahluk anu nyawaan, Kami baris masang katumbiri dina mega. Eta tandana perjangjian Kami ka alam dunya. Samangsa-mangsa Kami ngalaput langit ku mega tuluy timbul katumbiri, tanda Kami eling kana jangji ka maraneh jeung ka sasatoan, yen hamo deui caah ngabasmi sakabeh mahluk anu nyawaan. Samangsa-mangsa dina mega tembong katumbiri, tangtu tembong ka Kami, sarta Kami tangtu inget kana jangji Kami anu langgeng, antara Kami jeung sakabeh mahluk anu kumelip di jagat. Kitu tandana perjangjian Kami ka sakabeh mahluk hirup di bumi.”*

Ayat diluhur hartosna perjangjian abadi nyaéta hiji jangji anu istimewa antara Allah sareng manusa. Allah teras miara perjangjianaNa. Allah ngadamel hiji perjangjian antara diriNa sareng Nuh tur katurunanana: *“Kami jangji, moal deui-deui sakabeh mahluk anu nyawaan ku Kami dibasmi ku caah.”* Allah negeskeun jangjina ku nempatkeun katumbiri di langit.

Palawargi, katumbiri tanda anu nunjukeun ka urang salaku kasatiaan Allah, jangji moal deui-deui ngahancurkeun dunya tur ngabinasakeun sakabeh mahluk ku caah. Nuh masih keneh hirup 350 taun saparantos kajadian éta, anjeunna tos kacida sepuh pisan waktos anjeunna lebet ka Firdaus sareng linggih diditu sasarengan sareng Allah. Ringkesan Nuh ieu ku dua patarosan. *Kahiji*, naon anu ngajantenkeun Nuh huripna beda jeung jalma-jalma dina jamanna? *Kadua*, Naon anu dipidamel ku Nuh dugika nampi kamirahan Allah? Nuh nundukeun diri kana sabdanna Allah. Ku kapercayaanana Nuh ngahukum dunya tur ngajadi ahli waris tina bebeneran Allah.

Palawargi, anu ku Nuh dipidamel dugika tiasa nyenengkeun manahna Allah? *Kahiji*, Imanna. Nuh percaya ka Allah sareng anjeunna tunduk kana pangandika Allah. Nuh kagungan kapercayaan anu ageung ka Allah sareng sabdanna, sok sanajan jalma-jalma anu hirup sajaman jeung manehna patukang tongong jeung katangtuan-katangtuan Allah. Palawargi sadayana, anu ngadangukeun siaran ieu, naha palawargi leres-leres percaya kana naon anu tos Allah carioskeun? Mangrupikeun karinduan Allah yén satiap urang percaya kana sabdanna saperti Nuh. *Kadua*, aya hal anu langkung penting nu langkung tina imanna Nuh naon éta? Kasatianana ka Allah. Kunaon kasatiaan Nuh ka Allah langkung penting batan imanna? Lantaran lamun Allah teu satia miara perjajjian langgeng sareng jangji-jangji lain anu dipidamelna, iman Nuh ka Allah pamohalan ngahsilkeun nanaon. Urang terang naon hartina percaya ka jalma anu teu bisa dicepeng omonganana/ jangjina. Ngan kakuciwaan anu baris kaatarimana. Kakuciwaan urang lantaran urang percaya ka jelema anu teu satia. Tapi Allah mah teu sapertos kitu. Pangandika Gusti nyarioskeun: *"Sanajan urang teu satia, Allah mah tetep satia."* Ayat nu sanesna ogé nyarioskeun: *"Urang mah, hirup urang lir ibarat jukut, sirungan jeung ngagedean kawas kembang tegalan, les bae euweuh, katiup ku angin, moal katenjo-tenjo deui. Tapi ka sakur nu hormat ka PANGERAN mah asih-na teh langgeng."*

Palawargi, Allah baris ngalakukeun naon nu tos dijangjikeunana. Pangandika Gusti nyarioskeun: *"Sakur anu percaya ka Anjeunna moal kaduhung."* Dina carios nabi Nuh, sacara jelas urang tiasa ningal, yén Allah ngalakukeun naon waé nu tos dijangjikeunana. Urang kagungan jangji Allah. Urang parantos ningal waktu Nuh maparinkeun persembahan kurban getih tina sasatoan, ka manah ku Allah dugika ngahapunten dosana. Lantaran Nuh ngalakukeun naon anu dparentahkeun ku Allah. Urang ogé parantos diajar, yén Allah nempatkeun katumbiri dilangit supaya Nuh katut sakabeh manusa teu mopohokeun kana kasatian Allah.

Palawargi sadayana, saupamina palawargi hilap kana naon nu tos dicarioskeun dina dinten ieu, tapi teu kenging ngahilapkeun hal ieu nyaéta: Allah téh satia. Anjeunna teu tiasa narik deui jangjina, Anjeunna bakal ngalakukeun naon nu tos dijangjikeunana, sok sanaos katingalna telat ngalakukeunana.

Ku sabab kitu hayu urang percaya tur nampi sabdaNa sacara rendah haté. Hayu urang hirup saperti nabi Nuh, nu percaya kana sabda Allah sok sanajan jalma disakurilingeunana teu daék percaya. Lantaran katepercayaanana maranehna ngalaman binasa.

Dina tepangan salajengna, urang bade ninggal naon nu kajantenan ka turunan Nuh sareng urang diajar kunaon loba pisan bahasa di ieu dunya. Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan nu Sajati

Pangajaran 16

### Munara Babul

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Dina tepangan kalangkung salami 100 taun Allah masihan kasempetan pikeun tarobat, nyaéta salami Nuh ngabangun kapal nu bakal jadi tempat panyalindungan pikeun maranehna anu percaya kana sabda Allah nalika caah kajadian. Allah ngabinasakeun sadaya jalma, malah sadaya mahluk hirup, nu teu asup kana kapal. Dina cariosan urang ngeunaan Nuh, urang parantos dipasihkeun terang yén Nuh kagungan tilu murangkalih lalaki: Sem, Ham, sareng Yapet. Pangandika Gusti nunjukeun ka urang yén ti tilu urang ieu sadaya jalma didunya asalna. Sem nyaéta aki-nini ti urang-urang Yahusi sareng Arab. Seuseurna pangeusi Afrika sareng Cina katingalna mah asalna ti katurunan Ham. Sedengkeun urang-urang Eropa nyaéta katurunan Yapet. Sadaya jalmi nu aya di bumi ieu asalna ti tilu murangkalih Nuh. Palawargi, abdi .... Urang negro, urang Cina, sadaya suku di Indonesia, urang sadayana asalna karuhun nu sami nyaéta Nuh.

Allah ngaberkahan Nuh sareng anak-anakna, oge ngandika ka maranehna: "*Sing laloba anak, sangkan turunan maraneh ngeusian sakuliah jagat.*" Ku pitulung sareng berkahna Allah, Nuh sareng anak-anakna ngabarangun imah tur ngawitan kahirupan anu anyar. Lantaran maranehna taat ka Allah, enggal pisan kulawarga eta nyeueuranana téh. Dina jaman harita, manusa masih umurna paranjang tur ngagaduhan seueur anak katut incu. Langkung seueur tina jaman ayeuna. Jadi saatos sababaraha ratus taun tos aya rebuan manusa deui. Tapi aya hal anu kedah diemut ku urang, yén ti awalna kénéh manusa téh tos katularan ku dosa, tur hilap kana kajadian caah panghukuman ti Allah téa.

Manusa ngawitan deui ngamomorékeun Allah atanapi teu taat kana hukum-hukumna. Maranehna balik deui kana kabiasaan anu ngajadikeun dosa, maranehna teu saperti Set, Henok atawa Nuh. Saatos

sababaraha ratus taun manusa ngawitan lali/hilap pikeun ngucapkeun nuhun ka Gusti nu tos maparin maranehna napas jeung kahirupan, cahaya panonpoé, hujan jeung tuangeun. Salajengna katumbiri nu ku Allah disimpen di langit salaku tanda jangji lantaran kanyaah tur kasatiaanaNa, tos teu aya deui anu arapal naon hartosna. Pangandika Gusti nyarioskeun: *“Maranehna nyarahoeun ka Allah, tapi ka Mantenna henteu ngahormat sakumaha ka Allah, jeung tara nganuhunkeun ka Mantenna. Malah sabalikna, anu dipalikiranana teh perkara anu tanpa guna, pikiranana anu kosong jadi poek.”* Manusa nganggap dirina bijaksana, padahan sabenerna maranehna barodo. Sanes anu nyiptakeun anu dipuji-puji jeung disembahna téh tapi ciptaanana.

Kira-kira 500 taun saatos caah éta, ada hiji tukang moro anu kacida kawentar, manehna ogé kawentar tukang ngabangun kota-kota. Jalma ieu téh katurunan anak Nuh nu namina Ham. Ngaran jalma ieu téh Nimrod, nu hartina ngabarontak. Jalma ieu téh kacida pinterna, hanyakal teu wanoh ka Allah. Manehna leuwih resep ngilu kana jalan Setan tibadan ngilu kana jalan Allah. Sami sapertos jalan anu tos dipilih ku Kain jeung ku seuseueurna jalma dina jaman Nuh. Nimrod tos ngawangun sababaraha kota, tur ngarencanakeun rek ngawangun kota anu kacida gedé pisan. Tujuanana supaya di kota éta hirup sakabeh umat manusa hirup babarengan jadi hiji nagara.

Kitab Kajadian pasal 11, Alkitab nyarioskeun: *“Sanggeus ngaprak ka tebeh wetan, maranehna narepi ka hiji wewengkon di Babilonia, seug maratuh di dinya. Geus kitu maranehanana silih ajak pada batur, pokna, “Anggur urang nyieunan bata, urang beuleum sing alus.” Terusna bata geus loba keur nyieun adegan, ter keur pamageuhna nya kitu keneh. Terus ceuk maranehna, “Ayeuna urang nyieun nagara. Urang make munara anu puncakna nepi ka langit, sangkan urang kamashur jeung supaya ulah papencar ka mana-mendi.”*

Kunaon maranehna hayang ngabangun munara anu puncakna nepi ka langit? Lantaran maranehna harayang kawentar di dunya ieu. Maranehna ngarencanakeun ngumpulkeun kabeh manusa di dunya di hiji tempat, supaya maranehna bisa ngahiji jadi kuat jeung teu papencar kamana-mendi. Marehna nyangka yén dirina jauh leuwih pinter tibatan Allah. Saperti Setan, haté maranehna dipinuhan ku kasombongan jeung ngabarontak ka Allah. Tapi Pangandika Gusti nyarios: *“Anu ngaluhurkeun maneh tangtu dikahandapkeun, sabalikna anu ngahandapkeun maneh bakal dikaluhurkeun.”* Ngaluhurkeun maneh atawa hayang kawentar (terkenal) pikeun dirina sorangan di payuneun Allah mah éta téh dosa.

Jaman Nimrod, ampir kabeh katurunan Adam teu boga rasa hormat ka Allah, teu daék ngadéngékeun saha waé. Maranehna téh nyaéta jalma-jalma anu ngabogaan roh ngabarontak jeung hayang kabebasan. Dugi ka ayeuna, sikep jeung roh nu sarua masih tetep aya dina jéro haténa katurunan

Adam. Kalebet budak leutik ogé geus boga sikep anu siga kitu. Buktina: aya budak lamun dititah ku kolotna téh wani ngajawab: teu daék! Éta ka budak leutik, komo deui lamun ka jalma anu dewasa. Naon anu ngajantenkeun cekcokna dina jéro rumahtangga atawa hiji bangsa? Sanes éta téh diakibatkeun ku roh ngabarontak jeung kahayang bebas manusa anu boga pamikiran: “Ah, kuring bisa ngurus diri sorangan. Kabiasaan kuring paling hadé, agama kuring cukup keur sorangan, jalma anu sasuku jeung kuring nyaéta jalma-jalma anu hebat, pinter, jeung aralus. Ngaran kuring nyaéta anu paling penting. Barang-barang kuring, kahayang kuring, pagawéan kuring, duit kuring, kuring! Kuring! Kuring! Kalintang manusa téh museurna ngan kana dirina sorangan. Sadaya jalma ngusahakeun jang kapuasanana sorangan.

Nimrod jeung balad-baladna ngawitan ngabangun munara anu puncakna nepi kalangit, nu saolah-olah nangtang kamulian Allah. Nimrod katut balad-baladna boga panyangka maranehna bisa tepi ka langit ku carana sorangan. Cobi renungkeun, mung 500 taun saparantos caah manusa balik deui saperti kalakuan manusa anu dibinasakeun ku Allah ku cai caah.

Teras naon anu dipidamel ku Allah? Kieu saur Pangandika Gusti: “*Lajeng PANGERAN lungsur seja ningalian eta nagara jeung munara anu keur diadegkeun. Mantenna ngandika, "Ayeuna eta jelema-jelema teh sabangsa jeung ngaromongna kabeh sabasa. Ayeuna maranehna kakara mimiti barang jieunna. Moal lila deui mah maranehna tangtu bisa ngalaksanakeun sagala pamaksudanana. Hayu Urang turun, Urang kusutkeun basana, sina ulah ngarti batur pada batur." Eta jelema-jelema ku PANGERAN dipaburencaykeun ka sakuliah dunya, pagaweanana nyieun nagara tea jadi bangkar. Eta nagara dingaranan Babul, lantaran di dinya PANGERAN ngusutkeun basa manusa, sarta ti semet harita, manusa teh ku Mantenna dipaburencaykeun ka sakuliah dunya.*”

Palawargi, ayeuna jelas pikeun urang yén Allah ngambek kana rencanana Nimrod jeung balad-baladna nu tos ngawitan ngabangun kota gedé lantaran hayang katelah ngaranna. Sing emut palawargi, yén Allah parantos marentahkeun Nuh sareng anak-anakna kanggo “Minuhan bumi”, supaya nyebar ka sabudereun dunya. Tapi Nimrod saparakanca, hoyong nangtang Allah kucara ngalakukeun hal anu sabalikna, nyaéta ngumpulkeun sakabeh manusa dihiji tempat. Allah ngagagalkeun rencana maranehna kucara PANGERAN ngusutkeun basa manusa, sarta ti semet harita, manusa téh ku Mantenna dipaburencaykeun ka sakuliah dunya.

Tos tangtos Allah ngalakukeun padamelan anu luar biasa kucara ngusutkeun bahasa di Babul. Bayangkeun, di Sulawesi waé aya sababaraha jinis bahasa anu dipaké, atawa di Sulawesi Selatan, bahasa Bugis beda jeung bahasa Mandar, Makassar, Duri atawa Toraja. Kalintang hebat tur ajaibna Gusti téh. Palawargi, teu aya saurang ogé manusa anu bisa menang nalika ngalawan ka Allah. Teu aya manusa anu

teu taat ka Allah hirupna ayem-tengtrem. Emut palawargi, kota anu rék dibangun ku Nimrod téh ngaranna Babul? Babul téh hartina kabingungan. Leres palawargi .. hirup kapisah ti Allah ngan bakal nimbulkeun kabingungan!

Ieu mangrupikeun carios ngeunaan kota anu namina Babul sareng jalma-jalma anu nyangka dirina hebat tur nyapirakeun kana parentah sareng katangtuan Allah. Naha urang kadang-kadang saperti jalma-jalma anu di Babul? Naha urang ogé osok ngagulkeun diri jeung kahayang sorangan, nglangkungan nami sareng kahoyong Gusti? Palawargi kaum dangu sadayana, ku saha palawargi hoyong kamanah? Ku Allah atawa manusa? Naha palawargi milarian hormat jeung pujian ti manusa? Hiji hal anu pasti, pujian ti manusa bakal sirna, tapi pujian ti Gusti bakal abadi keur salalamina.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

### Pangajaran 17

#### Renungan Ngeunaan “Kejadian”

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur sosoan-soson kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Palawargi, urang bade ngarangkum pangajaran awal dugi ka ahir dicandak tina Kitab Toret anu diserat ku nabu Musa, nyaéta tina Kitab Kajadian. Kitab Toret diwangun ku lima bagian atanapi lima buku. Buku anu kahiji disebutna Kajadian, kitab ieu kawengku ku 50 pasal tur sacara nyusun urang parantos diajar dugi ka pasal 11.

Ayat munggaran tina buku nu kahiji Pangandika Gusti? Diditu dicarioskeun: “*Nalika Allah nyiptakeun jagat raya.*” Ti ngawitanana, sateu acan bumi ngawujud komo deui manusa jadi waktu harita teu acan aya nanaon, Gusti parantos aya. Gusti téh Roh anu langgeng nu teu kagungan permulaan. Éta sababna Pangandika Gusti nyarioskeun: “*Nalika Allah nyiptakeun.*”

Sateuacan dunya diciptakeun, Gusti langkung ti payun parantos nyiptakeun manglaksa-laksa mahluk roh anu ageung kakuatanana. Mahluk-mahluk roh ieu disebutna malaikat. Diantara para malaikat aya hiji anu langkung endah tur langkung bijaksana, namina Lucifer. Ku Allah, Lucifer diangkat jadi pamingpin para malaikat. Ngan hanyakal, hiji waktu haténa Lucifer barobah tina taat ka Allah jadi hayang nyaruaan/ sabanding. Lucifer nyombongkeun diri tur hayang ngarebut “tampat” Allah. Ahirna loba ogé malaikat-malaikat lain anu belot kamanéhna tur ngalakukeun anu sarua siga pamingpinna. Lantaran kasombangana, Allah teras ngusir Lucifer tur balad-baladna sareng ngarobah ngaran Lucifer jadi Setan. Setan hartina tukang ngahasut. Langkung ti éta Allah ngadamelkeun pikeun maranehna seuneu nu moal bisa pareum-pareum di naraka. Pangandika Gusti masihan terang ka urang yén engké dina poé kiamat,



Gusti nu Maha Agung bakal ngalungkeun Setan kana seuneu éta, manehna tur sakur balad-baladna: malaikat atawa manusa ogé.

Salajengna Allah nyiptakeun langit sareng bumi tur sagalana nu aya dilebetna salami 6 dinten. Gusti nyiptakeun sadaya éta mung ngalangkungan sabdaNa. Tina sadaya ciptaanana éta, mung manusa ciptaan anu paling penting, kumargi manusa diciptakeun sarimbag sareng Allah nyalira. Manusa dipasih akal pikiran, dugi ka tiasa wanoh tur terang kana kahoyongna Allah. Manusa dipasih perasaan, supaya tiasa nyaah ka Allah, sareng manusa ogé dipasih kabebasan nyaéta kabebasan kanggo tiasa milih, supaya bisa milih pikeun dirina naha badé taat atawa ngalawan ka Allah. Allah maparin pikiran, haté atawa perasaan tur kabebasan pikeun milih ka manusa kumargi Allah hoyong antara diriNa sareng manusa kagungan hubungan anu raket tur sae.

Dina pasal 2 Kitab Toret, urang tiasa ngaos yén Allah ngadamel hiji taman anu namina Taman Firdaus atawa Taman Eden sareng nempatkeun manusa anu diciptakeunana dilebetna. Ka Adam manusa ciptaanaNa téa, Allah maparinkeun sagala anu dibutuhkeun supaya hirupna Adam subur-makmur tur ayem-tentrem. Allah maparin sihkurnia nu endah kanggo Adam, cobilah naon éta téh palawargi? Leres pisan, saurang awéwé. Awéwé anu ngaranna Hawa ieu anu diciptakeun ku Allah tina tulang igana Adam. Janten sapertos kitu palawargi, dina 6 dinten Allah ngarengsekeun sadaya padamelanana.

Salajengna dina pasal 3, kumaha dosa lebet ka dunya diawitan dina hiji dinten, waktu Adam sareng isrina nuju aya caket tangkal buah anu dilarang, Setan dina wujud oray ngajantenkeun Adam sareng Hawa ngaragukeun naon nu parantos ku Allah diparentahkeun tur ngagoda maranehna pikeun percaya kana kabohongan.

Ceuk Setan, Allah mah ngan hayang meunang sorangan, Setan oge ngomong yén maranehna oge maol paéh lamun ngadahar buah anu dilarang éta, malah justru sabalikna maranehna bakal jadi saperti Allah. Janten palawargi, Setan muterbalikeun satiap cariosan Allah! Waktu Allah nyarios: *"Eta buahna teu meunang didahar, sabab mun didahar, poe eta keneh maneh paeh."* Setan ngomong: *"Teu kitu. Hamo matak paeh."* Teras cariosan saha anu digugu ku Adam sareng Hawa? Cariosan Allah atanapi Setan? Adam sareng Hawa langkung milih pikeun percaya kana omonganana Setan ti batan cariosan Allah. Akibatna, Allah ngusir Adam sareng Hawa ti lebet Taman Firdaus. Tapi sateuacan Gusti ngusir maranehna, Gusti ngajangjikeun bade ngutus saurang panebus nu rek nyalametkeun ka alam dunya pikeun ngaleupaskeun tur nebus anak katurunan Adam tina genggeman kawasa Setan, kawasa dosa jeung maot. Kanggo mastikeun jangji Allah éta, Allah ngurbankeun sababaraha sasatoan sareng tina kulit sasatoan éta Allah ngadamelkeun Adam sareng Hawa papakéan.

Dina pasal ka 4, ngeunaan dua anak Adam: Kain sareng Habil sareng kurban persembahan maranehna ka Allah. Habil maparinkeun persembahan anak domba anu mulus, nu pang saéna, meuncit salaku kurban panghapus dosa, sami sapertos nu ku Allah dipidamel kanggo Adam sareng Hawa kolotna. Tapi Kain, ku carana nyalira nyobian kanggo ngadeukeutkeun dirina ka Allah, ku cara persembahan tina hasil panenna, usahana barangdamel/ molahkeun taneuh nu tos dikutuk ku Allah. Pangandika Gusti nyarios: “ *Kurban Habil ku PANGERAN kaanggo, kurban Kain ditolak.*” Saparantos kitu ogé Allah masih keneh nyarios sareng Kain pikeun nanggungjawab tina kalakuanana tapi Kain malah ngambek jeung maéhan Habil, adina.

Salajengna, Allah maparinan saurang anak deui kanggo Adam sareng Hawa namina Set. Set kahirupanana sapertos Habil: anjeunna percaya ka Allah sareng raket ka Allah ku maparinkeun kurban getih salaku persembahan. Dugikeun, katurunan Adam kabagi jadi dua garis katurunan: katurunan ti Kain sareng katurunan ti Set. Katurunan Kain teu percaya ka Allah, tapi katurunan Set mah katurunan anu percaya ka Allah. Salah sahiji katurunan Set anu percaya ka Allah namina Hanok. Henok satia satuhu ka Allah dina kaayaan jaman anu jahat. Hanok kalintang raket ka Allah dugi ka anjeunna teu ngalaman maot, lantaran diangkat hirup-hirup ka Firdaus surgawi pikeun cicing diditu sasarengan sareng Allah.

Hanok kagungan buyut anu ngaranna Nuh, dina jaman Nuh Allah mutuskeun pikeun numpes sakabeh manusa ti dunya ieu kucara ngadatangkeun caah. Allah ngalakukeun hal saperi kitu lantaran tos teu tahan deui ningal kajahatan manusa . dina kasempetan anu ahir, sateuacan Allah ngalaksanakeun rencanana, Allah mung menakan Nuh hungkul nu percaya ka Anjeunna. Éta sababna Allah miwarang Nuh pikeun ngadamel hiji kapal anu kalintang ageungna, pikeun jadi tempat panyalindungan pikeun dirina, kulawargana, katut sasatoan tur jalmi seueur nu bade percaya/ tobat sareng percaya kana cariosan Allah anu didugikeun ku Nuh. Salami 100 taun, Allah sabar ngantosan aya jalma tobat, tapi teu aya sauran ogé anu tobat. Dugi ka ahirna Allah teu ragu-ragu ngalakukeun naon anu tios dijangjikeunana, sareng ngahukuman sadaya jalma anu teu percaya kana bebeneran ku cai Caah. Sadaya jalma binasa, kajaba Nuh sareng kulawargana.

Nuh kagungan tilu anak lalaki, nyaeta: Sem, Ham, sareng Yapet. Tina katilu murangkalihna ieu asalna manusa didunya. Tapi urang ogé ninggal yén katurunan ti Sem, Ham sareng Yapet kalayan gampang ngahilapkeun kaahengan panghukuman Allah nu ka alaman ku aki-ninina/karuhunna. Teu kantos lami, maranehna tos ngahilapkeun Gusti sareng sabdaNa. Dina pangajaran urang anu panungtung, urang malah kantos diajar ngeunaan Nimrod sareng balad-baladna ngarencana ngahijikeun sadaya manusa di hiji tempat, sareng ngawangun hiji kota anu kacida gedéna anu ngagaduhan munara nepi ka langit. Rencana

anu timbulna tina rasa sombong sareng ngabarontak ka Allah. Tapi Allah ngagalkeun rencanana, Allah ngusutkeun bahasana, manusana dipaburencaykeun ka sakuliah dunya. Kota anu nuju dibangunna téh teras disebut Babul nu hartosna: kabingungan.

Palawargi kaumdangu sadayana, éta ringkesan tina sadaya pangajaran anu tos ku urang ditalungtik tina Kitab Kajadian pasal 1 dugika pasal 11. Salaku kasimpulanana, *kahiji*: teu aya saurang manusa ogé anu bener dipayuneun Allah. Sapertos anu kaunggel dina Pangandika Gusti: "*kabeh geus dosa.*" Salajengna: "teu aya saurang ogé anu bener, teu aya saurang ogé!"

*Kadua*: Allah téh Saéstu. Sapertos anu kaunggel dina Pangandika Gusti: "*Allah téh caang, di Anjeunna teu aya poék*" Salain ti éta, urang ningal bebeneran Allah ngalakungan hukumna nu nyarioskeun: "*pami teu aya kurban getih, teu aya pangampunan dosa.*"

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## **Jalan Kahirupan Sajati**

Pangajaran 18

### **Allah nyaur Abram**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Tepangankamari, urang tiasa ningal deui kahirupan para karuhun urang nu munggaran, Adam sareng Hawa, katurunanana: Kain, Habil, Henok, Nuh sareng manusa lain anu hirup dina jaman maranehna saperi Nimrod jeung balad-baladna nu ngabangun munara Babul. Dinten ieu urang dugi kana carios ngeunaan saurang anu kacida kakoncara dina Paangandika Gusti, tur kagungan posisi husus dina rencana Allah pikeun ngaleupaskeun katurunan Adam tina hukuman kabinasaan lantaran dosana. Manehna disebutna salaku “sobat Allah” sareng “Bapakna urang percaya” Kira-kira palawargi tos tiasa nebak saha jalma ieu? Leres, nabi Ibrahim.

Pangandika Gusti seueur pisan nyarioskeun ngeunaan jalmi ieu, namina disebut langkung ti 300 kali. Naon wae anu bisa ku urang ditalungtik tina kahirupanana? Naha Allah nyaur sareng milih anjeunna? Palawargi ngawitanana nabi ieu namina sanes Ibrahim, tapi Abram. Allah nyalira anu ngagentos namina. Tapi soal éta, engké dina pangajaran anu salajengna urang talungtik. Abram téh katurunan Sem bin Nuh. Ti Adam dugi ka Nuh aya 10 turunan, sami sapertos aya 10 turunan ti Nuh dugi ka Ibrahim. Nami kolotna Abram nyaéta Terah. Abram kagungan dua dulur lalaki nyaéta Nahor sareng Haran. Haran ngantunkeun langkung tipayun, tapi anjeunna kagungan murangkalih lalaki namina Lot. Lot diasuh sareng cicing sasarengan sareng Abram. Abram kagungan istri anu namina Sarai. Salesna mah Sarai téh dulur téréna: bapana sami, tapi beda indung. Tong kaget, margi dina jaman harita, hal sapertos kitu bisa ditarima. Tapi dugika yuswa Abram 75 taun, manehna teu acan puputra.

Abram sareng Sarai linggih di hiji kota anu ngaranna Ur, pami ayeuna mah di wilayah Irak. Kota Ur ieu, teu jauh ti kota Babul, tempatna munara anu jangkungna tepi ka langit téa. Jalma-jalma ditempat Abram nyaéta tukang nyembah berhala, kalebet kolotna sareng Abram kuanjeun. Jadi sabenerna, ngawitanana mah maranehna teu apa nanaon ngeunaan bebeneran Allah. Tapi hiji waktu Gusti Allah nganyatakeun dirina ka Abram tur cumarios ka manehna. Palawargi sadaya, palawargi kedah ngartos yén waktu harita Allah langsung nyarios ka manusa, lantaran teuacan aya tulisan –tulisan para nabi.

Kitab Kajadian pasal 12:1 *“Ngandika PANGERAN ka Abram, “Maneh kudu pindah. Lemah cai, baraya-baraya, eusi imah bapa, tinggalkeun. Jugjug hiji nagara anu engke rek dituduhkeun ku Kami.”* Palawargi, naon anu didugikeun Allah ka Abram? Allah miwarang Abram pikeun kaluar ti imah bapana, pamitan ka dulur-dulurna, ninggalkeun taneuh kalahiranana, pindah ka daerah anyar nu bade ditunjukeun ku Gusti kamanehna. Pami sabda éta sumping ka palawargi, naha palawargi badé langsung beberes terus angkat? Abdi yakin moal sagampang kitu urang nampi sabda Allah. Salaku manusa, abdi ngartos kacida beuratna pikeun ninggalkeun naon waé nu geus jadi milik urang. Leres teu? Tapi palawargi... Allah saleresna kagungan rancangan anu ageung kanggo Abram. Ieu téh rarancang Allah kanggo Abram, supaya ti manehna muncul hiji bangsa anu anyar, tur bangsa ieu bakal jadi sumber sadaya nabi sareng jurusalamet nu ku Gusti dijangjikeun. Éta maksudNa Gusti waktos nyarioskeun ka Abram: *“Kami baris ngaberkahan ka anu ngaberkahan ka maneh. Baris nyapa ka anu nyapa ka maneh. Kabeh bangsa ku Kami baris diberkahan, ku jalan maneh.”*

Naon anu ku Gusti dicarioskeun ieu mangrupikeun bebeneran anu ageung. Sabab palawargi, nalika Allah cumarios ngeunaan bangsa anu ageung, saleresna Allah parantos milih Abram pikeun jadi bapa ti para karuhun Jurusalamet nu baris sumping ka dunya ieu, jurusalamet ieu tos ditatangtoskeun pikeun nyalametkeun sadaya manusa di dunya, jadi sakur anu percaya ka Anjeunna, tiasa lepas tina hukuman nu kedah ditanggung ku Setan jeung panganutna di jéro seuneu naraka.

Palawargi, waktu Allah nyaur Abram, Allah saleresna mah nuju langkung maheutkeun kanggo ngawujudkeun jangjiNa pikeun ngirim saurang anu jadi jurusalamet pikeun manusa anu dosa ka alam dunya. Jurusalamet nu jangjikeun Allah sanes Abram, tapi aya anu sanes. Anu mangrupikeun katurunan Abram ...tapi jangji ieu, aya saratna.. kira-kira naon saratna? Saratna nyaéta: ngantunkeun sadayana: Kulawarga, suku, tanah, imah, pokona mah kudu dikantunkeun sagalana. Sareng ieu téh teu heureuy, lanataran pami atos angkat, samasakali ulah mikir pikeun balik deui. Ieu hartosna oge ngantunkeun kapercayaan, atawa agamana anu lami anu percaya ka roh-roh, gunung, batu, tangkal sareng rea-rea deui.

Naha Abram satuju kana sarat Allah eta? Palawargi, Abram kersa sareng satuju kana sarat eta. Pangandika Gusti nyarioskeun: *"Abram mimiti kaluar ti tanah Haran, tumut kana timbalan PANGERAN."*

Abram kersa narima sarat Allah tur ngantunkeun lembur tanah lahirna sareng sagala hal anu patulapatali jeung asal-usulna, najan teu terang ka mana tempat anu kudu dijugjugna. Abram percaya kana sabda Allah. Abram percaya Allah bakal nyumponan jangjiNa nyaéta: *"indit, Kami baris ngaberkahan ka maneh."* Memang kabuktian, Allah dina kasatianaNa, mingpin langkahna Abram dugi ka tempat anu namina Kanaan, anu ayeuna disebutna Israel.

Salajengan Pangandikan Gusti cumarios: *"Abram ngideran eta tanah nepi ka hiji tangkal karamat di More, hiji tempat karamat di wewengkon Sekem. (Harita mah urang Kanaan teh araya keneh di eta tanah.) Kami jangji, Kami seja mere berkah tanpa wilangan. Seja ngarundaykeun turunan maneh, lobana lir bentang-bentang di langit, lir keusik di basisir. Lajeng PANGERAN nembongan ka Abram sarta ngandika ka anjeunna, "Tah ieu nagara anu ku Kami arek dibikeun pikeun turunan maneh teh."* Palawargi, tingal kasaéan Allah ka Abram .. Allah mung sanes ngajangjikeun bade ngajadikeun Abram jadi karuhun hiji bangsa anu ageung, tapi ogé hiji daerah, artina Allah ngajangjikeun Abram hiji nagara.

Tapi aya nu jadi ganjelan, nganganggu akal manusa urang saupamina urang aya ditempat Abram. Allah ngajangjikeun ka Abram dua hal anu hebat: jadi karuhun hiji bangsa, sareng ngengingkeun hiji wilayah ...tapi Abramna teu boga turunan. Kumaha jadina jangji-jangji eta bisa kalaksanakeun, saupamina hal anu paling penting tina jangji éta, teu aya?

Danget eta, yuswa Abram tos 75 taun sareng istrina 65 taun. Maranehna atos kolot. Pamohalan jalma anu tos kolot "tos bau taneuh" siga maranehna boga katurunan? Komodeui pikeun minuhan tanah Kanaan, tangtosna kudu aya seueur budak anu dilahirkeun sanes? Jadi kumaha Allah tiasa minuhan/nedunan jangjina éta ka Abram? Urang bade ningal ngeunaan hal eta dina pangajaran salajengna.

Palawargi, tos ampir dugi kana waktosna urang paturay, namung sateuacanna urang bade ningal deui naon nu tos ditalungtik ku urang dina dinten ieu: nu kahiji, ngeunaan kunaon Allah nyaur Abram pikeun kaluar ti imah kolotna tur pindah katempat anu anyar .. alesanana nyaéta: kulantaran Allah hoyong ngadamel Abram jadi hiji bangsa, sanes mung kulawarga anu réa. Bangsa anu éngal .. anu asalna tina hiji karuhun. Salajengna, nu kadua: urang parantos diajarngeunaan kunaon Allah hoyong nganjantenkeun katurunan Abram jadi hiji bangsa anu ageung. Éta lantaran Allah hoyong tina bangsa ieu bakal muncul nabi-nabiNa, bakal aya Kitab Suci, sareng saurang panebus anu baris lahir tina katurunan Abram ieu. Jadi tiasa dicarioskeun yén: **nalika Allah nyaur Abram, Allah nuju gerak maju ngalangkungan rencanaNa pikeun ngutus ka alam dunya, saurang panebus nu baris nyalametkeun jalma-jalma anu dosa. Jangji**

**anu dikedalkeun Allah nyalira ka Adam sareng Hawa waktu maranehna diusir ti Taman Firdaus.** Dua rebu taun salajengna, dina jaman Abram, urang ningal hiji haal deui, nyaéta hal anu panungtunganpikeun urang ngarenungkeun tina pertemuan dinten ieu. Hal panungtunganana téh nyaéta: Allah teu pernah hilap kana jangjiNa.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 19

### Ibrahim Sahabat Allah

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Palawargi, carios dina dinten ieu nyaéta carios ngeunaan: Ibrahim sobat Allah. Urang diajar tina kahirupan nabi Ibrahim ngeunaan kumaha Ibrahim maparin kasempetan ka batur pikeun milih langkung ti payun. Dina kahirupan sapopoé supaya urang bisa meunang barang anu leuwih alus, tangtuna urang kudu milih langkung ti payun ti batur-batur nu leres .. tapi kanyataanana jalmi anu kagungan iman sapertos Ibrahim mah teu sapertos kitu ...

Pangandika Gusti nyarisokeun: Ibrahim angkat ti kampungna lantaran Allah tos nyarios ka anjeunna yén ti katurunana bakal aya hiji bangsa anu anyar, sareng tina katurunana bakal lahir penebus Agung nu baris nyalametkeun manusa. Ibrahim percaya ka Allah sareng sabdaNa, janten Ibrahim ti kampungna leumpang angkat ka hiji nagri anu ngarana Kanaan. Nalika angkatna, Ibrahim nyandak istrinya Sarai. Ngiring ogé Elut alona. Dina perjalanana, tambah lami tambah beunghar, sareng Elut oge sami tambah beunghar. Tapi, kabeungharan teu méré katenangan. Sapertos anu ka alaman ku Ibrahim.

Carios Pangandika Gusti ka urang ngeunaan Ibrahim sareng Elut alona: "*Geus kitu sumping ka hiji tempat antara Betel jeung Ai urut anjeunna bareto ngadegkeun kemah jeung altar tea. Seug anjeunna di dinya ngabakti ka PANGERAN. Elut oge kagungan domba, embe jeung sapi, sarta kagungan baraya-baraya ku anjeun, jeung badega-badega. Ku sabab kitu, ari dipake ku duaan mah tanah pangangonan di dinya teh moal cukup, kawantu ingon-ingon masing-masing sakitu reana. Kajadianana, jelema-jelema anu*



*ngurus ingon-ingon Abram jeung ingon-ingon Elut sok garelut bae.” Garelutna téh terus-terusan, teras kudu kumaha? Nu jeasna Ibrahim sareng Elut kudu papisah.*

Palawargi, Ibrahim miwarang Elut alona kanggo milih tipayun .. pami Elut milih ka kénca, Ibrahim badé ka katuhu. Pami Elut milih ka katuhu, Ibrahim badé ka kénca. Ibrahim masihan kasempetan ka Elut kanggo milih langkung tipayun. Salajengna Elut ninggal ka sakurilingeunana, teras ningali sakuliah Walungan Yordan ngambat manjang ka Soar katingali tanahna subur, jukutna harejo terus di pilih pikeun nganjreg ditempat anu kalintang hadé di tanah éta.

Tanah anu dipilih ku Elut, bener-bener siga surga katingalna. Daerah éta téh deukeut ka Sadumu, ngawitan ti harita didinya Elut cicing, papisah ti Ibrahim emangna. Salajengna naon anu kajantenan ka Ibrahim? Saparantos ngaridokeun pikeun Elut milih ti heula tur meunangkeun tanah anu paling alus di daerah éta, naha Ibrahim kaleungitan sagalana? Rupina henteu .. kulantaran salersna Allah waktos miwarang Ibrahim angkat ti tanah kalahiranana ti Urkasdim, teu pernah nyarios yén manehna kudu nganjreg di hiji tempat. Allah miwarang manehna kudu ngurilingan tanah Kanaan, kudu pindah tihiji tempat ka hiji tempat anu lainna. Ieu salersna anu dipikahoyong ku Allah ti Ibrahim, jadi naon anu tos dipilih ku Elut éta mah kahayang manehanana sorangan.

Elut tos milih naon anu disangkana hadé, nganggap ku pilihanana manehna bakal leuwih hasil, tapi engké dina ahirna, Elut bakal sangsara kulantaran pilihanana sorangan. Elut leuwih ngudag kakayaan dunya lain kakayaan sawarga ... lamun urang nyalira, kumaha? Naon anu leuwih diudag ku urang, kakayaan dunya atawa kakayaan sawarga? Maranehna anu wijaksana bakal milih pikeun ngalakukeun kahoyong Allah, sabab sapertos anu kaserat dina Pangandika Gusti: *“Naon untungna jelema meunangkeun saalam dunya, tapi kaleungitan nyawana? Naha bisa hirupna diganti ku harta di dunya ieu?”* Sareng ayat nu sanesna ogé ngajarkeun yén: *“Dunya ieu jeung sagala eusina anu dicileuk ku manusa teh ayeuna keur maju kana euweuh, tereh leungit; sabalikna anu ngalampahkeun pangersa Allah mah bakal hirup salalanggengna.”*

Ayeuna urang balik deui kana laptop nyaéta palaku utama dina carita urang: Ibrahim. Ibrahim ngalungkungan imanna, milih pikeun terus nurut kana sabdaNa Allah, tur masrahkeun sagalana kana panangan Allah: kasuksesanana, masa depanna...pokona sagalana. Saatos Elut milih tanah Sadumu anu katingalna siga surga téa, Allah ngadika ka Ibrahim: *“PANGERAN ngadawuh ka Abram, “Cik, lieukan ti lebah maneh nangtung ka sakurilingna. Eta tanah sakurilingna ku Kami rek dibikeun ka maneh salalawasna, turun-tumurun. Turunan maneh ku Kami rek pohara dijembarkeunana, nepi ka lobana moal bisa kaitung, sarua jeung lobana kekebul taneuh moal bisa kabilang. Geura sadia, ideran eta tanah teh*

*sakurilingna, sabab ku Kami rek diserenkeun kabeh ka maneh."* Jadi saperti kitu kahirupan Ibrahim, cicing dina kemah tur pindah-pindah ti hiji tempat ka tempat lainna.

Tapi aya hiji masalah ageung, nyaéta dugika yuswana tos sepuh, Ibrahim sareng Sarai teu acan kagungan katurunan.. nu langkung parnana teu pamohalan pikeun Sarai kudu kakandungan tur ngalahirkeun anak keur Ibrahim.. tapi anehna, Allah terus ngajangjikeun yén Ibrahim bakal kagungan katurunan, sanes mung hiji.. tapi seueur pisan dugi ka teu bisa ka itung ku manusa. Saupamina hal ieu kanjantenan ka urang, abdi yakin pasti urang tos ngaragukeun kana jangji Allah. Kumaha sareng diri Ibrahim?

Naha Ibrahim tetep percaya yén Allah bakal minuhan sadaya jangjiNa? Kieu saur Pangandika Gusti: *"Ibrahim percaya ka Allah, sarta ku Allah dietangkeun jelema bener."* Nu matak Ibrahim mah disebutna *ge sahabat Allah, tina sabab imanna tea."* Luar biasa sanes? Allah ngajangjikeun hiji hal anu nurutkeun ukuran manusa teu mungkin bakal kajadian.. tapi kumaha atawa naon respon Ibrahim? Manehna percaya..sareng naon akibatna? Ku Allah dietangkeun jelema bener.

Kacida luar biasana, Ibrahim dietangkeun salaku jelema bener, sanes kulantaran kahadeanana.. sabab sami saperti manusa lain, Ibrahim ogé ngalakukeun kasalahan, anjeunna ogé dosa.. Ibrahim dietangkeun salaku jalema bener lantaran imanna, lantaran Ibrahim percaya kana naon anu ku Allah diandikakeun. Bebeneran anu di pilih ku Ibrahim di payuneun Allah nyaéta lantaran manehna nga-amin-keun, manehna percaya kana cariosan Allah. Waktu Allah jangji, Ibrahim nyarios: "Ieres, éta leres, aabdi percaya kana pangandika Anjeun. ..éta hartosna tina kecap "amin" anu ku urang diucapkeun.

Hal ieu anu kedah ku urang diconto. Urang kedah percaya ka Allah sami sapertos Ibrahim, urang kedah percaya yén Allah sanggup pikeun ngadamel mujijat. Naon anu mustahil ceuk manusa, kanggo Allah mah teu aya nu mustahil. Pami urang hoyong ka manah sapertos Ibrahim, hayu urang percaya kana sabdanna Allah. Kumargi percaya kana sabda Allah, Allah bakal mungkus ku bebeneranana nu sampurna. Salain ti éta, Pangandika Gusti nyarioskeun teu mungkin aya saurang jalema bisa nyengkeun manahna Allah, lamun manehna teu boga iman. Palawargi dina dasarna, urang disalametkeun ku iman ka Allah, sanes ku urang seueur ngalakukeun kalakuan hadé.

Patarosan anu kudu ku urang direnungkeun ahirna nyaéta: naha urang kalebet umat anu percaya ka Allah? Sanes mung percaya Allah téh aya, Allah téh Ésa... sanes, antara lamung ngan percaya kitu hungkul mah, kitab Suci nyarioskeun Setan-setan ogé percaya, tur maranehna gentar. Percaya anu ditaroskeun didieu mah nyaéta naha urang percaya kana sabdanna sareng naha urang taat? Urang kedah taat kana sabda Allah margi éta anu dipikahoyongna. Sapertos Ibrahim kapercayaan urang kana sabdanna

bakal diuji, naha urang wani milih pikeun ngalakukeun kahoyong Allah, anu tampolana beurat ... sapertos Ibrahim anu kedah ngantunkeun tanah kalahiranana sareng kulawargana... tapi tong ringrang palawargi .. lantaran pilihan Ibrahim éta anu nganjantenkeun ajeunna dimuliakeun ku Allah nyalira tur kenging julukan sahabat Allah ... sareng upamina urang milih kanggo ngalakukeun kahoyong Allah margi urang percaya kana sabdaNa, matakna sapertos Ibrahim, urang ogé bakal dikurilingan ku bebeneran Allah anu sampurna.

Janten, nalika urang engké paturay.. mangga renungkeun ayat Pangandika Gusti anu nyarioskeun Ibrahim percanten ka Allah, sareng hal éta diperhetangkeun salaku bebeneranana. Dina waktos salajengna, urang masih keneh bade diajar ngeunaan Ibrahim manusa biasa, anu pinuh kalemahan tapi lantaran imanna janten jalmi anu disebut sahabat Allah.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## **Jalan Kahirupan Sajati**

Pangajaran 20

### **Abram sareng Ismail**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Ngawitan sababaraha pangajaran kapengker urang parantos nyarioskeun ngeunaan Ibrahim, danget ieu ogé masih kénéh diajar ngeunaan nabi Ibrahim nyaéta ngeunaan kunaon Allah ngarobih namina tina Abram jadi Ibrahim. Bagian anu kahiji tina carios ieu bade mangrupikeun carita sedih, sabab Ibrahim ngalakukeun hal anu teu dipikaseneng ku Allah. Kasalahan anu ngdatangkeun kasedih éta téh nyaéta kateusabaranana. Nalika urang diajar ngeunaan nabi Ibrahim ieu, urang terang yén Allah cumarios kamanehna, sareng jangji ngeunaan hal-hal anu luar biasa anu bakal kajantenan ka Ibrahim sareng katurunanana. Sadaya jangji Allah eta aya hubunganana sareng anak Ibrahim.. tapi kanyataanana.. dugika Ibrahim sareng Sarai tambah kolot, maranehna teu kagungan putra.. dina dinten ieu urang badé ningal ngeunaan usaha Ibrahim supaya jangji Allah téh ngajadi..

Palawargi .. urang kedah paham yén Ibrahim nyaéta manusa biasa siga urang, janten nabi Allah sanes hartosna lepas tina kateusampurnaan dina leresan ieu teu ngalakukeun kasalahan. Pangandika Gusti nyarioskeun: teu aya manusa anu sampurna jeung ngalakukeun dosa .. tapi kateusampurnaan ieu justru nganjantenkeunurang nu hirup ayeuna, nu sanes nabi Allah ieu kagungan pangharepan .. yén leres Allah téh Maha Murah sareng Anjeuna sanggem maparin kaleupasan. Tah, ayeuna uih deui ka Ibrahim... saatos ngantosan tur ngadago-dago... tapi anak anu jadi konci pikeun jangji-jangji Allah téh teu datang-datang waé, Ibrahim ngawitan teu sabar. Emut palawargi, anjeunna ngawitan teu sabar... sanes janten teu percaya! Akibat tina teu percaya ieu, bakal seueur masalah any timbul dina waktu nu bakal datang..

Salajengna naon anu dilakukeun ku Ibrahim? Ibrahim sareng istrina ihtiar “nulungan” Allah pikeun minuhan jangjiNa ka maranehna. Dina Pangandika Gusti Kitab Toret di carioskeun sapertos ieu: *“Abdi ku PANGERAN teu dikersakeun gaduh anak. Kumaha upami Akang ngarangkep sareng Hajar? Upami bae manehna ngajuru, budakna bade diaku ku abdi.” Abram sapuk kana usul Sarai. Tuluy Hajar teh ku Sarai diserenkeun ka Abram sina ditikah. Eta kitu teh sanggeus Abram sapuluh taun ayana di Kanaan. Abram sapatemon jeung Hajar. Geus kitu Hajar teh ngandung.”*

Kira-kira... ieu mah kira-kira... naha aya kitu awéwé nu siga Sarai? Naha aya awéwé anu nitah salakina sapatemon jeung awéwé lain? ..ieu waé tos salah... lajeng, dimana aya pembantu anu nyombongkeun maneh lantaran dununganana gabug/mandul? Sedengkeun manehna bisa kakandung ti dunungan lalakina téh lantaran dititah kudunungan awéwéna? Salajengna anu kanjantenan Hajar ngawitan ngarasa diri salaku istrina Ibrahim...tangtos wae Sarai jadi kacida ngambekna, Sarai ngamuk.. masalah sanes? Tapi masalahna jadi tambah parah deui... lantaran Sarai nyalahkeun Ibrahim tina sadaya anu kajadian ... padahal éta téh usulan manehna sorangan...jadi memang tos ti awal ieu mangrupikeun kasalahan, sareng tangtosna masalah sanes tambah saé ... justru tambah kusut bin kacow. Ibrahim teu terang kedah ngalakukeun naon, jadi manehna ngijinan Sarai pikeun ngalakukeun naon waé sakarep-karepna ka Hajar ... lantaran kacida ambekna, Sarai jahat sikepna ka Hajar...dugika ahirna Hajar kabur ti imahna Sarai.

Palawargi kaum dangu sadayana, perhaatoskeun yén ti ngawitan Ibrahim sareng Sarai neangan cara sorangan pikeun nggingkeun jangji Gusti... hirup maranehna dipinuhan ku ka ambek, timburu, kapaitan/kanyeunyeurian, dendam jeung kasangsaraan. Maranehna ngalaman hal samodel kitu, lantaran sanes saperti kitu rencanaNa Allah pikeun minuhan jangjina ka Ibrahim téh. Allah teu peryogieu bantuan ti saha waé supaya rencanaNa bisa ngajadi, Ibrahim henteu urang ogé henteu. Allah téh satia palawargi... urusan urang sanes ngadamel jangjiNa bisa ngajadi dina hirup urang, tapi nu kedah ku urang dilakukeun nyaéta sabar jeung pasrah ka AnjeunNa, sementawis Allah barangdamel dijalanNa nyalira, jalanNa anu sampurna tur bener.

Nalika Hajar kabur, manehna nyandak Ismail ogé. Di tengah padang pasir, malaikat Gusti ngadatangan manehna. Malaikat nyarios ka Hajar, sareng ngadangukeun sagala keluhan Hajar ngeunaan Sarai. Lajeng malaikat miwarang Hajar balik deui ka Sarai tur kudu nundukeunna. Lajeng malaikat éta ogé ngadugikeun jangji Allah ka Hajar, nyaéta yén katurunan ti anak lalaki anu nuju dikandungna, bakal jadi hiji bangsa anu ageung ogé, nu jumlahna moal bisa kaitung. Anakna éta, kedah dipasih ngaran Ismail anu artina: “Allah ngadangu/merhatoskeun.” Lantaran waktu Hajar nangis Allah ngadangu tangisanana.

Allah ogé masihan terang Hajar yén Ismail éta, bakal siga kalde leuweung, ka saha-saha ngalawan, kitu deui tiap-tiap jalma baris ngalawan manehna. Hirupna baris mencil ti sakabeh babarayaanana.

Jadi Hajar balik deui ka Sarai, dununganana.. tur ngalihkeun Ismail. Ibrahim yuswana tos 86 taun waktu Ismail lahir. Sok sanaos kitu, Ismail sanes anak nu dijangjikeun Allah pikeun jadi alat ngalaksanakeun rencanaNa. Allah teu gurung-gusuh, jadi saatos Ismail lahir, salami 13 taun Allah teu nyarios nanaon deui ka Ibrahim.

Ahirna, nalika yuswa Ibrahim 99 taun, Allah nepangan manehna. Nalika éta, Allah negeskeun deui jangjiNa sareng Ibrahim nyaéta kanggo ngajadikeun Ibrahim karuhun ti hiji bangsa anu ageung.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 21

### Kehancuran Sodom sareng Lahirna Ishak

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soson-soson kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Palawargi, dinten ieu urang bade ngadangukeun carios ngeunaan nabi Ibrahim ... carios anu luar biasa. Carios ieu diawitan ku sumpingna 3 urang semah ka tempat kemahna Ibrahim dina waktu pabeubeurang. Semah-semahna ieu sanéh semah anu samanéa, lantaran dua diantara maranehna téh malaikat Allah, sareng anu hiji deulina mah Allah ku Anjeun. Paling palawargi tumaros jeung satengah teu percaya, asa teu mungkin Ibrahim bisa papendak sareng Allah dina wujud manusa ... palawargi tong hilap yén Allah Maha Kawasa sareng tiasa ngalakeun naon waé, kajabi hal-hal anu teu suci. Jadi upami ngawujud manusa mustahil kanggo Allah? Tangtos henteu. Na waktos Ibrahim nuju calik dipayuneun kemahna, anjeunna ningal 3 jalmi teras anjeunna tarang ka maranehna. Ibrahim lumpat muru aranjeunNa terus brek déku sarta menta supaya aranjeunNa linggih ka tempatna. Saurna: "*Juragan-juragan mugikersa sindang heula ka rorompok reureuh.*" Salajengna katilu urang éta satuju, teras Ibrahim nyandak aranjeunNa ka kemahna pikeun istirahat tur ngajamu tamu-tamuna éta.

Lajeng, nalika aranjeunNa nuju tuang, nyarios ka Ibrahim yén taun payun aranjeunNa badé datang deui pikeun kunjungan ka Ibrahim, sareng waktos éta Sarai bade gaduh marungkalih pameget. Harita nalika aranjeunNa nyarios kitu, ku Sarai kadanguan dilebet tenda teras Sarai seuri. Sarai terang yén pamohalan manehna bisa ngajurukeun budak, lantaran manehna geus kolot tos 90 taun sareng Ibrahim tos 99 taun. Sarai teu percaya kana naon anu dicarioskeun ku para tamu éta. Allah terangeun naon anu dipikirkeun ku Sarai, tur naros ka Ibrahim: "Kunaon Sarai Seuri tur ngomong:" pamohalan kuring boga

anak geus kolot kieu?" Sarai sieuneun, tur langsung ngomong bohong yén manehna tadi teu seuri, tapi Allah negor manehna tur nyarios: "memang, maneh tadi seuri."

Saparantos kitu, Allah nyarios ka Ibrahim alesan lain kunaon Anjeunna sumping ka dinya. Beja ngeunaan pangeusi Sadumu jeung Gomora nyaéta maranehna bener-bener geus jadi jahat. Kami rék datang ninggali kaditu, lamun aya kahadéan nu dilakukeun diditu Kami hayang ningali langsung. Ibrahim jalan nganteurkeun tamu-tamuna ... dua malaikat langsungangkat ka Sadumu sareng Gomora...tapi Gusti dan Ibrahim masih jalan sasarengan sambil ngobrol. Salami perjalanan Ibrahim naros ka Allah: "*Leres kitu jalmi anu leres oge ku Gusti bade dibasmi, disamikeun sareng anu daroraka? Upami di eta nagara aya lima puluh urang anu teu aya kalepatanana, naha eta nagara teh cios bae ditumpurkeun sama sakali? Kumaha ku Gusti moal dihapunten tina ngemutkeun ka lima puluh jalmi anu taya dosana?*"

Lajeng Allah ngawaler Ibrahim: "*Upama aya lima puluh urang jalma hade di Sadumu, eta nagara hamo dibasmi, lantaran inget ka nu lima puluh, inget ka opat puluh lima urang, inget ka nu opat puluh urang, najan ngan aya tilu puluh, najan nu benerna ngan dua puluh, sanajan ngan sapuluh urang.*"

Pasosoré, dugi dua malaikat téh ka kota Sadumu, kaleresan Elut nuju calik dina panto gerbang kota Sadumu.. waktu ningal dua jalmi éta, Elut ngadatangan maranehna teras sujud ngadugikeun salam, sareng meredih supaya maranehna linggih kabumina..katingalna mah Elut ogé tos tiasa nebak yén maranehna ieu téh malaikatna Gusti. Ngawitanana mah dua malaikat téh teu kersaeun linggih dibumin Elut, saurna ka Elut: "*Nuhun, kami mah rek meuting di alun-alun bae.*" Tapi Elut maksa terus supaya maranehna mondok dibumina ... ahirna maranehna satuju.

Tapi dina wengina, sarengsé Elut ngajamu tamu-tamuna, brul daratang sakabeh lalaki di kota éta, nu kolot jeung nu ngora kabumina Elut, terus cing gorowok: "*Mana eta jelema-jelema anu keur meuting di dinya? Kaluarkeun, arek dijima ku kabehan!*" Elut kaluar ti imahna tur sasadu ka jalema réa: "*Dulur-dulur!*" saurna. "*Ulah kitu ka tatamu, teu hade. Kieu bae. Kuring boga anak awewe dua, parawan keneh. Pek bae rek dikitu rek dikieu oge, asal ulah ka tatamu. Tamu kuring eta teh, wajib ku kuring dibelaan.*"

Tapi, jelema-jelema téh ngambek tur rek ngarogahala ka Elut, dua malaikat tamuna Elut narik Elut asup ka jéro imah tur ngajadikeun sakur jelema anu aya diluar jadi lalolong, dugika maranehna teu bisaen ningali pantu imahna Elut.

Lanjeng, kadua urang malaikat miwarang Elut ngumpulkeun kulawargana teras nyarios yén Elut ku: "*Maneh boga baraya di dieu? Maneh kudu kaluar ti ieu nagara. Anak minantu, kitu deui baraya nu sejen-sejenna arajak. Ieu nagara sakeudeung deui baris dibasmi ku kami. Rumahuhna jelema-jelema ku karana*



*ieu nagara geus kadangu ku PANGERAN, sarta kami diutus ku Mantenna kudu ngabasmi ieu nagara. Tapi Elut kaleked pisan, tungtungna anjeunna saputra garwa dikekenyang dicandak kaluar ti jero nagara, bawaning ku watir-watirna PANGERAN ka anjeunna. Sanggeus aya di luareun nagara, terus ditilar. Saur malaikat nu saurang ka Elut, samemeh nilarkeun, "Gancang ka ditu lumpat, supaya selamat. Ulah nyoreang ka tukang, jeung ulah eureun di lebak. Kudu terus ka pagunungan, supaya teu milu musna. Geuwat, lumpat sing tarik! Kami moal waka bisa nanaon samemeh maneh nepi ka dinya." Ku sabab ku Elut disebut leutik, eta kota dingaranan Soar. Wanci meletek panonpoe, Elut geus dugi ka Soar. Ti dinya PANGERAN ngaragragkeun hujan walirang hurung ti langit, ka nagara Sadumu jeung Gomora. Eta dua nagara katut salegana lebak ku PANGERAN dibasmi. Jelema-jelemana kitu deui sagala tutuwuhan di eta nagara katut daerahna beak teu aya nu ngari. Ari istri Elut anggur ngalieuk ka tukang, sarta harita keneh jleg bae ngajadi tihang uyah." Elut sareng dua anakna anu awéwé salalamet.*

Isuk keneh Ibrahim indit katempat kamari dimana manehna papisah sareng Gusti, Ibrahim ningali ti kajauhan katingal haseup kanel ngebul ka luhur langit.. ti arah kota Sodumu jeung Gomora. Pangajaran tina kajandian Sadumu sareng Gomora nyaéta: kajurung ku hawa napsu, sanes hal anu bijaksana tur ngandung kahancuran hungkul. Tapi, Allah terang yén manusa mustahil bisa ninggalkeun tabiat dosana lantaran kahayangna sorangan..éta sababna Allah parantos nyayogikeun hiji jalan supaya manusa bisa dibebaskeun, dilepaskeun tina dosa anu ngaabeungkeut maranehna. Ieu maksudna tina cariosan nabi Isa, waktos Anjeunna nyarios: *"kabeh jalma kudu dijuruken deui."* Nu dimaksud didieu téh nyaéta dijuruken sacara rohani, dijuruken ngalangkungan kawasa Roh Suci.

Salajengna urang badé ningal kumaha Allah minuhan jangjina ka Ibrahim, nyaéta masihan ka Ibrahim saurang anak. Sareng kajantenan sapertos anu tos diucaapkeun ku malaikat, Sarai kakandung tur ngalahirkeun saurang anak lalaki anu dinamian Ishak. Nami Ishak téh artina seueri lantaran kalahiranana mawa kabungahan dina kulawargana Ibrahim. Palawargi ieu mangrupikeun mujijat... Ibrahim dina yuswa 100 taun sareng Sarai 90 taun, tapi éta teu mangaruhan Allah pikeun ngalakukeun naon anu tos dijangjikeunaNa ka Ibrahim sareng Sarai. Allah téh satia.

Palawargi, aya nu teu seneng ku kalahiranana Ishak, Hajar pembantuna Sarai, ibuna Ismail ngihina ka Ishak..katingaleun ku Sarai. Akibatna, Sarai nungtut Ibrahim supaya ngusir Hajar sareng Ismail. Tangtosna waé pamentana Sarai kacida beuratna kanggo Ibrahim. Tapi Allah sasauran ka Ibrahim, yén Hajar sareng Ismail memang kedah kaluar, lantaran mung ti katurunan Ishak nu bakal jadi ahli waris jangji-jangji Allah ka Ibrahim. Tapi, Ismail ogé bakal diberkahan, lantaran menehna ogé anakna Ibrahim.. jadi ahirna Ibrahim satuju tur miwarang Hajar sareng Ismail kaluar. Dina KitabToret disebatkeun yén Ismail

salajengna cicing di tengah padang pasir, manehna nikah jeung awéwé urang Mesir salajengna jadi karuhunna ti urang Arab. Sedengkeun Ishak nyaeta karuhunna urang Yahudi. Katurunan Ishak jeung Ismail ieu, saterusna mumusahan, rupina dugi ka ayeuna tur teu jadi ruisah deui.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 22

### Pangurbanan Ibrahim

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

---

Palawargi, hiji waktu Allah nyahunkeun ka Ibrahim pikeun ngalakukeun hiji hal anu kacida sesahna tur nganyerikeun haténa. Kitab nyarioskeun: *"Ibrahim!" Ibrahim ngawaler, "Nun, aya pikersaeun naon?" Timbalan Allah, "Anak kadeudeuh maneh anu ngan hiji-hijina, Ishak, bawa ka tanah Moria. Kurbankeun ku maneh ka ditu, duruk di hiji gunung anu ku Kami baris dituduhkeun."* Kumaha bisa Allah nyahunkeun ka Ibrahim pikeun Ngurbankeun anakna anu diantosan salami 25 taun. Naon anu dilakukeun ku Ibrahim? Pangandika Gusti nyarioskeun: *"Isukna, isuk-isuk pisan Ibrahim nyelaan kalde, meulahan suluh keur engke ngaduruk kurban. Bral angkat, nyandak Ishak jeung badega duaan, ngajugjug tempat anu dimaksud ku PANGERAN."*

Palawargi, Ibrahim taat ngalakukeun naon anu disuhunkeun ku Allah. Kitab Suci nyariosken: *"Nincak kana poe katiluna, tempat anu dijugjug teh geus tembong celak-celak. Ibrahim ngalahir ka badegana, "Maraneh mah ngadaragoan di dieu bae, tungguan kalde. Kami jeung si Encep rek terus ka ditu, rek ngalampahkeun ibadah. Engke ge balik deui ka dieu. "Ishak ku anjeunna dipiwarang manggul suluh nu rek dipake ngaduruk kurban. Ibrahim ku anjeun ngajingjing gobang jeung areng ruhay, bral deui arangkat paduduaan. Teu lila pok Ishak unjukan, "Ama!" Diwaler, "Naon Ujang?" Ishak, "Suluh nyandak, seuneu nyandak, dupi domba pikurbaneunana mana?" Ibrahim ngawaler, "Enung, eta engke disayagikeun*

*ku Allah ku manten." Ketruk arangkat deui paduduaan."* Salami tilu dinten maranehna lalempang, ahirna nyaketan katempat anu tos ditangtoskeun, pikeun ngurbankeun anakna salaku kurban beuleuman.

Nalika Ibrahim sareng Ishak dugi ka tempat anu diparentahkeun ku Allah, Ibrahim ngadegkeun altar, tuluy suluhna ditumpukeun didinya. Reketek putrana diborogod, sok digolerkeun dina tumpukan suluh luhureun altar. Kek Ibrahim kana Gobang, seja meuncit putrana. Sabot kitu, ngeng aya gentra malaikat PANGERAN ti langit, "Ibrahim, Ibrahim!" Anjeunna ngawaler, "Nun, ieu abdi!" Gentra, "Ulah dipaehan budak teh, ulah digunasika! Ayeuna Kami nyaho, maneh sakitu nurutna ka Allah. Anak ngan sasiki-sikina dipenta ku Kami, ku maneh teu dikoretkeun." Barang Ibrahim ngareret ka gigir, bet ningali aya domba jalu, tandukna kagubed ku areuy-areuyan. Tuluy ditewak, dipeuncit sarta diduruk dijieun kurban, gaganti putrana. Ti dinya eta tempat ku Ibrahim disebut "PANGERAN Nu Nyayagikeun". Nepi ka kiwari oge disarebutna teh "Di Gunung PANGERAN Mantenna Nyayagikeun".

Carios ieu kalintang penting sareng peryogi dijelaskeun sabab carios ngeunaan kurban persembahan Ibrahim, kagungan tilu sisi:

1. **Sisi sajarah**, Hubunganana sareng sajarah, naon anu dibaca ku urang dinten ieu, nyaéta ngeunaan ujian Allah kana iman Ibrahim sareng ngeunaan bebasna Ishak dijadikeun kurban lantaran tempatna digantikeun ku hiji domba. Peristiwa ieu kajantenanana sakitar 4000 taun anu ka langkung ditempat anu ayeuna disebut Yerusalem, tur dipiemut atawa dirayakeun ku wargi-wargi urang anu Musli, Kristen sareng Yahudi.
2. **Sisi lambang**, Tina sisi lambang atawa gambaran carios ieu, Pangandika Gusti nuju nyarios ka urang yén urang sadaya sapertos putrana Ibrahim, sareng hakim anu adil éta, tos mutuskeun yén Ishak kudu maot. Tapi hakim Agung téh nyaéta anu Maha Welas tur Maha Asih, Anjeunna nyalametkeun putrana Ibrahim tina maot. Sami sareng kaayaan urang nyaéta jalema anu sakedahna dihukum pati, lantaran padamelan Allah ogé urang kagungan kasempetan pikeun salamet tina hukuman pati. Salajengna naon jalaan kasalametan téh? Tina carios Ibrahim ieu, urang diajar yén jalan kasalametan Allah nyaéta jalan kurban anu sampurna.

jadi gambaran tina kurban Ibrahim nyaéta ngeunaan kurban anu ageung tur sampurna dibandingkeun hiji sasatoan, panebus anu suci. Sacara teu langsung, kurban Ibrahim nyaéta gambaran ti sang penebus anu ku Allah dijangjikeun baris diutusNa kadunyahikeun ngabebaskeun jalema dosa tina panghukuman Allah.

3. **Sisi nubuatan**, patali sareng sisi nubuatanaNa. Emut palawargi waktu Ibrahim sareng Ishak naek gunung, Ibrahim ngajawab ka Ishak "Allah nyalira anu bakal nyayagikeun domba Kurban." Langkung ti éta

saatos Ibrahim beres meuncit domba jalu gegentos Ishak teras diduruk, Ibrahim masihan ngaran tempat éta "PANGERAN nu Nyayagikeun". Malih langkung ti éta, nabi Musa anu nyerat Kitab Toret, negeskeun: Nepi ka kiwari oge disarebutna teh "Di Gunung PANGERAN Mantenna Nyayagikeun." Kunaon Ibrahim nyarioskeun 'badé' disadiakeun? Sakedahna saparantos Ibrahim masihkeun persembahan kurban domba pangganti Ishak, Ibrahim nyarioskeun: "sukur ka Allah, nu parantos nyadiakeun domba kurban?" palawargi, ieu nyaéta patarosan anu kacida penting, lantaran jawaban kanggo pertanyaan ieu ngandung BEJA BUNGAH tina Sabda Allah nu kedah urang ngartos sareng percaya.

Kunaon Ibrahim méré ngaran tempat eta, PANGERAN nu Nyayagikeun? Sabab musabana nyaéta, lantaran waktu éta Ibrahim nuju ngumumkeun hiji anu bakal kajadian, persisna ditempat anu sami, dimana hiji domba tos ngagantikeun anakna. Artina waktu harita Ibrahim nuju ngadugiekun: "Abdi muju ka PANGERAN, lantaran Anjeunnatos nyadiakeun hiji domba keur ngagantikeun pun anak dina altar. Tapi dina dinten ieu kuring nyaritakeun ka maraneh, yén hiji poé engké, di luhur gunung ieu, Allah baris nyayogikeun kurban anu lain. Ieu mangrupikeun beja bungah anu datangna ti Allah anu didugikeun ku Ibrahim pikeun sadaya jelema, sabab naon anu dicarioskeun Ibrahim éta, nyaéta bukti nyata jangji Allah ngeunaan panebus Agung anu bakal ngaleupaskeun sadaya jalma tina hukuman dosa maranehna.

Sateacan urang nyimpulkeun carios tina kurban Ibrahim ieu, sadaya kaum dangu kedah ngartos yén kira-kira 2000 taun saatos Ibrahim nyarioskeun nubuatna ngeunaan panebus Agung, Allah leres-leres minuhan jangjiNa. Palawargi anu terang kana Injil, tangtos terang carios ngeunaan Isa Almasih. Palawargi tangtos terang yén Isa Almasih lahir ti saurang parawan anu asalna tina katurunan Ibrahim, sami sareng jangji nu tos dicarioskeun ku Allah. Anjeunna teu dosa, Suci, éta sababNa Anjeunna (Isa Almasih) layak maot sapertos hiji domba anu teu aya cacad, sareng jadi kurban anu sampurna, salaku gaganti atawa pangbayar kasalahan sadaya katurunan Adam.

Engké dina pangajaran urang ieu, badé dibaca kumaha saurang kaum anu namina Yahya, diutus Allah pikeun nyiapkeun jalan saacan kasumpingan Isa Almasih. Hiji dinten Yahya ningal Isa Almasih nyumpingan manehna, sareng nabi Yahya nyarios: "Tuh itu Anjeunna, Anak Domba Allah, anu bakal ngaleungitkeun dosa ti alam dunya!" Kunaon nabi Yahya kedah nyebut Isa Almasih salaku anak domba Allah? Palawargi, éta lantaran Isa Almasih lahir pikeun ngocorkeun getihNa salaku kurban nu bakal ngahapura dosa manusa. Sapertos hiji domba anu anu dikurbankeun gegentos anakna Ibrahim. Isa Almasih datang pikeun maot keur sadaya turunan Adam. Isa Almasih nyaéta kurban sampurna sareng anu ahir sapertos anu dicarioskeun Ibrahim sapertos kieu: "Allah nyalira anu baris nyayogikeun kurban kanggo dipersembahkeun"

Palawargi, terang teu dimana Isa Almasih maot jadi kurban? Persis di tempat dimana Ibrahim masihkeun kurban persembahanana hiji domba anu parantos dipasihkeun ku Allah pikeun gaganti Ishak anakna. Sareng terang teu palawargi dimana tempat kurbanna éta? Leres, leres pisan di Yerusalem.

Palawargi, saha ogé palawargi, dimana waé palawargi, waktos ieu Allah nuju nguleum palawargi pikeun ninggalkeun jalan palawargi anu jahat tur teu aya manpaatna, sareng nyimpen harepan palawargi sapinuhna kana jalan anu lempeng, jalan kasalametan anu disayogikeunaNa. Dinten ieu urang tiasa ningal kacida bingahna Ibrahim sareng Ishak, terang yén Allah tos nyayogikeun hiji domba pikeun dikurbankeun. Kurban pangganti pikeun Ishak bisa hirup. Kumaha sareng palawargi? Naha palawargi kersa nampi kurban gaganti nu tos disayogikeun ku Allah kanggo palawargi?.

Abdi bingah pisan, yén palawargi aya sasarengan ngadangukeun siaran ieu.. Gusti ngaberkahan palawargi...sawios ieu janten renungan nalika urang papisah: “ Allah nyalira bakal nyayogikeun hiji domba ..dihur gunung Allah baris nyayogikeunaNa.” Hal ieu téh anu didugikeun ku Ibrahim ti luhur gunung Moria.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## **Jalan Kahirupan Sajati**

Pangajaran 23

### **Carios Sadulur Esau sareng Yakub Nu Samentara Sareng Nu Langgeng**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pasal 21 diomongna nang Kitab Suci: “Gusti Allah aweh kabeh kutha kuwe maring bangsa Israel...Gusti Allah ngwenahi ketenangan nang kabeh wilayah...Gusti Allah nyerahna kabeh mungsuh maring dheweke.”

Sedulure inyong, ngertenana Gusti Allahe Yosua kuwe, setya, netepi janjine.

Gusti Allah kepengin nglakokna sing apik kanggo anak putune Israel karo aweh tanah perjanjian sing makmur, nanging Kiyambeke nunggu wong Israel kuwe percaya maring Kiyambeke. Generasi wong tuwane dheweke ora ulih bagian sekang kemakmurane Kanaan merga dheweke ora percaya karo janjine Gusti Allah.

Apa kowe padha percaya maring pribadine Gusti Allah? Apa kowe tresna maring Gusti Allah? Apa kowe percaya maring sabdane sepenuh ati?

Sedulur kabeh...Gusti Allah tresna karo kowe, Kiyambeke kepengin mberkahi kowe , nanging kowe kudu percaya lan nrima sabdane.

Sedulur.. matur suwun wis ngrungokna piwulang kiye. Wis tekan kene disit dulur patemon dina kiye. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkahi, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Bagian 45.**

### **Para Hakim lan Rut**

Sedulure, ketemu maning nang acara Piwulang Pengaji

Salam kang inyong nang Asmane Gusti Allah sing Maha pengasih karo Maha penyayang. Gusti Allah ngarepna samben wong kue ngerti lan tekun karo dalan sing lempeng, dalan meng Sewerga sing wis disiapena.. Ukur lewat dalan kue manungsa bisa tekan nang ngarsane Gusti Allah lan ngrasakena urip sing ayem tentrem. Nang acara Piwulang Pengaji kiye, awake dhewek sinau isine kitab kitab sing di cathet nang nabi nabine Gusti Allah; sing njelasena nek ana dalan mulya sing wis disediakena nang Gusti Allah sing merekna menungsa kuwe dianggep dadi wong bener nang ngarsane Gusti Allah.

Nang piwulang sing pungkasan dhewek wis ngerti kaya ngapa Yosua mimpin bangsa Israel mlebu tanah Kanaan. Kaya ngapa Gusti Allah mlaku nang ngarepe Yosua lan bangsa Israel ngalahna mungsuh mungsuhe lan nggawa bangsa Israel ngrebut tanah Kanaan sing subur lan makmur. Tanah sing dijanjikna Gusti Allah maring Ibrahim.

Ana rong bagian Kitab Suci: sewise Kitab Yosua, yakuwe: Kitab Hakim hakim lan Kitab Rut. Keloro kitab kiye nudhuhna prekara prekara sing kedadean antarane jaman nabi Yosua lan Nabi Daud.

Nang pasal pungkasan Kitab Yosua, Yosua ngumpulna kabeh pemimpin bangsa Israel, ngelingna lan nyemangati ben wong Israel tresna lan nurut karo Gusti Allah, sing wis nggawa metu sekang Mesir lan aweh tanah sing subur lan makmur sing dadi panggonane.

Hakim hakim pasal 2 : “Sesuwene Yosua urip, wong Israel ngabdi maring Gusti Allah. Sewise Yosua mati dheweke tetep ngabdi maring Gusti Allah wektu dipimpin nang wong wong sing weruh dhewek kabeh keajaiban sing dilakukna nang Gusti Allah kanggo wong Israel. Yosua anake Nun...abdine Gusti Allah kuwe..mati umur satus sepuluh taun, dikubur nang wilayah pegunungan Efraim. Wong sing sejaman mati kabeh. Generasi sebanjure ora percaya maring Gusti Allah mergane ora ngalami sing dilakokna Gusti Allah maring Bangsa Israel.

Wong Israel nglalekna Gusti Allaha, mbalik sekang Gusti Allah, ngetutnaa agama bangsa bangsa sekubenge. Bangsa bangsa kuwe ora ngerti Gusti Allah sing bener ora percaya Sabdane. Dheweke nyembah maring Baal, yakuwe brahala sing wujud patung patung lan

disembah. Dheweke mikir sing dilakukna kuwe nyembah maring Gusti Allah, merga Setan wis nyesatna. Akeh wong Israel sing dadi sesat melu bangsa bangsa sekubenge nyembah Baal. Ora ngetutna dalan sing bener sing ditetepna Gusti Allah sing ana nang angger anggere Musa yakuwe pangurbanan kewan lan persembahan gethah kanggo nutupi dosa. Umat Israel sewise jaman Yosua milih ngetutna dalan sing sesat yakuwe agama Baal. Dheweke ora preduli karo angger angere Gusti Allah sing kaping pisan yakuwe: Kowe aja nduweni Allah liyane nang ngarsane Inyong. Merga Inyong Gusti Allahmu, Allah sing cemburu...wong wong sing sengit karo Inyong, tek ukum nganti keturunan kaping telu lan kaping papat. 6 Nanging inyong aweh katresnan maring ewon ewon wong sing nresnani Inyong lan manut karo prentahe Inyong.

Wong Israel gawe dosa maring Gusti Allah. Dheweke mulai nyembah Baal lan Asytoret uga dewa dewa liane sing disembah nang bangsa bangsa sekubenge. Gusti Allah kesuh karo dheweke, ngejorna gerombolan nyerang lan ngrampok dheweke. Dheweke ora duwe tenaga nglawan mungsuhe Samben perang Gusti Allah nglawan dheweke ndadekna kangelan banget.

Kitab Hakim hakim nyathet kaya ngapa wong Israel atos atine lan bolak balik ninggalna Gusti Allah. Samben dheweke ninggalna Gusti Allah, Gusti Allah nyerahna maring mungsuh mungsuhe, lan ngukum dheweke, ben dheweke gelem ngakoni dosa, tobat lan dislametna sekang kehancuran. Samben bangsa Israel tobat, Gusti Allah aweh pemimpin sing bakal nylametna dheweke sekang mungsuh mungsuhe.

Bangsa Israel bolak balik gawe dosa maring Gusti Allah, Gusti Allah pancen ngukum kabeh wong sing dosa, nanging Kiyambeke nduwe rencana kanggo wong Israel dadi sewijine bangsa, merga Gusti Allah ora kelalen karo janjine maring Ibrahim yakuwe: "Sekang keturunanmu kabeh wong nang ndunya ulih berkah." Gusti Allah wis ngrencanakna ndadekna keturuan Ibrahim sewijine bangsa, sekang kono Juruslamet Dunia bakal lair nang bumi. Ora nana sing bisa ngalangi rencanane Gusti Allah, ora dosane wong Israel, ora Sang Prabu Pringon, ora bangsa Mesir, ora bangsa Kanaan. Ora agama palsu maring Baal, utawa Setan. Ora nana sija perkara sing bisa ngalangi rencanane Gusti Allah kanggo ngutus Juruslamet meng ndunya liwat bangsa Israel.

Siki tekan kitab Rut. Kitab kiye nyritakna imane salah sijine wong wadon, wong wadon sing percaya maring Gusti Allah nang tengahe umat sing nyimpang utawa temindak ala marang Gusti Allah.



Rut kuwe randha, dudu keturunan sekang Israel. Rut kuwe wong Moab, sing manggon nang negri Moab, kidul wilayahe wong Israel. Bangsa Moab nyembah brahala, nganggep remeh Gusti Allaha wong Israel, uga wong Israel dhewek.

Senajan Rut wong Moab, nanging ora nganggep remeh Gusti Allaha wong Israel, malah karo sepenuhe ati dheweke percaya maring Gusti Allaha wong Israel. Akeh prekara dahsyat sing dirungokna Rut ngenani Gusti Allaha wong Israel. Kaya ngapa Kiyambeke nggawa metu wong Israel sekang Mesir ngganti nyerahna negri Kanaan maring umate Israel. Rut ngerti lan eling ketentuane Gusti Allah sing di tulis nang Kitab Musa nengenani dalam keslametan, lan dheweke nrima pesen sing di sampekna nang Gusti Allah khusus kanggo wong Israel.

Kiye kahanane Rut: Dheweke manggon nang Moab nang antarane wong sing nyembah brahala. Wong tuwane nyembah brahala, dheweke dilairna nang agama wong tuwane, nanging siki Rut ora percaya maring agamane wong tuwane. Maring Gusti Allaha wong Israel Rut percaya. Dadi kaya ngapa angele kahanane Rut. Apa Rut kudu manggon bareng wong tuwane, tetep nglakokna agamane wong tuwane, nikah karo wong lanang sing ora ngerti ngenani iman maring Gusti Allah? Utawa dheweke lunga sekang umah wong tuwane, agamane, lan pindah maring Israel? Bener bener pilihan sing angel.

Rut nduweni mbokayu ipar jenenge Orpah. Padha karo Rut, Orpah uga ngerti bab Gusti Allaha wong Israel. Orpah uga diadhepna karo pilihan kaya Rut. Apa pilihane dheweke?

Orpah milih dalam sing gampang, tetep manggon nang umahe ramane, ...nanging Rut milih dalam sing angel yakuwe lunga kang umahe ramane, pindah meng wilayahe wong Israel. Rut ngerti ora nana wong sing bisa nyembah loro Gusti Allah. Ora mungkin wong kuwe bisa nyembah maring Gusti Allaha wong Israel lan wektu sing padha uga nyembah brahalane wong Moab. Kanggo Rut mendingan nurut karo Gusti Allah ketimbang manungsa kuwe keputusane. Kuwe alesane kenang ngapa dheweke mbalik sekang agama leluhure. Dheweke rila disalahngerteni nang sedulur sedulure lan kanca kancane kanggo milih percaya karo Gusti Allah kang sejati lan urip. Kaya kuwe keputusane Rut lunga sekang umahe wong tuwane lan pindah meng Israel yakuwe Betlehem.

Nang Betlehem ana sewijine wong lanang jenenge Boas. Boas kuwe anake Rahab, wong wadon sing ngumpetena loro pengintai sekang Israel wektu dheweke ngintai kutha Yeriko. Boas kuwe wong lanang sing urip bener lan ngerti sabdane Gusti Allah. Dheweke wong sugih, duwe akeh sawah utawa tegalan, nanging urung mbojo.

Kitab Suci nyathet kaya ngapa Rut sing siki manggon nang Betlehem, biasa tangi esuk esuk lan lunga meng sawah ngumpulna gandum sing padha keru utawa tiba sekang tangane tukang ngarit wektu padha panen. Rut kuwe petani sing kere, wis diatur nang angger anggare Musa, wong sing kere ulih ngumpulna gandum karo cara kaya kuwe, ben ora mati kencoten. Kitab Suci nudhuhna kaya ngapa Gusti Allah mimpin Rut kanggo lunga lan ngumpulna gandum nang sawahe Boas, anake Rahab. Boas ndelengna menawa Rut sering teka meng sawahe kanggo ngumpulna gandum sing padha keru, lan Boas ngomong karo wong wadon kuwe.

Boas kuwe wong sing urip bener, dheweke bisa ngerti menawa Rut kuwe wong sing apik. Rut lan Boas adu katresnan, dheweke banjur umah umah. Rut tresna banget karo Gusti Allah lewih sekang sekabehane, merga kuwe Gusti Allah mberkahi uripe Rut.

Boas lan Rut banjur nduweni anak jenenge Obed, Obed nduweni anak jenenge Isai, Isai nduweni anak jenenge Dawud, sing bakal dadi Raja nang Israel, dheweke uga nabi sing nulis akeh zibur. Sekang keturunane Dawud kiye Sang Penebus lair, yakuwe Juruslamet dunia, sing wis dinubuatna nang kabeh nabi.

Wis ngerti kaya ngapa Gusti Allah makarya nang uripe Rut, wong wadon sing udu bangsa Israel. Sewetara wong Israel mbalik sekang Gusti Allah lan nuruti agama bangsa bangsa sekubenge, Rut mbalik sekang agama leluhure kanggo nuruti Gusti Allahe Israel. Gusti Allah dhewek sing nggawa Rut maring Betlehem kanggo umah umah karo Boas lan dadi nenek buyute Dawud raja Israel. Kaya ngapa Gusti Allah nglakukna rencanane ngutus Sang Penebus maring ndunya kiye, sekang keturunane Dawud lan nang kutha Betlehem kiye Juruslamet dunia lair.

Wis tekan kene disit dulur patemon dina siki...nang acara Piwulang Pengaji. Pendane engko nek rika wis pada ngrugokna program kiye, terus rika duwe pitakonan, rika bisa ngubungi aku nang nomor HP atau WA nang nomor 081333777386.- Matur nuwun banget sedulur. Semene disit Gusti berkahi, maga-moga ana kelodangan dewek bisa ketemu maning nang program seteruse.

## **Jalan Kahirupan Sajati**

Pangajaran 46

**Samuel, Saul sareng Daud**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Dina pangajaran anu kalangkung, urang parantos ningal yen waktos jaman nabi Yosua nyaeta waktos anu poek sareng awon dina jero sajarah bangsa Israel. Tapi, tetep urang masih tiasa ningal cahaya kamulyaan Pangeran anu dinyatakeun ka umatNa ngalangkungan jangji ka Ibrahim, Ishak sareng Yakub.

Salajengna urang tiasa ningal kumaha Allah barangdamel dina kahirupan saurang awewe bangsa asing anu namina Rut. Rut anu sanes katuruna Israel, namung anjeunna percaya ka Allah kalayan sapinuh hate. Rut milih ngantunkeun kulawargana, tur ngiring ka Naomi mitohana, Rut nikah serang urang Israel anu namina Boas. Aranjeunna ahirna puputra anu namina Obed, Obed puputra anu namina Isai ramana nabi Daud. Sadaya ieu masihan gambaran ka urang yen Allah teras barangdamel ngalakungan rarancangNa kanggo ngutus saurang Panebus, margi ngalakungan katurunan Daud sang Panebus baris lahir.

Nabi Daud nyaeta nabi anu kawentar dina kitab Suci, namina muncul langkung ti 1000 kali. Naon anu ku palawargi uninga ngeunaan nabi Daud? Panginten palawargi terang anjeunna téh saurang nonoman anu ngelehkeun Goliat, raksasa urang Pilistin ku cara dikatepel ku batu. Panginten palawargi oge tos uninga yen Daud saurang raja Israel anu ageung, anjeunna anu nyerat kitab Jabur.

Palawargi, salami urang bade nalungtik ngeunaan Daud ieu kirang langkung 5 tepangan. Sateuaacan nabi Daud, langkung ti payun aya saurang nabi anu namina Samuel. Samuel dipilih Allah kanggo ngemutkeun

urang Israel tobat ka Allah, margi waktos harita hate maranehna tebih ti Allah. Dina dinten ieu uraang bade ngaos kitab Samuel anu nyarioskeun kahirupan anjeunna, Saul, Daud, sareng Sulaeman.

Sapertos nu kauninga ku rang, Allah ngalahirkeun pikeun bangsa Israel para pamingpin sapertos Musa, Yosua, sareng Samuel kanggo ngabimbing tur janten hakim kangga urang Israel. Sarelersna mah Allah ku Anjeun anu janten hakim, Raja nu saleresna. Tapi, sabagian urang Israel teu ngarasa puas pami Allah anu janten raja maranehna, maranehna mikahoyong saperti bangsa-bangsa sejen anu kagungan surang manusa anu jadi raja anu marentah maranehanana.

Kitab Samuel pasal 8, nyarios:” *Pamingpin Israil kabeh baradami, geus kitu ngadareuheus ka Samuel di Ramah. Pok arunjukan, "Bapa parantos sepuh, dupi putra benten deui ti rama. Ku margi kitu kedah aya raja anu pingatureun. Jadi abdi-abdi hayang gaduh raja cara nagara-nagara sanes." Samuel teu raos manahna ngadangu nu marenta raja, tuluy neneda ka PANGERAN. Ari timbalan PANGERAN, "Gugu sapamentana. Anu ditolak lain maneh, tapi Kami, raja maranehna."*

Saleresna Allah teu hoyong Israel kagungan raja lain, salain ti Mantenna .... Tapi, lantaran maranehna nolak pamarentahan Allah, ahirna Allah ngawidian Samuel pikeun ngalaksanakeun naon nu jadi pamenta bangsa eta. Salajengna Samuel nunjuk saurang anu namina Saul jadi raja pikuen Israel. Kitab Suci nyarioskeun:” *Ti dinya Samuel ngaluarkeun buli-buli minyak jetun, minyakna dikukurkeun kana sirah Saul. Geus kitu anjeunna nyium ka Saul sarta ngalahir, "Hidep ku PANGERAN dilisahan, dijenengkeun pikeun ngatur umat-Na urang Israil. Atur ku hidep, jaga ti musuh-musuhna. Tandana yen hidep dianggo ku PANGERAN jadi raja umat-Na teh kieu."*

Urang Israel kacida gumbirana kulantaran rajana eta, Saul anu ngora, kasep, kuat jeung wanian tur awakna langkung jangkung tibatan nulainna. Tina panampilan luar katingali sampurna pikeun jadi raja. Tai benten sareng paningal Allah, manusa ningal luar sedengkeun Allah mah jejeroanana. Awalna Saul saurang raja anu bageur....tapi saterusna manehna jadi sombong, pinuh ku sirik, tur mentingkeun kapentingan sorangan. Saul hormat ka Allah ku biwirna, tapi hatena jauh. Saul teu ngahargaan ka Allah, malah milih ngalakukeun kahayangna sorangan. Nu ahirna saporantos sababaraha taun Saul jadi raja, kitab Suci nyarioskeun:” *"Hanjakal Saul dijieun raja. Henteu nurut, geus ngalanggar timbalan Kami." Samuel ngentab manahna ka Saul, sarta sapeupeuting anjeunna sasambat ka PANGERAN."*

Samuel masihan terang Saul, yen karajaanana bakal digantikeun ku anu sejen. Kitab Suci nyarios:” *PANGERAN nimbalan ka Samuel, "Arek sabaraha lila deui maneh kanyenyirian ku Saul teh? Eta ku Kami geus dipiceun, geus lain raja Israil deui. Maneh ayeuna kudu ka Betlehem, minyak jetun bawa. Tepungan jelema anu ngaran Isai. Anakna aya anu rek dijieun raja ku Kami." Piunjuk Samuel, "Kumaha tiasana?"*

*Upami kadangueun ku Saul tangtos abdi dipaehan." Waler PANGERAN, "Kudu mawa anak sapi hiji, sebutkeun ka ditu teh arek ngurban ka PANGERAN. Ondang Isai kana eta kurban, engke maneh ku Kami dibejaan kudu kumaha. Mana-mana anu ku Kami dituduhkeun engke, ku maneh minyakan." Prak Samuel ngalampahkeun sapangandika PANGERAN, sarta geus sumping ka Betlehem. Para pamingpin di dinya kacida rareuwaseunana, tuluy daratang marunjungan, "Dupi sumping teh nyandak salamet, Bapa juru tingal?" Walerna, "Leres, Bapa ka dieu teh seja ngurban. Geura susuci, tuluy daratang kana kurban, urang ngariung jeung Bapa." Kitu deui Isai jeung anak-anakna dipiwarang susuci sarta diondang ngariung. 6 Sanggeus daratang, ret Samuel ningali ka anak Isai anu ngaran Eliab; panggaliha, "Tangtu ieu, anu geus aya di payuneun PANGERAN anu ku Mantenna bakal dipilih teh." 7 Tapi dawuhan PANGERAN, "Ulah nenjo kana dedegna, ulah ngareret kana kasepna. Eta mah teu kapake. Pamilih Kami teu sarua jeung pamilih jelema. Jalma mah nenjo luarna, Kami mah nilik eusina." 8 Isai nyalukan deui anakna anu ngaran Aminadab. Jol eta datang ka Samuel. Saur Samuel, "Ieu oge teu kaanggo ku PANGERAN." 9 Isai ngadeuheuskeun Syama. Tapi saur Samuel, "Ieu oge teu kamanah ku PANGERAN." 10 Geus tujuh anak Isai anu dideuheuskeun ka Samuel, tapi saur Samuel, "Teu aya anu kamanah ku PANGERAN." 11 Geus kitu Samuel mariksa, "Aya deui anu sejen?" Jawab Isai, "Aya, bungsuna, nuju ngangon domba." Saur Samuel, "Sina ka dieu. Samemeh eta datang moal waka prak ngariung." 12 Ku Isai dititah diteang, tuluy dideuheuskeun. Breh teh budak ngora nya kasep nya cangker, panonna cekas cureuleuk. PANGERAN nimbalan ka Samuel, "Eta! Pek minyakan!" 13 Samuel ngaluarkeun minyak jetun, Daud dilisahan kasaksian ku raka-rakana. Harita keneh Daud kasumpingan ku Roh PANGERAN, anu saterusna nyarengan salalawasna. Ti dinya Samuel mulih ka Ramah."*

Didieu urang tiasa ningal kumaha Allah milih Daud janten raja Israel saparantos Saul, namung Daud teu langsung janten raja harita. Daud mung saurang rumaja, sareng kanggo Daud marentah teu acan waktuna dina kanyataan Daud kedah ngantosan waktu 10 taun. Ahirna Daud uih deui ka kebon di daerah Betlehem pikeun ngangon domba bapana deui. Daud saurang tukang angon anu hade tur satia, nu tos pegat urat kasieuna. Katingal nalika manehna kudu adu harepan jeung singa anu ngarogahala dombana, tapi Daud bisa maehan singa eta. Salain tukang ngangon, Daud oge saurang tukang nyanyi tur maenkeun musik, dugika seueur nyanyian pamuji ka Allah anu ditulis dina kitab Jabur ku anjeunna. Daud kacida nyaah sareng taat kana Firman Allah.

Hayu urang aos nyanyian Daud, anu nyarioskeun: "Nun PANGERAN, Gusti abdi sadaya, kaagungan Gusti tembong di sakuliah jagat! Kamulyaan Gusti maratan langit; Ana abdi narawang langit, damelan Gusti, bulan sareng bintang-bintang kening Gusti merenahkeun, manusa teh naon, ku Gusti dugi ka

*dipikaemut; naon manusa teh, ku Gusti dugi ka dipirosea? Dipidamelna ku Gusti meh nyaruaan Gusti ku manten, dimakutaan ku kamulyaan sareng kahormatan, Nun PANGERAN, Gusti abdi sadaya, kaagungan Gusti tembong di sakuliah jagat!*

Palawargi, haturnuhun parantos ngadangukeun acara ieu, dian waktos anu salajengna urang bade neraskeun kumaha Daud disarengan ku Allah. Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 47

### Daud sareng Goliat

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Tepangan anu kalangkung urang nalungtik ngeunaan kahirupan nabi Daud, urang parantos ningal kumaha Allah ngistrenan Daud kanggo janten raja Israel, margi raja anu kahiji Saul tos teu taat ka Anjeunna. Sapanantos diistrenan Daud kakebon deui kanggo ngangon domba bapana. Dina dinten urang bade ningal carios anu luar biasa kumaha Daud lulampah sareng disarengan ku Allah. Kitab Suci Samuel pasal 17 nyarios: "2 Saul jeung urang Israil oge geus tata perang, masanggrahan di Lebak Ela, geus taki-taki rek ngayonan urang Pelisti. 3 Urang Pelisti narangtung di pasir beulah ditu, urang Israil di pasir beulah dieu, masing-masing nyanghareup ka hiji lebak. 4 Kurunung hiji tukang perang tanding bijil ti pasanggrahan urang Pelisti, nangtang ka Israil. Ngaranna Goliat, urang Gat, jangkungna meh tilu meter. 5 Make baju kere sisitan, beurat baju kerena meh lima puluh tujuh kilo, dibalakutak tambaga. 6 Sukuna make istiwel tambaga, taktakna nyorendang tohok tambaga. 7 Gagang tumbakna kandelna sapihanean, beurat congona wungkul anu tina beusi kira-kira tujuh kilo. Tukang mawa kepengna leumpang heulaeunana. 8 Gen Goliat ngajanteng, tuluy susumbar ka urang Israil, "Keur naraon di dinya, arek perang? Maraneh badega-badega Saul, kami urang Pelisti! Pilih ti dinya jagona, urang perang tanding jeung kami. 9 Lamun tarungna meunang sarta bisa maehan kami, kami sarerea daek jadi badega maraneh; tapi lamun kami anu meunang sarta bisa maehan eta, maraneh kudu jaradi badega kami. 10 Kitu, balad Israil ku kami ditangtang. Ka anu mana ge kami mo burung wani!" 11 Saul jeung sabaladna kacida sieuneunana."

Nalika Goliat nuju ngahina tantara Israel, Daud nuju ngangon domba bapana bari tenang ngarenungkeun Kirab Suci, maen kacapi tur ngawih kanggo Allah. Daud kagungan raka 3 anu jadi tentara Israel, huji waktos ramana miwarang Daud pkieun nengok wargina di medan perang terus pasihan terang kumaha kaayaan maranehna. Daud ngantunkeun dombana angkat ka medan perang.

Waktu anjeunna papendak sareng raka-rakana, Goliat pahlawan Filistin kaluar tina barisanana tur nangtang tantara Israel. Waktu tantara Israel ningali Giliat, maranehna sarieuneun. Dugika aya nu nyarios ka Daud singsaha anu bisa maehan jelama eta, bakal meunang hadiah anu gede ti raja, tur baris diangkat minantu jeung kulawargana teu kudu mayar pajeg.

Lajeng Daud nyarios:” Filistin anu teu disunat eta, pamikiran saha manehna téh, dugika wanun ngahina tantara Allah anu hirup?” waktu ngadenge kitu lanceuk-lanceukna langsung ngambek, turus ngomong “sabenerna rek naon maneh kadieu? Kasaha maneh ningalkeun domba-domba nu ngan sababaraha siki? Kami apal maneh rek lalajo perangnya”. Tapi, aya tantara Israel anu ngalaporkeun kajadian ieu ka raja, dgi karaja ngagentraan tur ngomongan.

Kitab Suci nyarios: “

*Daud miunjuk, "Gusti Sang Raja, teu kedah aya anu sieun ku eta urang Pelisti, abdi sanggem ngalawan." Waler Saul, "Ulah, bisa naon maneh ka itu? Budak keneh, heug itu mah tukang tarung saumur-umur." Piunjuk Daud, "Gusti Sang Raja! Abdi teh purah ngajagi domba pun bapa. Upami pareng aya singa atanapi biruang anu ngagusur anak domba, ku abdi diudag, ditarajang dombana direbut deui. Upami singana atanapi biruangna bade ngarontok ku abdi dipiheulaan dicekek tikorona lajeng digendir dugi ka paeh. Parantos seueur singa sareng biruang anu paeh ku abdi. Eta urang Pelisti umat brahala anu sakitu ngahinana ka balad Allah anu jumeneng oge tangtos bakal tiwas ku abdi. PANGERAN parantos ngaraksa abdi ti singa sareng biruang, ayeuna ge tangtos ngaraksa ti eta urang Pelisti." Waler Saul, "Heug atuh, jung! Muga ditangtayungan ku PANGERAN." Tuluy Daud sina nganggo raksukan Saul, dibalakutak tambaga jeung dibaju kere. Luareun raksukan nyoren pedang Raja Saul, prak ngajaran ngalengkah. Teu iasa, da teu tuman nganggo nu kitu. Pok miunjuk ka Saul, "Abdi gamparan teu tiasa nganggo anu kieu, teu biasa." Tuluy raksukan perang teh dilanaan. Geus kitu ceg kana iteuk parantina ngangon, top mulung batu reok lima siki ti susukan diasupkeun kana koja. Kencling ngabujeng ka Goliat bari ngajingjing bandring. Jago urang Pelisti gancang ngangseg ka Daud, heulaeunana anu mawa kepengna, beuki deukeut, beuki deukeut. Barang beh sarta geus sidik nenjona ka Daud, kacida takaburna dumeuh lawanna pantar kitu, lembut jeung kasep. Gorowok ngomong ka Daud, "Jang naon eta iteuk teh? Na kami teh anjing?" Geus kitu tuluy nyapa ka Daud bari nyambat ka batarana, ti dinya susumbar, "Ka dieu maneh,*



*bangke maneh rek diparabkeun ka manuk jeung sato galak!" Daud ngawaler, "Maneh datang mawa pedang, tumbak, jeung tohok. Kami mah mawa pajenengan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah panutan wadya balad Israil anu ku maneh dihinakeun. Poe ieu keneh maneh ku PANGERAN diselehkeun ka leungeun kami. Hulu maneh ku kami rek diteukteuk. Bangke-bangke urang Pelisti ku kami rek diparabkeun ka manuk jeung sato galak. Satangkaraking jagat bakal nyaraho yen di Israil aya Allah. Sarta unggul jelema bakal nyaksian, PANGERAN nyalametkeun umat-Na lain ku pedang atawa tumbak. Mantenna tukang unggul saban tarung. Maraneh kabeh bakal ragrag kana kakawasaan kami!" Goliat ngudag, Daud nirilik ka barisan urang Pelisti mapag Goliat, bari ngodok batu kana koja; seleber dibandringkeun, beletak, meneran pisan kana tarang Goliat datang ka sirahna bejad. Goliat ngajungkel, beungeutna nyuksruk kana taneuh. Goliat geus tiwas ku Daud. Lain ku pedang, tapi ku batu reok anu nyeleber tina bandring! Daud muru ka Goliat, tuluy nangtung deukeutna. Pedang Goliat ku Daud dicabut tina sarangkana, dipake neukteuk sirah Goliat. Barang narenjo pamukna tiwas, balad Pelisti kalabur. Ger urang Israil jeung urang Yuda sarurak, tuluy ngabeledig ngudag-ngudag sapaparat jalan ka Gat nepi ka lawang-lawang Ekron. Urang Pelisti anu kasarambut bangkena pating jaropak, bacacar sapaparat jalan anu ka Saaraim nepi ka Gat jeung Ekron.*

Dina dinten ieu urang parantos ngadangukumaha Daud nyalametkeun bangsana ti mausuhku hiji katapel, hiji batu tiwalungan, tur ku iman anu pengkuh ka Gusti. Carios ieu téh seueur nyimpen pangajaran.

Jadi hari ini kita telah melihat bagaimana pemuda Dawud menyelamatkan bangsanya dari musuh mereka dengan sebuah katapel, sebuah batu, dan iman yang teguh kepada Allah yang hidup. Kisah Dawud dan Goliat ini mengandung banyak pelajaran. Naon bentenna Daud sareng tantara Israel? Daud teu boga rasa sieun ku naon jeung saha oge komo ku Goliat, ari tantara Israel sieun ninggal raksasa anu jangkung gede. Saul jeung tantarana boga agama, tapi teu gaduh hubungan anu raket. Tapi, Daud kagungan hubungan anu raket sareng Allah, percaya jangji-jangji Allah eta sababna teu sieuneun ku Goliat.

Cing palawargi mirip sareng saha, Daud atawa Saul jeung tantarana? Naha palawargi uninga ka Allah sacara pribadi atanapi mung ngadangu ceuk batur wae? Palawarga kagungan hubungan anu raket sareng Allah?

Dangukeun cariosan Daud: "PANGERAN teh Gusti pangangon abdi, abdi moal kakirangan. Najan nyorang nu poek ngajumbleng, abdi teu kedah sieun, nun PANGERAN, reh Gusti nyarengan! Gada sareng teteken Gusti ngaping ka abdi. Abdi ngaraos kasaeaan sareng kanyaah Gusti. Gusti nyarengan ka abdi saumur-umur, sarta gedong Gusti bakal jadi pamatuhan abdi saumur hirup."

Daud kagungan iman anu sajati, iman anu teu didasaran ku omangan manusa, tapi cariosan langsung ti Allah, anu teu ngahilapkeun umat ciptaanNa. Haturnuhun parantos ngadangukeun acara ieu, hayu urang dangukeun naon anu dicarioskeun ku Daud dina kitab Jabur:” *Pek rarasakeun, kumaha saena PANGERAN. Bagja jalma nu nyalindung ka Mantenna.*”

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 48

### Raja Daud sareng jangji-jangji Allah

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Dinten ieu urang bade neraskeun carios nabi Daud, dua pangajaran anu kalangkung urang parantos ningal kumaha Allah milih nonoman Daud kanggo janten raja kadua Israel, namung anjeuna teu langsung marentah saporantosna diistrenan ku Allah. Allah nolak Saul raja anu kahiji, margi Saul nyapirakeun kana pangersana Allah. Namung sawalerna Allah anu nyalseni nyalira ngeunaan Daud: *"Kami parantos menakan Daud anak Isai, jalma nu bakal nyukakeun hate Kami, tur ngalakukeun naon kahayang Kami."* Salajengna hayu urang tingal kumaha Daud janten raja ngagentoskeun Saul.

Kitab 1 Samuel 18:6-9, nyarios: *"6 Tetapi pada waktu mereka pulang, ketika Daud kembali sesudah mengalahkan orang Filistin itu, keluarlah orang-orang perempuan dari segala kota Israel menyongsong raja Saul sambil menyanyi dan menari-nari dengan memukul rebana, dengan bersukaria dan dengan membunyikan gerincing;7 dan perempuan yang menari-nari itu menyanyi berbalas-balasan, katanya: "Saul mengalahkan beribu-ribu musuh, tetapi Daud berlaksa-laksa."8 Lalu bangkitlah amarah Saul dengan sangat; dan perkataan itu menyebalkan hatinya, sebab pikirnya: "Kepada Daud diperhitungkan mereka berlaksa-laksa, tetapi kepadaku diperhitungkannya beribu-ribu; akhir-akhirnya jabatan raja itupun jatuh kepadanya."9 Sejak hari itu maka Saul selalu mendengki Daud."*

Kitab Suci ngunikeun ka urang kacida Daud dipikanyaah ku urang Israel, nu ngabalukarkeun Saul jadi sirik tur ngewa ka manehna. Langkung ti eta, Saul boga niat rek ngarogahala Daud. Ahirna Daud kabur tur nganjreg di gurun keusik sareng 400 urang Israel anu lainna. Tapi, keukeuh Saul neangan cara pikeun

maehan Daud nepika manehna oge turun tangan. Namung Allah teras nyarengan Daud, dugi kasagala rancana Saul teu aya aya nu laksana.

Sanaos Saul ngudag-ngudag rek maehan Daud, tapi nu luar biasana teu aya kangewa anu aya dina diri Daud ka Saul, margi Daud disareng ku Allah. Pangandika Gusti nyarios:” *Hayu dulur-dulur urang silih pikaasih, sabab sipat asih teh asal ti Allah. Anu boga sipat asih, eta putra Allah, terang ka Allah. Anu henteu boga sipat asih teu terang ka Allah, sabab Allah teh sipat asih. Urang bisa nyaahan teh lantaran Allah miheulaan asih ka urang. Lamun aya anu majar nyaah ka Allah tapi ngewa ka dulurna, eta teh bohong. Sabab lamun ka dulur anu katenjo bungkeuleukan geus teu nyaah, komo ka Allah, anu henteu tembong.*”

Palawargi urang tingal deui ngeunaan karendahan hatena Daud, dina kitab Samuel pasal 24, anu nyarioskeun:” *1 Samulihna Saul tas ngayonan urang Pelisti, aya anu bebeja yen Daud aya di hiji tanah gurun deukeut En Gedi.2 Saul nyandak balad tilu rebu urang, kabeh prajurit Israil petinganana, dicandak neangan Daud sabaladna ka wetaneun Gunung Cadas Embe Leuweung.3 Geus sumping ka dinya, Saul lebet ka hiji guha deukeut karapyak domba sisi jalan, seja ngahampangkeun salira. Daud sabaladna ge nyarumputna di eta guha, ngan di jero pisan.4 Baladna arunjukan, "Ayeuna waktosna! Ieu tandaning PANGERAN nimbalan yen Mantenna parantos nyelehkeun eta musuh ka panangan anjeun. Bade dikieu-kieu ge parantos teu aya halanganana." Ti dinya Daud ngarayap, tuluy ngeureut tungtung jubah Saul sacewir. Ku Saul teu karaoseun.5 Tapi Daud ratug manahna. 6 Pok sasauran ka balad, "Ampun teuing ka PANGERAN, paliyas kudu ngagunasika ka gusti jungjunan kami anu geus didamel raja ku PANGERAN! Saeutik ge kami teu meunang ngagunasika ka anjeunna, sabab anjeunna teh raja anu dipilih ku PANGERAN."7 Eta kasauran sarua jeung ngahulag ka balad sangkan ulah narajang ka Saul. Saul lugay, leos kaluar tina guha rek neruskeun laku.8 Daud nyusul kaluar tuluy ngagero ti pungkureunana, "Gusti, Sang Raja!" Saul nyoreang. Daud brek sideku,9 tuluy miunjuk, "Ku naon Gusti teh ngandel ka jalmi-jalmi anu nyebatkeun abdi ngarah ka salira Gusti? 10 Raja uninga ku anjeun, bieu di lebet guha salira Raja ku PANGERAN parantos diselehkeun kana kakawasaan abdi. Abdi ku balad disuhunkeun kedah nelasan Raja, nanging abdi henteu tega. Sanggem abdi saeutik ge teu gaduh niat nyilakakeun, margi Gusti ku PANGERAN parantos dijenengkeun raja.11 Tingali ieu, Ama, ieu sosoehan jubah Ama aya dina leungeun abdi! Upami tadi abdi niat nyilakakeun, kantenan tiasa. Nanging abdi mung ngeureut ieu bae. Ieu tawisna yen abdi sama sakali teu gaduh niat nyilakakeun ka Ama. Abdi ku Ama diudag-udag bade dipaehan. Naon dosa abdi? 12 Mugi PANGERAN ngajadi saksi, saha di antawis urang anu lepat! PANGERAN anu bakal ngabales ka Ama, da menggah abdi mah saeutik ge teu gaduh maksud awon ka*

*Ama.13 Ama tangtos uninga kana babasan, 'Kajahatan bijilna ti jalma jahat.' Paliyas teuing abdi nyilakakeun ka Ama."*

Salami 8 taun Saul ngudag-ngudag Daud lantaran sirik! Tapi Allah teras ngaleupaskeun Daud tina panangan Saul. Pangandikan Gusti dina pasal 31, nyarios:"1 *Urang Pelisti geus narajang merangan urang Israil di Gunung Gilboa. Urang Israil kadeseh, loba pisan anu kasambut. Anu harirup keneh, kaasup Saul jeung putrana tiluan kalabur. 2 Tapi terus bae dibeledig ku urang Pelisti, kaudag terus dibabad. Putra-putra Saul, Yonatan, Aminadab, jeung Malkisua, tiluanana parupus kasambut. 3 Perang beuki campuh beuki ragot sakuriling Saul. Saul tatu parna pisan, keuna ku jamparing-jamparing musuh.*

*4 Seug anjeunna nimbalan ka budak ngora tukang mawa pakarangna, "Cabut pedang maneh, tubleskeun ka kami, bisi urang Pelisti umat brahala teh aratoheun manten narenjo kaayaan kami tuluy ngarogahala." Tapi eta budak ngora teu wanieun, malah kacida sieuneunana. Ku sabab kitu Saul nyabut pedangna, bles nubleskeun anjeun kana eta pedang.*

Nalika Saul sareng ka tilu anakna maot, karajaan Israel ngalih ka Daud. Daud saurang raja anu pinuh ku kaasih sareng teu seneng kana kajahatan, margina nalika anjeuna calik dina tahta hal nu ngawitan dilakukeun nyaéta nyandak kemah tepangan sareng Peti Perjangjian di Yerusalem, anu waktu harita ibu kotana Israel. Palawargi, Daud oge kagungan rencana kanggo ngawangun tempat kanggo maparinkeun kurban-kurban panghapus dosa, tapi Allah masihan terang ka Daud yén sanes manehna nu bakal ngawangunna tapi turunan anu salajengna anu moal tiasa sirna kanggo salalamina.

Kumaha carana karajaan Daud tiasa langgeng? Kumaha pamarentahan saurang manusa tiasa langgeng? Waleranana, Allah jangji ka Daud yén salahsahiji ti katurunanana bakal ngadeg hiji pamarentahan anu langgeng, saurang anu baris lahir tur nampi kakawasaan di surga sareng dibumi salalamina. Anjeunna baris disebut Raja sagala raja, Gusti sagala gusti, Raja damai. Malihan mah ratusan taun saparantos jaman Daud, kira-kira 700 taun sateuacan Raja ieu lahir, nabi Yesaya tos nyeratkeun cariosan ieu dina kitab Yesaya 9:6-7.

*6 Keur pimangpa'ateun urang geus medal hiji murangkalih! Hiji putra pameget, anu bakal mingpin urang. Anjeunna bakal disebut "Panarosan Ajaib," "Allah Perkosa," "Rama Langgeng," "Raja Kerta".*

*7 Kakawasaanana moal aya tungtungna. Karajaanana bakal aman sapapanjangna. Marentahna bakal sakumaha Raja Daud. Kakawasaanana napak dina bener jeung adil, ti ayeuna nepi ka ahir jaman. Kitu dipastikeunana ku PANGERAN Nu Maha Kawasa.*

Terang teu palawargi saha katurunan Daud ieu téh? Anjeunna téh Sang Panebus anu datang ti sawarga, lahir ti saurang parawan, anu asalna ti katurunan Daud. Waktu Daud terang Allah bade ngintunkeun Sang Panebus, anjeunna sujud nyembah ka Gusti, sareng nyarios ( 2 Samuel 7:29)

*"Mugi berkahan turunan abdi, sing tetep tumetep aya dina aub sih kurnia Gusti. Nun PANGERAN Nu Maha Agung, Gusti parantos jangji kitu, abdi percanten rahmat berkah Gusti moal pegat-pegat ka turunan abdi salalanggengna."*

Palawargi, parantos uninga yén Allah parantos minuhan jangjiNa, ngutus malaikatNa ka tukang ngangon nu keur ngangon dombana dipasir Betlehem, persis dimana Daud ngangon domba ramana. Malaikat téh nyarios:" *Ulah sarieun! Kami mawa warta hade, pikabungaheun sakabeh jelema. Sabab poe ieu Jurusalamet maraneh, nya eta Almasih, geus medal di kota Daud."* Ayeuna, Anjeunna tos naek ka surga, tapi Anjeunna baris sumping kanggo ngajemput manusa anu percaya ka Anjeunna.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 49

### Daud Sareng Batseba

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Dina tepangan anu kalangkung, urang parantos ningal kumaha Daud ngajanten raja Israel. Daud téh raja adil pinuh ku kanyaah, raja anu tumut kana pangandika Gusti. Tapi, dina dangeut ieu urang bade ngadangu ngeunaan kahirupan Daud anu teu matak raos ka danguna. Daud ngalakukeun hal anu teu uni dipayuneun Allah, anjeunna mikahoyong istri batur tur jinah deuih. Aya patarosan kanggo naon carita sapertos kitu diserat dini kitab Suci? Tangtosna eta kanggo ngajar ka urang, pangandika Gusti nyarios:”  
*Ulah rasa maneh geus nangtung ajeg. Anu boga rasa kitu kudu ati-ati bisi tigubrag.* Allah teu nyamunikeun dosa para nabi, margi Allah hoyong ngajar hal anu penting. Hayu urang tingal naon nu dacarioskeun ngeunaan Daud radrag kana dosa, 2 Samuel 11:1-5.

*1 Dina musim semi, geus biasa raja-raja sok maraju perang. Dina musim semi taun eta Daud nimbalan ka Yoab jeung para perwirana sina mawa balad merangan urang Amon. Urang Amon kadeseh mundur ka kota Raba, tuluy eta kota ku Yoab ditingker. Daud mah linggih-linggih di karaton Yerusalem.2 Dina hiji poe wanci asar, gugah leleson Daud unggah ka loteng karaton. Sabot angkat-angkatan di loteng bet ningali awewe keur mandi geulis pisan.3 Manahna panasaran hoyong uninga eta awewe teh saha, seug miwarang nyerepkeun. Eta awewe teh Batseba binti Eliam, bojona Uria urang Het.4 Ku Daud dipiwarang disaur. Sanggeus dideuheuskeun ku Daud dicandak ebog. (Harita Batseba teh kakara beresih tas kereseban.) Sanggeus diebogan dipiwarang balik.5 Lila ti lila Batseba ngandeg, tuluy ngirim warta ka Daud.*

Salajengna Daud rek nyamunikeun naon nu tos dilakukeunana, waktu ngadangu Batsyeba kakandung manehna ngirim pesen ka Yoab pamingpin pasukan supaya ngirim Uria kamanehna, lajeng Yoab ngirim Uria ka Yerusalem nepangan Daud.

(2 Sam 11: 7-12,14-17... )

7 Sanggeus ngadeuheus, Uria ku Daud dipariksa saurna kumaha Yoab jeung balad salamet, jeung kumaha bejana perang teh. 8 Geus kitu timbalanana ka Uria, "Jig geura balik, reureuh di imah." Uria amit mundur. Ku Daud disusul ku kikintunan ka imahna. 9 Tapi Uria teh henteu terus ka imahna, anggur mondok di lawang gapura karaton ngahiji jeung para pangawal raja. 10 Kauninga ku Daud yen Uria henteu balik ka imahna, seug disaur dipariksa, "Ku naon teu terus ka imah, sakitu geus lilana ditinggalkeun perang?" 11 Wangsul Uria, "Rayat Israil sareng Yuda keur tarebih di medan perang, sareng Peti Perjangjian aya di ditu. Bapa Yoab panglima abdi kitu deui para perwira, nuju ngemah di nu ngabuliklak. Pisakumahaen awonna saupami abdi wangsul ka rorompok raos-raos dahar leueut sareng mondokan pun bojo! Demi sagala nu suci, abdi sumpah moal milampah ka kitu!" 12 Saur Daud, "Geus, poe ieu teruskeun reureuh di dieu, isukan isuk-isuk ku kami diidinan indit." Jadi poe eta jeung poe isukna Uria di Yerusalem keneh. 14 Isukna Daud ngadamel surat keur ka Yoab, dititipkeunana ka Uria. 15 Eusina, "Uria teundeun panghareupna di nu pangragotna, tuluy tinggalkeun mundur sina kasambut."

16 Sanggeus Yoab nilik-nilik medan perang, Uria ku anjeunna diteundeun di tempat anu geus kataksir yen lebah dinya musuh pangkuatna. 17 Burudul pasukan musuh murudul ti jero kota, narajang ka pasukan Yoab. Para perwira Daud loba anu kasambut. Uria oge kasambut."

Salajengna dina pasal 12, Allah ngutus nabi Nathan sumping ka Daud:" 2 Nu beunghar gaduh sapi sareng domba pirang-pirang.3 Dupi si miskin mung gaduh anak domba bae sasiki kenging meser, diurus sareng digedekeun bareng sareng barudakna, diparaban tina dahareunana sorangan, nginumna bareng sacangkir, heesna ge dilalahun sapertos ka anak awewe.4 Dina hiji dinten nu beunghar teh kasemahan. Bet lebareun bade meuncit pipiraanana keur nyuguhan teh. Nya teras meuncit anak domba gaduhna si miskin, dipake nyuguhan semahna." 5 Daud kacida benduna ka eta anu beunghar. Saurna, "Demi jumenenging PANGERAN, jalma kitu kudu dipaehan! 6 Kacida telengesna! Anak domba anu dicokot ku manehna kudu digantian opat tikel!"7 Saur Natan ka Daud, "Eta jalmi teh nya Sang Raja! Dangukeun ieu timbalan PANGERAN Allah Israil, 'Maneh ku Kami dijieun raja Israil jeung diluputkeun ti Saul. 8 Karajaan Saul, kitu deui pamajikan-pamajikanana ku Kami dibikeun ka maneh. Maneh geus dijieun raja nyangking Israil jeung Yuda. Bisi ngarasa kurang keneh, ku Kami mo burung dibere deui dua kalieun ti eta. 9 Ku naon maneh nyapirakeun timbalan Kami, nyieun kalakuan sakitu gorengna? Uria ku maneh



*dititah dipaehan dina perang, dihaja sina dipaehan ku urang Amon, tuluy pamajikanana ku maneh dicokot!*<sup>10</sup> *Ku sabab maneh geus teu nurut ka Kami sarta nyokot pamajikan Uria, anu matak ti satiap turunan maneh turun-tumurun bakal aya nu paeh lantaran dipaehan.*<sup>11</sup> *Kami sumpah, baris nibankeun kacilakaan ka maneh, anu datangna ti kulawarga maneh sorangan. Eta pijadieunana lamun Kami engke nyokot pamajikan-pamajikan maneh, dibikeun ka lalaki sejen, sarta ku eta bakal ditemahan kabeh waktu tangari bolong.*<sup>12</sup> *Maneh geus nyieun dosa anu buni, tapi ieu ancaman Kami rek dibuktikeun di nu negla, hareupeun sakabeh urang Israil."*<sup>13</sup> *Waler Daud, "Kaula tarima dosa ka PANGERAN." Piunjuk Nabi Natan, "Sawangsulna dosa Sang Raja ku PANGERAN dihapunten. Sang Raja moal pupus ayeuna-ayeuna.*<sup>14</sup> *Nanging sarehing Sang Raja parantos midamel lampah sakitu aebna, eta putra Sang Raja anu nembe medal bakal maot."*<sup>15</sup> *Sanggeus nyarios kitu Natan mulih. Sanggeus kitu, eta murangkalih anu ti Batseba bojo Uria teh ku PANGERAN dikeunaan kasakit parna kacida. Daud neneda ka Allah, sasambat supaya eta murangkalih cageur. Daud nepi ka teu kersa tuang-tuang acan.*<sup>16</sup> *Ari ti peuting sok ngerem anjeun di kamarna bari ngagoler dina lante."*

Dina pasal salajengna kitab Suci mintonkeun ka urang kumaha dosa Daud ahirna ngarambat kakulawargana. Pangandika Gusti nyarios: "Tapi beuki nemen jelema-jelema nyarieun dosa, Allah beuki tambah mikaasihna." Salajengna kumaha Allah mintonkeun kaasihNa ka Daud tur ngahampura dosana.

Kunaon Allah ngapunten Daud? Margi nalika Nathan nyarios ka Daud: "Maneh jelema" ahirna Daud ngarasa hanyelu tur nyarios: "Kaula tarima dosa ka PANGERAN." Daud nampi kana teguran Allah ngalangkungan nabi Nathan.

Dina kitab jabur pasal 51, Daud ngungkapkeun pertobatanana. Daud kalintang sedih akibat dosana, hatena hancur dipayuneun Allah. Daud sadar kana dosana, sareng nyuhunkeun dihapunten tina dosana. Allah cumarios ka Daud ngalangkungan nabi Nathan: "Sawangsulna dosa Sang Raja ku PANGERAN dihapunten, Sang Raja moal pupus ayeuna-ayeuna."

Salajengna Daud nyeratkeun dina Jabur gambaran ngeunaan jalmi anu dihapunten ku Allah, tur panghaputen téh sanes tina usaha manusa sorangan. Daud nyarios: "Jabur Daud. Lagu atikan. Bagja jalma anu dihapura dosana, anu diampun kasalahanana. Bagja jalma anu kadorakaanana ku PANGERAN teu diasupkeun kana itungan, kitu deui jalma anu tara nipu."

Allah ngahapunten Daud sareng merhetangkeun anjeuna salaku jalmi anu bener, tapi sanes hartos Alah mupus kajantenan anu dihasilekun ku Daud. Panghampura Allah hartosna, engke diahir poé ahir Allah moal ngemut-ngemut deui dosa-dosana Daud, margi Allah parantos mupus dosa-dosana tina

catetanaNa. Naha panghampura Allah ieu teu patukang tonggong sareng kaadilan sareng bebeneranaNa?

Palawargi, saparantos Daud sadar tina dosana, anjeunna ngadoa:” *Angkat ieu dosa abdi, supados abdi beresih, abdi kumbah, supados langkung bodas manan salju.*” Janten Allah ngahapunten kasalahn Daud, margi Daud ngaku salaku jalma anu dosa sareng percanten kana jangji Allah ngeunaan Sang Penebus nu baris sumping tur nanggél panghukuman lantaran dosa. Daud nyeratkeun berkat Allah anu ageung:” *Bagja jalma anu dihampura dosana, anu diampun kasalahanana. Bagja jalma anu kadorakaanana ku PANGERAN teu diasupkeun kana itungan, kitu deui jalma anu tara nipu.*”

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 50

### Nabi Daud sareng Almasih

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Dina opat tepangan urang anu kalangkung, urang parantos nalungtik carios ti nabi Daud. Daud saurang pangangon, main kacapi, nulis lagu, pahlawan perang, raja Israel sareng saurang nabi Allah. Tapi teu hilap dina pangajaran kalangkung oge urang ningal Daud saurang nu ngalakukeun dosa, ngalakukeun naon anu dipikahoyong ku Allah. Tapi salajengna Allah ngahapunten dosana, margi Daud leres-leres tobat tina dosana sapinuh hate tur percaya kana jangji Allah ngeunaan Panebus nu baris sumping.

Dangeut ieu, urang bade nalungtik kitab Jabur. Aya 150 pasal eusina nyanyian anu diserat ku Musa, Sulaeman, Anak-anak Azaf sareng anak-anak Korah. Tapi, Daud anu paling seueur nyerat dilebetna. Dangeut ieu urang neuleuman langkung jero ngeunaan dua pasal nyanyian kitab Jabur.

Nyanyian pujian anu kahiji nunjukeun ka urang dua golongan manusa nu aya di ieu dunya. Golongan nu lumapah dina bebeneran sareng golongan anu hirup dina kasesatan. Pasal 1 nyarioskeun: *"1 Nya bagja jalma anu nolak pangajak jalma jahat, anu teu kabaud kana laku teu puguh, teu kabawakeun ka anu sok nyapirakeun Allah. 2 Sabalikna resep nurut kana Hukum PANGERAN, bari diulik beurang peuting.*

*3 Jelema anu kitu ibarat tangkal nu jadi di sisi walungan, dina usumna tangtu buahan, daunna ge moal aya alumna, sapanejana tangtu tahanan. 4 Sabalikna jelema jahat, kaayaanana jeg huut katiup angin.*

*5 Jalma jahat ku Allah tangtu dihukum, jeung dipisahkeun ti umat-Na. 6 Jalma bener, diraksa jeung dijaga ku PANGERAN, sabalikna jalma jahat mah nuju kana kamusnaan."*

Urang ningal aya jalmi-jalmi anu diberkahan sareng aya jalmi anu binasa, tangtosna sadaya jalmi hoyong diberkahan, teu aya nu hoyong binasa. Kitu oge sareng Allah, Anjeunna hoyong sadaya jalmi diberkahan. Kanggo kitu urang kedah sumping kana jalan berkat anu disayogikeun ku Allah. Naonjalan berkat téh? Aya dua pokok pikiran dina pasal ieu, **kahiji** ulah kabawakeun ku anu sok nyapirakeun Allah. Sabalikna, lamun urang hirup nurutkeun kana bebeneran Allah, pangandika Gusti nyarioskeun hirup urang ibarat tangkal nu jadi sisi walungan, dina usumna tangtu buahan, daunna moal aya alumna, sareng sapanejana tangtu tinekanaan

**Kadua**, Allah ngawahyuan ka Daud pikeun nyerat ngeunaan Sang Panebus nu baris sumping ka dunya. Dina pasal 2 nyarioskeun:

*"1 Naon sababna bangsa-bangsa rek bararontak? Ku naon jalma-jalma nyarieun rarancang tanpa guna?"*

*2 Raja-raja barontak para pangrehna sakait rek ngalawan ka PANGERAN, jeung ka raja pamilih Mantenna.3 Aromongna, "Hayu urang ngabebaskeun maneh tina kawasana, urang piceun belengguna."*

*4 Ti tahta-Na di sawarga, PANGERAN gumujeng, pepetaan maranehna disapirakeun.5 Geus kitu Mantenna nyentak, wera ka maranehna, ngarencodkeun maranehna ku amarah-Na.6 Mantenna ngadawuh, "Kami geus ngangkat hiji raja di Sion, gunung suci Kami!" 7 "Kami rek nguarkeun," saur raja, "nu geus jadi putusan PANGERAN. Kieu dawuhan Allah ka kami, 'Hidep teh putra Kami; poe ieu pisan hidep ku Kami digelarkeun.8 Pok penta ka Kami, eta sakabeh bangsa teh, tangtu baris diselehkeun ka hidep, sarta sakuliah jagat nya hidep anu boga. 9 Pek geura parentah ku iteuk beusi, pasti maranehna ajur remuk jeg pariuk peupeus.'"10 Ku sabab kitu, he para raja, masing daek ngarti, kitu keneh anu nyarekel kakawasaan, tarima ieu pepeling! 11 Sing ibadah ka PANGERAN, kalawan sieun, geura sumujud ka Mantenna bari gumeter.12 Sabab lamun teu kitu tangtu Mantenna bendu; aranjeun tangtu tiwas. Bagja sing saha anu nyalindung ka Mantenna!"*

Naha palawargi ngartos naon anu dimaksud ku Allah dina kitab Jabur pasal 2 ieu? Ieu téh kalintang penting pisan, margi Allah ngawanohkeun tilu nami nu ajaib ti Panebus. Palawargi parantos ngadangu tilu nami ieu? **Almasih, Raja, sareng Putra Kami**. Mangga urang talungtik hiji-hiji.

**Kahiji**, Almasih hartosna dina bahasa Ibrani nyaéta "Nu kapilih atanapi diurapan." Ngalangkungan nami Almasih, Allah nuju ngumumkeun ka katurunan Adam yén sadaya jalma kedah percaya sareng nampi Panebus nu baris sumping kadunya, margi Anjeunna tos dilih Allah salaku Jurusalamet sareng hakim dunya, tapi tos diseratkeun yén sabagian ageung turunan Adam baris nolak Almasih. Kunaon sabagian ageung manusa teu nampi Almasih? Pangandika Gusti nyarios:" Jalma anu jahat kalakuanana, kana

caang teh ngewaeun, embungeun datang kana caang, sieuneun kajahatanana katembong.” Ayat ieu nyarioskeun yén bangsa Yahudi katut bangsa-bangsa lain babarengan pikeun ngahancurkeun jalmi suci anu tos ditangtoskeun ku Allah kanggo jadi Jurusalamat sareng hakim dunya. Namung, Allah terang kana pikiran jalma jahat, pangandika Gusti nyarios:” Ti tahta-Na di sawarga, PANGERAN gumujeng, pepetaan maranehna disapirakeun.” Panginten palawargi kataji kanggo unginga yén bahasa Ibrani Almasih sami hartosna dina bahasa Yunani Kristus. Duanana hartosna Anjeunna anu kapilih.”

**Kadua**, Raja. Almasih oge saurang Raja, ngalangkungan nami ieu Allah hoyong satiap jalmi terang yén Almasih dina poe ahir bakal janten hakim sareng anu ngawasaan dunya. Dina poe kiamat engké, satiap jalmi bakal sajud-sumujud dipayuneunaNa. Margi Anjeunna hiji-hijina nu parantos dipilih Allah kanggo janten Raja sagala raja sareng Gusti sagala gusti, ieu hartosna Almasih munhiji-hijina nu nyalametkeun atawa hakim kanggo salamina.

**Katilu**, Putra Kami. Urang kedah ngartos kalayan leres sebatan anu ieu, cobu urang tingal Jabur pasal 2 ayat ka-7 nu nyarios:” “Kami rek nguarkeun,” saur raja, “nu geus jadi putusan PANGERAN. Kieu dawuhan Allah ka kami, ‘Hidep teh putra Kami; poe ieu pisan hidep ku Kami digelarkeun.” Palawargi terang teu kunaon Almasih disebut Putra Kami, naon hartosna eta téh? Disebat Putra sanes hartosna Allah migarwa saurang istri teras kagungan katurunan, emutan sapertos kitu magrupikeun hujatan. Allah téh Roh janten Anjeunna teu kagungan putra sapertos manusa. Aya tilu waleran anu bade didugikeun kanggo hal ieu. **Kahiji**, urang kedah uninga kunaon Allah nyebut Almasih putraNa, margi Almasih sumpingna tiluhur ti sawarga. Almasih teu kagungan rama sacara jasmani, ngeunaan lahirna dina wujud manusa. Margi Anjeunna dilahirkeun ku saurang rahim parawan katurunan Daud, Almasih gumelar sacara luar biasa ti Roh Allah. Eta margina Allah nyarios ka Almasih Anjeun téh Putra Kami.

**Kadua**, Almasih kagungan kasucian anu sami sapertos Allah. Sapertos Bapa kitu oge Anak, Panebus anu dijangjikeun kedah suci sami apertos Allah suci. Eta margina Allah nyebut Almasih salaku PutraNa.

**katilu**, kanggo ngabentenkeun Anjeunna sareng nabi-nabi anu sanes. Urang terang Ibrahim disebut “Sobat”, Musa disebut “jalmina Allah”, atanapi Daud “Jalmi anu kamanah dina manahna Gusti”. Sebatan Putra Kami mung ka Almasih, margi mung Almasih anu sumpingna ti langit nu dibabarkeun ngalangkungan saurang parawan anu suci teu aya noda dosa.

Palawargi kaum dangu sadayana, Allah mikahoyong sadaya manusa wanoh ka Almasih. Ngadangukeun cariosanaNa, percanten ka Anjeunna sareng nampi Anjeunna. Dugi kadieu heula tepangan urang dina dangeut ieu, urang aos naon anu dicarioskeun ku nabi Daud:” *Sing ibadah ka PANGERAN, kalawan sieun,*

*geura sumujud ka Mantenna bari gumeter. Sabab lamun teu kitu tangtu Mantenna bendu; aranjeun tangtu tiwas. Bagja sing saha anu nyalindung ka Mantenna!"*

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 51

### Tambahan Kitab Jabur

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Palawargi, dina tepangan anu kalangkung urang parantos diajar dua pasal munggaran kitab Jabur, langkung sae pami urang tiasa ngaos sadaya pasal dina Jabur ieu. Tapi sateuacan urang mungkasan kitab Jabur, hayu urang talungtik pasal 22 margi dilebetna mangrupikeun paninggal kana waktos nu baris sumping ngeunaan Almasih nu baris maot nyorang kasangsaraan kanggo ngahapus dosa katurunan Adam. Dina pasal ieu, Daud nu hirup 1000 taun sateuacan Almasih, nyebatkeun kirang-langkung 30 kajantenan dina maotNa Almasih. Pami urang ngaos kitab Injil nu nyarioskeun Almasih, sadayana persis sami sapertos anu dicarioskeun ku Daud.

Hayu urang talungtik pasal ieu:

*“Gusti abdi, ku naon ngantunkeun? Putus harepan abdi, jumerit neda pitulung, nanging pitulung teu dongkap-dongkap. Abdi nyambat Gusti sapanjang siang, nun Allah, nanging Gusti teu ngawaler, nyambat Gusti waktos wengi, hate angger henteu tengtrem. Nanging Gusti teh jadi Raja Anu Suci nu dipuji-puji ku Israil. Abdi dirurubung ku gorombolan jalma jahat. Maranehna lir gorombolan anjing, pasesedek ngaronom, ngareweg kana leungeun kana suku.”*

Palawargi, tiasa kahartos naon nu diserat ku nabi Daud ngeunaan Almasih? Sarebu taun sateuacan Almasih sumping kadunya, Daud parantos nyerat: *“Abdi dirurubung ku gorombolan jalma jahat. Maranehna lir gorombolan anjing, pasesedek ngaronom, ngareweg kana leungeun kana suku.”* Ku Daud

tos kabayang kumaha katurunan Adam bakal ngabolongan panangan sareng sampean Almasih ku makukeun dina salib. Kunaon nabi Daud nyeratkeun hal ieu? Kunaon Almasih kedah nyorang tunggara nu kalintang jerona? Ku naon Allah ngantepkeun manusa dugika ngarogahala Panebus anu diutudnya?

Rupina, Panebus kedah dirogahala téh kanggo ngagentosan tempat urang pikeun nanggung hukuman Allah. Kumargi tos dicarioskeun yén balukar tina dosa téh maot tur panghukuman langgeng dinaraka, janten jelas Panebus dirogahal téh kulantaran urang manusa.

Naon nu diserat ku Daud ngeunaan Almasih téh leres-leres pikahelokeun, margi 1000 taun saacan Almasih lahir Daud parantos nyeratkeun sacerewelena. Waktu Daud nyeratkeun hal ieu bangsa Romana oge teu acan aya didunya. Hartosna Allah parantos maparin wahyu ka Daud, yén Almasih pupus dina kai palang mangrupikeun rencana Allah kanggo nyalametkeun manusa tina hukuman dosa.

Bebeneran dina pasal ieu jelas pisan, hanyakalna seueur jalmi anu teu kersa nampi. Malah dugika dangeut ayeuna masih aya pertentangan ngeunaan anu diserat ku nabi Daud ngeunaan pupusna Almasih dina kai palang. Saurna: *"Allah teu mungkin bakal ngantepkeun Almasih maot kucara anu kacida ngerakeun jeung pikanyeurieun!* Namung tangtosna anu ngalakukeun kieu téh nyaéta jalma-jalma anu teu paduli kana surat anu diserat para nabi ngeunaan perencanaan panyalametan.

Hayu urang tingal langkung jero seratan nabi Daud ngeunaan pupusna Almasih, saparantos Almasih dipaku dina kai palang, dihina, dipoyok, jadi tontonan, acukNa diundikeun persis sapertos nu diserat ku Daud. Kitab Suci nyarios: *"Anjeunna terus disalib, anggoana-Na dibagikeun ku lotre, tuluy dijaraga bari dariuk. Anu laliwat ka dinya gogodeg jeung ngahina ka Yesus, pokna, "Wah, anu rek ngaruag Bait Allah jeung rek ngadegkeunana deui di jero tilu poe! Lamun Maneh Putra Allah, turun tina salib salametkeun diri!"* (Mat 27;35,36,**39,40**)

Naon anu diserat ku Daud téh leres-leres kajadianana, Daud oge nyeratkeun yén Almasih bakal ngaraos halabhab tur sangsara sacara jasmani, jiwa, sareng rohNa. Paraosan ieu anu nganjantenkeun Almasih jumerit: "Allah, Gusti abdi, ku naon ngantunkeun? Hartosna Allah téh Suci teu tiasa kompromi sareng dosa. Allah nyalira kedah misahkeun diri sareng Almasih....margi Allah ngabebankeun ka Anjeunna(Almasih) ganjaran pikeun sagala dosa manusa. Eta sababna pangandika Gusti nyarios: " Pikeun kasalametan urang, Almasih anu tanpa dosa teh ku Allah disina nanggung dosa urang, sangkan dina kasatunggalan jeung Anjeunna urang bisa diangken bener ku Allah."

Salajengna urang bade ngaos Jabur pasal 16, Daud nyeratkeun: " reh ku Gusti dijaga tina kawasa ajal. Abdi satuhu ngawula ka Gusti, ku Gusti moal diselehkeun ka dunya anu maraot." Didieu urang ningal



Daud nyarioskeun Allah parantos ngarencanakeun pikeun ngagugahkeun Almasih tina kubur supaya sing saha anu percaya ka Anjeunna tiasa hirup sasarengan dina kasucian kanggo salalamina. Sapertos anu kaunggel dina kitab Suci:" sakumaha anu kaunggel dina Kitab Suci, pangpangna hal pupusna Kristus ku karena dosa urang. hal dikurebkeuna-Na, hal dihirupkeuna-Na deui sanggeus tilu poe pupus sakumaha anu kaunggel dina Kitab Suci."

Daud oge langkung tipayun nyarioskeun yén saporantos Almasih gugah tinu maraot, Allah baris ngangkat Anjeunna ka surga sareng ngalengahkeun Anjeunna calik disabelah tengenNa, dugi ka mantenna sumping deui pikeun ngahukuman manusa dibumi. Ieu unggelna kitab Jabur 110: *"PANGERAN ngadawuh kieu ka raja gusti kaula: "Geura calik katuhueun Kami, nepi ka musuh-musuh hidep, ku Kami dijieun titincakan hidep."* Dina ahir pasal 22 Daud nyaretkeun:" *Kabeh bangsa bakal aringet ka PANGERAN. Jalma-jalma ti unggal juru dunya bakal tarobat ka Mantenna, sakabeh seler bangsa bakal sarujud ka Mantenna. Turunan nu engke datang bakal ngarabdi ka Mantenna. Jalma-jalma bakal nyarita hal PANGERAN ka turunanana. Turunan nu bakal keneh, bakal dicaritaan kieu, "PANGERAN geus nyalametkeun umat-Na."*

Pasal ieu dipungkas ku kecap "geus nyalametkeun". Janten naon anu dipidamel ku Almasih, Anjeunna baris maot kanggo gaganti sadaya manusa nu dosa. Anjeunna minuhan sagala hal anu parantos ku Allah dijangjikeun ka Adam sareng Hawa ngeunaan Panebus nu baris nyalametkeun maranehna sareng katurunan maranehna tina ganjaran dosana. Almasih baris janten kurban anu panungtungan, jadi kurban anu panungtungan. Ku pupusna Almasih dina kai palang kanggo minuhan lambang pangurbanan sasatoan anu ditungtut ku Allah ti jalma dosa dina jaman sateuacanna. Sapertos domba anu paeh kanggo gaganti murangkalihna Ibrahim Sang Panebus oge bakal maot salaku gaganti jalma dosa dimana pupusNa nyaéta korban anu sampurna sareng anu panungtungan kanggo sadaya jalmi tur kanggo salalamina.

Jalan kasalametan téh kabuka kanggo sadaya jalma anu percaya, eta sababna nalika dina ahir sateuacan Almasih pupus, Anjeunna sasauran *"parantos tuntas"*. Almasih parantos nyalametkeun, bahkan Anjeunna parantos ngelehkeun kawasa maot ku dibuktoskeun Anjeunna gugah tina maot dina dinten anu katilu. Urang bakal langkung ngartos nalika nalungtik kitab Injil.

Pamugi tiasa kaemut teras ku urang: sarebu taun sateuacan kalahiran Almasih, nabi Daud parantos langkung tipayun nyarioskeun yén, jalma-jalma dosa bakal maku panangan sareng sampeanNa Almasih. Almasih parantos pupus pikeun palawargi sareng abdi, tur kanggo sadaya manusa anu dosa supaya cing saha anu percaya ka Anjeunna moal binasa, tapi kenging kahirupan anu langgeng. Almasih ngantepkeun

jalma-jalmi makukeun panangan sareng sampeanaNa margi kanggo ngalaksanakeun naon anu dipikahoyong ku Allah, sareng kumargi asihNa anu ageung ka palawargi sareng abdi.

Palawargi kaum dangu sadayana, aya teu ucapan panuhun sareng sukur urang ka Allah dina hate urang margi Allah parantos ngutus Almasih kanggo nyalametkeun tina dosa-dosa urang? Pangandikas Gusti nyarios:” *Kristus ku anjeun geus ngabegbregan salira-Na dina kayu salib ku dosa-dosa urang, supaya urang bebas tina kakawasaan dosa, hirup nurutkeun pangersa Allah. Raheut-raheut salira-Na ngalantarankeun aranjeun cageur. Ku karena dosa urang, Almasih diserenkeun sina ditelasan, ti dinya dihirupkeun deui ku Allah, supaya ku jalan kitu urang bisa diangken jelema bener ku Allah. supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa, tapi meunang hirup langgeng.*”

Pamugi pangajaran dinten ieu tiasa katampi kalayan jelas kanggo palawargi.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 52

**Nabi Sulaeman**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Saupamin Allah nepangan palawargi sareng nyarios:” *Lamun maraneh tetep di Kami, tetep tigin kana piwuruk Kami, masih nyuhunkeun naon bae oge tangtu dikabulkeun.*” Naon anu bade dipilih? Panjang umur? Banda loba? Jadi anu kasohor?

Dina hiji waktos Allah nepangan Sulaeman murangkalihna Daud dina hiji ngimpi,” *Lamun maraneh tetep di Kami, tetep tigin kana piwuruk Kami, masih nyuhunkeun naon bae oge tangtu dikabulkeun.*” Terang naon nu ku Sulaeman disuhunkeun? Dinten ieu urang bade nalungtik kumaha waleran Sulaeman ka Allah.

Dina pangajaran 6 anu kalangkung, urang parantos nalungtik kahirupan nabi Daud, urang ngaos sababaraha nyanyian anu diserat dina kitab Jabur. Dina pangajaran nu kalangkung urang ningal kumaha Daun nyarioskeun yén: *“anak-anak Adam bakal ngarogahala Almasih tur bakal maku panangan sareng sampeanaNa.”* Daud oge nyarioskeun yén Almasih baris gugah diantawis anu maot.

Dinten ieu urang bade ngecagkeun carios ngeunaan Daud, tapi bade lajeng ka murangkalihna Sulaeman. Dina Kitab Raja-raja pasal 2 kitab Suci nyarioskeun:( 1 Raja-raja 2:1-3;10-11, Pasal 3:3,6,9-14, pasal 4:29-34).

*1 Daud geus ngaraos tereh puput yuswa. Seug wewekas ka Suleman putrana. Saurna,2 "Ama teh geus tereh dipundut nya umur. Hidep masing tegeer, sing jadi lalaki. 3 Jaga sagala pangersa PANGERAN, Allah*

panutan hidep. Tuturkeun hukum-hukum jeung sagala parentah-Na anu kaunggel dina Hukum Musa, sangkan jamuga di mana-mana, mulus dina sagala lampah. 3:3 Suleman kacida sumujudna ka PANGERAN, tur tuhu kana wasiat Daud ramana. Anjeunna oge ari meuncit kurban jeung ngurbankeunana sok nganggo altar di mana bae.<sup>6</sup> Waler Suleman, "Gusti parantos sakitu mikaasihna ka Daud pun bapa, abdi Gusti tea. Sawangsulna pun bapa sumujud satia ka Gusti. Kaasih Gusti ka pun bapa mayeng teu aya kandatna, dugi ka maparin anak anu ayeuna neraskeun tahtana.<sup>9</sup> Ku margi kitu abdi sumeja nyuhunkeun kapinteran sacekapna, supados tiasa ngatur umat Gusti kalayan adil palamarta, terang nu sae nu awon. Upami teu kitu, kedah kumaha diaturna eta umat Gusti anu sakitu seueurna?"

10 PANGERAN kalintang sukana ngadangu pamundut Suleman kitu,<sup>11</sup> lajeng nimbalan, "Maneh menta kapinteran geusan marentah kalawan bener, lain menta umur panjang, lain menta kabeungharan, lain menta pati musuh.<sup>12</sup> Pamenta maneh ku Kami dimakbul. Maneh bakal boga kapinteran jeung kawijaksanaan, leuwih ti nu saheulaeun kitu deui ti nu sapandeurieun.<sup>13</sup> Malah anu teu dipenta ge ku Kami rek dipaparin, boh kabeungharan, boh kamulyaan, saumur-umur, moal katepi ku raja-raja lian.

14 Jeung upama maneh nurut tur pengkuh nyekel papakon-papakon Kami cara Daud bapa maneh, tangtu dipanjangkeun umur ongkoh." 29 Suleman ku Allah dipaparin kapinteran, panemu jeung pangaweruh anu luar biasa, teu bisa kaukur.<sup>30</sup> Kapinteran Suleman leuwih-leuwih ti batan bujangga-bujangga Tatar Wetan atawa bujangga-bujangga Mesir.<sup>31</sup> Dina soal kapinteran, anjeunna leuwih-leuwih ti sakabeh jelema, ngungkulan Etan urang Esrah, ngungkulan Kalkol jeung Darda putra-putra Makol, kagurnita ka saban nagara tatangga.<sup>32</sup> Anjeunna ngarang tilu rebu siloka, kitu deui kidung-kidung leuwih ti sarebu rupa.<sup>33</sup> Iasa medar hal tatangkalan jeung tutuwuhan, mimiti tina hal kai kiputri Libanon nepi ka hisop anu jadi dina tembok; iasa medar hal sasatoan, bangsa manuk-manuk, bangsa reptil, jeung bangsa lauk. 34 Kapinteranana kagurnita ka sakabeh raja saalam dunya, seug raja-raja teh ngaririm utusan seja marulung hikmahna.

Salajengna kitab Suci nyerat, aya saurang ratu anu namina ratu Syeba anu linggih dibelah kidul Saudi Arabia nu ayeuna mah disebutna Yaman. Ngadangu jerona hikmat Sulaeman sareng kakayaanana, Sang ratu sumping ka Yerusalem kanggo ngabuktoskeun dadanguanana.

Dina pasal 10 kitab Suci nyarios"

1Kamashuran Raja Suleman kaemper-emper ka ratu nagara Seba. Tuluy eta ratu teh natamu ka Yerusalem, seja nguji ka Suleman ku rupa-rupa سوال anu muskil.<sup>2</sup> Angkatna nyandak pangiring pirang-pirang, nyandak onta loba kacida, dimuatan bungbu-bungbuan, permata, jeung emas teu kira-kira lobana. Sanggeus patepang seug ratu teh nyual, rupa-rupa sakur anu kakemu dina manahna.

3 *Sualan-sualan anjeunna teu aya anu teu kawaler, keur Suleman teu aya sualan anu hese nerangkeunana.*4 *Sang ratu geus nyaksian ku anjeun kapinteranana, karaton dadamelanana,*

5 *katuangan anu ngabarak dina mejana, tempat tinggal para mantrina, tata tertib jeung pakean para pagawe karatonna, anggah-ungguhna para pangbantu anu ngawulaan anjeunna dina pesta jeung kurban-kurban anu ku Suleman dihaturkeun di Bait Allah. Sang ratu bati helok sarta kataji.*6 *Pok sasauran ka Raja Suleman, "Cocog sakumaha wartos nu kakuping ku sim kuring di nagara. Kapinteran Sang Raja kalintang luhurna.*7 *Kawitna mah kirang percanten, nu mawi lajeng ka dieu sumeja ngahaja ngadongdon. Sihoreng perkawis kapinteran Sang Raja anu kakuping tina wartos mah teu paro-parona acan tina buktosna anu kasaksian pribadi. Kabeungharan sareng kapinteran anu kapimilik ku Sang Raja langkung-langkung jembarna ti batan cariosna.*8 *Bagja temen para wanita anu dipigarwa ku Sang Raja!*

9 *Sim kuring muji sukur ka PANGERAN Allah Sang Raja! Tetela salira teh ku PANGERAN dipaparin nugraha, dugi ka dijenengkeun raja nyangking Israil. Mana salira ku Mantenna diangkat jadi raja maranehna oge, tawis asih-Na ka urang Israil teu aya pegatna, mayeng langgeng, sangkan maranehna diparentah ku raja anu adil palamarta."*

Palawargi, naon nu dicarioskeun kupangandika Gusti ngeunaan ratu Syeba, kirang langkung 1.000 taun salajengna saparantos Almasih nyarioskeun ngeunaan ratu Syeba sareng Sulaeman:" *Dina Poe Kiamat, kajahatan aranjeun bakal ditunjuk ku ratu nagri Syeba, da eta ratu jauh-jauh ti nagrina geus merelukeun datang ngabandungan papatah-papatah Raja Suleman anu pinter wijaksana. Tapi ayeuna di dieu aya anu leuwih ti batan Raja Suleman!"*

Ngartos teu palawargi, naon anu dimaksud ku Almasih? Anjeunna nyarios, ratu Syeba anu ningal kamulian sareng kawijaksanaan Sulaeman bakal ngahukuman sadaya jalmi anu nolak pikeun nalungtik kamuliaan Almasih. Almasih anu sumping ti sawarga téh kawasa, mulia, sareng langkung wijaksana tibatan Sulaeman. Hanyakalna seueur diantara anak Adam teu terang kana kamuliana Almasih, dugika Almasih nyarios:" *Dina Poe Kiamat, kajahatan aranjeun bakal ditunjuk ku ratu nagri Syeba, da eta ratu jauh-jauh ti nagrina geus merelukeun datang ngabandungan papatah-papatah Raja Suleman anu pinter wijaksana. Tapi ayeuna di dieu aya anu leuwih ti batan Raja Suleman!"*

Kumaha sareng palawargi, naha parantos uninga kana kamulyaan Almasih anu di utus Allah? Naha samai sapertos nabi-nabi anu sanes? Emut teu palawargi naon hartosna Almasih? Almasih nyaéta saurang anu parantos diurapan Allah pikeun janten jurusalamet sareng hakim pikeun sakabeh bumi. Sok sanaos dugi kaayeuna seueur keneh manusa anu teu paduli ka Almasih, teu wanoh tur teu kersa nalungtik ngeunaan Anjeunna dina kitab-kitab para nabi.

Palawargi, Sulaeman nyerat 3 buku anu endah nyaéta: Siloka, Pandita, sareng Kidung Agung. Salajengna oge Sulaeman nyerat sababaraha nyanyian anu lebet dina kitab Jabur. Hayu urang aos Jabur pasal 72 anu uningana:” 8 *Karajaanana sing murba ti laut ka laut, ti Eprat dugi ka tungtung jagat.*9 *Urang gurun keusik masing tunduk ka anjeunna, musuh-musuhna masing sarujud.*10 *Raja-raja Sepanyol sareng anu ti pulo-pulo, sing carunduk nyaranggakeun pangabakti, raja-raja Arab sareng Etiopia caraos upeti.*

11 *Raja-raja sadayana bakal dareku ka anjeunna, bangsa-bangsa sadayana sami kumawula.* 17 *jenenganana sing tetep kawangi-wangi, kawentar mashur sapanjang surya gumelar. Mugia sakumna bangsa marenta diberkahan ku Allah, cara ngaberkahan ka raja.*18 *Puji PANGERAN Allahna Israil! Ngan Mantenna nyalira anu ngadamel saniskara mujijat.*19 *Puji jenengana-Na nu agung, salalanggengna! Kamulyaan Mantenna sing minuhan jagat. Amin! Amin!”*

Janten Sulaeman parantos uninga yén sadaya bangsa di dunya téh bakal tunduk ka Almasih. Kumaha sareng palawargi? Naha palawargi parantos wanoh sacara pribadi ka Almasih? Pangandika Gusti nyarioskeun:”*sadaua nabi parantos nyaksikeun ngeunaan Almasih, yén sakur anu percaya ka Anjeunna nampi panghampura dosa kulantaran namiNa.*” Percanten palawargi kana cariosan para nabi?

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 53

**Nabi Elia**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Dina tepangan anu kalangkung urang parantos nalungtik murangkalihna nabi Daud, nyaéta Sulaeman. Allah maparin hikmat sareng kawijaksanaan ka Sulaeman dugikeun ka Yerusalem mangrupikeun kota nu paling endah sadunya. Sulaeman ngawangun bait Allah ku ngadamelkeun 200 rebu jalma salami tujuh taun, dugi kakiwari paninggalan tilas pondasina araya keneh.

Saparantos bait Allah rengsé dipidamel, para imam ngurbankeun domba, sapi anu jadi lambang panebus anu baris sumping kanggo ngocorkeun getihNa kanggo manusa anu dosa. Domba jeung sapi téh dibeuleum dina altar, awan kamulian Allah minuhan ruangan Maha Suci anu dipidamel ku Musa di gurun keusik.

Pangandika Gusti nyarioskeun ahir pamarentahan Sulaeman dina kitab Raja-raja pasal 11:” 1 *Suleman kagungan kakasih loba pisan, wanita-wanita bangsa sejen. Kajaba ti prameswarina putra raja Mesir tea, garwana teh loba deui, urang Het, urang Moab, urang Amon, urang Edom, jeung urang Sidon.* 2 *Padahal geus aya timbalan PANGERAN, urang Israil teu meunang ngawin awewe bangsa-bangsa eta, bisi kabawa muja ka allah-allahna. Tapi Suleman teu burung migarwa wanita-wanita bangsa sejen.”*

Pangandika Gusti nyarioskeun yén saparantos Sulaeman ngantunkeun karajaan Isarel kabagi jadi dua bagian, nyaéta Israel sareng Yehuda. Sapuluh suku Isarel nu aya dikaler jadi karajaan Israel, suku Yehuda

sareng Benyamin ngawangun karajaan Kidul anu namina karajaan Yehuda. Yehuda téh nyaeta suku raja Daud nu dijangjikeun bakal lahirna Almasih.

Pangandika Gusti mintonkeun kumaha kadua suku Israel ieu kagungan seueur raja. Seuseurna ti raja Israel sareng Yehuda téh jahat, nukang-nonggong ka Allah ngilu ka agama sejen sareng raja anu paling jahat téh ngarana Ahab, raja ka-8 saparantos Sulaeman. Pangandika gusti nyarios:” *Ahab putra Omri mimiti jadina raja Israil dina taun katilu puluh dalapan Raja Asa nyangking nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana dua puluh dua taun. Anjeunna oge midamel dosa ka PANGERAN, tur leuwih ti nu ti hareula. Anjeunna mah kawas tacan ngaraos cukup ku midamel dosa cara kalakuan Yarobam, da nepi ka geureuhaan ka Isebel putra Raja Etbaal raja nagara Sidon sarta ngabakti ka Dewa Baal.* Ahab leres-leres ngadamel Allah murka ku jalan bilut kana agama jeung nabi-nabi palsu.

Waktos harita aya nabi anu namina Elia, hirupna bener dipayuneun Allah. Pangandika Gusti pasal 18 nyarios:” *1 Dina hiji mangsa, sanggeus halodo tea nincak kana tilu taun, PANGERAN nimbalan ka Elias, "Tepungan Raja Ahab. Kami rek nurunkeun hujan." 2 Bral Elias angkat. Harita paceklik di Samaria keur babangetna. 17 Barang ningali ka Elias, raja ngalahir, "Tah, ieu geuning maneh aya di dieu, tukang nyusahkeun di Israil teh!" 18 Waler Elias, "Sanes kaula tukang nyusahkeun mah, nanging Raja ku anjeun. Raja sareng kulawargi Raja tukang nyusahkeun mah. Sang Raja ngarempak timbalan-timbalan PANGERAN, nyembah ka arca Baal.19 Mugi raja marentahkeun ka urang Israil sina darongkap ka kaula di Gunung Karmel, sareng nabi-nabi Baal anu opat ratus lima puluh urang, kitu deui nabi-nabi Dewi Asera anu opat ratus urang, anu naredana dicekapan ku Isebel."20 Gancangna sakumna bangsa Israil jeung nabi-nabi Baal opat ratus lima puluh urang, kitu deui nabi-nabi Dewi Asera ku Ahab dipiwarang kumpul di Gunung Karmel.21 Sanggeus karumpul, Elias majeng nyaketan jalma rea, seug ngalahir, "Rek nepi ka iraha aranjeun midua hate? Upama PANGERAN anu jumeneng Allah, sing narurut ka Mantenna. Upama Baal anu jadi Allah, Baal tarurut!" Jalma rea ngabaretan, henteu nembal sakemek.22 Elias ngalahir deui, "Ieu kaula nabi PANGERAN kari sorangan, nabi-nabi Baal opat ratus lima puluh urang.*

*23 Coba mawa sapi ka dieu dua siki. Peuncit hiji ku nabi-nabi Baal, potong-potong, terus kana hurunan suluhkeun, tapi ulah waka diseuneuan. Kaula ge nya kitu rek meuncit nu hiji deui.24 Nabi-nabi Baal kudu sasambat ka dewana, kaula ge rek sasambat ka PANGERAN. Mana-mana anu disambat tea ngamakbul ngintun seuneu, eta nu jumeneng Allah." Jalma-jalma keprok sarurak.25 Elias ngalahir ka nabi-nabi Baal, "Ku sabab aranjeun lobaan, pek ti hareula meuncit sapina, petakeun sakumaha mistina, tuluy sasambat ka dewa aranjeun menta pangdurukkeun eta suluh."26 Seug nabi-nabi teh meuncit sapi*



terus dipotong-potong, tuluy reang sasambat ka dewana nepi ka tengah poe, pokna, "Nun Baal, mugi ngawaler!" Kitu bae saterusna bari tingalajrug ngurilingan altar jieunna. Tapi lebeng taya walonanana.

27 Sanggeus tengah poe, Elias ngalahir ka maranehna, ngabanyolan, saurna, "Tarikan sasambatna! Dewa eta teh, lain? Palangsiang keur ngalamun atawa eukeur ka cai, atawa keur jalan-jalan! Atawa keur bobo. Geuingkeun sina gugah!"<sup>28</sup> Nabi-nabi sasambatna beuki bedas, tuluy narurihan maneh ku peso jeung belati sakumaha adatna, getihna mani baloboran.<sup>29</sup> Kitu jeung kitu bae bari reang ngarocoblak nepi ka asar. Tapi lebeng teu aya walonanana, teu sora-sora acan.<sup>30</sup> Elias ngalahir ka jalma rea, "Ka darieu sing dareukeut!" Rob jalma rea ngararonyong ka anjeunna anu terus peta-peta rek ngomean altar PANGERAN anu geus runtuh.<sup>31</sup> Anjeunna ngumpulkeun batu dua belas siki, ngalambangkeun dua belas kaom anu make ngaran pala putra Yakub, jalmi anu ku PANGERAN dilandi Israil tea.<sup>32</sup> Batu-batu teh ku anjeunna dianggo ngawangun deui altar paranti ngabakti ka PANGERAN. Sakuriling altarna ku anjeunna dikali disolokankeun, teu wudu rubak, bisa muat cai kira-kira lima belas litereun.<sup>33</sup> Beres eta anjeunna neundeunan suluh kana luhur altar, tuluy meuncit sapi sarta dipotong-potong, diteundeunan kana luhur suluh. Pok ngalahir, "Mawa cai ka dieu opat tahang, banjurkeun kana ieu pikurbaneun jeung suluhna." Ku jalma-jalma ditarurut.<sup>34</sup> "Deui," saurna. Prak dibanjuran deui. "Sakali deui!" saurna. Prak dibanjur deui mani cipruk.<sup>35</sup> Caina tingcurulung ka sakuriling altar tuluy ngababayah minuhan solokanana.<sup>36</sup> Sanggeus nitih kana wanci ngurban burit, Nabi Elias nyaketan altar tuluy neneda, "Nun PANGERAN, Allah Ibrahim, Ishak, sareng Yakub, mugi nyatakeun yen Gusti teh Allah Israil, sareng nyatakeun yen sim abdi teh piwarangan Gusti tur parantos nedunan sugri timbalan.

37 Mugi ngamakbul, nun PANGERAN, mugi ngamakbul, supados ieu jalmi-jalmi tarerangeun yen Gusti teh PANGERAN, Allah, anu kersa ngahiap deui ka maranehna supados marulang deui ka Gusti."<sup>38</sup> Gur PANGERAN ngadatangkeun seuneu ti awang-awang, ngahuru kana kurban, kana suluh, kana batu, taneuh ge datang ka geheng, cai dina solokanana diletak nepi ka garing.<sup>39</sup> Jalma-jalma brak-bruk sarujud mareubeutkeun maneh kana taneuh, breng ngarucap, "PANGERAN teh estu Allah! Taya Allah lian ti PANGERAN!"<sup>40</sup> Elias marentah, "Tangkep nabi-nabi Baal! Ulah aya anu kabur!" Seug nabi-nabi Baal teh ditewakan, tuluy ku Nabi Elias digiring, mudun ka Susukan Kison, dipaehan kabeh di dinya.

41 Geus kitu Elias ngalahir ka Raja Ahab, "Parantos waktos tuang, mangga geura tuang. Tah sada hujan parantos ngaguruh."<sup>42</sup> Sabot Ahab rek prak tuang, Elias nanjak ka puncak Gunung Karmel. Di puncak brek sideku, mastakana di antara dua tekuna.<sup>43</sup> Geus kitu ngalahir ka pangiring, "Coba tempo ka laut!" Pangiring ngagidig, ana datang deui unjukan, "Teu aya naon-naon." Nepi ka tujuh kali dipiwarangna pulang anting ngawas-ngawas laut teh.<sup>44</sup> Katujuh kalina ana datang deui seug unjukan, "Nun,

*sumuhun jisim abdi ningal aya mega sagede leungeun jalmi unggah ti laut." Saur Elias ka pangiring, "Buru-buru ka Raja Ahab sina enggal-enggal kana kareta, geuwat mulih kituh bilih kapegat hujan."*

*45 Teu sabaraha lilana, langit reueuk mani angkeub, gelebug angin, breg hujan gede pisan. Ahab gura-giru kana kareta, mulih ka Yisrel."*

Carios diluhur mintonkeun kamuliaan sareng kawasa Allah, salajengna kawitna urang Israel teu percaya kana cariosdan Elia, tapi saparantos ninggal Allah ngawaler doana Elia ku nurunkeun seuneu ti langit kana altar, ahirna urang Israel sujud ka Allah bari nyarios:" *sabaraha lami deui maneh rek midua haté lamun Allah téh Gusti sembah Anjeunna, tapi lamun Baal téh allah heug sembah manehna.*" Jadi Elia miwarang urang Israel pikeun milih Allah Ibrahim, Ishak sareng Yakub atawa Baal nu kosong. Bebeneran atawa kabohongan.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pngajaran 54

**Nabi Yunus**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

----

Ngalangkungan tepang anu kalangkung urang parantos nalungtik hirup nabi Elia, nyaéta saurang anbi Allah anu dipinuhan Roh Suci. Anjeunna ngadoa supaya ulah turun hujan, teras doana didangu ku Allah. Elia oge ngelehkeun nabi-nabi Baal, ngalangkungan Elia oge urang Isarel dipiwarang tarobat deui ka Allah.

Ayeuna urang bade ninggal kahirupan nabi saparantos Elia, ku nabi ieu urang tiasa ninggal kumaha jalmi tiasa disalametkeun tina kabinasaan margi Allah maparin kasempetan anu sami kasadaya manusa. Sok sanaos bangsa eta téh ngamusuhan ka Israel.

Urang aos Kitab Yunus pasal kahiji nyarios: "*Hiji mangsa PANGERAN nimbalan ka Yunus putra Amitai.*

*Timbalana-Na, "Maneh kudu indit ka Ninewe, kota nu gede tea. Ancam urang dinya, sabab Kami nyaho kalakuan maranehna nu kacida gorengna."*

Parentah diluhur ktinggal jelas pisan, yén Yunus diutus kanggo ngemutkeun urang Niniwe sangkan maranehna tarobat tina dosa-dosana. Sok sanaos Niniwe téh kota jahat, nu hoyong ngahancurkeun Israel. Tapi, Allah hoyong sadaya jalmi tarobat tina kajahatan sareng dosa-dosana tur nampi kasalmetan.

Namung hanyalkan Yunus teu tumut ka Allah, bahkan anjeunna miharep Niniwe dibinasakeun ku Allah. Yunus malah lumpat rek ngajauhan Allah...Naha aya jami nu tiasa nyumputan Allah?

Pangandika Gusti nyarioskeun:” 3 Tapi Yunus anggur angkat ka tujuan anu sabalikna. Angkatna teh ka Yopa. Maksudna geusan nyingkiran PANGERAN. Di dinya aya kapal nu rek ka Sepanyol. Sanggeus mayar ongkos jalan, anjeunna unggah bareng jeung urang kapal, terus balayar ka nagara Sepanyol, sangkan jauh ti PANGERAN. 4 Tapi PANGERAN ngadatangkeun angin ribut di laut, topan kacida gedena nepi ka kapal meh bejad. 5 Matros-matros garugup, tuluy sasambat marenta tulung ka dewana masing-masing. Geus kitu muatan kapal dibalang-balangkeun ka laut, pikeun ngurangan pibahlaeun. Ari Yunus mah harita teh kulem tibra pisan di bagian handap. 6 Kapanggih ku nangkoda, sarta ceuk eta nangkoda ka Yunus, "Naha kalah ka sare? Hudang, sasambat ka dewa anjeun menta pitulung. Malakmandar aya piwelasma ngajait urang tina baya pati." 7 Matros-matros ngaromong pada batur, "Urang lotrekeun, supaya kanyahoan saha nu jadi gara-gara nepi ka urang nyorang ieu bahla." Sanggeus dilotre, lotrena keuna ka jenengan Yunus. 8 Ku sabab eta ceuk maranehna ka anjeunna, "Cobi wakcaceun, leres ieu teh gara-gara anjeun? Bade naon aya di dieu? Anjeun asal ti mana? Bangsa naon?" 9 Waler Yunus, "Kaula urang Ibrani. Kaula ngabakti ka PANGERAN, Allah nu jumeneng di sawarga, nu ngadamel daratan jeung lautan." Saterusna anjeunna nerangkeun yen keur minggat ti PANGERAN. 10 Matros-matros jadi kacida sarieuneunana, pok ngaromong ka anjeunna, "Ku naon anjeun nepi ka wani kitu?" 11 Ari topan beuki tambah jadi, seug matros-matros teh naranya ka anjeunna, "Kedah dikumahakeun anjeun teh supaya ieu topan eureun?" 12 Nabi Yunus ngawaler, "Alungkeun kaula ka laut, engke laut leler. Sabab kaula nu jadi lantaran aranjeun katarajang topan sakieu rosana teh." 13 Tapi urang kapal teh anggur haben bae ngadayung, nyoba nyisikeun kapal ka basisir. Tapi gaplah kawantu topan beuki ngamuk. 14 Ku sabab kitu maranehna sasambat ka PANGERAN, "Duh PANGERAN, mugi abdi-abdi sadaya ulah dihukum dugi ka tiwas, wireh abdi-abdi kapaksa kedah ngorbankeun ieu jalmi! Ieu perkawis disanggakeun ka Anjeun, nun PANGERAN, margi ieu sadaya pangersa Anjeun." 15 Geus kitu Yunus ku maranehna digotong, tuluy dialungkeun ka laut. Rep laut leler harita keneh. 16 Matros-matros jadi kacida sarieuneunana ku PANGERAN, nepi ka ngurban sarta jangji seja ngabakti ka Mantenna. 17 Ku kersaning PANGERAN, Yunus dilegleg ku lauk gede. Tilu poe tilu peuting anjeunna aya di jero beuteung eta lauk.”

Naha Allah ngudag Yunus nu keur kabur? Yunus bisa kabur, tapi moal bisa lolos ti panangan Allah. Allah ngudag Yunus maksudna nyaah tur maparin kasempetan ka Yunus kanggo ngadamel naon anu dipikahoyongNa.

Pasal 3 Kitab Yunus nyarios:” 1 PANGERAN nimbalan deui ka Yunus. 2 Timbalana-Na, "Geura indit ka Ninewe, kota nu gede tea, tepikeun ka urang dinya sakumaha timbalan Kami." 3 Yunus nurut, tuluy angkat ka Ninewe. Ninewe teh kota gede pisan, ngambah eta kota teh lalakon tilu poe. 4 Yunus lebet ka dinya. Sanggeus angkat sapoe jeput, anjeunna mimiti nguarkeun, saurna, "Opat puluh poe deui Ninewe

bakal dibasmi!"<sup>5</sup> Urang Ninewe palercaya kana eta pesen PANGERAN. Maranehna mutuskeun yen kabeh kudu puasa, sakabeh jelema, ti nu pangmulyana nepi ka nu panghinana sarta kudu marake baju karung, nandakeun pertobat. <sup>6</sup> Barang raja Ninewe ngadenge eta perkara, neut cengkhat tina tahtana, tuluy nyosoeh jubahna, diganti ku baju karung, tuluy diuk dina lebu.<sup>7</sup> Geus kitu anjeunna ngaluarkeun bewara ka sakumna rahayat Ninewe, ungelna, "Ieu parentah raja jeung para gegedenna: Jalma-jalma, sapi, domba, teu meunang aya nu dahar naon-naon, teu meunang dahar, teu meunang nginum.

<sup>8</sup> Jalma-jalma kabeh kudu marake baju karung. Sasatoan oge kudu dipakeanan karung. Saban jalma kudu sasambat ka Allah masing enya-nya pisan, sarta kudu miceun adat nu goreng, nyegah lampah nu jahat. <sup>9</sup> Muga-muga Allah robah manah sarta bendu-Na leler, supaya urang ulah paraeh!"

<sup>10</sup> Allah ningali lampah maranehna. **Ningalieun yen maranehna geus miceun tabeatna anu jahat. Ku sabab kitu pangersa-Na dirobah, henteu tulus ngahukum maranehna."**

Urang tengetan hal penting "urang Niniwe percanten kana sabda Allah." Sakabeh jelema ti nu pangmulyana nepi ka nu panghinana marake baju karung nandakeun tarobat. Hanyakalna Yunus teu seneng kana hal ieu, Allah nyaah ka urang Niniwe. Katingal dina pasal 4 nu nyarioskeun:" <sup>1</sup> Ku hal eta, Yunus pohara ngaraos mentegegna, malah bendu.<sup>2</sup> Tuluy sasambat kieu, "Duh PANGERAN, sanggem abdi ge memeh mios ti rorompok, kumaha? Tangtos kieu pijadieunana! Eta margina pang abdi teras minggat ka Spanyol! Abdi parantos apal, Gusti teh Allah anu sipat welas, sipat hampura, sabar teu aya watesna, sae salalamina, salamina sok tara cios bae ngahukum.<sup>3</sup> Kitu nu mawi, ayeuna mah cabut nyawa abdi, langkung sae maot ti batan hirup."<sup>4</sup> PANGERAN ngawaler, "Naon hak maneh nu matak ambek?"<sup>5</sup> Geus kitu Yunus kaluar ti dinya, tuluy calik wetaneun eta kota. Anjeunna ngadamel saung, tuluy ngiuhan di dinya bari ngawas-ngawas, hayang uninga naon nu bakal tumiba ka eta kota.

<sup>6</sup> Lajeng PANGERAN Allah ngersakeun aya tangkal jarak anu ngadadak jadi di dinya, jangkungna ngungkulan Yunus, malar anjeunna kaiuhan sarta leuwih genah calikna di dinya. Yunus ngaraos kacida sugemana ku ayana eta tangkal teh.<sup>7</sup> Tapi poe isukna, subuh-subuh keneh pisan, ku parentah Allah, akar eta tangkal diruksak ku hiji cacing nepi ka terus layu.<sup>8</sup> Sanggeus panonpoe meletek, Allah ngadatangkeun angin panas ti wetan. Yunus mehmeh katuralengan, sabab mastakana katojo pisan ku panonpoe, nepi ka humandeuar mundut ajal. Saurna, "Ti batan hirup kieu mah, mending ge paeh sakalian." <sup>9</sup> Tapi lahiran PANGERAN ka anjeunna, "Naon hak maneh nu matak ambek ku hal eta tangkal?" Waler Yunus, "Memang abdi gaduh hak pikeun ambek, ambek pisan dugi ka asa maot."

<sup>10</sup> Timbalan PANGERAN, "Eta tangkal jadina di jero sapeuting, euweuhna deui peuting isukna. Eta lain beunang melak maneh, lain maneh anu ngajadikeunana. Parandene maneh ngarasa lebar!"

*11 Komo Kami, pohara ngarasa lebarna, pohara watirna ka Ninewe, kota nu sakitu gedena. Leuwih ti kitu, di dinya teh aya barudak anu can nyaraho naon-naon, lobana leuwih ti 120.000 urang, kitu deui sasatoan anu sakitu lobana."*

Palawargi, ngalangkungan carios ieu urang tiasa diajar ngeunaan sipat sareng kabiasaan manusa sareng Allah. Salahsawiosna *"Allah sanes hiji pribadi anu pandangbulu, sementara Yunus pilih kasih, ngabeda-beda. Manah Allah benten sareng Yunus.*

Yunus nyaah ka bangsana ngewa kamusuhna, tapi Allah nyaah ka sagala bangsa anu kersa tobat ka Mantena pasti disalametkeun. Allah teu mikahoyong aya saurang manusa anu binasa, kumargi kitu Anjeunna jadi jalan kasalmetan eta.

Palawargi, teu kenging aya saurang oge anu tiasa nyasabkeun urang, margi kahoyong Allah sadaya jalmi disalametkeun. Tapi, kanggo jalmi nu teu kersa tobat bakal dibinasakeun. Kumargi kitu, pamugi dina tepangan salajengna urang bade diajar saurang nabi ageung anu namina Yesaya nu hirup 700 taun sateuacan kasumpingan Almasih.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 55

**Nabi Yesaya**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Ngalangkungan pangajaran anu kalangkung urang parantos diajar ngeunaan nabi Allah anu namina Yunus, anu rék kabur ti Allah. Yunus teu bisa kabur ti Allah, sabab Allah mah teras nyarengan dugikana jéro beuteung lauk.

Dina danget ieu urang baris nalungtik saurang nabi saporantos Yunus. Nabi anu kawentar anu namina Yesaya. Yesaya hirup 700 taun sateuacan Almasih, anjeunna saurang imam anu ngalayanan di bait suci anu diwangun ku Salomo di Yerusalem. Tugasna nyaéta ngurbankeun sasatoan dina altar, kurban ieu gambaran ti Almasih anu baris ngocorkeun getihNa pikeun dosa manusa didunya.

Urang aos Yesaya 6:1-8:

*"1 Dina taun pupusna Raja Usia kaula ningal PANGERAN, keur linggih dina tahta-Na anu luhur, jubah-Na minuhan Bait Allah. 2 Sakuriling Mantenna aya mahluk-mahluk keur narangtung, ngagalebur hurung, jarangjangan genep-genep, dua nutupan beungeutna, dua nutupan awakna, dua deui pikeun hiber.*

*3 Eta mahluk-mahluk paceluk-celuk pada batur, pokna, "Suci, suci, suci! Suci PANGERAN Nu Maha Kawasa! Kamulyaan Mantenna minuhan jagat!" 4 Sorana ngeundeurkeun dasar Bait Allah, jeung Bait Allah teh jadi pinuh ku haseup. 5 Ceuk kaula, "Tiwas aing! Sabab tiap ucap biwir aing teh doraka, jeung hirup teh campur jeung jalma-jalma anu saucap-ucapna jahat. Heug ayeuna nenjo Raja, PANGERAN Nu Maha Kawasa. Ku aing katenjo bungkeuleukan!" 6 Mahluk anu saurang turun hiber nyampeurkeun ka*

*kaula mawa ruhak ruhay dina cacapit. 7 Tel ruhakna ku eta diantelkeun kana biwir kaula, sarta ceuk eta mahluk, "Biwir maneh geus diantelan ku ieu. Kadorakaan maneh geus nyingkir, dosa maneh geus dihampura." 8 Kaula ngadenge Pangeran ngandika, "Saha nu ku Kami kudu diutus? Saha nu kudu jadi utusan Urang?" Kaula miunjuk, "Sumuhun abdi! Mangga abdi utus!."*

Yesaya digupay ku Allah kanggo ngadugikeun pangandikaNa ka bangsa Israel, kitab Yesaya panjang tapi kawincik sok sanaos hanyakal urang moal tiasa ninggal kitab ieu sacerewelena. Tapi sanaos kitu, urang tiasa ngaringkes 2 poko pikiranana. **Kahiji**, Yesaya masihan terang ngeunaan dosa urang Yahudi jeung akibatna. **Kadua**, Yesaya masihan terang ngeunaan Almasih nu baris sumping ka dunya. Tingkesanana: beja goreng ngeunaan dosa tur ganjaranana, beja bungah ngeunaan saurang jurusalamet nu baris nyalametkeun.

Yu urang tingal hal goreng anu dacarioskeun Yesaya 1:2-4, 13-15. "2 PANGERAN ngadawuh, "Eh bumi jeung langit, darengekeun ieu dawuhan Kami. Barudak anu ku Kami digedekeun geus ngalawan ka Kami.

3 Sapi wawuheun ka anu bogana, kalde ingeteun dibawa nyatuan ka mana ku dununganana. Eta leuwih harideng ti batan umat Kami Israil, anu henteu nganyarahokeun ka Kami." 4 Cilaka maneh eh bangsa anu doraka, eh jalma-jalma anu garoreng jeung jarahat! Maraneh bakal ngarempyek katindihan ku dosa-dosa! Maraneh nampik ka PANGERAN Allah Israil anu suci, geus mariceun." 13 Teu guna maneh mawa pangabakti oge. Kami ijid kana bauna eta beubeuleuman maneh! Kami ijid kana Pesta Bulan Anyar, kana Sabat, jeung kana kumpulan-kumpulan ibadah maneh, lantaran geus kalampud ku dosa maneh.14 Kami geus ijid kana eta Pesta Bulan Anyar jeung kana hari-hari besar maraneh, ngabangbaluhan bae Kami, nyapekeun.15 Kami arek ngabalieur lamun maraneh nadahkeun doa. Rek ngadaroa sakumaha rosana ge ku Kami moal ditolih. Sabab maraneh nadahkeun leungeun anu lamokot ku getih."

Sapertos kitu Yesaya negor bangsa Israel anu munapek jeung pengkuh haté, tapi salajengna Yesaya ngenalkeun ngeunaan Almasih nu baris sumping ka dunya. Yesaya nyerat: Yesaya 1:18; 40:1,3-5, 9-10; 7:14.

"1:18 PANGERAN nimbalan, "Hayu urang padukeun. Maraneh teh geus lestreng ku dosa, tapi ku Kami rek disina bodas beresih. Najan dosa maneh nepi ka beureum kawas getih, bakal jadi bodas kawas kapas.

40:1 Poe eta tanggal sapuluh, awal taun anu kadua puluh lima ti semet kaula sarerea dibuang, nincak taun kaopat welas ti semet Yerusalem ditaklukkeun, kaula ngarasa aya dina kakawasaan PANGERAN. 3



*Sanggeus kaula dibawa ka dinya, ningal hiji jelema, awakna herang kawas tambaga, keur nangtung deukeut hiji gapura bari nyekel tali ukuran tina lawon linen jeung tumbakan. 4 Anjeunna sasauran ka kaula, "Eh manusa, awaskeun sing tenget anu ku Kami rek ditembongkeun ka maneh, jeung pasang ceuli masing awas. Sabab nu matak maneh dibawa ka dieu teh ieu maksudna. Sagala rupa anu baris katenjo ku maneh, engke caritakeun ka urang Israil."5 Geus kitu kaula ningal Bait Allah, dibudeur ku kuta. Eta kuta ku jelema teh diukur ku tumbakanana anu panjangna tilu meter. Luhurna kuta tilu meter, kandelna tilu meter. 8 Eta rohangan diukur, rubak ka jerona opat meter. Eta rohangan teh nampeu pisan ka Bait Allah, tepasna jadi tungtung gang anu ti lawang gapura, sarta tembok jerona sisi ditu kandelna sameter.*

*(Kamar-kamar jaga kenca-katuhueun gang tea ukuranana sarua, kitu deui heuleutanana oge sarua anggana.)7:14 Ku margi kitu, Pangeran ku manten bade maparin tanda. Kieu: Hiji lanjang bakal bobot, seug ngowokeun putra pameget, dijenenganan Immanuel."*

Allah ngabukakeun rusia ageung ngalangkungan nabi Yesaya nyaéta rencana Knggo ngutus RohNa kana kandungan saurang parawan anu bakal ngalahirkeun Almasih. Saluyu sareng nubuatna Yesaya, Almasih bakal janten Allah dina wujud manusa tur kening gelar immanuel nu kagungan hartos Allah nyarengan umatNa,.

Dina pasal 9 sareng 35, Yesaya nganubuatkeun yén Almasih baris midamel padamelan-padamelan anu aheng nu teu acan kantos dilakukeun kumanusa, sadaya bakal uninga yén Anjeunna anu suci dipayuneun Allah! Eta margina Yesaya nyebatkeun "Panarosan Ajaib, Allah Perkosa, Rama Langgeng, Raja Kerta." Ieu ngabuktoskeun yén Yesaya wanoh sareng terang ka panebus anu langsung sumpingna ti Allah.

Urang bade ngaos pasal 53, nubuatan kumaha Almasih baris ngocorkeun getihNa sapertos hiji sato kurban, pikeun nanggung ganjaran tina dosa dunya. Yesaya 53:1-12, nyarios:

*"1 Jawab jelema-jelema, "Atuh da tadina mah saha nu rek percaya kana eta warta? Da tacan aya anu kungsi nenjo, yen eta teh beunang panangan PANGERAN ngatur!2 Geus kersaning PANGERAN eta abdi-Na teh sina kitu, lir tangkal anu jadinya dina taneuh angar. Teu martabat, teu harkat, taya pisan panarikna. Jadi urang teh teu hayang ngadeukeutan.3 Anjeunna ku urang dihina, ditampik, teu kendat lara nandang kanyeri. Saurang ge euweuh nu hayangeun nenjo-nenjo acan ka anjeunna, ku urang teu dipalire, dianggap teu aya bae.4 Disangka ku urang mah sangsarana teh lantaran dihukum ku Allah. Sihoreng keur nalangan urang! Da saenyana mah urang anu kuduna nandang lara jeung nyeri teh.*

5 Pang anjeunna taratu teh, ku karana dosa urang. Anjeunna pada ngarangketan, ku karana kajahatan urang. Anjeunna nandangan hukuman, sangkan urang disalametkeun, anjeunna raraheut, sangkan urang dicageurkeun. 6 Urang teh ibarat domba leungit, ngalantrah neangan jalan sorangan. Tapi hukuman anu kuduna keuna ka urang, ku PANGERAN diteumbleuhkeun ka anjeunna. 7 Anjeunna dikaniaya teu kira-kira, tapi sakiat-kiat nangankeun anjeun, henteu embut lambe-lambe acan. Lir anak domba nu rek dipeuncit, lir domba nu rek dicukur buluna, henteu kecet-kecet acan. 8 Anjeunna didakwa, dihukum, tuluy digiring rek ditelasan. Ku jalma-jalma henteu dipirosea. Anjeunna pupus dihukum pati, ku karana dosa rahayat urang. 9 Pupusna dihijikeun jeung jalma-jalma jahat, dimakamkeun reujeung nu beunghar. Padahal anjeunna teh jajauheun tina jahat, tara bohong-bohong acan." 10 PANGERAN ngadawuh, "Eta geus pangersa Kami anjeunna kudu sangsara. Pupus jadi kurban pikeun nebus dosa. Ku jalan kitu yuswana bakal panjang, sarta piningalieun turunanana. Nya ku jalan anjeunna, pangersa Kami bakal ngajadi. 11 Sanggeus leupas tina hirup sangsara, anjeunna bakal senang deui, sarta bakal karaoseun, yen sangsarana teh teu gaplah. Eta abdi Kami nu satuhu, anu dipikasuka ku Kami, bakal nanggung kasalahan jalma loba. Sarta ku karana anjeunna, kasalahan jalma-jalma teh ku Kami bakal dihampura. 12 Ku sabab kitu anjeunna rek dipaparin tempat kaajen, di antara anu karawasa jeung aragung. Anjeunna geus iklas ngurbankeun nyawa nalangan hukuman jalma doraka, jadi gaganti jalma doraka. Sarta mangnedakeun sangkan maranehna bisa dihampura."

Hal diluhur ieu ngeunaan kasangsaraan nu baris ditanggung ku Almasih lantaran dosa-dosa urang.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun pataros anu atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## **Jalan Kahirupan Sajati**

Pangajaran 56

**Nabi Yeremia**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Parantos kakuping ku urang kumaha nabi Yesaya nyerat seueur hal ngeunaan Almasih anu baris sumping. Tujuh ratus taun sateuacan lahirna Almasih, Allah parantos ngawahyuan ngalangkungan nabi Yesaya kumaha Sang Jurusalamet baris sumping, dibabarkeun ku saurang parawan, hirup dina kasucian, tur seueur midamel mujijat nu teu acan kantos dipidamel ku anu sanesna. Salain ti eta Yesaya oge nganubuatkeun yén Almasih bakal ngocorkeun getihNa, sapertos domba kurban kanggo mayar hutang saeusi dunya. Saupamina kurban Almasih ieu parantos lengkep, Anjeunna baris ngelehkeun kawasa maot tur gugah tina kubur, maparin kahirupan langgeng kanggo sadaya jalmi anu percaya ka mantenNa. Dina dinten ieu urang bade diajar kahirupan saurang nabi ageung sanesna nyaéta Yeremia.

Yeremia téh nyondong 100 tahun saparantos Yesaya. Bangsa Israel parantos jadi dua karajaan nyaéta Israel sareng Yehuda. Jaman Yeremia Israel Kaler tos hancur, margi ku Allah diserenkeun kamusuh lantaran teu ngadangukeun naon cariosan para nabi tur teu daek tarobat. Janten dina jaman Yeremia mung aya karajaan Yehuda hungkul, anu ibu kotana Yerusalem.

Yeremia téh urang Ibrani, jalmi anu satia tur taat, ramana oge saurang imam di bait suci di Yerusalem. Urang Israel téh jalma anu nyepeng agama, tapi teu percaya kana pangandika Gusti. Tapi Yeremia mah anu satuhu tur percaya kana poenan dimana Allah bakal ngutus Almasih ka alam dunya.

Ayeuna urang tingal pangandika Gusti, kumaha Allah ngagentraan Yeremia. Dina pasal kahiji, kitab Yeremia kaserat:

*4 PANGERAN nimbalan ka kaula, 5 "Maneh, ti memeh ku Kami dihirupkeun, ku Kami geus kapilih, geus ditangtukeun ti memeh dijurukeun keur pinabieun bangsa-bangsa." 6 Jawab kaula, "Gusti, PANGERAN, abdi henteu tiasa cacatur jalaran ngora keneh pisan." 7 Tapi dawuhan PANGERAN ka kaula, "Ulah majar ngora keneh pisan. Datangan jalma-jalma anu ceuk Kami kudu didatangan, sarta omongkeun ka maranehna sakur anu ku Kami dititah diomongkeun. 8 Tong sieun-sieun, sabab ku Kami tangtu diaping ditangtayungan. Kitu timbalan Kami, PANGERAN!" 9 Ti dinya PANGERAN ngulurkeun panangan, nyabak biwir sim kuring bari ngadawuh, "Regepkeun, ieu Kami mere ucapan-ucapan anu kudu diomongkeun ku maneh. 10 Poe ieu maneh ku Kami dibere kawasa geusan ngawasaan bangsa-bangsa jeung karajaan-karajaan, kawasa nyabut jeung ngarabut, kawasa numpur jeung ngagempur, kawasa nancebkeun jeung melakkeun."*

Sapertos kitu Allah ngagupay Yeremia téh, Allah ngutus ka bangsana sorangan supaya urang Israel tarobat tur nampi pangandikaNa. Tugasna Yeremia kalintang abotna, margi urang Yahudi teu resep lamun aya anu ngabejaan yén kagiatan agamana teu kamanah ku Allah. Salajengna memang Yeremia sanes hiji jalma anu gampang tiasa ngagumbirakeun manusa. Salami 24 taun Yeremia khotbah di Yerusalem tur sadaya tanah Yehuda, sapertos kieu: "Allah ngutus kami mepelingan aranjeun lamun aranjeun teu daraek tobat tina dosa-dosa tur teu taat kana pangandikaNa, Allah bakal ngantepkeun tantara Babul newak tur ngajadikeun tawanan dinagri anu jauh." Ieu pesen nu didugikeun Yeremia ka urang Yahudi nu linggih di Yehuda.

Hayu urang aos kitab Yeremia pasal 7:

*"4 Ulah palercaya deui ka nu sok ngomong kieu: 'Di dieu urang aman! Ieu teh Bait PANGERAN, ieu teh Bait PANGERAN, ieu teh Bait PANGERAN!' 5 Robah jalan hirup jeung eureunan kalakuan nu ayeuna teh. Dina urusan jeung pada batur kudu jujur. 6 Ulah macikeuh deui ka urang asing, ka yatim pahatu jeung ka randa-randa. Ulah maehan deui jelema anu taya salahna di ieu tanah. Ulah ngabarakti deui ka allah-allah sejen, sabab eta teh bakal nyilakakeun ka maraneh. 7 Saupama maraneh daraek robah kalakuan, ku Kami diidinan caricing terus di ieu tanah anu ku Kami geus dipusakakeun ka karuhun maraneh supaya jadi tanah milik anu tetep. 8 Tapi tetela, anu dipercaya ku maraneh mah omongan anu nyasabkeun.*

*9 Maraneh ngabangsat, maehan, jinah, sumpah palsu, ngurban ka Baal, jeung nyarembah ka dewa-dewa anu tadina maraneh teu wawuh. 10 Sanggeus nyieun eta kalakuan anu pikagirukeun Kami, maraneh daratang ka hareupeun Kami, ka ieu Bait Kami, bari ngomong, 'Urang aman!'.*

Yeremia negor ka urang Yahudi anu pura-pura wanoh ka Allah, tapi kalakuanan teu bener.

Numutkeun palawargi kumaha sikepna urang Yahudi kana pepeling ti Allah ngalangkungan Yeremia? Sabagian ageung ti maranehna teu paduli kana hal eta, kalebet para imam. Justru sabalikna para imam newak Yeremia, nyiksa, tur nalian sukuna ku rante. Para imam teu narima yén urang Babul bakal asup ka Yerusalem tur ngahancurkeun kota sarta bait Allah anu diwangun ku Sulaeman.

Sanes mung para imam anu nolak kanggo nampi pesen ti Allah, tapi urang Yehuda oge sami. Kalebet raja saparantos maca buku anu diserat Yeremia, manehna nyandak peso terus ngeretan buku eta tos kitu dialung-alungkeun kana seuneu. Raja sanes tobat tina dosana, tapi malah negtreg jeung ngeraskeun hatena. Raja bisa ngaduruk buku anu ditulis Yeremia, tapi manehna moal bisa ngarubah kaputusan Allah. Ahirna Allah nganggo Yeremia kanggo nyeratkeun deui sadaya cariosanana dina buku.

Urang Yahudi nolak cariosan Allah ngalangkungan Yeremia, tapi maranehna ngadaréngé omongan nabi-nabi palsu anu ngomong: *" Moal...moal kajadian naon anu ku Yeremia diomongkeun! Urang babul moal mungkin ngahancurkeun Yerusalem! Moal aya saurang oge anu bisa ngahancurkeun bail Allah! Maraneh moal ningali kahancuran, maraneh bakal hirup ayem-tentrem. Dimana-mana ngan aya katentreman."*

Tapi nabi Yeremia nyarios kasadaya urang Yahudi (Yer 23:16,21-22)

*"16 PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan ka urang Yerusalem, "Maraneh ulah rek ngadenge kana piwejang eta nabi-nabi. Piwejangna mah garenah, tapi palsu. Anu diwejangkeunana teh hasil rekaanana sorangan, lain pangandika Kami. Kieu timbalan PANGERAN, "Eta jalma-jalma ku Kami henteu diutus, tapi bet jaradi nabi. Kami teu mere timbalan naon-naon ka maranehna, tapi ana maranehna wewegang sok mamawa ngaran Kami. 22 Ari enya mah nyarahoeun kana rusiah manah Kami, atuh anu kudu ditepikeun teh geus tangtu timbalan Kami, sangkan umat Kami tarobat tina dosana, areureun tina lampahna nu jahat."*

Didieu Yeremia ngemutkeun urang Yahudi supaya ati-ati kana omongan nabi palsu, tapi dina ahirna raja, urang yahudi, tur nabi-nabi palsu ningal sagala hal anu tos dicarioskeun ku Yeremia ngeunaan kahancuran Yerusalem ku matana sorangan. Pangandika Gusti jadi kanyataan.

Pangandika Gusti nyarioskeun : (Yer 52: 4-10)

*"4 Ku sabab kitu Nebukadnesar nyandak balad tuluy nempuh Yerusalem dina tanggal sapuluh bulan sapuluh taun kasalapan pamarentahan Sidkia. Baladna nyarieun pakemahan di luareun eta kota, nyieun tembok-tembok pangepungan di sakurilingna. 5 Eta kota terus dikeprung nepi ka taun anu kasabelas*

*pamarentahan Raja Sidkia. 6 Dina tanggal salapan bulan opat taun eta, dina keur meumeujeuhna diamuk ku bahaya kalaparan nepi ka rahayat geus teu baroga pisan dahareun, 7 kuta eta kota geus bisa ditorobos ku musuh. Tapi tentara-tentara nagri Yuda kabeh kalabur ti peuting, sanajan sakitu dikepungna oge ku urang Babul. Kalaburna make jalan ka taman karajaan, ngaliwatan gapura nu nyambungkeun tempat patepungna dua kuta, ti dinya terus muru ka Lebak Yordan. 8 Tapi Raja Sidkia diudag ku balad Babul, nepi ka katangkep di hiji tegal deukeut Yeriho, ditinggalkeun ku sakabeh baladna. 9 Sidkia dibawa ka Raja Nebukadnesar nu keur calik di kota Ribla di wewengkon Hamat, ti dinya anjeunna ku Nebukadnesar ditibanan hukuman. 10 Di Ribla putra-putra Sidkia dipaehan di payuneun Sidkia pisan, kitu deui para pajabat nagri Yuda.”*

Allah nyumponan jangjina, urang Yahudi sadar yén cariosan Allah ngalangkungan Yeremia téh bener, tapi hanyaalna maranehna telat lantaran maranehna geus jadi tawanan di Babul.

Palawargi, kacindekanana tina pangajaran ieu: sadaya katurunan dam bakal apal mana nu bener jeung anu salah, tapi hanyaalna lamun apalna dina ahir kahirupanana. Eta sababna pangandika Gusti cumarios: “Ayeuna waktuna Gusti, poena kasalametan”

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 57

**Nabi Daniel**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Ngalangkungan pangajaran kalangkung, urang parantos nalungtik kitab Yeremia, anu hirup sakitar 600 taun sateuacan kasumpingan Almasih. Urang ningal kumaha Yeremia ngemutkeun urang sabangsana, nyarioskeun yen pami maranehna teu daek tobat tina dosa-dosana, tentara Babel baris ngahancurkeun kota Yerusalem tur ngajadikeun maranehna salaku badega/budak. Ahirna naon nu dacarioskeun ku Yeremia téh kajantenan, tantara Babel datang ngahancurkeun Yerusalem sareng Bait Suci tur ngajadikeun urang Yehuda salaku tawanan.

Kahancuran Yerusalem sanes hartosna Allah miceun urang Yahudi, kaum pilihanNa. Margi Allah moal hilap kana jangjiNa ka Ibrahim, Ishak sareng Yakub. Allah moal ngahilapkeun rencanaNa pikeun ngutus Panebus ka dunya. Kumaha Allah miara kahirupan urang yahudi di Babel salami 70 taun, dugi ka Anjeunna nyandak deui maranehna balik ka Yerusalem.

Dinten ieu urang bade diajar saurang nonoman nu dicandak ka Babel salaku tawanan. Ieu nonoman téh namina Daniel, anu ngadung hartos Allah nyaeta hakim abdi. Daniel teu sieun ku sing saha wae, kajabi ku Allah. Daniel teu paduli kana pamagih manusa ngeunaan dirina, tapi langkung waspaos kana kahoyong Allah. Daniel percanten kana cariosan nabi Sulaeman: *"sieun kana pamagih manusa ngabalukarkeun kasusahan, percaya ka Gusti nu ngajadikeun aman."* Allah maparin wahyu ka Daniel kanggo nyeratkeun kitab, anu eusina ngeunaan wahyu anu sulit diteuleuman ku pikiran manusa. Mung Allah anu terang kana kajantenan nu baris datang. Sok sanaos kitu Daniel seueur nyerat sajarah bangsa di dunya, sapertos

karaajaan Persia, Yunani sareng Romawi sateacan bangsa eta aya. Daniel nyeratkeun naon nu bakal dilakukeun para raja bangsa-bangsa, sareng tumali sareng kasumpingan anu ngawaitan sareng anu kadua ngeunaan Almasih. Daniel nyarioskeun kasumpingan anu kahiji, Almasih baris dipotong, nyaeta dipaehan salaku kurban dosa, tapi nalika Almasih sumping u kadua kali bakal ngahukuman bumi kubebeneranaNa. Kitab Suci nyarios Daniel 7:13-14:" *13 Dina tetenjoan kaula peuting eta, kaula nenjo aya nu sumping dikuribeng ku mega, rupana sarupa jeung manusa, nyampeurkeun ka kaula, terus nyaketan ka Mantenna anu jumeneng langgeng sarta tuluy dikenalkeun ka Mantenna. 14 Ti dinya anjeunna dipaparin kawasa, kahormatan jeung pangkat raja, sangkan disembah ku sakabeh bangsa, sakabeh seler bangsa, sabasana-sabasana. Kakawasaanana baris langgeng, karajaanana moal aya anggeusna."*

Kacarioskeun Nebudkadnesar raja Babel milih sababaraha nonoman pikeun dilatih jadi padamelna, anu dipilih nyaeta anu utekna pinter diajar kana aksara sareng bahasa Babel, Daniel kalebet anu kapilih. Daniel ngawitan diajar disakola-sakola Babel, tapi ti poe kahiji daneil disingharepkeun sareng pilihan. Tapi raja tos nyarios barudak anu diajar kudu nginum anggur sareng tuangeun anu hade nu tos dipersebahkeun ka brahala, namung Daniel tetep ngajaga hatena teu daek nyandak bagian tina eta inumen sareng dahareun. Kitab Suci nyarios:" *Tapi Daniel geus nekadkeun moal seja ngarurujit diri ngarempak cegahan agama ku kadaharan jeung inuman ti karaton. Nya mundut tulung ka Aspenas."*

Kitab suci nyarioskeun kumaha Allah ngalepaskeun Daniel tina masalah eta, dugi Daniel dipaparin kapinteran sareng hikmat langkung tibantan nu lainna. Daniel benteng sareng padamel-padamel anu sanesna nu sok muter balikeun kanyataan, Daniel mah dina sagala hal teras ngalibatkeun Allah.

Nalika yuswa Daneil parantos sepuh, Kitab Daniel pasal 6:1-25 nyarios:" *1 Darius mutuskeun ngangkat saratus dua puluh gupernur, pikeun nyangking pamarentahan sakuliah karajaan. 2 Ari Daniel, jeung duaan deui, ku anjeunna diangkat jadi pangawas para gupernur, sarta kudu nalingakeun kapentingan raja. 3 Daniel jol-jol katangen leuwih parigel ngajalankeunana tugas, ti batan dua pangawas lianna kitu deui ti para gupernur. Ku lantaran kacida nyongcolangna, raja aya kersana rek ngangkat anjeunna sina nyangking sakabeh urusan nagara. 4 Pangawas nu duaan deui tea sakait jeung para gupernur, neangan kasalahan Daniel dina hal ngolah urusan karajaan. Tapi teu manggih-manggih, kawantu anjeunna jalma satuhu, taya codekana jeung jujur. 5 Ceuk nu sakait, "Moal manggih pisababeun geusan ngelakkeun Daniel, salian tina hal-hal anu patali jeung agamana." 6 Ti dinya maranehna ngadareuheus ka raja, arunjukan kieu, "Mugia Kangjeng Raja Darius wilujeng sapapanjangna! 7 Abdi sadaya, anu dipercanten ngurus karajaan Gusti, para pangawas, para gupernur, para wakil gupernur sareng para pajabat sanesna, seja nyanggakeun pirempag, manawi Gusti kersa ngaluarkeun parentah anu wajib diestokeun. Ungelna,*



di lebet tilu puluh dinten teu kencing aya anu nyuhunkeun naon-naon, boh ka dewa mana bae, boh ka papada manusa, lintang ka Kangjeng Raja. Anu ngalanggar ieu parentah, kedah dilebetkeun ka guha singa. 8 Mugu Kangjeng Raja ngaluarkeun eta serat parentah sareng ditawis, jadi undang-undang Media sareng Persia anu moal robah deui." 9 Raja Darius tuluy nanda eta surat parentah. 10 Daniel uningaen yen aya parentah kitu tur enggeus sah. Anjeunna mulih ka bumina, terus lebet ka kamar di loteng, anu jandela-jandelana nyanghareup ka Yerusalem. Brek anjeunna sujud mayun kana jandela-jandela anu maruka, neneda ka Allah, sakumaha sasari sok tilu kali dina sapoe-sapoena. 11 Barang musuh-musuh Daniel nyarahoeun yen anjeunna keur neneda ka Allah, 12 tuluy ngadareuheus ka raja, ngadukeun. Piunjukna, "Kangjeng Raja parantos ngaluarkeun parentah, anu ngalarang jalmi-jalmi teu kencing nyuhunkeun naon-naon, boh ka dewa mana bae, boh ka papada manusa, di lebet tilu puluh dinten, kajabi ti ka Kangjeng Raja. Anu ngalanggar baris dilebetkeun ka guha singa." Waler raja, "Enya. Larangan keras. Dikukuhkeun ku undang-undang Media jeung Persia anu moal robah deui." 13 Piunjuk maranehna deui, "Unjuk uninga. Daniel, salah sawios tawanan ti nagri Yuda tea, parantos teu ngendahkeun eta parentah. Manehna angger neneda ka Allahna, sapertos sasari, tilu kali sadintenna." 14 Barang diuningaan kitu, raja jadi pohara ngarenjagna. Tuluy sakedah polah milari jalan keur ngabelaan Daniel. Milarina pijalaneun nepi ka surup panonpoe. 15 Jelema-jelema tea ngadareuheus deui ka raja sarta arunjukan, "Kangjeng Raja langkung tingali, numutkeun undang-undang Media sareng Persia, parentah Raja anu parantos dikaluarkeun, moal robah deui." 16 Tungtungna raja nimbalan supaya Daniel ditangkep, terus digebuskeun kana guha singa. Ari anjeunna ngalahir ka Daniel, "Mugi-mugi anjeun sing disalamatkeun ku Allah, anu ku anjeun disembah kalawan satuhu." 17 Lawang guha singana terus ditutup ku batu, sarta batuna dicap ku cingcin raja jeung cingcin cap para gegeden, supaya ulah aya nu bisa nulungan ka Daniel.

18 Geus kitu raja mulih ka karaton, sarta peutingna teu iasa kulem, teu kersa tuang, teu kersa ngadangukeun tatabeuhan. 19 Rebun-rebun keneh anjeunna geus gugah, gusak-gasik ngabujeng ka guha. 20 Sasumpingna terus celak-celuk bari degdegan manahna, saurna, "Daniel, abdi Allah nu jumeneng! Kumaha Allah, anu ku anjeun disembah kalawan satuhu, kersaeun nyalamatkeun anjeun tina pangreweg singa?" 21 Daniel ngawaler, "Mugia Kangjeng Raja wilujeng sapapaosna! 22 Allah parantos ngutus malaikat-Na ngabekem sungut-sungut singa dugi ka teu tiasa kua-kieu ka abdi Gusti. Mantenna kersa maparin pitulung, wireh uningaen yen abdi teu gaduh dosa, sareng ka Gusti ge henteu gaduh kaluluputan, nun Kangjeng Raja." 23 Raja kacida bingaheunana. Tuluy nimbalan sangkan Daniel dikaluarkeun ti jero guha singa. Tuluy Daniel dikaluarkeun, sarta tetela salirana teu cecel teu bocel, lantaran pageuh ngandel ka Allah. 24 Geus kitu raja marentah, sangkan jelema-jelema anu ngadukeun Daniel tea ditangkep, tuluy digebus-gebuskeun kana guha singa tea, malah katut saanak pamajikanana.

*Memeh nepi ka dasar guha oge enggeus digabrungan, tulang-tulangna raremuk. 25 Geus kitu Raja Darius ngadamel surat ka rahayat, sagala bangsa, seler-seler bangsa jeung basa-basa di dunya. Kieu ungelna: "Salam!*

*Palawargi, naon nu dicarios ku raja Darius saparantos Daniel salamet dina guha singa:" Kami marentahkeun, sangkan di sakuliah karajaan kami, unggal jelema kudu neundeun kasieun jeung ngahormat ka Allahna Daniel! Anjeunna teh Allah anu jumeneng, tur baris kawasa salalanggengna. Karajaan-Na moal beunang ditumpur. Kakawasaana-Na hamo aya sudana."*

Palawarga terang Allahna Daniel? Naha palawargi hoyong ditulung ku Allah sareng taat kana sabdaNa?

Haturnuhun parantos ngupingkeun acara ieu, Kitab Zakaria nyarioskeun:"*sieun ka manusa ngadatangkeun cilaka, tapi percaya ka gusti mah, diraksa."*

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 58

**Nabi Zakaria**

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Ditepangan anu kalangkung, urang parantos diajar ngeunaan nabi Yeremia ngemutkeun bangsana yen lamun maranehna teu daek tobat tina dosana Allah bakal ngantepkeun tantara Babul pikeun ngahancurkeun nagrina tur ngajadikeun maranehna salaku badega. Sabagian urang Yahudi téh teu paduli kana cariosanana Yeremia, akibatna sadaya nu dicarioskeun ku Yeremia sadayana kajantenan.

Kitab Suci nyarioskeun: *"Kaula nyuratan ka dulur-dulur anu ku Nebukadnesar diakut ti Yerusalem ka Babul, nya eta imam-imam, nabi-nabi, para pamingpin rahayat, jeung nu sejen-sejenna. Kieu deui timbalan PANGERAN, 'Upama di Babul geus jejeg tujuh puluh taun, Kami tangtu ngalayad ka maraneh, baris ngabuktikeun jangji seja mulangkeun maraneh ka lemah cai. Kami henteu samar kana sagala pikersaeun ka maraneh. Nya eta seja nyenangkeun, lain rek nyilakakeun. Seja mere pijamugaeun ka hareup."*

Ngalangkungan hal ieu, Yeremia nuju ngemutkeun urang Yahudi yen sok sanaos maranehna tos ngahilapkeun Allah, Allah mah teu ngahilapkeun maranehna. Sapanantos 70 taun Allah ngarencanakeun bade mulangkeun maranehna ka tanah nu tos dijangjikeun. Saleresna Allah téh satia, tara ingkar tina jangjiNa. Ngalangkungan pangajaran ieu, urang parantos ningal kumaha Allah milih nabi-nabiNa diantawis urang Ibrani (Yahudi), ngawahyuan aranjeunna kanggo ngadugikeun sabdaNa kanggo katurunan anu baris datang. Urang parantos ningal Allah ngawahyuan Musa kanggo nyarat Toret, sareng jabur nyanyian ka Daud. Salajengna Allah oge ngawahyuan Yosua, Samuel, Sulaeman, Yesaya, Yeremia, sareng Daniel

kanggo nyeratkeun kitab Suci. Kitab-kitab ieu téh nguningakeun rencana Allah nyaeta bade ngutus jurusalamet dunya ti bangsa Israel

Ayeuna urang bade ninggal kumaha Allah nyandak mulih urang-urang Yahuda ka tanah Yehuda tempat dimana Amasih bari lahir, nu hartosna Allah teras barangdamel maju kanggo ngalaksanakeun jangjiNa nyumpingkeun Panebus lahir kadunya. Urang diemutkeun sateuacanna yen tanah Babul téh ayeuna mah namina Persia.

*Kitab Ezra 1:1-2,5-7 nyarios: "Dina taun kahiji jaman Kores jadi raja Persia, PANGERAN ngabuktoskeun pangandika-Na anu ditepikeun ku Nabi Yermia. Mantenna ngagerakkeun manah Kores, sangkan ngaluarkeun parentah. Seug eta parentah ditulis, diumumkeun di sakuliah karajaan. Unina: 2 "Ieu parentah Kores, raja nagara Persia. PANGERAN, Allah satungkebing langit, ngersakeun kami nyekel parentah ka sakuliah dunya. Kami ku Mantenna dipaparin tanggung jawab kudu ngadegkeun hiji Bait haturan Mantenna di Yerusalem, wewengkon Yuda. 3 Mugia Allah nyarengan ka maraneh umat-Na. Maraneh kudu baralik ka Yerusalem, kudu ngadegkeun deui Bait PANGERAN Allahna Israil, Allah anu dibakti di Yerusalem. 5 Seug kapala-kapala warga kaom Yuda jeung kaom Binyamin, para imam jeung kaom Lewi, jeung sakur anu hatena digerakkeun ku Allah, sasadiaan arek marulang, rek ngadegkeun deui Bait Allah di Yerusalem. 6 Tatangga-tatangana ngabarantu, ngabahanan rupa-rupa paparabotan perak, emas, bahan dahareun, sato-sato momot, paparabotan lianna anu marahal, kitu deui barang-barang baktikeuneun ka Bait Allah. 7 Kores masrahkeun deui bokor-bokor jeung gelas-gelas anu ku Raja Nebukadnesar kungsi dijabel ti jero Bait Allah di Yerusalem dipake ngeusian pura dewa-dewana."*

Sadaya anu kajantenan nu dicarioskeun ku Allah ngalangkungan Yeremia kitu kajantenanana, Allah nyandak mulih umatna ka Yerusalem. Urang Israel mulih deui ka Yerusalem dipingpin ku Zerubabel. Nalika dugi ka Yerusalem maranehna kacida saredih lantaran kotana tinggal rurentukna hungkul, sareng bait Allah nu diwangun ku Sulaeman tinggal rurunuhana. Teu aya nu nyesa hiji oge, ngan tinggal beulahan-beulahan batu jeung lebu.

Singkat carios maranehna ngawangun deui mesbah kurban tur ngurbankeun sababaraha sasatoan, teras ngucapkeun sukur tur muji ka Allah kanggo pangraksaNa salami 70 taun di Babul sareng Persia, tur tiasa mulang deui katanah karuhun. Allah nyarengan urang-urang Yahudi, nulungan sareng nguatkeun maranehna pikeun sumanget tur maranehna tiasa ngawangun deui Bait Suci sareng tembok anu ngulilinganana.

Palawargi, mulihna urang Yahudi ka tanahna kagungan hartos anu penting, maargi di tanah Yehuda ieu Almasih bakal dilahirkeun. Nalika urang-urang Yahudi mulang ka Yerusalem Allah parantos nyiapkeun nabi

anu namina Zakariah. Zakariah ieu benten sareng Zakaria rama nabi Yahya (yohanes). Allah ngintun Zakaria kanggo nguatkeun iman urang-urang Yahudi ka Allah sareng kana jangji-jangjiNa. Zakariah kagunganpesen anu penting margi waktos anu ditangtoskeun Allah kanggo ngutus Sang Panebus parantos caket, mung 500 taun deui waktu anu kasesa.

Hayu anyeuna urang aos kitab Suci dina Zakaria pasal 1:1-2;4-6, nu nyarios:” *Dina bulan kadalapan taun kadua pamarentahan Darius raja Persia, PANGERAN maparin ieu amanat ka Nabi Jakaria bin Berekya putu Ido. 2 PANGERAN Nu Maha Kawasa ngembankeun timbalan ka Jakaria keur ka umat-Na. Kieu timbalana-Na, "Baheula Kami teh geus kacida jengkelna ka karuhun-karuhun maraneh. Ulah cara karuhun maraneh. Maranehna geus dibere amanat Kami ku nabi-nabi, dielingan ulah nyieun dosa, ulah daroraka bae sapapanjangna. Tapi teu narurut, Kami henteu dipalire. 5 Karuhun-karuhun maraneh, kitu deui nabi-nabi, geus teu araya. 6 Geus cukup Kami mere papakon-papakon jeung pepeling ka karuhun-karuhun maraneh ku jalan abdi-abdi Kami, nabi-nabi tea, tapi parura-pura bae, heug bae nandangan balukarna. Geus kitu kakara tarobat jeung rarumasa yen Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, geus sapantesna ngahukum ka maranehna, satimpal jeung kalakuanana, sarta luyu jeung putusan Kami."*

Zakaria ngemutkeun sacara tandes ka urang Yahudi yen Allah kacida benduna ka karuhunna, supaya ulah siga maranehna! Kunaon Allah bendu? Lantaran karuhunna teu paduli kana cariosan para nabi anu diutusNa, eta nunggalantarankeun maranehna diangkat jeung ditawan di Babul. Siga nu enya percaya tapi dina kanyataanana mah henteu, ngahormat Allah ku biwirna, tapi hatena mah teu narima.

Salajengna Zakaria masihan terang urang Yahudi, ngeunaan Panebus anu baris moal lami deui sumping. Dina pasal 9, Zakaria nyarioskeun yen Panebus baris lebet ka Yerusalem naek kana kalde. dina pasal 11, nyarioskeun Panebus baris dijual saharga 30 gobleg perak. Dina pasal 12, nyarioskeun yen urang Yahudi sanes mung bade ngajual, malah baris ngarogahala. Zakaria merhetangkeun yen Panebus bakal kagungan raheut dina panangannaNa, lanatarn disalibkeun sapertos anu dacarioskeun ku Daud :”ngareweg kana leungeun kana suku”.

Palawargi, Allah mikahoyong urang sadaya terang yen pupusna Almasih dina kai palang nyaeta bagian anu paling pentingtina rencana Allah anu parantos disaipkeun dina waktos anu lami kanggo nyalametkeun katurunan Adam tina ganjaran hukuman dosa-dosana. Almasih anu Suci kedah pupus kanggo manusa anu lamokot ku dosa! Eta sadaya pesen tiparan nabi téh. Naha sadaya ieu jelas kanggo palawargi? Ngartos teu palawargi kana cariosan Zakaria ngeunaan Almasih nu masih 500 taun nu baris sumping bakal lahir kadunya? Percanten teu palawargi kana cariosan para nabi yen Allah Almasih bakal mayunan kasangsaraan tur pupus sareng bakal gugah anu ngawitan tiantara anu maot, nu baris nganyatakeun

panghapura dosa tur maparin tempat anu endeh di firdaus kanggo satiap jalmi anu percaya sareng mukakeun hate ka Anjeunna?

Tumali sareng pesen para nabi, kitab Suci nyarioskeun dina 1 Tesalonika 5:20; 2 Petrus 1:19; Rasul-rasul 26:27, anu nyarioskeun:

*“20 ulah nganggap enteng kana amanat-amanat anu diilhamkeun.”*

*“19 Sanggeus nyaksian kitu, sim kuring beuki percaya bae kana dawuhan Allah anu diwartakeun ku nabi-nabi teh. Aranjeun oge kudu kitu, sabab eta anu diwartakeunana teh ibarat lampu anu ngagenclang di nu poek nepi ka bray beurang, ibarat cahya bintang isuk anu moncorong di jero hate aranjeun.”*

*“26 Sang Raja Agripa oge uningaeun yen anu disanggemkeun ku jisim abdi teh leres. Kitu nu mawi jisim abdi wantun nyanggemkeun eta perkawis sabalakana. Jisim abdi yakin perkawis ieu sarupi ge teu aya anu teu kauninga ku anjeunna, margi kajadianana henteu kaalingan ku naon-naon.”*

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pelajaran 59

### Rangkuman Pesen Para Nabi

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalma uninga tur soso-soso kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati. Ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati ieu, Urang bakal sasarengan nalungtik kitab-kitab nu diserat ku nabi-nabi; anu nguningakeun yén aya jalan anu mulia nu parantos ku Allah tangtoskeun dugi ka umat manusa tiasa diperhetangkeun selaku jalma anu bener dipayuneunna-Na.

-----

Parantos lumayan lami urang ngaluangkeun waktos kanggo nalungtik bagian tina Kitab Suci. Bagian anu kahiji ieu disebutna Perjanjian Lawas anu dilebetna Toret, Zabur, sareng seratan para nabi sanesna.

Sapertos anu tos katingal ku urang, Allah nganggo langkung ti 30 nabi dina waktos 1500 taun kanggo nyerat kitab-kitab dina PL.

Dinten ieu, urang bade ngarengsekeun pangajaran dina bagian kahiji Kitab Suci. Namung sateuacanna urang ninggal dina pasal-pasal anu panungtungan dina PL, urang nyarioskeun sakedik ngeunaan naon anu tos kalangkung dina Kitab Suci, ti ngawitan dugi kakiwari, urang tiasa ngaringkes pesen-pesen para nabi ku 3 dasar pamikiran:

1. Allah téh Suci tur kedah ngahukuman/ ngahukuman dosa.
2. Sadaya anakna Adam di lahirkeun tina dosa sareng kudu mayunan pangandilan Adam.
3. Allah kagungan rencana kanggo ngutus saurang panebus anu Suci anu baris naggel hukuman dosa pikeun adak-anakna Adam.

Eta diluhur 3 bebeneran anu dipaparinkeun ka satiap nabi Allah. Hayu urang uihan sakali deui. **Kahiji**, Allah téh suci tur pamenteuNa teras manco kana dosa. **Dua**, manusa teu suci, pinuh ku dosa, tur teu

tiasa nyalametkeun dirina sorangan tina hukuman dosa. **Katilu**, Allah kanggungan rencana pikeun nyalametkeun tur ngabebaskeun manusa tina dosa.

Naha palawargi tiasa nangkep bebeneran ieu? Katampi teu ku palawargi bebeneran ieu? Uningan teu palawargi sakumaha ageungna dosa palawargi dipayuneun Allah? Uninga teu palawargi yén Allah kagungan rencana kanggo nebus dosa palawargi?

Dangukeun anu anu diserat para nabi ngeunaan kasucian Allah sareng teu sucina manusa. “Habakuk 1:12,13; Yesaya 64:6”

*“12 Nun PANGERAN, Gusti teh jumeneng ti awitna. Gusti teh Allah abdi, suci sareng langgeng. Nun PANGERAN, Allah anu ngaraksa ka jisim abdi, Gusti teh geuning ngangkat bangsa Babul, dijadikeun sakitu rongkahna, kangge ngahukum abdi sadaya. 13 Nanging bade tahan kumaha Gusti ningali eta jalmi-jalmi jahat tur bengis? Soca Gusti kalintang sucina, moal kiat ningali dosa, moal tahan ningali nu arawon lampah. Ku margi kitu, ku naon Gusti ngajeunkeun maranehna ngabasmi jalmi-jalmi anu langkung balener ti batan maranehna?”*

Amanat tina PL nyaéta yén Allah parantos janji pikeun ngutus ka dunya saurang panebus anu baris maot pikeun gaganti anak-anak Adam dareng kanggo nebus satiap jalma nu percaya ka manten-NA. Hal eta anu parantos ku direncanakeun kanggo nyalametkeun manusa anu dosa. Mung ngalangkungan getih panebus Allah nu iasa ngahapunteun sareng ngarapihkeun jalma anu dosa sareng Manten-na.

Kanggo ngajalankeun rarancangNa pikeun ngutus saurang Panebus ka alam dunya Allah nganggo Ibrahim dijantenkeun hiji bangsa anu enggal, dimana para nabi Allah bakal sumping. Saur Allak ka Ibrahim:” *Maneh bakal Kami seja mere berkah ka maneh, sarta ngaran maneh ku Kami seja dijieun kamashur, nepi ka maneh pijadieun berkah.*” Janten Ibrahim kening Ishak dina yuswa sepuh, Ishak kening Yakub, Yakub kening 12 murangkalih pameuget sareng maranehna jadi aki-nini atanapi karuhun 12 suku Israel. Urang parantos ninggal kumaha Allah nganggo Ibrahim saluyu sareng rencanana pikeun ngutus saurang panebus ka dunya, nyaéta ngalangkungan katurunan Ibrahim, ngalangkungan bangsa Israel bakal lahiranana.

Nembe urang parantos ningal kumaha anak-anak Israel ngalih ti tanah Kanaan tur nganjreg di Mesir dimana maranehna jadi diperbudak di Mesir. Tapi, Allah teu ngahilapkeun katurunan Ibrahim. Allah nyaur Musa pikeun ngabebaskeun bangsa Israel tur mingpin maranehna ka tanah anu tos dijangnjikeun ku Gusti ka karuhun Ibrahim dina jaman baheula. Allah nganggo nabi Musa kanggo maparin kaurang



Kitab anu disebut Toret, anu mangrupikeun dasar tina sagala hal anu parantos ku Allah diuningkeun waktos harita.

Salamina urang diajar Kitab Suci urang ningal yén mung sanes Musa sareng Daud wae anu nyerat ngeunaan Almasih, tapi sadaya nabi Allah ngumandangkeun ngeunaan kasumpingan. Contona nabi Yesaya ngumandangkeun yén Almasih bakal lahir sapertos cara anu kauningan ku urang, anu teu sami sapertos jalma umumna Yesaya nyarios: *"Ku margi kitu, Pangeran ku manten bade maparin tanda. Kieu: Hiji lanjang bakal bobot, seug ngowokeun putra pameget, dijenenganan Immanuel."*(Yesaya 7:14) Nabi Yesaya nyeratkeun hal ieu 700 taun sateuacan Almasih dilahirkeun.

Aya deui saurang nabi anu hirup dina jaman nabi Yesaya, namina nabi Mikha. Ka Mikha Allah mintonkeun nami kota tempat dibabarkeunana. Dangukeun naon anu didugikeun ku Mikha: *"PANGERAN ngandika, "Eh Betlehem Eprata! Maneh kota pangleutikna di antara kota-kota di Yuda. Tapi nya ti maneh Kami baris medalkeun hiji pangereh pikeun Israil, anu memang geus aya asal-usulna ti jaman baheula."* (Mikha 5:2) ku hal ieu Mikha ngadugikeun Almasih bakal lahir di Betlehem, dikampung halaman raja Daud, sareng ratusan taun salajengna hal ieu leres-leres kajantenan.

Tangtosna wae Allah parantos ngatur sareng nyiapkeun pisumpingna Jurusalamet dunya! Kitab Suci Allah eusina ratusan katerangan anu dipidamel para nabi ngeunaan pisumpingeunana Mesias. Panginten palawargi tumaros: *Kunaon Allah nempatkeun pamikiran-pamikiran ngeunaan sumpingna Almasih ka para nabi sateuacan Anjeunna sumping ka dunya?* Aya hiji alesan penting Allah ngawahyuan para nabi kanggo nyeratkeun ngeunaan Almasih sateuacan Anjeunna sumping, dudika nalika Anjeunna sumping tur minuhan sadaya tulisan para nabi ngeunaan pisumpingeunana, urang tiasa uninga tanpa teu aya karaguan sakedik oge yén Anjeunna Jurusalamet anu diutus Allah. Allah teu hoyong saha wae nipu ka urang! Allah hoyong urang terang ka Mesias, panebus anu dosa, dugika urang tiasa percaya ka Anjeunna tur ngiring ka Anjeunna tur salamet tina dosa. Ieu mangrupikeun alesan kunaon Allah maparinan ka urang buku anu tiasa dipercaya ngeunaan Kitab anu munggaran, dugika urang tiasa ngabentenkeun mana anu leres mana anu lepat.

Ayeuna urang bade ngarengsekeun pangajaran dina Kitab anu munggaran, langkung sae urang ngaos buku Maleakhi tina Kitab panungtungan. Maleakhi nyarioskeun: *"Waleran PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Kami rek ngirim utusan, geusan nyadiakeun jalan pikeun Kami. PANGERAN anu dipicangcam ku maraneh teh bakal ngadadak sumping ka Bait-Na. Eta utusan anu ku maraneh geus heubeul diarep-arep, pasti datang ngembarkeun perjangjian Kami." "Kami teh PANGERAN, sarta Kami tara robah. Eta sababna maraneh, turunan Yakub, henteu ditumpes sama sakali. Ari maraneh, anu narurut ka Kami,*

*bakal kasorot ku kakawasaan Kami anu kawasa nyalametkeun, anu medal lir panonpoe meletek, sarta sinarna matak nyageurkeun. Maraneh bakal bebas, lugina jeung galumbira lir anak sapi anu kakara dikaluarkeun ti kandangna.”(Maleakhi 3:1,6; 4:2)*

Maleakhi nganubuatkeun yén Allah ngarencanakeun ngutus nabi anu sanesna sateuacan Almasih datang nyiapkeun jalan-Na.

Kirang-langkung 200 taun sateuacanna nabi Yeremia nganubuatkeun: *“Sabab, saha nu ngadahar buah ngora, nya manehna nu linu huntuna. Saha anu boga dosa, nya manehna anu keuna ku balukarna.”*

*Timbalan PANGERAN, “Mangsa eta, Kami jeung urang Israil kitu deui jeung urang Yuda, rek ngayakeun perjajjian anyar. Ieu perjajjian anyar, beda ti perjajjian heubeul, anu dijieun jeung karuhunna waktu ku Kami ditungtun kaluar ti Mesir. Jaman harita mah sakitu Kami jeung maranehna teh lir salaki jeung pamajikan, eta perjajjian teu ditarurut. Perjajjian nu anyar mah bakal kieu: Hukum Kami baris dipatri dina sanubarina, ditulis dina hatena. Kami nu jadi Allahna, maranehna nu jadi umatna.*

*34 Jadi engke mah maranehna geus teu perlu silih papatahan nganyahokeun ka PANGERAN, sabab saban jalma, ti nu leutik nepi ka nu gede, tangtu dihampura dosa-dosana, kadorakaanana moal diinget-inget deui ku Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.” (Yeremia 31:30-34.)*

Ngalangkungan hal ieu, Allah nuju ngumumkeun yén Almasih bakal sumping nyandak perjanjian anu engal nu bakal minuhan sarat-sarat dina Perjanjian Lami.

Salami rebuan taun, Allah miharep kurban sasatoan anu tiasa ngabebaskeun dosa anak-anakna Adam. Kurban binatang mangrupikeun bagian tina kitab anu munggaran anu ku Allah dipaparinkeun ka umat manusa ngalangkungan nabi-nabiNa. Kumaha oge, Almasih bakal nyandak ka alam dunya Perjanjian munggaran, margina anjeunna baris nganyatakeun lambang tina sagala kurban sasatoan, dugika tiasa ngabatalkeun Perjanjian anu lami.

Palawargi, dugika dieu tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui

# Jalan Kahirupan Sajati

Pelajaran 60

Lukas 1

Palawargi sadaya nu ngadangukeun acara ieu ...

Pamugi katampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa ka urang sadayana. Gusti mikahoyong sadaya jalmi uninga tur sosen-sosen kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati.

Palawargi, dina waktos anu kalangkung, urang parantos ngarengsekeun pangajaran ngeunaan bagian kahiji tina Pangandika Gusti anu euisna Toret, Zabur, sarengan seratan-seratan para nabi. Bagian anu kahiji ieu disebutna Perjanjian Lawas. Dina dinten ieu urang bade ngawitan diajar ngeunaan bagian anu kadua tina Pangandika Gusti anu disebut Perjanjian Enggal.

Kunaon Gusti misahkeun Pangandikana janten dua bagean, nyaéta Perjanjian Lawas sareng Perjanjian Enggal? Gusti kagungan alesan kanggo midamel hal ieu. Hal anu kahiji anu peryogi ku urang kauninga yén sadaya eusi Pangandika Gusti dina Perjanjian Lawas diserat sateuacan Mesias lahir, sementara eusi Pangandika Gusti dina Perjanjian Enggal diserat sapanantos Mesias lahir. Janten, bewara ti para nabi Gusti dina Perjanjian Lawas nyaéta: “Gusti baris ngutus Mesias”. Tapi, bewara tina Perjanjian Enggal nyaéta: “Gusti parantos ngutus Mesias, saluyu sareng anu dijanjikeun ku para nabi dina Perjanjian Lawas!”

Naon perbentenan anu penting dina PL sareng PB numutkeun pangemut palawargi? Sabagian jalmi ngiritik ayat-ayat Pangandika Gusti, kumargi Alkitab teu kagungan PL sareng PB. Maranehna pikir yén PB ngandung hartos salahsaurang tos ngaleungitkeun tur ngaganti seratan-seratan atawa ayat-ayat asli para nabi ku Kitab anu sanes! Saleresna sanes kitu kajantenanana: wasiat engal, nyaéta PB, teu ngaleungitkeun naon anu tos diserat ku para nabi dina Perjanjian Lawas, samulihna PB ngukuhkeun naon anu ku para nabi serat! PB mintonkeun kumaha Gusti nyumponan jangji-jangji, ngadamel nubuat sareng tanda-tanda tina PL. dina PL, para nabi ngumumkeun: “Mesias baris sumping! Anjeuna baris sumping! Anjeunna baris sumping!” tapi bewara dina PB nyaéta: “Mesias parantos sumping! Mesias nu parantos dicarioskeun sareng diserat ku para nabi parantos sumping! Anjeunna parantos sumping!”

Urang kedah ngucapsukur ka Gusti sapinuh haté yén ayat Pangandika Gusti dina PL sareng PB, margi dina dua bagean etaurang tiasa ningal nano janji Gusti kapungkur parantos kajantenan! Gusti parantos ngutus pikeun urang Jurusalamet sakumaha anu parantos dijanjikeun ka aki-nini karuhun urang ngalangkungan Kitan Toret, Zabur, sareng kitab para nabi sanesna. Sapertos bibit anu tumuwuh jadi tangkal, kitu oge sareng PL janten digenapi ku PB. Sapertos nu kauninga ku urang, bagian ayat dina kitab PB kagungan nami lain nyaéta “Injil”. Injil asalna tina basa Arab anu kagungan hartos beja kabungahan, leres pisan yén warta anu aya dina Injil mangrupikeun bewara anu pikabungaheun, margi Kitab eta téh nguningakeun kumaha Mesias nyumponan naon anu tos disaurkeun ku para nabi dugika janten jalan kanggo anak-anak Adam sareng Gusti pikeun salalanggengna!

Tumali sareng sareng Injil, palawargi kedah uninga yén Mesias Kuanjeun teu nulis ngeunaan hal eta. Sakumaha Gusti seueur nganggo jalmi kanggo nyerat buku ngeunaan PL, kitu oge sareng Mesias nganggo sababaraga jalmi kanggo nyerat Kitab PB. Gusti nganggo 4 jalmi kanggo nyerat carios ngeunaan Mesias anu sumping ka dunya. Jalmi eta téh nyaéta Matius, Markus, Lukas, sareng Yohanes.

Teurang teu palawargi dina bahasa naon Matius, Markus, Lukas sareng Yohanes nyerat Kitab Injil? Diseratna dina bahasa Yunani. Urang ngucap sukur ka Gusti margi parantos ngawahyuan eusi Kitab ka jalmi-jalmi anu pinter kanggo nerjemahkeun kana 2.000 bahasa lainna saalam dunya.

Ayat-ayat Kitab Suci layak dipercaya sareng diimani sapinuhna. Sakumaha Pangandika Gusti sampurna kaserat dina Toret sareng Jabur, Pangandika éta téh sampurna dina kitab Injil. Eusi Injil teu tiasa direksak. Gusti nu Maha Agung tangtos ngajagi PangandikaNa nu abadi! Eta nu ku Gusti dinyatakeun nyalira dina Kitab Injil Anjeunna cumarios: *“Langit jeung bumi bakal musna, tapi pangandika Kami mah moal musna.”*

Kumargi kitu, ayeuna waktosna pikeun urang ngawitan ngaguar ngeunaan nabi Maleakhi nu hirup 400 taun sateuacan Mesias, salami 400 taun saparantos masa Maleakhi, Gusti teu ngutus deui nabiNa ka umat Yahudi kanggo nyerat pangandikaNa. Kunaon Gusti teu ngutus deui nabi-nabi? Gusti teu ngutus nabi-nabina margi Kitab PL parantos lengkep. Gusti parantos nyarioskeun sagalana ka para nabi-nabiNa. Ayeuna waktos anu parantos ditangtoskeun kanggo ngutus Mesias lungsur ka dunya, kanggo ngadamel Perjanjian Enggal.

Urang parantos ngaos naon nu tos dicarioskeun sateuacanna ku Yesaya sareng Maleakhi ngeunaan rarancang Allah kanggo ngutus saurang nabi sateuacan Mesias kanggo nyiapkeun jalanNa. Terang teu palawargi saha eta téh? Leres, nabi eta téh Yohanes (Yahya =Arab). Ramana nyaéta Zakaria saurang

imam nu ngalayanan Gusti sareng sakumpulan umat kanggo maparinkeun kurban di bait Allah Yerusalem.

Ayeuna hayu urang ngaos Kitab Injil sareng ngadangukeun naon anu diserat ku Lukas ngeunaan lahirna nabi Yohanes. Sakantenan urang ngaos bab 1, Injil nyarios: *Keur mangsa Herodes ngarajaan di Yudea, aya hiji imam ti golongan imam-imam Abia, jenenganana Jakaria. Istrina oge turunan imam, jenenganana Elisabet. Istri pameget mulus lampahna di payuneun Allah, kacida ta'atna kana hukum jeung parentah Pangeran. Teu karagunganeun putra lantaran Elisabet gabug, jeung deui duanana geus kacida sarepuhna. Dina hiji poe Jakaria barangdamel mangku kawajiban imam di Bait Allah, giliranana laladen poean. Numutkeun undian anu biasa dijalankeun ku para imam, anjeunna anu kapilih kudu ngukus dina altar. Anjeunna lebet ka Bait Allah. Sabot anjeunna ngukus meuleum menyan, jalma rea ngadaroa di luar. Breh malaikat Pangeran nembongan ka anjeunna, ngadeg di katuhueun altar paragi ngukus. Jakaria ngarenjag jeung kacida sieuneunana. Tapi malaikat teh ngalahir, "Ulah sieun, Jakaria! Paneda anjeun ku Allah enggeus didangu. Elisabet bojo anjeun bakal boga anak, lalaki, pingaraneunana Yohanes." Waler malaikat, "Kaula teh Jabrail, purah aya di payuneun Allah anu ngutus kaula ayeuna ka anjeun, nepikeun ieu warta anu pikabungaheun. Ieu hal tangtu bukti dina waktuna, tapi ku anjeun teu dipercaya. Ku sabab anjeun henteu percaya, anjeun bakal pireu, moal bisa ngomong nepi ka mangsa anu diomongkeun ku kaula kajadian." Teu lila ti harita Elisabet geureuhana ngandeg, terus ngerem anjeun nepi ka lima bulan, sarta misaur kieu, "Ahirna Pangeran kersa mitulung, ngaleungitkeun kahinaan diri kuring."*

Urang ninggal kumaha Gusti ngutus Gabriel nepangan Zakaria kanggo ngadugikeun kumaha Elisabet bojona bakal kencing katurunan pameget, murangkalihna ieu bakal janten saurang nabi anu ageung anu baris nyiapkeun jalan kanggo pisumpingeun Mesias. Dugika dina ahirna, Kitab Injil nyarios: (Lukas 1:57-79). *"Sanggeus Elisabet bobotna jejeg bulanna tuluy babar, putrana pameget. Tatangga-tatangana jeung wargi-wargina anu nyarahoeun yen anjeunna mendak ganjaran anu taya papadana ti Pangeran, kabeh daratang ngawilujengkeun. Sanggeus yuswa eta murangkalih jejeg saminggu, maranehna daratang deui arek nyepitan murangkalih, sakalian dipaparin jenengan Jakaria, cara ramana. Tapi saur ibuna, "Ulah eta ngaranna! Kudu Yohanes." Tapi ceuk maranehna, "Jenengan kitu mah teu aya di wargi-wargi Ibu!" Ti dinya maranehna pepeta ka Jakaria, maksudna naranyakeun murangkalih teh kudu dijenenganan saha. Jakaria mundut dipangnyandakkeun batu tulis, geus kitu nyerat kieu, "Ngaranna Yohanes." Jalma-jalma teh kacida hareraneunana! Ari Jakaria harita keneh dadak sakala iasa deui*

*sasauran, tuluy ngamulyakeun ka Allah. Jalma-jalma jadi sarieuneun. Saterusna beja eta kajadian teh nyebar ka sakuliah kota pagunungan Yudea. Saban anu ngadenge eta beja, hatena tingtaranya, "Rek jadi naon eta murangkalih teh?" Kawantu eta murangkalih teh diaping ku kakawasaan Pangeran. Jakaria, ramana Yohanes, dilebetan ku Roh Suci, tuluy ngawejang ngucapkeun amanat ti Allah: "Sagala puji ka Pangeran, Allah Israil! Mantenna sumping seja nulungan umat-Na, ngabebaskeun maranehna.*

*Urang dipaparin Jurusalamet perkosa, turunan Daud abdi-Na. Baheula Mantenna jangji, dikedalkeunana ku nabi-nabi pilihana-Na, bakal nyalametkeun urang ti musuh-musuh, tina genggeman anu gareuleuheun ka urang. Dawuhana-Na, Mantenna baris mikawelas ka karuhun urang, sarta baris ngalaksanakeun jangji-Na nu suci. Ka Ibrahim rama urang Mantenna sumpah, jangji ngaleupaskeun urang ti musuh-musuh, sarta ngidinan urang ngabdi ka Mantenna kalawan taya karisi. Sangkan urang di payuneuna-Na mulus jeung bener saumur-umur. Ari hidep anaking, bakal disarebut nabi Allah Nu Maha Agung. Hidep ku Mantenna diutus ti heula, keur naratas jalan Mantenna. Pikeun ngembaran jalma-jalma yen bakal disalametkeun, ku jalan dihampura dosa-dosana. Allah urang sipat welas sipat kurnia, bakal nyorotkeun cahaya pisalameteun sina meletek luhureun urang, sina sumorot ti sawarga, nyaangan ka sakur anu araya dina poekna kalangkang maot, baris nungtun langkah urang ka jalan nu aman santosa."*

Ahirna Zakaria muji ka Allah saparantos kalahiran Yohanes, kumargi anjeunna terang waktosna kasumpingan Mesias parantos cunduk! Yohanes, murangkalihna sanes Mesias, tapi murangkalihna kanggo nyiapkeun kasumpinganana Mesias.

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## **Jalan Kahirupan Sajati**

Pangajaran 61

### **Pangwawar atawa Bewara**

Lukas 1; Matius 1

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa. Gusti anu mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soso-soson kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati.

-----

Ngalangkungan pangajaran 60 anu kalangkung, urang parantos diajar ngeunaan eusina Kitab Suci anu kaunggel dina Kitab Perjanjian Lami nyaeta Toret Musa, Zabur Daud sareng seratan-seratan nabi-nabi anu sanesna. Dina tepangan anu kalangkung urang diajar ngeunaan ayat-ayat Perjanjian Baru, nyaeta Injil. Kecap Injil the asalna tina bahasa Arab anu hartosna beja bungah. Leres pisan, yen bewara Injil téh mangripikeun bewara anu endah pikeun sadaya jalma anu percaya, sabab bewarana nguningakeun kaurang yen Allah parantos ngutus Jurusalamet anu Agung ka alam dunya ieu saluyu sareng jangjiNa ngalangkungan para nabi jaman kapungkur.

Sateuacaan urang langkung neuleuman Kitab Injil, langkung sae urang emut kunaon Allah ngarencanakeun kanggo ngutus saurang Jurusalamet ka sadaya turunan Adam. Emut teu palawargi naon anu kajantenan nalika Adam sareng Hawa ngalanggar parentah Allah? Dina Kitab Toret, urang ninggal kumaha teukataan Adam ngajantenkeun umat manusa tebih tina karajaan Allah tur lebet kana karajaan Setan. Dosa Adam mangrupikeun sabab-musabna kunaon urang dilahirkeun dina kateubeneran.

Tapi, urang ngucapkeun sukur ka Allah yen ayat-ayat Kitab Suci anu diserat para nabi teu dipungkus ku carios ngeunaan pelanggaran atauwa dosa Adam! Sapertos anu katinggal ku urang,

nalika Adam sareng hawa ragrag kana dosa, Allah ngingakeun ngeunaan rarancang anu endah kanggo ngutus saurang panebus dosa ka alam dunya anu tiasa ngeleupaskeun sadaya katurunan Adam tina kawasa setan sareng dosa.

Nalika dosa lebet kadunya, Allah ngingakun yen Panebus anu suci baris babar ti saurang "awewe"( Kajadian 3:15; Galata 4:4). Almasih anu baris ngocorkeun getihNa salaku kurban anu sampurna pikeun manusa doraka teu mungkin babar ti saurang bapa dunya anu kotor ku dosa. Anjeunna kedah sampurna tur suci sami sapertos Allah anu sampurna tur suci. Eta margina nabi Yesaya ( nu hirup 700 taun sateuacan Mesias sumping) nyeratkeun:" *Ku margi kitu, Pangeran ku manten bade maparin tanda. Kieu: Hiji lanjang bakal bobot, seug ngowokeun putra pameget, dijenenganan Immanuel.*"(Yesaya 7:14; Matius 1:23).

Ayeuna urang bade ningal kumaha Allah nyumponan jangjiNa ngeunaan Jurusalamet anu sampurna tur suci nu babar tisaurang lajang anu teu acan pasatemon sareng pameget. Dina tepangan sateuacan urang ngadangu kumaha malaikat nepangan saurang Yahudi anu jenenganana Zakaria. Gabriel ngingakeun Zakaria yen menahna jeung bojona barik kagungan saurang anak lalaki anu baris dingaranan Yohanes, anu baris nyiapkeun jalan pikeun panebus nu baris datang.

Urang ningal kitab Injil Lukas pasal 1, kumaha Allah ngutus malaikatNA kanggo nepangan saurang awewe lanjang anu namina Maria. Pangandika nyarios:

Kita akan melanjutkan pelajaran kita sekarang dengan Injil Lukas pasal 1 kemudian melihat bagaimana Allah mengutus Malaikat-Nya untuk menemui seorang perempuan muda yang bernama Maria. Kitab Injil berkata : *"26 Sanggeus Elisabet ngandegna nincak genep bulan, Allah ngutus malaikat Jabrail ka Nasaret, hiji kota di Galilea, 27 nyandak amanat ka hiji parawan anu eukeur babakalan jeung Yusup turunan Raja Daud. Eta parawan ngaranna Mariam. 28 Jabrail sumping ka Mariam tuluy ngalahir, "Salam rahayu! Pangeran nyarengan ka Nyai sarta pohara ngaberkahana-Na." 29 Mariam ngarenjag nguping kasauran eta malaikat, jeung henteu ngartoseun naon maksudna. 30 Malaikat ngalahir deui, "Ulah sieun, Mariam! Nyai kenging kurnia ti Allah. 31 Nyai bakal ngandeg, bakal puputra anu ku Nyai kudu dijenenganan Yesus. 32 Eta putra Nyai bakal agung, jeung bakal disarebut Putra Allah Nu Maha*



*Agung. Ku Allah Pangeran bakal didamel raja sakumaha Daud karuhun-Na, 33 bakal ngarajaan ka turunan Yakub salalawasna, sarta karajaan-Na moal aya anggeusna." 34 Piunjuk Mariam ka eta malaikat, "Eta perkawis teh kumaha pitiasaeunana, margi abdi teh parawan keneh?" 35 Malaikat ngawaler, "Nyai bakal disumpingan ku Roh Suci, bakal diliputan ku kakawasaan Allah. Ku sabab kitu eta putra anu bakal medal teh suci, bakal disebut Putra Allah. 36 Sangkan Nyai terang, Elisabet baraya Nyai anu kacaturkeun gabug tur geus sakitu kolotna, ayeuna keur ngandeg geus kagenep bulan ieu. 37 Sabab mungguh di Allah mah henteu aya anu mustahil." 38 Piunjuk Mariam, "Abdi teh abdi Pangeran, mugia laksana sakumaha pilahir Juragan." Ti dinya malaikat teh jengkar ngantunkeun Mariam."*

Maria mangrupikeun awewe anu taat kana Pangandika Allah, anjeunna dijangjikeun bade nikah sareng saurang pameget anu namina Yusuf, tapi maranehna teu acan kantos hirup babarengan. Yusuf sareng Maria nyaeta katurunan raja Daud, saluya sareng cariosan para nabi.

Ngalakungan ayat nu parantos diaos ku abdi dluhur, Gabriel nepangan Maria pikeun nguningakeun yen manehna bade dianggo ku Allah pikeun janten sarana sumpingna Juruselamat kadunya. Gabriel nguningakeun ngeunaan Anak anu baris dikandung ku Maria, Nyai bakal ngandeg, bakal puputra anu ku Nyai kudu dijenenganan Yesus. Yesus hartosna Gusti nu nyalametkeun.

Dina Kitab Suci, Mesias disebut Putra Allah langkung ti 120 kali, janten urang teu tiasa nyangkal kana seratan para nabi yen Allah nyebut Mesias salaku putraNa. Patarosanana kunaon Allah nyebut Yesus salaku putraNa? *Kahiji*, teu ngandung hartos yen Allah migarwa saurang istri teras kagungan katurunan murangkalih pameget. Anu kagungan sapertos kitu mah parantos ngahujat ka Allah! Allah anu Maha Agung teu kagungan katurunan sapertos cara manusa. Hal ieu kedah leres-leres ku palawargi uninga. Putra Allah hartosna nunjukeun timana Anjeunna asalna. Allah nyebut Yesus salaku putraNa, margi anjeunNa asalna ti Anjeunna. Mesias sumpingna ti sawarga. Sateuacan anjeunNa medal, Anjeunna namina Allah; Anjeunna aya dilebet Allah. Anjeunna téh "Roh Allah". Mesias oge hartosna "Pangandika" anu tiasalna sasarengan sareng Allah. Kitab Injil nyarioskeun:

*“1 Ari nu disebut Pangandika teh geus jumeneng ti memeh ieu dunya dijadikeun; Pangandika sasarengan jeung Allah, Pangandika sarua jeung Allah. 2 Ti mimiti keneh Pangandika teh geus sasarengan jeung Allah. 3 Allah ngajadikeun sagala rupa teh nya ku Pangandika; teu aya hiji oge ciciptan Allah anu dijadikeunana henteu jeung Pangandika. 14 Pangandika teh terus mijalma, jadi manusa, hirup di kalangan urang, jembar kurnia jeung saestu sipat-Na tur mulya kaayaan-Na, sarta kamulyaana-Na teh tembong ka urang, kamulyaan ti nu jadi Rama ka Putra tunggal.”* (Yohanes 1:1-3, 14 ).

Lerses Mesias téh PangandikaNA anu lungsur ti sawarga tur medal janten manusa. Urang sadaya uninga yen Mesias teu kagungan bapa dunya, teras timana sumpingna? Anakna saha? Dangukeun cariosan Gabriel sakali deui ka Maria. *“Malaikat ngawaler, "Nyai bakal disumpingan ku Roh Suci, bakal diliputan ku kakawasaan Allah. Ku sabab kitu eta putra anu bakal medal teh suci, bakal disebut Putra Allah.”*(Lukas 1:35).

Medalna Yesus ngalungkungan saurang lajang kalintang penting pisan, margi Allah hoyong mintonkeun kawasaNa. Allah nyiptakeun Adam teu ngalungkungan bapa jeung indung, salajengna Allah nyiptakeun Hawa ngalungkungan kawasaNa nyaeta nyabut tina tulang igana Adam. Kanggo mintonkeun kawasaNa, Allah nyiptakeun saurang manusa ku jalan ngalungkungan saurang istri. Eta hiji-hijina alesan kunaon Yesus babar kadunya tanpa bapa anu asalna ti alam dunya ieu.

Ulah aya saurang oge anu nyasabkeun palawargi, aya alesan kunaon Yesus kedah medal ka ieu dunya, terang teu palawargi naon alesanana? Kitab Suci nyarioskeun naon alesanana: *“Kristus Yesus sumping ka dunya pikeun nyalametkeun jalma dosa”* teh memang wajib dipercaya sabab enya. Geuning bapa, sangkilang pangjahatna ge ti sakur anu doraka”. (1 Tim 1:13) Yesus medal kadunya pikeun nebus jalma-jalma anu sasar, nu dosa, nu kotor, sareng katurunan Adam anu kahukuman.

Salajengna urang ningal Kitab Injil Matius ngeunaan medalna Mesias, sababaraha sasih saporantos Maria kakandung ngalungkungan kawasa Roh Allah, Allah ngutus malaikatNa kanggo nepangan Yusuf, anu baris janten picarogean Maria. Matius pasal 1 nyeratkeun:

*"18 Ieu wincikan hal medalna Yesus Kristus. Ibu-Na, nya eta Mariam, tunangan sareng Yusup. Tapi memeh ditikah parantos ngandung, ari ngandungna ti Roh Suci. 19 Yusup teh jelema anu salawasna ta'at kana hukum agama, tapi teu kersaeun ngageruhkeun kaayaan Mariam kitu, rek pegat tunangan bae rerecep. 20 Sabot ngamanah-manah kitu, dina impenanana anjeunna disumpingan ku malaikat anu sasauran kieu, "Yusup, turunan Daud, ulah sieun nyokot Mariam keur pibojoeun maneh, sabab ngandungna teh ku kersana Roh Suci. 21 Mariam bakal ngalahirkeun anak lalaki, ku maneh kudu dijenenganan Yesus -- sabab bakal ngabebaskeun umat-Na tina dosa-dosana." 22 Pang kajadian kitu teh supaya laksana sabda Allah anu diandikakeun ka nabi baheula, ungelna, 23 "Hiji parawan bakal ngandung, ngowokeun putra pameget anu pijenenganeunana Immanuel" (hartina "Allah nyarengan ka urang"). 24 Sanggeus gugah, Yusup tuluy tumut kana amanat malaikat, anjeunna nikah ka Mariam. 25 Tapi henteu waka sapatemon nepi ka Mariam babar, murangkalihna pameget, ku Yusup dijenenganan Yesus."*

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 62

**Medalna Mesias**

Lukas 2, Matius 2

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa. Gusti anu mikahoyong sadaya jalmi uninga tur sosoan-soson kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati.

-----

Dina pangajaran anu kalangkung ngeunaan Kitab Injil, urang tiasa ninggal Allah ngutus malaikat Gabriel ka tanah Pilistin di kota Nasaret ka saurang wanoja anu jenenganana Maria. Gabriel nepangan seja ngadugikeun yen manehna bakal kakandung ngalangkungan kawasa Roh Suci, tur ngababarkeun murangkalih pameget nu baris dijenengan Yesus. Yesus hartosna Allah nu nyalametkeun. Urang ninggal waktos nu diantos-antos ku umat Allah parantos cunduk! Jurusalamet anu dijangjikeun nawaktos Adam sareng Hawa ragrag kana dosa, aya dina kandungan saurang parawan anu baris medal ka dunya.

Sateuacan urang ngaos kitab Injil kanggo ningal kumaha Yesus medal, urang dangukeun carios ngeunaan kaisar karajaan Romawi, kaisar Agustus seueur ngawasan daerah kalebet tanah Yahudi. Namung, kakaisaran Romawi teu tiasa ngahalangan rencana Allah kangge ngutus saurang panebus kadunya ieu. Saleresna Allah kagungan rencana pikeun nganggo urang-urang Romawi kanggo nyumponan cariosan para nabi. Emut teu palawargi kana cariosan nabi Mikha anu sumping 700 taun sateuacan Mesias? Nabi Mikha nyarios yen Mesias baris medal di Betlehem di kota raja Daud. Namung, Maria nu bade ngalahirkeun teu linggih di Betlehem namung di Nazaret, hiji kota anu aya 150 KM dibelah kalereun Betlehem. Teras kumaha Mesias medal di Betlehem? Palawargi, teu aya anu sesaheun kanggo Gusti, langkung ti eta Anjeunna terang naon nu baakal kajantenan. Ayeuna urang bade ninggal kumaha nalika Maria bade ngababarkeun, Prabu Agustus pamarenah Romawi ngaluarkeun parentah sangkan disakuliah karajaan Rum diayakeun sensus. Ieu hartosna Maria sareng Yusuf oge kedah angkat ka Betlehem ka kota Raja Daud, margi maranehna katurunan Daud. (Lukas 2)

*1 Dina mangsa eta, Prabu Agustus ngaluarkeun parentah sangkan di sakuliah karajaan Rum diayakeun sensus. 2 Ieu teh sensus anu kahiji, diayakeunana waktu Kirinus jadi gupernur nagri Siria. 3 Ti dinya unggal jelema marulang heula ka tempat asalna masing-masing rek ngadaptarkeun. 4 Yusup oge angkat ti Nasaret di Galilea ka Betlehem di Yudea, tempat dibabarkeunana Raja Daud, sabab anjeunna teh turunan Daud. 5 Angkatna jeung Mariam pigeureuhaeunana anu keur bobot, seja ngadaptarkeun. 6 Sanggeus aya di Betlehem, Mariam teh nepi kana waktuna rek babar, 7 seug bae babar, nyikalan. Putrana pameget, tuluy dibedong ku lalamakan, sarta diebogkeun dina pamakanan, wadah parab domba. Nu matak nepi ka kitu lantaran di losmen teu kabagian tempat.*

Palawargi perhatoskeun kaayaan dimana Mesias babar, Mesias dibabarkeun ditengah kaayan anu sederhana pisan. Anjeunna dibabarkeun dina hiji kandang, kumargi pamondokan waktos harita parantos parinuh. Saurang nu baris jadi Jurusalamet sareng saurang hakim the lahir dikandang! Aya panginten anu kagungan anggapan:" hal ieu téh asa mustahil pisan maenya Yesus Jurusalamet dunya lahir dikandang, sakedahna oge babarna di istana anu pinuh ku kamulyaan jeung kamegahan anu hebat, pan Anjeunna téh Raja sagala raja sareng Gusri sagala gusti"?

Palawargi, urang kedah emut: Pangemut Allah beda sareng pikiran manusa, sareng kamulian Allah benten sareng kamulian manusa. Tong pasti babarna Yesus disarengan ku kamulian anu ageung, sok sanaos seueur katurunan Adam teu ngarangkeun kana hal ieu, margi kamulyaan Allah benten sareng kamulyaan dunya. Babarna Yesus di kandang ngabuktoskeun yen Anjeunna bade nyalametkeun sanes mung anu beunghar wae, tapi sadaya jalmi sae sepuh, anom, pamegeut, istri, beunghar, miskin, jalmi merdika atanapi budak atawa tawanan.

Urang teraskeun carios ngeunaan babarna Mesia, nalika Yesus dibabarkeun di hiji kandang, Allah ngirim malaikat-malaikatNa ka para pangangon anu keur aya ditegalan di Betlehem. Kieu cariosna: (Lukas 2)

*8 Di hiji tegalan di eta wewengkon, harita aya anu keur ngajaraga domba ingon-ingonna, ti peuting. 9 Aya hiji malaikat Pangeran nembongan ka maranehna, sarta maranehna kahibaran ku cahaya kamulyaan Pangeran, kacida sarieuneunana. 10 Tapi malaikat teh ngalahir kieu, "Ulah sarieun! Kami mawa warta hade, pikabungaheun sakabeh jelema. 11 Sabab poe ieu Jurusalamet maraneh, nya eta Gusti Kristus, geus medal di kota Daud. 12 Cirina ka maraneh kieu: Murangkalih teh dibedongna ku lalamakan, diebogkeunana dina pamakanan." 13 Dak-dumadak breh tembong balad sawarga, malaikat kacida lobana, nyaranyi muji ka Allah: 14 "Mulyakeun Allah di langit nu pangluhurna. Di bumi sing aya kerta, keur sakur manusa anu kamanah ku Allah!" 15 Sanggeus para malaikat teu araya, geus marulih deui ka sawarga, nu ngajaraga ingon-ingon teh baradami, "Hayu urang ka Betlehem, urang*

*ngabuktikeun perkara anu diandikakeun ku Pangeran." 16 Bral arindit gagancangan. Mariam jeung Yusup kapanggih, jeung murangkalihna anu diebogkeun dina pamakanan. 17 Sanggeus narempo ka murangkalih, maranehna nyaritakeun kasauran malaikat hal eta murangkalih tea ka Yusup jeung Mariam. 18 Caritaanana matak heran ka sakur nu ngadengekeun. 19 Eta kabeh ku Mariam disimpen dina manahna bari dilenyapan. 20 Ari tukang ngangon baralik deui ka tegalan bari nyaranyi muji ka Allah, barungah lantaran anu disaurkeun ku malaikat teh cocog, ku maranehna geus kasaksian, geus kadareng.*

Kasaha Allah ngawitan nguningakeun baja bingah ngeunaan babarna Mesias? Naha ka Kaisar Romawi, jalmi-jalmi beunghar, atawa para pamingpin agama? Teu, anu ngawitan diuningaan nyaeta para pangangon nu ditegalan. Kalintar bingahna nalika para pangangon ninggal Yesus, margi salayu sareng seratan para nabi: Mesias, Jurusalamet dunya, Pangandika anu langgeng, parantos dibungkus dina wujud saurang orok anu alit.

Salajengna urang bade ningal naon anu kajantenan saporantos sataunan Yesus dibabarkeun, Allah nguningakeun babarna Jurusalamet ka tukang ngulik bentang ti Wetan, kieu cariosna: (Matius 2)

*1 Yesus medalna di kota Betlehem bawahan Yudea, jaman Raja Herodes. Teu lila ti harita, aya tukang ngulik bentang ti wetan sarumping ka Yerusalem, 2 mariksakeun kieu, "Ari murangkalih pirajaeun urang Yahudi anu anyar medal di mana tempatna? Bentang-Na parantos bijil di wetan. Sim kuring sadaya seja ngabakti ka Anjeunna." 3 Raja Herodes barang ngadangu hal eta teh mani ngagebeg, kitu deui jalma-jalma saeusi Yerusalem. 4 Anjeunna ngumpulkeun imam-imam kapala jeung guru-guru agama Yahudi, tuluy mariksakeun, "Di mana Kristus bakal medalna?" 5 Jawabna, "Di Betlehem bawahan Yudea. Margi kieu diseratna ku nabi: 6 'Maneh, Betlehem di tanah Yuda, di antara kota-kota utama di Yuda, maneh lain anu pangleutikna. Sabab ti maneh pimedaleun hiji pamingpin anu bakal nungtun umat Kami Israil.'" 7 Tatamu ku Herodes disaur tuluy dipariksa rerecepnan, saurna iraha eta bentang teh mimiti tembongna. 8 Geus kitu dipiwarang ka Betlehem bari dipesen kieu, "Papay-papay sing taliti eta murangkalih teh. Mun geus kapanggih kami bejaan, sabab kami oge rek ngabakti." 9 (2:9-10) Bral tatamu arangkat. Di tengah jalan bentang anu tembong di wetan teh tembong deui. Aranjeunna kacida aratoheunana. Bentang teh maju miheulaan, reg ngarandeg lebah tempat murangkalih tea. 10 Aranjeunna lalebet ka hiji pondok. Eta murangkalih jeung Mariam ibu-Na kapanggih. Brek aranjeunna sarujud ngabarakti, tuluy ngaluarkeun kikintunanana, emas, dupa jeung emur disembahkeun, hadiah ka murangkalih.*

Sadaya anu diluhur mangrupikeun ringkasan ngeunaan babarna Sang Mesias atanapi Jurusalamet, tangtosna teu aya babandinganana dina sajarah dunya! Diantawis sadaya nabi/ rasul miwah raja, sarta umat manusa didunya, teu aya anu babar sapertos Yesus! Margi Yesus nyaeta Jurusalamet ti sawarga!

Pami Yesus mung saurang nabi, ku naon nabi-nabi Allah nyarioskeun ngeunaan kasumpinganana sateu acan anjeunna dibabarkeun? Kunaon para malaikat turun tisawarga ngababjakeun gumelarna kadunya? Kunaon Allah nempatkeun bintang anu ageung dilangit kanggo nguningakeun babarna? Kunaon dibabarkeun ku saurang lajang? Pamugi palawargi ngarenungan patarosan-patarosan ieu.

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 63

**Putra Nu Suci**

Lukas 2 ; Matius 3, 4

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa. Gusti anu mikahoyong sadaya jalmi uninga tur sosoan-soson kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati.

-----

Dina tepangan anu kalangkung ngeunaan Kitab Injil, urang parantos ngandangu ngeunaan Mesias anu sumping kadunya. Anjeunna dibabarkeun ngalangkungan lajang ngalangkungan kawasa Allah lahir di Betlehem saluyu sareng anu di nubuatkeun. Allah ngutus para malaikatNa kanggo nyumpingan para pangangon, tur sasauran," *10 Tapi malaikat teh ngalahir kieu, "Ulah sarieun! Kami mawa warta hade, pikabungaheun sakabeh jelema. 11 Sabab poe ieu Jurusalamet maraneh, nya eta Gusti Kristus, geus medal di kota Daud."* (Lukas 2:10-11)

Dinten ieu urang bade diajar kumaha nalika Yesus nuju alit keneh tur dugi ka dewasa, Kitab Injil nguningakeun ka urang saparantos Yesus babar, Yusuf sareng Maria kagungan murangkalih pameuget sareng istri. Yesus tumuwuh sareng wargi-wargiNa dihiji bumi anu heurin di Palestina Utara kota Nazaret.

Yesus midamel naon anu dipidamel ku Yusuf sapertos anu kaunggel dina Kitab: *"52 Yesus beuki ageung, beuki lantip bijaksana, dipikaresep ku Allah jeung ku pada jalma."*(Lukas 2:52)

Sapertos umumna barudak, Yesus oge tuang, kulem, ulin, tur diajar. Namung aya hal anu tiasa ngabentenkeun Yesus sareng budak anu lainna. Terang teu palawargi naon bentenna? Yesus teu kantos midamel dosa! tur tara ngabohong sakecap-kecap acan ( 1 Petrus 2:22). Anjeunna kagungan pasipatan anu sae, Anjeunna midamel naon anu ku Allah dipisuka. Anjeunna kagungan salira sapertos manusa, tapi teu kagungan pasipatan anu goreng kawas urang. Sapertos nu kaunggel dina Kitab Suci: *"14 Ku sabab kitu sing pageuh urang nyekel pangakuan yen percaya. Sabab urang boga Imam Agung anu luhur, anu geus lebet nepi ka payuneun Allah pisan, nya eta Yesus, Putra Allah. 15 Imam Agung*



*urang teh lain imam anu tara ngaraskeun kahengkeran-kahengkeran urang. Sabalikna malah, lantaran Anjeunna ge geus nyorang nandangan sagala dodoja cara urang, ngan ari Anjeunna mah teu kagungan dosa.”(Ibrani 4:14-15)*

Nalika Yesus yuswana 30 taun, waktos kanggo Anjeunna ngawitan padamelana salaku Jurusalamet dunya, Anjeunna pamit ka kulawargana seja ngantunkeun kota Nazaret sareng ngajugjug ka sakum susukan Ci Yordan dimana nabi Yahya ngadugikeun pangajaran sareng ngalakukeun baptisan. Naha palawargi emut keneh ka Yahya, anu babar genep sasih sateuacan Yesus? Yahya diutus kanggo nyiapkeun hate manusa, supaya maranehna tobat tina sagala dosa-dosana tur mapag Mesias anu diutus ku Gusti. Sapertos nu kaunggel dina Kitab Suci Injil Matius Pasal 3, uningana:

*1 Mangsa eta di gurun keusik di Yudea aya anu wuwuruk, jenenganana Yohanes, Jurubaptis. 2 "Geura tarobat," saurna, "sabab Karajaan Sawarga geus tereh ngadeg!" 3 Yohanes teh anu baheula ku Yesaya diwejangkeun kieu: "Aya nu cumeluk di gurun keusik: 'Sadiakeun jalan pikeun Pangeran! Jieun jalan anu lempeng pikeun Mantenna!" 4 Anggoan Yohanes tina bulu onta, nganggo sabuk kulit, ari tuangna simeut jeung madu leuweung. 5 Jelema-jelema ti Yerusalem, ti sakuliah Yudea, jeung ti daerah-daerah deukeut Walungan Yordan murubul ka anjeunna. 6 Maranehanana ngarakukeun dosa-dosana, tuluy ku anjeunna dibaptis di Walungan Yordan.*

Palawargi, ngartos teu naon maksudna nabi Yahya: "Geura tarobat," saurna, "sabab Karajaan Sawarga geus tereh ngadeg!". Hal ieu mangrupikeun simbol nu ngeceskeun yen satiap manusa kudu tobat tina dosa-dosana tur nampi Mesias salaku Jurusalamet.

Jalmi-jalmi nu nampi baptisan nabi Yahya kalebet golongan Yahudi anu kakoncara, nyaeta urang-urang Saduki sareng Farisi. Urang Saduki nyeta jalma-jalma anu beunghar tur kagungan pangaruh dina pamarentahan Rum, tapi maranehna teu paduli kana seratan para nabi. Urang Farisi nyaeta ahli-ahli kaagamaan nu taat dina ngadoa, puasa, barangbere, tur maparin seba tina panghasilanana. Ngan hanyakal ibadah maranehna teu katarima ku Allah lantaran maranehna hirupna hayang kaparuji ku manusa tur katingali kasolehanana. Kacindekanana antara urang Saduki jeung Farisi mung ngahormat Allah ku biwirna hungkul, tapi hatena jarauh ti Allah.

Urang lajengkeun aosan urang tina Kitab Matius ieu:

*7 Urang Parisi jeung urang Saduki oge loba anu ka darinya rek dibaptis. Tapi saur Yohanes ka maranehna, "Eh oray-oray, jarahat! Ceuk saha aranjeun engke bisa lolos tina hukuman Allah nu bakal datang? 8 Tembongkeun ku lampah yen aranjeun geus tarobat. 13 Yesus ti Galilea sumping ka Walungan Yordan,*

*mundut dibaptis ka Yohanes. 14 Ku Yohanes diwagel, saurna, "Kedahna sim kuring anu dibaptis ku Anjeun, ieu malah Anjeun anu mundut!" 15 Waler Yesus, "Keun bae ayeuna mah. Ku kieu teh urang ngalampahkeun nu jadi pangersa Allah." Yohanes ngiringan.*

Nabi Yahya ngabaptis Gusti Yesus di susukan Ci Yordan, panginten aya sabagian jalma naros," Kunaon Yesus nu tanpa dosa, nyuhunkeun Yahya kanggo ngabaptis?" waleranana aya dina ayat 15 *"Keun bae ayeuna mah. Ku kieu teh urang ngalampahkeun nu jadi pangersa Allah."* Ngalangkungan baptisan Yesus sanes mung ngan saukur maparin tuladan hungkul, tapi nguningakeun ka urang yen Anjeunna sumping kanggo hirup salaku manusa tur maot kanggo urang sadayana.

Salajengna urang ningal: ( Matius 3)

*"16 Sanggeus beres dibaptisna, Yesus timbul ti jero cai. Bray sapada harita keneh langit muka palebah Anjeunna, sarta Anjeunna ningali Roh Allah lungsur siga manuk japati, terus eunteup ka Anjeunna. 17 Tuluy aya soara ti langit, ungelna, "Ieu teh Putra kaasih Kami, anu kamanah ku Kami!"*

Palawargi, soara saha anu ngalahir ti langit téh? Eta téh suantenNa Gusti Allah! Naon nu ku Allah dicarioskeun? Allah cumarios perkawis Yesus, *"Ieu teh Putra kaasih Kami, anu kamanah ku Kami!"* kunaon Allah nyebatkeun Yesus PutraNa? Sapertos anu kauninga ku urang, Yesus disebut Putra Allah margi Anjeunna sumping langsung ti sawarga. Yesus teu kagungan rama dunyawit. Allah nempatkeun PangandikaNa anu langgeng kana rahim saurang lajang . ngalangkungan hal ieu urang tiasa terang naon alesanana Yesus disebut Putra Allah téh. Naon anu ngabentenkeun Yesus sareng manusa katurunan Adam nu sanesna? Margi satiap manusa katurunan Adam mah kagungan pasipatan anu tos kacampuran ku dosa, namung Yesus mah teu sama sakali. Eta margina Allah kalintang nyaahna ka Yesus margi Yesus kagungan pasipatan anu suci tur sampurna, eta sabab aya pribahasa anak téh gambaran ti bapana. Teu aya saurang oge nu tiasa ninggal ka Allah, tapi Mesias mah uninga ka Anjeunna.

Dina pasal ka 4 Kitab Matius dicarioskeun ngeunaan Yesus anu didoja, tilu kali Iblis ngadoja Yesus supaya nurut kamanehna, tapi tilu kali oge Yesus ngawaler ka Iblis nganggo PangandikaNa. Sakumaha Iblis ngagoda Adam sareng Hawa pikeun ngalakukeun dosa di taman Eden, kitu oge Iblis ngagoda Gusti Yesus supaya midamel dosa di leuweung geledagan, namung Yesus teu midamel dosa.

Kunaon Iblis ngagoda Yesus? Lantaran Iblis terang yen Yesus nyaeta Panebus anu Suci anu sumping ti sawarga ka bumi kanggo nyalametkeun putra-putra Adam tina pangaruhna. Iblis apal yen lamun Yesus ngalakukeun hiji dosa wae, Anjeunna moal iasa nyalametkeun putra-putrana Adam tina dosa. janten, Iblis ngagoda Yesus tur nyobaan kanggo nyasabkeun, namung sakali deui Yesus teu ragrag kana

jebakanan Iblis. Memang Iblis téh ngawasaan tur ngaruksak para karuhun urang, nyaeta Adam sareng Hawa, namung manehna teu tiasa ngelehkeun Putra Allah anu Suci. Margi Yesus kagungan pasipatan Allah anu Suci janten Anjeunna mah Suci. Sakumaha Rama, kitu oge PutraNa. Yesus mangrupikeun Pangandika Allah anu hirup tur kawasa dina raga manusa. Gusti ngutus Anjeunna ka alam dunya kanggo ngabebaskeun putra-putra Adam tina gengeman kawasa Iblis tur akibat tina dosa. mung Yesus kuanjeun nu tiasa ngabebaskeun urang tina gengeman Iblis jeung dosa margi mung Anjeunna anu tiasa ngelehkeun Iblis sareng dosa.

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 64

**Anak Domba Allah**

Yohanes 1 : 3

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na salalamina. Bagja pisan urang tiasa tepang dangu deui dina dangeut ieu.

-----

Ngalangkungan dua tepangan nu kalangkung, urang ningal Yesus Sang Mesias atanapi Jurusalamet matak kataji dina kalahiranana sareng sipatNa. Teu aya anu sami kalahiranana sapertos Yesus, kumargi Anjeunna teu kagungan bapa anu asalna ti ieu dunya. Anjeunna dibabarkeun ku saurang lajang ngalangkungan kawasa Roh Suci. Anjeunna kagungan salira sapertos urang, namung sipatNa teu sapertos urang.

Ayeuna urang langkung neuleuman deui ngeunaan kasaksian nabi Yahya ngeunaan Yesus, dina Kitab Injil Yohanes nu uningana: *19 Para gegeden urang Yahudi di Yerusalem ngutus sawatara imam jeung jelema-jelema urang Lewi, nanyakeun kieu ka Yohanes, "Anjeun teh saha?" 20 Ku Yohanes diwaler sajujurna, saurna, "Kaula lain Kristus." 21 "Upami sanes, saha?" ceuk utusan, "Anjeun teh Elias?" "Lain, lain eta," waler Yohanes. "Sanes Nabi nu diarep-arep tea?" ceuk utusan. "Lain," walerna. 22 "Saha atuh, wartoskeun," ceuk utusan. "Sim kuring kedah ngahaturkeun jawaban anu pasti ka nu ngutus. Cobi, ceuk anjeun, anjeun teh saha?" 23 Yohanes ngawalerna ku pilahir Nabi Yesaya: "Kaula teh, 'Soara anu cumeluk di gurun keusik: Sadiakeun jalan anu lempeng, pikeun Pangeran!'" 24 Eta para utusan anu diutus ku urang Parisi, 25 naranya deui, "Kristus sanes, Elias sanes, Nabi tea sanes, naha atuh anjeun ngabaptis?" 26 Waler Yohanes, "Kaula ngabaptis teh ku cai. Tapi di aranjeun aya saurang anu aranjeun teu wawuh. 27 Sumpingna pandeurieun kaula, tapi kaula pikeun mangudarankeun tali tarumpah-Na ge teu layak." 28 Eta kajadian teh di Betania sisi Walungan Yordan peuntas wetan, paragi Yohanes ngabaptis. 29 Poe isukna Yohanes ningali Yesus anu rek ka anjeunna. Yohanes ngalahir, "Tuh itu Anjeunna, Anak Domba Allah, anu bakal ngaleungitkeun dosa ti alam dunya! 30 Nya Anjeunna anu ceuk*

*kami, 'Anu sumpingna pandeurieun kami tapi ngungkulan kami, reh Anjeunna mah memeh kami dijurukeun oge geus jumeneng.'*

Hayu urang tinggal sasarengan naon anu didugikeun ku Yahya ngeunaan Mesias? Sapertos ka unggel: *"Poe isukna Yohanes ningali Yesus anu rek ka anjeunna. Yohanes ngalahir, "Tuh itu Anjeunna, Anak Domba Allah, anu bakal ngaleungitkeun dosa ti alam dunya!"* Urang tiasa ngaos kumaha para nabi nyebat Mesias ku rupi-rupi sebatan sapertos: Jurusalamet, Raja, Gusti, Pangandika Allah, sareng Putra Allah. Dangeut ieu urang ngadangu sebatan "Anak Domba Allah".

Cobi ayeuna urang emut deui naon anu diparentahkeun ku Allah saporant Adam sareng Hawa ragrag kana dosa, Allah ngandika upahna dosa teh maot jadi lamun teu aya kurban getih moal aya panghampura. Urang oge ninggal kumaha dua murangkalih Adam sareng Hawa, nyaeta Habel anu percaya ka Allah ku cara ngurbankeun domba tur ngahaturan ka Allah dina altar kanggo kurban panebus dosa. Nalika Allah ninggal kurbanna Habel, Anjeunna ngabatalekun hukuman kana dosana Habel tur nyebat Habel salaku jalma anu bener. Anak domaba mung mangrupikeun hiji kalangkang tur gambaran ti Panebus anu Suci anu baris lungsur kadunya tur ngocorkeun getihNa pikeun nebus dosa-dosa manusa tina hukuman Allah.

700 taun sateuacan Yesus lahir, nabi Yesaya nyeratkeun kumaha Mesias bakal sami sapertos Anak Domba anu dibawa kana pameucitan , salaku kurban kanggo ngahapus dosa-dosa urang (Yes 53:7). Jadi antara Habel sareng Mesias, sadaya jalmi anu percaya ka Allah sadayana ajrih tur kening nugraha tina pangorbanan Anak Domba. Nuh, Ibrahim, Musa, Daud, Sulaeman, para nabi tur sadaya jalma anu percaya kana Pangandika Gusti kagungan kabiasaan ngurbankeun domba anu sae. Ieu ngabuktoskeun yen aranjeunna nuju ngantosan kurban anu panungtungan nyaeta Sang Panebus anu Suci, anu baris ngocorkeun getihNa salaku kurban panghapus dosa kanggo salalanggengna.

Eta margina palawargi, nawaktos Yahya ninggal kasumpingan Yesus ka anjeunna, anjeunna nunjuk tur nyarios ka murid-muridna , *" Tuh itu Anjeunna, Anak Domba Allah, anu bakal ngaleungitkeun dosa ti alam dunya!"* supados muridna terang yen jalmi anu ngadeg dihareupeun maranehna téh Mesias "Anak Domba" nu diutus Allah ti sawarga, kurban nu sampurna nu parantos dinubuatkeun para nabi. Yesus nyaeta kurban anu Suci nu sumping ka dunya masrahkeun nyawaNa salaku panebus putra-putra Adam supaya sagala dosana ku Allah dihampura. Urang teraskeun aosan urang tina Yohanes 1: 35 *Poe isukna deui, waktu Yohanes keur ngadeg di tempat kamari jeung dua muridna, 36 ningali Yesus ngalangkung. "Tuh, Anak Domba Allah!" saurna. 37 Sanggeus anjeunna ngalahir kitu, eta dua murid teh arindit naluturkeun ka Yesus.*

Urang ninggal muridna Yahya nuturkeun Yesus, kunaon muridna nuturkeun Yesus? Maranehna nuturkeun Yesus kumargi maranehna percaya kana naon nu didugikeun ku Yahya nalika nyebatkeun Yesus nyaeta Mesias sareng Anak Domba Allah nu tos dinubuatkeun para nabi. Eta margina Andreas satos uningan Yesus nyaeta Mesias, manehna indit nepungan wargina Simon Petrus tur ngalahir "kami parantos menakan Mesias!" sareng saparantos murid-murid lain anu jenenganana Filipus uninga ka Yesus, ngarasa kacida bingahna tur ngabejaan ka Natanael, "*kami geus menakan Anjeunna, nu disebut ku Musa dina Kitab Toret sareng ku para nabi, nyaeta Yesus urang Nazaret.*"

Andreas, Petrus, Filipus, sareng Natanael ngarasa bungah nataku lantaran parantos tiasa tepang langsung sareng Mesias, nu ahirna maranehna jadi murid-muridna nu munggaran. Sapertos nu kaunggel dina Kitab Injil Matius 4 nu nyarioskeun: "*21 Yesus angkat deui ti dinya, tuluy ningali deui dua jelema adi lanceuk ngaranna Yakobus jeung Yohanes, anak Sebedeus, keur ngomean heurap jeung bapana dina parahu. Ku Yesus disaur, 22 seug marilu harita keneh, parahu jeung bapana ditinggalkeun.*"

Dina tepangan anu salanjengna urang bade langkung neuleuman ngeunaan carios anu nguningakeun kumaha Gusti Yesus ngaulang sueur jalmi, sareng midamel mujijat-mujijat anu aheng. Urang baris ningal mung ngalangkungan cariosanNa sareng padamelanNa, Yesus ngabuktoskeun yen Anjeunna leres-leres Mesias nu dinubuatkeun para nabi. Namung dangeut ieu, urang bade ninggal naon nu kajantenan ka nabi Yahya. Saparantos Yahya nguningakeun pa murid-muridna yen Yesus Mesias, murid-muridna esed ti anjeunna hiji-hiji tur ngiring ka Yesus. Naha hal ieu ngajaheutkeun Yahya? Naha ngaraos seneng? Kumaha numutkeun palawargi?

Dangukeun naon anu dicarioskeun dina Injil Yohanes 3:

*26 Maranehna tuluy arunjukan ka Yohanes, "Pa Guru, manawi emut keneh ka jalmi anu kapungkur sareng Bapa di sisi Walungan Yordan palih wetan tea, anu ku Bapa dituduhkeun ka abdi-abdi? Ayeuna Anjeunna oge ngabaptis; jalmi sadayana ka Anjeunna!" 27 Waler Yohanes, "Jelema moal boga naon-naon lamun taya paparin ti Allah. 28 Maraneh ngadenge sorangan basa kami nyebutkeun, 'Kami lain Kristus. Kami mah jalma anu diutus heulaeun Anjeunna.' 29 Anjeunna jeung kami teh lir panganten lalaki jeung rencangna. Panganten awewe teh hakna panganten lalaki, ari rencangna mah ngan maturan heula di gigireunana bari ngadengekeun. Hatena bungah ngadenge sora panganten lalaki teh. Kami oge kitu, bungah taya papadana ku hal Anjeunna. 30 Memang geus kuduna Anjeunna jadi anu leuwih penting, ari kami kudu beuki asor."*

Kumaha pandangan palawargi ku hal ieu? Yahya mintonkeun kagumbiraan anu ageung nalika murid-muridna encag ti manehna kanggo ngiring ka Yesus! Yahya sukabungah, margi parantos ngarengsekeun

tugasna, anjeunna tos nyiapkeun jalan kanggo Mesias. Salaku nabi Allah, Yahya hoyong ngajajap jalmi-jamli ka Mesias. Tangtosna benten pisan sikep Yahya sareng para pamingpin agama ayeuna! Pamingpin anu saestu baris ngarahkeun urang ka Yesus, margi mung Yesus hiji-hijiNa tiasa nyandak urang kapayuneun Allah anu Suci di sawarga. Yahya sadar yen seueur nabi, tapi mung hiji Jurusalamet. Eta margina Yahya nyarioskeun: *“ Saha bae anu percaya ka Putra-Na bakal meunang hirup langgeng; tapi anu teu anut ka Putra-Na, moal boga hirup, sabalikna bakal tetep aya dina hukuman Allah.”* (Yoh 3:36)

Ngeunaan ahir kahirupan Yahya, Injil nyarioskeun: *“18 Rupa-rupa carana Yohanes ngawurukkeun Injil Kasalametan ka jalma rea, sarta meupeujeuhan sangkan maranehna babalik pikir. 19 Ari ka Raja Herodes mah anjeunna nyekseukan, lantaran Herodes migarwa Herodias garwa saderekna, jeung midamel kajahatan-kajahatan lianna.* (Lukas 3:18-19)

Eta margina Herodes marentahkeun supaya Yahya ditewak, diborogod di asupkeun ka penjara, nu ahirna mastakana Yahya dipenggal kanggo nyugemakeun bojona (Aos Markus 6:17;27). Sapertos kitu Yahya lebet ka karajaan Allah nu Suci di sawarga sareng janten nabi anu kasohor.

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 65

**Tabib Nu Agung**

Markus 1,3

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa. Gusti anu mikahoyong sadaya jalma uninga tur soson-soson kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati.

-----

Palawargi, dina tepangan nu kalangkung urang parantos diajar ngeunaan Yesus salaku Mesias anu disebut "Anak Domba Allah". Dina tepangan dangeut ieu urang bade neraskeun kumaha carios ngeunaan padamelan-padamelan nu dilakukeun ku Gusti Yesus nyaeta ngalakukeun padamelan Allah anu ngutusNa. Injil Markus 1, nyarioskeun:

*21 Yesus sumping ka kota Kapernaum jeung murid-murid. Dina poe Sabat Anjeunna lebet ka imah ibadah, ngawulang. 22 Cara Anjeunna ngawulang estu pikaresepeun anu ngabarandungan, beda ti guru-guru agama maranehna. Anjeunna mah ngajarna teh gede wibawana. 23 Sabot kitu, aya hiji jelema anu kasurupan roh jahat asup ka jero imah ibadah bari cocorowokan, 24 "Arek naon datang ka urang, Yesus urang Nasaret? Rek ngabinasa? Kuring nyaho Anjeun teh utusan anu suci ti Allah!" 25 "Repeh maneh!" saur-Na ka eta roh jahat. "Geuwat kaluar ti eta jelema!" 26 Sanggeus ngageubig-geubig kacida nemenna ka eta jelema, eta roh jahat teh tuluy nyingkah. 27 Anu nyaraksian mani harookeun sarta tuluy ngaromong pada batur, "Wah, naon ieu? Pangajaran anyar, kitu? Kawasa temen eta jelema teh, roh-roh jahat dititah kaluar teh mani narurut kitu!" 28 Beja hal Yesus gancang pisan nerekabna ka mana-mana di sakuliah daerah Galilea."*

Pangajaran Yesus benten sareng pangajaran-pangajaran anu sanesna, margi cara Yesus ngaulang matak pikaresepeun anu ngabarandunganana. Benten pisan sareng para ahli Toret, sakuduna maranehna ngajarkeun ngeunaan Toret, Zabur, sareng tulisan para nabi. Tapi hanyakalna maranehna teu ngajarkeun



hal eta kulantaran maranehna teu paraham kanu saestuna. Maranehna ngahormat ka Allah ku biwirna, tapi hatena jarauh ti Allah sabab teu apal kana Pangandika Gusti. Jadi, nalika Yesus ngaulang sadaya jalma-jalma anu hadir kalintang hookeunana kana carisoan tina pangajaranana.

Leres pisan, nalika Adam ragrag kana dosa dugika dimana Yesus ngadamel mujijat. Manusa teu acan pernah ninggal jalmi anu kawasa sapertos Anjeunna, tapi ayeuna jalma-jalma ninggal mung ku ucapNa Setan jeung Iblis kabur! Mung Mesias anu sumping ti sawarga iasa ngalakuen hal ieu! Naha palawargi ngaos naon anu dicarioskeun ku jalmi anu kasurupan Setan ka Yesus? *"Arek naon datang ka urang, Yesus urang Nasaret? Rek ngabinasa? Kuring nyaho Anjeun teh utusan anu suci ti Allah!"*

Setan apal timana Yesus sumping jeung saha Anjeunna, tapi kaseueuran jalma teuterang saha Yesus saleresNa. Setan sareng malaikat sieun ku Yesus kumargi Anjeunna téh Pangandika anu diauban ku Allah nu parantos nyiptakeun langit sareng bumi tiawalna. Maraehna apal yen Yesus anu kawasa anu bakal ngalungkeun maranehna kana jero seneu anu langgeng! Eta sababna Setan sieuneun nalika ngadangu namiNa Yesus.

Urang teraskeun aosan urang:

*34 Yesus terus nyageur-nyageurkeun anu garering loba pisan sarta panyakitna rupa-rupa. Roh-roh jahat anu nyurup ge ku Anjeunna diusiran, loba pisan. Eta roh-roh jahat ku Anjeunna teu diidinan ngaromong naon-naon, sabab geus nyarahoeun saha Anjeunna. ....39 Geus kitu Anjeunna ngider ka sakuliah Galilea, ngawulang di imah-imah ibadah jeung ngusir roh-roh jahat anu nyurup ka jelema. 40 Aya jelema lepra datang ka Anjeunna, sujud ka payuneuna-Na menta ditulungan. Pokna, "Manawi Juragan kersa, Juragan iasa nyageurkeun abdi." 41 Manah Yesus welas pisan ka eta jelema, tuluy ngantelkeun panangana-Na kana awak eta jelema. "Heug, geura cageur," saur-Na. 42 Les leprana leungit, awakna pulih beresih.*

Yesus ngadamangkeun jalmi-jalmi tina sagala panyakitna, sareng ningalkeun kaasihna ka katurunan Adam lantaran maranehna leuleus tur taya tangan pangawasa, siga domba teu aya nu ngangon. Yesus ngalakukeun seueur mujijat kanggo ngabuktoskeun ka putra-putra Adam yen Anjeunna Mesias nu ku Allah tos dijangjikeun kapungkur. Sapertos anu dicarisokeun ku Yesaya ratusan taun sa teuacan Yesus medal, Yesaya nyarioskeun: *"Nu lolong bakal bisa nenjo, nu toreng bakal bisa ngadenge. Nu lumpuh bakal bisa luncat jeung ngigel, nu pireu bakal bisa susurakan. Kocoran-kocoran cai bakal ngalocor di gurun keusik."* (Yesaya 35:5-6) Ngalakungan carios ieu, Yesaya nguningakeun yen Mesias bakal midamel mujijat-mujijat nu teu acan pernah dipidamel kusaha wae. Urang parantos ngadangu kumaha Allah maparinan kawasa mujijat ka Musa sareng Elia, namung kawasa mujijat teu sabanding sareng nu dipidamel ku Mesias. Malihan mah Mesias pinuh ku kawasa, margi Anjeunna mangrupikeun kawasa Allah nyalira.

Kitab Injil Markus pasal 2 nyarioskeun:( Mark 2 )

*5 Ningali kapercayaan maranehna sakitu mantepna, Yesus ngalahir ka eta nu lumpuh, saur-Na, "Anaking, dosa-dosa hidep geus dihampura." 6 Aya sawatara guru agama anu marilu kumpul di dinya. Maranehna mimiti ngaromong dina hatena, 7 "Lancang temen ieu jelema ngomong kitu! Ngahina ka Allah! Ngan Allah anu wenang ngahampura dosa mah!" 8 Yesus uningaen kana pikiran maranehna, tuluy ngalahir, "Ku naon karitu pikiran aranjeun? 9 Mana nu leuwih babari ngomongkeunana ka ieu nu lumpuh, 'Dosa-dosa hidep dihampura,' atawa, 'Geura hudang, samak hidep tuluy leumpang'? 10 Tapi ayeuna ku Kaula rek dibuktikeun yen Putra Manusa di ieu dunya kawasa ngahampura dosa." 11 Geus kitu ngalahir ka eta nu lumpuh, "Geura hudang, angkat samakna, jung geura balik!" 12 Nu lumpuh teh cengkat, samakna diangkat, tuluy gura-giru indit ti dinya. Anu nyaraksian mani barengong, tuluy ngamulyakeun ka Allah. "Saumur ge kakara nenjo kajadian kawas kieu mah! ceuk maranehna.*

Ngalakungan carios ieu urang ningal kawasa Yesus anu teu aya wates wangenNA nalika ngadamangkeun nu teu damang, tapi Anjeunna oge kawasa kanggo ngadamangkeun hate jalma anu dosa! Yesus mangrupikeun Tabib nu Agung teu mungterang panyawat lahirna jalmi anu lumpuh, tapi kana eusi hatena oge, eta margina anu ngawita ku Yesus dicarioskeun "*anaking, dosa-dosa hidep geus dihampura.*"

Naon nu aya dina pikiranana ahli Toret nalika Yesus nyarios sapertos eta? Maranehna nyarios "Yesus ngahujat" teu aya saurang oge nu tiasa ngahampura dosa kajaba Allah ku anjeun. Pikiran maranehna sawareh bener tapi gegedena salah. Yesus mangrupikeun pangantara manusa anu dosa sareng Allah nu Suci. Yesus téh Pangandika Allah, eta sababNa nalika Anjeunna nyarioskeun "dosa hidep geus dihampura," Allah ku anjeun nu nyarios "dosa hidep geus dihampura". Yesus mangrupikeun Sabda Allah didunya, sareng hiji jalan nu pasti pikeun manusa bisa angkeun bener ku Allah. Yesus kagungan kawasa pinuh kanggo ngampura dosa manusa, hanyalna ahi Toret teu palercayaen.

Lajengkeun aosan urang tina Kitab Injil:

*15 Sabot Yesus keur tuang di imah Lewi, burubul tukang-tukang mulung pajeg lianna daratang jeung jelema-jelema anu dianggap jelema goreng, marilu dahar sameja jeung Anjeunna jeung murid-murid. Sabab loba anu bariluk ka Anjeunna. 16 Sawatara guru agama Yahudi golongan Parisi, narenjo Yesus tuang jeung tukang-tukang mulung pajeg jeung jelema-jelema nu dianggap goreng teh naranya ka murid-murid, "Naha guru maraneh tuang jeung jelema-jelema karitu?" 17 Kadangueun ku Yesus, Anjeunna ngawaler, "Anu perlu doktor teh anu garering, nu calageur mah teu perlueun. Kaula datang lain rek neangan jelema anu marulya, tapi rek neangan jelema-jelema anu diaranggap hina." (Markus 2 :15-17 )*

Ngalakungan cariosanNa, Yesus Tabub Nu Agung hoyong nguningakeun ka ahli Toret yen maranehna gering diharepan Allah lantaran dosa manehna. Tapi, guru-guru ieu teu ngaku dosa maranehanana. Malahan, maranehna nyarioskeun Yesus lantaran tuang sareng para pamungut pajeg anu disebut ku maranehna salaku jalma-jalma anu darosa. Tapi, hadirna Yesus ditengah jalma-jalma dosa justru kanggo nyalagerkeun marenahanana.

Kumaha sareng palawargi, palawargi sadar yen palawargi dilahirkeun ku panyakit anu pikasieuneunana nu ngarana dosa? Dosa nu aya dipalawargi bakal ngabalukarkeun maot jeung kena panghukuman ti Allah nu Suci. Beja bungahna kanggo palawargi, aya anu tiasa ngadamangkeun palawargi, terang teu palawargi saha eta téh? Leres, Anjeunna nyaeta Yesus Jurusalamet. Emut palawargi Yesus moal tiasa ngadamangkeun palawargi saupamina palawargi teu kersa nganken yen palawargi jalma anu dosa, janten palawargi kedah ngakeun heula kana dosa palawargi, teras nampi Anjeunna salaku Allah anu kawasa ngahampura dosa urang sadaya.

Eta sababna Yesus nyarios ka ahli Toret, *"Anu perlu doktor teh anu garering, nu calageur mah teu perlueun. Kaula datang lain rek neangan jelema anu marulya, tapi rek neangan jelema-jelema anu diaranggap hina."*

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 66

**Guru Agung**  
Markus 5-7

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa. Gusti anu mikahoyong sadaya jalmi uninga tur soson-soson kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Ku jalan kitu, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satinggal jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati.

-----

Dina tepangan anu kalangkung, seueur jalmi anu kataji tur nyarita hiji kanu sejenna, *"Anu nyaraksian mani harookeun sarta tuluy ngaromong pada batur, "Wah, naon ieu? Pangajaran anyar, kitu? Kawasa temen eta jelema teh, roh-roh jahat dititah kalaluar teh mani narurut kitu!"* (Markus 1:27)

Palawargi hayu ngalajengkeun pangajaran kanggo dinten ieu, nyaeta urang bade ngadangukeun pangajaran ngeunaan hutbah di gunung, anu nyarioskeun: (Matius Pasal 5)

*1 Ningali rea nu ngiring Yesus naek ka gunung. Sanggeus calik jeung diriung ku murid-murid, 2 tuluy ngawulang: 3 "Bagja jelema anu ngarasa jiwana miskin, sarta ngaharep ngan ka Allah wungkul; Karajaan Sawarga teh eukeurna! 4 Bagja jelema anu sedih prihatin, ku Allah bakal dililipur! 5 Bagja jelema nu rendah hate, bakal narima sagala anu dijangjikeun ku Allah! 6 Bagja jelema anu kacida hayangna kana ngalampahkeun pangersa-pangersa Allah, ku Allah bakal disugemakeun! 7 Bagja jelema nu karunyaan, ku Allah bakal dipikawelas! 8 Bagja jelema anu hatena mulus beresih, sabab bakal wawuh ka Allah! 9 Bagja jelema anu resep ngupayakeun karukunan, ku Allah bakal diangken putra! 10 Bagja jelema anu dikaniaya ku sabab ngalakonan pangersa Allah, Karajaan Sawarga teh eukeurna! 11 Bagja maraneh lamun dihina-hina, diteungteuinganan, diomongkeun jeung digogoreng dumeuh anut ka Kami. 12 Lamun dikitu-kitu sing bagja, sing bungah, sabab geus aya piganjaraneunana anu gede di sawarga. Nabi-nabi anu hirup beh ditueun maraneh oge dikaniaya teh kitu." 17 "Ulah nyangka yen Kami datang teh rek ngeuweuhkeun Hukum Musa jeung pangajaran nabi-nabi. Pang Kami datang teh malah rek*

ngalaksanakeun eta, jeung rek nuduhkeun hartina nu saenyana. 18 Inget, sapanjang aya keneh langit jeung bumi, moal aya babagian tina eta Hukum anu dieuweuhkeun, najan anu pangleutikna atawa ngan satitik, nepi ka sakabeh tujuanana laksana. 19 Ku hal eta, anu ngarempak salah sahiji parentahna najan anu teu pira, sarta ngajar kitu ka nu sejen, di Karajaan Sawarga bakal jadi anu panglaipna. Sabalikna, anu ngalaksanakeun parentahna tur ngajar kitu ka nu sejen, di Karajaan Sawarga bakal jadi warga penting. 20 Anu matak Kami ngabejaan, lamun hayang jadi warga Karajaan Sawarga kudu satia kana pangersa Allah leuwih ti batan guru-guru agama atawa urang Parisi." 21 "Maraneh geus ngadenge yen jalma-jalma baheula meunang timbalan kieu: 'Ulah maehan. Anu maehan kudu dihukum.' 22 Ayeuna ceuk Kami, anu ngambek ka batur kudu dihukum. Nyarekan nyebut 'Si Belegug' kudu dibawa ka Majelis Agama. Nyarekan nyebut 'Si Burung' manjing siksa seuneu naraka. 27 "Maraneh geus ngadenge yen aya timbalan kieu: 'Ulah ngaranyed.' 28 Ayeuna ceuk Kami, lalaki anu melong ka awewe bawaning ku bogoh, hatena geus ngaranyed.

33 "Maraneh geus ngadenge oge yen jalma-jalma baheula ditimbalan kieu: 'Ulah mungkir jangji. Jangji anu make sumpah ka Pangeran kudu ditedunan.' 34 Ayeuna ceuk Kami, ari jangji ulah make sumpah. Ulah sumpah nyebut demi langit, sabab langit teh tahta Allah. 35 Ulah sumpah nyebut demi bumi, sabab bumi teh jojodog sampeana-Na. Ulah sumpah demi Yerusalem sabab eta teh hiji kota Raja Agung. 36 Jeung ulah sumpah demi sirah maneh, sabab maraneh teu bisa ngabodaskeun atawa ngahideungkeun buukna salambar-lambar acan. 37 Sebutkeun bae 'Enya' atawa 'Henteu'. Leuwih ti kitu mah asalna ti Iblis." 38 "Aya deui timbalan: 'Mata bayar mata, huntu bayar huntu.' 39 Ayeuna ceuk Kami, ulah ngabales ka nu jahat ka maraneh. Lamun aya jalma nampiling pipi maneh nu katuhu, keun bae najan rek nampiling deui ka nu beulah kenca oge. 40 Lamun aya jalma ngadukeun maraneh ka hakim sarta menta ganti rugi ku baju maraneh, bikeun bae jeung jubahna. 41 Lamun aya jalma ti hiji pasukan tentara maksa ka maraneh nitah mangmawakeun barangna sakilometer, turutkeun dua kilometer. 42 Nu barangpenta kudu dibere, nu hayangeun nginjeum kudu dibere nginjeum." 43 "Maraneh geus ngadenge yen aya timbalan kieu: 'Kudu nyaah ka pada batur. Musuh kudu dipikageuleuh.' 44 Ayeuna ceuk Kami, ka musuh ge kudu nyaah, ka nu neungteuinganan kudu ngadoakeun, 45 supaya maraneh diangken putra ku Rama nu di sawarga. Mantenna mah ka nu jahat, ka nu bageur, ka nu bener, ka nu teu bener, sarua bae maparin hujan maparin panas. 46 Ari nyaah ngan ka nu mikanyaah bae mah atuh lampah maraneh teh naon anu pantes dibales ku Pangeran? Nyaah ka nu nyaatheun mah tukang mulung pajeg oge osok. 47 Daek someah ka babaturan wungkul mah naon luar biasana? Nu teu nyarahoeun ka Allah ge semet kitu mah geus biasa. 48 Maraneh mah kudu sing sampurna, sakumaha Rama maraneh nu di sawarga sampurna."

( Matius 6 )

1 "Dina ngalakonan anu diwajibkeun ku agama, kade ulah nyiri-nyirikeun maneh. Sabab lamun kitu maraneh moal meunang ganjaran naon-naon ti Rama maraneh nu di sawarga. 2 mere sidekah ka nu miskin ulah ditembong-tembong ka batur. Ulah cara anu marunapek sok karitu di tempat ngabakti atawa di jalan, hayang katangar balabah ngarah dipuji. Tah eta ganjaran maranehna mah, sakitu-kituna. 3 Jadi ari nulung ka nu miskin teh sing rikip, batur anu dalit ge ulah nyahoeun. 4 Ulah hayang kanyahoan ku batur. Sabab najan rikip ge pitulung maraneh teh ku Rama nu di sawarga mah kauninga, sarta Mantenna baris ngaganjar." 5 "Ari neneda ulah cara jalma tukang pura-pura! Maranehna ngadoana teh resep ngabedega di tempat babakti atawa di pepengkolan, ngarah katembong ku batur. Tah eta ganjaran maranehna mah, sakitu-kituna. 6 Maraneh mah mun rek neneda kudu di kamar, pantona rekepkeun, tujukeun paneda ka Rama maraneh nu teu katenjo. Sanajan dilampahkeun di tempat rikip ge ku Mantenna kauninga sarta tangtu diganjar. 7 Teu kudu panjang loba ucap nu teu perlu kawas lain umat Allah. Panyanana lamun sembahyangna panjang tangtu dimakbul. 8 Maraneh mah ulah kitu. Samemeh diunjukkeun ge Rama maraneh mah geus uningaeun naon anu rek dipenta ku maraneh. 9 Jadi kieu bae unjukan teh: 'Nun Ama di sawarga. Mugi jenengan Ama nu suci dimulyakeun. 10 Karajaan Ama mugi rawuh. Pangersa Ama mugi laksana di dunya, sapertos di sawarga. 11 Mugi abdi dinten ieu dipaparin tetaeun nu picekapeun. 12 Sareng hapunten kalelepatan abdi, sakumaha abdi oge parantos ngahapunten ka nu gaduh kalelepatan ka abdi. 13 Mugi abdi ulah diterapan cocoba anu abot, sawangsulna mugi di salametkeun ti panggoda Iblis. Wirehi nya Ama nu jumeneng Raja, kawasa sareng mulya, salalanggengna. Amin.'

16 "Jeung ari keur puasa ulah nyaleuy-nyaleuy beungeut kawas anu marunapek, paruasana teh nyiri-nyirikeun maneh ngarah kanyahoan puasa. Nya anu jadi ganjaranana oge eta, sakitu-kituna. 17 Maraneh mah ari keur puasa anggur kudu sibeungeut, buuk sisiran sing luis, 18 ngarah ulah kaciri ku batur yen keur puasa, sina kauninga ku Rama maraneh bae wungkul nu teu katenjo. Mantenna tangtu ngaganjar, da uningaeun sanajan puasana ngaririkip maneh oge." 19 "Di dunya ulah numpuk-numpuk harta banda keur sorangan. Barang dunya mah bisa ruksak ku rinyuh jeung taihiang, atawa beak dibongkar bangsat. 20 Kudu ngumpulkeun teh harta pikeun maneh di sawarga, anu moal dihakan rinyuh, moal taihiangan, moal aya nu ngabangsat. 21 Sabab di mana bae ayana harta maneh nya di dinya nempelna hate maneh." 22 "Panon teh minangka lampu awak. Lamun panon cekas, sakujur awak ngempray caang, 23 tapi lamun panon surem, sakujur awak tangtu poek. Jadi lamun lampu awak teh poek, tada teuing poekna awak teh!" 24 "Moal aya anu bisa ngawula ka dua dunungan, sabab nyaahna

ngan bisa ka saurang, moal bisa ka duanana. Satiana oge ngan ka saurang, ka nu saurang deui mah malah jengkel. Maraneh oge kitu, moal bisa ngabdi ka Allah bari ngawula kana duit.

( Matius 7 )

1 "Ulah ngahukuman batur, supaya maraneh ulah dihukuman ku Allah. 2 Sabab sakumaha maraneh ngahukuman ka batur, nya kitu keneh, maraneh ge bakal dihukumanana ku Allah. Lamun maraneh ngukur kitu ka batur, maraneh ge bakal diukur kitu ku Allah. 3 Ku naon neleke-neleke tatal dina panon dulur, ari balok dina panon sorangan diantep? 4 Kumaha rek wani ngomong ka dulur maraneh, 'Cing, eta tatal dina panon urang pangnyabutkeun ku kuring,' padahal dina panon sorangan aya balok? 5 Eh nu marunapek! Piceun heula balok tina panon sorangan, kakara bisa awas mangnyabutkeun tatal tina panon dulur maraneh.

7 "Kudu menta, tangtu bakal nampa, kudu neangan, tangtu bakal manggih, kudu ngetrokan, tangtu dibuka pantona. 8 Sabab nu menta tangtu dibere, nu neangan tangtu manggih, nu ngetrok panto tangtu dipangmukakeun.

13 "Kudu milih asup kana lawang nu sempit. Sabab lawang anu rubak mah brasna ka naraka, jalan ka dinya gampang, nu matak loba anu ka darinya. 14 Sabalikna lawang nu sempit mah lawang kana pihirupeun. Jalanna memang hese, nu matak anu ka darinya mah ngan saeutik." 15 "Sing awas ka nabi-nabi palsu! Datangna ka maraneh make ulat domba, tapi hatena mah hate ajag. 16 Maraneh baris nyaho ka maranehna tina tingkah lakuna. Rungkun cucuk moal buahan anggur, tangkal cucuk moal buahan kondang. 17 Tangkal alus buahanana tangtu alus, tangkal goreng buahanana tangtu goreng. 18 Mun tangkalna sehat buahanana moal goreng, mun tangkalna goreng buahanana moal alus. 19 Tangkal nu goreng buahanana tangtu dituar tuluy dialungkeun kana seuneu. 20 Jadi nyirikeun nabi-nabi palsu teh tina tingkah lakuna."

24 "Jadi, anu ngabandungan ieu piwulang Kami jeung terus ngalampahkeunana, eta ibarat jelema pinter anu nyieun imah dina luhur batu. 25 Imahna katinggang hujan gede, kateumbrag walungan caah, katebak ku angin ribut, tapi teu daekeun rugrug sabab ngadegna dina luhur batu. 26 Sabalikna anu ngadenge ieu piwulang tapi henteu ngalampahkeun, eta ibarat jelema teu boga pikiran nu ngadegkeun imah dina luhur keusik. 27 Katinggang hujan gede, kateumbrag walungan caah, katebak ku angin ribut, brug imahna runtuh. Ruksakna kacida!" 28 Yesus liren nyariosna. Jalma-jalma mani harookeun ku carana Anjeunna ngawulang. 29 Beda ti guru-guru agama maranehna, Anjeunna mah ngajarna teh pinuh wibawa."

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 67

**Anjeun kudu dijurukeun deui**

Yohanes 3

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa. Gusti anu mikahoyong sadaya jalmi uninga tur sosoan-soson kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati.

-----  
Dina pangajaran Kitab Injil, urang ningal yen Yesus Sang Mesias kalintang aheng dina kalahiranana, pasipatan sareng padamelanaNa. Dina ngaulang, Anjeunna kalintang saena tur eces, dugika anu ngadanguka ngarasa heran. Kulantaran kitu para pamingpin Yahudi teu resepeun ka Yesus sanes tina masalah pangajaran tapi oge kabiasaan maranehna.

Pangajaran nu kalangkung urang ngadangukeun ngeunaan hutbah di gunung, nu tiasa dicindekeun janten: *urang ulah saperti jalma-jalma munapik*. Kamunapikan téh hal nu dipikageuleuh ku Allah tur ngaruksak ka manusa. Munapik hartosna pura-pura ngabogaan sipat anu teu saluyu jeung kaayaan hatena. Yesus ngunikeun ka ayaan jalma munapik ibarat kuburan dikapur bodas, ti luarna siga alus, ari eusina tulang-taleng jeung mayit buruk. (Matius 23:27)

Yesus terang dugi kana kajeroan hate manusa, Anjeunna terang kana kamunapikan ahli agama, urang Farisi jeung ahli Toret. Yesus nyarios: *“Jeung ari keur puasa ulah nyaleuy-nyaleuy beungeut kawas anu marunapek, paruasana teh nyiri-nyirikeun maneh ngarah kanyahoan puasa. Nya anu jadi ganjaranana oge eta, sakitu-kituna.* (Matius 6:16)

*“Kudu milih asup kana lawang nu sempit. Sabab lawang anu rubak mah brasna ka naraka, jalan ka dinya gampang, nu matak loba anu ka darinya. Sabalikna lawang nu sempit mah lawang kana pihirupeun. Jalanna memang hese, nu matak anu ka darinya mah ngan saeutik.”* (Matius 7:13-14).

Gusti Yesus ngadesek jalma-jalma sangkan milih jalan anu sempit anu nuju kana kahirupan langgeng, ngartos teu palawargi kana cariosan Yesus ngeunaan jalan kasalametan? Ieu kalintang penting! Kudu hirup

sapertos kumaha ari jalma anu tos kantos ninggal Allah? Naon nu dicarioskeun ku Yesus? Anjeunna nyarios: “ maraneh kudu ngabogaan hate nu bersih tur sampurna!” kumaha katurunan Adam anu dikandung tina dosa tiasa ngagaduhan hate nu bersih tur sampurna? Aya tarekah anu tiasa dilakukeun pikeun nyucikeun hatena? Teu aya! Ku usahana manusa pamohalan tiasa ngaberesihkeun hatena. Aya paribasa anu nyarioskeun “ rek sabaraha lilana oge kai gelempengan dilelepkeun dina cai, moal bisa robah jadi buaya”. Kitu oge jeung manusa, teu bisa nanaon pikeun meresihan hatena nu dosa. palawargi, naon nu mustahil pikeun manusa, kanggo Allah mah teu mustahil!

Ayeuna urang bade nengetan saurang pamingpin agama di Yerusalem anu jenenganana Nikodemus nyumpingan tor ngobrol sareng Yesus dina waktu peunting. Yesus nguningakeun ka manehna kumaha saurang nu dosa tiasa nampi hate anu beresih/ suci tur nampi kahirupan langgeng ti Allah, urang aos Yohanes pasal 3:

*“1 Aya hiji pamingpin urang Yahudi ti kalangan kaom Parisi, ngaranna Nikodemus. 2 Dina hiji peuting manehna datang ka Yesus. "Pa Guru," carekna ka Anjeunna, "sarerea terang Pa Guru teh guru anu diutus ku Allah. Sabab moal aya anu bisa ngayakeun mujijat kawas Pa Guru lamun henteu disarengan ku Allah." 3 Waler Yesus, "Kaula rek ngabejakeun hal anu saenyana, nya eta: Saurang oge moal aya anu bisa asup ka Karajaan Allah, kajaba lamun dijurukeun deui." 4 "Piraku jalma anu geus dewasa bisa dijurukeun deui, kumaha petana?" ceuk Nikodemus. "Na bisa asup deui kana rahim indungna tuluy dijurukeun deui?" 5 Waler Yesus, "Kaula ngomongkeun nu saenyana, yen jelema anu dijurukeunana lain tina cai jeung Roh Allah, moal bisa asup ka Karajaan Allah, kitu saenyana. 6 Manusa teh sacara jasmani lahir ti kolotna anu sipat jalma, tapi sacara rohani mah dijurukeunana ti Roh Allah. 7 Anjeun ulah heran carek Kaula tadi kabeh jalma kudu dijurukeun deui. 8 Angin niup ka mana karepna, anjeun ngadenge sorana, tapi teu nyaho ti mana mimitina jeung ka mana tuluy. Jalma anu dijurukeun ti Roh Allah teh saperti kitu." 9 "Kumaha pangna bisa kitu?" tanya Nikodemus. 10 "Anjeun teh maha guru di Israil, piraku teu ngarti?" waler Yesus. 11 "Kaula ngabejaan saenyana, yen: anu diomongkeun ku urang teh hal anu urang geus nyaho, anu dicaritakeun ku urang hal anu ku urang geus katenjo. Tapi aranjeun saurang ge taya nu daek narima ieu panyaksi. 12 Anjeun teu percaya waktu Kaula nyarita hal-hal ngeunaan ieu dunya, kumaha bakalna bisa percaya lamun Kaula nyarita hal-hal anu ngeunaan sawarga? 13 Can aya anu geus ka sawarga, lian ti Putra Manusa anu geus turun ti sawarga. 14 Sakumaha oorayan tambaga ku Musa ditanjeurkeun dina tihang di gurun keusik, nya kitu Putra Manusa oge kudu diangkat ka luhur, 15 supaya saha bae anu percaya ka Anjeunna bisa meunangkeun hirup langgeng. 16 Karana kacida mikaasihna*

*Allah ka alam dunya, nepi ka masihkeun Putra tunggal-Na, supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa, tapi meunang hirup langgeng."*

Hayu urang talungtik cariosan Yesus ka Nikodemus, "Anjeun teh maha guru di Israil, piraku teu ngarti?" waler Yesus. Manusa teh sacara jasmani lahir ti kolotna anu sipat jalma, tapi sacara rohani mah dijurukenana ti Roh Allah. Anjeun ulah heran carek Kaula tadi kabeh jalma kudu dijuruken deui."(Yohanes 3:10,6-7)

Sacara singkat Yesus nyarios ka Nikodemus yen satiap jalmi anu hoyong ninggal Allah tur hirup dipayuneunaNa Allah anu Suci kudu dijuruken deui. Ieu sanes hartosna palawargi kedah lebet deui kana rahim tuang ibu (sacara jasmani). Dijuruken deui ngandung hartos yen Rok Allah kedah nyiptakeun urang deui, meresihan hate sarta ngarobah palawargi ngalangkungan kawasaNa. Urang kedah dilahirkeun deui ngalangkungan kawasa anu asalna ti sawarga, urang kedah dirobih ti lebet-dilebet hate! Sing saha anu lahir ti Adam katepaan dosa tur teu kenging bagian dina karajaan sawarga, putra-putra Adam mo tiasa nyingkirkeun akarna dosa nu hirup dina hatena. Sok sanajan taat kana aturan agama jeung hirup hade atawa amal hade, moal tiasa ngarobah hate anu goreng janten sae. *Sipat daging jeung getih moal bisa dibawa ka Karajaan Allah, anu sipatna teu langgeng moal bisa dibawa ka anu sipatna langgeng.*(1 Kor 15:50). Singketna, maneh kudu dijuruken deui. Hal ieu nu diajarkeun ku Yesus ka Nikodemus, tapi Nikodemus hese kana ngartosna dugika manehna tumaros ka Yesus: "Piraku jalma anu geus dewasa bisa dijuruken deui, kumaha petana?"

Yesus ngawaler, "Sakumaha oorayan tambaga ku Musa ditanjeurkeun dina tihang di gurun keusik, nya kitu Putra Manusa oge kudu diangkat ka luhur, supaya saha bae anu percaya ka Anjeunna bisa meunangkeun hirup langgeng. Karana kacida mikaasihna Allah ka alam dunya, nepi ka masihkeun Putra tunggal-Na, supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa, tapi meunang hirup langgeng."( Yohanes 3: 14 – 16 )

Kanggo nguningakeun Nikodemus kumaga manehna bisa lolos tina panghakiman seuneu naraka tur nampi kahirupan langgeng, Yesus ngemutkeun manehna ngeunaan nu nu tumiba ka karuhunna di gurun keusik dina jaman nabi Musa. Nalika umat Isarael rumahuh/ kukulutus ka Allah sareng Musa, Allah ngintun oray pikeun macokan maranehna nepika loba nu maraot. Tapi, separantos umat Israel tarobat, Allah miwarang Musa supaya ngadamel Oray tambaga tur ngagantungkeun dina hiji tihang supaya sing saha nu ningali bakal cageur tur moal maot.

Yesus nguningakeun Nikodemus sakumaha umat Israel a kedah neutep ku pinuh iman kana oray tambaga supaya salamet, kitu oge putra-putra Adam mung ukur percaya kana obat nu disayogikeun ku Allah sangkan salamet tina hukuman langgeng.

Terang teu palawargi rencana Allah pikeun mulihkeun tur ngarobih putra-putra Adam nu dipinuhan ko dosa? naon nu didugikeun ku Yesus? Anjeunna nyarios yen panebus anu Suci kedah naek kana kai palang (salib) kanggo nanggung hukuman dosa ti jalma-jalma anu darosa –“ *supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa, tapi meunang hirup langgeng.*”

Palawargi, janten saha anu disalametkeun? Naon saur Injil? Injil nyarios:” *supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa*” Kasaha urang kedah percaya? Urang kedah percaya ka Panebus anu diutus Allah. Naha palawargi percanten ka Anjeunna?

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 68

### Jurusalamet Dunya

Yohanes 4, Lukas 4

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa. Gusti anu mikahoyong sadaya jalmi uninga tur sosen-sosen kana Jalan Lempeng, jalan anu nuju sawarga nu parantos dipidamel ku manten-Na.

-----

Palawargi, dina pangajaran nu kalangkung urang parantos ninggal yen Yesus Jurusalamet anu aheng dina kalahiranana, pasipatanana, pangajaranana, katut padamelanana. Yesus teu aya babandinganana, mung ku kecapNa jalma anu teu damang langsung sehat, Iblis jeung roh-roh jahat oge ngiles tur dosa disucikeun.

Dina tepangan nu kalangkung oge urang parantos ninggal kumaha obrolan Yesus sareng Nikodemus urang Yahudi. Dina dangeut ieu urang bade ningal saurang awewe bangor anu benten sareng Nikodemus saurang pamingpin agama. Gusti Yesus ngobrol sareng saurang awewe bangor urang Samaria, Samaria téh daerah atawa wilayah antara Yudea sareng Galilea di tanah Yahudi. Urang Samaria seuseurna jalma asing, eta sababna pangna urang Yahudi nganggap maranehna salaku tukang nyembah brahala, dugika maranehna teu wawuh hiji jeung nu lianna. Namung, Yesus Sang Jurusalamet teu kagungan sipat pilihkasih, margi Allah teu pilih kasih. Yesus sumping ka dunya kanggo neangan sareng nyalametkeun jelema nu leungit, eta sababna Yesus teu ngarasa risi ngobrol sareng awewe Samaria nu tos kagungan salaki 5.

Hayu urang tinggal Kitab Injil Yohanes pasal 4 nu nyarioskeun:

*9 Walonna, "Juragan teh urang Yahudi, naha mundut ngaleueut ka abdi, urang Samaria?" (Urang Yahudi embungeun sakokoh jeung urang Samaria.) 10 Waler Yesus, "Lamun Nyai nyaho kana paparin Allah jeung ka ieu anu menta nginum, tangtu Nyai anu bakal menta nginum ka Anjeunna; ku Anjeunna tangtu dibere cai anu matak hirup." 11 Walonna, "Ti mana Juragan pikengingean eta cai anu matak hirup? Ieu sumur teh jero, sareng Juragan teu kagungan timba. 12 Ieu sumur warisan ti Yakub, karuhun bangsa abdi. Anjeunna sapala putra ngalaleueutna tina ieu sumur, ingon-ingonna ngarinumna ti dieu. Juragan*

teh nganggap langkung unggul ti batan Yakub?" 13 Waler Yesus, "Nu nginum cai ieu sumur bakal halabhab deui. 14 Sabalikna anu nginum cai anu rek dibikeun ku Kami mah moal halabhab deui, sabab eta cai bakal jadi cinyusu di jero hatena, anu salawasna ngabijilkeun cai anu matak hirup langgeng." 15 "Abdi nyuhunkeun, Juragan!" ceuk eta awewe, "supados ulah halabhab deui sareng teu kedah bulak-balik ka dieu nimba." 16 Waler Yesus, "Teang heula salaki Nyai, bawa ka dieu." 17 Walonna, "Abdi teu gaduh salaki." Waler Yesus, "Bener ceuk Nyai teu boga salaki teh. 18 Nyai geus lima kali kawin. Lalaki anu ayeuna saimah jeung Nyai lain salaki. Nyai geus terus terang." 19 "Juragan teh tangtos nabi," ceuk eta awewe. 20 "Karuhun urang Samaria ngabakti ka Allah di gunung ieu, namung ceuk urang Yahudi tempat ngabakti ka Allah teh kedah di Yerusalem." 21 Waler Yesus, "Nyai sing percaya ka Kami, ka hareup mah ngabakti ka Allah Rama teh lain di gunung ieu, jeung lain di Yerusalem. 22 Urang Samaria saenyana teu nyaraho ka anu disembahna. Urang Yahudi mah nyarahoeun saha anu disembahna teh, sabab pisalameteun teh datangna ti urang Yahudi. 23 Mangsa ka hareup mah, malah ayeuna ge geus mimiti, ku kakawasaan Roh Allah jalma-jalma bakal nyarembah ka Allah Rama teh bari nyaraho enya ka Mantenna, bakal sapagodosa jeung pangersa-Na. 24 Allah teh Roh, anu matak ngan ku lantaran kakawasaan Roh bae jalma-jalma pibisaeunana ngabakti ka Allah Rama bari nyaraho enya ka Mantenna teh." 25 Walon eta awewe, "Abdi terang yen Kristus engke bade sumping. Anjeunna nu bakal nerangkeun sagala perkawis ka abdi sadaya." 26 Waler Yesus, "Eta teh Kami, anu ayeuna keur cacarita jeung Nyai."

Ieu mangrupikeun carios anu penting, margi saurang awewe bangor unginga yen Yesus téh Jurusalamet anu diutus Allah ka dunya. Ngawitanana awewe ieu teu apal jeung saha manehna ngobrol, manehna ningal Yesus salaku urang Yahudi. Tapi saparantos ngobrol sareng Yesus, awewe ieu boga pamikiran yen anu dihareupeunana the saurang Nabi. Namung, ahirnya manehna sadar yen nu dihareupeunana téh leuwih ti saukur nabi.

Nalika awewe ieu terang yen Jalmi anu nuju calik disisi sumur téh Sang Jurusalamet, manehna ngecagkeun wadah caina tuluy lumpat ka kota tur ngaembar-embar ""Hayu geura, urang nenjo jelema anu bisaeun nyaritakeun kalakuan kuring bareto. Palangsiang eta teh Kristus tea, nya?"

Saparantos eta, warga kota nepangan Yesus tur mihatur supaya Anjeunna kersa lenggah! Yesus lenggah salami dua dinten sarta ngaulang maranehna supaya tiasa ngabogaan hirup jeung hate anu anyar tur jadi pamuji Allah ane leres. Injil nyarios: "Loba deui anu palercaya ka Anjeunna sanggeus ngadarengé pilahir-pilahir-Na. Ceuk maranehna ka awewe tea, "Percaya teh ayeuna mah lain tina caritaan Nyai, tapi tina sabab geus ngadenge sorangan pilahir-pilahir-Na. Nyaho ayeuna mah, Anjeunna teh Jurusalamet saalam dunya." (Yohanes 4:41-42)

Ayeuna hayu urang teraskeun aosan urang dina Kitab Injil Lukas pasal 4, anu nyarioskeun:

*14 Dalam kuasa Roh kembalilah Yesus ke Galilea. Dan tersiarlah kabar tentang Dia di seluruh daerah itu. 15 Sementara itu Ia mengajar di rumah-rumah ibadat di situ dan semua orang memuji Dia. 16 Ia datang ke Nazaret tempat Ia dibesarkan, dan menurut kebiasaan-Nya pada hari Sabat Ia masuk ke rumah ibadat, lalu berdiri hendak membaca dari Alkitab. 17 Kepada-Nya diberikan kitab nabi Yesaya dan setelah dibuka-Nya, Ia menemukan nas, di mana ada tertulis: 18 "Roh Tuhan ada pada-Ku, oleh sebab Ia telah mengurapi Aku, untuk menyampaikan kabar baik kepada orang-orang miskin; dan Ia telah mengutus Aku 19 untuk memberitakan pembebasan kepada orang-orang tawanan, dan penglihatan bagi orang-orang buta, untuk membebaskan orang-orang yang tertindas, untuk memberitakan tahun rahmat Tuhan telah datang." 20 Kemudian Ia menutup kitab itu, memberikannya kembali kepada pejabat, lalu duduk; dan mata semua orang dalam rumah ibadat itu tertuju kepada-Nya. 21 Lalu Ia memulai mengajar mereka, kata-Nya: "Pada hari ini genaplah nas ini sewaktu kamu mendengarnya."*

Ngalangkungan cariosanaNa ieu, Yesus ngankeun yen Anjeunna Mesias sareng Jurusalamet nu parantos dinubuatkeun ku nabi Yesaya 700 taun sateuacanNa. Tapi, ari urang-urang Yahudi teu nampi lantaran Yesus tumuwuh diantawis maranehna. Malah maranehnya nyebatkeun: "Eta teh lain anak Yusup tea?"

Injil Lukas salanjengna nyarioskeun:

*28 Barang jalma-jalma di eta imah ibadah ngadareng kitu kacida arambekeunana. 29 Maranehna carengkat, tuluy ngenyang Yesus ditarik ka luar kota, dibawa ka pasir padumukan kota maranehna, arek diragragkeun kana jurang. 30 Tapi Anjeunna norobos tuluy angkat ti dinya."*

Panungtunganana, urang Nazaret neangan cara pikeun maehan Yesus! Kunaon maranehna hoyong maehan Yesus? Kulantaran Yesus ngaku salaku Mesias nu parantos dinubuatkeun ku nabi Allah. Kalintang bodo sareng jahatna manusa anu hoyong nyingkirkeun Jalmi anu diutus ku Allah salaku Jurusalamet sareng hakim dunya! Ahirna maranehna tiasa maehan Yesus, tapi Allah bakal ngagugahkeun Anjeunna tina maot sapanantos tilu dinten salajengna. Carios ieu urang talungtik dina tepangan salajengna.

Cobi ayeuna urang renungkeun pangajaran dinten ieu? Urang ngadangu dua carios ngeunaan dua golongan manusa. Duanana ngadangu ngeunaan Yesus salaku Mesias, tapi resona kalintang beda pisan.

**Kahiji**, urang ngadangu ngeunaan awewe bangor nu ditepangan ku Yesus dihiji sumur sareng urang-urang Samaria, maranehna nabi cariosan Yesus ku hate anu kalintang bungah natakun tur percaya yen Yesus téh Mesias, Jurusalamet dunya. Tapi dina carios anu **kadua**, urang ninggal urang-urang Nazaret anu laleket, maranehna teu daekeun nampi cariosan Gusti Yesus. Maranehna teu percaya yen Yesus téh Mesias.

Sacara singget urang Samaria anu dosa kersa nampi Yesus salaku Jurusalamet, sedengkeun anu laleket urang Nazaret nolak Anjenna.

Palawargi, dina carios ieu mana anu ngagambarkeun kahirupan urang? Naha urang Samaria atawa urang Nazaret. Naha palawargi ngangken yen Yesus Kristus nyaeta panebus nu dinubuatkeun ku para nabi? Naha parantos palawargi nampi Anjeunna salaku panyalamet palawargi?

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 69

**Kawasa Yesus**

Matius 12, Yohanes 5

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati.

-----

Ngalangkungan pangajaran nu kalangkung urang parantos uninga ngeunaan Yesus salaku Jurusalamet, Anjeunna sumping kanggo ngabebaskeun putra-putrana Adam tina dosa. langkung ti eta seueur pisan mujijat anu dipidamel ku Anjeunna.

Dinten ieu urang bade nalungtik Injil, carios ngeunaan kumaha Gusti Yesus dipayunkeun sareng para pamingpin agama ngeunaan dinten sabat. Sabat nyaeta dinten ka tujuh dina saminggu, dinten anu dipaparinkeun Allah ka urang Yahudi salaku poe rehat separatos genep poe maranehna barang gawe. Harita urang-urang Farisi nuduh Yesus ngalanggar poe Sabat, kumargi ngadamangkeun jalmi dina dinten Sabat. Tujuan maranehanana nyaeta pikeun nyudutkeun Yesus, lantaran teu aya deui cara pikuen nuduh Anjeunna.

Hayu urang aos Injil Matius pasal 12:

*1 Teu lila ti harita, dina poe Sabat Yesus angkat ngalangkung lahan pelak gandum. Murid-murid-Na lalapareun, tuluy maretik gandum sarta didalahar. 2 Katarenjoeun ku urang Parisi tuluy diomongkeun ka Yesus, "Tingali itu murid-murid Anjeun ngarempak Hukum Agama urang, migawe anu dilarang dina poe Sabat!" 3 Waler Yesus, "Tacan ngaos kitu carita Daud, kumaha waktu anjeunna jeung pangiringna lapar? 4 Anjeunna lebet ka Bait Allah nyandak roti pangbakti ka Allah, sarta terus dituang jeung pangiringna. Padahal nurutkeun Hukum Agama mah eta roti teu meunang didahar ku sambarang jelema, ngan imam bae nu meunang ngadahar. 5 Atawa can kaaos kitu dina Hukum Musa, yen imam-imam anu digarawe di Bait Allah unggal poe Sabat ngalanggar papakon Sabat tapi teu disalahkeun? 6 Bisi can tarerang, di dieu aya anu leuwih mulya ti batan Bait Allah. 7 Dina Kitab Suci aya ayat kieu: 'Anu dipundut ku Kami teh*

watek welas asih, lain sato kurban.' Lamun aranjeun ngarti enya-nya kana ieu ayat, piraku nepi ka nyalahkeun ka nu teu salah. 8 Karana Anak Manusa teh Gustina poe Sabat."

Yesus kagungan seueur nami sareng jabatan dina Kitab Suci, salah sawiosna nyaeta "Anak Manusa". Ieu hartosna Mesias parantos ngarendahkeun saliraNa nyandak rupi salaku anak Adam. Coba bayangkeun Pangandika, Roh, Kuwasa, sareng kamulian Allah lungsur ka dunya dina rupi saurang Manusa! Leres Yesus nyaeta Anak Manusa, Gusti poe Sabat, Gusti sagalana. Hanyakalna urang Farisi teu nampi Anjeunna sakumaha mistina.

Urang Farisi nuduh Yesus teu taat kana tradisi, maranehna teu paduli ka jalma anu lapar sareng geuring. Urang Farisi lewih mentingkeun tradisi tibatan kamanusiaan, tapi Yesus uninga kana pikiran jahat maranehna. Kitab Suci nyarioskeun, "Lamun aranjeun ngarti enya-nya kana ieu ayat, piraku nepi ka nyalahkeun ka nu teu salah. Karana Anak Manusa teh Gustina poe Sabat."

**(Yohanes 5)** 1 Sanggeus eta, Yesus angkat ka Yerusalem, sabab di ditu aya pesta kaagamaan. 2 Di Yerusalem, deukeut "Gapura Domba" aya hiji kulah anu ngaranna dina basa Ibrani Betesda. Eta kulah make lima tepas, 3 unggal tepasna pinuh ku nu garering keur ngaredeng, nu lolong, nu deog, jeung nu lumpuh, keur ngadarago obahna cai eta kulah. 4 Sabab sakapeung sok aya malaikat Pangeran lungsur ka eta kulah ngobah-ngobah caina; lamun geus kitu, anu pangheulana ancrub kana eta kulah, gering naon bae oge tangtu cageur. 5 Di dinya aya hiji jelema anu geringna geus tilu puluh dalapan taun; 6 katingalieun ku Yesus keur ngedeng ngagoler jeung kauninga yen geringna geus sakitu lilana. Tuluy dipariksa, "Maneh hayang cageur?" 7 Walonna, "Sumuhun, Juragan! Mung upami cai kulah obah, abdi teu aya anu ngabantuan ngancrubkeun, nembe oge nyobi-nyobi parantos kapiheulaan ku nu sanes." 8 Pilahir Yesus, "Heug, geura nangtung, samakna pulung, tuluy leumpang." 9 Sapada harita eta jelema ngadadak cageur, jung nangtung, samakna dipulung, tuluy mimiti leumpang. Harita kajadianana teh dina poe Sabat, 10 ku sabab kitu gegeden-gegeden Yahudi ngomong kieu ka eta jelema anu kakara dicageurkeun, "Ayeuna poe Sabat! Eta maneh mawa samak, ngarempak Hukum Agama." 11 Walonna, "Abdi mah dipiwarang ku anu nyageurkeun, saur-Na geura nangtung, samakna bawa tuluy leumpang." 12 "Saha anu nitahna?" para gegeden mariksakeun. 13 Tapi eta jelema nu anyar cageur teh teu wawuheun ka Yesus, turug-turug Yesus kahalangan ku nu loba sarta tuluy angkat ti eta tempat. 14 Sanggeus kitu Yesus papendak deui jeung manehna di Bait Allah. "Kieu dengekeun," saur-Na ka manehna, "maneh ayeuna geus cageur. Ulah nyieun deui dosa, bisi matak leuwih cilaka." 15 Eta jelema tuluy bebeja ka para gegeden Yahudi, yen anu nyageurkeun manehna teh Yesus. 16 Ku sabab kitu Yesus ku para gegeden teh mimiti disusahkeun lantaran nyageurkeun dina poe Sabat.

Palawargi, kunaon para pamingpin agama ngantosan sareng neangan cara kanggo maehan Yesus? Naha kumargi Gusti Yesus ngadamangkeun anu gering dina poe Sabat? Eta sanes alesan anu saleresna, alesanana lantaran Yesus nyebatkeun Allah téh RamaNa. Maranehna teu nampi yen Yesus Mesias anu sumpingna ti Allah, lajeng maranehna nuduh Yesus ngahina ka Allah, tur neangan cara pikeun maehan Anjeunna.

Pangandika Gusti (Yohanes) nyarios:

*19 Yesus ngalahir deui, "Kaula rek ngabejakeun hal anu saenyana: Ari Putra mah moal bisa kua-kieu karep-Na sorangan. Anu dipilampah ku Putra teh anu ku Anjeunna katembong dipidamel ku Rama. Rama midamel kitu, Putra oge milampah kitu. 20 Ku sabab Rama teh mikaasih ka Putra, sagala rupa padamelana-Na teh dipintonkeun ka Putra-Na. Malah Mantenna bakal mintonkeun anu leuwih ajaib deui, nepi ka aranjeun ngarasa helok. 21 Sakumaha Rama ngahudangkeun nu paraeh sina harirup deui, Putra Manusa oge bakal ngahirupkeun saha bae anu dikersakeuna-Na. 22 Rama ku manten moal ngahukum ka saha-saha, sabab hak ngahukum sagemblengna geus diserenkeun ka Putra, 23 supaya jalma-jalma kabeh ajrih ka Putra sakumaha ka Rama. Anu henteu ngajenan ka Putra henteu ngajenan ka Rama anu ngutus-Na. 24 Kaula ngomong saenyana: Sing saha anu ngaregepkeun omongan Kaula jeung percaya ka anu ngutus Kaula, tinangtu hirup langgeng, moal dihukum, malah ucul tina paeh sarta asup kana hirup. 31 Hal ihwal Kaula nu saenyana, ari diomongkeunana ku Kaula keneh mah teu bisa dipercaya benerna. 32 Tapi anu mere panyaksi tina hal Kaula teh jalma sejen, sarta Kaula terang yen panyaksina bener. 33 Aranjeun geus ngirim utusan ka Yohanes; nya Yohanes anu mertelakeun hal ihwal Kaula teh, sarta pertelaan anjeunna bener. 34 Kaula nyabit hal ieu lain ku sabab butuh ku pertelaan ti manusa, tapi ku sabab hayang supaya aranjeun salamet. 35 Yohanes teh lir lampu anu hurung caang ngempray, saharitaeun mah aranjeun raresep kana caangna. 36 Tapi Kaula sorangan bisa mere pertelaan anu leuwih jembar ti batan anu dipertelakeun ku Yohanes; anu dilampahkeun ayeuna ku Kaula teh papancen ti Rama, jadi bukti yen Kaula teh diutus ku Rama. 37 Sarta Rama oge, anu ngutus Kaula, maparin panyaksi tina hal Kaula. Aranjeun can ngadareng soanten-Na, can naringal kana pameunteu-Na, 38 timbalana-Na ku aranjeun henteu disimpen dina hate, lantaran aranjeun henteu percaya ka Kaula, utusan Mantenna. 39 Aranjeun ngarulik Kitab Suci, sabab ceuk pikiran aranjeun baris manggihkeun hirup langgeng ti dinya. Tah eta Kitab Suci teh mere pertelaan hal Kaula! 40 Tapi aranjeun embung datang ka Kaula, ari hirup langgeng hayang!*

Nolak cariosan sareng kawasa Yesus sami hartosna nolak cariosan sareng kawasa Allah, margi Yesus nyaeta Pangandika Allah. Sing saha anu percaya ka Allah sareng nabi-nabiNa, bakal percaya oge yen Yesus nyaeta Mesias anu sumpingna ti sawarga.

Naon nu dicarioskeun Yesus ka para pamingpin agama? Kieu cariosanana: (Yohanes) 39 *Aranjeun ngarulik Kitab Suci, sabab ceuk pikiran aranjeun baris manggihkeun hirup langgeng ti dinya. Tah eta Kitab Suci teh mere pertelaan hal Kaula!* 40 *Tapi aranjeun embung datang ka Kaula, ari hirup langgeng hayang! Tapi ulah nyangka Kaula bakal ngadawakeun aranjeun ka Allah Rama. Anu bakal ngadawakeun aranjeun teh malah Musa, anu ku aranjeun dijieun harepan.* 46 *Lamun enya ge aranjeun percaya kana pilahir Musa tangtu percaya ka Kaula, sabab anu diserat ku Musa teh pertelaan hal Kaula.* 47 *Tapi ku sabab aranjeun teu percaya ka anu dipertelakeun ku Musa, rek percaya ka Kaula kumaha?"*

Palawargi, Allah mikahoyong bebeneran aya dina hate urang langkung ti eta urang percaya ka Mesias nyaeta Yesus Kristus Jurusalamet umat manusa.

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 70

**Kuasa Yesus**

Markus 4 – 6; Matius 9-10

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na. Kumargi ngalangkungan jalan éta, manusa bakal dugi ka manten-Na dina katentreman nu sajati.

-----

Dina tepangan anu kalangkung urang parantos ngadangu kumaha para pamingpin agama neangan cara kanggo maehan Yesus. Dina tepangan dangeut ieu urang bade ngadangukeun Gusti Yesus milih 12 rasul (pelayan) diutus kanggo ngabewarakeun beja bungah ngeunaan kasalametan. Ka 12 rasulNa nyaeta: Simon (anu disebut oge Petrus) jeung Andreas dulurna; Yakobus jeung Yohanes, anak bapa Sebedeus; Pilipus jeung Bartolomeus; Tomas jeung Mateus tukang mulung pajeg tea; Yakobus bin Alpeus jeung Tadeus; Simon Ki Patriot, jeung Yudas Iskariot anu engkena ngahianat Yesus. (Matius 10:2-4). Aya oge sababara istri anu nyarengan Yesus, diantaranya: Maria Magdalena anu dibebaskeun tina 7 roh jahat, Yohana istrina Khuza sareng bendaharana Herodes, Susana sareng anu sanesna deui. Istri-istri ieu anu kumawula ka Yesus sareng rasulNa ku harta aranjeunna.

Dina pangajaran dangeut ieu urang bade ngadangukeun Gusti Yesus ngagaduhan kawasa ka satiap mahluk nu aya di bumi ieu. Hayu urang aos Injil Markus pasal 4, unggelna:

*35 Sanggeus burit, poe eta keneh, Yesus ngalahir ka murid-murid, "Urang meuntas talaga, urang ka beulah ditu." 36 Bari sasauran kitu teh Anjeunna miheulaan calik kana parahu. Murid-murid oge naraek kana parahu, jalma rea ditinggalkeun, tuluy mareuntas. Di eta talaga aya deui parahu-parahu sejen. 37 Dak-dumadak aya angin ribut nebak, parahu meh tibalik ku ombak nepi ka pinuh kaasupan cai. 38 Ari Yesus keur kulem di beulah tukang, mastaka-Na dibantalan. Ku murid-murid digugahkeun, pokna, "Pa Guru! Keun bae urang cilaka?" 39 Yesus gugah, tuluy marentah ka angin, "Eureun!" Marentah deui ka ombak, "Leler!" Jep angin jempe sarta talaga jadi kacida lelerna. 40 Yesus ngalahir ka murid-murid, "Ku naon sarieun! Teu palercaya ka Kami?" 41 Tapi maranehna jadi kacida sarieuneunana ku Anjeunna, seug patanya-tanya, "Saha ieu jelema teh? Angin jeung ombak nepi ka narurut kitu!"*

**( Markus 5 )** 1 Yesus jeung murid-murid-Na geus narepi ka peuntaseun Talaga Galilea beulah ditu, di wewengkon Gerasa. 2 Barang Anjeunna lungsur tina parahu, papanggih jeung hiji jelema anu datangna ti pakuburan di dinya. Eta jelema diraksuk ku roh-roh jahat, 3 cicingna di kuburan-kuburan. Eta jelema geus teu bisa ditalian sanajan ku rante. 4 Geus sababaraha kali suku jeung leungeunna ditalian, tapi rantena dipegatkeun deui, dipegatkeun deui, beusi bangkol sukuna dibubukkeun. Taya nu bisa nalukkeun ku bedas-bedasna. 5 beurang peuting ngaprak di kuburan-kuburan jeung di pasir-pasir, ceuceuleuweungan bari nurihan maneh ku batu seukeut. 6 Sanggeus nenjoeun ka Yesus ti nu rada anggang, tuluy lumpat nyampeurkeun, brek bae deku di payuneuna-Na, 7 tuluy ngagorowok, "Yesus, Putra Allah Nu Maha Agung! Aya pikersaeun naon ka kuring? Demi Allah, kuring ulah disiksa!" 8 (Nu matak sasambat kitu sabab ku Yesus ditimbangan kieu, "Eh, roh jahat, kaluar maneh ti eta jelema!") 9 Ku Yesus dipariksa, "Maneh saha ngaran?" Jawabna, "Ngaran kuring 'Legiun' sabab kacida lobana!" 10 Manehna terus nunuhun supaya ku Yesus ulah diusir ti eta daerah. 11 Teu jauh ti dinya aya babi sabubuhan keur nyaratuan di lamping pasir. 12 Roh-roh jahat teh nunuhun ka Yesus, "Kuring idinan nyurup ka itu babi-babi." 13 Sanggeus diidinan, eta roh-roh jahat teh kalaluar tuluy nyarurup ka eta babi-babi. Babi-babina anu kabehna aya dua rebu tuluy laluncatan ka talaga tina hiji gawir, kabeh titeuleum. 14 Anu ngajaragana tingbalecir ka kota jeung desa-desa sakurilingna, nyebarkeun beja. Tuluy jalma-jalma kalaluar rek narenjo eta kajadian. 15 Barang daratang, jelema anu tas kasurupan teh aya, keur diuk jeung geus make pakean, ingetanana geus waras. Maranehna kacida sarieuneunana ku Yesus.

21 Yesus mulih deui ka peuntaseun eta talaga. Sasumpingna, jelema-jelema tuluy tumplek ka Anjeunna di sisi talaga. 22 Sabot kitu, datang pangurus imah ibadah di dinya, ngaranna Yairus, terus sujud ka Yesus, 23 tuluy ngalengis ka Anjeunna, pokna, "Pun anak awewe udur, mugi ku Bapa ditumpangan panangan, tangtos cageur sareng tiasa hirup teras." 24 Yesus angkat ti dinya jeung manehna. Sapanjang jalan jelema-jelema anu marilu laleumpangna mani padeukeut-deukeut jeung Anjeunna. 25 Aya hiji awewe boga kasakit haid, ngagetih terus geus dua welas taun teu cageur-cageur, 26 tabib-tabib taya nu sanggup. Duitna geus beak dipake tatamba, tapi kasakitna teu cageur-cageur, malah tambah parna. 27 Sanggeus meunang beja hal Yesus, manehna tuluy milu seselendep jeung nu rea ka pungkureun Anjeunna. 28 Ceuk pikiranana, "Asal bisa nyabak jubah-Na bae tangtu aing cageur." 29 Tuluy manehna nyabak kana jubah Yesus. Harita keneh ngagetihna tuluy eureun, sarta karasaeun ku manehna yen panyakitna anu sakitu nyusahkeunana teh cageur.

35 Sabot Yesus sasauran kitu aya jurungan ti imah Yairus, ngabejaan ka manehna, "Tuang putra teh parantos teu aya, teu kedah ngarerepot deui ka Pa Guru." 36 Yesus teu malire kana ucapan maranehna,

sarta ngalahir ka Yairus saur-Na, "Ulah jadi pikir, percaya bae." 37 Jalma rea ku Anjeunna dilarang terus marilu salian ti Petrus, Yakobus jeung Yohanes. 38 Sanggeus narepi ka imah Yairus, Yesus ningali kaayaan kacida ributna, sarta ngadangu aya anu ceurik jejeritan jeung anu midangdam. 39 Yesus lebet tuluy ngalahir, "Ku naon raribut? Ku naon careurik? Budak teh lain maot, keur sare!" 40 Jelema-jelema anggur nyeungseurikeun ka Anjeunna, tapi ku Anjeunna dipiwarang kalaluar kabeh. Anjeunna lebet ka kamar nyandak indung bapana eta budak jeung murid anu tiluan. 41 Budak teh leungeunna dicepeng tuluy dilahiran, "Talita, kumi!" hartina, "Nyai, Kami nitah: hudang!" 42 Budak teh ngulisik cengkat terus turun leuleumpang. (Umurna geus dua belas taun.) Jelema-jelema mani barengong.

**( Matius 9 )** 27 Yesus angkat deui ti dinya. Di jalan aya nu lolong duaan nutur-nutur, tuluy gegeroan ka Anjeunna, "Putra Daud! Sing hawatos ka abdi!" 28 Barang Yesus lebet ka hiji imah, nu lolong teh nyalampeurkeun. Ku Anjeunna dipariksa, "Maraneh percaya yen Kami bisa nyageurkeun?" "Sumuhun percanten," tembalna. 29 Panonna ku Yesus dicabak, bari saur-Na, "Ku sabab maraneh percaya, heug kahayang maraneh dimakbul!" 30 Harita keneh panon maranehna jadi sehat. Ku Yesus dipesen, saur-Na, "Kade ulah cacarita ka saha-saha!" 31 Tapi eta dua jelema teh tuluy nyebar-nyebar beja perkara Yesus ka sakuliahna. 32 Sanggeus jelema anu duaan tadi arindit, aya deui anu daratang ka Yesus, mawa hiji jelema anu ngabigeu teu bisa ngomong lantaran diraksuk ku hiji roh jahat. 33 Roh jahatna ku Yesus dikaluarkeun, tuluy jelemana mimiti bisa ngomong. Nu nyaraksianana kabeh barengong. Seug ngaromong, "Kakara manggih di Israil kajadian nu sakieu ajaibna!" 34 Tapi ari ceuk urang Parisi mah, "Manehna bisaeun ngaluarkeun eta roh jahat teh lantaran meunang kawasa ti gegedug roh jahat."

**( Markus 6 )** 1 Yesus geus angkat ti dinya, mulih ka kota asal-Na jeung murid-murid-Na. 2 Poe Sabat Anjeunna ngawulang di imah ibadah. Jelema-jelema anu ngadareng piwulang Anjeunna hareraneun. "Ti mana meunangna nu kitu?" ceuk maranehna. "Bogaeun hikmat naon? Naha bet bisaeun nyieun anu pikaheraneun? 3 Lain tukang kayu tea manehna teh, anak Mariam, dulurna Yakobus, Yusup, Yudas, jeung Simon? Dulur-dulur-Na nu awewe oge di darieu, lain?" Jadi di dinya mah Anjeunna ditolak.

7 Geus kitu Anjeunna ngumpulkeun dua welas murid-Na, tuluy diutus duaan-duaan, jeung dipaparin kawasa pikeun ngusir roh-roh jahat. 8 Saur-Na ka maranehna, "Salian ti iteuk maraneh ulah mawa naon-naon deui. Roti, kantong derma, duit, ulah mawa. (Matius 10:16): "Regepkeun! Maraneh diutus teh lir domba nyampeurkeun ajag-ajag. Jadi sing waspada kawas oray, sing lemes kawas japati.

Ngalakungan aosan diluhur urang tiasa ninggal Yesus dipunuhan kawasa Allah, timana Anjeunna kening kawasa eta? Margi Yesus téh Allah ku Anjeun. Eta sababna pang Anjeunna tiasa nenangkeun angin topan

sareng jalmi nu karasukan Setan. Anjeunna tiasa ngadamangkeun nu pendarahan salami 12 taun, ngabentakeun anu lolong, nu langkung deui Anjeunna tiasa ngagugahkeun jalmi nu tos maot.

Palawargi, saupamina palawargi parantos nampi Yesus Kristus mah, palawargi teu kedah deui sieun kunaon wae margi Gusti Yesus baris ngajagi urang sadayana. *“Sakumna sipat katuhanan aya di Kristus dina wujud kamanusaana-Na. Jadi anu ngahiji jeung Anjeunna bakal meunang hirup anu sampurna. Kristus teh kawasa ka tiap-tiap roh anu kawasa jeung anu marentah.”*(Kolose 2:9-10)

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 71

### Dua Misil

Lukas 8 ; Matius 13

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na salalamina. Bagja pisan urang tiasa tepang dangu deui dina dangeut ieu.

-----

Dina tepangan nu kalangkung urang parantos ngadangu yen Yesus Mesias kagungan kawasa anu luar biasa. Anjeunna 100% manusa, tapu 100% Allah. Dina dinten ieu urang bade diajar ngeunaan Kitab Injil, kumaha Yesus ngaulang jelmi seueur ngalangkungan misil. Yesus sering pisan nganggo Misil kanggo ngaulang sareng maparin penjelasanana ka sadaya anu ngiring ka Anjeunna.

Allah mikahoyong urang diajar kalayana soso-soso, sapertos anu diserat ku Sulaeman: *"4 Pek kotektak mangka gemet, lir neangan perak atawa pependeman. 5 Lamun eta dipilampah, engke hidep nyaho naon hartina sieun ku Allah, sarta bakal meunang kanyaho tina hal Allah.*(Siloka 2:4-5)

Hayu urang dangukeun misil Gusti Yesus ngeunaan saurang anu nebarkeun binih, Kitab Injil Lukas pasal 8 nyarioskeun:

*4 Jalma-jalma ti kota-kota teu eureun-eureun daratang ka Yesus, kumpul kacida lobana. Anjeunna tuluy nyarioskeun ieu misil: 5 "Aya hiji jelema indit nebarkeun binih. Waktu nyebarkeun, binihna aya anu ragragan ka jalan, katarincakan jeung diparacokan ku manuk. 6 Aya anu ragragan kana taneuh anu cadasan, ari jadi tuluy perang lantaran taneuhna garing. 7 Sawareh ragraganana kana rungkun cucuk, bareng jadina jeung tangkal cucuk, tapi tuluy eungapeun kaheumpikan ku cucuk. 8 Anu ragragna bener kana taneuh lendo, sanggeus jaradi tuluy baruanan jadi saratus kalieun." Saur-Na deui, "Lamun baroga ceuli, pek darengekeun!" 9 Murid-murid mihatur naroskeun harti eta misil.*

Naha palawargi ngartos kana misil ieu? Dina misil ieu urang bade ningal binih sareng taneuh. Naon hartosna binih? Naon anu didugikeun ku Yesus? Anjeunna nyarios: binih téh nyaeta Pangandika Gusti anu saestu. Kumaha sareng taneuh? Naon hartosna? Taneuh hartosna hate manusa.

Leres ...Pangandika Allah sapertos **binih anu sae**, sabab Anjeunna hirup tur ngagaduhan kakuatan kanggo maparin kahirupan langgeng salamina tur berkah anu nyata dina hate sareng kahirupan urang. Tapi, hate manusa siga taneuh anu teuas tur garing. Hayu urang talungtik aya sabaraha jenis taneuh dina misil ieu? Binih eta téh ragrag kana jenis 4 taneuh:

- Binih anu ragrag dina taneuh anu teuas
- Binih anu ragrag dina taneuh anu cadasan
- Binih anu ragrag dina rungkun cucuk
- Binih anu ragrag dina taneuh lendo.

**Kahiji**, Yesus ngaulangkeun yen saeueur jalmi didunya ieu ngabogaan hate sapertos taneuh anu teuas di sok dianggo jalan titincakan, aya oge anu teuasna siga beton. Naon kajantenan kana binih nu ragrag dina taneuh anu teuas? Naha bakal jadi tur buahan? Moal akar-akaran acan, malah katicakan ku jama anu ngalaliwat, tur dihakan ku manuk. Hartosna Pangandika anu bener teu tumuwuh dina hate maranehna, teu ngahasilkeun buah kahirupan.

**Kadua**, binih anu ragrag dina taneuh anu cadasan ngagambarkeun jalmi anu ngadangukeun Pangadika Gusti nampi tur bungah, tapi hanyakal teu lami margi Pangandikana téh teu ngakar dina hate eta jalma. Ieu the gambaran jalma anu percaya, tapi nalika ujian jeung cocoba datang, maranehna ninggalkeun bebeneran.

**Katilu**, binih anu jadi dina rungkun cucuk naha bakal buahan? Moal samasakali! Cucuk bakal ngahancurkeun manehna saacan buahan. Ieu missil ngagambarkeun hate saurang anu ngupingkeun Pangandika Gusti, tapi perhatianan kana kadunyaan tur kasarakan minuhan manehna tur Pangandika Gusti teu tumuwuh jeung ngawasaan dina hirupna. Naha kahirupan palawargi dipinuhan ku kahayang dunya tur teu kagungan kahoyong kanggo milarian bebeneran anu ti Gusti. Palawargi dinten ieu parantos terang ngeunaan naon bebeneran atanapi kabohongan, sok sanaos terang bebeneran tapi teu ngalakukeunana tangtosna teu aya manpaatna kanggo urang.

**Keopat**, binih anu ragrag dina taneuh lendo ieu ngagambarkeun taneuh anu alus, diolah, akaran, tur tumuwuh sarta nhasilkeun panen anu kalintang ngalimpah pisan dugika kening mangratus kali lipat tina naon nu tos dipelakeun. Hal ieu téh ngagambarkeun saurang anu ngupingkeun Pangandika Gusti tur dipiara dina hatena anu jujur, dugi ka ngahasilkeun hirup tur pinuh kawasa tur ngahasilkeun kahirupan anu langgeng tur hirup dina bebeneran hirup jeung satiap jalmi pinuh ku karendahan hate tur kajujuran.

Eta sadaya mangrupikeun ringkesan naon nu ku Yesus diajarkeun dina misil saurang anu melakeun binih. Pangandika Gusti téh sapertos binih anu sae tur hate urang sapertos taneuh anu teuas. Naon nu kedah dilakukeun sateuacan binih eta dipelakeun dina taneuh anu teuas? Tangtosna kedah dipacul heula, sapertos anu diuninga ku para patani. Sami sapertos hate anu nyugemakeun Allah nyaeta hate anu ancur nu siap dipelakan ku binih anu sae tina Pangandika Gusti. Hate anu nyugemakeun hate Allah nyaeta hate anu nampi Pangandika Gusti sacara rendah hate tur pinuh kapercayaan. Eta anu dicarioskeun ku Injil: *19 Dulur-dulur, sing cepet kana ngadenge, sing lambat kana nyarita, jeung ulah gancang ambek. 20 Kaambek teh henteu sapuk jeung pangersa Allah. 21 Ku sabab kitu, piceun sagala kabiasaan anu kotor jeung jahat. Sing pasrah ka Allah, tarima pangandika-Na anu dipelak dina hate aranjeun, sabab eta teh bisa nyalametkeun aranjeun.* (Yakobus 1:19-21)

Kumaha kaayan hate palawargi? Naha palawargi kagungan manah anu lemah lembut, siap kanggo nampi naon anu ku Allah dicarioskeun ngalangkungan Injil ti nabi-nabiNa? Naha Pangandika Gusti Tumuwuh dina hate palawargi? Atanapi palawargi kagungan hate anu teuas , saepertos batu, tur cucukan? Pangandika Gusti mangrupikeun binih anu sae, tapi Anjeunna ngan ngahasilkeun buah kahirupan sareng berkat dina hate maranehna anu leres-leres percaya tur ngalaksanakeunana. Ayeuna urang dangukeun misil ngeunaan anu nebarkeun/ ngawurkeun binih anu dicarioskeun ku Yesus dina Injil Matius pasal 13. Kieu cariosna: *"24 Yesus nyarioskeun deui hiji misil: "Karajaan Sawarga teh ibarat kieu. Aya jelema nebarkeun bibit hade di lahanna. 25 Dina hiji peuting waktuna jalma-jalma sarare, datang musuhna nyebarkeun bibit eurih dina eta lahan tuluy indit. 26 Gandum jaradi geus mimiti ranggeuyan, eurih oge jadi. 27 Bujang-bujangna popoyan, 'Juragan, anu ditebarkeun teh pan binih sae. Ku naon jadi seueur eurih, ti mana dongkapna?' 28 Jawabna, 'Tangtu pagawean musuh.' Ceuk bujang-bujangna deui, 'Kumaha, kedah dicabutan eurihna?' 29 Jawabna, 'Ulah, bisi gandumna kacabut. 30 Keun bae sina jaradi bareng. Engke dina waktu ngala, kami rek nitah ka nu digarawe nyabutan heula eta eurih sina dibeungkeutan keur durukeun, gandumna sina dikumpulkeun asupkeuneun ka leuit.'"36 Sanggeus Yesus ngantunkeun jalma rea jeung geus aya di bumi, murid-murid-Na nyalampeurkeun naranyakeun ka Anjeunna, "Dupi misil eurih di lahan gandum teh naon hartosna?"*

Dina misil ngeunaan eurih, Gusti Yesus ngabandingkeun dunya sareng kebon gandum. Nu nyebarkeun binih ngagambarkeun Yesus Sang Mesias. Gandum anu tumuwuh ngagambarkeun putra-putra Allah, lantaran kapercantenana kana bewara sae ngeunaan Mesias. Musuh anu ngawurkeun eurih nyaeta Iblis. Eurih téh gambaran jalma-jalma anu can nampi beja bungah ti Mesias nyaeta Yesus. Poe panen ngagambarkeun poe panghakiman. Gandum anu disimpen dina leuit ngagambarkeun jalm-jalmi anu

kagungan hak kanggo linggih di payuneun Allah salalanggengna. Tapi eurih anu dikumpulkeun terus diduruk ngagambarkeun maranehna anu engkena bakal dialung-alungkeun kana seuneu anu abadi.

Kumaha sareng palawargi? Naha palawargi sapertos gamdum eta? Anatapi sapertos eurih? Peo panghakiman bakal datang! Sang Hakim tos tatan-tatan digerbang panto! Naha palawargi kagungan kapercantenan diri kanggo tiasa mayun ka Sang Hakim dina poe panghakiman engke? Palawargi teu peryogi sieun, saupami palawargi parantos percanya dina manah palawargi kana beja bingah ti Mantennaanu sumping kanggo nyalametkeun palawargi tina seuneu naraka anu langgeng. Dangukeun naon anu ku Yesus dicarioskeun:” *Kaula ngomong saenyana: Sing saha anu ngaregepkeun omongan Kaula jeung percaya ka anu ngutus Kaula, tinangtu hirup langgeng, moal dihukum, malah ucul tina paeh sarta asup kana hirup.*” (Yohanes 5:24) Amin.

Palawargi dina tepangan salajengna engke urang bade nalungtik Injil tur ninggal kumaha Yesus sacara ajaib masihan tuang langkung ti lima rebu jalmi ku lima roti sareng dua siki lauk. Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan anatapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 72

### Roti Kahirupan

Markus 6: Yohanes 6

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na salalamina. Bagja pisan urang tiasa tepang dangu deui dina dangeut ieu.

-----

Palawargi, dina tepangan urang nu kalangkung urang ningal kumaha Yesus cumarios ka jalmi seueur. Anjeunna maparin pangajaran ngalangkungan misil anu eusina ngeunaan bebeneran anu langgeng. Hanyakalna seueur jalmi anu teu ngartos kana misil –misilna eta lantaran hate maranehna tareuas. Seueur nu ngiring ka Yesus sanes kulantaran Anjeunna Jurusalamet, tapi lantaran milarian kauntungan.

Dinten ieu urang bade seueur ngadangu ngeunaan cariosan Yesus, kumaha Anjeunna nganyatakeun kawasaNa. Hayu urang dangukeun Injil Markus pasal 6, anu nyarios:

**(Mark 6)** 33 Tapi loba anu narenjoeun tur warawuheun saha-sahana. Jelema-jelema ti kota-kota di eta daerah tuluy nyarusul lalumpatan jalan darat, daratangna ka tempat anu dijugjug ku Yesus jeung murid-murid ti hareula. 34 Barang Yesus lungsur tina parahu, jelema-jelema geus loba. Anjeunna kacida hawatoseunana, asa ningali domba teu aya anu ngangonna. Prak bae ku Anjeunna diwulang rupa-rupa hal. 35 Sanggeus burit murid-murid arunjukan, "Pa, parantos burit, sareng ieu tempat teh mencil. 36 Jalmi-jalmi piwarang mios sina maleser tetaeunana ka desa-desa anu caraket." 37 Waler-Na, "Ku maraneh bae suguhan saaya-aya." Ceuk murid-murid, "Jadi abdi-abdi kedah mios meser tetaeun pangaos dua ratus uang perak keur nyuguhanana?" 38 Yesus mariksa, "Roti anu maraneh aya sabaraha, coba ilikan." Sanggeus diilikan, jawabna, "Lima, sareng lauk dua siki." 39 Anjeunna miwarang ka murid-murid supaya jelema-jelema teh digumpluk-gumpluk sina dariuk dina jukut hejo. 40 Gek jelema-jelema dariuk gugumplukan, sagumplukna aya nu saratusan, aya nu lima puluhan. 41 Yesus nyandak roti anu lima siki jeung laukna dua siki, tuluy tanggah ka langit muji sukur ka Allah. Geus kitu rotina disemplekan, dipasihkeun ka murid-murid sina dibagikeun ka nu rea. Laukna ge dibagikeun. 42 Unggal jelema dalaharna seubeuh. 43 Roti jeung lauk teh malah aya sesana, dikumpulkeun ku murid-murid meunang

dua welas karanjang pinuh. 44 Anu disuguh dahar teh kabehna aya lima rebu urang lalaki. 45 Harita keneh Yesus miwarang murid-murid kana parahu, sina ti heula meuntas talaga ka Betsaida, ari nu rea dipiwarang budal. 46 Anjeunna oge amitan tuluy unggah ka hiji pasir rek neneda. 47 Nyalira bae di dinya nepi ka peuting, ari murid-murid geus aya di tengah talaga. 48 Kauninga ku Anjeunna murid-murid keur susah payah ngawelah lantaran parahuna mapag angin. Ku sabab eta antara pukul tilu subuh jeung pukul genep isuk Anjeunna nyusul, angkat napak kancang dina cai. Angkat-Na semu rek terus ngalangkungan, 49 tapi murid-murid narenjoeun ka Anjeunna nu keur angkat dina cai sarta nyangka Anjeunna teh jurig, nepi ka ting garoak. 50 Maranehna kacida sarieuneunana barang narenjoeun ka Anjeunna teh. Yesus gancang ngagentraan, saur-Na, "Teger! Kami ieu teh, ulah sarieun!" 51 Anjeunna terus naek kana parahu, jep angin jempe. Murid-murid-Na beuki tambah hareraneun, 52 lantaran kaheran maranehna ku hal roti lima siki bisa dipake nyuguh dahar lima rebu urang tea oge can leungit. Eta kabeh teu katepi ka pangartina. 53 Meuntasna terus kebat sarta geus narepi ka tanah Genesaret, parahuna dicancang.

**(Yoh 6 )** 22 Poe isukna jelema-jelema teh araya keneh di tempat kamari di sisi talaga, sarta kamari nangenan yen parahu ngan aya hiji. Maranehna nyarahoeun yen murid-murid Yesus geus arindit make parahu eta, tapi arinditna henteu jeung Anjeunna. 23 Sabot kitu aya sababaraha parahu daratang ti kota Tiberias, balabuh deukeut tempat kamari maranehna dalahar roti tina berkah pamuji sukurna Gusti tea. 24 Sanggeus tetela Yesus jeung murid-murid-Na teu aya di dinya, jalma-jalma teh tuluy naraek kana eta parahu-parahu, rek nareangan Yesus ka Kapernaum. 25 Sanggeus Yesus kapendak di peuntas, maranehna naranya, "Dupi Pa Guru iraha sumping ka dieu?" 26 Waler Yesus, "Saenyana maraneh nareangan Kami teh lantaran geus dibarere dahar nepi ka sareubeuh, lain ku sabab ngarti kana tujuan Kami nyieun eta kaajaiban. 27 Ari digarawe ulah ngarah meunang dahareun anu keuna ku buruk, kudu ngarah anu awet, anu ngalantarankeun bisa hirup langgeng. Nya dahareun anu kitu anu rek dibikeun ka maraneh ku Putra Manusa teh, sabab Anjeunna ku Allah Rama geus dibere kawasa."

Urang perhatoskeun, kunaon Yesus nyarios ka jalmi seueur, "Ari digarawe ulah ngarah meunang dahareun anu keuna ku buruk?" naha ieu hartosna urang teu kudu barang damel? Sanes kitu maksadna, margi Pangandika Gusti nyarioskeun, "Nu embung digawe mah tong dibere dahar!". (2 Tesalonika 3:10). Janten naon maksadna Yesus nyarios kitu? Maksadna nyaeta lamun urang gawe ngan ukur ngeusian beuteung tur perkara dunia, palawargi ahirna bakal kaicalan sagalana lantaran salira urang bakal maot tur jadi taneuh. Tapi bagian roh urang anu moal binasa, naha lebet ka suwarga atanapi naraka. Yesus

nyarioskeun: "Aya dawuhan dina Kitab Suci: 'Jelema hirupna lain ku roti bae, perlu deuih ku tiap-tiap sabda anu diandikakeun ku Allah.'"

Salajengna urang aos Yohanes 6 terasanana: 28 *Piunjuk maranehna, "Kedah kumaha atuh abdi-abdi supados tiasa ngalampahkeun pangersa Allah?"* 29 *Waler Yesus, "Kudu percaya ka anu diutus ku Allah! Kitu pangersa-Na teh."*

Naon waleran Yesus? Rek kumaha anak Adam anu dosa tiasa nyenengkeun Allah, tur tiasa nyalametkeun diri tina kawasa setan, dosa, sareng naraka. Janten kumaha katurunan Adam tiasa nyenengkeun Allah? Nyaeta Kudu percaya ka anu diutus ku Allah.

Salajengna maranehna tumaros ka Yesus: " (Yohanes 6) 30 *Piunjuk maranehna deui, "Bade midamel kaahengan naon kangge tawisna anu tiasa katingal ku abdi-abdi, supados abdi-abdi percaya ka Pa Guru? Bade midamel naon?* 31 *Karuhun abdi-abdi waktos di gurun keusik ngadalaha manna, sakumaha kaunggel dina Kitab Suci, 'Maranehna ku Anjeunna dibere dahareun, roti ti sawarga.'*" 32 *Waler Yesus, "Anu mere roti ti sawarga lain Musa. Sing percaya, anu maparin roti anu saestuna ti sawarga mah Ama Kami. 33 Eta roti ti Allah teh nya Anjeunna, anu lungsur ti sawarga, anu mere hirup ka alam dunya." 34 "Juragan," piunjuk maranehna, "mugi sing saterasna eta roti teh dipaparinkeunana ka abdi-abdi."*

Ngalakungan cariosanana Yesus nyarioskeun sakumaha Allah maparin tuangen ti sawarga pikeun umat Isarel salami 40 taun supaya maranehna teu maot di gurun keusik, kitu oge Allah ngutus ka putra-putra Adam tuangen anu maparin kahirupan langgeng. Tuangen naon anu dicarioskeun ku Yesus: (Yohanes 6) 35 *Saur Yesus, "Eta roti anu matak hirup teh kapan ieu, Kami. Jalma anu datang ka Kami moal nyorang lapar deui, anu percaya ka Kami moal nyorang halabhab deui. 36 Tapi ceuk Kami oge, sanajan maraneh geus narenjo ka Kami moal palercaya. 37 Jelema anu ku Rama dipaparinkeun ka Kami, tangtu datang ka Kami sarta ku Kami moal datang ka ditolak, 40 Kitu kahoyong-Na Rama Kami, sakur anu geus narenjo jeung percaya ka Putra-Na, kabeh kudu diganjar hirup langgeng. Anu matak dina Poe Kiamat tangtu maranehna ku Kami diharudangkeun sina harirup deui." 41 Barang Yesus nyaurkeun, "Kami teh roti anu turun ti sawarga," jelema-jelema jadi recok, 42 pokna, "Naon, roti ti sawarga? Lain Yesus tea eta teh, anak Yusup? Bapa-Na, indung-Na, urang ge nyaho!" 43 Pilahir Yesus, "Geus, ulah raribut! 45 Kaunggel dina kitab nabi-nabi, yen, 'Unggal jelema bakal diwuruk ku Allah.' Sakur anu ngaregepkeun jeung nurut kana piwuruk Rama, tangtu datang ka Kami. 46 Tapi lain hartina aya jalma anu geus nenjo Rama. Anu geus nenjo ka Rama mah ngan Anjeunna saurang, sabab Anjeunna mah asalna ti Allah. 47 Kami ngomong saenyana, anu percaya ka Anjeunna tangtu bakal hirup langgeng. 48 Kami teh roti anu matak*

*hirup. 49 Karuhun maraneh di gurun keusik dalahar manna, tapi maraot mah maraot bae. 50 Tapi anu dahar roti anu turun ti sawarga mah moal keuna ku paeh.*

*51 Eta roti anu ti sawarga teh ieu, Kami. Anu ngadaharna tangtu hirup salalawasna. Eta roti teh nya eta daging Kami, anu baris diserenkeun pikeun ngahirupan jalma-jalma di dunya." 60 Loba panganut Yesus anu ngaromongkeun eta piwulang, pokna, "Beurat teuing eta pangajaran teh! Saha nu bisa narima?"*

*61 Yesus oge uningaen yen loba anu ngaromel kitu, tuluy ngalahir ka maranehna, "Maraneh rek malundur ku hal ieu? 62 Lamun kitu, kumaha upama engke maraneh narenjo Putra Manusa mulang ka tempat asal-Na? 63 Anu mere hirup teh Roh Allah, kakuatan manusa mah taya gunana naon-naon. Anu ku Kami dicaturkeun teh nya eta Roh Allah anu mere hirup. 64 Tapi di maraneh aya anu henteu palercaya kana hal eta." (Ti samemehna oge Yesus memang geus uningaen, mana nu bakal moal percaya, jeung saha anu bakal ngahianat ka Anjeunna.) 66 Ti semet harita loba panganut Yesus anu naringgalkeun ka Anjeunna, embungeun marilu deui.*

Ahirna seueur anu undur tur teu kersa nyarengan Yesus, margi pangajaranna susah. Tapi, seueur oge anu teu ngantunkeun Anjeunna tur yakin yen Yesus nyaeta Mesias, anu suci asalna ti Allah ROTI KAHIRUPAN "TUANGEN ANU SAESTU" anu maparin hirup langgeng.

Naha palawargi lapar tur halabhab kana hirup langgeng? Mangga emutkeun uleman ti Yesus anu nyarios: Hiap datang ka Kami, sakur nu maropo jeung nu kalempohan sarta nu ngarasa beurat ku momotan, ku Kami rek direureuhkeun. Saur Yesus, "Eta roti anu matak hirup teh kapan ieu, Kami. Jalma anu datang ka Kami moal nyorang lapar deui, anu percaya ka Kami moal nyorang halabhab deui. (Mat 11:28 ; Yoh 6:35) Amin.

Palawargi dina tepangan salajengna engke urang bade nalungtik Injil tur ninggal kumaha Yesus sacara ajaib masihan tuang langkung ti lima rebu jalmi ku lima roti sareng dua siki lauk. Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 73

### Yesus Menyebabkan Perpecahan Kelompok

Matius 15, 16 : Yohanes 7

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na salalamina. Bagja pisan urang tiasa tepang dangu deui dina dangeut ieu.

-----

Dina pangajaran kalangkung, urang ngadangu kumaha Yesus maparin tuang 5000 jalma ku 5 roti sareng 2 lauk. Seueur jalma anu ngiring ka Yesus, tapi Anjeunna terang yen maranehna téh ngan ukur neangan kadaharan hungkul. Pangandika Gusti nyarioskeun: *"26 Waler Yesus, "Saenyana maraneh nareangan Kami teh lantaran geus dibarere dahar nepi ka sareubeuh, lain ku sabab ngarti kana tujuan Kami nyieun eta kaajaiban. 27 Ari digarawe ulah ngarah meunang dahareun anu keuna ku buruk, kudu ngarah anu awet, anu ngalantarankeun bisa hirup langgeng. Nya dahareun anu kitu anu rek dibikeun ka maraneh ku Putra Manusa teh, sabab Anjeunna ku Allah Rama geus dibere kawasa." 35 Saur Yesus, "Eta roti anu matak hirup teh kapan ieu, Kami. Jalma anu datang ka Kami moal nyorang lapar deui, anu percaya ka Kami moal nyorang halabhab deui. (Yoh 6: 26,27,35)*

Seueur jalma ngudag tuangen anu jasmani, dibandingkeun tuangeun anu jiwani. Dinten ayeuna urang kumaha Yesus dipayunkeun sareng pamingpin agama Yahudi atawa Farisi. Hayu urang dangukeun Injil Matius pasal 15:

*1 Aya rombongan urang Parisi jeung guru-guru agama ti Yerusalem, naranya kieu ka Yesus, 2 "Ku naon murid-murid Anjeun henteu marake adat karuhun urang? Ari rek dalahar tara ngarumbah leungeun heula nurutkeun aturan!" 3 Waler Yesus, "Sabalikna aranjeun anu mentingkeun adat karuhun, ku naon ngarempak parentah Allah? 4 Timbalan Allah, 'Maneh kudu hormat ka indung bapa.' Jeung, 'Anu ngagogoreng indung bapa kudu dipaehan.' 5 Tapi ceuk pangajaran aranjeun mah, lamun jelema boga bikeuneun ka bapana atawa ka indungna, tapi nyebutkeun yen, 'Anu ku kuring rek dibikeun ka Bapa jeung Ema teh ku kuring geus dihaturkeun ka Allah,' 6 eta jalma geus teu perlu deui ngahormat ka kolotna. Ku cara kitu teh aranjeun nyumahkeun parentah Allah, nurutkeun pangajaran sorangan.*

Naha palawargi ngadangu kumaha Yesus ngabeberkeun kamunapikan urang Farisi jeung ahli-ahli agama? Ahli agama hayang katingali soleh dihareupeun jalma, namung Gusti Yesus terang kana eusi hatena. Bagian luarna beresih tapi jeroanana kotor. Cing pami palawargi kagungan panci anu kotor, naha lamun urang meresihan bagian luarna, anu jerona langsung jadi beresih? Moal. Eta sababna pangna Yesus nyarioskeun:

**(Mat 15)** 7 Aranjeun teh munapek! Cocog jeung ramalan Yesaya ngeunaan aranjeun, anu kieu tea: 8 'Ieu jelema-jelema, dawuhan Allah, hormatna ka Kami ngan semet omonganana, hatena mah jauh ti Kami. 9 Cumah bae ibadah ka Kami, sabab ngajarkeun aturan beunang manusa, anu dianggapna aturan ti Kami!'" 10 Geus kitu Yesus miwarang jalma rea kumpul, tuluy saur-Na, "Darengekeun, halartikeun! 11 Anu ngalantarankeun diri jadi najis teh lain anu asup kana sungut, tapi anu kaluar ti dinya." 12 Ti dinya murid-murid-Na nyalampeurkeun, unjukan, "Bapa, uninga urang Parisi nyarerieun hate ku kasauran Bapa tadi?" 13 Waler Yesus, "Pepelakan anu lain beunang melak Rama Kami nu di sawarga, kabeh bakal dirabut. 14 Teu kudu risi ku urang Parisi! Pamingpin-pamingpin lolong kabehanana. Nu lolong nungtun nu lolong, tangtu duanana tiguling kana solokan." 15 Petrus miunjuk, "Dupi pilahir nu tadi naon hartosna?" 16 Waler Yesus, "Ari maneh, geuning teu leuwih pinter ti batur. 17 Piraku teu ngarti, yen nu asup kana sungut terusna ka jero beuteung, ti dinya kaluar deui. 18 Sabalikna anu kaluar tina sungut asalna ti jero hate, matak najis kana diri. 19 Sabab timbulna pikiran-pikiran jahat teh ti jero hate, ngalantarankeun jelema nepi ka maehan, ngaranyed jeung nyieun kalakuan-kalakuan anu ingkar tina susila, maling, merdaya, jeung mitenah batur. 20 Eta kabeh matak najis kana diri. Ari dahar teu ngumbah heula leungeun mah sanajan ceuk urang Parisi kudu, teu matak najis diri."

**(Mat 16)** 1 Aya rombongan urang Parisi jeung urang Saduki nemonan ka Yesus rek ngadoja, marenta sangkan Anjeunna ngadamel kaajaiban geusan ngabuktikeun yen Anjeunna asal ti Allah. 2 Tapi waler Yesus, "Lamun panonpoe surup di langit aya layung, ceuk aranjeun 'Rek hade poe, langit mani ngempur.' 3 Lamun isuk-isuk haleungheum ceuk aranjeun, 'Rek hujan, langit reueuk haleungheum.' Aranjeun bisa naksir hade gorengna poe nenjo kaayaan langit, tapi teu barisa nangenan tanda-tanda jaman kiwari! 4 Jarahat, daroraka, jelema-jelema jaman kiwari teh! Aranjeun marenta kaajaiban? Taya nu pantes dibikeun salian ti kaajaiban anu kaalaman ku Nabi Yunus!" Geus kitu eta urang Parisi jeung urang Saduki teh dikantun.

**(Mat 12)** 40 Tilu poe tilu peuting Yunus aya di jero beuteung hiji lauk gede. Ari Anak Manusa, tilu poe tilu peuting bakal aya di jero kandungan bumi di jero taneuh. 41 Dina Poe Kiamat, urang Ninewe bakal

*nunjuk kadorakaan aranjeun, da urang Ninewe mah narurut kana hutbah Nabi Yunus, tarobat. Tapi ayeuna di dieu aya anu leuwih ti batan Nabi Yunus!*

Yesus ngaramalkeun sakumaha nabi Yunus aya dina jero lauk salami 3 dinten, kitu oge Anjeunna bakal aya 3 dinten dina jero kubur. Sapertos dina dinten katilu Yunus kaluar tina baham lauk, kitu oge sareng Yesus bakal gugah tina maotna dina dinten ka tilu.

Urang lajengkeun aosan urang tina:

**(Yoh 7)** 1 *Ti dinya Yesus angkat, ngider di Galilea; Anjeunna teu kersaeun ka Yudea, sabab diarah ku gegeden-gegeden Yahudi rek ditelasan.* 2 *Harita geus deukeut kana waktu pesta anu disebut Pesta Saung Daun.* 3 *Ceuk saderek-saderek-Na ka Anjeunna, "Coba lunta ti dieu ka Yudea. Di ditu mah naon-naon anu dilampahkeun ku Anjeun tangtu katembong ku para panganut.* 4 *Moal aya jalma anu hayang kawentar nyumputkeun gawena. Anjeun oge, sing katembong ku saalam dunya atuh eta gawe Anjeun kitu teh!"* 5 *(Saderek-saderek-Na oge teu palercayaeun ka Anjeunna teh.)* 6 *Waler Yesus, "Ayeuna mah tacan waktuna. Keur aranjeun mah memang bisa unggal waktu.* 7 *Ka aranjeun mah mustahil dunya ngewaeun. Ari ka Kami mah dunya teh ngewaeun, lantaran Kami terus-terusan nyebutkeun jahat kalakuanana.* 8 *Pek bae aranjeun rek indit kana pesta mah, Kami mah moal, tacan waktuna."* 9 *Kitu saur Yesus ka saderek-saderek-Na, Anjeunna mah tetep di Galilea.* 10 *Tapi sanggeus saderek-saderek-Na arindit, Yesus oge angkat kana eta pesta; rerecepnan bae henteu terang-terangan.* 11 *Gegeden-gegeden urang Yahudi, pada nareangan Anjeunna, bari ngaromong, "Di mana eta jelema teh?"* 12 *Jalma-jalma loba anu tingharewos ngaromongkeun Anjeunna, pokna, "Jalmi hade Anjeunna teh." Ceuk nu sawareh deui, "Lain, malah nyasabkeun rahayat."* 13 *Ngaromongna teu waranieun terang-terangan, sarieuneun ku gegeden-gegeden Yahudi.* 14 *Tengah-tengah pesta Yesus lebet ka Bait Allah tuluy ngawulang.* 15 *Gegeden-gegeden kacida hareraneunana, tuluy ngaromong kieu, "Geuning rea kanyaho-Na, lain teu diajar naon-naon Manehna teh?"* 16 *Yesus ngawaler, "Ieu pangajaran lain pangajaran ti Kaula pribadi, tapi ti Allah anu ngutus Kaula.* 17 *Anu daek ngalampahkeun pangersa Allah mah bakal ngartieun, nu diucapkeun ku Kaula teh naha ti Allah atawa ti Kaula sorangan.* 18 *Anu ngajarkeun pangartina sorangan, tangtu ngarah pamuji keur dirina sorangan. Sabalikna anu mikahayang supaya anu dimulyakeun teh anu ngutusna, eta jelema jujur, taya kapalsuanana.* 19 *Aranjeun ku Musa dibere Hukum Allah, tapi aranjeun saurang ge teu aya nu nurut! Ku naon Kaula ku aranjeun rek dipaehan?"* 20 *"Boa Anjeun teh kasurupan!" ceuk jalma rea. "Saha anu rek maehan ka Anjeun teh?"* 21 *Waler Yesus, "Kaula nyieun hiji kaajaiban dina poe Sabat, aranjeun heran.* 22 *Musa marentahkeun supaya aranjeun nyunatan anak lalaki (sanajan sunat teh mimitina ti karuhun, lain ti Musa). Ku sabab aya parentah kitu, aranjeun nyunatan, sanajan dina poe*

*Sabat. 23 Pangna maraneh nepi ka nyunatan dina poe Sabat teh supaya henteu ngarempak Hukum Musa tina hal sunat. Ku sabab kitu ku naon arambek dumeuh Kami nyageurkeun sakujur awak hiji jelema dina poe Sabat?*

*37 Dina panutupan pesta, poe anu pangpentingna, Yesus ngadeg tuluy ngalahir tarik, "Saha-saha nu halabhab, hiap ka Kami nginum" 40 Ti anu ngabarandungan pilahir-Na aya anu ngaromong kieu, "Anjeunna pasti Nabi anu keur didago-dago tea!" 41 Ceuk nu sejen, "Anjeunna tangtu Kristus!" Ceuk nu sejen deui, "Kristus mah datangna moal ti Galilea. 42 Ceuk Kitab Suci, Kristus teh turunan Raja Daud, medalna di Betlehem, kota pangcalikan Daud." 43 Jalma-jalma jadi pasalia paham perkara Anjeunna. 44 Aya oge anu harayangeun nyerek ka Anjeunna, tapi teu aya anu wanieun nyekel-nyekel acan.*

Diluhur urang tiasa ngadangu yen para ahli agama neangan cara pikeun maehan Yesus, langkung ti eta oge maranehna ngarendahkeun, ngancam, tur ngusir Yesus ti tempat ibadah.

Palawargi dina tepangan salajengna engke urang bade nalungtik Injil tur ninggal kumaha Yesus sacara ajaib masihan tuang langkung ti lima rebu jalmi ku lima roti sareng dua siki lauk. Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan anatapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 74

**Caangna Dunya**

Yohanes 8

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na salalamina. Bagja pisan urang tiasa tepang dangu deui dina dangeut ieu.

-----

Dina pangajaran nu kalangkung urang parantos ngadangu kumaha para pamingpin agama neangan cara pikeun newak sareng tiasa maehan Yesus. Dinten ieu urang bade ngadangukeun Yesus negor maranehna tur ngadamangkeun anu lolong ti lahir. Kitab Yohanes pasal 8 nyarioskeun:

**(Yoh 8)** 2 Isukna isuk-isuk keneh geus di Bait Allah. Jelema-jelema tuluy daratang, Yesus calik tuluy ngawulang. 12 Yesus sasauran deui ka urang Parisi, saur-Na, "Kaula teh caangna dunya. Anu anut ka Kaula moal nyorang anu poek, sabab ngabogaan caang kahirupan." 13 Ari ceuk urang Parisi, "Kaayaan Anjeun kitu henteu bisa dipercaya, sabab diterangkeunana ku Anjeun keneh." 14 Waler Yesus, "Najan Kaula keneh anu nerangkeunana, tapi sah benerna, sabab Kaula terang kana asal jeung pangbalikan sorangan. Aranjeun mah henteu terang Kaula asal ti mana jeung kudu mulang ka mana. 15 Aranjeun ngahukuman teh nurutkeun patokan manusa, ari Kaula mah moal ngahukum ka saha-saha. 16 Tapi upama Kaula kudu ngahukuman tangtu adil, sabab ngahukumanana henteu sorangan, tapi disarengan ku Rama, anu ngutus Kaula. 17 Dina Hukum Musa disebutkeun, yen katerangan ti dua saksi tangtu bener. 18 Kaula mere katerangan perkara diri Kaula, saksina Kaula pribadi jeung Rama Kaula, anu ngutus." 19 "Mana Rama Anjeun?" ceuk maranehna. "Aranjeun teu terang ka Kaula, teu terang ka Rama Kaula," waler Yesus. "Lamun aranjeun terang ka Kaula, ka Rama Kaula oge tangtu terang." 20 Yesus ngalahir kitu teh waktu anjeunna ngawulang di Bait Allah, di kamar paranti neundeun peti-peti duit derma. Saurang ge teu aya anu wanieun nangkep ka Anjeunna, sabab tacan nepi kana waktuna.

36 Lamun maraneh geus dibebaskeun ku Putra, enya-enya maraneh bebas. 37 Kami nyaho maraneh anak-anak Ibrahim. Tapi maraneh rek maehan ka Kami, lantaran arembung narima piwuruk Kami. 41 Anu diturut ku maraneh mah kalakuan bapa maraneh." "Rama kaula taya deui lian ti Allah. Kaula kabeh

putra-Na ku manten," walon jalma-jalma. 42 Pilahir Yesus, "Lamun enya Rama maraneh teh Allah, tangtu nyaraah ka Kami, sabab Kami asal ti Allah. Tah ieu Kami, datang teh lantaran diutus ku Mantenna, lain datang karep sorangan. 43 Ku naon nu matak maraneh teu ngarti ka anu dicaturkeun ku Kami? Sababna lantaran maraneh teu tahan ngadenge piwuruk Kami. 44 Saenyana maraneh teh anak Iblis, anu ditarurut oge kahayang Iblis, bapa maraneh. Ti mimiti keneh oge Iblis geus jadi tukang maehan, tara mihak ka nu bener, lantaran teu kaancikan ku sipat bener. Ana Iblis bohong, memang geus bakatna tukang bohong, bapana sagala bohong. 48 Walon jalma-jalma, "Lain bener sakumaha ceuk kaula yen, Anjeun teh urang Samaria, jeung kaasupan setan?" 49 "Kami henteu kaasupan setan," waler Yesus. "Kami hormat ka Rama, ku maraneh dihina. 50 Kami henteu nyiar kahormatan sorangan. Aya Hiji anu ngusahakeun kahormatan Kami jeung bakal ngabela. 51 Sing saha anu nurut kana piwuruk Kami, salalawasna moal paeh. Sing percaya!" 56 Bapa maraneh, Ibrahim, basa uningaeun yen bakal ningali poean Kami datang ka dunya, manahna geus suka. Ayeuna, sanggeus hal eta kajadian, manahna kacida sukaeunana." 57 Ceuk urang Yahudi, "Na Anjeun geus nenjo Ibrahim? Umur Anjeun can aya lima puluh taun!" 58 Waler Yesus, "Saenyana, memeh Ibrahim dijurukeun, Kami geus jumeneng." 59 Tungtungna top bae maranehna marulung batu rek maledogan ka Anjeunna, tapi Anjeunna ngereles kaluar ti Bait Allah.

**(Yoh 9)** 1 Sabot keur angkat, Yesus ningali jalma lolong ti barang lahir. 2 Murid-murid naranya ka Anjeunna, "Pa Guru, dosa saha dugi ka eta jalmi teh lolong bawa ngajadi? Dosana sorangan atanapi dosa kolotna?" 3 Waler Yesus, "Lolongna lain ku karena dosana sorangan atawa dosa kolotna, tapi supaya jalma-jalma narenjo kakawasaan Allah barangdamel dina diri manehna. 5 Ari Kami, sapanjang di dunya keneh, Kami teh caangna alam dunya." 6 Sanggeus ngalahir kitu Anjeunna ngaludah kana taneuh, ludah-Na digaley jeung taneuh nepi ka jadi leutak, terus dipopokkeun kana panon eta nu lolong, 7 sarta kieu saur-Na, "Ka ditu maneh sibeungeut ka Kulah Siloam!" (Siloam hartina "Diutus".) Nu lolong teh indit tuluy sibeungeut, ari datang deui geus nenjo. 8 Tatangga-tatangana jeung anu sok narenjo manehna musapir tingtaranya, "Lain anu sok diuk baramaen tea eta jelema teh?" 11 Walonna, "Panon kuring dipopokan leutak ku jalmi anu jenenganana Yesus, tuluy dipiwarang sibeungeut ka Kulah Siloam. Kuring nurut, ari sibeungeut ari bray bisa ningal." 12 "Mana ayeuna jelemana?" maranehna naranya. "Duka, teu terang," walonna. 13 Eta jelema anu asalna lolong tuluy dibarawa ka urang Parisi. 14 Yesus ngadamel popok leutak pikeun nyageurkeun eta jelema teh dina poe Sabat. 15 Eta jelema ku urang Parisi dipariksa ku naon pangna jadi bisa nenjo. Walonna, "Ku Anjeunna panon abdi dipopokan ku leutak, abdi teras sibeungeut, ayeuna tiasa ningal." 16 Ceuk sawareh urang Parisi, "Mustahil jelema kitu utusan Allah, geuning henteu tunduk kana aturan Sabat!" Ceuk urang Parisi sawareh deui, "Tapi piraku jelema dosa

*mah bisaeun nyieun kaajaiban sarupa kitu!" Tungtungna maranehna jadi pabentar. 17 Ku sabab kitu urang Parisi teh nanya deui ka eta jelema, "Maneh geus ngaku dicageurkeun ku eta jelema, cik, kumaha anggapan maneh ka eta jelema?" "Anjeunna nabi," walonna. 18 Tapi gegeden-gegeden urang Yahudi arembungeun percaya yen eta jelema teh asalna lolong, nepi ka tuluy nyalukan indung bapana, 19 tuluy dipariksa, "Bener eta anak maneh? Pajar lolong ti barang dijurukeun, geuning bisaeun nenjo, kumaha?" 20 Jawab kolotna, "Sumuhun, eta teh pun anak, sareng leres parantos lolong ti barang lahir. 21 Nanging halna tiasa ningal mah duka teu terang, saha anu nyageurkeunana, sami keneh teu terang. Sae pariksa jinisna bae da parantos baleg, tangtos tiasaeun nerangkeun." 22 Ngajawab kitu soteh awahing ku sieun, lantaran para gegeden teh geus samupakat, lamun aya jelema anu percaya yen Yesus teh Kristus, baris dihukum, teu meunang asup ka imah ibadah. 23 Anu matak ngajawabna teh, "Sae pariksa jinisna bae da parantos baleg!" 24 Seug jelema anu asalna lolong teh dicalikan deui, tuluy diancam kieu, "Maneh kudu sumpah demi Allah baris ngomong bener! Kami nyaho, jelema anu nyageurkeun maneh teh jelema dosa." 25 "Anjeunna jalmi dosa atanapi sanes, abdi teu terang," walonna. "Terang soteh abdi tadina lolong, ayeuna parantos tiasa ningal." 26 "Dikumahakeun ku itu teh?" gegeden mariksa deui. "Kumaha nyageurkeunana ka maneh?" 27 "Ongkoh ku abdi parantos disanggemkeun, mung Juragan-juragan teu kalersa ngadangu. Ku naon haroyong ngadangu deui? Haroyong jadi murid Anjeunna kitu Juragan-juragan oge?" walonna. 28 Para gegeden arambek tuluy nyarekan pokna, "Nya maneh murid-Na! Kami mah murid Musa. 29 Ka Musa Allah teh enya nimbalan, kami nyaho. Ari ka eta jelema mah kami teu nyaho-nyaho acan ti mana asal-Na!" 30 Walon eta jelema, "Aneh! Dugi ka teu aruninga ka asal Anjeunna, padahal Anjeunna teh parantos nyageurkeun abdi tina lolong! 32 Ti barang dunya ngadeg teu acan aya jalmi anu tiasa ngabeunteun jalmi lolong. 33 Jalmi sanes asal ti Allah mah pamohalan tiasa midamel kitu." 34 Walon para gegeden, "Naon? Si gede dosa ti barang borojol! Arek mapatahan ka kami?" Ti semet harita eta jelema teh dilarang asup ka imah ibadah. 35 Kajadian kitu ka eta jelema kadangu ku Yesus, jelemana ku Anjeunna tuluy dipendakan, seug dipariksa, "Kumaha maneh percaya ka Putra Manusa?" 36 Walonna, "Saha Anjeunna teh, Juragan? Mangga carioskeun supados abdi percanten ka Anjeunna." 37 Pilahir Yesus, "Maneh geus papanggih jeung Anjeunna, onghok ieu keur cacarita jeung maneh." 38 "Gusti, abdi percanten!" walonna bari terus sideku payuneun Yesus. 39 Pilahir Yesus, "Kami datang ka dunya teh rek nerapkeun hukum, supaya anu lalolong barisa nenjo, anu narenjo sina lalolong." Sapertos kitu Yesus ngadamangkeun anu lolong ti lahir tur negur urang Farisi anu pikiranana lolong, maranehna teu daek ninggal bebeneran anu sajati. Naha Gusti Yesus parantos muka "soca" pikiran sareng hate palawargi?*

Palawargi dina tepangan salajengna engke urang bade nalungtik Injil tur ninggal kumaha Yesus sacara ajaib masihan tuang langkung ti lima rebu jalmi ku lima roti sareng dua siki lauk. Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 75

**Kamulyaan Gusti**

Matius 16,17

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na salalamina. Bagja pisan urang tiasa tepang dangu deui dina dangeut ieu.

-----

Dina pangajaran nu kalangkung urang parantos ngadangu kumaha Yesus ngadamangkeun anu lolong ti lahir, anu ngabalukarkeun kamana Yesus angkat seueur jalmi anu ngaririung sok sanaos mung sakedik anu wanoh ka Anjeunna. Aya nu nganggap Anjeunna téh nabi, padahal Yesus mangrupikeun Pribadi Allah anu pinuh ku kamulian anu lungsur ti sawarga. Dina dangeut ieu urang bade ngadangukeun kumaha Yesus pinuh ku kamulyaan Allah, nalika nuju aya diluhur gunung sareng 3 muridNa.

Hayu urang aos Kitab Injil Lukas 9: *18 Hiji mangsa sarengsena Yesus sembahyang nyalira, murid-murid-Na pada ngadareuheus. Ku Anjeunna dipariksa kieu, "Ari ceuk jelema rea Kami teh saha?" 19 Wangsulanana, "Aya anu nyebatkeun Yohanes Jurubaptis, aya anu nyebatkeun Nabi Elias, aya oge anu nyebatkeun salah sawios nabi hirup deui." 20 Yesus mariksa deui, "Ari ceuk maraneh, Kami teh saha?" Ceuk Petrus, "Bapa teh Kristus anu dijangjikeun ku Gusti Allah."*

Urang talungtik patarosan Yesus ka muridna: *"Ari ceuk jelema rea Kami teh saha?"* Para murid ngawaler seueur jalmi nyariosna nabi. Salajengna *"Ari ceuk maraneh, Kami teh saha?"* Ceuk Petrus, *"Bapa teh Kristus anu dijangjikeun ku Gusti Allah."* Ieu mangrupikeun patarosan nu kalintang penting anu peryogi waleranana. Cing pami numutkeun palawargi saha Yesus téh? Naon pangemut palawargi ngeunaan Yesus? Naha kagungan emutan Anjeunna téh nabi? Atanapi satuju sareng waleranana Petrus yen Yesus téh Mesias, Anak Allah anu hirup? Percanten palawargi yen Yesus téh Mesias-panebus anu dijangjikeun ka karuhun urang Adam sareng Hawa anu tos rarag kana dosa?

Sapertos anu kauninga ku palawargi, dugi kadangeut ayeuna seueur jalmi anu nolak Yesus Anak Allah. Sabab maranehna ngemut yen sebatan eta téh ngandung hartos Allah kagungan istri tur kagungan katurunan. Sanes sapertos kitu, kamulian Allah langkung ageung tina hal eta! Allah téh Roh teu

memperanakeun sapertos manusa, namung teu aya wagelan kanggo Anjeunna nyebat Yesus PutraNA. Aya misil sapertos kieu, nalika abdi (penyiar radio ti Indonesia) angkat ka luar negri, pasti jalmi bakal nyebat abdi "anak Indonesia", ieu sanes hartosna Indonesia nikah sareng saurang istri teras kagungan murangkalih! Abdi disebut "anak Indonesia" margi Indonesia téh tempat asal abdi.

Kitu oge sareng Yesus, Mesias anu lahir ti saurang lajang. Anjeunna tPangadika Allah sareng Roh Allah (pangajaran 6) mung Yesus anu layak disebut Anak Allah Nu Maha Agung, margi Anjeunna Pangandika anu ti gawitanana sasarengan sareng Allah.

Ayeuna hayu urang teraskeun aosan urang tina Kitab Injil Matius pasal 16:

*21 Ti semet harita Yesus mimiti nyarios sabalakana ka murid-murid, saur-Na, "Kami teu meunang henteu kudu ka Yerusalem, kudu nandangan sangsara di ditu, dikaniaya ku para kokolot, ku imam-imam kapala, jeung ku guru-guru agama Yahudi. Kami bakal dipaehan. Tapi sanggeus maot tilu poe bakal hirup deui."*

*22 Yesus ku Petrus ditarik ka sisi tuluy diemutan, pokna, "Gusti! Mugi eta hal ditebihkeun ku Allah. Gusti ulah dugi ka nyorang kitu!" 23 Yesus malik tuluy ngalahir ka Petrus, "Nyingkir maneh, Setan! Maneh ngahalangan jalan Kami. Eta pikiran maneh teh pikiran manusa, lain asal ti Allah."*

Palawargi ngadangu naon nu dicarioskeun Yesus ka muridNa? Anjeunna nyarioskeun kedah ka Yerusalem tur kedah naggel sangsara ti para kokolot, imam-imam kapala jeung guru-guru agama tur baris dipaehan diguguhkeun dina dinten ka tilu. Yesus ngumumkeun yen Anjeunna baris ngocorkeun getihNa pikeun mayar dosa-dosa manusa.

Namung Petrus teu narima yen Yesus baris ditewak, disiksa, sareng dipaehan ku pangawasa-pangawasa Yahudi. Petrus nyarios: , "Gusti! Mugi eta hal ditebihkeun ku Allah. Gusti ulah dugi ka nyorang kitu!" 23 Yesus malik tuluy ngalahir ka Petrus, "Nyingkir maneh, Setan! Maneh ngahalangan jalan Kami. Eta pikiran maneh teh pikiran manusa, lain asal ti Allah."

Yesus teras kanggo naon Anjeunna sumping kadunya, nyaeta kanggo masihkeun nyawana sareng ngocorkeun getihNa nu Suci kanggo jalma-jalma anu dosa sapertos nu tos dinubuatkeun para nabi sateuacanNa. Palawargi, Yesus Kristus sumping ka dunya salaku kurban kanggo mayar dosa-dosa abdi sareng palawargi! Anjeunna ngadamel sapertos kitu margi asihNa ka urang, sareng Anjeunna teu hoyong urang binasa.

Hayu urang dangukeun naon nu kajantenan saporantos Yesus nguningakeun ka murid-muridNa yen Anjeunna bade nyerahkeun nyawaNA di Yerusalem. Injil nyarioskeun:

**( Matius 17 )** *1 Genep poe ti harita Yesus unggah ka hiji gunung anu luhur, nyandak Petrus, Yakobus, jeung Yohanes. Di luhur gunung ngan opatan bae. 3 Breh deuih katenjo aya Musa jeung Elias keur cacarios jeung Anjeunna. 4 Pok bae Simon Petrus unjukan kieu, "Gusti, ku raraos urang di dieu teh! Manawi karujukan abdi bade ngadamel tilu kemah, kangge Gusti, kangge Musa, sareng kangge Elias." 5 Petrus keur unjukan keneh, bray aya mega ngagebray turun mayungan ka aranjeunna. Tina eta mega aya soara, ungelna, "Tah ieu teh Putra Kami, kaasih Kami, anu kamanah ku Kami. Masing ngagugu ka Anjeunna!" 6 Bawaning ku sarieuneun kana eta soara, murid-murid teh mani nyaluksrukkeun beungeut kana taneuh. 7 Ku Yesus disampeurkeun tuluy diusap. "Harudang, ulah sarieun!" saur-Na. 8 Barang carengkat geus teu aya sasaha ngan Yesus bae. 9 Waktu keur marudun Yesus mesen kieu, "Kade, tetenjoan anu tadi ulah dicaritakeun ka saha-saha, nepi ka waktu Putra Manusa dihudangkeun ti nu maraot." 2 Di dinya Yesus salin rupi, katenjo ku nu tiluan raray-Na moncorong kawas panonpoe, anggoana-Na bodas hurung mancur."*

Naha palawargi ngartos ngeunaan naon anu kajantenan digunung eta? Ieu mangrupikeun kajantenan nu aheng tur heran! Urang ninggal yen salira Yesus rubih cahayaan sapertos panon poe tur saliraNa cahayaan. Cahaya kamulian Allah nyimbutan Yesus Kristus anu disaksian ku tilu muridNa, Allah ninggalkeun kamulyaan anu ajaib anu nyamuni dina saliraNa Yesus. Anu dina waktos harita Allah ngutus dua nabiNa Musa sareng Elia kanggo sasauran sareng Yesus tumali sareng pupusNa di Yerusalem. Urang uge ninggal awan anu caang ngauban eta gunung tur suanten anu Mahakuasa ngagemana ngalangkungan awan sambil nyarios: "Tah ieu teh Putra Kami, kaasih Kami, anu kamanah ku Kami. Masing ngagugu ka Anjeunna!"

Naon margina Allah ngadamel sadayana ieu, dina kahadiran Petrus, Yohanes, sareng Yakobus? Alesanana Allah hoyong maparin tilu saksi eta kanggo buktos anu moal tiasa rentag/ robih yen Yesus mangrupikeun Anak Allah anu langgeng ti sawarga, tur sadaya jalmi kedah taat sareng ngadangu Anjeunna. Sapertos anu dicarioskeun dina Pangandikan Gusti: *1 Jaman baheula Allah sering ngandika ka karuhun urang, make rupa-rupa cara, ditepikeunana ku nabi-nabi. 2 Ayeuna, dina jaman ahir, ngandika-Na ka urang ku perantaraan Putra-Na, anu geus digadangkeun bakal diserenan hak kana saniskara hal. Allah ngajadikeun langit jeung bumi oge ku perantaraan Putra-Na, 3 anu nyumiratkeun cahaya gumilang kamulyaan Mantenna, sarta anu kaayaan-Na nyeples Allah ku manten. Anjeunna murba ka sajawat raya ku kakawasaan pangandika-Na. Sanggeus nyucikeun manusa tina dosana, Anjeunna linggih di sawarga, di tengeneun Allah Nu Maha Kawasa."* (Ibr 1: 1—3)

Palawargi kaum dangu sadayana, kumaha pandangan palawargi ngeunaan Yesus? Percanten palawargi yen Yesus nyaeta Gusti anu pinuh kamulian sawarga? Anatapi palawargi mung ngangga Anjeunna téh nabi sapertos anggapan seueur jalmi?

Palawargi dina tepangan salajengna engke urang bade nalungtik Injil tur ninggal kumaha Yesus sacara ajaib masihan tuang langkung ti lima rebu jalmi ku lima roti sareng dua siki lauk. Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 76

**Pangangon Nu Sae**

Yohanes 10

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na salalamina. Bagja pisan urang tiasa tepang dangu deui dina dangeut ieu.

-----

Dina pangajaran nu kalangkung urang ngadangu Yesus nyarios ka para muridNa yen Anjeunna kedah ngantunkeun di Yerusalem tur gugah tina maot dina dinten katilu. Yesus terang yen Anjeunna sumping ka dunya kanggo ngocorkeun getih janten kurban kanggo ngangkat manusa anu dosa. urang oge parantos ngadangu perkawis kamuliaanNa nalika nuju aya diluhur gunung sareng 3 muridna. Rarayna cahayaan sapertos panon poe, jubahna oge ngaluarkeun cahaya kingkilaban.

Palawargi, ayeuna urang dangukeun cariosan Kitab Suci kumaha Gusti Yesus ngabadingkeun anu ngiring ka Anjeunna sareng domba anu ayam. Putra-putra Adam disebatkeun para nabi sapertos domba tanpa nu ngangon, eta margina Allah ngutus saurang pangangon ti sawarga kanggo nungtun kana jalan kasalmetan ti si musuh nyaeta Setan, dosa, maot, sareng naraka. Terang teu palawarga saha Pangangon anu diutus ku Allah eta? Hayu urang talungtik cing gemet hal ieu.

Kitab Injil Yohanes pasal 10, nyarioskeun:

*1 "Kami rek nyarita saenyana," saur Yesus. "Anu asup ka jero kandang lain tina panto tapi mancal ti tempat sejen, tangtu bangsat jeung rampog. 2 Jalma nu asupna liwat panto kandang, eta pangangonna. 6 Kitu pilahir Yesus ka maranehna, ku misil. Tapi maranehna henteu ngalartieun kana maksad Anjeunna. 7 Yesus nyarios deui, "Supaya kaharti Urang terangkeun: Anu diupamakeun lawang teh Kami. 9 Nya Kami lawangna. Anu asupna ti Kami tangtu salamet, jeung bisa asup atawa kaluar ka sampalan. 10 Bangsat datangna ngan arek maling, ngarogahala, jeung ngabinasa. Ari Kami mah malar supaya umat harirup sarta carukup. 12 Anu buburuh, anu lain pangangonna jeung lain anu bogana, nenjo aya ajag teh anggur lumpat kabur, domba-domba diantep dirontok jeung diubrak-abrik ku ajag, kawantu lain bogana sorangan. 13 Munasabah kabur oge, ngaranna ge nu buburuh, moal paduli ka domba-domba. 14 Kami*

teh lir pangangon anu bumela. Sakumaha Rama kenal ka Kami, Kami kenal ka Rama, Kami wawuh ka domba-domba Kami, nya kitu deui domba-domba Kami oge wawuheun ka Kami, Kami moal sungkan ngabelaan nepi ka ajal. 16 Aya keneh domba-domba Kami lian ti anu ieu, anu henteu sakandang jeung ieu, ku Kami arek dibawa ka dieu, tangtu narurut kana sora Kami, arek disakandangkeun jeung nu ieu, diurus ku hiji pangangon. 17 Ama nyaaheun ka Kami, lantaran Kami ikhlas ngorbankeun nyawa anu tangtu bakal katarima deui. 18 Saenyana moal aya anu bisa ngarebut nyawa Kami. Dikorbankeun oge ku karena kaiklasan Kami; Kami kawasa nyerenkeun, kawasa nyokotna deui. Kitu pangersana Ama Kami." 19 Pilahir Anjeunna kitu ngalantarankeun urang Yahudi jadi pabentar deui. 20 Loba anu ngaromong kieu, "Jelema kasurupan setan, geus gelo! Keur naon didarengkeun bae?" 24 jalma-jalma terus ngarubung ka Anjeunna, tuluy naranya kieu, "Anjeun teh masih keneh bae rek ngabingungkeun ka pihak kaula? Sing terus terang, enya anjeun teh Kristus?" 25 Waler Yesus, "Ongkoh ku Kaula geus dibejakeun, tapi aranjeun teu palercaya bae. Padahal sakur anu dilampahkeun ku Kaula kalawan pajenengan Rama teh netelakeun hal Kaula. 26 Tapi geus tangtu aranjeun moal percaya, sabab aranjeun lain domba Kaula. 27 Domba Kaula mah ngadengekeun kana sora Kaula. Kaula wawuh ka maranehna, sarta maranehna anut ka Kaula. 28 Ku Kaula dibarere hirup langgeng, salalawasna moal paraeh, moal bisa karampas ti Kaula. 29 Eta anu ku Rama dipaparinkeun ka Kaula teh leuwih tina naon-naon, jeung moal aya anu bisa ngarebut tina panangan Rama anu ngurusna. 30 Ari Rama jeung Kami teh hiji keneh." 31 Jalma-jalma teh tuluy marulung batu rek maledogan ka Anjeunna. 32 Tapi Anjeunna sasauran deui, "Kaula geus loba nembongkeun hal-hal anu hade anu asal ti Rama Kaula di hareupeun aranjeun. Anu mana ti antarana anu ngalantarankeun aranjeun hayang maledogan Kaula?" 33 Jawab maranehna, "Anjeun lain rek dibaledogan ku lantaran geus nyieun kahadean, tapi ku lantaran geus ngahina ka Allah. Anjeun teh jelema biasa, tapi nyaruakeun maneh jeung Allah!" 34 Waler Yesus, "Dina Kitab Hukum aranjeun sorangan ditulis yen Allah ngandika, 'Maraneh teh allah-allah.' 35 Urang kabeh terang, anu diucapkeun ku Kitab Suci teh salawasna bener. Jalma-jalma anu ku Allah dipaparin pangandika-Na, ku Allah disebutna allah-allah. 36 Jadi lamun Kaula anu ku Allah Rama dipilih jeung diutus ka ieu dunya ngakukeun Putra Allah, ku naon dianggap ngahina ka Allah? 37 Lamun anu dilampahkeun ku Kaula teh lain pangersa Rama, memang teu kudu aranjeun percaya. 38 Tapi ku sabab anu dilampahkeun ku Kaula teh ti pangersa Mantenna, sanajan aranjeun arembung percaya ka Kaula ge, atuh sing percaya kana hal-hal anu ku Kaula dilampahkeun, supaya saterusna nyaraho yen Rama aya di jero diri Kami, Kami aya di jero salira Rama." 39 Jalma-jalma teh anggur rek nyarerek ka Anjeunna. Tapi Anjeunna iasa lolos ti maranehna.

Palawargi ngadangu naon nu didugikeun Yesus ka urang Yahudi? Leres Anjeunna nyarioskeun ngeunaan panto sareng pangangon nu sae. **Ngawitan**, Yesus ngagambarkeun putra-putra Adam salaku domba, Anjeunna nyarios ka jalmi seueur, Nya Kami lawangna. Anu asupna ti Kami tangtu salamet, jeung bisa asup atawa kaluar ka sampalan.” Kunaon Yesus nyebatkeun Anjeunna “Panto pikeun domba”? kapungkur para pangangon ngadamel pageur cucuk anu panto lawang asup dombana ngan hiji, nalika wengi pangangon bakal mondok dipayuneun panto pikeun ngajaga kaluar-asup dombana. Janten sateuacan aya sato galak asup ka kandang tur ngarogahala dombana pasti bakal ngalangkungan heula dimana pangangon mondok. Tangtosna pangangon bakal ngusir sato galak eta saacan ngahakan dombana. Tah ieu maksudna pangangon disebut “Panto kanggo domba” téh.

Yesus kalintang perhatosanana ka umatNa, Anjeunna mangrupikeun Panto anu nampi jalmi-jalmi anu dosa kanggo nampi harapan anu langgeng. Eta margina Allah cumarios: *“Anjeunna, sareng mung Anjeunna bae anu tiasa nyalametkeun manusa teh. Di saalam dunya teu aya deui manusa anu ku Allah dipaparin kawasa nyalametkeun, mung Yesus Kristus.”* (Rasul-rasul 4:12) Mung Yesus hiji-hijina jalan nu nuju kasalametan.

Palawargi emut teu kana carios Nuh sareng Caah badag tea, cing sabaraha panto nu disiapkeun ku Allah? Leres, mung hiji panto. Satiap jalmi nu hoyong salamet tina caah kudu lebet kana panto eta, nya pikeun anu henteu nya binasa atuh!

Kitu oge tumali sareng poe panghakiman, Allah parantos muka Panto pikeun putra-putra Adam nyaeta ngalangkungan Mesias manusa tiasa nampi hirup anu langgeng. Yesus nyarios: 9 Nya Kami lawangna. Anu asupna ti Kami tangtu salamet, jeung bisa asup atawa kaluar ka sampalan. 10 Bangsat datangna ngan arek maling, ngarogahala, jeung ngabinasa. Ari Kami mah malar supaya umat harirup sarta carukup.( Yoh 10 : 9,10)

**Kadua**, Yesus nyebat diriNa salaku “Pangangon nu sae”, margi mung Anjeunna hiji-hijina anu nyaah ka urang, dugika ngurbankeun saliraNa. Nabi Daud nyeratkeun dina Zabur 23: *“1 PANGERAN teh Gusti pangangon abdi, abdi moal kakirangan. 2 Abdi diaubkeun di sampalan hejo ngemploh, dicandak ka cai anu seger tur leuleuy. 3 Ku Mantenna dijagjagkeun deui, dipingpin nyorang jalan nu bener, saluyu sareng jangji-Na. 4 Najan nyorang nu poek ngajumbleng, abdi teu kedah sieun, nun PANGERAN, reh Gusti nyarengan! Gada sareng teteken Gusti ngaping ka abdi. 5 Gusti nyayagikeun idangan keur abdi, di hareupeun panon musuh-musuh; abdi ku Gusti dipapag lir tamu kaajen, dipaparin inuman sedep, gelasna mani leber. 6 Abdi ngaraos kasaeaan sareng kanyaah Gusti. Gusti nyarengan ka abdi saumur-umur, sarta gedong Gusti bakal jadi pamatuhan abdi saumur hirup.”*

Palawargi, urang kedar sadar yen Yesus kuanjen nyaeta Pangangon nu sae, saperos nu parantos diserat ku Daud, "*PANGERAN teh Gusti pangangon abdi*". Ari Rama jeung Kami teh hiji keneh." (Yoh 10:30), tah hal ieu nungajantenkeun urang Farisi nuduh Anjeunna ngahujat ka Allah téh teras maledogan ku batu. Maranehna teu nampi kana cariosan Yesus yen Anjeunna Allah dina salira manusa. Dugi ka ayeuna oge seueur jalmi anu gaduh emutan Yesus ngahiji jeung Allah téh berarti Allahna aya dua. Padahal teu sapertos kitu Injil nyebutkeun: "ngan PANGERAN, anu jadi Allah urang teh."(Pamindo 6:4).

Salajengna, "*Sakumna sipat katuhanan aya di Kristus dina wujud kamanusaana-Na.*" (kolose 2:9) Eta sababna pangna Yesus nyebutkeun Kami jeung Rama téh hiji, Yesus Kristus téh pangangon nu sae sapertos cariosanana: "*Kami teh lir pangangon anu bumela. Sakumaha Rama kenal ka Kami, Kami kenal ka Rama, Kami wawuh ka domba-domba Kami, nya kitu deui domba-domba Kami oge wawuheun ka Kami, Kami moal sungkan ngabelaan nepi ka ajal. Saenyana moal aya anu bisa ngarebut nyawa Kami. Dikorbankeun oge ku karana kaiklasan Kami; Kami kawasa nyerenkeun, kawasa nyokotna deui. Kitu pangersana Ama Kami.*" (Yoh 10 : 14, 18)

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 77

**Haté Allah**  
Lukas 18,15

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na salalamina. Bagja pisan urang tiasa tepang dangu deui dina dangeut ieu.

-----

Dina pangajaran para nabi, urang parantos ngadangu yen Allah the suci sareng bener tur teu kompromi sareng dosa. pami Allah teu nyaah ka urang, pasti urang bakal keuna hukuman salalamina. Dina dinten ieu urang bade ngadangu dua misil, anu ngaulangkeun ngenaan kanyaah Allah anu ageung kanggo jalma-jalma anu dosa.

Dina misil ieu urang bade ngadangu: hiji jalmi nampi kanyaah, anu hijina henteu. Urang Farisi sareng tukang pajeg. Hayu urang dangukeun cariosna sapertos kieu:

*(Lukas 18) 9 Murid-murid mihatur naroskeun harti eta misil. 10 Anjeunna ngawaler, "Maraneh bakal ngarti, sabab geus dibere kanyaho pikeun ngarti kana rasiah-rasiah Karajaan Allah. Ari anu sejen-sejen mah ngan dibere misil-misilna bae. Nu matak maranehna mah najan narenjokeun ge moal narenjoeun, najan ngadarengekeun ge moal ngalartieun." 11 "Harti eta misil kieu: Binih, nya eta pangandika Allah.*

*12 Anu ragragna ka jalan, nya eta pangandika teh didarengge tapi dirampas ku Iblis, dipiceun ti jero hate nu ngadarengge supaya maranehna ulah nepi ka palercaya, ulah saralamet. 13 Anu ragragna kana taneuh anu cadasan, nya eta pangandika teh didarengge sarta ditarima reujeung suka ati, tapi henteu akaran; ana datang cocoba seug murtad. 14 Anu ragragna kana rungkun cucuk, nya eta pangandika teh didarenggekeun, ditarima, tapi kalimpudan ku kahariwangan, kaelehkeun ku napsu hayang beunghar jeung hayang kasenangan dunya, anu ngalantarankeun buahna teu nepi ka asak.*

Naon anu diwulangkeun ku Yesus ngalangkungan misil ieu? Yesus ngaulangkeun yen Allah mintonkeun kanyaahNa ka jalmi anu ngarasa laip dipayunenaNa, tur ijjid ka jalmi anu nganggap dirina bener. Kitab Suci nyarios:" *"Allah ngalawan ka nu kamagungan, tapi mikaasih ka nu rendah ati."*(1 Pet 5:5) naon anu

dihormat ku manusa, direndahkeun ku Allah. Allah moal nampi manusa anu kagungan angkuh nu pikiranana, ngarasa aing bener, ngarasa jalma soleh, resep ngalakukeun puasa, sok sidekah, rajin ibadah, seueur ngalakukeun ieu-itu.

Masih emut palawargi kana carios Kaen, putra Adam anu kahiji, anu nyobian ngaraketan Allah ngalangkungan usahana sorangan? Naha Gusti nampi kurbanna? Allah teu kersa nampi kurbanna. Palawargi, dugi ka ayeuna Allah teu pernah robih, Allah moal kabita ku usahana manusa manusa anu teu sampurna. Nu dipikahoyong ku Allah nyaeta urang ngangken salaku jalmi anu dosa, sapertos pagawe pajeg. Benten sareng urang Farisi anu sok ngabandingkeun diri jeung batur, ngarasa dirina paling bener.

Anu gagal sadar ti urang Farisi nyaeta Allah moal ngabandingkeun urang sareng jalmi dosa nu lainna. Samulihna Allah ngandingkeun urang sareng hukumNa anu suci sareng sampurna anu nyarioskeun: Ngalanggar salah sahiji ayat eta hukum, ngalanggar oge anu sejen-sejenna. (Yakobus 2:10) Allah nu nyarioskeun "Ulah ngaranyed" oge nyarioskeun "ulah ngabohong". Lamun urang teu ngalakukeun jinah, tapi ngabohong pasti urang bakal dihukum ku Allah. Eta margina katurunan Adam peryogi welas asihNa Yesus.

Palawargi, sakumaha pagawe pajeg dina misil eta, nampi sihkurnia Allah? Atanapi urang sapertos urang Farisi anu ngandelkeun kakuatana sorangan. Ayeun hayu urang dangukeun misil nu kadua yen Allah pinuh ku ka asih, nyaahan, sapertos saurang bapa anu nyaah ka anak-anakna. Injil Lukas pasal 15 nyarioskeun:

*(Lukas 15) 1 Dina hiji poe loba tukang mulung pajeg jeung jelema-jelema nu dipandang teu hade ku masarakat daratang ngadarengkeun Yesus. 2 Urang Parisi jeung guru-guru agama mimiti ngaromongkeun, pokna, "Eta Manehna, ku naon daek nampa jelema-jelema teu hade, malah daek dahar bareng!" 11 Pilahir Yesus deui, "Aya hiji jelema boga anak lalaki dua. 12 Anu bungsu nyarita ka bapana, 'Bapa, harta bagian abdi teh bade disuhunkeun ayeuna bae.' Bapana ngagugu, tuluy kakayaanana dibagikeun ka anak-anakna. 13 Heuleut sawatara poe nu bungsu ngajualan warisan bagianana, duitna dibawa indit ka nagri anu jauh, dipake roroyalan sakarep-karep. 14 Sanggeus duitna beak, eta nagri katarajang bahla kalaparan; hirupna si bungsu geus muluntu. 15 Tuluy manehna buburuh ka hiji jalma urang dinya, dititah ka tegal ngajaga bagong. 16 Manehna kacida lapareunana nepi ka kabita hayang ngeusian beuteung ku parab bagong, tapi teu aya anu mere dahareun naon-naon. 17 Kakara manehna eling, hatena ngalengis, 'Di bapa mah dahareun kuli-kuli ge datang ka leuwih, ari aing di dieu nepi ka meh paeh kalaparan! 18 Mending oge balik ka bapa, rek wakca: Bapa, abdi rumaos dosa ka Allah sareng ka Bapa. 19 Parantos teu pantes diangken deui putra, jadikeun kuli bae abdi mah.' 20*

*Sanggeus mikir kitu bral indit rek balik ka bapana. Jauh-jauh keneh bapana geus nenjoeun, hatena ngahelas liwat saking tuluy muru, gabrug ngarangkul jeung ngagalentoran. 21 'Bapa,' ceuk anakna, 'abdi rumaos dosa ka Allah sareng ka Bapa. Parantos teu pantes diangken deui putra.' 22 Tapi bapana anggur nyalukan bujang-bujangna. 'Geuwat!' carekna. 'Bawa ka dieu pakean anu pangalusna, pakekeun ka ieu anak kami. Pakekeun ali kana ramona, tarumpahan sukuna. 23 Peuncit sapi anu panglintuhna, urang pesta suka-suka! 24 Sabab ieu anak kami anu geus paeh ayeuna hirup deui, leungit kapanggih deui.' Ti dinya tuluy bae pesta. 25 Ari nu cikal harita keur di tegal. Dina waktu keur balik, sanggeus deukeut ka imah, ngadenge sora tatabeuhan jeung nenjo anu keur ngarigel. 26 Tuluy nyalukan bujang saurang, nanyakeun, 'Aya naon di imah?' 27 Ceuk bujang, 'Tuang rayi sumping, ku tuang rama dipangmeuncitkeun sapi anu panglintuhna, reh putrana sumping deui kalayan teu kirang sawios-wios.' 28 Si cikal ambek terus pundung embungeun ka imah. Ku bapana diteang terus dicombo, diolo sina balik. 29 Tapi tembalna ka bapana, 'Abdi baranggawe di Bapa parantos mangtaun-taun sapertos kuli bae, parentah Bapa teu aya anu dipungpang. Parantos kenging naon ti Bapa? Teu dipaparin embe-embe acan pikeun abdi sukan-sukan sareng babaturan. 30 Ari eta, putra Bapa anu nembe sumping tas ngawur-ngawur harta banda Bapa ka awewe balangor, ku Bapa mani dipangmeuncitkeun sapi anu panglintuhna!' 31 Walon bapana, 'Anaking! Ujang mah kapan salawasna oge jeung Bapa bae. Jeung deui banda Bapa nya banda hidep keneh. 32 Pantes lamun urang ayeuna sukan-sukan suka bungah, sabab adi ujang anu sasatna geus paeh ayeuna hirup deui, leungit datang deui.'"*

Naon nu hoyong diwulangkeun Allah ngalangkungan misil ieu? Urang ninggal tilu jalmi; bapak, anak bungsu, sareng anu cikal. Bapa dina carios ieu ngaganbarkeun Allah, anak bungsu ngagambarkeun jalmi-jalmi anu dosa anu tobat tina dosa-dosana tur musuer deui ka Allah kanggo nampi sihkurniaNa. Si cikalngagambarkeun jalmi anu taat kana agama tapi nipu dirina sorangan ngarasa dirina bener dipayuneun Allah. Langkung tipayun hayu urang ngemut ngenaan anak bungsu anu kabawaku kahayang dosa ku kahirupan anu liar di tanah nu jauh. Naon nu kajantenan? Urang ngadangu yen manehna ngaku salaku jalmi anu dosa tur tobat tina dosana. Urang ninggal kumaha si bungsu ninggalkeun kandang babi tur ngajujuk ka bumi bapana.

Kumaha sareng naon nu dilakukeun ku bapana? Naha ngambek ka anakna nu tos ngahamburkeun hartna? Naha dijantenkeun pembantu eta budakna? Teu! Bapana naampi sibungsu pinuh ku welas Asih. Ngalakungan hal ieu urang tiasa nalungtik yen Allah persis sami sapertos si bapa anu pinuh ku welas asih, nyaah ka jalmi-jalmi anu dosa, tur ngantosan anu dosa tarobat tur nampi jalan bebeneran nu tos ditangtoskeun.

Ngeunaan si cikal, manehna teu boga kaanyaahan sapertos bapana, samulihna malah ngambek tur teu kersa asup ka bumi. Dugi ka ayeuna seueur katurunan Adam anu siga si cikal, ngarasa diri jadi "Jongosna Allah". Padahal Allah hoyong urang janten putra-putraNa, sapertos anu diratkeun ku Paulus: "Sabab Roh paparin ti Allah teh moal midamel aranjeun jaradi kawula anu ngalantarankeun aranjeun jadi pinuh ku rasa kasieun, sabalikna bakal midamel aranjeun jadi putra-putra Allah, sarta ku perbawa Roh Allah, aranjeun bisa nyebut ka Allah, "Ama, nun Ama!" ( Rum 8:15).

Palawargi, naha palawargi ngaraos diri saurang pembantu atanapi anak Allah. Naha palawargi sapertos si bungsu atanapi si Cikal? Allah mikahoyong palawargi nyaah tur ngalaksanakeun naon anu dipikahoyongNa. Allah nuju ngantosan palawargi sumping kapayuneunaNa, sami sapertos si bapa anu ngantosan anak bungsuna. Allah mikahoyong palawargi tobat, ngaku dosa sareng nampi Anjenna ku hate anu bersih.

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 78

### Nu Ngagugahkeun Tur Ngahirupkeun

Yohanes 11,12

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na salalamina. Bagja pisan urang tiasa tepang dangu deui dina dangeut ieu.

-----

Dina tepangan nu kalangkung urang parantos ngadangu Yesus kagungan seueur nami, ngalangkungan namiNa eta urang tiasa langkung wanoh ka Anjeunna. Urang ngadangu Yesus disebut: Pangandika anu ti awalna sasarengan sareng Allah, Putra nu Maha Agung, Domba Allah, Jurusalamet, Roti Hirup, Caang Dunya, Pangangon Sae. Dangeut ieu urang bade ngadangukeun ngeunaan Yesus "Nu Ngagugahkeun tur Ngahirupkeun"

Urang tos ngadangu kumaha Yesus ngajugjug sadaya nagri urang Yahudi kanggo ngaulang, midamel kasaeen, ngadamangkeun, tur ngalakukeun seueur mujijat anu ngajantenkeun urang Farisi janten sirik. Dinten ieu urang bade ngadangu kumaha Yesus ngadamel mujijat nu sanesNa kanggo nguningkeun kamulyaanana.

*(Yohanes 11) 1 Di Betania aya dua awewe padudulur, ngaranna Maria jeung Marta. Maria teh anu ngucuran sampean Yesus ku minyak seungit jeung nyekaanana ku buukna. Dulur Maria jeung Marta anu lalaki ngaran Lasarus keur gering. 3 Maria jeung Marta ngajurungan jelema ka Yesus, mawa pihatur: "Gusti, sobat Gusti udur." 4 Diwartosan kitu Yesus ngalahir, "Panyakit Lasarus moal matak maot, malah matak jadi kamulyaan ka Allah, jeung bakal ngalantarankeun Putra Allah diagungkeun." 5 Yesus nyaatheun ka Marta, ka Maria, jeung ka Lasarus. 6 Tapi diwartosan Lasarus gering teh Anjeunna calik-calik bae di tempat nepi ka dua poe deui. 7 Geus kitu Anjeunna ngalahir ka murid-murid-Na, "Hayu urang ka Yudea deui." 8 "Pa Guru," walon murid-murid, "teu acan lami Pa Guru ku urang ditu bade dibaledogan ku batu, ayeuna parantos bade ka ditu deui?" 9 Pilahir Yesus, "Sapoe teh lain dua welas jam? Anu leumpang ti beurang moal titajong, sabab nenjo caangna alam dunya. 10 Lamun leumpang ti peuting tangtu titajong, lantaran teu nenjo anu caang." 11 Saur-Na deui, "Sobat urang, Lasarus keur sare, ku*

*Kami rek dihudangkeun." 12 Piunjuk murid-murid-Na, "Gusti, upami parantos tiasaeun sare mah tangtos tereh sae." 13 Padahal sare anu dimaksud ku Yesus mah Lasarus teh geus maot, ari ku murid-murid-Na dihartikeun sare biasa. 14 Ku sabab kitu ku Anjeunna dieceskeun saur-Na, "Geus maot Lasarus teh.*

*15 Tapi Kami bungah euweuh di ditu teh, sabab bakal leuwih hade keur maraneh, supaya engke maraneh bisa percaya. Ayeuna hayu urang teang." 17 Sanggeus Yesus sumping, Lasarus geus dimakamkeun opat poe katukang. 18 Betania jauhna ti Yerusalem tilu kilometer ge kurang, 19 anu matak loba urang Yudea anu daratang ngalayad ka Marta jeung Maria anu kakara ditinggalkeun maot ku dulur. 20 Marta geus meunang beja yen Yesus sumping, tuluy indit mapagkeun, Maria tunggu imah. 21 Piunjuk Marta ka Yesus, "Upami waktos eta Gusti aya di dieu, pun dulur moal dugi ka maot! 22 Nanging sanaos ayeuna ge upami Gusti mundut naon bae ka Allah tangtos dikabul, abdi yakin." 23 "Dulur maneh tangtu hirup deui," waler Yesus. 24 "Leres," walon Marta, "engke bakal hirup deui dina Poe Kiamat." 25 Waler Yesus, "Kami teh anu ngahudangkeun jeung anu ngahirupkeun. Anu percaya ka Kami tangtu bakal hirup sanajan geus maot; 26 jeung sing saha anu hirup sarta percaya ka Kami, salalawasna moal paeh. Kumaha, maneh percaya kana hal ieu?" 27 "Sumuhun, Gusti!" walon Marta. "Abdi percanten pisan Gusti teh Kristus, Putra Allah anu lungsur ka alam dunya." 43 Sanggeus ngalahir kitu, soanten-Na ditarikkeun, "Lasarus! Geura bijil!" 44 Kurunung, Lasarus nu geus maot teh kaluar, suku jeung leungeunna kabungkus keneh ku boeh, beungeutna kabulen ku cindung. Saur Yesus, "Bukaan; sina bisaen leumpang."*

Palawargi, ti ngawitan dunya dijadikeun dugi ka kiwari oge teu aya kantos jalmi anu tiasa ngagugahkeun jalmi nu parantos maot salami 4 dinten, mayitna tos ngawitan resak sareng bau. Tapi, nu dilakukeun ku Yesus ngagugahkeun Lazarus anu tos maot. Kawasa maot sanes masalah kanggo Yesus, margi Anjeunna Pangandika Allah, anu sumping ti sawarga. Sakumaha Allah tiasa ngagugahkeun anu tos maot, kitu oge anu dipidamel ku Mesias tiasa maparin kahirupan kasing saha anu dipikahoyong ku Anjeunna, margi Anjeunna sumber kahirupan. Eta margina Yesus ngagentraan Lazarus kaluar, mayit téh hirup deui, Gugah sarta kaluar tina kuburanana. Eta margina Yesus nyarios:" , "Kami teh anu ngahudangkeun jeung anu ngahirupkeun. Anu percaya ka Kami tangtu bakal hirup sanajan geus maot"

Naon nu dilakukeun ku urang-urang Yahudi saporantos Yesus ngagugahkeun Lazarus tina kubur? Injil Nyarioskeun:

*( Yoh 11) 45 Anu ngaralayad ka Maria loba anu percaya ka Yesus sanggeus narenjo anu dipidamel ku Anjeunna. 46 Tapi aya sawatara jalma anu terus ka urang Parisi, ngalaporkeun anu dipidamel ku Yesus.*

*47 Urang Parisi jeung imam-imam kapala ngayakeun rapat jeung Mahkamah Agama. "Kudu kumaha urang teh?" aromongna. "Eta jelema terus bae ngayakeun kaajaiban! 48 Lamun terus diantep, jelema-*

jelema tangtu biluk kabeh palercaya ka Manehna. Tungtungna engke bangsa urang digempur ku pamarentah Rum, Bait Allah tangtu ancur!" 49 Ceuk nu saurang, nya eta Imam Agung taun eta anu ngaranna Kayapas, "Ku barodo ari dulur-dulur! 50 Na teu aruninga yen leuwih hade paeh jelema saurang ti batan tumpur sakumna bangsa?" 51 Saenyana Kayapas ngomongna kitu teh lain tina pikiranana sorangan. Eta ucapan anjeunna anu jadi Imam Agung taun eta, mangrupa hiji piwejang, ngaramalkeun yen Yesus bakal pupus ditelasan pikeun ngagentos bangsa Yahudi; 52 malah lain pikeun maranehna bae, tapi pikeun ngahijikeun sakumna umat Allah anu eukeur paburencay. 53 Ti harita para gegeden Yahudi geus sakait rek nelasan Yesus. 54 Ku sabab kitu Yesus tara nembongan deui di Yudea, malah terus angkat ka kota Epraim anu pernahna deukeut ka gurun keusik, tuluy calik di dinya jeung murid-murid-Na. 55 Pesta Paska urang Yahudi geus deukeut. Urang desa geus loba anu daratang, naranjak ka Yerusalem arek ngalakonan upacara meresihan diri samemeh Pesta Paska ngamimitian. 56 Maranehna nareangan Yesus, sarta barang geus ngumpul di Bait Allah maranehna silih tanya, pokna, "Kumaha ari ceuk andika? Rek sumping atawa moal Anjeunna teh kana pesta?" 57 Pangna tingtaranya kitu lantaran geus diparentah ku imam-imam kapala jeung urang Parisi, sing saha anu nyaho Yesus aya di mana, kudu terus lapor, supaya Yesus bisa ditangkep.

(Yoh 12) 1 Pigenep poeun deui kana poe Pesta Paska, Yesus angkat ka Betania, tempat tinggal Lasarus, jalma anu ku Anjeunna dihirupkeun deui tina maot tea. 2 Di dinya Yesus ku pribumi dituangkeun, diladenan ku Marta; Lasarus jeung nu sejenna deui bareng dalahar jeung Yesus. 3 Ti dinya Maria mawa minyak narwastu kira-kira satengah liter, minyak seungit anu kacida mahalna, tuluy dikukurkeun kana sampean Yesus, geus kitu sampeana-Na disekaan ku buukna. Eta imah jadi mabek ku seungit minyak narwastu. 4 Yudas Iskariot, hiji murid Yesus anu engkena ngahianat ka Anjeunna, ngomong kieu, 5 "Ku naon lain dijual bae eta minyak seungit teh tilu ratus uang perak, terus duitna sidekahkeun ka nu mariskin?" 6 Ngomongna kitu lain dumeh karunyaean ka nu mariskin, tapi lantaran manehna teh bangsat. Manehna purah nyekel tempat duit sarerea, sok nyokot keur dirina sorangan. 7 Tapi diwaler ku Yesus, "Ingkeun ulah diganggu! Anu keur dilampahkeun ku Maria ayeuna, aya patalina jeung poean Kami dikubur engke. Keun sina diteruskeun! 8 Anu mariskin mah aya bae di maraneh sapapanjangna, ari Kami mah moal salawasna." 9 Loba pisan jelema anu ngadarengke beja yen Yesus aya di Betania, tuluy daratang. Lain dumeh ku karena Yesus bae, tapi dumeh harayangeun nenjo Lasarus ongekoh, nu ku Yesus dihudangkeun tina maot. 10 Temahna Lasarus oge diarah ku imam-imam kapala rek dipaehan,"

Palawargi ninggal kumaha reaksi para pamingpin agama kana tanda nu ajaib, anu ku Yesus diuningakeun kamaranehna? Teu aya saurang oge nu bisa ngelak kana mujijat nu ku Yesus dilakukeun.

Margi sadaya jalmi tiasa ninggal Lazarus nu tos pupus digugahkeun. Naha maranehna tobat nampi Gusti Yesus salaku Mesias anu lungsur ti sawarga? Teu, maranehna teu daek tobat. Justru maranehna rerencepan rek maehan Yesus sareng Lazarus, maranehna teu nyaah ka Allah.

Kumaha numutkeun palawargi ngeunaan para pamingpin agama eta? Saha nu ngawasaan maranehna? Setan, manehna boga rarancang pikeun ngagagalkeun rencana Mesias kanggo ngabebaskeun putra-putra Adam.

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kaahirupan Sajati

Pangajaran 79

### Yesus Lebet ka Yerusalem

Lukas 18-20 dst

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na salalamina. Bagja pisan urang tiasa tepang dangu deui dina dangeut ieu.

-----

Dina tepangan nu kalangkung, urang parantos ngadangu kumaha Yesus ngagugahkeun Lazarus tina maot. Dinten ieu urang ngadangukeun ngeunaan Yesus lebet ka Yerusalem, dimana Anjeunna bade dirogahala poeahan. Kunanon Yesus bet angkat ka Yerusakem? Anjeunna sena masrahkeun saliraNa ka jalma-jalma nu hoyong maehan. Yesus uninga yen tujuan Anjeunna sumping kadunya maot salaku gaganti kurban kanggo dosa dunia ieu. Sapertos anu tos dinubuatkeun para nabi yen Mesias bakal sangsara tur ngocorkeun getihNa di hiji gunung dimana Ibrahim ngurbankeun domba salaku gentos kurban murangkalihna. Hal ieu teh mangrupikeun paminuhan nubuat eta.

Palawargi, ayeuna urang lajengkeun panalungtikan ngeunaan Kitab Injil anu nyarioskeun:” *Yesus jeung murid-murid-Na keur di jalan ka Yerusalem. Yesus angkatna hareupeun murid-murid anu keur pinuh ku kahariwang, kitu deui sakur anu naluturkeun di tukang oge kabeh ngarasa risi. Yesus nyaur dua welas murid-Na sina dareukeut, tuluy nyarioskeun hal anu bakal kasorang ku Anjeunna. Mark 10:32) “ Murid-murid ku Yesus dicandak nyisi, sarta Anjeunna tuluy ngalahir ka maranehna, "Darengekeun! Ayeuna urang keur ka Yerusalem. Di ditu, naon-naon anu geus ditulis ku nabi-nabi tina hal Putra Manusa bakal kajadian.” (Luk 18:31) “"Darengekeun," saur-Na, "urang ayeuna rek ka Yerusalem. Di ditu Putra Manusa teh bakal diserenkeun ka imam-imam kapala jeung ka guru-guru agama. Ku maranehna bakal diterapan hukum pati, tuluy diserenkeun ka bangsa nu lain Yahudi. Ku eta bangsa bakal dipoyok, diciduhan, dirangket, ahirna dipaehan. Tapi sanggeus tilu poe bakal hirup deui..”(Mark 10:33, 34)*

**(Lukas 18)** *34 Tapi murid-murid-Na teu ngalartieun naon-naon kana hal eta, maranehanana paroekeun, pilahir Yesus teh henteu kajadi maksudna. 35 Sanggeus Yesus meh sumping ka kota Yeriho, aya nu lolong keur diuk musafir di sisi jalan. 36 Ngadenge loba jelema ngaliwat manehna nanyakeun, "Aya naon?"*

37 Dijawab, "Yesus urang Nasaret keur ngalangkung." 38 Gero manehna sasambat, "Nun Yesus, Putra Daud, sing hawatos ka abdi!" 39 Ku anu laleumpang panghareupna dicarek, dititah repeh, tapi sasambatna leuwih tarik, "Nun Putra Daud! Masing hawatos ka abdi!" 40 Yesus ngarandeg, nu lolong teh dipiwarang dicandak ka Anjeunna. Sanggeus aya di payuneuna-Na ku Anjeunna dipariksa, 41 "Hayang dikumahakeun ku Kami teh?" Jawabna, "Juragan, abdi teh hayang tiasa ningal deui." 42 Saur Yesus, "Heug, sing bisa nenjo deui! Maneh geus cageur lantaran percaya." 43 Sapada harita keneh ge biseun nenjo, terus ngiring ka Yesus bari muji ka Allah. Jelema rea nu harita nyaraksian oge tuluy maruji ka Allah.

**(Lukas 19)** 39 Urang Parisi anu araya campur jeung nu loba mihatur ka Yesus, "Guru, repehkeun eta para panganut Guru teh!" 40 Waler Yesus, "Lamun maranehna repeh, sing percaya, batu-batu anu bakal surak." 41 Anjeunna beuki deukeut ka Yerusalem. Sanggeus eta kota katingalieun, Anjeunna ngalimba, 42 saur-Na, "Tada teuing hadena upama heug maneh poe ieu nyaho ka nu rek ngadatangkeun kakertaan. Hanjakal eta ku maneh ayeuna henteu katenjo! 44 Maneh jeung sakumna rahayat di jeroeun kuta tangtu lebur ku musuh; kabeh adegan batuna geus moal aya hiji-hiji acan anu nyusun sakumaha tadina, lantaran waktu Allah sumping nyandak pitulung ku maneh teu dipalire."

**(Matius 21)** 10 Barang Yesus lebet ka Yerusalem, sakuliah kota geunjeung. "Saha eta?" urang Yerusalem tingtaranya. 11 Tembal nu ngarak, "Nabi Yesus ti Nasaret di Galilea!" 12 Yesus lebet ka Bait Allah. Anu keur jual beuli di dinya diusiran. Meja-meja tukang nalukeuran duit jeung bangku-bangku tukang dagang japati dibalik-balikkeun. 13 Saur-Na, "Dina Kitab Suci disebut, kieu dawuhan Allah: 'Bait Kami bakal disarebut tempat paranti sembahyang.' Ari ku maraneh dijieun sayang begal!" 14 Jelema-jelema anu lolong jeung nu cingked daratang ka Anjeunna di Bait Suci, ku Anjeunna dicalageurkeun. 15 Imam-imam kapala jeung guru-guru agama narenjo Anjeunna midamel kaahengan teh arambekeun, turug-turug barudak salusurakan di jero Bait Allah, "Wilujeng Putra Daud!" 16 Tuluy maranehna negor ka Yesus, "Kadenge ku Anjeun kecapna eta barudak?" "Puguh bae," waler-Na. "Na aranjeun tacan maraca ayat Kitab Suci anu kieu: 'Barudak sareng orok ku Gusti diajar ngucapkeun pamuji anu sampurna.'"

**(Yohanes 12)** 23 Yesus ngawaler, "Geus waktuna Putra Manusa teh nampa kamulyaan. 24 Saenyana ceuk Kami: gandum sasiki lamun henteu dipelak dina taneuh sina paeh heula, angger bae ngan sasiki. Lamun geus disina paeh heula mah tangtu jadi, nu asal sasiki teh jadi loba. 27 "Ayeuna hate Kami asa lalewang, jeung kudu ngomong naon? Naha kudu unjukan, 'Ama, muji eta wanci teh ulah dugi ka narajang ka Abdi'? Padahal pang Kami datang teh sangkan ngalaman eta wanci kasangsaraan. 28 Ama, agungkeun jenengan Ama!" Ti dinya aya soara ti langit, ungelna, "Enggeus ku Ama diagungkeun, jeung

*rek diagungkeun deui!" 29 Eta soara kadarenggeun ku sarerea anu keur di darinya; ceuk sawareh sora guludug, ceuk sawareh deui, "Malaikat sasauran ka Anjeunna!" 30 Tapi saur Yesus, "Eta soara lain pikeun kapentingan Kami, tapi pikeun kapentingan maraneh. 31 Geus nepi kana mangsana, ayeuna ieu dunya teh diragragan hukuman, anu nyaranging kawasa di ieu dunya baris tjarungkel. 32 Ari Kami, sanggeus engke diangkat ti ieu bumi, bakal narik sakabeh manusa sina ka Kami." 33 (Ieu ucapan Anjeunna ngagambarkeun caraning ajal anu kudu disorang ku Anjeunna.)*

Urang ninggal kumaha Yesus lebet ka Yerusalem naek kana kalde ngora, sadaya urang Yahudi maruji tur pating jorowok , mikahoyong supaya Yesus janten raja. Tapi maranehna teuterangeun kunaon Yesus kedah ka Yerusalem, kitu oge murid-muridNa. Harepanana supaya Yesus tiasa ngabebaskeun maranehna tina leungeun musuh nyaeta urang Rum. Tujuan Yesus sumping kadunya sanes kanggo ngahancurkeun kakaisaran Rum, tapi kanggo ngahancurkeun karajaan Setan. Yesus sumping sanes kanggo ngarubah dunya, tapi ngarobih hate manusa.

Lajengkeun aosan urang tina Injil Lukas 19.

**(Lukas 19)** *47 Saban poe Yesus ngawulang di Bait Allah. Imam-imam kapala, guru-guru agama, jeung para pamingpin urang Yahudi geus harayangeun maehan ka Anjeunna, 48 ngan teu manggih jalan, lantaran jalma-jalma taronggoy bae ngadarengkeun ka Anjeunna semu anu parogot kana saucap-ucap kasaurana-Na.*

**(Lukas 20)** *1 Dina hiji poe, waktu Yesus ngawulang jeung nyarioskeun Injil Kasalametan ka jalma rea di Bait Allah, daratang imam-imam kapala, guru-guru agama, jeung para kokolot. 2 Maranehna nanya kieu ka Anjeunna, "Naon hak Anjeun migawe kitu? Bejakeun, meunang hak kitu ti saha?" 3 Waler Yesus, "Kaula rek nanya heula. Sebutkeun, 4 ari hak Yohanes ngabaptis, ti Allah atawa ti manusa?" 5 Maranehna jadi patanya-tanya pada batur, "Kudu kumaha jawabna? Lamun dijawab, 'Ti Allah', tangtu ceuk Manehna, 'Ku naon aranjeun teu percaya ka Yohanes?' 6 Tapi lamun dijawab, 'Ti manusa', tangtu urang pada maledogan ku batu ku jelema-jelema, sabab anggapan maranehna yakin Yohanes teh nabi." 7 Tungtungna ngajawabna teh, "Duka teuing ti mana!" 8 Waler Yesus ka maranehna, "Ari kitu mah Kaula oge moal ngabejakeun make hak naon Kaula ngalampahkeun kieu." 9 Geus kitu Anjeunna nyarioskeun ieu misil ka jalma loba, saur-Na, "Aya anu muka kebon anggur, disewakeun ka sababaraha urang, geus kitu tuluy nyaba ka nu jauh lila pisan. 10 Sanggeus datang musim metik anggur, nitah gandekna saurang ka nu nyarewa kebonna, dititah narik bagianana. Tapi eta gandek ku nu nyarewa teh ditareunggeulan, tuluy sina balik lengoh. 11 Manehna nitah gandekna saurang deui; tapi ieu ge ditareunggeulan jeung kacida diwiwirangna, tuluy disina balik lengoh. 12 Nu boga kebon anggur teh nitahan deui gandek nu*

*katilu, tapi nya kitu deui bae, pada nareunggeulan nepi ka barohak, tuluy diusir. 13 Ceuk nu boga kebon, 'Kumaha petana? Ah rek nitah anak aing bae anu dipikanyaah, sina ka ditu. Ka anak aing mah tangtu ngarajenan!' 14 Tapi barang nu nyarewa nyarahoeun yen nu datang teh anak anu boga kebon, tuluy sakait, pokna, 'Ieu mah anakna. Urang paehan, supaya warisanana beunang ku urang!' 15 Ti dinya anak nu boga kebon teh disered ka luareun kebon, tuluy dipaehan. Cik, bakal dikumahakeun eta anu nyarewa teh ku anu boga kebon?" Yesus mariksa. 16 "Nu boga kebon tangtu datang, eta jelema-jelema tuluy diparaehan, kebon anggurna tuluy disewakeun ka nu sejen." Ari ceuk anu ngabarandungan eta misil, "Tangtu pisan moal!" 19 Guru-guru agama jeung imam-imam kapala geus harayang kerewek bae nangkep Yesus di dinya keneh, lantaran karasaeun pisan eta misil Anjeunna teh nyindiran maranehna. Tapi maranehna sarieuneun ku jelema rea.*

Naha palawargi ngartos kana misil ieu? Dina misil ieu, Gusti Yesus nyamikeun Allah salaku nu gaduh kebon. Ari kebon anggur nyaeta urang Israel. Anu ngagarap jahat ngagambarkeun para pamingpin agama Yahudi, badega anu dikirim gambaran para nabi, ari anak pamilik kebon ngagambarkeun Mesias nyaeta Yesus.

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 80

### Cariosan anu peureus Tur Benar

Matius 22-25

Palawargi kaum dangu...

Pamugi tapi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa, Gusti nu Maha Asih tur Maha Kawasa téh hoyong supaya satiap jalma hirup sareng aya dina rido manten-Na salalamina. Bagja pisan urang tiasa tepang dangu deui dina dangeut ieu.

-----

Dina pangajaran nu kalangkung, urang ningal kumaha Yesus lebet ka Yerusalem, kota dimana Anjeunna baris dirogahala ku para imam jeung ahli Toret. Margi Yesus tos uninga yen Anjeunna lahir téh kanggo janten kurban pikeun manusa anu dosa. palawargi, cobilah ayeuna urang talungtik kumaha Yesus ngemutkeun sareng negor para pamingpin agama Yahudi lantaran marunapik jeung jarahat.

Urang aos Injil Lukas pasal 20, nyarioskeun:

**( Luk 20 )** 20 Tuluy nareangan jalan. Maranehna nyogok ka sawatara jelema, dititah pura-pura jadi jelema anu satemenna, sina nyual ka Yesus ngarah kalepatana-Na, supaya bisa diserenkeun ka Gupernur Rum anu kagungan wewenang jeung kawasa. 21 "Pa Guru," ceuk eta mata-mata ka Yesus, "sim kuring terang anu disaurkeun sareng diwulangkeun ku Pa Guru teh leres. Bapa ngawulangkeun hal pangersa Allah ka manusa teh kalayan terus terang, kawantos Bapa henteu pandang harkat jalmi. 22 Sim kuring hoyong terang ti Bapa perkawis mayar pajeg ka Prabu Rum, papalingpang sareng Hukum Agama urang atanapi henteu?" 23 Tapi Yesus uningaen pisan kana tipu daya maranehna, waler-Na, 24 "Cik tembongkeun duit perakan, gambar jeung jenengan saha ieu dina duit?" Tembalna, "Gambar sareng jenengan Prabu." 25 "Lamun kitu," saur Yesus, "pulangkeun ka Prabu kagungan Prabu, pulangkeun ka Allah kagungan Allah." 26 Maranehna teu barisaeun nanaon deui ka Anjeunna, tipu dayana teu mental, mangkaning hareupeun jelema loba, semet baralem jeung ngaharuleng, heran ku waleran Anjeunna.

**( Mat. 22 )** 22 Diwaler kitu maranehna ngaharuleng tuluy arindit. 23 Dina poe eta keneh aya deui anu datang ka Yesus, urang Saduki. Ieu golongan henteu percaya yen jelema bakal harudang deui tina maotna. 24 "Guru," carekna, "Musa ngajarkeun, upama hiji jelema maot teu gaduh anak, randana kudu dikawin ku dulur nu maot supaya gaduh anak anu bakal diakukeun ka nu parantos maot tea. 25

*Kapungkur di dieu kantos aya tujuh jalmi adi lanceuk. Nu cikal kawin tuluy maot, urut bojona dikawin ku nu kadua. 26 Nu kadua maot, awewena dikawin ku nu katilu, kitu bae saterusna nepi ka maraot tujuhanana. 27 Ahirna awewena oge maot. 28 Tah dina waktos nu maraot teh dihirupkeun deui, bojo saha eta awewe teh? Margi tujuhanana parantos ngawin manehna." 29 Waler Yesus, "Aranjeun kacida kaliruna, lantaran tacan ngalarti kana Kitab Suci jeung kana kakawasaan Allah. 34 Barang urang Parisi meunang beja yen Yesus geus ngabungkem urang Saduki, tuluy bareng ngadatangan ka Anjeunna. 35 Nu saurang guru agama Yahudi, nyual ka Anjeunna rek ngadoja, 36 pokna, "Guru, parentah nu mana dina Hukum Agama anu pangutamana?" 37 Waler-Na, "'Masing nyaah ka Pangeran Allah maneh terus jeung hate, terus jeung nyawa, sarta terus jeung budi akal.' 38 Ieu parentah anu pangutamana jeung pangpentingna." 39 Nu kadua sarua pentingna, nya eta: 'Masing nyaah ka batur kawas ka diri sorangan.' 40 Sakabeh eusi Hukum Musa jeung pangajaran nabi-nabi lianna, gumantungna ka ieu dua parentah."*

**( Mat 23 )** *1 Yesus terus nyarios ka jalma rea jeung ka murid-murid. 2 "Guru-guru agama Yahudi jeung urang Parisi baroga kawasa napsirkeun Hukum Musa. 3 Sagala parentahna anu tumali jeung eta kudu diturut. Tapi ku sabab maranehna sorangan henteu nurut kana eta aturan, kalakuanana mah ulah ditiru. 4 Ka batur ngawajibkeun ngalakonan anu sakitu beuratna, ari maranehna teu ngutukkeun curuk-curuk acan ngabantu batur anu ngalakonan eta kawajiban. 5 Ngalampahkeun naon bae maranehna mah salawasna ngan hayang kaciri ku batur. Tenjo pameungkeut tarang jeung leungeunna anu ditulisan ku ayat-ayat Kitab Suci, sakitu rarubakna! Tenjo rarawis jubahna, sakitu paranjangna! 6 Dina pesta-pesta, tempatna milih anu pangeunahna. Di imah-imah ibadah korsina pangaralusna. 7 Karesepna lamun pada ngabageakeun jeung pada ngajenan di pasar-pasar, jeung hayang disarebut 'Ama Guru'. 8 Maraneh mah tong daek disebut 'Ama Guru', da Guru maraneh ngan hiji sarta maraneh teh sadulur. 9 Jeung ulah nga-Ama-keun ka sasama jalma di dunya, sabab Rama maraneh mah ngan hiji, di sawarga. 10 Ulah daek disebut 'Pamingpin', sabab nu jadi pamingpin teh ngan hiji nya eta Kristus, Jurusalamet. 11 Anu pangpunjulna di maraneh, kudu purun kumawula ka sarerea. 12 Anu ngaluhurkeun maneh tangtu dikahandapkeun, sabalikna anu ngahandapkeun maneh bakal dikaluhurkeun." 13 "Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Aranjeun meundeutan lawang Karajaan Sawarga, sorangan embung asup, nu harayang asup dihalang-halang! 14 Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Aranjeun macikeuh randa-randa, ngarampas imahna, bari pura-pura mangdoakeun panjang naker sangkan teu kaciri jahat. Hukuman aranjeun engke kacida beuratna!*

15 Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Aranjeun meuntas laut ngambah darat, neangan anu daekeun asup kana agama aranjeun saurang-urangeun. Ari geus meunang bet dijadikeun calon eusi naraka, jadi jahat leuwih ti batan aranjeun. 23 Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Ari mere perpuluhan ka Allah mani nepi ka bungbu-bungbu kayaning pala, jinten jeung katuncar. Tapi anu enya-nya penting anu diajarkeun ku Hukum, saperti: kudu adil, karunyaan jeung jujur, ku aranjeun teu dipirosea. Lakonan heula anu ieu, tapi ulah ngalalaworakeun anu sejenna. 24 Aranjeun pamingpin anu lalolong! Laleur dina inumeun disaring, ari onta diteureuy buleud! 25 Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Cangkir jeung piring luarna diberesihan, ari jerona kotor pinuh ku daki paksa-pirusa jeung ku beubeunangan tina kasarakahan. 26 Eh nu lalolong, urang Parisi! Jerona heula beresihan cangkir teh, kakara luarna.

27 Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Aranjeun ibarat kuburan dikapur bodas, ti luarna siga alus, ari eusina tulang-taleng jeung mayit buruk. 28 Aranjeun oge kitu; ti luar katembongna ku jalma rea mah hade, padahal di jerona pinuh ku kapalsuan jeung dosa." 29 "Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Aranjeun ngalus-ngalus makam para nabi, ngahias tugu-tugu katineung ka jelema-jelema anu keur hirupna harade lampah, 30 sarta aranjeun ngakukeun, yen mun hirup sajaman jeung karuhun moal nyieun kalakuan cara maranehna, jeung moal maehan nabi-nabi. 31 Tah geuning ngaraku sorangan yen aranjeun teh turunan tukang maehan nabi-nabi! 32 Tuluykeun atuh ku aranjeun sing anggeus kajahatan anu dimimitian ku karuhun teh! 33 Aranjeun teh saenyana mah jarahat, turunan jelema jararahat! Rek bisa ngejat kumaha engke tina siksa naraka?

**( Mat 24 )** 1 Waktu Yesus angkat ngantunkeun Bait Allah, murid-murid-Na nyalampeurkeun, terus nunjuk ka eta Bait supaya Anjeunna ningali adegan-adeganana. 2 "Enya, eta kabeh ayeuna ku maraneh katenjo," saur Yesus. "Kami ngabejaan, engke mah sahiji ge batuna moal aya anu tetep nyusun dina tempatna ayeuna, bakal dirugrugkeun." 3 Yesus ngareureuh di Gunung Jetun. Murid-murid nyalampeurkeun teu jeung sasaha deui. Tuluy miunjuk, "Mugi diwartoskeun, anu tadi disaurkeun teh iraha pijadieunana? Kitu deui perkawis pisumpingeun Bapa engke sareng ahir jaman, kumaha galagatna?" 4 Waler Yesus, "Maraneh sing iyatna ulah beunang kaperdaya. 5 Sabab engke bakal loba anu ngaku-ngaku, 'Kami Kristus, Jurusalamat!' Loba nu bakal katipu. 6 Maraneh bakal ngadenge durderna perang di nu deukeut, ngadenge beja-beja perang di nu jarauh, tapi ulah sarieun. Pasti eta teh baris kajadian, tapi lain hartina geus kiamat. 7 Bangsa-bangsa silih perangan, nagara-nagara silih

*tarajang. Bala kalaparan jeung lini di mana-mana. 8 Eta kabeh kajadian kakarek ngamimitianana ibarat mimiti nyalingitna kanyeri anu rek ngajuru. 9 Geus kitu maraneh bakal ditangkep, diserenkeun sangkan disiksa, dipaehan. Bakal dipikageuleuh ku unggal jelema dumeuh anut ka Kami. 23 Lamun harita aya anu nyebut, 'Tah ieu Kristus!' atawa, 'Tuh itu Kristus!' ulah percaya. 24 Sabab bakal loba Kristus palsu jeung nabi-nabi palsu; maranehna bakal nyarieun kaahengan jeung kaajaiban pikeun nipu, lamun bisa mah ka umat pilihan Allah oge."*

Palawargi, Gusti Yesus oge ngemutkeun murid-muridNa kudu ati-ati kana nabi palsu nu bakal nipu loba jalma. Sareng Anjeunna nyarios yen yen bakal sumping deui ka bumi disarengan malaikat-malaikatNa kanggo ngahakiman manusa anu nolak ka Anjeunna. Tapi kanggo jalma anu percaya mah Yesus nyarios: " sarta bakal nyaraho ka Anu saestu, sarta ku Anu saestu maraneh bakal dibebaskeun." ( Yoh. 8:32 ).

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 81

### Pasamoan Panungtungan

Matius 26

Palawargi kaum dangu sadayana...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha asih anu ngawidian satiap jalmi ngartos tur nampi sareng nampi katentreman nu sajati ti Anjeunna salamina.

-----

Palawargi, ngalangkungan panalungtikan seratan-seratan Kitab Suci, urang baris diajar dina Injil nu nyarioskeun beja bingah ngeunaan Yesus Almasih. Yesus téh jurusalamet anu Suci anu sumping ka dunya kanggo ngelaskeun manusa tina genggengaman Setan. Jurusalamet tangtosna benten sareng manusa-manusa biasa, Anjeunna Pangandika anu sasarengan sareng Allah anu medal di bumi salaku manusa. Kaanehan Anjeunna dibabarkeun ngalangkungan saurang lajang kujalaran Roh Allah. Yesus kagungan pasipatan anu suci, teu midamel dosa. sadaya padamelana-Na oge araheng, teu saurang jalmi anu tiasa ngalakukeun muzijat sapertos manten-Na.

Hanyakalna, seueur jalma nu teu kersa nampi Mantenna salaku jurusalamet dunya. Seuseurna katurunan Adam teu terang saha Yesus anu saleresna, maranehna ngangkeun yen Yesus téh saurang nabi biasa. Malah-mandar sakomplot seja ngarogahala Mantenna. Ngalakungan pangajaran nu kalangkung, urang parantos ngadangu kumaha Gusti Yesus negor para pamingpin agama sareng ahli-ahli Toret anu marunapek.

Gusti Yesus uninga yén Anjeunna baris ngantunkeun di Yerusalem ku ihtiarna para pamingpin sareng ahli-ahli Toret, hal ieu didugikeun ka para muridNa. Anjeunna baris dipasrahkeun ka tantara Romawi, dihina, diciduhan, diteungeulan, tur disalibkeun dina kai palang. Namung, dina dinten ka tilu Anjeunna baris gugah deui! Janten Yesus parantos nguningakeun tumali sareng pupusNa dina kai palang sareng gugahNA tina kubur. Malah salanjengna urang bade ninggal kumaha Yesus nguningakeun iraha waktos kajantenana!

Hayu urang aos Injil Matius pasal 26, nu nguningakeun:

*1 Sanggeus nyarios kitu Yesus nyarios deui ka murid-murid, saur-Na,*

*2 "Maraneh nyaho dua poe deui Pesta Paska, Putra Manusa teh bakal diserenkeun terus disalibkeun."*

Palawargi ngadangu naon anu ku Gusti Yesus dicarioskeun ka murid-muridNa? Anjeunna nguningakeun yen Anjeunna baris disalibkeun dina pesta Paska. Ieu téh kalintang penting pisan, nalika urang nalungtik Toret urang diajar ngeunaan Paskah. Dinten Paskah téh lumangsung dina bulan kahiji dina kalender urang Yahudi, nyaéta antawis sasih Maret sareng April (Paskah). Tiap taun, dina pestana urang Yahudi miemut deui kajantenan nalika jaman nabi Musa sareng urang Israel jadi budakna raja Firaun di Mesir. Allah ngabebaskeun umat Israel ti Mesir, kucara ngahukum pati satiap anak cikal lalaki di Mesir. Allah ngalepaskeun umat Isarel anu tumut tur ngalakukeun kurban domba anu taya cacad-cela tur ngoleskeun gentih dombana dina panto-panto imahna. Allah ngajangikuen tur cumarios, "Getih anu dina tihang panto baris jadi tanda yen eta imah maraneh. Anu make tanda eta getih ku Kami bakal diliwat moal dikua-kieu, sarta Kami bakal tuluy nerapkeun siksaan ka urang Mesir. (Budalan 12:13). Urang Israel midamel naon anu diparentahkeun ku Allah, ahirna anak cikalna salamet tina maot. Allah ngabebaskeun umatNa ku getih anak domba.

Salami 1500 taun, urang Yahudi ngurbankeun domba dina pesta Paskah kanggo miemut kumaha Allah nyalametkeun maranehna tina musibah nu kaalaman ku urang Mesir. Allah teu miharep yen urang Israel mung miemut kajadian eta hungkul, tapi Allah mikahoyong umat Israel ngantos kalayan gumbira dinten dimana Mesias baris ngocorkeun getihNa dina salib. Getih nu dikocorkeun ku Mesias baris nyalametkeun jalma-jalma anu dosa, tina hukuman naraka anu langgeng.

Pupusna Sang Panebus dina kai palang mangrupikeun kurban anu panungtungan tur sampurna anu diangkeun bener ku Allah.

Hayu urang talungtik deui kitab Injil Matius 26:

*1 Sanggeus nyarios kitu Yesus nyarios deui ka murid-murid, saur-Na, 2"Maraneh nyaho dua poe deui Pesta Paska, Putra Manusa teh bakal diserenkeun terus disalibkeun." 3 Harita imam-imam kapala jeung para kokolot bangsa Yahudi mah keur kumpul di karaton Kayapas, Imam Agung, 4 badami arek nangkep Yesus kalawan rikip, baris tuluy ditelasan. 5 "Tapi nangkepna ulah dina waktu keur pesta," ceuk maranehna, "sabab rahayat tangtu rusuh." 14 Aya hiji murid ti antara nu dua welas, ngaranna Yudas Iskariot, datang ka imam-imam kapala. 15 "Upami abdi nyerenkeun Yesus ka Bapa-bapa, naon buruhna?" carekna. Imam-imam kapala ngitung duit tilu puluh gebleg perak, tuluy diserenkeun ka Yudas. 16 Ti harita Yudas neangan kasempetan rek nyerenkeun Yesus ka imam-imam kapala.*

**( Luk:22)** 14 Nepi kana waktu tuang, Yesus calik tuang jeung rasul-rasul-Na. 15 Anjeunna ngalahir, "Geus lila Kami hayang dahar Paska cara ayeuna bareng jeung maraneh teh, samemeh Kami dikaniaya. 16 Sabab sabalakana mah Kami moal ngadahar deui jamuan Paska, nepi ka mangsa harti tina ieu jamuan teh engke kabuka di Karajaan Allah." 18 Ari Kami ti semet ieu moal nginum deui ieu anggur nepi ka waktu ngadegna Karajaan Allah." 19 Geus kitu Yesus nyandak roti, sarta sanggeusna muji sukur ka Allah, rotina disemplekan tuluy dipasihkeun ka murid-murid bari lahir-Na, "Ieu teh badan Kami, nu dipasrahkeun pikeun maraneh. Lalampahkeun cara kieu, pikeun pangeling-eling ka Kami." 20 Rengse tuang Anjeunna ngasongkeun lumur anggur ka maranehna cara tadi. Lahirana-Na, "Ieu lumur teh perjangjian Allah anu anyar anu disahkeun ku getih Kami anu dikukurkeun, pikeun kasalametan maraneh. 21 Tapi, tenjo! Di dieu, sameja jeung Kami, aya jelema anu arek ngahianat ka Kami! 22 Putra Manusa teh memang geus dipastikeun ku Allah kudu pegat nyawa-Na, tapi cilaka temen engke eta jelema anu ngahianat ka Anjeunna!" 23 Murid-murid jadi silih tanya jeung batur, saha di antara maranehna anu bakal migawe kitu teh. 24 Murid-murid parebut omong, murid anu mana anu bisa dianggap pangpunjulna.

Eta sadayana anu diserat dina Kitab Injil tumali sareng Pasamoan panungtungan anu ku Yesus dipidamel sareng murid-muridNa sateuacan Anjeunna ngocorkeun getih salaku kurban panebus dosa manusa. Yesus nguningakeun yen salahsahiji ti muridNa bakal aya nu jadi penghianat, muridNa téh nyaéta Yudas Iskariot.

Urang lajengkeun aosan urang:

**(Mrk:14)** 22 Tengah-tengah tuang Yesus nyandak roti hiji. Sanggeus muji sukur, rotina ku Anjeunna disemplekan tuluy diasongkeun ka murid-murid. "Ieu tampanan, dahar," saur-Na, "Ieu teh daging awak Kami." 23 Ti dinya Anjeunna nyandak lumur anggur. Sanggeus muji sukur, lumur diasongkeun ka murid-murid, tuluy diarinum. 24 "Ieu teh getih Kami," saur Yesus, "anu dikukurkeun pikeun jalma rea. Ieu getih Kami teh neguhkeun perjangjian Allah.

Didieu urang ninggal kumaha Yesus mintonkeun dua ciciren dipayeuneun para muridNa: ciciren roti sareng lumur anggur. Roti anu disempelekan ngagambarkeun saliraNa anu dipasrahkeun salaku kurban, sareng lumur anggur ngagambarkeun getih Sang Panebus anu dikocorkeun kanggo mayar hutang dosa katurunan Adam supaya maranehna tiasa hirup dipayuneun Allah salalamina. Janten ngalangkungan ciciren roti sareng anggur, Yesus ngaulangkeun ka muridNa yen Anjeunna sumping ka dunya kanggo nyerahkeun nyawaNa, saliraNa, sareng getihNa salaku kurban kanggo satiap jalma anu doraka. Kumargi

kitu, supaya urang tiasa nampi hirup langgeng sareng lebet ka sawarga urang kedah nampi sareng percaya ka Yesus Kristus.

Palawargi kaum dangu sadayana, hal anu penting diemut tina pangajaran dinten ieu nyaeta Yesus Kristus sumping ka dunya kanggo nanggél dosa palawargi. Ieu mangrupikeun eusi pesen ti para nabi Allah. Ieu oge mangrupikeun hartos tina anak domba anu ku Ibrahim dikurbankeun salaku gegentos putrana. jalan pangorbanan mangrupikeun jalan panghampura anu sampurna.

Allah tiasa ngahapnten dosa-dosa palawargi ngalangkungan pangurbanan ti panebus anu Suci, anu parantos ngocorkeun getihNa kanggo palawargi. Salami rebuan taun Allah ngedahkeun atanapi nungtut kurban tina sasatoan supaya Anjeunna tiasa ngalangkungan atanapi ngahapnten dosa-dosana putra-putrana Adam. Eta mangrupikeun Perjanjian Lawas anu ku Allah dipercantenkeun ngalangkungan para nabiNa. Namung, Yesus nyaeta pribadi anu nyandak Penjanjian Anyar. Anjeunna anu sumping kanggo nyumponan lambang tina kurban sasatoan, Yesus ku Anjeun nyaeta mangrupikeun Domba Paskah anu panungtungan dikurbankeun supaya satiap jalma anu percaya ka Anjeunna tiasa disalametkeun tina hukuman ti Allah anu kawasa.

GetihNa Yesus Kristus kagungan anjen anu luhung teu kawatesanan, harepan sim abdi palawargi tiasa ngemut-ngemut sacara taliti tur ati-ati kana hal anu parantos kadangu dina dinten ieu, margi Allah hoyong maparin palawargi pangartosan ngeunaan bebeneran anu kalintang penting pisan ieu.

Dina pangajaran anu bade sumping, abdi ngarengsekeun carios ngeunaan Pasamoan Panungtungan ieu, tur baris ninggal kumaha para pamingpin agama newak Yesus supaya maranehna tiasa ngarogahala Mantenna. Pamugi Gusti ngaberkahan palawargi, oge tiasa ngarenungkeun kana berkah anu ageung anu kaunggel dina Pangandikana. *“Lamun hirup urang geus di nu caang sakumaha Mantenna anu jadi Cahaya Caang, eta ciri diri urang geus beresih tina dosa ku karana getih Yesus Putra-Na, sarta bakal bisa hirup sabeungkeut jeung pada batur.”* ( I Yohanes 1:7)

Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 82

**Yesus Ditangkep**  
Yohanes 14, Matius 26

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina. Abdi ngaraos bingih tiasa pateng dangu deui dina dinten ieu ngalangkungan pangajaran Jalan Kahirupan Sajati.

-----

Dina siaran anu kalangkung, urang diajar ngeunaan pasamoan panungtungan dimana Gusti Yesus tuang sareng murid-muridNa sateuacan Anjeunna dugi kana ajalNa. Urang ngadangu yen Gusti Yesus nguningakeun ka muridNa anu 12 urang, yen salahsahiji timaranehna baris ngahianat tur nyerenkeun Anjeunna ka anu ngamusuhanaNa. Urang ngadangu Yesus maparinan roti sareng lumur anggur ka murid-muridNa, sareng nguningakeun naon hartosna tina simbul eta. Anu jelasna yen Yesus sumping ka dunya téh kanggo ngocorkeun getihNa salaku kurban anu ngabebaskeun dosa sareng mapinan hirup anu langgeng.

Dina dinten ieu, urang bade neriskeun pangajaran nalika Yesus ditewak ku para sardadu sapertos anu kaunggel dina Kitab Injil Yohanes pasal 14, anu unggelna:

*1 "Maraneh ulah salempang," saur-Na deui. "Sing percaya ka Allah, sarta sing percaya ka Kami. 2 Di bumi Rama Kami loba kamar, sarta ayeuna Kami rek ka ditu nyadiakeun pitempateun maraneh. Lamun teu kitu ku Kami moal diomongkeun ka maraneh. 3 Sanggeus nyadiakeun pitempateun maraneh, Kami ti ditu tangtu bakal datang deui nyokot maraneh, supaya maraneh oge aya di tempat Kami. 4 Maraneh geus nyaraho jalanna ka tempat anu ku Kami rek diteang." 5 "Gusti," ceuk Tomas, "abdi-abdi teu terang Gusti bade ka mana, bade terang kumaha jalan ka ditu?" 6 Waler Gusti ka Tomas, "Kami jalanna, Kami kayaktian, Kami sumberna hirup. Ku sabab eta, lamun henteu ku jalan Kami, moal aya anu bisa datang ka Rama." 7 "Ayeuna," saur-Na ka sarerea, "maraneh geus nyaraho ka Kami, ka Rama oge tangtu nyaraho. Malah ti ayeuna keneh oge geus nyaraho ka Mantenna teh, geus narenjo."*

25 Hal ieu ku Kami diomongkeun ayeuna, meungpeung Kami aya keneh jeung maraneh. 26 Panulung tea, nya eta Roh Suci beunang nyuhunkeun Kami ka Rama, ka maraneh bakal ngawurukkeun sagala perkara, jeung ngingetan supaya maraneh aringet kana sagala hal anu ku Kami geus diwurukkeun. 27 Maraneh ku Kami rek ditinggalan kakertaan, kakertaan Kami pribadi, anu beda tina kakertaan asal ti dunya. Ulah honcewang, ulah baringung, ulah rarisi.

Salajengna Yesus ngahibur hate murid-muridNa tur nguningakeun maranehna ngeunaan naon nu bakal kajantenan. Yesus ngajangjikeun saurang panulung anu baris nyarengan jeung nguatkeun maranehna nyaeta Roh Suci anu dipaparinkeun kasatiap jalmi anu percanten tur nampi Yesus salaku Gusti sareng jurusalamet. Roh Suci maparin parobihan, nyucikeun, nguatkeun, sareng mingpin kana bebeneran. ( Yoh. 16 : 13; lihat juga Titus 3: 4- 7 ) saporantos Yesus naek ka sawarga, Roh Suci lungsur ngauban sareng minuhan satiap jalma anu percaya.

Dina tepangan nu bakan sumpi urang baris langkung neuleuman ngeunaan Roh Suci, ateuna hayu urang lajengkeun aosan Kitab Matius pasal 26 anu nyarioskeun:

**( Mat. 26 )** 30 Sanggeus kitu aranjeunna nganyanyikeun hiji lagu pupujian. Ti dinya terus kaluar, ngajugjug ka Gunung Jetun. 31 Yesus nyarios, "Peuting ieu keneh maraneh bakal kalabur ti Kami. Sabab ceuk Kitab Suci, 'Eta pangangon ku Allah baris dipaehan, dombana disina paburisasi.' 32 Tapi sanggeus Kami dihirupkeun deui, Kami rek miheulaan maraneh ka Galilea." 33 Ceuk Petrus ka Anjeunna, "Sanaos nu sanes naringgalkeun ka Bapa, abdi mah moal!" 34 Waler Yesus ka Petrus, "Kami ngingetan, peuting ieu memeh hayam kongkorongok, maneh bakal geus tilu kali nyebut teu wawuh ka Kami." 35 Ceuk Petrus, "Moal! Abdi mah moal nyebat kitu sanaos kedah paeh bareng sareng Bapa oge!" Nu sejen ge ngaromongna teh kitu. 36 Yesus nyandak murid-murid-Na ka hiji tempat anu ngaranna Getsemane. Ti dinya saur-Na, "Maraneh dariuk di dieu sabot Kami neneda di ditu." 37 Anjeunna terus angkatna, nyandak Petrus jeung dua sadulur anak bapa Sebedeus, manah-Na nalangsa jeung ketir. 38 "Hate Kami asa remuk, nalangsa taya hinggana. Daragoan di dieu, jeung Kami bantuan nyaring," saur-Na ka maranehna, 39 bari angkat ngantunkeun. Sanggeus rada jauh, bluk Anjeunna sujud meubeutkeun anjeun terus neneda, "Nun Ama, manawi kening mah ieu lumur eusi kasangsaraan teh singkirkeun ti Abdi! Nanging ulah numutkeun panuhun Abdi, kedah numutkeun pangersa Ama."

Urang ninggal lumur kasangsaraan naon alim dileuet ku Yesus

Marilah kita berhenti sejenak di sini. Apa itu cawan penderitaan yang Yesus takut meminumnya ? mengapa Yesus begitu diselimuti perasaan sedih seperti mau mati rasanya. Yesus berada dalam kesedihan yang tidak terbayangkan karena Ia tahu bahwa saat untuk menanggung dosa bagi anak-anak

Adam sudah dekat. Jam yang sudah dinubuatkan oleh para nabi Allah telah tiba ! Manusia akan menganiaya sang penebus dan menyalibkanNya di kayu salib, namun yang paling mengerikan bagi Yesus adalah mengetahui bahwa Allah Bapa yang di sorga yang mengasihiNya dan yang Ia kasihi akan membebaskan hukuman dosa dunia ini terhadapNya ! Itulah alasan mengapa Yesus berdoa dengan mengatakan: "Ya BapaKu, jikalau sekiranya mungkin, biarlah cawan ini ( penderitaan yang tak terperikan ) lalu dari padaku, tetapi janganlah seperti yang Aku kehendaki, melainkan seperti yang Engkau kehendaki."

Berikutnya, kitab suci berkata:

**( Mat. 26 )** 40 Sanggeus neneda Anjeunna ngalongok heula ka nu tiluan, tapi geus sarare. Ngalahir ka Petrus, "Na teu kuat maraneh tiluan maturan Kami nyaring barang sajam? 41 Kudu nyaring, kudu neneda, supaya ulah keuna ku panggoda. Maraneh ari jiwa mah sumanget, tapi badan lahir hengker." 42 Geus kitu dikantunkeun deui, mindo neneda, "Nun Ama, ari teu kenging henteu mah ieu lumur eusi kasangsaraan teh kedah bae diinum, mugi pangersa Ama laksana." 43 Geus kitu ngalongok deui ka nu tiluan, tapi sarare keneh bae, panonna teu barisa dipake beunta. 44 Seug dikantunkeun deui, katilu kalina neneda deui, kecap-kecap-Na cara tadi keneh. 45 Geus kitu nepangan deui nu tiluan. Ti dinya ngalahir, "Rek tonggoy bae sarare jeung ngareureuh teh? Tenjo, geus waktuna Putra Manusa teh diserenkeun kana kakawasaan manusa nu daroraka. 46 Geura harudang, urang indit. Tenjo, anu arek ngahianat ka Kami teh geus datang!" 47 Sabot Anjeunna sasauran keneh, Yudas, murid ti nu dua welas tea geus datang jeung jelema loba pisan, marawa pedang jeung gegendir, titahan imam-imam kapala jeung para kokolot. 48 Eta jelema hianat teh memehna geus mere isarat, "Mana-mana anu ku kula dicium, eta jelemana, pek tangkep." 49 Manehna muru lempeng ka Yesus. "Salam, Pa Guru!" pokna bari terus nyium. 50 Yesus ngawaler, "Geura pek eta pakarepan teh lampahkeun, Ki Sanak!" Rob Anjeunna dironom terus ditangkep, dicerek pageuh pisan. 51 Ti nu ngiring ka Anjeunna aya anu nyabut pedang, dikadekkeun ka hiji jelema bujangna Imam Agung, rampung ceulina. 52 Tapi saur Yesus, "Asupkeun eta pedang, sarangkaan deui. Sabab anu ngagunakeun pedang paehna ku pedang deui. 53 Dikira Kami teu bisa nyambat ka Rama Kami menta balad malaikat leuwih ti dua welas pasukan? 54 Tapi lamun kitu kumaha rek laksana ucapan Kitab Suci yen kudu kieu jadona?" 55 Geus kitu sasauran ka nu rea, "Maraneh marawa pedang jeung gegendir nangkep Kami, na Kami teh penjahat? Unggal poe Kami aya di Bait Allah ngawuruk, ku maraneh teu ditangkep! 56 Tapi memang geus kieu mistina, sangkan laksana pisaur nabi-nabi anu ditulis dina Kitab Suci." Ari murid-murid tuluy kalabur kabeh ti Anjeunna. 57 Yesus ku nu narangkep dibawa ka bumi Kayapas, Imam Agung. Di dinya geus kumpul guru-guru agama jeung para kokolot.

Urang parantos ngadangkeun kumaha Yesus masihkeun saliraNa kana leungeun-leungeun anu bade ngarogahalaNa. Patarosanana kunaon Yesus bet ngalakukeun hal sapertos kitu? Anjeunna tiasa meruhkeun angin, ngusir roh-roh jahat, ngadamangkeun anu lolong sareng ngagugahkeun anu maot. Kunaon teu tiasa ngabebaskeun diriNa ti musuhNa. Yesus malihan mah nyarios ka muridNa "Asupkeun eta pedang, sarangkaian deui. Sabab anu ngagunakeun pedang paehna ku pedang deui." Sadaya eta ku Anjeunna dilakukeun sangkan laksana pisaur nabi-nabi anu diserat dina Kitab Suci, yen Mesias kedah sangsara ngurbankeun getihNa salaku kurban pamupus dosa manusa. Yesus ngurbankeun saliraNa kanggo abdi sareng palawargi.

Dugika deui tepangan urang dina dinten ieu, harepan sim abdi palawargi tiasa ngadangukeun deui pangajaran anu salajengna. Pamugi Gusti ngaberkahan palawargi sadayana, sareng tiasa ngartos kana Pangandika Gusti: *"17 Ama nyaahen ka Kami, lantaran Kami ikhlas ngorbankeun nyawa anu tangtu bakal katarima deui.18 Saenyana moal aya anu bisa ngarebut nyawa Kami. Dikorbankeun oge ku karana kaiklasan Kami; Kami kawasa nyerenkeun, kawasa nyokotna deui. Kitu pangersana Ama Kami."* Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 83

### Yesus Dihukum

Matius 26.27, Yohanes 18,19

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina. Abdi ngaraos bingih tiasa pateng dangu deui dina dinten ieu ngalangkungan pangajaran Jalan Kahirupan Sajati.

-----  
Dina pangajaran nabi-nabi kapungkur, Allah ngumumkeun rencana nyalametkeun manusa. Rencana Allah dicumponan ku pupusna Yesus Kristus dina kai palang. PupusNa Yesus mangrupikeun hiji-hijina jalan Allah tiasa ngahampura dosa-dosa manusa, tur manusa tiasa diangken bener ku Allah. Dina pangajaran ayeuna sareng salajengna urang bade ninggal kumaha Yesus maparinkeun hirupNa kangge nanggél dosa-dosa dunya.

Pangajaran kalangkung urang parantos ngadangukeun kumaha saurang murid Yesus anu ngahianat ka Anjeunna. Kunaon Yesus ngantepkeun hal ieu kajantenan? Nyaeta kanggo nyumpunan cariosan nabi-nabi anu tos diseratkeun dina Kitab Suci. "Anjeunna dikaniaya teu kira-kira, tapi sakiat-kiat nangankeun anjeun, henteu embut lambe-lambe acan. Lir anak domba nu rek dipeuncit, lir domba nu rek dicukur buluna, henteu kecet-kecet acan." ( Yesaya 53 : 7 ).

Ayeuna hayu urang lajengkeun aosan urang dina Kitab Injil Markus 14 anu unggelna:

*53 Yesus dibawa ka bumi Imam Agung. Di dinya geus karumpul imam-imam kapala, para kokolot, jeung guru-guru agama. 54 Petrus nuturkeun ti kajauhan nepi ka milu asup ka buruan bumi Imam Agung, tuluy diuk jeung tukang-tukang jaga milu siduru. 55 Imam-imam kapala jeung sakumna Mahkamah sakedah polah neangan bukti-bukti anu bisa dipake ngaragragkeun hukum pati ka Anjeunna, tapi sarupa ge teu manggih. 56 Loba nu marere bukti palsu mah, tapi katerangan nu itu jeung katerangan nu ieu teu aya anu saluyu. 57 Maju deui anu sejen-sejen mere bukti-bukti palsu perkara Yesus, kieu bohongna, 58 "Ieu*

*jelema kungsi kadenge nyebut kieu: 'Ieu Bait Allah beunang nyieun jelema ku Kami rek diruag. Sanggeus tilu poe Kami rek ngadegkeun anu sejen anu lain buatan manusa.'*"

61 Yesus teu ngawaler sakecap-kecap acan. Imam Agung mariksa deui, "Enya Maneh teh Kristus, Jurusalamet, Putra Allah Mahasuci?" 62 Yesus ngawaler, "Leres! Sarta ku aranjeun bakal kataringali Putra Manusa calik di tengeneun Allah Nu Maha Kawasa, tuluy sumping ti langit di jero mega!" 63 Imam Agung nyosoeh anggoanana sarta ngalahir, "Teu perlu deui urang make saksi! 64 Geus kadarangu sorangan kumaha ngahina-Na ka Allah! Kumaha putusan aranjeun?" Maranehna kabeh mutuskeun yen Yesus salah sarta manjing dihukum pati. 65 Jelema-jelema mimiti aya anu nyariduhan ka Yesus. Maranehna meungpeunan soca Yesus terus neunggeul bari ngaromong kieu, "Coba teguh, saha anu neunggeul ka Maneh?" Pangawal-pangawal oge milu nampiling ka Anjeunna. 66 Sabot Petrus aya keneh di buruan, aya hiji awewe babuna Imam Agung ngaliwat ka dinya. 67 Barang nenjoeun ka Petrus anu keur siduru, pok ngomong, "Maneh ge lain sok babarengan jeung Yesus urang Nasaret?" 68 Petrus mungkir. "Ah, duka! Ngomong teh teu puguh, teu kaharti!" tembalna bari ngaleos ka lawang buruan. Hayam kadenge kongkorongok. 69 Eta babu nenjo deui ka Petrus tuluy ngomong ka nu araya di dinya, "Ieu jelema teh baturna Yesus!" 70 Petrus ngangles deui. Teu lila nu lian-lianna oge naruding ka Petrus, pokna, "Maneh moal bisa mungkir, maneh salah saurang batur-Na, da maneh oge ti Galilea!" 71 Tembal Petrus, "Wani sumpah, kuring ngomong saenyana! Masing dihukum kuring ku Allah lamun henteu saenyana. Enyaan teu wawuh ka jelema anu disebut ku aranjeun teh!" 72 Sapada harita keneh hayam kongkorongok deui kadua kalina. Ras Petrus ingeteun kana lahiran Yesus, "Memeh hayam kongkorongok dua kali, geus tilu kali maneh bakal nyebut teu wawuh ka Kami." Segruk bae Petrus ceurik.

(Mat:27) 1 Isuk-isuk keneh pisan imam-imam kapala jeung para kokolot geus nyieun putusan yen Yesus rek diragragan hukum pati. 2 Anjeunna dirante dibawa ka luar ti dinya, tuluy diserenkeun ka Pilatus, Gupernur bangsa Rum. 3 Barang Yudas, si hianat, nyahoeun yen Yesus diragragan hukum pati, kacida kaduhungeunana, seug bae duit anu tilu puluh gebleg perak teh dibawa deui ka imam-imam kapala jeung para kokolot. 4 "Kuring dosa, geus ngahianat ka jelema nu taya salahna nepi ka diragragan hukum pati!" pokna. Dijawab, "Sabodo teuing, eta mah urusan maneh!" 5 Eta duit ku Yudas dialungkeun ka jero Bait Allah, ari manehna tuluy indit sarta terus ngagantung maneh.

(Yoh : 18 ) 28 Isuk-isuk keneh pisan Yesus dibawa ti bumi Kayapas ka karaton gupernur. Tapi para gegeden Yahudi henteu arasup ka jero karaton, ngajaga dirina ulah jadi najis ceuk agama, supaya meunang milu ngadahar jamuan Paska. 29 Ku sabab kitu Pilatus kaluar nemonan, tuluy mariksa, "Naon perkarana eta jelema dibawa ka kami?" 30 Walon maranehna, "Upami teu jahat ge tangtos moal

dibantun ka Juragan." 31 Saur Pilatus, "Uruskeun bae ku maraneh nurutkeun hukum maraneh." Walon maranehna, "Bangsa sim kuring teu diidinan ngajalankeun hukum pati." 32 (Pang kitu teh supaya laksana pilahir Yesus basa ngagambarkeun cara pipupuseuna-Na tea.) 33 Pilatus lebet deui ka karaton, Yesus disaur jeung terus dipariksa, "Anjeun teh Raja urang Yahudi?" 34 Waler Yesus, "Juragan mariksa kitu teh naha dumeh uninga ku anjeun atanapi aya anu ngawartosan?" 35 Waler Pilatus, "Na kaula teh urang Yahudi? Anjeun diserenkeun ka kaula teh ku bangsa sorangan jeung ku imam-imam kapala. Anjeun geus nyieun lampah naon?" 36 Waler Yesus, "Karajaan Kaula sanes ti dunya ieu. Upami karajaan Kaula ti ieu dunya, para panganut Kaula baris tarung ngabelaan, ulah dugi ka Kaula beunang ku gegeden-gegeden urang Yahudi. Sanes, karajaan Kaula sanes ti ieu dunya!" 37 Saur Pilatus, "Jadi enya Anjeun teh raja?" Waler Yesus, "Saur Juragan, Kaula teh raja. Tujuan Kaula medal sareng dongkap ka ieu dunya seja ngawurukkeun hal kaestuan. Jalmi anu dipimilik ku kaestuan tangtos daekeun ngupingkeun ka Kaula." 38 "Naon kaestuan teh?" Pilatus mariksa. Ti dinya Pilatus kaluar, tuluy ngalahir ka urang Yahudi, "Kami teu manggih lantaran pikeun ngahukum eta jalma.

( Luk.23 ) 5 Tapi maranehna beuki ngadesek, pokna, "Pangajarana-Na parantos ngarusuhkeun rahayat di sakuliah Yudea. Ngawitan di Galilea teras dongkap ka dieu." 6 Barang Pilatus ngadangu kitu, anjeunna mariksa, "Jadi ieu Jelema teh urang Galilea?" 7 Sanggeus kauninga yen Yesus asalna ti wilayah cepengan Herodes, tuluy dikintunkeun ka Herodes, anu harita keur aya di Yerusalem. 8 Herodes kacida atoheunana barang ningali ka Yesus teh, sabab geus ti bareto hoyongeunana ningali ka Anjeunna, lantaran geus sering ngadangu beja hal Anjeunna, jeung hoyongeun ningali Anjeunna ngadamel kaajaiban. 9 Herodes papariksa rupa-rupa ka Yesus, tapi taya nu diwaler. 13 Pilatus nyaur imam-imam kapala, para pamingpin, jeung jalma loba, sina kumpul. 14 Tuluy ngalahir, "Ieu Jelema ku aranjeun dibawa ka kami, didakwa nyasabkeun rahayat. Ku kami geus dipariksa di dieu, kasaksian ku aranjeun, tetela taya kasalahana-Na atawa kajahatana-Na naon-naon sakumaha dakwaan aranjeun.

( Luk.23 ) 19 (Barabas teh dipanjarana lantaran nyieun huru-hara di kota jeung maehan.) 20 Pilatus, anu palayeun ngabebaskeun Yesus, sasauran deui ka maranehanana. 21 Tapi maranehanana tinggarero deui, "Salib! Salib eta jelema!" 22 Pilatus ngalahir deui katilu kalina, "Tapi naon kajahatana-Na? Kami teu manggih salah-Na anu satimpal jeung hukuman pati! Anu matak ngan rek dirangket bae tuluy dibebaskeun."

( Yoh.19 ) 1 Pilatus lebet deui, tuluy nimbalan supaya Yesus dirangket. 2 Ari serdadu-serdadu tuluy nyieun mamakutaan tina regang-regang anu cucukan, diterapkeun kana mastaka Yesus sarta Anjeunna

*dianggoanan jubah warna wungu. 3 Geus kitu serdadu-serdadu teh daratang jeung ngaromong ka Anjeunna, "Wilujeng Raja urang Yahudi!" pokna bari terus narampiling.*

*(Mrk 15) 15 Ku sabab Pilatus hayang nyenangkeun hate jalma rea, tuluy ngaleupaskeun Barabas. Ari Yesus sanggeus dirangket tuluy diserenkeun ka maranehna sina disalib.*

Jadi sadayana kajantenan sapertos nu dinubuatkeun ku Yesaya 700 taun sateuacanna, Yesus kening hukuman sapertos kitu. Haturnuhun palawargi parantos ngadangukeun acara ieu, pamugi dina tepangan salajengna palawargi tiasa tepang deui sareng sim abdi dimana urang ningal kumaha putra-putrana Adam nyumponan cariosan nabi Daud anu unggelna: "Abdi dirurubung ku gorombolan jalma jahat. Maranehna lir gorombolan anjing, pasesedek ngaronom, ngareweg kana leungeun kana suku." ( mazmur 22: 16 ).

Pamugi Gusti Yesus teras nyarengan sareng ngaberkahan palawargi. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## **Jalan Kahirupan Sajati**

Pangajaran 84

### **Yesus Dipaku Di Kai Palang**

Matius 27; Markus 15; Lukas 23; Yohanes 19

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina. Abdi ngaraos bingih tiasa pateng dangu deui dina dinten ieu ngalangkungan pangajaran Jalan Kahirupan Sajati.

-----

Dina pangajaran nu kalangkung, urang tiasa ningal kumaha para pamingpin agama ti urang Yahudi nyandak Yesus kapayuneun Imam kapala, ngadakwa ku saksi palsu, dicandak ka Pilatus supaya disalibkeun. Para sardadu mecutan Yesus, masangan makuta cucuk dina mastakaNa, moyok, nenggel, nyiduhan, sareng nyiksa Anjeunna. Anu dilakukeun ku para sardadu téh mangrupikeun panyumponan ucapan-ucapan para nabi, yen Mesias kudu ngalaman kasangsaraan.

Dina dangeut ieu urang bade neraskeun pangajaran ngeunaan Yesus mayunan kasangsaraan pupus dina kai palang kangge nyumponan rarancang Allah kanggo kasalmetan sapertos anu dicarioskeun ku para nabi. Sateuacanna palawargi kedah uningan yen jaman pamarentahan Romawi, satiap jalma anu ngalakukeun kajahatan bakal narima siksaan ku cara dipakukeun dina kai palang anu dijieun sacara husus, nu disebutna disalibkeun.

Panginten aya diantawis palawargi anu kagungan emutan naha Allah bet ngersakeun Yesus kedah pupus ku cara anu pikaketireun? Alesanana nyaeta margi dosa manusa anu pikageuleuheun. Dosa mangrupikeun masalah dunya ieu, urang sadaya kalebet jalma-jalma anu dosa. Hukuman tina dosa téh maot tur seuneu naraka anu langgeng, hukuman ieu kedah dibayar lunas. Beja bingahna Allah parantos ngutus kanggo urang panebus anu sae kanggo mayar hukuman dosa sapinuhna. Janten Yesus sumping kangge nyalametkeun urang tina murkana Allah anu sakedahna tumiba ka urang sadayana.

Ayeuna hayu urang dangunkeun anu anu dicarioskeun ku Kitab Injil tumali Yesus sareng pupusna, unggelna:

**( Yohanes 14 )** 16 Kami rek nyuhunkeun ka Rama, sarta Rama bakal maparin ka maraneh hiji Panulung sejen, anu bakal nyarengan ka maraneh salalawasna.

17 Eta Panulung teh nya eta Roh Allah, anu bakal nganyatakeun hal Allah nurutkeun anu saestuna. Eta Roh ku dunya mah moal katarima, sabab dunya mah ka eta teh teu nenjoeun, teu nyahoeun. Ari maraneh mah nyaraho, sabab Anjeunna aya di maraneh, ngancik di diri maraneh.

**( Lukas 23 )** 26 Yesus geus dibawa ku serdadu-serdadu. Di jalan papapag jeung hiji jelema urang Kirena ngaranna Simon anu tas ti tegalan rek ka kota. Ku serdadu-serdadu dicerek, tuluy dipaksa kudu manggul salib pungkureun Yesus. 27 Anu marilu ngiringkeun Anjeunna kacida lobana, malah aya wanita-wanita anu sapapanjang jalan careurik nyeungceurikan Anjeunna. 32 Anu rek dihukum pati harita teh aya deui duaan, penjahat, rek dibarengkeun jeung Yesus. 33 Sanggeus narepi ka hiji tempat anu disebut "Tangkorek," Yesus disalib di dinya jeung dua penjahat tea, kiwaeun jeung tengeneuna-Na. 34 Yesus ngalengis, "Duh Ama, hapunten kalepatan ieu jalmi-jalmi, reh teu tarerangeun naon-naon kana kalakuanana kieu." Anggoan Anjeunna dilotrekeun dibagi-bagi. 35 Jelema-jelema ngadareugdeug, ari pamingpin-pamingpin urang Yahudi maroyokan ka Anjeunna, pokna, "Manehna sok nyalametkeun batur. Keun sina nulungan diri-Na ari enya mah Manehna Kristus pilihan Allah!" 36 Serdadu-serdadu oge maroyokan, tuluy ngasongan anggur haseum ka Anjeunna, 37 bari ngomong kieu, "Lamun enya Maneh raja urang Yahudi, pek geura upayakeun diri salamet!"

**( Yohanes 19 )** 19 Dina pucuk salib Yesus aya tulisan Pilatus, ungelna: "Yesus urang Nasaret Raja urang Yahudi". 20 Kabaca ku jalma loba, kawantu tempat nyalibkeuna-Na teh teu pati jauh ti kota. Tulisanana dina tilu rupa basa, Ibrani, Latin, jeung Yunani. 21 Imam-imam kapala marenta ka Pilatus pokna, "Ulah diserat 'Raja urang Yahudi', kedah, 'Ceuk ieu jelema, Kami Raja urang Yahudi'." 22 Waler Pilatus, "Anu geus dituliskeun ku kami tetep dituliskeunana." 23 Anggoan Yesus ku serdadu-serdadu anu tas nyalibkeuna-Na dibagi opat keur maranehna, hiji serdadu hiji bagian. Barang giliran jubah-Na, eta jubah teh tinunan sagebaran, teu aya jaitanana. 24 Ceuk serdadu-serdadu, "Ieu jubah ulah dipecah, urang lotrekeun bae saha engke anu meunangna." Eta kajadian teh nyumponan sakumaha anu geus dituliskeun dina Kitab Suci anu ungelna kieu: "Pakean Kami ku maranehna dibagi-bagi, jubah Kami dilotrekeun." Nya kitu pisan anu dilampahkeun ku eta serdadu-serdadu teh.

**( Markus 15 )** 33 Waktu geus tengah poe, sakuliah nagri eta ngadak-ngadak jadi poek, tilu jam lilana.

34 Dina pukul tilu Yesus ngajerit tarik, "Eloi, Eloi, lama sabahtani?" hartina, "Nun Allah sim kuring, Allah sim kuring, ku naon nu mawi ngantunkeun?" 35 Anu ngadareng Anjeunna kitu ngajeritna sawareh aya nu ngaromong kieu, "Manehna sasambat ka Elias!" 36 Aya saurang terus lumpat nyelupkeun sepon kana

*anggur haseum, tuluy ditiir disodorkeun kana lambey Yesus bari ngomong, "Keun urang dagoan, urang tenjo Elias lungsur nurunkeun Manehna tina salib!"*

*( Yohanes 19 ) 28 Yesus geus ngaraos yen sagala rupana ayeuna geus tutas. Jeung sangkan laksana anu kaungel dina Kitab Suci, Anjeunna ngalahir, "Kami halabhab!" 30 Sanggeus Anjeunna ngaraosan, tuluy ngalahir, "Geus tutas!" Sanggeus kitu mastaka-Na ngulahek, Yesus geus pupus.*

*( Lukas 23 ) 46 Yesus ngajerit, "Nun Ama, ka panangan Ama, Abdi masrahkeun nyawa abdi!" Kereles Anjeunna pupus, puput nyawa.*

*( Markus 15 ) 38 Bareng jeung pupus-Na, reregan Bait Allah bedah dua ti luhur ka handap. 39 Kapala pasukan serdadu anu nangtungna hareupeun tihang salib nenjo Yesus kitu pupusna, pok bae ngucap, "Ieu jelema saestuna Putra Allah!" 40 Rada anggang ti dinya aya wanita-wanita keur narenjokeun, di antarana Maria Magdalena, Maria indungna Yakobus nu ngora jeung Yoses, jeung Salome. 41 Waktu Yesus keur di Galilea, maranehna sok ngingiring ka Anjeunna jeung ngalalayanan. Wanita-wanita anu milu daratang jeung Yesus ka Yerusalem oge loba anu araya di dinya.*

Naon nu parantos kadangu ku palawargi dina dinten ayeuna, kacida anehna! Urang ningal kumaha putra-putra Adam ngahina ka Mesias, ngarogahala tur maehan Anjeunna dina kai palang. Namung saleresna anu kedah ku urang didangukeun sareng dipikaterang nyaeta yen pupusna Almasih mangrupikeun cumpona rarancang kasalametan nu ku Allah parantos dicarioskeun tianggalna.

Naha palawargi ngadangu naon anu ku Gusti Yesus dicarioskeun dina kai palang sateuacan Anjeunna pupus? Anjeunna nyarios, "geus tuntas!", kunaon Yesus nyarios, "geus tuntas!" margi Anjeunna parantos nyampurnakeun padamelan kasalametan. Tangtosna wae, agama-agama di ieu dunya teu tiasa nyarios, "geus tuntas!" naon anu dicarioskeun maranehna nyaeta: "Teu aya anu tuntas!". Palawargi kedah tiasa nyalametkeun diri sorangan ku kalakuan-kalakuan palawargi anu hade! Palawargi kudu satekah polah ngusahakeun supaya bisa mupus dosa-dosa palawargi nyalira. Teras urang satekah polah ku ihtiar sorangan supaya bisa asup ka sorga, palawargi cing percaya moal aya jalma anu bisa lebet kasawarga ku ngadelkeun usahana nyalira. Kitu oge sok najan urang ngalakukeun kagiatan-kagiatan agama saperti ngadoa, puasa, ngajaga diri sacara hade hamo bisa nyalametkeun diri urang bebas tina hukumana Allah.

Namung bewara saena nyaeta Allah ngalangkungan Yesus parantos nyarioskeun "geus tuntas!", sing yakin jeung percaya palawargi tinangtos disalametkeun. Mesias parantos nebus dosa-dosa urang ku getihNa ku anjeun! Getihna Almasih tiasa nyucikeun sareng ngarobih hal-hal anu awon ti tukang migawe dosa! eta margina Yesus nyarioskeun ka panjahat anu aya digigireunana waktos Anjeunna disalibkeun

dina kai palang, “ Yesus ngawaler, "Sing percaya! Poe ieu maneh bakal reureujeungan jeung Kami di Pirdus."( Lukas 23:43)

Kamuliaan kanggo Gusti Allah nu Maha Asih sareng Maha Kawasa nu pinuh ku welas asihNa....simbul kurban tina kurban nu dilakukeun ku Ibrahim (Id Al-adha) nalika anjeunna bade ngurbankeun putrana dihiji gunung digentos ku Allah ku hiji domba kanggo gegentos putrana. sapertos kitu oge nu dilakukeun ku Yesus, Anjeunna masrahkeun salira kanggo janten kurban salaku gegentos urang sadaya, sapertos nu dacarioskeun ku pangandika Gusti dina Yohanes 3:16, anu unggelna: *“supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa, tapi meunang hirup langgeng.”*

Palawagi, haturnuhun parantos nyayogikeun waktos kanggo ngadangukeun acara ieu, saupami aya diantawis palawargi aya nu panasaran sareng bade ngadugikeun patarosan mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA ka nomer 0813. 3377. 7386. Haturnuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti ngaberkahan palawargi sadayana.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 85

**Yesus Gugah**

Matius 28; Lukas 24; Yohanes 20

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina. Abdi ngaraos bingih tiasa pateng dangu deui dina dinten ieu ngalangkungan pangajaran Jalan Kahirupan Sajati.

-----

Dina pangajaran nu kalangkung, urang parantos ngadangu kumaha Mesias ngocorkeun getihNA dina kai palang kanggo ngabebaskeun dosa-dosa manusa anu percaya ka Mantenna "Geus tuntas!". Sadaya nu dilakukeun ku Yesus luyu sareng nu dicarioskeun ku para nabi, Anjeunna parantos nyumponan rarancangna Allah tumali sareng nyalametkeun. Pupusna Almasih dina kai palang mangrupikeun bewara anu kalintang penting pisan, margi mung ku pupusNa Almasih, Allah tiasa ngahapunten dosa-dosa urang.

Palawargi, dina dinten ieu urang bade ngadangukeun pangajaran kumaha Yesus gugah tina pupusna. Sapertos anu kaserat dina Kitab Suci yen Yesus dikuburkeun dina kuburan anu enggal teras kuburna ditutupan ku batu ageung. Hayu urang dangukeun naon anu diseratkeun ku Kitab Injil:

**(Mat 28)** 1 Sanggeus liwat poe Sabat, poe Minggu isuk-isuk keneh pisan Maria Magdalena jeung Maria anu saurang deui geus laleumpang ngalayad ka makam. 2 Dak-dumadak aya lini kacida rongkahna. Kolebat aya malaikat Pangeran lungsur ti sawarga, ngagulingkeun batu tutup makam, tuluy batuna dicalikan. 3 Rupa eta malaikat mani kawas cahaya kilat, panganggona bodas kawas salju. 4 Nu jaraga makam mani kokoplokan bawaning ku sarieuneun, nepi ka tinglumpuruk kawas nu paeh.

**(Luk 24)** 2 Ari daratang, batu tutup guha pajaratan teh kasampak geus ngagoler. 3 Tuluy bae ka jarero guha, tapi layon Gusti Yesus teu aya. 4 Sabot keur tingharuleng, deukeut ka maranehanana ujug-ujug aya anu ngaradeg duaan, anggoanana gumebyar cahayaan. 5 Awahing ku sarieuneun, maranehanana mani sarujud, ari anu duaan tea ngalahir kieu, "Ku naon anu hirup diteang ka enggon anu paraeh? 6 Anjeunna geus henteu di dieu, geus tanghi. Sing inget kana pilahir-Na ka maraneh basa di Galilea, anu

*kieu: 7 'Putra Manusa teh kudu diserenkeun ka jelema-jelema doraka, disalib, dina katilu poena bakal hirup deui.'*"

*8 Eta wanita-wanita teh terus aringeteun yen bener Yesus geus ngalahir kitu. 9 Tuluy marulang popoyan ka murid-murid anu sawelas jeung ka nu sejenna deui. 10 Eta anu barebeja ka rasul-rasul teh nya eta Maria Magdalena, Yohana, Maria ibuna Yakobus, jeung wanita-wanita sejenna deui. 11 Tapi caritaanana ku rasul-rasul teu dipercaya, dianggap omongan nu lain-lain. 12 Ngan ari Petrus mah terus lumpat muru ka pajajaran; ari nempo ka jero pajajaran ngan ningal boeh bae ngalumbruk. Tuluy mulang semu teu ngarti bet aya kajadian kitu. 13 Dina poe eta keneh aya dua jelema panganut Yesus, keur laleumpang ka hiji kampung anu ngaran Emaus, jauhna ti Yerusalem kira-kira sawelas kilometer. 14 Laleumpangna bari guntreng nyaritakeun perkara anu anyar kajadian. 15 Sabot kitu Yesus sumping, terus nyarengan maranehna. 25 Lahiran Yesus, "Ari maraneh ku barelet, seuseut rek percaya kana sagala kasauran nabi-nabi teh! 26 Ari Kristus teh lain geus mistina nandangan eta sakabeh panganiayaan pikeun jalan kana kamulyaana-Na?" 27 Ti dinya Anjeunna nerangkeun ka maranehna sagala anu dituliskeun dina Kitab Suci hal salira-Na, ti kitab-kitab Musa nepi ka kitab-kitab para nabi. 28 Sanggeus deukeut ka kampung anu dijugjug, Yesus nyemukeun anu rek lajeng; 29 tapi ku maranehna diandeg, pokna, "Sae ngarereb bae di sim kuring, parantos burit, parantos reupreupan." Anjeunna terus sindang ka maranehna. 30 Waktu tuang jeung maranehna, Anjeunna nyandak roti, muji sukur terus nyemplekan roti diasongkeun ka maranehna. 31 Geus kitu kakara panon maranehna teges, warawuheun deui ka Anjeunna, tapi Anjeunna terus ngaleungit.*

*36 Sabot eta anu duaan keur cacarita kitu, jleg bae Gusti ku anjeun geus ngadeg di tengah-tengah riungan, pok ngalahir, "Bagea!" 37 Atuh kacida maranehna sarieuneunana, panyangkana jurig. 38 Tapi Anjeunna ngalahir deui, "Ku naon sarieun? Ku naon hate maraneh cangcaya? 39 Tenjo ieu leungeun jeung suku Kami, teges-teges, ieu teh Kami. Rampa, tangtu karasa, da jurig mah henteu dagingan henteu tulang, teu kawas Kami." 40 Bari ngalahir kitu Anjeunna nembongkeun panangan jeung sampeana-Na. 41 Maranehna can palercaya keneh tapi kacida barungaheunana pacampur jeung heran; ku sabab kitu Anjeunna tuluy mariksa, "Maraneh boga dahareun di dieu?" 42 Ku maranehanana dihaturan goreng lauk sakeureut, 43 tuluy ku Anjeunna dituang di hareupeun maranehna. 44 Anjeunna ngalahir deui, "Hal-hal ieu bareto ku Kami geus diomongkeun ka maraneh waktu urang reureujeungan keneh; ceuk Kami harita, sagala rupa anu geus ditulis ngeunaan diri Kami dina Kitab Hukum Musa, dina Kitab Nabi-nabi jeung dina Kitab Jabur, kudu kajadian." 45 Ti dinya Anjeunna mukakeun pikiran maranehanana supaya*

*ngalarti kana Kitab Suci. 46 Saur-Na deui, "Geus dituliskeun kieu: Kristus kudu disangsara jeung kudu gugah deui tina pupusna tilu poe ti sanggeusna.*

*( Yohanes 20 ) 24 Tomas, murid ti nu dua welas (anu sok disebut si "Kembar"), waktu Yesus nembongan teh keur teu aya, 25 seug dibarejaan ku murid-murid sejen, "Urang mah geus panggih deui jeung Gusti!" Tembal Tomas, "Kuring mah mun can nenjo jeung can ngusapkeun ramo kana tapak paku dina panangana-Na, jeung can nyabakkeun leungeun kana angkeng-Na, moal percaya!" 26 Heuleut saminggu ti harita murid-murid kumpul deui di jero imah anu kamari ieu, Tomas oge aya. Pantona ditulakan, tapi Yesus sumping, ujug-ujug geus ngadeg di dinya. Tuluy ngalahir, "Salam rahayu." 27 Ti dinya ngalahir ka Tomas, "Rampakeun ramo maneh kana ieu, tenjo ieu leungeun Kami. Sodorkeun leungeun maneh, cabak ieu cangkeng Kami. Geus, ulah cangkaya, sing percaya!" 28 "Gusti sim abdi, Allah sim abdi!" walon Tomas.*

*29 Pilahir Yesus ka Tomas, "Maneh percaya da geus nenjo Kami, nya? Bagja kacida anu percaya sanajan teu kungsi nenjo heula ka Kami!" 30 Yesus ka murid-murid-Na nembongkeun rupa-rupa deui kaajaiban anu henteu ditulis dina ieu kitab. 31 Tapi sakabeh anu geus dituliskeun maksudna netelakeun yen Yesus teh Kristus, Jurusalamet, Putra Allah, supaya dulur-dulur percaya. Sabab lamun dulur-dulur percaya ka Anjeunna tangtu meunangkeun hirup.*

Matak ngageterkeun carios anu ku urang kadangu dinten ieu! Yesus gugah tina pupus! Anjeunna naklukeun musuh anu dipikaseun ku manusa nyaeta maot. Dina dinten ka tilu Anjeunna kaluar tina boeh anu dianggoNa, sapertos kukupu anu kaluar tina kepongpong. Mung boeh anu kakantun dimana Yesus diebogkeun, Anjeunna gugah ku salirana anu pinuh ku kamulyaan. Jalmi anu percaya ka Anjeuna oge bakal ngalaman anu sami sapertos Anjeunna!.

Gugahna Yesus kanggo ngabuktoskeun naon anu dicarioskeunaNa, Waler Yesus, "Kami teh anu ngahudangkeun jeung anu ngahirupkeun. Anu percaya ka Kami tangtu bakal hirup sanajan geus maot; Waler Yesus, "Kami teh anu ngahudangkeun jeung anu ngahirupkeun. Anu percaya ka Kami tangtu bakal hirup sanajan geus maot;"( Yoh. 11: 25 ) Yesus ngajangjikeun hirup anu langgeng ka sakur jalma anu percaya ka Anjeunna.

Allah ngagugahkeun Yesus supaya palawargi kenging kapastian yen Anjeunna nyaeta Jurusalamet sareng hakim dunya anu ditunjuk ku Allah. Eta maksadna ayat pangandika Gusti anu nyarioskeun:

*"Anjeunna, sareng mung Anjeunna bae anu tiasa nyalametkeun manusa teh. Di saalam dunya teu aya deui manusa anu ku Allah dipaparin kawasa nyalametkeun, mung Yesus Kristus." Margi Allah parantos nangtoskeun poe pikeun ngahukum saalam dunya kalawan adilna. Demi nu bakal jadi hakimna hiji manusa anu dipilih ku Mantenna. Hal ieu ku Mantenna parantos diyakinkeun ka unggal jelema, ku jalan nanghikeun eta manusa ti nu maraot!" Lamun aranjeun ngaku jeung percaya yen Yesus teh Gusti, anu ku Allah geus digugahkeun tina maot, tangtu aranjeun salamet. Sakumaha ungel Kitab Suci, "Saha-saha anu sasambat neda pitulung ka Mantenna tangtu disalametkeun." (Kisah para rasul 4: 12; 17: 31; Roma 10: 9, 13 ).*

Palawargi kaum dangu sadayana, haturnuhun parantos ngadangunkeun acara ieu. Dina pangajaran anu bade sumping urang bade sami-sami ninggal sareng nalungtik kumaha Gusti Yesus naek ka sawarga saparantos mintonkeun diriNa ka murid-muridNa salami kirang langkung 40 dinten kangge ngabuktoskeun sareng ngayakinkeun yen Anjeunna leres-leres hirup. Dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 86

### Yesus Naek Ka Sawarga

Matius 28; Lukas 24: Kisah para Rasul 1

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina. Abdi ngaraos bingih tiasa pateng dangu deui dina dinten ieu ngalangkungan pangajaran Jalan Kahirupan Sajati.

-----

Palawargi, tos rada lami yeuh urang nalungtik kitab Injil anu suci anu unggelna nyarioskeun carios ngeunaan Jurusalamet anu Maha Kawasa nyaeta Yesus Kristus. Sapartos anu ku urang parantos kadangu, Yesus téh hartosna nu nyalametkeun. Yesus dina basa Yunanina nyaeta Mesias hartona jalmi anu diutus atanapi anu ditunjuk. Yesus Kristus nyaeta pribadi anu diutus Allah kanggo nyalametkeun putra-putra Adam tina kawasa dosa. Namung hanyakalna seueur jalma anu teu wanoh ka Anjeunna, aya nu ngangken nabi, padahal anu salersna mah Anjeunna téh Pangandika Allah anu lungsur ti sawarga dina wujud manusa.

Dina dangeut ieu, urang bade ngadangukeun ngeunaan kawasa anu ku Allah dipaparinkeun ka Yesus Kristus. Urang bade ngadangu kumaha Anjeunna papisah sareng murid-muridNa salajengna naek ka sawarga. Urang bade ninggal sareng ngaos tina Kitab Injil Matius anu unggelna:

**( Matius 28 )** *16 Murid-murid anu kari sawelas urang arindit ka hiji pasir di Galilea, sakumaha anu dipesen ku Yesus. 17 Sanggeus papanggih jeung Anjeunna tuluy sarujud nyarembah. Aya oge sawatara urang anu asa-asa keneh. 18 Yesus nyaketan ka maranehna, lajeng sasauran kieu, "Kakawasaan di sawarga jeung di bumi, sagemblengna geus diserenkeun ka Kami. 19 Ku sabab eta datangan jalma-jalma saalam dunya jaradikeun murid Kami, baptis kalawan pajenengan Rama, Putra, jeung Roh Suci. 20 Ajar ngalakonon sagala perkara anu ku Kami geus diparentahkeun ka maraneh. Kami tangtu nyarengan ka maraneh salalawasna nepi ka ahir jaman."*Palawargi ngadangu naon anu dicarioskeun ku Yesus ka murid-muridNa? Kunaon Anjeunna nyarios yen Anjeunna kagungan kawasa di surga sareng di bumi?

Dina pangajaran Kitab Toret Musa, urang ninggal kumaha Allah nyiptakeun manusa anu munggaran nyaeta Adam. Urang ninggal kumaha Allah maparin kawasa ka Adam kanggo marentah tian naon nu tos diciptakeun ku Anjeunna. Namung hanyakalna Adam malah ragrag kana dosa, ical kawasa tur ahirna diusir ku Allah.

Puji Gusti, margi Allah ngalangkungan seratan para nabiNa mintonkeun yen Anjeunna parantos ngarancang hiji rancana kanggo mukakeun pantos supaya putra-putra Adam tiasa sumping deui ka Anjeunna tur kenging bagian dina kamulian miwah karajaanaNa, "Panto" eta téh nyaeta Mesias anu sumping ti sawarga kanggo ngocorkeun getihNa salaku kurban kanggo meresihkeun dosa manusa tur ngauihkeun deui ka Mantenna.

Panginten sabagian jalmi naros," pami Yesus téh Gusti tina sagala rupi, kunaon dunya ieu masih pinuh ku kasulitan sareng dosa?" Kitab Injil maparin jawabanana:

*"Sakumaha halna sakabeh manusa kudu maot lantaran geus kagolongkeun ka Adam, nya kitu oge sakabeh anu geus maraot bakal dihirupkeun deui lantaran ngagolong ka Kristus. Tapi masing-masing kudu nurutkeun giliranana: Kristus anu ti heula; engke, dina waktu Anjeunna sumping deui, kakara giliran anu aranut ka Anjeunna. Geus kitu datang poe kiamat. Harita Kristus bakal nalukkeun sakabeh pamarentahan gaib, sakabeh kawasa, sakabeh kakuatan, tuluy nyerenkeun Karajaan ka Allah anu jumeneng Rama." (I Korintus 15: 22 – 24). " Mantenna bakal nyusutan cipanon maranehna. Paeh, kasedih, piceurikeun, kanyeri, moal aya-aya deui. Sakur nu heubeul geus sirna." ( Wahyu 21: 4 ).*

Ngalangkungan ayat nu tos diaos, urang terang yen Allah parantos maparinkeun sadaya kawasaNa ka Yesus supaya tiasa ngatur sagala hal tur kanggo ngahakiman sadaya umat manusa di dunya. Tah kumargi kitu, Allah marentahkeun supaya urang sadayana tarobat, nampi beja bingah ngenaan kasalametan anu parantos dipidamel ku Yesus Kristus. Gusti Yesus maol ngarobih ieu dunya dugi ka Anjeunna sumping deui, namung Anjeunna tiasa ngarobih palawargi dinten ieu! Kersa teu palawargi ngawidian Yesus kangge ngawangun karajaanaNa dina manah palawargi?

Palawargi, Allah parantos ngutus ka urang Jurusalamet kanggo ngabebaskeun dosa-dosa urang. Terang teu palawargi yen palawargi baris aya sasarengan sareng Anjeunna, tangtosna saupami palawargi nampi sareng percanten ka Anjeunna salaku jurusalamet anu diutus ku Allah. Tapi, kanggo jalmi anu teu nampi Anjeunna tinangtosna baris dihukum salalamina. Sapertos anu ka unggel dina Kitab Injil Yohanes 3:16,18 anu unggelna: *"Karana kacida mikaasihna Allah ka alam dunya, nepi ka masihkeun Putra tunggal-Na, supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa, tapi meunang hirup langgeng. Saha bae anu*

*percaya ka nu jadi Putra, moal meunang hukuman. Sabalikna anu henteu percaya ka Anjeunna mah geus aya dina hukuman Allah, lantaran henteu percaya ka Putra tunggal Allah. (Yohanes 3: 16, 18 ).*

Ayeuna hayu urang lajeng carios ieu, Yesus nembongan ka para muridNa salami 40 dinten saparantos Anjeunna gugah tina pupusNa.

Injil nyarios: ( Kisah para rasul 1 ) *4 Dina hiji dinten Anjeunna ngalahir kieu ka sadaya rasul, "Maraneh ulah waka aringkah ti Yerusalem, dago heula anu geus dijangjikeun ku Rama, sakumaha nu geus dicaritakeun ku Kami tea. 5 Yohanes ngabaptisna ku cai, maraneh mah sakeudeung deui bakal ngabaptis ku Roh Suci."*

Palawargi ngadangu naon nu didugikeun ku Yesus? Urang parantos ngaos dina Injil Yohanes, kumaha Yesus jangji ka murid-muridNa Yen Rama disawarga baris ngirim saurang panulung, nyaeta Roh Suci anu baris cicing dina hate aranjeuna, nyucikeun, ngarobih, nguatkeun , ngahibur, tur nungtun dina bebeneran. Yesus miwarang murid-muridNa kanggo linggih di Yerusalem supaya ngantosan Roh Susi anu baris sumping. Engke dina pangajaran nu baris sumping urang baris ninggal kumaha Roh Suci minuhan hate murid-muridNa Yesus, sapertos anu tos dijangjikeun.

*(Kisah para rasul 1) 6 Dina hiji waktos nuju karempel, rasul-rasul nararos ka Anjeunna, "Gusti, dupi Karajaan Israil teh bade ayeuna diadegkeunana deui ku Gusti?" 7 Waler Yesus, "Hal eta, poe jeung waktuna, Rama Kami anu kagungan hak nangtoskeun, maraneh ulah harayang nyaho. 8 Tapi maraneh, lamun Roh Suci geus sumping bakal narampa kawasa, pikeun jaradi saksi-saksi Kami di Yerusalem, di sakuliah Yudea, di Samaria, nepi ka tungtung bumi." 9 Sanggeus ngalahir kitu, Yesus dicandak ka sawarga, diarawaskeun nepi ka lesna teu katembong kahalangan ku mega. 10 Sabot rasul-rasul tingtaranggih ngawaskeun ka langit, jol jleg aya anu ngaradeg duaan deukeut ka aranjeunna anggoanana barodas, tuluy ngalahir,"*

Sapertos kitu Yesus naek ka sawarga, mulih katempat dimana Anjeunna linggihNa. Kacida agung linihungna waktos Anjeunna naek ka sawarga disakseni ku kumpulan murid-muridNa! Teu disangsikan deui...yen Yesus anu ku aranjeunna dituturkeun salami langkung ti tilu taun nyaeta leres-leres Almasih nu parantos dinubuatkeun ku para nabi. Dina babarNa, kahirupanaNa, pupusNa, panguburanaNa, gugahNa, sareng naekNa ka sawarga. Yesus urang Nazaret parantos nyampurnakeun sadayana nu tos dinubuatkeun para nabi.

Palawargi, terang teu dimana Gusti Yesus dangeut ieu? Leres, Anjuenna nyondong disawarga calik ditengeuneun Allah nu Maha Kawasa dimana sadaya ciptaannaNa tunduk ka Mantenna. Kumaha saareng

palawargi? Naha parantos palawargi tunduk/ taat ka Sang Mesias, pribadi anu dipilih Allah sakumaha Jurusalamet sareng hakim dunya? Naha palawargi parantos sayogi kanggo kasumpinganaNa? Dina hiji waktos sadaya jalma baris ninggal Mantenna sareng sadaya jalmi bakal terang yen Anjeunna Allah sareng jurusalamet sareng hakim dunya.

Palawagi, katingalna mah urang kedah liren heula didieu kanggo tepangan dinten ieu. Namung abdi ngaharepkeun palawargi tiasa gabung deui dina tepangan anu bade sumping kanggo ngadangukeun kumaha Allah ngocorkeun Roh SuciNa supaya linggih disatiap hate jalma-jalma anu percaya jeung nampi Anjeunna salaku jurusalamet. Dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## **Jalan Kahirupan Sajati**

Pangajaran 87

### **Roh Suci Parantos Lungsur**

Kisah para rasul 1, 2

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina. Abdi ngaraos bingih tiasa pateng dangu deui dina dinten ieu ngalangkungan pangajaran Jalan Kahirupan Sajati.

-----

Dina pangajaran Injil anu ka langkung, urang parantos ngadangu kumaha Gusti Yesus parantos nyumponan sadaya nubuat anu diserat para nabi. Salajengna urang ngadangukeun kumaha Yesus naek ka sawarga kasaksian ku murid-muridNa. Naha palawargi ngadangu naon anu dicarioskeun Yesus ka murid-muridNa? Anjeunna miwarang supaya para murid cicing di Yerusalem dugika Roh Suci lungsur ngancik ka maranehna.

Panginten aya diantawis palawargi anu naros saha Roh Suci téh? Roh Suci téh Roh Allah sareng Roh Yesus, Roh Suci tiawalna parantos aya sasarengan sareng Allah, Sareng Yesus Putra Manusa. Roh Suci téh anu maparin pangartosan ka nabi-nabi kangge nyerat Kitab Suci. Roh Suci anu lungsur ka saurang lajang nyaeta Maria, dugika anjeunna kakandungan tur ngababarkeun saurang Putra Suci nyaeta Yesus. Roh Suci téh panulung anu dijangjikeun ku Gusti Yesus ka murid-muridNa. Roh Suci téh Roh anu ditempatkeun ku Allah disatiap hate sadaya jalma anu percaya ka Mesias. Roh Suci ngarobah, nyucikeun, ngiatkeun tur janten ciri bukti jalmi milikna Gusti.

Dinten ieu urang bade ngadangukeun kumaha Allah ngalungsurkeun RohNa ka satiap murid-murid Yesus dina dinten pentakosta. Pentakosta téh mangrupikeun dinten perayaan anu ditetepkeun ku Allah pikeun umat Israel dina jaman nabi Musa. Pentakosta dinten anu dipilih ku Allah kangge ngalungsukeun RohNa tur ngalinggihan hirup umat Allah anu percaya ka Mesias. Pentakosta téh 50 dinten saparantos pesta Paskah, kitu oge sareng Pentakosta nyaeta 50 dinten saparantos Mesias pupus teras gugah deui.

Hayu ayeuna urang aos Kitab Injil nu nyarioskeun:

( Kis. 1 ) 11 "Keur naraon narangtung di dieu taranggih ka langit, urang Galilea? Yesus anu dicandak ka sawarga teh engke bakal sumping deui cara kitu, sakumaha anu bieu katarenjo ku maraneh keur mungghanna ka sawarga."12 Rasul-rasul marulih ti Gunung Jetun ka Yerusalem, jauhna kira-kira sakilometer, 13 terus lalebet ka kamar di loteng tempat aranjeunna numpang. Aranjeunna nya eta: Petrus, Yohanes, Yakobus jeung Andreas, Pilipus jeung Tomas, Bartolomeus jeung Mateus, Yakobus putra Alpeus, Simon Patriot, jeung Yudas putra Yakobus. 14 Rasul-rasul sering samiuk kumpul neneda. Salian ti aranjeunna aya oge wanita-wanita anu ngariring neneda, oge Mariam ibu Yesus, jeung saderek-saderek Yesus."

( Kis. 2 ) 1 Dina poe Pentakosta, umat anu palercaya teh karumpul di hiji tempat. 2 Dumadakan ti langit aya anu ngaguruh sada angin gede, tuluy minuhan saeusi imah anu keur dicaralihan. 3 Breh katembong ku aranjeunna aya anu tingsuliwer hurung saperti seuneu, bangunna siga letah-letah, areunteup ka sakur anu araya di dinya. 4 Harita keneh aranjeunna geus kacalikan ku Roh Suci, tuluy salasauran ku basa-basa sejen, nurutkeun gerak ti Roh Suci tea. 5 Harita di Yerusalem loba urang Yahudi asal ti rupa-rupa nagara sakuliah dunya, jalma-jalma ibadah. 6 Barang ngadareng sora ngaguruh kitu, jalma-jalma teh ngadareugdeug ka dinya. Maranehna pohara karageteunana ngadareng rasul-rasul salasauran dina basa-basa maranehna masing-masing, 7 kabeh ngarasa helok. Pok ngaromong, "Eta nu ngaromong dina basa-basa sejen teh lain urang Galilea? 8 Aneh, kumaha pangna barisaeun basa-basa urang? 9 Urang teh aya anu ti Partia, ti Media, jeung ti Elam; ti Mesopotami, ti Yudea, jeung ti Kapadokia; ti Pontus, jeung ti Asia; 10 ti Prigia jeung ti Pampilia, ti Mesir, jeung ti daerah-daerah Libia deukeut Kirena. Aya anu ti Rum, 11 boh bangsa Yahudi, boh bangsa-bangsa sejen anu arasup agama Yahudi; aya oge anu ti Kreta jeung ti Arab, tapi kabeh ngarti ka nu diucapkeun ku aranjeunna dina basa urang masing-masing, nyaurkeun hal padamelan Allah anu arajaib! 12 Alamat naon ieu teh?" ceuk maranehna tingpelengek heran. 14 Neut Petrus ngadeg direncangan ku sawelas rasul deui, pok sasauran ka jalma rea, "Dulur-dulur sasama urang Yahudi, jeung sakumna urang Yerusalem!" saurna bedas. "Geura regepkeun! Kaula rek nerangkeun alamat ieu kajadian. 15 Kaula teh lain marabok, saperti panyangka aranjeun, sabab ayeuna teh kakara pukul salapan isuk. 16 Ieu kajadian teh enyana mah geus disaurkeun ti heula ku Allah make parantaraan Nabi Yoel, kieu: 17 'Dawuhan Allah, Kieu pidameleun Kami dina ahir jaman. Roh Kami rek dikukurkeun ka unggal jalma. Anak-anak maraneh lalaki, awewe, ngembarkeun dawuhan Kami. Nu ngarora bakal mareunang tetenjoan, nu karolot bakal mareunang impian. 21 Sing saha anu nyambat pitulung Gusti, tangtu disalametkeun.' 22 Raregepkeun, dulur-dulur sasama urang Israil! Kakawasaan Yesus urang Nasaret geus nyata ka aranjeun, dibuktikeun ku padamelana-Na iasa ngajalankeun padamelan-padamelan Allah anu ajaib jeung araheng. Hal eta keur aranjeun geus teu

matak bireuk, lantaran kajadianana oge di aranjeun keneh. 23 Yesus teh ku Allah memang geus dipastikeun baris diserenkeun kana kakawasaan aranjeun, saluyu jeung rarancang-Na ku manten. Ku aranjeun ditelasan, pupus disalibkeun ku jelema-jelema anu daroraka. 24 Tapi Anjeunna ku Allah geus ditanghikeun tina pupusna, ucul tina kakawasaan maot, sabab mustahil maot bisaun nahan Anjeunna. 37 Jalma-jalma anu ngabarandungan kabeh tinghareruk, tuluy ngaromong ka Petrus jeung ka rasul-rasul lianna, "Kedah kumaha kuring sadaya teh, para saderek?" 38 Saur Petrus, "Kudu tarobat, jeung kudu dibaptis kalawan asmana Yesus Kristus, tangtu dosa-dosa aranjeun dihampura sarta bakal narampa sih kurnia Allah, nya eta Roh Suci. 39 Sabab hal eta dijangjikeunana ku Allah teh pikeun aranjeun saanak incu, jeung pikeun anu araya di tempat-tempat anu jarauh, cindekna pikeun sakabeh, anu bakal disalaur ku Pangeran Allah urang." 40 Kitu Petrus maparinna pertelaan ka jalma-jalma sarta rea-rea deui kasauranana mepelingan ka maranehanana, "Luputkeun diri aranjeun tina hukuman anu geus pasti bakal keuna ka ieu bangsa anu jahat!"

Palawargi, naha palawargi leres-leres ngadangu hutbahna rasul Petrus? Petrus nyarios ka urang Yerusalem yen Allah parantos ngutus Mesias nyaeta Yesus. Petrus nyarios: (Kis 10) "39 Sagala perkawis anu ku Anjeunna dipidamel di tanah Israil sareng di Yerusalem, Bapa sareng babaturan saksina. Anjeunna ditelasan ku urang Yahudi, dipaku dina kayu salib. 40 Nanging dina katilu dintenna ti saparantos pupus, ku Allah dihirupkeun deui lajeng diebrehkeun. 41 Nanging diebrehkeunana henteu ka sadayana, mung ka sawatara urang anu ku Allah parantos dipilih baris jadi saksi, nya eta Bapa sareng babaturan, anu kantos dahar nginum sareng Anjeunna saparantos Anjeunna gugah tina pupus. 42 Bapa sareng babaturan ku Anjeunna dipiwarang ngembarkeun Injil Kasalametan sareng mertelakeun yen Anjeunna teh ku Allah parantos dijenengkeun hakim sakumna manusa, boh anu harirup keneh boh anu parantos maraot. 43 Nabi-nabi sadayana anu nyaurkeun perkawis Anjeunna netelakeun yen anu percaya ka Anjeunna bakal dihampura dosana ku kakawasaan jenengana-Na."

Rasul Petrus ngabewarakeun beja bingah ngeunaan kasalametan ngalangkungan imana ka Yesus Kristus, waktos jalma seueur ngadangu cariosan Petrus

Sapertos kitu rasul Petrusn ngadugikeun beja bingah ngeunaan kasalametan ngalangkungan iman ka Yesus Kristus. Ngadangu cariosan Petrus téh seueur jalmi ngarasa hanyelu lantaran nembe terang yen Yesus anu disalibkeun mangrupikeun pribadi Allah anu lungsur ti sawarga. Antukna seueur diantara maranehna anu tarobat tina dosa-dosana tur nampi Yesus Kristus salaku jurusalamet. Saluyu sareng pangandika Gusti anu nyarioskeun: "Pang anjeunna taratu teh, ku karana dosa urang. Anjeunna pada ngarangkatan,

*ku karana kajahatan urang. Anjeunna nandangan hukuman, sangkan urang disalametkeun, anjeunna raraheut, sangkan urang dicageurkeun." ( Yes. 53: 5 ).*

Dosa-dosa urang anu ngalantarankeun Anjeunna pupus, dosa nu ngawidian Allah ngorbankeun PutraNa.

*" Margi Allah parantos nangtoskeun poe pikeun ngahukum saalam dunya kalawan adilna. Demi nu bakal jadi hakimna hiji manusa anu dipilih ku Mantenna. Hal ieu ku Mantenna parantos diyakinkeun ka unggal jelema, ku jalan nanghikeun eta manusa ti nu maraot!" Barang ngadareng hal pihudangeunana anu maraot, jalma-jalma teh nu sawareh moyok, nu sawareh deui ngaromong kieu, "Hal ieu engke carioskeun sakali deui, kaula resep keneh." ( Rasul-rasul 17 : 30, 31 ).*

Palawagi, katingalna mah urang kedah liren heula didieu kanggo tepangan dinten ieu. Namung abdi ngaharepkeun palawargi tiasa gabung deui dina tepangan anu bade sumping kanggo ngadangukeun kumaha Allah ngocorkeun Roh SuciNa supaya linggih disatiap hate jalma-jalma anu percaya jeung nampi Anjeunna salaku jurusalamet. Dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 88

### Yesus Sumping Deui

Wahyu 19 – 22

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Palawargi, bagean Kitab Suci anu **kahiji** disebutna Perjanjian Lami, eusina nyarioskeun yen Allah téh Suci tur adil baris ngahukum satiap kalma anu dosa. namung Allah nu sami oge Allah anu pinuh ku Welas Asih teu mikahoyong putra-putra Adam binasa kulantaran dosa-dosana. Allah ngutus nabi-nabiNa pikeun ngadugikeun jangjiNa kanggo ngutus Panebus nyaeta Mesias anu Suci anu baris babar tisaurang lanjang, hirup suci, salanjeungna ngocorkeun getihNa pupus dina kai palang kanggo nebus putra-putrana Adam. Janten PL téh nyeratkeun ngeunaan pisumpingeunana Mesias.

Bagian **Kadua** nyaeta Perjanjian Anyar eusina nyarioskeun cumponna janji Allah ngirim Mesias jurusalamet dunya salayu sareng jangjiNa anu disaurkeun ku para nabiNa. Mesias téh nyaeta Yesus ti Nazaret- hiji-hijina jalmi anu suci anu kantos hirup. Yesus pinuh ku kawasa, margi Anjeunna téh Pangdika Allah dina wujud Manusa. Perkawis Anjeunna, Allah nyebat, *"Ieu teh Putra kasih Kami, anu kamanah ku Kami!"* Mat 3:17). Yesus disalibkeun, pupus namung ku Allah teras digugahkeun dina dinten ka tilu. Kalayan disaksian ku seueur jalmi Yesus diangkat ka sawarga.

Palawargi, Pangandika Gusti nyarios yen Yesus baris sumping deui kanggo ngahukuaman Setan , malaikat-malaikat anu jahat, sareng putra-putra Adam anu teu percaya ka Almasih ka jero seuneu pameuleuman. Dinten ieu urang bade diajar yen "Yesus Sumping Deui", urang ninggal dina Kitab Wahyu. Kitab Wahyu mangrupikeun kitab anu kagungan makna anu kalintang kiat margi nyarioskeun kajantenan ngeunaan poe kiamat. Kitab Wahyu nyondong 22 pasal, pasal anu nyarioskeun kamenangan ageung kangge jalma anu percaya, tapi kanggo jalma anu teu percaya kitab ieu téh matak pikasieuneun lantaran sing saha anu nolak Yesus bakal narima hukuman.

Ayeuna hayu urang dangukeun eusi Kitab Wahyu, saparantos Yesus kasawarga, Anjeunna ngutus malaikatNa ka rasul Yohanes kanggo nguningakeun kajantenan-kajantenan dina poenan ahir dunya ieu.

Dina Kitab Wahyu Yohanes nyeratkeun:

**( Wahyu 1 )** 1 Ieu kitab medar wahyu ti Allah ka Yesus Kristus ngeunaan perkara-perkara anu geus meh kajadian, supaya ku Anjeunna ditembongkeun ka abdi-abdi-Na. Kristus ngutus malaikat-Na nembongkeun ieu wahyu ka Yohanes, abdi-Na. 2 Yohanes medar sagala titingalianana anu diebrehkeun ku Yesus Kristus, nya eta amanat Allah jeung perkara-perkara anu sayaktina. 3 Bagja anu maca ieu kitab, anu ngadenge ieu ucapan nubuat sabda Allah, jeung ngimankeun ka sakur anu ditulis dina ieu kitab! Sabab sakur anu diwahyukeunana teh geus tereh bukti.

**( Wahyu 19 )** 1 Geus kitu kaula ngadenge sora ngageder di sawarga, kawas gederna sora mangpirang-pirang jelema, nyarebut, "Puji Allah! Kasalametan, kamulyaan, jeung kakawasaan, kagungan Allah urang! 2 Putusan Mantenna adil jeung jujur. Mantenna geus ngahukum palacur anu ngaruksak dunya ku lampah mesumna. Manehna ku Allah geus dihukum, sabab geus maehan abdi-abdi-Na." 6 Kaula ngadenge deui sora ngageder, sada gederna jelema mangpirang-pirang, ngaguruh sada curug, ngagulugur sada guludug. Kaula ngadenge maranehna nyarebut, "Puji Allah! Sabab Pangeran Allah urang Nu Maha Kawasa teh Raja! 12 Soca-Na moncorong lir seuneu hurung, mastaka-Na nganggo makuta rea. Dina salira-Na aya tulisan hiji jenengan. Ngan Anjeunna bae anu uninga kana eta jenengan teh. 13 Panganggo-Na beunang nyelep ku getih. Jenengan Anjeunna "Sabda Allah". 14 Anjeunna diiring ku angkatan perang sawarga anu tarumpak kuda bodas sarta dangdananana tina lawon linen bodas nyacas beresih. 15 Tina baham-Na bijil pedang seukeut, pikeun ngelehkeun bangsa-bangsa, sarta bangsa-bangsa teh ku Anjeunna bakal diparentah ku iteuk beusi. Anjeunna bakal ngaluluh anggur dina bak pameresan bebendu Allah Nu Maha Kawasa. 16 Dina jubah jeung paha-Na aya tulisan hiji gelaran, ungelna: "Rajana para raja, Gustina para gusti".

**( Wahyu 20 )** 1 Geus kitu kaula nenjo hiji malaikat turun ti sawarga, mawa konci guha kereman (abys) jeung ngajingjing rante semu beurat pisan. 2 Tuluy newak naga, si oray kahot, anu saenyana mah Iblis atawa Setan, terus dirante lilana pikeun sarebu taun. 3 Tuluy digebluskeun ka jero guha kereman, lawang guhana terus dikonci jeung disegel. Sarebu taun pililaeunana manehna moal bisaun deui ngagoda ka manusa. Lamun eta jaman geus beak, eta naga bakal dileupaskeun heula sakeudeung. 4 Geus kitu kaula nenjo aya tahta-tahta, anu nyaralikanana dibarere kawasa mutus hukum. Salian ti eta nenjo aya nyawa-nyawa jelema anu maraotna diteukteuk beuheung lantaran nyebarkeun kayaktian anu dipertelakeun ku Yesus jeung nguarkeun sabda amanat Allah, teu nyarembah ka sato tea jeung kana arcana, jeung henteu

marake tanda eta sato boh dina tarang boh dina leungeun. Maranehna geus harirup deui sarta jaradi raja jeung Kristus, sarebu taun pililaeunana. 12 Kaula nenjo oge jelema-jelema anu geus paraeh, gede leutik, narangtung hareupeun eta tahta. Kitab-kitab dibaruka, jeung aya deui hiji kitab sejen meunang muka, nya eta kitab catetan nu harirup. Eta jelema-jelema diputus hukumanana, luyu jeung kalakuanana masing-masing sakumaha anu dicatet dina kitab-kitab tea. 13 Laut nyerenkeun jelema-jelema paraeh anu aya dina genggemanana. Maot jeung alam maot nyerenkeun jelema-jelema paraeh anu aya dina genggemanana. Kabeh diputus hukumanana satimpal jeung kalakuanana. 14 Geus kitu Maot jeung alam maot digebuskeun ka lautan seuneu. (Ieu lautan seuneu teh nya eta paeh kadua.) 15 Jelema-jelema anu ngaranna henteu aya dina kitab anu harirup, digebus-gebuskeun ka eta lautan seuneu.

**(Wahyu 21)** 1 Geus kitu kaula nenjo langit anu anyar jeung bumi anu anyar. Langit jeung bumi anu ti heula geus teu aya, laut geus teu aya. 3 Aya soara tarik tina tahta, unina, "Tempat Allah ayeuna geus ngahiji jeung manusa! Mantenna rek sasarengan jeung maranehna, maranehna bakal jadi umat-Na, sarta Mantenna bakal jadi Allah maranehna. 4 Mantenna bakal nyusutan cipanon maranehna. Paeh, kasedih, piceurikeun, kanyeri, moal aya-aya deui. Sakur nu heubeul geus sirna." 5 Anu linggih dina tahta ngadawuh, "Ayeuna, saniskara kaayaan ku Kami geus dianyarkeun!" Dawuhana-Na ka kaula, "Tuliskeun, sabab ieu ucapan teh saestuna, layak dipercaya!" 6 Pok deui ngadawuh, "Geus rengse! Kami teh Nu Awal jeung Nu Ahir, Kami teh Gusti ti mimiti nepi ka panganggeusan. Nu halabhab ku Kami rek dibere hak nginum tina cinyusu sumberna hirup, teu kudu mayar. 7 Sakur nu unggul eta putra Kami, ku Kami rek dibere cai eta, Kami pijadieun Allahna. 8 Sabalikna anu jejerih ku paeh, anu hianat, anu murtad, anu maehan, anu tuna susila, tukang sihir, anu muja brahala, jeung tukang bohong, bagianana paeh kadua, nya eta lautan seuneu jeung walirang."

**( Wahyu 22 )** 12 "Regepkeun!" dawuhan Yesus. "Kami tereh datang, mawa upah unggal jelema satimpal jeung lampahna. 13 Kami teh Nu Awal jeung Nu Ahir, Kami teh Gusti ti mimiti nepi ka panganggeusan." 14 Salamet jelema anu jubahna geus beunang nyeuseuh beresih, meunang ngadahar buah tangkal kahirupan, meunang asup ka eta kota liwat lawang-lawangna. 15 Sabalikna anu murtad, tukang sihir, anu tuna susila, tukang maehan, nu muja brahala, jeung tukang bohong, tempatna di luar. 16 "Kami Yesus, geus ngutus malaikat Kami mere nyaho ka maneh ieu sagala perkara supaya ditepikeun ka jamaah-jamaah. Kami teh ti turunan Daud. Kami teh bintang timur nu moncorong." 17 Roh jeung Panganten Istri tea unjukan, "Sumangga sumping!" Anu ngadareng hal ieu oge kudu unjukan kitu, "Sumangga sumping!" Nu halabhab ka darieu! Saha bae anu hayang cai anu matak hirup, jadi ganjaran.

*20 Anjeunna, anu nyaksian ieu sakabeh perkara ngadawuh, "Kitu saestuna! Kami tereh datang!" Leres! Sumangga sumping nun Gusti Yesus! 21 Mugia sakumna umat Allah ginuluran sih kurnia Gusti Yesus."*

Palawargi, Allah mungkas KitabNa anu istimewa tur ngajangiikeun yen Yesus anu disalibkeun baris sumping deui. Anjeunna baris sumping kanggo ngajemput sakur jalma anu percaya ka Anjeunna. Naha palawargi parantos siap kanggo nyambut kasumpinganaNa? Pami ngadangu Pangandika Gusti dangeut ieu, ulah neaskeun hate palawargi. " *Dulur-dulur! Nya ayeuna wancina pikeun narima eta sih kurnia Allah teh. Nya ayeuna poena pikeun disalametkeun teh!( 2 kor. 6:2 )"* Jadi, lamun urang henteu malire kana eta pisalameteun anu luhur ajenna, kumaha rek bisa lolos tina hukuman? Anu mimiti ngembarkeun hal eta teh Gusti ku anjeun, geus kitu ku anu ngadarengena ditepikeun ka urang bari ditetelakeun yen bener. "( Ibr 2: 3 ).

Dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Keahirupan Sajati

Pangajaran 89

### Beja Bingah

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Ngalangkungan pangajaran tina Kitab Injil urang parantos ngadangu Gusti Yesus pupus, gugah, teras nugaskeun murid-muridNa, *"Datangan ku maraneh sakuliah dunya, siarkeun Injil Kasalametan ka sakabeh manusa.* (Mar 16:15). Saparantos Gusti Yesus naek ka sawarga, saurang rasul anu nimana Paulus nyarioskeun:

*Surat sim kuring Paulus, abdina Yesus Kristus, anu ku Allah geus disaur sarta dijadikeun rasul, pikeun nguarkeun Injil Kasalametan ti Mantenna. Eta Injil teh geus dijangjikeun ku Allah ti baheula keneh ku jalan nabi-nabi-Na, sakumaha anu kaunggel dina Kitab Suci. Sim kuring mah percaya pisan kana eta Injil Kasalametan teh, sabab eta teh kakawasaan Allah pikeun nyalametkeun sakur jelema anu percaya, pangheulana ka urang Yahudi, terus ka bangsa-bangsa sejenna. Sabab, Injil Kasalametan teh ngebrehkeun jalan, kumaha kuduna sangkan manusa bisa diangken bener deui ku Allah, nya eta ku jalan kudu percaya ka Allah ti awal nepi ka ahir. Sakumaha ungel Kitab Suci, "Jelema anu geus diangken deui ku Allah lantaran percaya ka Allah, tinangtu hirup." ( Roma 1:1,2,16,17 ).*

Palawargi dina dangeut ieu urang bade diajar ngeunaan Injil, naon ari Injil téh?Injil nyaeta Beja Bingah. Pami aya Beja Bingah pasti oge aya beja teu bingah. Naon ari beja teu bingahna? Adam sareng Hawa parantos ragrag kana dosa lantaran teu taat ka Allah, ka goda ku omongan Iblis. Dosa Adam sareng Hawa nyandak kasusahan tur ngabalukarkeun maot, kasatiap turunanana. Kitab Ibrani nyarioskeun: *" Saban jelema kudu maot ngan sakali, tuluy dibawa ka pangadilan Allah. kersa-Na mariksa perkara sakabeh jelema, baris ngahukum ka sakur anu kalakuanana doraka, anu omong-omonganana nyarogok ngalawan ka Mantenna!"* (Ibrani 9:27; Yudas 1:15 )

Tah palawargi, beja teu bingahna nyaeta urang sadaya téh jalmi-jalmi dosa tur baris mayunan panghakiman ti Allah. Tapi, beja bingahna nyaeta Allah dina hiji waktu baris ngutus saurang panulung nu Suci ka saurang lajang. Panebus ieu baris nyerahkeun nyawaNa salaku kurban tebusan pikeun Adam katut katurunanana. Allah parantos nganggo nabi-nabiNa kanggo ngabewarakeun pisumpeunganana jurusalamet anu disebut Mesias. Sapertos nabi Yesaya 700 taun sateuacan Yesus sumping, nganubuatkeun kumaha Mesias bakal babar (Yesaya 7:14). Kitu oge sareng nabi Mikha, nyarioskeun kumaha Mesias baris lahir.

Salian ti nyarioskeun babarna, para nabi oge nyarioskeun ngeunaan kasangsaraan katut pupusna gaganti jalmi-jalmi anu dosa sapertos nabi Daud. Percanten teu palawargi ka para nabi? Saupamina palawargi percanten ka para nabi, kitu oge kedah percanten kana seratanana. Margi para nabi sanes nyarios nurutkeun aranjeunna, tapi diwahyuan ku Allah. wahyuNa nyaeta Mesias bakal pupus salaku kurban kanggo nebus dosa manusa.

Sadaya ieu, ku Allah dilakukeun salaku buktos yen Anjeunna nyaah ka manusa. Yesus Kristus anu dibabarkeun ku saurang lajang, mangrupikeun kurban anu sampurna tur panungtungan nu ku Allah dipaparinkeun. Masih emut teu palawargi naon nu ku Yesus dicarioskeun dina kai palang sateuacan Anjeunna pupus? Anjeunna nyarios, “Geus rengse” (Yoh 19:30). Anjeunna parantos nebus dosa urang kanggo salalamina. Hal nu peryogi dilakukeun ku urang nyaeta kudu percaya, sapertos anu kaunggel dina Kitab Suci anu nyarioskeun, “*Sim kuring mah percaya pisan kana eta Injil Kasalametan teh, sabab eta teh kakawasaan Allah pikeun nyalametkeun sakur jelema anu percaya, pangheulana ka urang Yahudi, terus ka bangsa-bangsa sejenna.*” (Roma 1:16).

Hanyakalna seueur jalmi anu nolak kana naon nu tos dipidamel ku Yesus, pupusNa, gugahNa, sareng naekNa kasawarga. Padahal Kitab Suci nyarioskeun, “*Hal anu katampa ku sim kuring teh diwartakeunana ka aranjeun sakumaha anu kaunggel dina Kitab Suci, pangpangna hal pupusna Kristus ku karana dosa urang. hal dikurebkeuna-Na, hal dihirupkeuna-Na deui sanggeus tilu poe pupus sakumaha anu kaunggel dina Kitab Suci*”(1 Kor 5:3-4). Sadaya kajantenan sapertos anu tos disaurkeun ku para nabi, maranehna anu mikangewa, nyiksa, sareng maehan Yesus. Tapi kawasa maot teu bisa ngelehkeun Anjeunna, margi dina dinten anu katilu Yesus gugah tina pupusNa. Hal ieu téh kauningan ku para wanita anu nyumpingan pajaratan dimana Yesus dikuburkeun. Batu anu nutupan kuburNa parantos ngaguling sareng kuburan Gusti Yesus parantos kosong. Yesus saporantos gugah nepangan murid-muridNa, salami kirang langkung 40 dinten. Langkung ti 500 jalmi nyakseni Yesus saporantos gugah tina pupusNa. Leres pisan! Mesias parantos ngelehkeun kawasa maot, musuh manusa anu pang dipikasioeunna! gugahNa

Yesus ngabuktoskeun yen Allah parantos nampi pangurbanana salaku kurban tebusan anu sampurna kangge katurunan Adam, dugi ka sing sakur saha bae anu percaya ka Anjeunna pasti kening hirup anu langgeng.

Ieu mangrupikeun Beja Bingah atanapi eusina Injil, Gusti Yesus pupus kanggo ngangkat dosa-dosa palawargi sareng Anjeunna kaluar tina kubur dina dinten ka tilu kanggo maparin kahirupan langgeng kangge palawargi. Maksud tina bewara Injil nyaeta kanggo nyalametkeun sadaya jalma anu percanten ka Anjeunna. Kumargi kitu, patarosan anu kedah diwaler ku palawargi nyaeta: "Naha palawargi percanten?" Pangandika Allah nyarios: "Sanggeus nitih kana wancina Kami kudu ngurniaan ka maneh, Kami terus ngamakbul panyambat maneh. Sanggeus datang poena Kami kudu nyalametkeun ka maneh, Kami terus nulungan ka maneh." Dulur-dulur! Nya ayeuna wancina pikeun narima eta sih kurnia Allah teh. Nya ayeuna poena pikeun disalametkeun teh! Kasalametan téh sanes mung ku lantaran usaha anu dilakukeun ku urang, margi teu aya nu tiasa sumping kasawarga kulantaran manehna ngalakukeun kahadean. Margi Allah teu kantos nganjikeun yen jalma bisa salamet lamun ngalakukeun kahadean, samulihna Allah téh maparinkeun kasalametan sacara gratis ka palawargi. Kahadean, ibadah, puasa eta mangrupikeun hal anu sae pikeun diri urang, tapi abdi ngemutkeun yen hal eta téh moal muaskeun manahna Allah! Mung hiji cara kanggo palawargi tiasa lebet ka sawarga.

- Palawargi kedah ngankeun yen palawargi nyaeta jalma anu dosa sareng yen palawargi teu kagungan kakiatan kanggo nyenengkeun manah Allah.
- Salajengna palawargi kedah nampi sareng percanten yen Yesus Kristus Jurusalamet anu diutus ku Allah pupus dina kai palang kanggo ngangkat dosa-dosa palawargi, sareng Allah ngagugahkeun Anjeunna diantawis anu maot supaya palawargi tiasa nampi kahirupan anu langgeng.

Saupamina palawargi percanten kana Beja Bingah ieu, sing percanten yen palawargi baris tiasa lebet kasawarga saparantos parawargi ngantunkeun. Allah kuanjeun parantos ngajangjikeun yen urang baris uninga yen urang baris kening hirup anu langgeng saupamina urang nampi sareng percanten ka Yesus Kristus. Gusti Yesus Kristus ku anjeun nyarios: *"Hiap datang ka Kami, sakur nu maropo jeung nu kalempohan sarta nu ngarasa beurat ku momotan, ku Kami rek direureuhkeun. Turut parentah Kami sarta diajar ka Kami. Kami teh lemah lembut jeung rendah hate, sarta maraneh bakal ngarasa reureuh."*

("Mat11 28-29)

Naha palawargi ngaraos mopo jeung kalempohan kumargi dosa-dosa? hoyong teu palawargi kening atanapi nampi kareureuhan kanggo jiwa palawargi? Pami palawargi percanten kana bewara Injil yen

Mesias pupus, gugah deui kanggo palawargi, Allah baris ngahapunten dosa-dosa palawargi, tur ngangkeun palawargi leres sareng diserat dina buku kahirupan. Saupamina palawargi percanten kana Beja Bingah atanapi bewara Injil ieu, Allah baris nyirian palawargi salaku milikNa tur baris ngintun Roh Yesus Kristus kana manah palawargi. Roh Suci anu linggih dina manah palawargi, baris ngarobih manah palawargi, sapertos anu kaunggel dina Kitab Suci anu nyarios: *" Jalma anu geus satunggal jeung Kristus, geus jadi manusa anyar, manusa heubeulna geus sirna, kari anu anyarna."* (2 Kor 5:17)

Palawargi, dangeut ieu abdi bade ngaoskeun eusi tina Beja Bingah ngeunaan kasalametan anu ti Allah, anu nyarioskeun: *" Urang ku Mantenna geus disalametkeun jeung disaur dijadikeun umat-Na. Lain pedah Mantenna mandang pagawean urang, tapi ku karena geus kitu bae tujuan Mantenna, jeung ku karena sih piwelas-Na anu geus dirancang ti samemeh gelarna pajamanan, sarta anu bakal ngalaksanakeunana teh Yesus Kristus. Ayeuna eta sih kurnia-Na teh geus dibuktikeun ka urang, sabab Kristus Yesus teh geus sumping, jadi Jurusalamet urang, namatkeun kakawasaan maot jeung ngagelarkeun hirup anu langgeng ku jalan Injil Kasalametan."* ( 2 Tim 1:9-10 ).

Dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 90

### Patarosan Manusa; Jawaban – Jawaban Allah Bagian I

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Palawargi, dina dinten ieu abdi bade ngawaler sababaraha patarosan anu lebet nu katampi nu dikintun ku palawargi. Abdi bade ngawalerna nganggo Pangandika Gusti, margi Pangandika Gusti mangrupikeun caang anu pasti anu tiasa nungtun palawargi tina poek. Sapertos anu kaunggel dina Kitab Zabur:” *Pangandika Gusti teh lampu pikeun abdi, sinar caang nu nyaangan jalan abdi.*” (Zabur 119: 105).

Kieu sababaraha patarosan nu lebetna téh:

***Kahiji***, patarosanana: ***Naon agamina jalmi-jalmi anu mrodoksi program-program Jalan Kahirupan Sajati téh?***

Kapungkur, Allah cumarios ngalangkungan gerentes hate supaya abdi milarian bebeneranaNa. Abdi hoyong uninga nyalira Pangandika Gusti ti hiji Allah anu saestu. Abdi ngaos Alkitab sacara taliti (kalebet Toret, Zabur/Mazmur,seratan para nabi sareng Injil). Abdi uninga yen Yesus Kristus téh Jurusalamet anu diserat ku para nabi, sareng Yesus téh mangrupikeun kurban anu panungtungan tur sampurna anu ku Allah dipaparinkeun kanggo mupus hutang dosa putra-putra Adam, supaya singsaha anu percaya ka Anjeunna tiasa kenging hirup dipayuneunaNA kanggo salami-lamina. Yesus Kristus anu asalna ti Allah mung hiji-hijina anu tiasa nyandak urang ka payuneun Allah. Abdi parantos masrahkeun sadaya pangharepan abdi ka Anjeunna.

Lanjeng saha abdi? Abdi téh murid-muridNa Yesus Kristus. Dina Quran nyebatkeun abdi salaku “ Ahli Kitab” nu hartosna jalmi-jalmi nu nalungtik/ diajar Kitab. Nu sanes oge nyebatkeun abdi téh urang Kristen nu hartosna jalmi-jalmi anu percanten ka Yesus Kristus. Ngalangkungan hal ieu sim abdi salaku

jalmi anu percanten ka Gusti Yesus, bade ngemutkeun yen pami urang ngiring hiji kapercantenan moal ngajantenkeun Allah kataji ku hal nu dilakukeun ku palawargi. Mung Yesus nu tiasa nyandak urang ka Allah, kalintang bagjana urang kagungan Kristus salaku jurusalamet. Ngalangkungan Anjeunna urang tiasa kagungan hubungan anu sae sareng Allah, unggal waktos Anjeunna mintonkeun kasatiaan sareng kanyaahNA ka urang sadaya. Dilebet nami Gusti Yesus Kristus, Allah parantos maparinkeun sagala rupina perkawis kahirupan langgeng.

**Patarosan Kadua** sapertos kieu: ***"aya anu ngangggu pikiran abdi. Abdi ngaos quran, dimana kang jeng nabi marentahkeun kami pikeun percaya kana kitab-kitab anu sejen sapertos Toret sareng Injil. Abdi hormat kana kitab tur tos ngawitan ngaos. Tapi, rencangan abdi nyebatkeun yeun eusina Alkitab tos reksak seueur anu dirubihna henteu asli deui. Kumaha pandangan salira ngeunaan hal ieu?"***

Sateuacan ngawaler ieu patarosan, abdi kagungan sababaraha patarosan oge kanggo jalmi-jalmi nu nyebatkeun yen kitab-kitab tos "direksak atanapi dirobih". Naon sumberna yen kitab tos dipalsukeun? Naon dasarna kana tuduhan ieu? Pasihan terang abdi iraha dirobihna? Saha nu ngarobihna? Dimana kitab nu dirobihna? Naon wae nu robihna? Cing buktoskeun ka abdi palihmana anu tos dirobihna?

Palawargi, geuningan seuseurna jalmi-jalmi nu gaduh pamandangan yen Kitab dipalsukeun téh mung ceunah atanapi euceuk. Teu aya bukti anu ngadukung, malihan mah justru seueur bukti anu ngadukung yen Kitab téh teu acan dirobih margi Allah ngajagi PangandikaNa.

Jaman kiwari, di museum-museum sareng di paguruan tinggi di dunya, kaum pelajar parantos nyimpen ribuan gukungan buku-buku tumali sareng seratan-seratan Injil sareng sadaya Perjanjian Anyar. Kitab-kitab aya sateuacan jaman nabi (Muhammad), kitu oge sareng gukungan kitab Perjanjian Lawas. Kitab anu ku urang diaos ayeuna nyaeta Kitab anu sami nu parantos aya dina jaman harita (nabi Muhammad).

Para nabi nyeratkeun cariosan-cariosan Allah dina gulungan-gulungan anu di damel tina kulit sasatoan, salajengna ku para panyalin Yahudi disalin kana lembaran-lembaran anu enggal. Tantosna disalinna kalintang taliti sareng ati-ati supados salinana sami sapertos aslina, pami aya kalepatan pasti langsung dimusnahkeun.

Alkitab teu dirobih! Teu aya saurang oge anu ngarobih Alkitab. Saupamina aya saurang anu bade ngarobih, tangtosna manehna kedah ngarobih sadaya salinanana. Hal ieu téh pamohanlan pisan, dina waktos saparantos jaman Gusti Yesus, para cendikiawanngawitan nerjemahkeun Alkitab tina bahasa aslina nyaeta Ibrani, Aram, sareng Yunani kana bahasa-bahasa anu sanesna. Dugi kakiwari Alkitab parantos

diterjemahkeun langkung ti 2.000 bahasa. Allah ku Anjeun ngajagi Pangandikana, supados satiap jalmi anu ngupingkeun sabdaNa, nampi dina hatena tinangtos disalametkeun.

Naha Iblis tiasa nandingan kakawasa Allah? Moal atuh margi Allah nu Maha Kawasa. Iblis kantos muter balikeun Pangandika Allah waktu ngabobodo Adam sareng Hawa; "Geus dielingan ku Allah yen teu meunang didahar, dicabak ge ulah, sabab mun ngadahar eta tangtu paeh." Tapi, iblis muterbalikeun;" Ceuk oray, "Teu kitu. Hamo matak paeh. Sapertos anu kauningan ku palawargi Adam sareng Hawa lewih ngagugu ka Iblis anu ahirna maranehna meunang hukuman ti Allah.

Palawargi, Pangandika Allah mah pasti, ari Iblis mah bapakna tukang nipu. Yesus cumarios, "*Urang kabeh terang, anu diucapkeun ku Kitab Suci teh salawasna bener.*" ( Yoh. 10:35 ) "*Langit jeung bumi bakal musna, tapi pangandika Kami mah moal musna.*" ( Matius 24:35 ).

**Patarosan katilu nyaeta *kunaon salira nyebatkeun Yesus Putra Allah? Allah teu ngalihkeun jeung teu dilahirkeun, terus kunaon Yesus tiasa jadi PutraNa?***

Ngawitanana, abdi bade ngadugikeun ka para kaum dangu sadayana yen abdi teu masihan sebatan Yesus "Putra Allah", emut Allah ku Anjeun anu nyebat Yesus PutraNa. Salajengna, sebatan Putra Allah sanes hartosna Allah nikah teras puputra! Sapertos anu kadangu ku urang, Yesus kagungan seueur sebatan atanapu jabatan dina Alkitab. Sapertos Anjeunna disebut "Panto", ieu sanes hartosna Anjeunna panto tina kai. Anjeunna disebut oge "Roti Hirup", ieu sanes hartosna Anjeunna tuangeun. Nabi-nabi nyebat oge Mesias "Domba Allah", sanes hartosna Anjeunna domba. Emut teu palawargi dina pangajaran nu kalangkung, pami abdi angkat ka luar negri, urang ditu bakal nyebat ka abdi "anak Indonesia", ieu sanes hartosna Indonesia nikah teras ngalahirkeun abdi.

Saperto kitu oge, Allah sareng malaikat-malaikat sarta para nabi nyebat Mesias "Putra Allah" lantaran Anjeunna asalna ti Allah. Yesus dibabarkeun ku saurang lajang, Anjeunna teu kagungan bapa dunia. Langkung ti eta sateuacan Anjeunna babar, Anjeunna linggih disawarga. Anjeunna Pangandika Allah anu sasarengan sareng Allah tingawitanana. Sapertos anu dicarioskeun ku Pangandika Gusti: "*Ari nu disebut Pangandika teh geus jumeneng ti memeh ieu dunya dijadikeun; Pangandika sasarengan jeung Allah, Pangandika sarua jeung Allah. Pangandika teh terus mijalma, jadi manusa, hirup di kalangan urang, jembar kurnia jeung saestu sipat-Na tur mulya kaayaan-Na, sarta kamulyaana-Na teh tembong ka urang, kamulyaan ti nu jadi Rama ka Putra tunggal. Jelema can aya anu geus ningal Allah. Tapi urang bakal terang ka Mantenna ti Yesus Kristus, Putra tunggal Allah, anu sarua jeung Allah, anu salawasna sasarengan jeung Allah.*" (Yoh.1:1, 14,18 ).

Yesus téh Putra Allah anu langgeng, Pangandika Allah anu mijalma jadi manusa. Naon ari Pangandika atanapi cariosan Allah? Panginten palawargi bade ngawaler Pangandika Allah nyaeta Kitab Suci anu di ilhamkeun ka para nabi kanggo diserat. Leres palawargi, Pangandika Gusti téh, seratan-seratan para nabi Allah anu cariosannana pikeun urang, sapertos serat-serat anu ku Allah dikirim ka urang. Aya patarosan mana nu langkung dipikaresep ku palawargi, palawargi kagungan rereancangan ditempat anu tebih pisan. Seneng palawargi nampi seratna atanapi kasumpingan manehna sacara langsung? Tangtosna palawargi langkung seneng manehna datang langsung sanes? Kitu oge sareng Allah, margi Anjeunna Maha Agung tur linuhung, teu aya barang anu mustahil kanggo Anjeunna, Allah hoyog satiap jalmi wanoh ka Anjeuna, naon nu dipkiahoyongNa. Beja bingahna kanggo palawargi, Allah nyalira anu inisiatip kangge nyumpingan palawargi sareng abdi salaku jalmi anu dosa.

Dina Kitab Injil, urang tiasa menakan yen Allah parantos ngutus PangandikaNa salaku manusa tur sasarengan diantawis urang supados tiasa nyalametkeun urang tina sagala doso-dosa, pribadi anu sumping ti sawarga téh nyaeta Gusti Yesus Kristus. Yesus layak disebut “Putra Allah”, margi Anjeunna PangandikaNA anu tiawalna sasarengan sareng Allah. Yesus mangrupikeun Putra Allah anu langgeng, wakilna Allah anu sampurna. Yesus téh gambarna Allah anu saleresna.

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 91

### Patarosan Manusa; Jawaban – Jawaban Allah Bagian II

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Palawargi, dinten ieu urang bade neraskeun acara anu tos kalangkung sateacanna nyaeta ngawaler patarosan-patarosan anu katampi ti para kaum dangu. Haturnuhun kanggo palawargi anu tos ngarespon kana acara ieu. Abdi bade ngawalerna nganggo Pangandika Gusti, margi Pangandika Gusti mangrupikeun caang anu pasti anu tiasa nungtun palawargi tina poek. Pangandika Gusti nyarioskeun: *“Pangandika Allah teh nya hirup, nya kuat, tur leuwih seukeut ti batan pedang nu seukeut kenca katuhu, sanggup nusuk nepi kana nyawa jeung jiwa, tembus kana tulang sandi jeung sungsum, bisa maca pikiran jeung angen-angen manusa..”* (Ibrani 4: 12). Yu urang lajengkeun kana patarosan salajengna.

**Kahiji, Kaum dangu nyeratkeun: “Salira nyarios dina hiji siaran:” anu jahat asalna sanes ti Allah”. Abdi teu panuju, margi abdi percaya yen Allah tingawitan nyiptakeun anu jahat sateuacan ngadamel anu sae.**

Widian abdi ngawaler patarosan ieu ku hiji patarosan nu aya dina Pangandika Gusti, *“Teu aya cinyusu anu ngaburialkeun cai tawar ongkoh cai pait ongkoh tina liang eta-eta keneh.”* (Yakobus 3:11). Pamohalan tina hiji cai liang ngaluarkeun cai dua rasa, kitu oge sareng Allah. *“Allah teh Cahaya Caang, di Mantenna sama sakali teu aya poek.* (1 Yoh. 1: 5). *“Jelema ari keur meunang gogoda ulah ngarasula, ”Ieu cocoba teh ti Allah.” Sabab Allah mah moal kagoda ku kajahatan, jeung tara ngadoja ka sing saha bae. Jalma beunang kagoda teh lantaran kapincut ku napsuna sorangan. Aranjeun ulah nepi ka katipu, dulur-dulur nu kaasih! Anu ti sawarga mah kabeh oge kurnia jeung berkah anu hade jeung sampurna, paparin ti Allah anu ngayakeun caang di langit, Allah nu teu owah gingsir, sarta lain anu jadi lantaran poek kana naon bae. Ku pangersa-Na ku manten Allah ngagelarkeun urang ku sabda-Na anu sayakti, supaya ti*

*antara sakabeh mahluk dadamelana-Na urang meunang tempat anu pangutamana.” ( Yakobus 1:13,14,16-18 ).*

Nabi Habakuk nyeratkeun: *“Nun PANGERAN, Gusti teh jumeneng ti awitna. Gusti teh Allah abdi, suci sareng langgeng. Soca Gusti kalintang sucina, moal kiat ningali dosa, moal tahan ningali nu arawon lampah.” ( Habakuk 1: 12, 13 ).* Allah teu seneng kana kaawonan, pamohalan Anjeunna nyiptakeun anu jahat. Pangandika Gusti ngaulangkeun yen Iblis sareng manusa anu teu bener mangrupikeun sumber kajahatan, tapi Allah mah sumber bebeneran.

**Kadua, nyaeta: *saupami Allah Suci sareng panghampura kunaon Anjeunna ngantosan sareng ningal wae kajahatan, peperangan didunya ieu? Naha teu tiasa Anjeunna midamel hiji hal kanggo nulungan jalmi-jalmi anu aya dina kasusah?***

Saestu, Allah nyaeta Gusti nu Maha Asih. Anjeunna parantos nulungan jalmi-jalmi anu susah!Anjeunna ngutus panubus anu Suci, Yesus Kristus parantos pupus kanggo dosa dunya ieu. Namung, satiap jalma kedu nampi jeung percaya ka Anjeunna salaku jurusalamet anu tos diutus ku Allah. Sagalarupina gumantung kana respon urang salaku manusa, emut Allah baris ngahukuman dunya tina sagala kajahatanana. Pangandika Gusti nyarios: *“ Mantenna bakal nyusutan cipanon maranehna. Paeh, kasedih, piceurikeun, kanyeri, moal aya-aya deui. Sakur nu heubeul geus sirna.” ( Wahyu 21: 4 ).*

**Katilu nyaeta: *abdi percaya salaku jalma dosa, dosa pasti mangaruhan abdi, tapi moal pangaruh pikeun katurunan abdi lantaran maranehanana teu ngalakukeun, tapi salira nyebatkeun yen dosa anu dilakukeun ku karuhun urang Adam di taman Firdaus sumebar ka katurunana, Allah baris ngahukum, kumaha tiasa sapertos kieu?***

Aya paribasa buah ragrag tara jauh tina tangkalna, budak mah niru sipat ti indung-bapana. Urang sadaya téh milik atawa kaasup kelawarga Adam sareng Hawa, nyaeta kulawarga anu teu taat ka Allah. Aya diantawis palawargi anu wantun nyebantkeun abdi mah jalmi anu teu kagungan dosa? ti barang dijurukeun urang tos aya tabiat dosa, tisaha dosa eta téh? Tangtosna ti Adam, dosa Adam tos nular/ tepa ka urang sadayana. Sapertos anu dicarioskeun ku Pangandika Gusti: *“ Dosa asup ka dunya ku lantaran jelema saurang. Eta dosa mawa maot. Balukarna, maot teh sumebar sarta tumerap ka sakumna manusa, sabab sakabeh manusa geus keuna ku dosa.” (Rum 5:12)* Namung urang masih gaduh pangharepan sapertos nu dicarioskeun ku Pangandika Gusti: *“ Jadi sakumaha halna dosa jelema anu saurang ngalantarankeun sakabeh jelema dihukum, nya kitu keneh ku lampah hiji manusa anu tumut kana pangersa Allah ngalantarankeun sakabeh jelema dileupaskeun tina hukum sarta mareunang hirup.” (Rum 5:18)*

**Patarosan salanjengna nyaeta: *kunaon Alkitab dibagi dua bagian, Perjanjian Lami sareng Perjanjian Engal?***

Perjanjian Lami diserat sateacan Mesias babar, pami Perjanjian Engal diserat saparantos Yesus lahir. Janten, bewara ti nabi-nabi Allah nu nyerat Perjanjian Lami nyaeta: "Allah baris ngutus Mesias!", pami Perjanjian Engal nyaeta: "Allah ngirim Mesias sakumaha nu tos dijanjikeunaNa ka paranabiNa. Ngalangkungan hal ieu (PL sareng PB) urang tiasa ningal yen naon kapungkur anu dijanjikeun ku Allah parantos dicumponan! Allah ngutus Jurusalamet, Yesus Kristus salayu sareng jangjiNa ka karuhun urang dina Kitab Toret, Zabur sareng seratan-seratan para nabi sanesna.

**Patarosan salajengna nyaeta: *seueur jalmi nyarioskeun teu aya jalmi anu terang naha manehna asup ka surga atawa naraka. Mung Allah ku anjeun anu terang, tapi salira nyebatkeun yen pami dinten ieu anjeun ngantunkeun, pasti bakal lebet ka sawarga. Naon nu jadi alesanana tina cariosan eta?***

Pangandika Gusti nyarios:" *Nabi-nabi sadayana anu nyaurkeun perkawis Anjeunna netelakeun yen anu percaya ka Anjeunna bakal dihampura dosana ku kakawasaan jenengana-Na.*" (Kis 10:43). *Bapa nulis ieu teh mere terang yen aranjeun geus meunangkeun hirup langgeng, da percaya ka Putra Allah.*" (1 Yoh 5:13).

Pangandika Gusti nyarioskeun, urang terang baris meunang hirup langgeng. Jadi waleranna kunaon abdi pami ngantunkeun yakin lebet ka sawarga, margi abdi percaya ka Gusti Yesus. Yesus Kristus janten nu maparin langsung kahirupan langgeng ka satiap jalma anu percaya ka Anjeunna.

**Salajengna aya patarosan: *Yesus nyarioskeun ngeunaan panulung atanapi "parakletos" baris sumping saparantos Anjeunna. Saha nu dimaksud ku Yesus téh?***

*"Parakletos"* nyaeta basa Yunani nu hartosna panulung, dina Kitab Suci nami **parakletos** ditujukeun ka Gusti Yesus (1 Yoh 2:1) sareng Roh Suci. Waktos Yesus naek kasawarga Anjeunna janji ka muridNa: *"Kami rek nyuhunkeun ka Rama, sarta Rama bakal maparin ka maraneh hiji Panulung sejen, anu bakal nyarengan ka maraneh salalawasna. Eta Panulung teh nya eta Roh Allah, anu bakal nganyatakeun hal Allah nurutkeun anu saestuna. Eta Roh ku dunya mah moal katarima, sabab dunya mah ka eta teh teu nenjoeun, teu nyahoeun. Ari maraneh mah nyarah, sabab Anjeunna aya di maraneh, ngancik di diri maraneh. Panulung tea, nya eta Roh Suci beunang nyuhunkeun Kami ka Rama, ka maraneh bakal ngawurukkeun sagala perkara, jeung ngingetan supaya maraneh aringet kana sagala hal anu ku Kami geus diwurukkeun. Lamun geus sumping, Anjeunna bakal ngabuktikeun ka nu di dunya tina hal naon dosa maranehna, tina hal naon nu bener, jeung tina hal hukuman ti Allah. Tina hal dosana, lantaran*

*maranehna henteu palercayaeun ka Kami; Dina hiji dinten Anjeunna ngalahir kieu ka sadaya rasul, "Maraneh ulah waka aringkah ti Yerusalem, dago heula anu geus dijangjikeun ku Rama, sakumaha nu geus dicaritakeun ku Kami tea. Yohanes ngabaptisna ku cai, maraneh mah sakeudeung deui bakal ngabaptis ku Roh Suci." (Yoh. 14: 16, 17, 26; 16: 8, 9; Kis. 1: 4, 5). Singgetna Panulung téh nyaeta Roh Suci au baris ngacik kasatiap jalmi anu nampi Injil. Kitab Suci nyarioskeun: "Ti barang mimiti narima amanat-Na anu ngandung kayaktian, nya eta Injil Kasalametan anu bakal nyalametkeun, aranjeun teh geus jadi umat Allah, percaya ka Kristus, ku Allah diterapan cap tanda kagungana-Na nya eta Roh Suci, numutkeun jangji-Na. Nya Roh Suci anu nanggung yen jangji Allah ka umat-Na teh tangtu katarima ku urang. Ku hal eta urang yakin yen Allah bakal ngamerdekakeun umat-Na. Mulyakeun kaagungan Mantenna!" (Efesus 1: 13, 14).*

**Patarosan pamungkas** nyeratkeun: ***abdi terang tina pangajaran anu didugikeun yen abdi baris lebet ka sawarga saupami abdi nampi Gusti Yesus salaku Jurusalamet. Naha ieu hartosna abdi tiasa hirup samena-mena tapi masih keneh tiasa lebet ka surga nalika abdi maot? Naon nu diajarkeun Alkitab ngeunaan hal ieu?***

Pangandika Gusti nyarioskeun: *"Jalma anu geus satunggal jeung Kristus, geus jadi manusa anyar, manusa heubeulna geus sirna, kari anu anyarna."*( 2 Kor 5:17). Saupamina palawargi parantos nampi Gusti Yesus tinangtos Allah baris ngalakukeun dua hal ka palawargi, **kahiji** Allah baris ngahapunten sagala hal kalepatan urang. **Kadua** Allah baris ngajadikeun urang salaku ciptaan anu anyar, resep kana bebeneran geuleuh kana kagorengan.

Dugika ka dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 92

### Cara Hirup Murid Kristus?

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Palawargi, dina dinten ieu urang bade diajar ngeunaan kumaha cara hirup murid Kristus? Murid Kristus hartosna jalmi anu ngawitan ngangken yen manehna jalma dosa dipayuneun Allah, salajengna nampi sareng percaya ka Gusti Yesus Kristus salaku Jurusalamet. Yesus ngangkat satiap jamli anu percaya salaku PutraNa, sapertos anu ka unggel dina Injil: *“anu narima jeung palercaya ka Anjeunna teh; jelema-jelema anu kitu ku Anjeunna dipaparin hak jadi putra-putra Allah.”* (Yoh 1: 12).

Panginten aya nu nyarios: “meni gampang kitu asup ka surga pikeun nu percaya ka Yesus mah!”, jadi katingalina bisanya hirup samena-mena pikeun maranehna mah. Eta cariosan atawa emutan teu asup di akal, margi Yesus datang kadunya pikeun ngabebaskeun manusa tina dosa. Jadi pamohalan pisan lamun Yesus ngadorong urang supaya ngalakukeun dosa! saha wae nu percaya ka Yesus teu jadi budak dosa deui. Sabalikna, jalma anu dikawasaan ku Iblis nu hirupna resep dina dosa. Kitab Suci nyarios: *“Jalma anu geus satunggal jeung Kristus, geus jadi manusa anyar, manusa heubeulna geus sirna, kari anu anyarna.”* (2 Kor. 5: 17).

Palawargi, saupamina palawargi nganggo anggoan beresih atawa anu bodas naha palawagi bade calik atawa asup ka tempat anu kotor? Tangtos moal, pasti palawargi bade ngajagi kumaha supaya anggoanana tetep beresih. Jalmi anu tos percaya ka Gusti tangtosna hoyong hirup kanggo nyenengkeun manahNa Gusti, cing pami palawargi kagungan sametan ka saurang teras ku manehna hutang urang téh dibebaskeun, naha palawargi bade ngaraheutkeun hate jalmi eta? Moal pastina oge urang neangan cara supaya bisa nyenengkeun hate manehna.

Kitab Injil nyarioskeun kumaha hirupna jalma anu percaya ka Yesus:

**(Titus 3)** 3 Urang sorangan ge bareto mah bodo, bantahan, sasar, jadi budakna hawa napsu jeung rupa-rupa kasukaan, hirup dikeping ku rasa timburu jeung dengki, batur ngewa ka urang, urang ngewa ka batur. 4 Geus kitu datang kasaeon jeung asihing Allah Jurusalamet urang, 5 urang teh dijait disalametkeun. Tapi disalametkeun ge lain ku sabab urang geus migawe anu hade, tapi ngan ku perbawa sih piwelas-Na, anu dilaksanakeunana ku Roh Suci. Rereged diri urang teh ku Roh Suci dikumbah beresih, nepi ka hirup urang jadi anyar. 6 Allah ngalimpahkeun Roh Suci ka urang teh ku jalan Yesus Kristus Jurusalamet urang. 7 Ku karana kurnia-Na eta, urang teh ku Allah diangken deui, sarta dimilikan hirup anu langgeng anu dicileuk ku urang tea.

**(1 Petrus 1)** 14 Masing ngesto ka Allah, jeung ulah nurutkeun deui kahayang-kahayang napsu anu bareto basa keur sakarep-karep keneh. 15 Sabalikna masing suci kalakuan, sabab Allah anu geus nyaur aranjeun teh suci, 16 sakumaha ceuk Kitab Suci, "Maraneh kudu suci, sabab Kami teh suci."

Allah mikahoyong satiap jalmi anu percaya kagungan pasipatan anu dipikaduh ku Anjeunna, pasipatan Allah nu nyongcolang nyaeta kasucian sareng kanyaah. Kanggo naon maksadna? Pangandika Gusti nyarios:

**(1 Yoh 3)** 10 Ari bedana antara putra-putra Allah jeung anak-anak Iblis teh tetela pisan, nya eta: Sing saha anu lampahna teu bener jeung teu nyaah ka dulur, eta lain putra Allah.

**(Titus 2)** 12 Eta nugraha Mantenna teh ngadidik sangkan urang miceun kabiasaan anu doraka jeung napsu kadunyaan, malar hirup di alam dunya teh bisa ngadalian diri, jujur, ibadah, 13 ngadago Poe berkah anu ku urang dicileuk, anu ngebrehkeun kamulyaan Allah urang anu agung jeung Jurusalamet urang Yesus Kristus. 14 Anjeunna geus ngurbankeun salira-Na pipaedaheun urang, supaya urang bisa disalametkeun tina sagala kajahatan, jadi umat suci kagungana-Na ku anjeun, umat anu rajin ngalampahkeun kahadean.

**(Efesus 5)** 1 Aranjeun geus diangken putra jeung dipikaasih ku Allah, jadi kudu nulad ka Mantenna. 2 Hirup kudu dijiwaan ku kanyaah, sakumaha Kristus oge mikanyaah ka urang. Anjeunna mani ngurbankeun nyawa, disanggakeun ka Allah jadi kurban anu seungit pikamanaheun. 3 Ku sabab aranjeun teh umat Allah, geus tangtu bae kalakuan anu cabul, atawa anu aeb, atawa sarakah, teu pantas aya di aranjeun, kecapna ge ulah disebut-sebut acan. 4 Ulah ngucapkeun deui basa anu cawokah, kotor, atawa teu pantas, leuwih hade muji sukur ka Allah. 5 Sing percaya, jelema anu ingkar tina susila, aeb, kitu deui sarakah (da sarakah teh sarua jeung nyembah brahala), moal jadi umat Karajaan Kristus jeung Allah.

Sapertos kitu cara hirup muridNa Yesus, manehna mintonkeun kahirupan sakumaha anu ku Anjeunna dipidamel. Kumaha urang tiasa ngawangun hubungan anu tumuwuh sareng Allah? Paling henteu aya opat hal anu tiasa ku urang dilakukeun supaya urang terang kana pangersa Allah tur tiasa hirup saluyu sareng kahoyongNa. Opat hal nyaeta:

**Kahiji**, hirup saluyu sareng Pangandika Gusti ngarenungkeun ungal dinten, nampi dina manah tur ngalampahkeun dina kahirupa sadidinten. Allah ngandika ngalakungan PangandikaNa, Pangandika Gusti mangrupikeun sumber giji sareng kakuatan kanggo jiwa urang. Sing saha anu leres-leres nyaah ka Yesus, manehna teu perlu dipaksa pikeun ngaos sareng ngadangukeun Pangandika Gusti, margi manehna bakal ngarasa sono kana suantenNa.

**Kadua**, ngadoa kapayuneun Gusti, Rama nu disawarga. Sing saha anu hoyong tumuwuh dina hubunganana sareng Gusti, tangtos baris sering ngobrol sareng Gusti. Kanggo murid Kristus, ngadoa mangrupikeun obrolan anu dilakukeun sareng Allah, sapertos urang ngobrol jeung babaturan dalit urang. Doa teu perlu diatur ku waktu, margi urang tiasa ngadoa ka Gusti iraha bae jeung dimana wae. Allah mikahoyong urang salaku umatNa muji sareng ngucapkeun sukur ka Mantenna salalamina. Murid Kristus terang pisan yen doa téh ngagaduhan kawasa. Sapaertos nu dicarioskeun ku Yesus nyalira jangji ka muridNa: *"Lamun maraneh nyuhunkeun ka Kami nyebut ngaran Kami, ku Kami tangtu dikabul."* (Yoh. 14: 14) sareng: *"Tong salempang naon-naon. Naon bae pangabutuh, unjukkeun ka Allah saban neneda, suhunkeun bari hate tumarima."* (Fil. 4: 6).

**Katilu**, ngiring kumpulan sareng wargi-wargi saiman anu sami-sami percanten ka Gusti Yesus Kristus. Sapertos batu bara anu tetep haneutna kiat lami saupami sasarengan dihijikeun diasupkeun kana jero seuenu jeung batu-batu anu sejenna, kitu oge kumpulan urang sareng wargi-wargi saiman baris numueuhkeun iman ka Yesus Kristus oge bisa silih gedেকেun hate. Pangandika Gusti nyarios: *"24 Sing silih titenan, silih ajak nyieun kahadean jeung nembongkeun kanyaah. 25 Ulah bosen-bosen kumpulan, ulah cara anu lian. Sabalikna anggur sing silih gedেকেun hate, sabab Poe pisumpingeunana Gusti geus beuki deukeut."* (Ibr 10: 24-25).

**Kaopat**, jadi saksi-saksiNa. Dangukeun naon nu dicarioskeun ku Gusti Yesus ka murid-muridNa sateuacan Anjeunna naek kasawarga: *"Saur-Na deui, "Geus dituliskeun kieu: Kristus kudu disangsara jeung kudu gugah deui tina pupusna tilu poe ti sanggeusna. 47 Jeung kalawan jenengan Anjeunna warta hal pertobat jeung panghampura dosa kudu diuarkeun ka sagala bangsa, mimiti ti Yerusalem. 48 Maraneh saksina tina eta sagala kajadian."* (Luk. 24: 46- 48). Leres, yen murid-muridNa Gusti Yesus diamanatan pikeun ngabewarakeun ngeunaan Jurusalamet atanapi kasalametan anu tos disayogikeun ku Gusti Yesus

Kristus. Tangtosna wae, amanatNa sanes ka murid-muridNa hungkul tapi lumaku oge ka urang sadayana dina sangeut ayeuna. Hirup urang mung sanes nyarios hungkul, tapi kedah dibuktoskeun ku kahirupan anu dipinuhan ku kanyaan jeung kasucian. Sapertos anu dicarioskeun ku Pangandika Gusti:” *Sabab hirup di Karajaan Allah mah kudu dibuktikeun ku daya hirupna, lain ku omonganana.*” (1 Kor. 4: 20).

Palawargi, naha palawargi parantos nampi Gusti Yesus Kristus sacara pribadi salaku Jurusalamet kahirupan palawargi? Naha palawargi parantos nampi panghampura dosa anu dilakukeun ku Anjeunna? Naha palawargi parantos hirup dina parobihan? Naha hirup palawargi aya dina kasucian sareng kanyaahan Mantenna? Naha palawargi parantos leres-leres janten muridNa Gusti Yesus?

Gusti ngaberkahan palawargi sadayana, bagian Pangandika Gusti nyarioskeun:” *Eta warta ti Allah, anu ku bapa sabatur-batur katarima ti Putra-Na, sarta anu ayeuna di tepikeun ka aranjeun, nya eta: Allah teh Cahaya Caang, di Mantenna sama sakali teu aya poek. Jadi lamun urang ngakukeun geus aya dina kasatunggalan jeung Mantenna tapi hirup di nu poek, eta teh bohong nya ucap nya lampah.*” (1 Yoh. 1: 5-6).

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



# Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 93

## Tinjauan 1 - Adam: Pasualan Dosa Kejadian 1-4

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tapi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Palawargi, parantos sababaraha tepangan urang diajar sareng nalungtik kitab Suci anu ku Allah diandikakeun langkung ti ka 40 jalmi (+1500 taun). Pangandika Allah nyarioskeun ngeunaan bewara atau pesen ngeunaan jalan kasalametan. Dina dinten ieu urang bade nalungtik ngeunaan "Pasualan Dosa".

Ngawitanana Allah ngandika ka Musa, emut cariosan anu ngawitanan anu nyarioskeun: "*Nalika Allah nyiptakeun jagat raya*". Urang ningal, yen sateacan aya alam dunya, malaikat-malaikat, sareng manusa. Allah nyalira parantos aya, Anjeunna Allah nu Maha Kasawasa nu uninga sagala hal. Dina pasal anu ngawitan kumaha Allah, dina genep dinten nyiptakeun langit, bumi, lautan sareng eusina. Allah nyiapkeun bumi kanggo manusa, anu rencanana bade diciptakeun. Eta margina dina dinten anu ka genep Allah ngandika: "*Allah ngandika, "Ayeuna Urang nyieun manusa, masing nyeples sarimbag jeung Urang. Urang sina murba ka bangsa lauk, ka bangsa manuk jeung ka bangsa sasatoan, boh sato piaraanana, boh sato leuweungna, nu galedede, nu laleutik."* Lajeng Allah ngadamel bangsa manusa nyeples Mantenna. Ngadamelna lalaki jeung awewe."(Kejadian 1: 26, 27).

Allah nyiptakeun manusa nyeples sarimbag sareng Anjeunna, eta margina manusa téh mahluk anu mulia. Allah kagungan rencana supaya tiasa ngumpul sareng manusa, eta sababna Anjeunna maparinkeun Roh ka manusa supaya manusa wanoh ka Allah, tur kasimbahan ku kanyaah tiasa taat ka Allah. .

Dina pasal 2, Allah nempatkeun Adam dihiji taman anu endah nyaeta Taman Eden, nyiptakeun batur hirupna Adam nyaeta Hawa, teras ngaberkahan maranehanana. Salajengna Allah maparin parentah ka Adam sareng Hawa: "*Timbalana-Na ka manusa, "Bubuahan tangkal nu mana bae di ieu taman,*

*meunang didahar, kajaba ti tangkal anu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng. Eta buahna teu meunang didahar, sabab mun didahar, poe eta keneh maneh paeh."* (Kejadian 2:16-17). Allah nguji Adam sareng Hawa ngemutkeun akibat lamun teu taat baris meunang hukuman, nyaeta pisah ti Anjeunna.

Dina pasal 3, nyarioskeun Iblis nyaeta malaikat nu tos ngabarontak ka Allah ngadatangan Adam sareng Hawa. Iblis ngomong ka Hawa:" *Aya sato damelan GUSTI Allah anu pangjailna, nya eta oray. Eta oray ngomong kieu ka awewe tea, "Na enya saur Allah, anjeun teu meunang ngadahar bubuahan nu aya di ieu taman?"* 2 *Jawab awewe, "Bubuahan di ieu taman, ti tangkal mana bae oge meunang didahar,* 3 *kajaba ti tangkal anu di tengah-tengah taman. Geus dielingan ku Allah yen teu meunang didahar, dicabak ge ulah, sabab mun ngadahar eta tangtu paeh."* 4 *Ceuk oray, "Teu kitu. Hamo matak paeh.* 5 *Allah sasauran kitu teh pedah uninga, yen upama aranjeun ngadahar eta buah kapinteran, aranjeun bakal mapakan Mantenna, bisa terang kana hade jeung goreng.* (Kej. 3: 1- 5).

Palawargi, Iblis muterbalikeun Pangandika Allah dugikeun ka Adam sareng Hawa lewih ngadengekeun Iblis tibatan taat ka Allah. Ahirna Allah nyupataan/ ngutuk dunya ieu, ngusir Adam dan Hawa kaluar ti Taman Enden. Na waktu harita Adam sareng Hawa ngalaman maot dina jiwa maranehna, maranehna papisah ti Allah sumber kahirupan. Hawa sareng Adam kening hukuman ti Allah nyaeta maot, buah tina dosana sapertos anu dicarioskeun ku Allah.

Palawargi, emut kana jangji Allah anu didugikeun ka Adam sareng Hawa nalika maranehna ragrag kana dosa? Allah jangji baris ngutus saurang Panebus ka dunya pikeun nebus dosa-dosana katurunan Adam. Panebus téh babar ti saurang lajang, ngalungkungan Roh Allah anu Suci. Salajengna urang ninggal dina Injil, ratusan taun saparantos Allah ngajangjikeun Jurusalamet. Allah nyumponan jangjiNa ku babarna saurang lajang, namiNa Yesus nu hartosna Allah Panebus atanapi nu nyalametkeun.

Yesus mangrupikeun hiji-hijiNa jalan nu tiasa maparin kasalametan, margi Anjeunna mangrupikeun kurban anu Suci. Jalan nu tos disiapkeun ku Allah salaku kurban kanggo gegentos atanapi nembus dosa. Yesus téh kurban panebus anu Suci anu sumping dugi ka ngocorkeun getihNA dina kai palang kanggo ngabebaskeun satiap katurunan Adam tina dosa-dosana. Sapertos Pangandika Gusti nyarioskeun:" *Tapi ayeuna dosa teh ku Mantenna dibalitungkeun, pikeun netelakeun yen Mantenna adil. Ku jalan kieu Mantenna netelakeun yen Mantenna sipat bener, sarta kersa ngangken bener deui ka sing saha anu percaya ka Yesus."* (Roma 3: 26).

Palawargi, dina pasal saporantos Adam sareng Hawa ragrag kana dosa. Urang ngaos jangji Allah kanggo ngutus saurang Panebus. Dilajengkeun ku carios ngeunaan kadua putrana Adam Kain sareng Habel. Habel maparin kurban domba sae ka Allah, sementawis Kain maparinkeun persembahan tina hasil tatanena. Salajengna Pangandika Gusti nyarioskeun: *"maka TUHAN mengindahkan Habel dan korban persembahannya itu, tetapi Kain dan korban persembahannya tidak diindahkan-Nya."* (Kejadian 4: 4,5) Kunaon Allah neu nampi kurbanna Kain, nu jelasna *"meh sagala rupa disucikeun ku getih, dosa oge bisa dihampura lamun geus aya getih anu ngocor kaluar."* (Ibrani 9:22) Kain teu merhatoskeun aturan kurban nutos ditangtoskeun Allah. Samulihna Habel mah kalintang merhatoskeun kana aturan nu dipidamel ku Allah. Habel téh ngagambarkeun jami anu dibenerkeun ku Allah lantaran iman atanapi percaya ka Yesus Kristus, sedengkeun Kain téh ngagambarkeun jalma-jalma anu ngandelkeun kakuatan sorangan ku ngalakukeun kahadean atawa amal soleh. Palawargi aya dimana? naha aya dijalmi sapertos Habel atanapi dijalmi sapertos Kain?

Palawargi kaum dangu, kedah kauninga yen Allah téh bener, teu kompromi sareng dosa! Allah moal nyarios ka Adam, Hawa, Kain, sareng Habel tur sadaya katurunanana: "Kami terang yen maraneh téh geus darosa, tapi teu nanaon eta lain masalah serius, Kami bakal mopohokeun yen maraneh tos ngalakukeun dosa!" Naha tiasa Allah ngalakukeun hal sapertos kitu? Abdi yakin moal kitu. Saupamina Allah ngalakukeun hal sapertos kitu, bade sapertos kumaha jalma anu dosa ngaku kasucianaNa? Allah téh hakim anu saestu tur pasti baris ngahukum dosa. hukuman dosa téh maot! Eta margina Panebus anu Suci kedah pupus kanggo dosa-dosa urang, Anjeunna pupus dina kai palang kanggo mayar hukuman tina dosa-dosa abdi sareng dosa-dosana palawargi.

Dangukeun naon anu dicarioskuen ku Injil ngeunaan Jalan Bebeneran nu parantos ku Allah disayogikeun sateacanna. Pangandika Gusti nyarioskeun: *"Dosa asup ka dunya ku lantaran jelema saurang. Eta dosa mawa maot. Balukarna, maot teh sumebar sarta tumerap ka sakumna manusa, sabab sakabeh manusa geus keuna ku dosa."* (Rum 5:12) Palawargi, teu aya bentenna, sadaya manusa parantos ngalakukeun kasalahan atanapi dosa tur kaicalan kamulyaan Pangeran. Mung ku Sihkurniana Yesus Kristus urang parantos direpehkeun sareng Allah, margi Anjeunna paratos ngurbankeun saliraNa. Yesus parantos ditangtoskeun ku Allah kanggo janten jalan nu ngarapihkeun ku lantaran iman kana pangorbanan getihNa. Hal ieu téh dipidamelNa kangge mintonkeun kaadilanana, kumargi parantos ngantepkeun dosa-dosa nu parantos kajantenan kapungkur nalika Anjeunna nuju dina kasabaran. Palawargi, maksadna téh kangge mintonkeun kaadilanana dina jaman ayeuna, supaya sapertos anu dicarioskeun ku Pangandika Gusti anu nyebatkeun: *"Allah kersa ngangken manusa bener deui teh lamun manusa anut ka Yesus"*

*Kristus. Allah kersaeun kitu teh pikeun sakabeh anu percaya ka Kristus, lantaran manusa mah teu aya bedana; kabeh geus dosa, jarauh ti Allah anu iasa nyalametkeun. Jadi pang manusa bisa diangken bener deui ku Allah teh estu ngan ku karana rahmat Mantenna, ku jalan manusa teh dibebaskeun heula ku Kristus. Yesus ku Allah didamel kurban, supaya ku karana pupus-Na, manusa bisa dinyatakeun bebas tina dosa jeung dihampura, asal percaya ka Anjeunna. Ku jalan kieu Allah teh kersa-Na rek mintonkeun sipat adil-Na. Di jaman-jaman anu geus kaliwat, dosa manusa teh ku Allah disabaran bae henteu dihukum. Tapi ayeuna dosa teh ku Mantenna dibalitungkeun, pikeun netelakeun yen Mantenna adil. Ku jalan kieu Mantenna netelakeun yen Mantenna sipat bener, sarta kersa ngangken bener deui ka sing saha anu percaya ka Yesus. (Roma 3: 22- 26)." Upahna dosa teh maot, sabalikna ari kurnia Allah mah nya eta hirup langgeng sarta ngahiji jeung Kristus Yesus Gusti urang. " (Roma 6: 23).*

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 94

### Tinjauan 2 - Ibrahim: Bener Lantara ku Iman/ percaya

Kejadian 6-22, dst

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Palawargi, dina dinten ieu urang bade neraskeun hanca urang nu kalangkung ngeunaan bewara ti para nabi Allah. Bewara nu didugikeun para nabi nyaeta Beja Bingah ngeunaan naon nu parantos Allah lakukeun kanggo nyalametkeun katurunan Adam anu parantos ragrag ka dosa. bewara kumaha jalma-jalma anu teu bener dijantenkeun bener ku Allah.

Sapertos carios dina buku pasti aya awal sareng ahir, kitu oge sareng carios awal ngeunaan Adam anu nurut kana omongan Iblis musuhna Allah. Dosa nudilakukeun ku Adam parantos ngarambah jeung nular ka katurunana. Sapertos anu dicarioskeun Pangandika Gusti: *"Dosa asup ka dunya ku lantaran jelema saurang. Eta dosa mawa maot. Balukarna, maot teh sumebar sarta tumerap ka sakumna manusa, sabab sakabeh manusa geus keuna ku dosa."* (Roma 5: 12).

Dina Kitab Injil diseratkeun sumping waktuna nu tos ditangtoskeun Allah, Anjeunna ngutus saurang nu dijangjikeunNa. Saha Jurusalamat nu ku Allah dijangjikeun téh? Anjeunna nyaeta Mesias anu saestu nyaeta Yesus Kristus. Pangandika Gusti nyarioskeun: *"Ku lantaran dosa anu saurang, maot terus murba, balukar tina palanggaran jelema anu saurang tea. Tapi anu dilampahkeun ku manusa anu saurang deui, nya eta Yesus Kristus, berkahna pikeun jelema loba teh leuwih jembar deui. Kabeh, sakur anu narima rahmat Allah anu taya watesna, sakur anu geus dirapihkeun deui jeung Allah, hirupna bakal murba ku karena Kristus. Jadi sakumaha halna dosa jelema anu saurang ngalantarankeun sakabeh jelema dihukum, nya kitu keneh ku lampah hiji manusa anu tumut kana pangersa Allah ngalantarankeun sakabeh jelema dileupaskeun tina hukum sarta mareunang hirup. Jeung sakumaha halna kabeh jelema*

*keuna ku dosa ku lantaran henteu ta'atna jelema anu saurang, nya kitu keneh maranehanana bakal diangken bener deui ku lantaran ta'atna manusa anu saurang deui. (Roma 5: 17-19).*

Sapertos kitu cariosan Kitab Suci kumaha jalmi nu aya dijero Adam sareng jalmi nu aya dilebet Yesus. Urang lahir dina gambarna Adam, tapi Allah mulihkeun katurunan Adam dina kahirupan anu anyar jadi sarupa sagambar sareng Yesus Kristus. Kahirupan anyar kajantenan nalika urang ngaku jeung percanten ka Yesus Kristus nu tos nebus sadaya dosa urang, ngalangkungan kawasa Roh Suci nu barang damel dina kahirupan urang.

Palawargi, dina pangajaran ngeunaan putra-putra Adam, Kain sareng Habel. Urang ninggal seueur katurunan Adam nurutan kabiasaan gorengna Kain anu resep kana milampah dosa. matakna nalika nabi Nuh muncul, Pangandika Gusti nyarios: *" Ana PANGERAN uninga yen tiap manusa di dunya geus sakitu jarahatna, sarta pipikiranana salawasna pohara kalotorna."* (Kejadian 6:5). Allah geus geuleuh ku kalakuan manusa, dugika hayang ngabasmu ti dunya ieu. Allah miwarang Nuh kangge ngadamel kapal nu ageung supaya jadi tempat pikeun kulawarga jeung sasatoan. Salami 100 taun Allah sabar nahan diriNa ku kalakuan nu dilakukeun ku manusa, ternyata teu aya anu daek tobat. Ahirna Allah ngalaksanakeun jangjiNa, numpes sadaya manusa ti alam dunya kajaba Nuh, keluarga, katut sasatoan anu lebet kana kapal.

Dina ahir carios urang oge tiasa ngadangu yen katurunan nabi Nuh oge ngawitan ngahilapkeun Pangandika Allah, da memang maranehna oge katurunan Adam, anu tos kagungan tabiat dosa. salajengna majeng kana carios Babul dimana manusa mupakat pikeun ngumpul ngan dihiji tempat, namung Allah oge ngahukum maranehna ku cara ngacaukeun bahasa-bahasa maranehna tur maburencaykeun maranehna kasaalam dunya.

Salajengna urang dugi kana carios ngeunaan Ibrahim, Ibrahim kagungan posisi anu penting dina rarancang Allah kanggo nebus dosa katurunan Adam tina kawasa dosa. Ramana Ibrahim téh tukang nyembah brahala, Ibrahim nyalira jalma anu dosa lantaran katurunan ti Adam. Allah mintonkeun saliraNa ka Ibrahim tur marentahkeun Ibrahim pikeun kaluar ti tanah kalahiranana, margi Allah kagungan rarancang pikeun Ibrahim nyorang hiji nagri anu enggal anu baris Panebus anu Suci sumping. Sapertos anu kaunggel dina Kitab Suci anu nyarioskeun: *" Ngandika PANGERAN ka Abram, "Maneh kudu pindah. Lemah cai, baraya-baraya, eusi imah bapa, tinggalkeun. Jugjug hiji nagara anu engke rek dituduhkeun ku Kami. Maneh rek dibere turunan loba, anu pijadieun bangsa gede. Kami seja mere berkah ka maneh, sarta ngaran maneh ku Kami seja dijieun kamashur, nepi ka maneh pijadieun berkah. Kami baris ngaberkahan*

*ka anu ngaberkahan ka maneh. Baris nyapa ka anu nyapa ka maneh. Kabeh bangsa ku Kami baris diberkahan, ku jalan maneh.*" (Kejadian 12: 1-3).

Naha Allah nyumponan jangjiNa ka Ibrahim? Allah nyumponan! Nalika Ibrahim dina Yuswa 100 taun sareng Sara bojona 90 taun, Allah maparin saurang murangkalih pameget anu jenenganana Ishak saluyu sareng jangjiNa. Isak puputra Yakub, anu kagungan 12 katurunan pameget anu ngawujud suku Israel. Palawargi anu uninga Pangandika Gusti, terang yen ngalakungan Israel Sang Panebus baris sumping. Margi Maria (ibu Yesus) sareng Yusuf (rama angkat/ nu ngajagi Yesus) duanana katurunan Ibrahim. "*Ieu daptar karuhun-karuhun Yesus Kristus turunan Daud, ari Daud turunan Ibrahim.*"(Mat 1:1) wujud dunyana, Yesus asal ti katurunan Ibrahim, Ishak, sareng Yakub. Tapi wujud JiwaNa nyaeta Suci- Anjeunna Allah nu Maha Luhung, Pangandika anu lungsur ti sawarga babar kadunya.

Palawargi, urang terang yen Ibrahim lahir dina dosa, sami sapertos katurunan Adam anu sanesna. Namung Alkitab nyarioskeun ka urang yen Ibrahim aya di sawarga dipayuneun Allah nu Maha Suci salalamina! Patarosanana, naon anu dilakukeun ku Ibrahim dugika Allah ngahapunten dosa-dosana, dugika disebut salaku jalmi anu kamanah. Pangandika Gusti nyarios:" *Abram percanteneun kana dawuhana-Na. Sikep Abram kitu ku PANGERAN kamanah sarta katampi.*" (Kejadian 15:6).

Abram percaya ka Allah, eta anu ngajantenkeun anjeunna kamanah ku Gusti. palawargi kaum dangu, naha palawargi percanten kana Pangandika Gusti sapertos Abram? Allah miharep palawargi percaya kana jalan kasalametan anu parantos ku Allah ditangtoskeun sakumaha Abram percanten! Abram nyarios: "*Ibrahim ngawaler, "Enung, eta engke disayagikeun ku Allah ku manten."* Ketruk arangkat deui paduduaan."(Kej 22:8), Abram nyebat gunung eta Jehovah Jireh nu hartosna Allah nu nyayogikeun (Kej 22:14). Cariosan Abram mangrupikeun wujud imanna yen Allah baris nyayogikeun domba kurban, salaku gentos putrana. malihan mah Abram nyawang ka waktu nu baris datang dimana Panebus baris ngocorkeun getihNa di gunung anu sami- kanggo nyalametkeun sadaya jalma anu percaya ka Anjeunna tina panghakiman Allah anu maha adil.

Dina panalungtikan urang dina Injil, urang ninggal yen Yesus Kristus sumping 2000 taun saparantos masa Abram. Nyaeta kangge nyumponan nubuatna Abram, di gunung dimana Abram ngurbankeun domba salaku gegentos putrana, nya didinya Panebus Yesus ngocorkeun getihNa pikeun nebus dosa-dosa katurunan Adam. Eta margina, saparantos maranehna makukeun Yesus Kristus dina kai palang, Anjeunna nyarios: "geus rengse" kecap rengse hartosna "lengkep"atanapi "Lunas". Kunaon Yesus nyebatkeun "geus rengse"! Anjeunna nyarioskeun kitu kulantaran pupusNa dina kai palang parantos cumpon atanapi

ngarengsekeun rencana nyalametkeun, nu parantos ku Allah di carioskeun kapungkur ngalangkungan para nabiNa. Pupusna Yesu Kristus nyumponan lambang kurban Abram sareng kurban sasatoan! Palawargi kaum dangu sadaya, sing percanten palawargi yen Yesus nyalira mangrupikeun kurban "Domba" panungtungan {Idul-Adha} anu sampurna, anu diutus Allah ti sawarga? Naha palawargi kagungan iman sapertos imanna Ibrahim? Dangukeun cariosan Pangandika Gusti ngeunaan imanna Ibrahim:

*(Roma 4) 2 Upama anjeunna kamanah ku Allah ku sabab lampahna nu hade, pantes mun anjeunna agul. Tapi anjeunna di payuneun Allah henteu agul. 3 Kitab Suci nyebutkeun, "Ibrahim percaya ka Allah, sarta ku karena kapercayaanana anjeunna ku Allah diangken jelema bener." 21 Ibrahim kacida yakinna yen Allah kawasa ngalaksanakeun jangji-Na. 22 Nya ku eta kapercayaanana pang anjeunna "diangken jelema bener ku Allah" teh. 23 Eta kecap-kecap "diangken jelema bener" dituliskeunana lain ngan pikeun Ibrahim bae, 24 tapi pikeun urang oge. Sabab urang oge, anu percaya ka Mantenna anu ngagugahkeun Kristus Gusti urang tina maot, bakal diangken jelema bener. 25 Ku karena dosa urang, Yesus diserenkeun sina ditelasan, ti dinya dihirupkeun deui ku Allah, supaya ku jalan kitu urang bisa diangken jelema bener ku Allah.*

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 95

### Tinjauan 3 - Musa: Hukum Allah Anu Suci

Keluaran 1-20, dst

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Palawargi, dina dinten urang bade neraskeun panalungtikan ngeunaan bewara ti para nabi. Bewara Injil, dimana jalma anu dosa tiasa diangken bener dipayuneun Allah. Urang bade neuleuman deui ngeunaan Kitab Toret , nu diserat ku Musa. Didieu urang ningal kumaha karuhun urang Ibrahim ragrag kana dosa. Dosa Ibrahim sumebar ka sadaya turunanana, sapertos biang panyakit anu mawa kasangsaraan, sapertos nu tos dicarioskeun ku Allah samemehna. Namung puji Gusti, Pangandika Gusti nyarioskeun:” *Sanggeus Hukum Agama Yahudi diturunkeun, beuki loba anu nyarieun kasalahan. Tapi beuki remen jelema-jelema nyarieun dosa, Allah beuki tambah mikaasihna.*” Roma 5: 20). Pas pisan dina dinten Adam sareng Hawa ragrag kana dosa, Allah ku pinuh sihkurniaNa nyarioskeun yen dina hiji dinten, Anjeunna baris ngutus saurang Panebus ka dunya pikeun nembus katurunan Adam anu dibalukarkeun tina dosa.

Palawargi, dina Toret urang ningal yen Allah ngawidian umat Israel jadi budak di Mesir salami 400 taun sapertos nu tos diuningakeun Allah ka Ibrahim. Salajengna Allah ngutus Musa, saurang Israel anu dikukut tur dianggengkeun di istana Firaun. Allah ngutus Musa mayun ka Firaun tur nyarios,” *”Kaula ngemban timbalan PANGERAN, Allahna urang Israil. Kieu timbalana-Na, ‘Umat Kami idinan indit ka gurun keusik, geusan ngayakeun pesta ngamulyakeun ka Kami.’”*” *Lahiran raja, ”Saha PANGERAN teh? Naha aing kudu nurut kana parentah-Na, kudu ngidinan urang Israil iang? Aing teu wawuh ka PANGERAN. Aing moal ngidinan urang Israil arindit.”* Salajengna Allah mintonkeun kawasaNa ka Firaun sareng urang-urang Mesir, ngalangkungan salapan tulah, tapi keukeuh Firaun teu daek tobat. Allah cumarios deui ka Musa:” *”Kari sarupa deui siksaan anu ku Kami rek dikeunakeun ka raja sarahayatna. Geus kitu manehna bakal*

*ngidinan iang, malah maksa sangkan maraneh kabeh budal ti ieu nagara."* Emut palawargi tula naon eta téh? Leres, maotna anak cikalna disatiap imahna urang Mesir.

Allah maehan sating anak cikal urang Mesir, tapi anak cikalna urang Israel mah salamet. Kunaon anak cikalna urang Israel bisa saralamet? Kumargi aya getih anak domba anu dioleskeun dina pantu-pantu imahna. Sapertos kitu Allah nyalametkeun umat Israel tina genggemanana Firaun. Kitab Suci nyarios:" *Eta kajadian-kajadian anu keuna ka maranehanana teh pikeun conto ka nu sejen, mepelangan ka urang anu hirup dina jaman ahir.*" (1 Kor 10:11) Gambaran getih anak domba anu diolehs-oleskeun dina pantu-pantu urang Isarel ngagambarkeun jalan kasalametan anu ditangtoskeun ku Allah kanggo nyalametkeun jalma-jalma dosa tina genggeman Setan.

Palawargi, Pangandika Gusti nyebatkeun:" *Waler Yesus, "Kieu saenyana: Sing saha anu migawe dosa, ngawula kana dosa.*" (Yoh 8:34) katurunan Adam ngumawula kana dosa, bapakna tukang dosa téh Iblis. Sapertos Firaun, Iblis oge teu rela ngalepaskeun nu kumawula ka manehna supaya bebas! Naha aya nu tiasa ngabebaskeun urang tina genggeman kasawa Iblis? Puji Gusti aya pribadi anu tiasa ngabebaskeun! Nyaeta Yesus Kristus anu sumping ti sawarga nu parantos dicarioskeun ku para nabi ngenaan Anjeunna.

Palawargi, urang tiasa ninggal dina Toret yen Allah jangji baris ngaremukeun sirahna Iblis ngalangkungan Panebus anu Suci anu dibabarkeun ku saurang lajang. Nabi Daud nyeratkeun yen Penebus baris dirogahala ku cara anu bengis disiksa pangan sareng sampeanaNa baris dipaku, pupus dina kai palang teras gugah deui tina maot.

Pangandika Gusti nyebatkeun Yesus Kristus "Domba Allah", sakumaha domba-domba dipeuncit dina dinten Paskah, ngocor getihna pikeun ngabebaskeun tina hukuman. Kitu oge anu dilakukeun ku Yesus, dina dinten Paskah Anjeunna dipaku dina kai palang, ngalambangkeun kurbanna Ibrahim. Yesus mangrupikeun kurban anu panungtunganana sampurna kanggo dosa-dosa manusa. GetihNa Yesus anu sah anu ku Allah diperyogikeun kanggo nebus dosa-dosa katurunan Adam tina kawasa Iblis. Sapertos nu dicarioskeun Kitab Suci:" *Sabab Pesta Paska urang geus mimiti: Kristus anu diibaratkeun domba Paska geus dikurbankeun.*" (1 Kor. 5:7) *"Sajeroning urang keur teu bisa walakaya keneh, dina waktu anu geus ditangtukeun ku Allah, Yesus pupus jadi gaganti urang, jelema anu doraka. Jelema mah beurat kudu maot pikeun nu adil oge, kajaba sugan pikeun jelema anu kacida hadena. Tapi Allah mah geus nembongkeun asih-Na ka urang. Kristus pupus ngaganti urang sajeroning urang keur hirup keneh dina dosa!"* (Roma 5:6-8).

Palawargi, salajengna urang ngemut deui kumaha Allah ngalungsurkeun sapuluh parentahNa di gunung Sinai ka nabi Musa. Ti dinya Allah nimbalan, kieu timbalana-Na, "Masing nyaah ka Pangeran Allah maneh

terus jeung hate, terus jeung nyawa, sarta terus jeung budi akal.'Ulah ngabakti ka aallahan salian ti ka Kami." Poma ulah nyembah atawa ngabakti ka brahala." Ulah nyebut jenengan Kami geusan teu puguh," "Masing gumati kana poe Sabat, kudu disucikeun salalawasna."Masing hormat ka bapa jeung ka indung, "Ulah maehan".Ulah ngaranyed" Ulah maling"Ulah jadi saksi palsu".Ulah mikahayang imah batur; ulah mikahayang pamajikan batur, atawa mikahayang badegana, sapina, kaldena, atawa naon bae sakur nu jadi milik batur." Salajengna Allah nambahan cariosanaNa:" *Ngalanggar salah sahiji ayat eta hukum, ngalanggar oge anu sejen-sejenna.*(Yak 2:10) eta eusina hukum nu dipasihkeun ka Musa!

Palawargi, patarosan abdi "naha tiasa palawargi ngalakukeun atawa ngajalankeun sadaya parentah eta? Kitab Suci nyarioskeun: " *"Saurang ge taya nu bener"*(Rum 3:10)" *Lamun urang ngakukeun teu boga dosa, eta ngabobodo maneh, sarta Allah teu linggih di jero hate urang.*(1 Yoh 1:8). Moal aya saurang oge diantara urang anu tiasa ngalakukeun atawa ngajalankeun sadaya parentah Allah eta, margi urang sadaya parantos lahir tos aya tabiat dosa.

Panginten aya nu naros:"lamun teu aya saurang oge anu tiasa ngalakukeun hukum Musa, kunaon Allah masihkeun ka urang? Naha Allah miharep urang binasa! Teu, Allah mah sipatna nyaahan teu mihakoyong manusa binasa! Padahal ceuk Kitab Suci, saalam dunya geus katalikung ku kawasa dosa. Ku lantaran kitu, sih kurnia anu dijangjikeun ku Allah teh kakara bisa katampa lamun geus percaya ka Kristus. (Galatia 3:22)

Janten urang tiasa ninggal yen Allah tos mercantenkeun hukum anu suciNa ka jalma-jalma anu dosa kanggo nunjueken kateusampurnaana urang dipayuneunaNa, terang mintonkeun ka urang ngeunaan Yesus Kristus anu naggung kutukan akibat tina dosa. diantara manusa, Yesus Kristus nyaeta hiji-hijiNa anu tiasa ngajalankeun hukum anu suci anu ku Allah dipercayakeun ka Musa. Sapertos anu kauninga ku urang, Yesus Kristus benten sareng katurunan Adam nu sanesna, margi Anjeunna henteu kagungan sipat manusa anu dosa. Yesus téh Pangandika Allah anu langgeng, anu lungsur ti sawarga, nyandak rupa saurang manusa sapertos urang sadaya, namung teu kagungan pasipatan jahat sapertos manusa. Eta marginanalika Anjeunna masih aya keneh didunya ieu, Anjeunna nyarioskeun:" *"Ulah nyangka yen Kami datang teh rek ngeuweuhkeun Hukum Musa jeung pangajaran nabi-nabi. Pang Kami datang teh malah rek ngalaksanakeun eta, jeung rek nuduhkeun hartina nu saenyana.*(mat 5:17) Naha palawargi ngadangu naon anu ku Yesus dicarioskeun? Eta mangrupikeun bebeneran anu aya maknana jero sareng endah. Yesus ngalakukeun kanggo urang naon anu teu pernah tiasa dilakukeun ku katurunan Adam, Anjeunna nyumponan hukum Allah nu suci, ngocorkeun getihNa dina kai palang kanggo ngabatalkeun hukuman sareng panghakiman Allah ka urang.

Teu sakedahna Yesus pupus kumargi Anjeunna teu kagungan dosa, tapi kanggo nyumponan rencana Allah ngeunaan kasalamatan anu tos dijangjikeun ngalangkungan nabi-nabiNa. Yesus Kristus ku karidoanna nyalira nyerahkeun hirupNa kanggo urang sadaya. Saparantos ngocorkeun getihNa kangge ngahapus hutang dosa urang, Allah ngagugahkeun Anjeunna diantawis jalmi-jalmi anu maot dina dinten anu katilu!

Kamana palawargi ngagantungkeun harepan? Naha palawargi parantos ngandelkeun bewara Injil ti Allah ngeunaan Penubus anu estu anu nanggél hukuman dosa-dosa palawargi? Atapai dugika kiwari palawargi masih gumantung kana kakuatan sorangan sareng kana amal kahadean palawargi?

Palawargi, dina tepangan anu baris sumping urang bade ngadangu kumaha Yesus Almasih nyumponan sadaya hal anu parantos dinubuatkeunana ka para nabiNa ngeunaan kasalamatan kanggo katurunan Adam!

Cobi dangukeun naon anu ku Pangandika Gusti dicarisokeun: *“ Lamun Roh Allah, anu geus ngagugahkeun Yesus tina maot jumeneng di jero hate aranjeun, tangtu eta anu ngagugahkeun Kristus tina maot teh bakal ngahirupkeun deui badan aranjeun anu keuna ku maot tea, sabab Roh Mantenna jumeneng di jero hate aranjeun.”*(Roma 8:11)

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 96

### Tinjauan 4 - Yesus Kristus: "Geus Rengse"

Yohanes 19, Ibrani 10

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Palawargi, dina pangajaran anu kalangkungan urang parantos ngadangu bewara ti para nabi Allah. Allah parantos ngabagi kitabNa janten dua bagean, nyaeta Perjanjian Lawas sareng Perjanjian Enggal. KitabNa nyondong eusi Toret, Zabur sareng seratan nabi-nabi sanesna. Dina bagaean ngawitan tina eta kitab urang tiasa ningal kumaha karuhun urang Adam ngalawan atawa baha ka Allah dugika ngahasilkeun katurunana aya dina geenggeman Iblis. Namung, urang oge ngadangu kumaha Allah ngadugikeun jangjiNa kanggo ngutus saurang Jurusalamet anu kawasa. Jangji ieu mangrupikeun Beja Bingah anu penting dina Kitab Perjanjian Lawas.

Kanggo nyumponan rarancangNa ngutus Jurusalamet, Allah nganggo Ibrahim dina yuswa anu parantos sepuh tur nyarios:" *Maneh rek dibere turunan loba, anu pijadieun bangsa gede. Kami seja mere berkah ka maneh, sarta ngaran maneh ku Kami seja dijieun kamashur, nepi ka maneh pijadieun berkah. Kami baris ngaberkahan ka anu ngaberkahan ka maneh. Baris nyapa ka anu nyapa ka maneh. Kabeh bangsa ku Kami baris diberkahan, ku jalan maneh.*" Kej 12:2-3). Allah ngajantenkeun Ibrahim salaku bapa pikeun bangsa Israel. Margi ngalakungan bangsa Israel Allah mercantenkeun seratan-seratan para nabi. Salami 1500 taun Allah ngirim pesanna ka kaum Israel ngawitan ti nabi Musa dugi ka Yohanes.

Sapaertos anu kauningan ku urang, Allah nungtut Perjanjian nyaeta satiap jalma-jalma nu ngalakukeun dosa dituntut aya kurban sasatoan. Perjanjian eta eusina:" *nurutkeun Hukum Agama Yahudi, meh sagala rupa disucikeun ku getih, dosa oge bisa dihampura lamun geus aya getih anu ngocor kaluar. Upahna dosa téh maot!*" palawargi, kurban sasatoan anu dilakukeun nu tiawal saleresna teu leres-leres nebus dosa, kumargi bobotna sasatoan sareng manusa teu saimbang. Contona saupami abdi kagungan

momobilan cocooan, naha tiasa ku abdi dilironkeun sareng mobil anu nyaan? Tangtosna henteu atuh!margi teu saimbang. Kitu tah babandinganana téh. Kurban sasatoan mangrupikeun siloka/ gambaran sambil Allah ngantos waktuNa ngutus kurban anu saenyana: Panebus nu saestu anu nyandak Perjangjian Enggal.

Kitab Perjangjian Enggal, nyarioskeun ka urang ngeunaan perjangjian anu ku Allah dipidamel sareng manusa ngalangkungan GetihNa Panebus anu lungsur ti sawarga. Kunaon Panebus kedah lungsur ti sawarga? Waleranana, tiasa teu saupami saurang istri nyuhun barang candakanana, teras ditambahan deui kedah nyuhun barang milik baturana? Manusa anu dosa maol tiasa nebus hukuman manusa anu dosa, tapi Panebus anu diutus ku Allah teu kagungan dosa margi Anjeunna Roh Putra Allah anu Suci. Eta margina, Allah nemblehkeun bebana dosa urang ka Anjeunna.

Urang sadaya parantos ragrag kana dosa, teu aya saurang oge nu tiasa nulungan urang, kajabi Mesias anu sumping ti sawarga. Saupamina palawargi percanten ka Anjeunna, tinangtos Anjeunna baris narik palawargi tina liang dosa. Anjeunna sumping tujuanaNa kanggo nyalametkeun, sapertos dicarioskeun Kitab Suci:" *nya eta: Allah teh hiji, jeung ngan hiji bae jalan anu ngahijikeun manusa jeung Allah, nya eta manusa Kristus Yesus, anu geus ngurbankeun anjeun supaya kabeh manusa bisa disalametkeun. Ku jalan kitu, Allah teh dina mangsana geus ngabuktikeun kahoyongna nyalametkeun sakabeh manusa.*(1 Tim 2:5-6) " *Nya Yesus Imam Agung anu dipikabutuh ku urang teh. Anjeunna mah suci, tanpa cela, tanpa dosa, geus dipisahkeun ti manusa anu dosa, sarta geus diangkat ka tempat luhureun sakabeh langit.* ( Ibrani 7:26; 1:3).

Palawargi, Kitab Injil nyebutkeun:" *"Kuring geus papanggih jeung Mesias."* (Mesias teh hartina "Kristus," *Jurusalamet.*) *"Kuring geus papanggih jeung anu disebut-sebut ku Musa dina Kitab Hukum Allah jeung anu ditulis ku nabi-nabi tea. Anjeunna teh Yesus, putra Yusup urang Nasaret."* ( Yoh.1:41,45 ). Hanyakalna, seueur jalmi anu hirup dina jaman Gusti Yesus teu wanoh ka Anjeunna. Injil nyeratkeun:" *Ti mimiti keneh Pangandika teh geus sasarengan jeung Allah. Pangandika teh terus mijalma, jadi manusa, hirup di kalangan urang, jembar kurnia jeung saestu sipat-Na tur mulya kaayaan-Na, sarta kamulyaana-Na teh tembong ka urang, kamulyaan ti nu jadi Rama ka Putra tunggal. Dunya anu disumpingana-Na teh nagri kagugana-Na, tapi umat-Na embungeun narima."* (Yoh. 1:2, 14, 5, 10, 11).

Sakauninga ku urang, seueur jalmi ningal tanda-tanda sareng mujijatNa, namung maranehna teu uninga ka Anjeunna. Malihan aya nu nganggap Anjeunna ngan saurang nabi, kantenan para pamingpin agama Yahudi maranehna nolak Yesus sacara terus terang. Maranehna kalah timburu, anu ahirna nepika ngarogahala ku nyalibkeun dina kai palang. Tapi, memang kedah sapertos kitu rarancang Allah. Pupusna

Mesias dina kai panag saluyu sareng rarancangNa anu Suci anu tos didugikeun ka para nabi-nabiNa. Eta margina Anjeuna nyarios ka Petrus: “ *Dikira Kami teu bisa nyambat ka Rama Kami menta balad malaikat leuwih ti dua welas pasukan? Tapi lamun kitu kumaha rek laksana ucapan Kitab Suci yen kudu kieu jadona?*” (Matius 26: 53, 54).

Yesus parantos uninga tujuan kanggo naon Anjeunna sumping ka dunya, nyaeta kangge masrahkeun saliraNa, ngocorkeun getihNa kanggo jalma-jalma anu dosa. palawargi, masih emut naon anu didugikeun atanapi disaurkeun ku Yesus nalika Anjeunna nuju disalibkeun? Kitab Suci nyarioskeun, **“Geus Rengse”!** lajeng Anjeunna masrahkeun nyawaNa. Nalika Anjeunna ngantunkeun, reregan bait Allah soek beulah dua tiluhur kahandap. Yesus nyebatkeun “Geus Rengse”, maksudna supaya satiap jalma tiasa nyarios yen ngalangkungan getih Yesus, Allah parantos ngahapunten dosa-dosa katernan Adam tur maparin hak kanggo linggih dipayuneunaNa kanggo salalanggengna.

Ngalangkungan pupusNa, Gusti Yesus nyumponan cariosan-cariosan para nabi anu ngagambarkeun kurban sesembahan. gugahNa Yesus dina dinten katilu, mangrupikeun buktos anu nyata yen Allah nampi pangurbananaNa salaku panebus kanggo nebus dosa-dosa manusa salalanggengna. Yesus Kristus mangrupikeun kurban nu sampurna, nu ku Allah dipaparinkeun kanggo manusa, supaya sing saha nu percaya ka Anjeunna teu binasa tapi kening hirup nu langgeng!

Palawargi, ayeuna hayu urang dangukeun Pangandika Gusti ngeunaan kurban anu panungtungan tur sampurna nu ku Mesias dipidamel, nalika Anjeunna ngocorkeun getihNa dina kai palang kangge nebus dosa-dosa manusa. Pangandika Gusti nyarioskeun:

*(Ibrani 10) Aturan-aturan anu diparentahkeun ku Hukum Agama urang Yahudi ngan jadi gambar anu samar-samar tina hal-hal anu harade nu bakal datang, lain anu saenyana tina hal eta. Saban taun kurban deui, kurban deui, teu eureun-eureun, nu dikurbankeunana kitu-kitu keneh. Jadi eta kurban-kurban anu diparentahkeun ku Hukum Agama teh kumaha rek bisa nyampurnakeun manusa anu datang rek ngabakti ka Allah? 19 Jadi, dulur-dulur, ku jalan Kristus pupus urang ayeuna meunang asup ka Kamar Pangsucina.*

*20 Urang ku Anjeunna geus dipangmukakeun hiji jalan anu brasna kana hirup, jalan anu nembus reregan Kamar Pangsucina nya eta salira Kristus ku anjeun. 21 Urang boga hiji Imam Agung anu ngapalaan gedong Allah. 22 Ku sabab eta hayu urang sing deukeut ka Allah reujeung hate anu iklas, iman nu yakin, batin anu geus dikosongkeun tina rasa salah, jeung raga anu geus diberesihan ku cai anu ngagenclang. 26 Sabab lamun urang geus dibere jalan anu bener tapi angger ngahajakeun dosa, geus moal aya deui*

*kurban anu bisa mupus dosa. 27 Tinggal ngadago pitemaheunana nya eta Pangadilan anu pikasieuneun, jeung hurungna seuneu bendu Allah anu bakal ngahuru beak sakur anu ngalawan ka Mantenna!*

Ngalangkungan cariosan-cariosan ieu, Allah ngemutkeun ka urang sadaya dina dinten ieu supaya teu ngantepkeun kana hiji-hijina Jalan kasalametan anu aya dilebet Yesus Kristus. Teu aya deui anu tiasa dijantenkeun kurban, mung Yesus ku Anjeun. Ngalangkungan Yesus sareng percaya ka Anjeunna urang baris kening tur nampi kahirupan nu langgeng. Dina kai palang Yesus nyarios "Geus Rengse", hartosna satiap dosa manusa parantos direngsekeun ku Anjeunna.

Palawargi kaum dangu sadayana, sadar teu yen Yesus parantos nebus dosa-dosa urang? Percanten teu saupamina Yesus parantos ngarengsekeun karya panyalameetanana kanggo palawargi? Atanapi palawargi masih satekah-polah neangan cara kumaha biasa salamet ku kalakuan atanapi amal kahadean palawargi?

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.



## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 97

**Naraka**

Lukas 16

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Kitab Injil nyarios:

*" Sabalikna anu jejerih ku paeh, anu hianat, anu murtad, anu maehan, anu tuna susila, tukang sihir, anu muja brahala, jeung tukang bohong, bagianana paeh kadua, nya eta lautan seuneu jeung walirang." (Wahyu 21:8)*

*" Geura nyaringkah ti Kami, eh maraneh anu disapa ku Allah! Geura les arasup ka jero seuneu langgeng anu geus disadiakeun pikeun Iblis jeung para malaikatna! (Matius 5:41)*

*" Eta jelema-jelema anu karitu bakal dijongklokkeun ka tempat siksaan langgeng," saur Yesus. "Ari anu balener, anu ngalakonan pangersa Allah, bakal hirup bagja tur langgeng." (Mat 25:46)*

Naraka! Teu aya saurang oge anu resep nyarioskeun ngeunaan hal ieu, bahkan mikirkeunana wae geus teu hayang. Tapi justru dina dinten ieu urang baris diajar ngeunaan hal ieu, margi Allah kagungan pangemut anu seueur ngeunaan hal ieu. Urang baris neuleuman ngeunaan naraka jeung surga, sareng kumaha urang kagungan kayakinan yen tiasa lebet kasawarga sanes kanaraka. Seuseurna jalmi, boga pamikiran yen teu aya saurang oge anu terang kana naon anu baris kajantenan ka payun. Maranehna ngemut sapertos kitu lantaran teu acan terang kana Jalan kasalametan anu ku Allah parantos ditangtoskeun. Naon anu didugikeun ku Pangandika Gusti kumaha urang tiasa uninga sacara yakin yen urang tiasa lebet ka surga? Pangandika Gusti nyarios:” *Bapa nulis ieu teh mere terang yen aranjeun geus meunangkeun hirup langgeng, da percaya ka Putra Allah. (1 Yoh 5:13)*

Palawargi, uninga teu yen palawargi ngagaduhan hirup anu langgeng anu dinyatakeun dina Pangandika Gusti? Nalika hiji waktos palawargi ngantunkeun, kamana palawargi baris lebet? Saupamina palawargi

teuacan kagungan kapastian tina perkawis hal ieu, tangtosna pangajaran dinten kalintang pentingna pisan kangge palawargi.

Palawargi, rupina sawaktos Yesus masih aya didunya Anjeunna langkung seueur ngajarkeun ngeunaan naraka dibandingkeun sareng surga. Hayu urang dangukeun naon nu dicarioskeun ku Yesus ngeunaan naraka. Dina Injil Lukas, Yesus nyarios ka jalmi seueur saurNa:

*(Luk 16) 19"Aya hiji jelema beunghar, papakeanana bangsa anu pangmarahalna, saban poe hirupna royal. 20 Aya deui hiji jelema, ieu mah miskin, ngaranna Lasarus, awakna pinuh ku borok, sok diuk gigireun panto jelema beunghar tea, 21 bari ngarep-ngarep aya sesemplekan roti anu murag tina meja makanna, jang ngeusi beuteungna nu lapar. Borokna dilaletakan ku anjing. 22 Ki miskin teh maot, ku para malaikat tuluy dibawa ka Ibrahim, dipernahkeun gedengeunana, tempat utama. Nu beunghar tea ge maot, dikubur. 23 Satengahing keur ngararasakeun kanyeri anu pohara di dunyana anu paraeh, manehna tanggah, beh ti kajauhan nenjo Ibrahim, jeung Lasarus anu diuk digedengeunana."*

Naha palawargi ngartos naon anu kajantena ka jalma anu beunghar sareng jelema anu miskin, Lasarus? Kamana angkatna anu miskin nalika tos ngantunkeun? Jiwana ka sawarga, ka payuneun Allah dimana nabi Ibrahim linggih didinya. Terus kamana angkatna nu beunghar saparantos maot? Jiwana aya dinaraka, dimana tempatna panyiksaan. Patarosan salajengna, kunaon si miskin lebet surga, sedengkeun si beunghar ka naraka? Emut palawargi, kaayan miskin sanes hartosna teu kening kasalametan atawa urang benghar oge sanes hartosna bakal binasa. Lasarus, lebet ka sawarga kumargi manehna percaya kana jalan kasalametan anu dinyatakeun dina seratan-seratan para nabi. Tapi, anu beunghar mah teu paduli samasakali.

Hayu urang teraskeun aosan urang, kumaha Allah ngawidian jalma beunghar tiasa ngobrol sareng nabi Ibrahim, nu aya disawarga. Kieu cariosna:

*(Luk 16) 23 Satengahing keur ngararasakeun kanyeri anu pohara di dunyana anu paraeh, manehna tanggah, beh ti kajauhan nenjo Ibrahim, jeung Lasarus anu diuk digedengeunana. 24 Tuluy manehna gegeoran, 'Ama Ibrahim! Sing hawatos ka abdi, Lasarus sina ka dieu, sina nyelupkeun ramona saeutik kana cai keur ngabaseuhan letah abdi supados rada tiis. Abdi teu tahan dina ieu seuneu, liwat saking nyerina.' 25 Waler Ibrahim, 'Ih anaking, sing inget, hidep mah waktu keur hirup keneh geus meunang anu aralus, ari Lasarus mah anu garoreng. Ayeuna Lasarus kari senangna di dieu, hidep kari sangsarana di dinya. 26 Jeung deui ti dieu ka dinya teh aya jungkrang jero pisan, mustahil beunang dipeuntasan; nu ti dieu moal bisa ka dinya, nu ti dinya moal bisa ka dieu.' 27 Walon nu beunghar, 'Ama, upami kitu mah atuh Lasarus piwarang ka rorompok pun bapa bae, 28 reh abdi gaduh dulur limaana, sina dipepelingan*

*supados maranehna mah ulah dugi ka tigebrus ka ieu tempat siksaan.’ 29 Waler Ibrahim, ‘Maranehna geus mareunang pepeling tina Kitab Musa jeung Nabi-nabi, keun sina nurutkeun pepeling tina eta kitab-kitab.’ 30 Walonna deui, ‘Ku eta wungkul mah henteu cekap, Ama Ibrahim! Upami didongkapan ku anu hirup deui tinu maot mah tangtos maranehna tarobat.’ 31 Tapi waler Ibrahim, ‘Ari geus teu narurut kana pepeling Musa jeung nabi-nabi mah, masih didatangan ku nu geus paeh oge moal ngagugu.’”*

Didieu ahir tina carios jalma nu benghar sareng Lasarus, jalma beunghar nu aya di naraka aya dina kasangsaraan tur teu aya saurang oge anu tiasa ngaleupaskeun kasangsaraanana sina nyelupkeun ramona saeutik kana cai keur ngabaseuhan letahna oge teu tiasa. Si beunghar masih keneh dinaraka dugi kakiwari, nuju ngadago sumpingna panghukuman dima jiwa sareng ragana baris dialungkeun kana jero lautan seuneu. Sapaertos nu kaunggel dina Pangandika Gusti:” *Jelema-jelema anu ngaranna henteu aya dina kitab anu harirup, digebrus-gebruskeun ka eta lautan seuneu. bakal diinumman ku anggur ti Allah, anggur bebendu-Na anu ku Mantenna geus dieurihkeun sataker tanaga kana lumur bebendu-Na! Bakal disiksa ku seuneu jeung walirang, disaksian ku malaikat-malaikat suci jeung ku Anak Domba. Haseup seuneu panyiksana ngebul mumbul salalanggengna. Nu nyarembah ka si sato jeung ka arcana, anu tarang jeung leungeunna marake tanda ngaran eta sato, tangtu disiksa beurang peuting teu eureun-eureun.”* (Wahyu 20:15;14:10,11) Renungkeun hal ieu! Yen satiap jalma anu ngabaeukeun kana jalan kasalametan nu tos ku Allah ditangtoskeun baris asup ka naraka kanggo salalamina!

Palawargi, kade ulah gaduh emutan yen jalma anu tos lebet ka naraka bisa asup ka surga! Hal ieu teu saluyu sareng Pangandika Gusti nu nyarioskeun:” *”Eta jelema-jelema anu karitu bakal dijongklokkeun ka tempat siksaan langgeng,”* Mat 25:46) Palawargi, rupina mah saupamina urang ngadoakeun jalmi nu tos ngantunkeun téh teu aya manfaatna. Margi antara anu hirup sareng nu tos maot tos teu aya hubungan.

Naha palawargi ngadangu naon anu disuhunkeun ku jalma anu benghar ka Ibrahim? Manehna menta supaya Ibrahim ngirimkeun Lasarus ka bumi bapana kanggo ngemutkeun dulur-dulurna anu masih keneh hirup. Tujuanana supaya dulur-dulurna teu asup katempat dimana manehna aya ayeuna. Kumaha waleran Ibrahim? Ibrahimngawaler kieu: “ Waler Ibrahim, ‘Maranehna geus mareunang pepeling tina Kitab Musa jeung Nabi-nabi, keun sina nurutkeun pepeling tina eta kitab-kitab.’ Walonna deui, ‘Ku eta wungkul mah henteu cekap, Ama Ibrahim! Upami didongkapan ku anu hirup deui tinu maot mah tangtos maranehna tarobat.’ Tapi waler Ibrahim, ‘Ari geus teu narurut kana pepeling Musa jeung nabi-nabi mah, masih didatangan ku nu geus paeh oge moal ngagugu.”

Palawargi, terang teu Beja Bingah nabi-nabi Allah nu tiasa nyalametkeun palawargi ti naraka? Beja Bingah eta téh nyaeta pesen nu parantos palawargi dangukeun ngalangkungan acara ngeunaan Jalan

Kahirupan Sajati ieu. Beja Bingah nyaeta ngeunaan Panebus anu Suci , anu ku Allah diutus pikeun pupus dina kai palang kanggo nebus dosa-dosa urang tur nu baruis gugah tina pupusna dina dinten anu katilu. Pami palawargi ngaku jeung percaya yen Yesus teh Gusti, anu ku Allah geus digugahkeun tina maot, tangtu aranjeun salamet. Ku jalan percaya, urang bisa diangken bener ku Allah, sarta ku jalan ngaku ka Anjeunna urang tangtu salamet.

Palawargi, Allah teu nyiptakeun naraka pikeun manusa, tapi pikeun Iblis tur malaikat-malaikat anu jahat. Tapi dosa karuhun urang Adam anu nebihkeun urang ti Allah tur aya dina genggeman kawasa Iblis. Namung sukur kapayuneun Allah, margi parantos masihkeun Putra TunggaNa nyaeta Yesus Kristus Jurusalamet anu langgeng.

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 98

**Firdaus**

Wahyu 21, 22

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Palawargi, dina tepangan nu kalangkung urang parantos ngadangukeun ngeunaan naraka. Naraka téh tempat anu pikasieuneun, anu diciptakeun pikeun Iblis jeung malaikat anu jahat. Jadi saupami aya jalmi anu ngabaeukeun kana kasalametan anu ti Allah, niscaya jalmi eta oge bakal ka naraka. Injil nyarioskeun:” *Jelema-jelema anu ngaranna henteu aya dina kitab anu harirup, digebrus-gebruskeun ka eta lautan seuneu.* (Wahyu 20:15).

Dina dinten ieu urang bade ngadangukeun ngeunaan firdaus atanapi surga. Kanggo jalmi-jalmi anu aya didaerah Timur, percaya yen seueur surga(firdaus) sareng rupi-rupi kanikmatan nu aya dilebetna saluyu sareng kahadean-kahadeanana. Aya oge nu gaduh emutan, saurang téh ngawitan kedah asup ka naraka, tapi saparantos mayar hutang dosana, manehna baris ngalih ka surga. Aya oge anu gaduh emutan yen surga téh tempat nu ku Allah disadiakeun pikeun maranehna anu taat kana tugas-tugas kaagmaanana, sareng di surga téh tiasa tuang, ngeleueut, ngudag kasenangan. Tangtosna wae seueur emutan ngeunaan surga tur cara supaya tiasa lebetna. Namung, perhatosan urang dina dinten ieu sanes mung ceuk pandangan manusa, tapi numutkeun Pangandika Gusti anu Suci!

Taman Firdaus kagungan seueur sesebatan numutkeun kitab-kitab para nabi. Disebat surga; Panglingihan Allah; bumi Allah; tempat anu suci, kota Allah anu hirup; Yerusalem sorgawi; bumina para malaikat sareng Putra Allah; tempat kangge umat Allah anu namina kacatet di surga. Gusti Yesus, nyebat firdaus téh salaku “Bumi Rama”, kumargi diditu dimana Anjeunna aya sateuacan dibabarkeun ka dunya.

Firdaus téh tempat dimana Putra nu Maha luhung, nyaeta Yesus linggih dina tahtaNa, dina tengeneun Allah nu Maha Kawasa. Firdaus oge tempat linggihna mangrebu-rebu malaikat anu ngurilingan kota eta,

sasarengan kempelan ageung manusa anu parantos Allah tebus ngalakungan getiNa Anak Domba, nyaeta Yesus Kristus.

Palawargi, hayu ayeuna urang dangukeun Pangandika Gusti ngalangkungan Yohanes anu nyarioskeun ngeunaan firdaus.

*(Wahyu 21) 10 Seug kaula dikawasaan ku Roh, dibawa ku eta malaikat ka hiji puncak gunung anu kacida luhurna. Tuluy ditembongan Kota Suci Yerusalem nu keur turun ti sawarga, ti Allah. 11 Katembongna mani ngempur ku kamulyaan Allah, murub-mubyar kawas cahaya batu adi, cahaya batu widuri pandan, herang saperti kristal. 12 Eta kota make kuta anu nya gede nya luhur, make lawang dua belas anu dijaga ku dua belas malaikat. Lawang-lawangna ditulisan ngaran dua belas kaom bangsa Israil. 16 panjangna eta kota teh 2.400 kilometer; rubakna jeung luhurna oge sakitu. Lawangna dua welasanana mutiara, hiji lawang tina hiji mutiara. Jalan gedena emas murni mani ngagenclang tembus tingal. 22 Di eta kota teu aya Bait Allah, sabab nu jadi bait sucina Allah Nu Maha Kawasa ku manten jeung Anak Domba tea. 23 Jeung teu perlu aya panonpoe atawa bulan, sabab geus caang ku cahaya kamulyaan Allah, ari lampuna Anak Domba. 24 Bangsa-bangsa di dinya bakal nyorang eta caang, raja-raja di bumi marawakeun pangbakti ka dinya. 25 Lawang-lawangna maruka sapapanjangna, sabab di dinya taya peutingna. 27 Anu bisa ka darinya ngan anu ngaranna aya dina kitab jelema-jelema nu harirup kagunganana Anak Domba tea.*

*(Wahyu 22) 3 Di eta kota geus moal aya deui anu diragragan supata ku Allah. Tahta Allah jeung tahta Anak Domba bakal aya di dinya, sarta Mantenna dibarakti ku abdi-abdi-Na. 4 Jenengana-Na bakal ditulis dina tarang abdi-abdi-Na. 5 Di dinya geus taya peuting, teu perlu lampu atawa cahaya panonpoe, geus caang ku cahaya kamulyaan Gusti Allah.*

Sapaertos kitu Allah mintonkeun ka Yohanes ngeunaan kota suci nu parantos ku Anjeunna disayogikeun pikeun saha wae anu milih jalan bebeneranaNa. Yesus kantos nyarios ka para muridNa ngeunaan Bumi Allah sareng jalan nu tiasa nuju kaditu, Anjeunna nyarios:

*(Yohanes 14) 1 "Maraneh ulah salempang," saur-Na deui. "Sing percaya ka Allah, sarta sing percaya ka Kami. 2 Di bumi Rama Kami loba kamar, sarta ayeuna Kami rek ka ditu nyadiakeun pitempateun maraneh. Lamun teu kitu ku Kami moal diomongkeun ka maraneh. 3 Sanggeus nyadiakeun pitempateun maraneh, Kami ti ditu tangtu bakal datang deui nyokot maraneh, supaya maraneh oge aya di tempat Kami. 4 Maraneh geus nyaraho jalanna ka tempat anu ku Kami rek diteang." 6 "Kami jalanna, Kami kayaktian, Kami sumberna hirup. Ku sabab eta, lamun henteu ku jalan Kami, moal aya anu bisa datang ka Rama." Eta nu dicarioskeun ku Yesus ngeunaan Firdaus, Anjeunna ku anjeun Jalanna, pami teu ku*

Anjeunna pamohalan urang tiasa lebet. Injil sanesna oge nyarioskeun:” Anjeunna, sareng mung Anjeunna bae anu tiasa nyalametkeun manusa teh. Di saalam dunya teu aya deui manusa anu ku Allah dipaparin kawasa nyalametkeun, mung Yesus Kristus.” (Kis. 4:12) ” Allah teh hiji, jeung ngan hiji bae jalan anu ngahijikeun manusa jeung Allah, nya eta manusa Kristus Yesus, anu geus ngurbankeun anjeun supaya kabeh manusa bisa disalametkeun.” (1 Tim. 2:5,6).

Pribadi anu tiasa nyandak urang ka surga téh nyaeta Yesus Kristus anu diutus Allah, kangge nyandak jalmi-jalmi dosa kapayuneun Allah. Kristus babar kadunya, hirup pinuh kasucian, ngocorkeun getihNa, pupus, teras gugah tina maot dina dinten katilu.

Palawargi, kacarioskeun di hiji desa aya saurang lalaki anu kagungan sacangkewok taneuh. Tapi, aya saurang panguasa desa didinya anu ngarampas tanahna, antukna manehna teu bisa pepelakan deui. Teu aya saurang oge anu bisa nulungan manehna, lantaran memang manehna teu boga duit pikeun mayarna. Ahirna manehna muncul pamikiran pikeun indit ka kota, seja ngadatangan presiden anu ngawasaan eta desa tur ceuk pikirna ah kuring rek menta tulung ka manehna.

Nalika manehna geus nepi kaharepeun gedung, ninggali imah anu kacida agrengna. Waktu nepi kahareupeun gerbang imah tur rek nyoba asup ku papakaean anu saayana, tapi ujug-ujug datang saurang panjaga ngadatangan manehna tur nepikeun pesen yen bisa sambarangan jelema papanggih jeung sang presiden komo deui manehna make papakaean anu teu layak, bau, kotor ah teu layak pokokna mah manehna pikeun bisa nyangharep ka presiden. Malahan mah penjaga the satengah ngusir ka manehna. Tapi, manehna teu eleh deet isuk-isuk keneh manehna indit ka tengah kota jadi baramaen menta-menta nepi sore. Manehna bisa meli sababarha potong pakean, beberesih mandi terus ngadatangan deui katempatna presiden. Barang nepika gerbang imahna presiden, penjaga didinya ngadatangan deui, “bener maneh ayeuna geus make baju, tapi baju anu dipake ku maneh teo cocok keur nyangharep ka sang presiden, bari jeung ketang maneh geus make baju lamun cocok oge maneh teu bisa langsung papanggih jeung presiden lamun teu boga ijin husus pikeun asup ka bumina presiden?”

Palawargi, ahirna silalaki ieu jadi ciut hatena, saurna:”naon gunana? Sagala hal nu ku kuring geus dilakukeun téh, geuningan anger kuring teu bisa papanggih jeung nu kawasa di desa kuring!” Putus harepanana, manehn ahirna diuk disisi jalan bari jeung pinuh ku kakeuheul. Tapi, sawatara kajadian eta téh lumangsung, ternyata sang presiden oge merhatikeun jeung ningali hal eta téh, malahan mah putra sulung sang presiden oge aya didinya. Ahirna presiden ngutus putrana, supaya indit ngadatangan lalaki eta,”tanya naon anu dipikahayang ku jelema itu téh.” Nalika putra presiden ngadatangan lalaki eta, manehna jongkok tur nyarios,” Pak aya nu tiasa dibantos ku abdi? Naon anu ngajantenkeun bapa tiasa

dugika dieu tur kunaon katinggalna kacida keuheulna kitu?" si lalaki eta nyarios ka manehna,"abdi téh hoyong papendak pisan sareng pa presiden, tapi ternyata mustahil pisan sagala ihtiar jeung usaha kuring sia-sia! Saur putrana presiden," bapak abdi téh murangkalihna bapak Presiden anu rek ditepangan ku bapak, sareng abdi kadieu téh diutus/dipiwarang ku pun bapak kangge ngabantos bapak". Hayu bapak ngiring sareng abdi,"Janten silalaki ieu lebet kagedung presiden disarengan ku murangkalihna, nu ahirna manehna tiasa tepang langsung sareng pak Presiden, kumargi pitulungna sareng kawasa anakna presiden tea.

Palawargi, urang oge teu tiasa lebet kapayuneun hadirat Allah ku cara ngalakukeun naon wae. Sagala tarekah atawa usaha urang moal pernah tiasa mere jalan asup ka urang. Firdaus téh tempat nu suci, jadi moal bisa asup anu sipatna najis atawa anu ngalakukeun kajahatan atawa dosa!( Wahyu 21:27) Anu tiasa nyandak urang nyaeta Yesus Kristus, Putra Allah nu Maha Agung, Anak Domba Allah anu sumping ti Firdaus, pupus janten kurban panghapus dosa, gugah tina pupus sareng mulih deui ka Firdaus!

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu,mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan



# Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 99

## Numutkeun Palawargi Saha Yesus?

Bagian 1

Palawargi kaum dangu sadayana ....

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan nami Gusti nu Maha Suci Allah nu Maha Kawasa anu maparinan kasatiap jalmi kanggo neuleuman sareng taat kana jalan bebeneran anu parantos dipidamelNa tur nampi katentreman nu sajati sareng Anjeunna salalamina.

-----

Palawargi, dina kurun waktu nu cukup lami urang parantos nalungtik kitab Suci nu diserat ku para nabi-nabi. Urang ningal kumaha Allah nyiapkeun jalan kanggo jalma-jalma dosa, tiasa diangken bener ku Allah. Urang ningal kumaha Yesus nyumponan cariosan para nabi kapungkur. Dina tepangan dinten ieu, urang bade ngabahas, "Numutkeun Palawargi Saha Yesus téh?".

Palawargi, dina pangajaran ngeunaan Injil urang ngadangu Yesus naros kieu, ""Kumaha ari ceuk aranjeun, turunan saha ari Kristus?" (Mat 22:42). Ieu mangrupikeun patarosan anu kalintang penting pisan anu kedah diwaler ku satiap manusa anu hirup, margi ahir kahirupan urang gumantungna kana walerean atawa jawaban urang kana patarosan ieu. Moal lami deui Yesus Almasih baris sumping, nalika Anjuenna sumping tangtos baris naros, "Kumaha ari ceuk aranjeun, saha ari Kristus téh?"

Dina bagian nu kahiji ieu urang bade ngabahas ngeunaan lima patarosan, nyaeta:

### ***Kahiji, Numutkeun palawargi kumaha ngeunaan babarNa nu ajaib?***

Teuacan kantos aya anu babar sapertos Anjeunna, nyaeta Yesus Putra Mariam. Benten sareng Yohanes putra Zakaria, Salomo putra Daud, Ismael putra Ibrahim, sadayana aya marga bapana atawa nambihan ngaran bapana. Yesus mah henteu tapi mung nami ibuna hungkul, kunaon? Lantaran Yesus teu kagungan bapa di dunya. Anjeunna dibabarkeun ku saurang lajang anu masih parawan. 700 taun saacan Mesias lahir, nabi Yesaya tos ngaramalkeun kumaha Anjeunna baris babar, "Pangeran ku mantén bade maparin tanda. Kieu: Hiji lajang bakal bobot, seug ngowokeun putra pameget, dijenenganan Immanuel." (Yes 7:14).

Urang sadaya katurunan Adam diciptakeun tina taneuh nu asalna tibeum, tapi Yesus Kristus mah lungsur ti sawarga. Anjeunna Suci, sami sapaertos Allah nu Suci. Kangge naon Yesus sumping, Injil nyariskeun: "*Kristus Yesus sumping ka dunya pikeun nyalametkeun jalma dosa*" (1 Tim 1:15).

Kacarioskeun aya jalma ragrag kana sumur anu jero, anjeuna nyarios kanu sejen, "Cing salametkeun kuring ti tempat ieu!? Anu sanesna nyarios," kumaha kuring bisa nyalametkeun didinya, pan urang aya ditempat nu sarua?" palawargi lantaran aya dina liang anu sami, jadi masing-masing teu bisa nyalametkeun. Salanjengna maranehna ngadangu suanten tiluhur nyelengkeung bari nyarios pek carekel tah tali anu turun rek nulungan maranehna.

Palawargi, nabi anu bageur oge teu tiasa nyalametkeun dirina sorangan, lantaran aranjeunna oge jalma-jalma anu dosa. benten sareng Yesus, Anjeunna teu kagungan sipat dosa, margi Anjeunna sumping ti surga. Nalikan Anjeunna babar, Allah nempatkeun hiji bintang anu ageung di langit kanggo ngumumkeun ngeunaan babarna Mesias anu suci! Kalintang Ahengna/ajaibna babarna Anjeunna téh!

### ***Kadua nyaeta kumaha pandangan salira ngeunaan sipatNa nu Suci?***

Yesus téh sampurna, Anjeunna teu pernah ngalakukeun dosa, Anjeunna teu meryogikeun pangampunan margi Anjeunna teu kagungan kalepatan ka singsaha wae. Nabi sareng jalma kedah tobat sareng nyuhunkeun panghampura ti Allah, Yesus mah teu meryogikeun pangampunan margi teu pernah ngalakukeun dosa. teu kantos aya sareng moal kantos menakan urang dina Alkitab pami Yesus nyuhunkeun pangampunan.

Rengrengan sareng musuh-musuhNA sadayana maparinkasaksian yen maranehna teu tiasa mendakan kalepatan ti Anjeunna, Yesus langkung ti saurang nabi. Yesus téh Pangandika Allah anu hirup dina wujud manusa, Yesus kagungan pasipatan anu sae sareng Suci. Teu aya anu tiasa ngabadingan Anjeunna dina sagalana.

### **Katilu nyaeta *kumaha pandangan salira ngeunaan cariosan-cariosanaNa?***

Dina hiji dinten, musuh-musuhNA ngirim para sardadu pikeun newak Anjeunna. Tapi nalika ngadangu pangajaran Anjeunna, maraehna marukang teu tulus newak Anjeunna. Maranehna heran sareng nyarios: "Jalmi biasa mah moal tiasa ngalahir kitu sapertos Anjeunna," walonna. (Yoh 7:46). Dangukeun naon nu dicarioskeun ku Anjeunna ngeunaan diriNa, " *"Kaula teh caangna dunya. Anu anut ka Kaula moal nyorang anu poek, sabab ngabogaan caang kahirupan."* (Yoh 8:12). Para nabi nyebat Anjeunna Mesias" *lir panonpoe meletek, sarta sinarna matak nyageurkeun.* (Maleakhi 4:2). Yesus Kristus téh sapertos panon peo, anu sinarna matak nyegerkeun. Anjeunna aya kanggo nyaangan satiap nagara di alam dunya.

Yesus nyalira nyebatkeun, " *"Kami jalanna, Kami kayaktian, Kami sumberna hirup. Ku sabab eta, lamun henteu ku jalan Kami, moal aya anu bisa datang ka Rama."* (Yoh 14:6). Benten pisan sareng pangajaran-pangajaranNa sareng pamingpin-pamingpin agama nu sanes, nu biasana nyebatkeun, "lakukeun ieu, lakukeun itu", Yesus mah mung nyebatkeun "kami Jalanna". Percanten ka Anjeunna, sumping ka Anjeunna, urang pasti kenging hak linggih dipayuneun Allah salalanggengna.

Yesus sangat berbeda dari para pemimpin-pemimpin agama yang memberi perintah dengan mengatakan, "lakukan ini, ikuti pengajaran ini. Ini jalannya. lakukan perintah-perintah ini..." Tuhan Yesus berkata, "Akulah jalan. Percayalah padaKu, datanglah kepadaKu dan engkau akan memperoleh hak untuk diam di

### **Kaopat, naon pandangan salira ngeunaan padamelan Yesus anu Agung?**

Anjeunna tiasa ngalakukeun naon wae, sadaya kawasa tos dipaparinkeun ka Anjeunna. Naon wae nu ku Allah dipidamel ku Yesus oge dipidamel, kangge mintonkeun ka jalma-jalma timana Anjeunna datang sareng saha Anjeunna. Saha nu tiasa nenangkeun Aangin? Saha nu tiasa ngahirupkeun nu tos maot? Saha nu ngabentakeun jalmi anu lolong? Saha nu tiasa ngadamangkeun tina sagala jenis panyakit? Saha nu bisa ngusir Setan? Waleranana pasti Allah leres! Tapi, ulah hilappalawargi, Yesus oge tiasa ngalakukeun sadayana.

Buktosna, " *Ti dinya Anjeunna ngalahir ka nu lumpuh tea, saur-Na, "Geura hudang, bale-balena angkat, jung geura balik!"*(Lukas 5:24) nu lumpuh langsung cengkak tuluy jalan. Salajengna: " *Sanggeus ngalahir kitu, soanten-Na ditarikkeun, "Lasarus! Geura bijil!"*(Yoh 11:43) mayit langsur kaluar tina kuburna.

Baris sumping dintena, dimana sadaya jalmi anu dosa dijoro kubur baris ngadangu suantenNa tur baris gugas sareng ngadeg dipayuneun Anjeunna. Palawargi kaum dangu oge sami, baris kaluar tina jero kubur nalika palawargi tos ngantunkeun. Danget ieu Yesus maparin otoritas kangge palawargi hirup salalamina ditaman Firdaus, saupamina palawargi percanten ka Anjeunna, nampi Anjeunna salaku Jurusalamet

sareng Gustina palawargi. Yesus seueur ngarobih kahirupan jalmi-jalmi anu percaya ka Anjeunna, kalebet kahirupan palawargi. Naon pandangan palawargi ngeunaan Yesus? Naon pandangan palawargi ngeunaan padamelan-padamelanaNa?

**Kalima, numutkeun salira kumaha kumaha ngeunaan sesebatan Yesus?**

Sapaertos anu parantos kadangu ku urang ngalangkungan seratan-seratan para nabi, Yesus kagungan seueur pisan sesebatan. Sesebatan eta téh pikeun ngabantos urang kanggo tiasa langkung neuleuman perkawis Anjeunna. Anjeunna disebut: Imanuel, Firman, Anak manusa, Domba Allah, Panebus, Juruselamat, Roti kahirupan, pokok anggur nu sajatir, pangangon anu sae, Caangna dunya, Gusti nu pinuh kamulyaan, nu Ngagugahkeun, Awal sareng Ahir, panto, jalan, bebeneran sareng hirup, Putra Allah!

Urang ngadangu sebatan kanggo nabi-nabi Allah, sapertos Musa disebut kagungan Allah, nabi Ibrahim disebut sobatna Allah. Tapi mung hiji nu disebut Putra Allah nyaeta Yesus Kristus. Pangandika Gusti nyebatkeun: *"bray aya mega ngagebray turun mayungan ka aranjeunna. Tina eta mega aya soara, ungelna, "Tah ieu téh Putra Kami, kaasih Kami, anu kamanah ku Kami. Masing ngagugu ka Anjeunna!"*

(Matius 17:5). Naon nu dimaksud ku Allah? Anak téh ngagambarkeun sipat /kahirupan Bapana. Yesus mintonkeun ka urang kumaha Allah téh. Eta margina Pangandika Gusti nyebatkeun: *Jelema can aya anu geus ningal Allah. Tapi urang bakal terang ka Mantenna ti Yesus Kristus, Putra tunggal Allah, anu sarua jeung Allah, anu salawasna sasarengan jeung Allah.* (Yohanes1:18).

Naon pandangan palawargi ngeunaan nami-nami sareng seseban Yesus Kristus? Anjeunna teu tiasa dibandingkeun sareng nu sanesna. Kumaha pandangan palawargi ngeunaan babarNa, pasipatanaNa, CariosanaNa, sareng padamelanNa? Sapertos kumaha palawargi nanggap hal perkawis AnjeunNa? Naon pandangan palawargi ngeunaan Kristus? Putra saha Anjeunna téh?

Tepangan urang dina dinten ieu parantos rengse, dina tepangan salajengna deui urang baris ngawaler lima patarosan ngeunaan Yesus tur baris ngarengsekeun pangajaran urang ngeunaan kitab-kitab anu diserat ku para nabi nyaeta Kitab Suci.

Palawargi, dugika dieu heula tepangan urang dina acara Jalan Kahirupan Sajati. Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun sareng wilujeng patepang deui, Gusti Yesus ngaberkahan.

## Jalan Kahirupan Sajati

Pangajaran 100

### Numutkeun Palawargi Saha Yesus Téh?

Bagean 2

Palawargi kaum dangu sadayana...

Pamugi tampi salam ti abdi ngalangkungan Allah nu Maha Asih nu ngawidian satiap jalmi tiasa ngartos sareng taat kana Jalan Kahirupan nu parantos dipidamel ku Anjeunna tur kenging katentreman anu sayati kanggo salalamina.

-----

Palawargi, abdi kalintang bingah kumargi tiasa patepang dangu ngalangkungan acara Jalan Kahirupan Sajati dina dinten ieu. Dangeut ieu urang bade neraskeun pangajaran ngeunaan "Numutkeun palawargi saha Yesus téh?" nu parantos dingawitan dina tepangan anu anu kalangkung. Patarosan eta kalintang penting kumargi pangartosan urang ngeunaan Yesus bakal nangtoskeun dimana urang baris nganjreg dina kalanggengan.

Palawargi, dina tepangan nu kalangkung abdi parantos nguningakeun hal babarNa nu aheng, sipat sareng kalakuanaNa anu suci, pangajaranaNa anu sae, kawasaNa anu dasyat sareng julukan anu anu di tunjukeun ka Mantena, sareng tumaros kumaha pandangan palawargi kana sadaya kanyataan eta .... Kumargi kitu, dina dinten ieu masih keneh aya lima patarosan penting anu bade didugikeun ka palawargi ngeunaan Yesus Kristus. Patarosanana:

#### **Kagenep, numutkeun palawargi kumaha ngeunaan pupusNa?**

Terang teu palawargi dimana sareng kumaha urang bakal ngantunkeun? Tangtosna abdi sareng palawargi teu terang ngeunaan hal eta, benten sareng Yesus, Anjeunna uninga iraha jeung kumaha bakal pupusNA. Sapertos nu kaunggel dina Injil *"31 Murid-murid ku Yesus dicandak nyisi, sarta Anjeunna tuluy ngalahir ka maranehna, "Darengkeun! Ayeuna urang keur ka Yerusalem. Di ditu, naon-naon anu geus ditulis ku nabi-nabi tina hal Putra Manusa bakal kajadian. 32 Anjeunna bakal diserenkeun ka bangsa anu anutna lain ka Allah, pada moyok, pada ngahinakeun, jeung pada nyiduhan, 33 tuluy dirangket, tungtungna dipaehan. Tapi sanggeus tilu poe ti semet eta bakal hirup deui."* (Lukas 18:31-33)

Yesus parantos nyarioskeun langkung tipayun ka murid-muridNa, iraha Anjeunna bade pupus nyaeta sareng dina poenan pesta Paskah. Dina dinten anu sareng eta Anjeunna baris pupus salaku Anak Domba Allah, salaku kurban kanggo ngahapus dosa manusa. pupusNa Yesus benten sareng jalma biasa, kumargi Anjeunna ku anjeun anu milih kanggo pupus. Sapertos anu kaunggel dina Injil, "Saenyana moal aya anu bisa ngarebut nyawa Kami. Dikorbankeun oge ku karana kaiklasan Kami; Kami kawasa nyerenkeun, kawasa nyokotna deui. Kitu pangersana Ama Kami." (Yohanes 10:18)

Yesus maparinkeun nyawaNa dugikeun ka kersa dipentang dina kai palang, sadayana dilakukeun kangge urang sadaya. Yesus pupus kangge supaya aya panghampura dosa sareng maparinan jaminan kangge urang disawarga. 700 taun sateuacan Yesus sumping, nabi Yesaya nyarioskeun: "5 Pang anjeunna taratu teh, ku karana dosa urang. Anjeunna pada ngarangketan, ku karana kajahatan urang. Anjeunna nandangan hukuman, sangkan urang disalametkeun, anjeunna raraheut, sangkan urang dicageurkeun.6 Urang teh ibarat domba leungit, ngalantrah neangan jalan sorangan. Tapi hukuman anu kuduna keuna ka urang, ku PANGERAN diteumbleuhkeun ka anjeunna." (Yesaya 53:5-6)

Palawargi, hal ieu mangrupikeun alesan kunaon Yesus kedah pupus. Anjeunna Pangangon nu Sae, rela ngurbankeun nyawaNa kangge domba-dombaNa. Teu aya nu sapertos Mantenna. Patarosan anu salanjengna nyaeta:

### **Katujuh, naon pamenadak palawargi tumali sareng kaunggulan tina Yesus, nyaeta gugah tina pupusNa?**

Yesus pupus sareng dikuburkeun, para musuhNa neangan cara pikeun ngajaga kuburNa. Maranehna nutupan kuburan Yesus nganggo batu anu ageung, malihan nempatkeun para sardadu pikeun ngajagaanana. Namung sadayana eta teu tiasa ngahalangan kanggo Yesus gugah tina pupusNa. Yesus Yesus tina pupusNa dina dinten katilu tur mendakan para muridNa. Salajengna Anjeunna nembongan deui langkung ti ka 500 urang. Maranehna ninggal Anjeunna, ngajamah sareng tuangsasarengan sareng Anjeunna separatos gugah tina pupusNa. Anjeunna oge ninggalkeun raheut-raheutNa. Allah ngagugahkeun Yesus tina pupusNa kangge ngabuktoskeun ka ieu dunya yen Anjeunna (Allah) nampi kana pangorbana Yesus dina kai palang salaku panebus dosa nu sampurna.

Maot téh mangrupikeun musuh anu kuat, karuhun urang maot, nabi-nabi maot, kalebet urang oge bakal maot. Tapi, sukur ka payuneun Allah pami Yesus parantos ngelehkeun kawasa maot, Anjeunna Jurusalamet anu hirup, Anjeunna janten jalan kanggo manusa tiasa sumping ka payuneun Allah. Teu aya saurang nabi anu tiasa sapertos Anjeunna, numutkeun palawargi kumaha perkawis pupusNa? Patarosan salajengna:

### **Kadalapan, naon pamendak palawargi tumali sareng mungguhna ka sawarga?**

Saparantos gugah tina pupusNa, salami 40 dinten Yesus nepangan para muridNa. Salajengna Anjeunna ngucapkeun salam perpisaha ka murid-muridNa, mungguh ka sawarga linggih ditengeuneun Allah, mintonkeun yen Anjeunna langkung agung ti batan malaikat sareng sadaya manusa. Kitab Suci nyarioskeun:” *Ku sabab kitu ku Allah dijungjung luhur, dipasih gelaran anu unggul ti batur. Sakumna mahluk di sawarga, di bumi, jeung di handapeun bumi, bakal ngajungjung jenengan Yesus, deku sujud ka Anjeunna.* Yesus memang teu aya tandinganana. Patarosan salajengna:

### **Kasalapan, naon pamendak palawargi tumali sareng pisumpingeunana deui ka dunya?**

Yesus pasti bakal sumping deui ka ieu dunya, hal ieu dicarioskeun sanes mung ku Anjeunna nyalira, tapi ku para nabi sareng malaikat oge. Sadaya umatNa nuju ngantosan kasumpinganaNa. Nalika Anjeunna sumping baris nyandak umatNa ka sawarga tur baris ngahukuman dunya, Anjeunna janten Raja marentah salami 1000 taun dugika sadaya musuhna tunduk dina sampeanaNa.

Urang sadaya baris mayun ka Anjeunna, naon waleran palawargi pami Anjeunna tumaros “ numutkeun palawargi saha Kami téh? Pami waleran palawargi,” pangemut abdi, Anjeunna saurang nabi, tongtosna urang baris kena kana hukuman, margi urang teu percanten ka Anjeunna. Padahal sapertos nu parantos diuningakeun ku para nabi, yen Anjeunna Putra Allah anu lungsur ti sawarga, Anjeunna jurusalamet. Teu aya saurang nabi oge anu tiasa marentah sapertos Anjeunna, mung Yesus ku anjeun anu marentah. Anjeunna hakim, Sakumna mahluk di sawarga, di bumi, jeung di handapeun bumi, bakal ngajungjung jenengan Yesus, deku sujud ka Anjeunna. Ayeuna urang dugi kana patarosan anu panungtungan:

### **Kasapuluh, naon pamendak palawargi ngeunaan tuntutanana ka urang? Naon nu kedah ku urang dilakukeun?**

Gusti Yesus nyarios:” *Hiap datang ka Kami, sakur nu maropo jeung nu kalempohan sarta nu ngarasa beurat ku momotan, ku Kami rek direureuhkeun.*” Dangeut ieu Anjeunna nuju nguleum palawargi. Waktos Anjeunna ngangkat muridNa anu munggaran, murid-muridNa ngantunkeun sagala hal kanggo ngiring ka Anjeunna: bumi, kulawarga, kitu oge padamelana. Eta oge nu dipiharep ti palawargi, tapi sanes hartosna palawargi kedah ngantunkeun bumi, sareng ngecagkeun padamelan. Didieu maksudna nyaeta palawargi masrahkeun sadaya kahirupan palawargi ka Anjeunna, maparin tempat anu utama kanggo Anjeunna. Anjeunna hoyong palawargi nampi sareng percanten ka Anjeunna, nampi

Anjeunna salaku jurusalamet. Anjeunna hoyong sagemblengna tina kahirupan palawargi, hate, salira, sareng jiwa.

Ieu buktos nyata anu parantos katampi ku urang sapaertos anu ku sim abdi didugikeun sateuacanna, nyaeta kalintang bentenna Yesus sareng nu sanesna. Anjeunna benten, babarNa, fasipatanaNa, pelayananaNa, nalika munggah ka sawarga, tur ngarobih manah anak katurunan Adam. Anjeunna hirup, masih aya dugi ka ayeuna tur sasareng sareng satiap umat nu percaya ka Anjeunna. Sakedap deui Anjeunna baris sumping, teu aya saurang oge sapertos Anjeunna dibumi sinareng sawarga. Anjeunna kalintang istimewa, kumargi Anjeunna kagungan kaluhungan, ngageugeuh janten saurang Raja sareng Gusti kanggo kahirupan palawargi! Anjeunna mung sanes jurusalamet hungkul, tapi janten Raja sareng Gusti kanggo urang. Palawargi, di Anjeunna aya kawasa kangge ngahapnten dosa urang tur maparinkeun kahirupan anu anyar, anu dipintonkeun ku hubungan anu dalit sareng Allah kanggo salalamina. Anjeunna tiasa meresihan hate palawargi, ngarobih urang ku kawasa Roh SuciNa. Koncina nyaeta urang kedah nampi sareng percaya, nyimpeun sadaya pangharepan ka Anjeunna.

Palawargi kaum dangu sadayana, naha palawargi parantos cumeluk ka Gusti? Naha palawargi parantos nampi sihkurnia nyaeta hadiah kasalametan? Atanapi palawargi masih keneh umandel kana kakuatan sorangan? Allah uninga kana manah palawargi, mangga ngangkeun yen urang salaku jalma anu dosa, yen urang parantos ngarempak satiap aturan-aturan hukum anu suci, sareng tos tangtos urang layak kangge nampi hukuman ti Mantenna. Kumargi kitu urang kedah ngucapkeun sukur, kumargi Allah parantos ngutus saurang jurusalamet sok sanaos teu kagungan dosa, tapi kersa nanggél kasangsaraan ngangentoskeun palawargi sareng abdi.

Dinten ieu mangrupikeun tepangan anu panungtungan tina sapanjang pangajaran ngeunaan Jalan Kahirupan Sajati nyaeta jalan anu nuju kana kasalametan. Abdi ngadugikeun salam paturay tineung sareng mungkasan ku dua anu endah tina Sabda Pangandika Gusti: “ *Ka Mantenna, anu kawasa ngaraksa ka aranjeun sangkan hirup aranjeun henteu labuh, anu kawasa nyandak aranjeun ka payuneun kamulyaana-Na dina kaayaan bagja jeung tanpa cela, ka Mantenna, Allah nu jadi Jurusalamet urang ku karana Yesus Kristus Gusti urang, kasanggakeun kamulyaan, kaagungan, kadigjayaan jeung kakawasaan, ti baheula-baheula, nepi ka ayeuna, nepi ka engke, salalanggengna! Amin.*” (Yudas 1:24-25). Kanggo palawargi anu bade ngadugikeun patarosan atanapi tanggapan kana acara ieu, mangga tiasa ngintunkeun SMS atanapi WA kana nomer 081. 333. 777. 386. Hatur nuhun, Gusti Yesus ngaberkahan



